This document is part of The Vaynakh Vault archive
You can contribute right now to the conservation of our heritage at vayvault.com

the vaynakh vault



# СЛОВАРНЫЕ МАТЕРИАЛЫ

© 2015 г. **Д.Б. Байсултанов**

## СЛОВАРЬ СЛОВ ЧЕЧЕНСКОГО ЯЗЫКА, НЕ ВОШЕДШИХ В «ЧЕЧЕНСКО-РУССКИЙ СЛОВАРЬ» А.МАЦИЕВА (1961 г.) (около 3 тыс. слов).

## А.Мациевн дошамна (1961 ш.) юкъа ца даханчу дешнех х1оттийна йолу нохчийн меттан дошам (3 эзар дош)

Слова, которые автор представляет в данной работе, приводятся в контекстах письменных источников чеченского языка. Некоторые слова, из этого массива (10-15%) встречаются и в словаре А.Мациева (1961 г.), но автор старался акцентрировать внимание читателя на тех значениях, которые не приведены в словаре А.Мациева (1961 г.).

Словарь предназначается для специалистов по чеченскому языку, переводчиков и преподавателей, студентов и учащихся, а также для широкого круга читателей, интересующихся вопросами толкования лексем чеченского языка.

Воспроизведение данного издания любым способом без письменного договора с автором и издательством запрещается. Любая попытка нарушения закона издаваемой страны об авторском праве будет преследоваться в судебном порядке того же государства.

**Принятые сокращения.**

Авар. – аварский.
Анатом. – анатомическое.
АН – Академия наук.
Арабск.-арабский.
Бран. – бранное.
Букв.-буквально.
В,й,д,б – показатели грамматических классов в нахских языках.
Восторж.-восторженное.
В сб.-в сборнике.
Вып.-выпуск.
ВЯ – Вопросы языкознания.
Груб. – грубое.
Груб.-прост. – грубо-просторечное.
Диалект. – диалектное.
Др. – другие.
Ед.ч. – единственное число.
Ж. – женский род.
Звукопод. – звукоподражательное.
Знач. – значение.
Зоол. – зоологическое.
Изд.-издание.
Изм.-изменение.
Ирон. – ироническое.
Использ. – использованный.
И т.д. – и так далее.
И т.п. – и тому подобное.
ИЯЛИ – Институт языка, литературы и иискусства.

Книжн. – книжное.
Кн. Изд-во – книжное издательство.
Кого-л. – кого-либо.
Конф. – конференция.
Косв. – косвенно.
Ласк. – ласкательное.
Лингв. – лингвистическое.
Лит. – литература.
М. – мужской род.
Мат. – материалы.
Мед. – медицинское.
Мн.ч. – множественное число.
Нац. - национальный.
Неодобр. – неодобрительное.
Одобр. – одобрительное.
О чём-л. – о чём-либо.
П.л. – печатный лист (17 книжных страниц или 25 машинописных листов).
Презр. – презрительное.
Пренебр. – пренебрежительное.
Прост. – просторечное.
ПФ – поэтические фразеологизмы.
Р. – род.
Разг. – разговорное.
РАН – Российская Академия наук.
Рел. – религиозное.
Респуб. – республиканское.
Русск. – русский.
Сер. Филол. наук – серия филологических наук.
След. – следующее.
Словос. – словосочетание.
См. – смотри.
Соот. – соответствует.
Ср. – сравни.
С., стр. – страница.
Сущ. – существительное.
Т.к. – так как.
Трансф. – трансформированное.
Устар. – устаревшее.
Уничиж. – уничижительное.
Чеч. – чеченский.
Что-л. – что-либо.
Шутл. – шутливое.
Шутл.-ирон. – шутливо- ироническое.
Экспресс. – экспрессивное.
Яз. – язык.

***Алфавит чеченского языка.***

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| А а | Аь аь | Б б | В в | Г г | ГI гI | Д д | Е е |
| Ё ё | Ж ж | З з | И и | Й й | К к | Кх кх | Къ къ |
| КI кI | Л л | М м | Н н | О о | Оь оь | П п | ПI пI |
| Р р | С с | Т т | ТI тI | У у | Уь уь | Ф ф | Х х |
| Хь хь | ХI хI | Ц ц | ЦI цI | Ч ч | ЧI чI | Ш ш | Щ щ |
| Ъ ъ | Ы ы | Ь ь | Э э | Ю ю | Юь юь | Я я | Яь яь |

**Литература.**

1. Алексеев М.Е. Задачи лингвистических олимпиад (редактор-составитель). М.: Изд-во МЦНМО, 2006. - 570 с. (совм. с В. И. Беликовым, Е. В. Муравенко).

Алироев И.Ю. Русско-чеченский словарь (около 20 тыс. слов). М., Изд-во: Academia, 2005. – 784 с.

2. Ахаев С.Т. Познавательная и языковая природа термина // Алтайские языки и восточная филология: Памяти поэта Э. Р. Тенишева. / Рос. акад. наук, Ин-т языкознания . - Москва : Восточная литература РАН, 2005, стр. 39-48. - 519 с

3. Байсултанов Д.Б. Экспрессивно-стилистическая характеристика фразеологизмов чеченского языка. Лейден, Изд-во Лейденского ун-та, 2006. – 416 с.

4. Дибиров И. Аварский язык в Азербайджане (ареальная характеристика) / Conference on Caucasion Languages – May 13 – 15, 2011, MPI EVA Leipzig.

5.Исмаилов Абу. Слово (около 18 тыс. слов). – Элиста: АПП «Джангар», 2005. – 928 с.

6. Ковачич Елена. К концу XXI века количество языков может сократиться в два раза. Из интервью «Голосу России» руководителя группы «Языки мира» Института языкознания РАН Андрея Кибрика. 21-02-2010.

7. Материалы международной научной конференции, посвящённой 90-летию со дня рождения профессора Ю.Д.Дешериева. Грозный, 25-26 ноября 2008 г. – Назрань: Пилигрим, 2009. – 364 с.

8. Овхадов М.Р. Чеченско-русское двуязычие. Грозный, 1983. – 68 с.

9.Овхадов М.Р. Социолингвистический анализ развития чеченско-русского двуязычия. Грозный: изд-во АН ЧР, 2007. - 204 с.

10.Youtube – Муса Овхадов – Часть 1.2.3. 12 min. – 3 mai 2011.

11. Садаев Адам. Чиновники Чечни против перевода начальной школы на чеченский язык обучения. - Грозный, Caucasus Times, 2007, 27 мая.

12.Услар П.К. О распространенённости грамотности между горцами // Сб. Сведений о кавказских горцах. 1870. Вып. 3, 4.

**Источники письменной литературы современного чеченского языка,**
**из которых взяты ниже указанные слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева**
**«Чеченско-русский словарь» (1961 г.).**

**Абдулаев Л.** «Нохчийн мотт» (стихи), «Илланчех» (статья) «Хьажахьа, хьан куьйгаш ду хьуна!..», «Буьйсанна, хан яьллачу хенахь», «Тийна-эсала», «Гулам» (рассказы).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Анакевне, зевналла, сайратех, тушпахь, анаков, турсло, пхьеда, лаг-жайна (лаг-пиллиг); юханехьа, уойт1; декъалъярг; букътухийла, пелхьоналла, чарп.

**Абубакарова П.** «Има» (дийцар).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Ц1ир, сарахьуо, 1адаме.

**Аболханов Хьаьким.** «Стаг товш ву» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Лайха.

**Айдамиров А.А.** «Вайн амалш» (психол.трактат).

1.Слова в трактате, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

талораш (3,48), талорхой (4,48), талош (4,48), долаехира (7,48), дакъалла (9,38), зина (11,38) 1амал (11,38), зиндана (12,38), 1оврат (14,38), йолахочунна (17,38), эшамаш (61,38), эхье (19,38), балхамаш 28,38), 1ибадат (29,38), декъала (29,38), 1есалла (29,38), хот1е (35,38).

**Его же.** «Дарц» (роман).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Къармазечу (5), эрчонаш (7), дависарг (8), текхамаш (8) (волокита), кхалкъ (9), алх1амдулиллахl (9), махьшаре (9), йовмал (9), пиркечик (16), т1емагех (16), т1емаг (18), тунгари (23), обаргалла 24), къармазалла (24), муртазекъех ), ч1ижалг (30), хьийзораш (37), зина (40), хот1е (41), текхамаш (43), кхагаран (61), хьаьжо (80), когадуха (95), т1едуха (95), г1изби (121), ц1оьллаг (134), Валлах1ора (144), доладелла (144), 1алабоьлхучу (154), д1алиста (163), марцарш (199), т1екъевкъира (208), оьздалла (213), т1елхигбевлла (219), жерга (219), ц1емза (222), къармазалла (222), нит1а (225), такхамаш (221), къармазе (221), лехам (222, шаткъ (255), къамелахоша (255), м1аьжгаш (259), балхамаш (260), лаамхой (274), та1зарца (288), хьадисашкахь (295), адамашдайархо (296), набарза (302), пхьоьрчоьш (303), хаъане (308), хьаьрмаш 5318), белхаме (324), талабора (337), гужу (344), терг (347), т1урт1азваьлла (350), тоьлах (359), буссехьа (371), чук1еле (376), хьаьжаюкъ (380), бурсане (380), гозарш (380), когадуха (382), т1едуха (382), маддоьлла (385), хьехдала (393), зина (402), лаамхойн (418),

м1аьжиг-маж (433), юьхьарбахна (433), терамна (433), г1избе (451), ц1оьллак (451), х1уьц1-п1уьц1алгаша (474), нераун (498), саг1адойла (486), къадари (492), хийланна (517), кечамбархо (524), юкъарлонча (531), орцахо (538).

2.Диалектные: хьаьрам (212).

3.Самопроизводные: къизло (92), барзалла (221), бекханча (бекхамхо –лит), г1едакх (г1етакх – лит.).

**Айдамирова М.** «Дахаран аг1онаш луьстуш», «Заманан илли» (рассказы).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Заралла, есаллехь, синхаамаш, зайлйоза, хьажалла, синкхача, х1ай-х1ай, синмехаллашца; синъоьздангалла.

2.Самопроизводные:

эзарг1, хьанор.

**Её же.** «Безаман къайленаш» (очерк).

1. Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Ц1амзалло.

2.Самопроизводные:

Хьанор.

**Айсханов Ш.** «К1айн котам» (повесть).

1. Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Х1айт-аьлла, цхьалхашший.

**Алиев Г1.** «Барз боцу кешнаш» (цикл сихов).

1. Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Хьегамаш, к1унс, 1ойле, арда.

2.Самопроизводные:

Адмалза, к1езгалло.

**Алиев М.** «Кха» (рассказ).

1. Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Шоьллах, дегазаллаш.

**Алиева З.** «Мукъам Шопенан, дешнаш Бексултанов Мусан, сан а ойланаш...» (статья).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Синхьег1ар, гайтадезаран, синхаамалла.

**Алиев М.** «Яха» (дийцар).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Дехьо.

**Амаева М.** «Б1аьстенан ломаца» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Аьхналла.

**Её же.** «Безаман тутмакх» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Тутмакхалла.

**Амаев В.-Хь.** «Эдал», «Ах-паччахь», «Меца некъ», «Б1аьстенан цхьана суьйранна», «Ца оьшу цхьаьнгге а хетта», «Чехка деша деза дийцар» (рассказы), «Чекхъялаза повесть» (в колл, сб. «Нохчийн повесть. 1 том»).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Эхх1ай, мука, ниша, х1ож, «мим», хьаха, «занкъ», бесара (цветной), синпарг1ате, шар-шиwelcome, тов, х1оадоттург, хухарна, хьалхашха, «оппа», дашт1улгал, «ч1оп-ч1оп», ч1инч1олаг, тховк1елошка, «къа-къ», устазор, мас-малик, пхьуйшдоцчунна, испалла, хьаьвхьехь, х1уьрла1ан, «ж1аршт», г1апп», «г1абарапп», парх», «ткъолопп», «нана» (в зн. пребольшой), «д1арж», «м1яв», «шхьовв», «къакъарашт», «шхьаршт-шхьирт», т1анк», «парх», «бапп», «т1орш», «вабб», «ч1икъ», «дапин-даппехьа», «гаррехьа», «т1ит1», «к1олт», «г1ур-г1ур», «хуррат», «лап-липпехьа», «г1ам-г1им», «1уь1»-олий, «ч1арх», «лапп-аьлла», са-ассехьа», «г1ач1-г1ичч1ехьа», «шхьан-драшш», «т1апп»-аьлла, т1от1ох»-олий, «бур-бур»-аьлла, «хуш-хуш»-аьлла, «къарш»-аьлла, «хушт»-аьлла, «акъ»-аьлла, «д1ов»-аьлла, «г1арж-г1иржнехьа», «г1абар-г1ибар», «ловв»-олий, «бамп»-олий, «ох1», «делор», «1анц1-1инц1», «ч1офф»- аьлла, «д1аз»-аьлла, «г1анч1»-аьлла», «къакъиккъехьа», «з1ов»-аьлла; кегамерсаллаш, чийрик пхьаг1ат, хьоьхкаш, хуийла, цхьалхалла, хьовзаре, машшаллах1, х1уьнехдинчохь, паранжаш, делор, тамашийналла, ч1и-и-ч1, гезийна.

2.Диалектные:

Х1онекъехь, сесак.

3.Самотворческие

Набарза, тилпо, ойланча.

**Анасова М.** «Шина деган лазам а, марзо а» (дагацемаш), «Цхьа бахьана» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Гергонан, б1аьрхьалха, хьехамча, диканаш, хьегаман, г1елалла, сено, веса, аьхналла, текъамаш, балхамаш; шекалла, гох, маьлха-басе, хьехамча, ма-ллов, тамехьдерг.

2.Диалектные:

Йовхалла, шаго, язо.

**Арсамирзаева Асет.** «Ненан дог» (рассказ).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Т1едухург, кхушара, «1уьйккъа».

**Арсанукаев Л.** «Весет» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Синхазнийн.

**Асталов 1.** «Дийцарш, хилларш, лелларш» (дийцарш).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Якхалла.

**Асхабов 1.-1.** «Даймахке», «Лаам», «Ден хьехамаш» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Пох1малла, инкара, хьегаме.

**Ахмадов М.** «Хьаша ву я таллархо?» (стихи), «Лаьтта т1ехь лаьмнаш а х1иттош» (в колл. сб. «Нохчийн повесть. 1 том»).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Гуьзалг, хьакхлаг1а, шукру, бисмилла, хьенапан, ч1икъ, мохь-узар, орцахоша.

**Его же. 4 том.**

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Х1еттахьехь (323), голатухийла (354), турпалалла (388), синх1оттамийн (369), воьр (390), синъоьздангаллин (404), гатто (412), тег1ане (413), синхьашт (414), васхалахь (417), х1усдахь (417), бехкамаш (424), къилбанаш (427) базарча (429), даре (438), «гарров» (441), «г1аг1»-аьлла.

**Его же. Из 3-тома:** «Ламчохь г1а дужучу дийнахь», «Некъаш», «Доттаг1ий», «Телефон», «Массо а д1атийначу хенахь», «Жайна», «Сарахь», «Х1аъ, х1инца т1аьхьа дара», «1ехийна сатийсам», «Хьер-м сатесча а хьийзаш яра», «Десачу ц1а чохь буьйса» (рассказы).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Т1епангех, шеха, дег1атеш, синц1еналлин, тажвидца, сурат, фатихьат, къух, ларам, лаларо, 1амалла, «шушшанехь», «шуш-ш», «т1ох-т1ох...», гарранцехь, «т1ах-т1ихьанехь», «кху-вай», «цкъаст», «ц1ист», къилаваха, юкъара1ойла, синхьагам.

**Ахмаров Р.** «Хьекъийла хьан», «Календарь луьстуш», «Акказех белш тоьхна», «...хьоьга», «Д1а1е хьайна...», «Аьхкенан буьйса» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Ламкерста, саз, юханехь, догдикалла, аналлехь, вацар, бецапхьид , мимшахь, к1иръеш, хуъушехь, уьнаншарахьлера, к1иръеш, 1ойла, аналлехь, вацар, эвлайист, кхандоххал.

**Ахматова Р.** «Гуьйренан новкъа» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Ц1еххьашха.

**Её же.** «Сан ойла ца хил» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Хьасене.

**Ахматукаев А.** «Тоба», «Юьхь ю сан, нана», «Юха а денлур ву», «Нохчийчоь», «Къу-берзан буьйсанаш» (поэма), «Цхьанааьрдан раг1у...», «Чаг1ар-кемсийн аре», «Кхеккаяьлла аьхке», «Мехкан боцу б1о», «Г1иллакх гайтар» «1уьйранга дехха сатуьйсуш», «Зачистка», «Вайна тоьхна доза ду», «Ца хиллачохь ор ду», «Хамталла», «К1ентий, когаш к1ел...» и др. (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Б1аьрхьалха, хетарехь, эшам, чухуле, т1оьхуле, са-к1езгачу, телерадиог1ирсашкахь, тележурналисташа, ц1етоьхна, киншкийн, кхийлале, хьалхехуо, синхаамаш, синх1оттаме, синхьашт, царалахь, луцаш, 1амалх, са-аьрха, акхаза, пха, ка-куьйсанаш, г1овс, цхьаьнааьрдан, чаг1ар-кемсийн, кхийлам, мусталла, м1аьрго,1ехам, йишма1ех, доьза, т1екхуьучу, масъяьлла, т1аьхьавазориг, нускалг1а, сина-озалла, синхьегамаш, чувукълой, садукъаме, йишъхаьлла, синбала, лерса, къайллаха, 1еткъамаш, текъаме, къаръелла (в значении тёмный), рузманан, лулахь-кулахь, ахьар-худар, зуьрето, телет1ай.

2.Самотворческие:

Мершаког.

**Бадуев С.-С.** «Бешто» , «Ц1еран арц» (повести) «Керлачу говзаллица».

1. Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Улд1ашха, хаъане, бухьметтера, хоийлаш, цхьаналленна, бекист-кисин, ото, салаьттачу, цхьогалла-м; т1ера.

**Баймурадов Дж.** «Рубаиш» (рубаи).

1. Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Цхьаццаммо, аьхналла, бухбацар.

**Байсултанов Дауд.** «Боданехь», «Борин ткъе кхотта го» (рассказы).

1. Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Сила-а, д1о-о, шаткъа, ваьшта, рожжехь, х1а-х1аний, син-пха,1ункарнехьа, баштарна, «ах1».

**Байхаджиев З.** «Иллина оьшу цхьа 1аткъам», «Вайн дашах» (стихи).

1. Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Г1иг1, г1избеш, синметта.

**Барзанукаева Айза.** «Нохчийн маттан къилба динарш» (статья).

1. Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

1едалдайша.

**Баснакъин Вахьидан Махьма.** «Исбаьхьа шовда-2» (сборник рассказов).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

шайт1аналла, хуьскаш (41), бака (44), 1амораш (74), сорг1уш (76), хьаьkkхина, (91), м1аьkбаьлла (91), есанехь ((124), шестёрка (124), сивак (157), доно-о (165), горов-в-аьлла (176).

**Бексултанов М.** «Иза бегаш ма бацара», «Юха кхана а селхана санна» (повести), «Иза бен зовкх ца хиллийла...», «Бераллера хьан биралла», «Буо», «Иэсан биста йисте...», «Сахилахьара», «Преми», «Эх1, эшар х1унда 1ена-кх...», «Сан дешича Къахьарма», "Ненан марахь хилла биралла», «Кхиг цкъа а суо сайна вицвала...», «Масане диси», «Кехат». «Цу дийнахь Нохчийчохь, и жима к1ант вийначу дийнахь» (рассказы).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

«ц1ал-ц1ал», юкъар1ойле, «г1ан-г1ин», кхена, лапйо1 (снегурочка – Д-Б.) юкъарчалла, хьаштдоцург; воттана, «ч1ир-ч1иранехь», шалхалла, «хоххехь», шааръихна, кхачделлачу, телехьовсархойн, йишлакхархо, к1иръелла, хьасене, «поф-фехь», цхьацуьрриг, къиккъаз, д1а1ад1ийра, «1аь-хк», анайист, дега1ийжам (5,80), г1енакхоьл (5,80), синг1айг1а (5,80), белхам (6,80), м1аьрго, м1аьргоннал (6,80), сац1ена (7,80); «хинк1, чинко, синъуьйраш, куталш, велаьшнехь, ц1архазамна, г1уьраш, хьадарехь, «ткъарш-ткъирш», чук1елонашца, к1ирбелла; гезгъян (8,80), шамар (8,80); бухбацаре, инзаралла; бурсакх, белахъяьлларг; чинкаца, синкарзахе, берсан, «къомс», «к1ахь-к1ахь», «ц1ир-ц1ир», лагжайна, г1ашнекъахо, ч1инч1уьра; шамар, закъ, ч1орабаккхале; гара, сайцара, есаллехь, кхалк1ело, пхьарчо, хьегамаш, м1аьргонна, 1адалаьтта, куома, хаск, пирг, б1аьрасерло, букъап1ендарш, заррат, 1овгаш, х1уьмаьлгех; «ц1ийц1-ц1ийц1».

2.Диалектные:

Эрхунна, ц1интарчий (8,80), къал, эхарехь (лит. - эхартахь), зарз (дарз – лит), гижа (гижо – лит.), юхамаччахьара, т1ехк, чоккха, саьргаш, бертиша.

**Его же.** «Матто кхуллу Даймохк», «Къонахчун 1ожалла» (статьи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Уьншарахь, сайрат, синхьаам; «к1алц-к1алц».

**Бисултанов А.Д.** «Поэзин жайна» (стихийн а, поэмийн а сборник).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Эвхьанна (6), вонехь (6), 1ийданехь (14), синметтехь (28), шах1ид (30), зайл-йоза (31), мас-малик (42), самаьрша (62), секха (82), догдахар (82), зевза (96), Махьшарехь (105), йист-б1аьрга (106), идабина (108), к1ецаш (114), б1анекъ (116), идадинера (164), паналла (174), тхьуьйсура (210), хела (220), хьере (228), тхьевсина (234), пох1малле 236).

2.Диалектные:

къорамаш(58), боьшана (62), соьра, соь (200), улийн (201), хулар (202),

3.Самопроизводные:

к1езгалле (46), м1аьрго (62), яхьайо (70).

**Его же.** «Сан даг т1е 1ад хьоькку буьйсанан саде1аро», «Х1ун дийр ду...», «З1имарге духар ма деха», «Тешам» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Лендацар, 1аьпказан, З1имарге, бурчам.

**Бечуркаев 1.** «Даймахках къастар» (очерк).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Г1аролхо.

**Бугаев В.** «Х1етахь санна зевне...» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Хьет1абаьлла.
**Бурчаев Хь. «**Къонахчун дош» (статья).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Текъамаш.
**Его же.** «Ахматова Раисин деган иллеш» (статья).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Чолхаллаш, номенклатурин, т1етевжийлаш, пох1ма, гуларш.
**Бурчаев Хьалим, Алиев Г1апур**: «Ас динчу некъийн чаккхенийн лазам...» (статья).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Синайамехь, синхаамаш, парзаш, г1а-патарш, синхаамаш.
**Гадаев М.-С.** «Безамна б1арлаг1а. 1 том», «Синлехамаш. 2-г1а том.
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Йорг1алла, чолхалла, хьаьрмехь, цхьаналла, шаго, уьнаншарахьлера, арахьахь, ачо, б1от1а, соз. Гурташ, г1аро-г1ад, г1оддах,г1ов, даттаршка, дажий,дариха, «до-в-в», догмерза, жех1алчу, жирго, ж1ормакаш, кхежиг, завт, заррат, йонг1ур, киръелла, кьерсиг, еъалар, къала, кхалкъаш,кховдам, кхевсина, латкъаме, лачвалий, лекхарза, меттара, макхо, маззакъан, къаз, ногйоьтту, нахазара, нап, ордуриг, пошман, пах-даттар, сар-сарахь, тастаро, сомалкхийн, сал, селла, туддарш, текхнера, езийр, «т1ак-т1ик», т1ап-олий,т1ехъйовзавалийтинера, хан-хенехь, хозмаг, макх, хьаллагахь, хьаьрмаш, къала, гатто, хьаг1-бода, ва1да, аьрдина, синб1аьргаш, ховсаелла, хьийзина, х1ур-пака,х1айт-аьлла, цхьан-цхьалха, ч1ам-м-олий, чидам, чамбаран, чхьагдолий, шатала, «шуш-пуш», эццигехь, эвна, язал жа1ала, язонаш, я раббана, 1адуванна, таппалехь, буьрсъелла, гаттам, кхардаме, кхаьжгаш, цкъацкъанехь, залк, «вуьштахье», тутмакхалла,
2.Самопроизводные:
Ам, Ботта-Махьма, б1аш, б1ег1енна, вог1ало, ведвалла, гергарлош, гох, з1од, къаш, Лам-аг1ох, тап, серлаеш, резалла, Лам-кортах, лашац, ловриг, ларза, новкъарлош, пхьо, сиэ, токх, таппалехь, темаза, хиллелахь, хеттараш, хьалхенгахь, ченаза, шеконза, эххарехь, эхарехь, 1аьржигаш, 1ажал, араллехь.
3.Диалектные:
Белхелахь, г1аьхьчунна, кхуькуриг, кхикара, ланан, мичий, маслахьт, сеттандай, хаъацара, хьиэжаво, х1отта, цулла а, бен-берсо, 1еб-себ, 1еб доцуш,
**Газиева А.** «Къоман культурин цхьа хазна» (статья).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
М1акбаьлла (46), хийцам-баккхам (46), синхьолешкахь (51), эрчоно (51).
2.Самопроизводные:
бег1ийлаш (46).
**Гайсултанов 1умар.** «Болат-г1ала йожар» (в колл. сб. «Нохчийн повесть).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Соьналлаша, къенваьлла, талорхошна, йиллина, г1уг1.
**Гайтукаев Асланбек.** «Даймехкан кхолламан декъах волу поэтах дош» (статья).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Хьаьрмахь, гулар, говзаршкахь.
**Гацаев С. «**Ц1инлучу 1аламо марха т1екхуллуш», «Суьйре, суьйре, хьо стен елхий?» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Хьагаме, шортанехь, цкъар, маьлхаш (солнца – во мн.ч.).
2.Диалектные:
1еддеш (38) (дети – Д.Б.).
**Гелагаев С.-М.** «Неналлин ага», «Хьо тхан кхоллам бу, Нана-Нохчйчоь», «Илланча» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Ананур, бакъ.
**Дабачхаджиев Н.** «Йохийна тийналла» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Шалонаш.
**Дадашев Р.** «Поэт а, цуьнан дуьне а» статья).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Синлехамийн, синмарзонийн, синмехаллех, синмаршонах, синб1арлаг1ех, иэшам, пох1ма.
**Дакаев С.** «Узам» (поэма), «Атта-м дара тийна дахар», «И дуьзна даьлча» (стихи), «Дог дуьйлина мерзаш», «Ойланийн тулг1енаш) (сборники стихов).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Синхьаам, Лам-корта, хьашхиндерг, йиъларехь, гоштlехь, текъам, ткъевне, синчархаш, шелгlано, лачъяьлла, схьакъедош, азалле, важап, вехьаш, доркъана, куьйла, кхераш, леткъам, синпlаьлдиг, синхьаам, соз, тlегlа, чlиркъе, шелгlа, аьхса, антал, бlоьрне чу, перза, саготте, хорхах, гене, пелла, чов-чардо, хатlе, къардийна, нур-седа, синлазам, бlаьр-хьух, «Еа», «Бисмилла», аналле, «хlупп»; бlаьркореш, бlаьрч, чlурамех; важап, лаг-шад; саозар; син-оьзиг (21), текъамехь (36), нохчалла (36), синтlамарх (36), хьокъалахь (43), текьам (49), садиънарг (71), синлазам (71), синтеме (71), «дидиш» (119), къарздархой (122), «тlитl» (125), гlизби (126), синмерзаш (136), къекъадеш (140), хатlе (150), хьадалча (153), бlаьркlаьгнаш (159), къекъабо (163), там-товраш (179), къагаш (182), чlоьлланаш (182), гай-тlингар (197), гоштlехь, хьагам (204), синхьаамех (261), «гlах» (265), жирга (271), ана (277), кхевсе (296), аьхсачу (298), гурамехь (304), окхеш (305), антал (306), тов-таза (320), азаллехь (323), ваба (25), «Еса» (337), «бисмилла» (337), цlоьлгаш (341), тlоьлгаш (341), къовзабеш (360).

Самотворческие:

Детиш (307), къурло (132),

**Дашаев Ш.** «Алия», «Цlерана уллохь» (рассказы).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

«шабашникаш», тlерадахарш, къардайна, дегаlовжам.

**Джебиров И.** «Со йите хьо ма гlолахь» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Лоппургаш.

**Его же.** «Теркан къайле» (поэма).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Кlадалло, юххешха, йишалла.

**Жумалаева Лула.** «Паналлехь», «Ирахъlер» (рассказы).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Блокпост, дуьхьалкхеттарг, «цlал-цlил», гарранехь, алхlамдуллиллахl, акхаевлла; гlорзолг, бакъдуненахь, харцдуьненахь.

**Завриев Маlдула.** Теш ма лаца (роман).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Голатохийлашца (10), косаяьхна (17), беркъаллица (21), чкъар-р-аьлла (21), мисхал (41),

къаро (46), догмола (48), сурхолхазан (48), баккъалдерг (52), эргlалдаьлла (79), дуьттараллица (80),эргlал-акха (105), лартlехь (6,29), нохчолла (6,29), схьахадерг (6,29), шабашникаш (6,29), сеналло (8,29).

2.Диалектные:

доьlа (7), хьиспе (13), эраха (45), белхаргахь (6,29),

**Зубайраев l.** «Хьан цlаван йиш хилийта» (стихи).

1.Слова в трактате, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Букме.

**Зуцаева Х.** «Дийца хиъча» (стих), «Бераш-йийсарш» (рассказ).

1.Слова в трактате, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Синпаргlато (27,80); овголаг, гlенакхолах.

**Ибрагимов Л.** «Гlаттаман либретто» (пьеса в стихах), «Гадаев Мохьмад-Салахьан феномен» (статья). **Ибрагимов Лёма Канташ:** «Сох мел летта къа», «Хьалатосуш и можа латта», «Мадарра», «Петlа», «Тадухеппишэндишке...», «Лаам», «Ас дlаьвше мел аьлларг...» и др.

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Маl-сира, аьсса, тапхlуьтту, катт, чlаlаза, маlаза, мlаьмгалой, гlовс, ханеха, даьдаьтlа, кlирвоьлла, чlин-чlираш, цlувгашка, нохчолла, мурстехь, лензалла, цlурдоьлла, аладерг, онгане, гlийбахой, наьlалтхой, йозанхой; синмецалла, хьаьрмехь, уьхьигаш, малхадера ду, заккъ Еса, дезадетта, млхадуьйлу, аьхьсадуьйлу, синпардо, мас-малик, амалле, юкъахдачара, кlаце, буоча, паналле, зевналла, деккъа, салоччу сансаро, зоврана, доь-дилхана, бадалкх, хьагам.

**Исламов М.-С.** «Юьртара lовдал», «lаьржа тlулгаш», «Ас сайн дакъа доьхкина» (дийцарш).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Дlаайвира, аттоха, ойланча, синхьаам, мазаш.

**Итаева Т.** «Напехьат» (рассказ).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Ца йошуна.

**Кагерманов Д.** «Дика кlант – гlала, вон кlант бала» (дийцар).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Хьогам, эрчо эрчонаш, хьехамча, баттал.
**Кадиев Р.** «Бахалахь, нохчийн мотт» (статья), «Хьан б1аьргийн серлонехь» (цикл стихов).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Сайраташ, ана, селхане,
2.Самотворческие:
Иг1алда, биллам, айпалл.
**Кацаев С-Хь.** «Динан философи», «Некъаш» (рассказы).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Юкъара1ойлехь, духахьара, ма1адоьллачу, т1елетарш, куьйгайозанашкахь, 1аматаш, алхьамдуьлиллах1; оцулла, охьадиллийтира.
**Керимов 1**. «Толам» (статья).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Билламаш.
**Кибиев М.** «Кешнашкахь» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Соьналлех (130).
**Кусаев 1.** «Мохьмад Мамакаев – сан хьехархо» (статья), «Сонетийн кочар. Ворх1алг1а», «Нохчийн мотт» (стихи), «Кхоллам» повесть в колл. сб. Нохчийн повесть. 1 том»).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Сатохаме, аша, садуьйлуш; этхьиггий, салаваттий; сегаргаш, бекхаш, пхьадухехь, х1уьч1ич1алахь, балба, ловсарделча, б1обанах, некъашдархо, колд-ц1ун, терхье,
2.Самотворческие:
Къамелчаш, хадархой,
**Магомадов Мовлади.** «Сан туьйра» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Очча.
**Мамакаев М.** «Комиссар» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
К1елвисча, к1елсецна.
**Мамакаев 1.** «Нохчийн лаьмнашкахь» (поэма), «Винчу юьрта»» (повесть)..
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Аьндерг, тулг1енеха, бухнехьа, хезехь, тоъалла, «шарх»; юханехьа, 1еткъаме гамхделира, бухъхьа, ладам.
**Его же.** «Дагалецамаш» (поэма).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Х1етхьарчу, хьогийла.
**Матин Дадаш.** «Имам Тозу» (повесть в колл. сб. «Нохчийн повесть. 1 том».
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Меттигера, хазаделира, кхалкхашна, «х1ус» аьлчхьана, Ясин, бухценца, ваьхьа, буьйранчас, «гездаре», хьадалчаша, везийра, шорте, Супхьаналлах1, т1ехбеттаме, халбатхо.
**Махмаев Д.** Пет1аматан кхолларaллин б1аьсте» (статья).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Синц1еналла, пох1ма, синк1езгаллех, карзахаллашкахь, синмехалла, синлаам, тешамазалла, г1орасизалла, хьекъалчас, син1аткъам.
**Мегидов С.** «Гелдаганара хьехархо» (очерк).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Жигарбоккху;
методцхьаьнакхетараллин; соцунг1а.
**Его же.** «И мехала болх лара хьакъ ду» (статья).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
К1оршамалла.
**Его же.** «Саид-Хасан Кацаев» (статья).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Къамелахо, блокпосташеахь.
**Минкаилов Э.** «1ина йисттехь» (рассказ), «Ма беехa бара и некъ» (в колл. сб. «Нохчийн повесть. 1 том»).
1.Слова в трактате, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Ч1арх-аьлла (13,80), героин (14,80); бирка, .
**Минкаилов Э.** «Т1аьхьадисина кехат» (рассказ).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Б1аьрхьажарша(13,80), синхьашташна (19,80), сатуьйсийла (20,80), хьекъалчаш (21,80)

**Минкаилов Э.** Маьлхан дог1а» (рассказ).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Уьналарахьлерчу, юьхьар а лоций.

**Мусаева Луиза.** Стихаш.

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Гатте.

**Мусаев 1.** «Бекхам» (пьеса).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Сайрат, паналлехь, мент, догц1еналла, курчалча.

**Овхадова Я.** «Хьо мичахь лаха-те, къинхетам?» (дийцар).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Шаерриг, шах1адат, сархьо-о.

**Её же.** «Безаман тезетахь» (рассказ)» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Цхьалхалла, г1елалла.

**Окуев Ш.** «Лай т1ехь ц1ен зезагаш» (1-ра книга: роман), «Юьхь» (роман).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Кхиънаваьллачу, г1елаллий, 1есаллийна, т1арх; анаюх, «хур», хьуьлла, д1алакъа, т1ера, ешшехь, 1ант1ехь, кхано, хецна, саьхьара, вовхан, шукра, хьаштдоцург, вуханехьа, юкъанакъа, бакхаран, х1айъаьла, диллар, г1ар-г1овг1а, дарзал-куй,1овла-1ахарий, гурт-гурттанехь, тховссехь, обаргваьлла, шелехь, каяхийтира, чунехьа, хенахь, лайнахана доьлхушехь, г1ам-стаг, г1омалла, т1удамозий, айкханча.

2.Диалектные:

К1арг, этkъадо, г1аддалла, эс, 1опаж, вахалбас,

**Нунуев С.-Хь**. «Йилбазан оьмар» (роман), «Ловзар чекхдаьлча», «Д1а ца кхаьчна кхаъ», «Хала цамгар» (рассказы).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

х1айтъаьлла (3), лергауллош (28 из 187), лаг-пиллиг (30,187), б1аьстале (33,187), мажар (41,187), якхалла (45,187),, къакъамаршка (46,187), т1елестабо (48,187), садаьхьна (48,187), ц1еххьашха (52,187), ондаваьлла (57,187), сит1ехь (62,187), йишалла (64,187), дега1ийжамаш (65,187), г1ам-г1имаш (68,187), туьлликашший (68,187), малхтиде (69,187) сийдацаралла (74,187), хет (77,187), х1еттахьехь (78,187), баьхьарча (78,187), г1ур-г1урш 81,187), айпдолийнера (84, 187), говрсалазахь (87,187), денц1ера (91,187), араг1ойла (94, 187), цхьаха (94,187), самаэккхаш (102,187), малхкъеде (103,187), г1оркхмаша (106,187), х1ушт (117,187), т1ек1елваьлла (119,187), кхоно (119,187), «т1ов»-олий (122,187), бич (130,187), наркоман (130,187), хьашдоцчу (135,187), хьадалчаш (138,187), хьадалчаш (138,187), рэкетираш (148,187), къеч1алг (164,187), ла (164,187), марсавоккхура (164,187), кандал (166,187), 1аьнт1ахь (171,187), гарехь (181,187), харцдуьненахь (187,187), бакъдуьнене (187,187); ткъарш-ш-аьлла, бе-башха» кхушара, шай-кай, хьаштдоцург, «з1ав-з1ав» дина, «д1аз-д1из»-аьлла, данне, «ч1ир-ч1ир»-бохуш, шайт1а-стаг, т1ап-п-аьлла, «хах-х»-аьлла; пушхьас-м.

2.Диалектные: пхьархой (3), ошанаш (5), б1изваллалц (150,187).

3. Самопроизводные:

кондаргаш (40,187), мецигаш (36,187), мак1урш (69,187), хаьнт1иг (93,187), т1уьлигаш (87,187), к1езалла (94,187), ц1ухьаралла (109,187), орцаш (119,187), мершиган (125,187), парг1атхо (148,187), маларчаш (170,187), ц1ий1уьйдаргаш (171,187), юкъарчалла (185,187).

**Пашаев Н.** «Г1иллакх-оьздангаллах лаьцна» (статья).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Ц1емза, газа-гуьзалг.

**Раисов А.** «Хуур ду хьуна, хьайна кхиъча...» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Г1арч1-г1ирч1, тхьус.

**Рашидов Ш.** «Хьан б1аьрхиш» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Зовзош.

**Его же.** «Со новкъа вуьйлу» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Къаьхьалла, гене.

**Его же.** «Дикка хан д1аели» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Тергечух лела.
**Сайдуллаев Хь.** «К1езиг хьисти» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Син1аткъам, мартдоьлла.
**Сайдуллаев Хь.** «Хьо мичхьа ю техьа...», «Доьг1на доцу ирс» (стихи).
1.Слова в трактате, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Хьасартехь, син1ийжаман.
**Саидов С.-С.** «Гуьйре йог1у» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Луьйдуш, анахь, жерахьо, денна, дудуш.
**Саиев 1.** «Гуьйре ю арахь», «Дог доьлху», «Юха а седа бай стиглахь», «Маржа Нохчийчоь!» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Т1одах (52), ткъаз ((52), жоьрадаьлла, чомах, 1еткъаме, музар.
2.Самопроизводные:
т1амар-т1анга (54).
**Сакаева М.** «Баркалла, сан Даймохк».
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Хьаам (58).
**Её же.** «Теркаца цхьана ю со» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Ц1емза (38,80).
**Саракаев Хьамзат.** «Пет1амат» (в колл. сб. «Нохчийн дийцар. 1 том»).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Халбатвоьлла, «п1ак-п1ак», «пофф-а», «бисмалла», 1алайоьду.
**Сатуева К.** Къинт1ера йолу» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Йа Син (32,80).
**Сатуев Хь.** «Назманаш огу ас» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Хьаьхьмачна, зуьрат.
**Сулаев М.** «Сирла суьйре» (сборник стихов).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Хут, хезехь, чорха-дагарца, гархьам,диканехь, луллахь, радар, лахъхьа, анайист, ц1ог1ане, цхьанхьахь,эццахула, ширалла, къомалла, хьуьллахь, оти, эццигахь, цамгийла, къагам, зарза, хьажа-х1отта, сур, луг1ат, къуббе, леткъар, сехьешкахь, кхериг, белхаме, гитлерхо-эпсар, сал, лоралла, «зарр», «т1ах», г1ап-аьлла.
2.Диалектные:
Соьлкъиг.
**Сулейманов Абубакар.** «Къежбелла корта»
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Лурвоьлларг (9,80).
**Сулейманов Ахьмад.** «Томонимия Чечено-Ингушетии» (тононимия).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):
Къай, хьарсу, сур, къулли, к1алха, атаг1а, хьакхлазаш, тийжа, кхай, мерг, гов, кхарта, бусанга, оьриш, кхоргай, аьлг1уз, маек, Аймалаш, суорота, ханрота, пхьиедие, к1иес, къиезалг, богаз, муьжан, лаьшкара, саьрбалой, з1ам, пхьамта, чуткъале, орг1айчу, г1ай, хуланде, лолхие, нижалой, г1еда,г1ебарлой, мак1ажа, хьаткъам, шаледие, 1овли, булкх, чермой, зарг, зарговз, аша, къакъаройн, ларма, эрсаной, г1оне, белг1атой, даьрг1а, уьжа, ача, чхор, г1ордала, поьда, меск, маск, оьссира, борг1ане, ерда, даттах, аккхий, овхой, пхьарчой, пхьарчхой, тирг, завт, г1ази1амхой, марта, г1ой, биж, чхьераш, букказа, шека, зор, зоьр, зуьйза, шишха, авдал, цабалгаш, буьлгаш, оьртханан, ц1ийдарш, ташхой, хьач-хи: дуьхие, г1урда, гарман, м1аьштиг, сал, кхийрадиг, т1улгадиг, т1ерг, т1елг, мере, кханг-кхала, сомалкх, тайра, к1арч, т1ула, медалой, шадало, пхей, йоьрда, жоьрд, ичча, икка, гайда, г1амма, маза, лаьшкарой, кур-кхера, г1аьт, г1эда, м1айла, мерш-кхера, м1айла-ц1а, кхайла-ц1а, ерда-бог1ам, долг, ц1ой, селг, текъархо, леткъарг, доьхьа, шуркул, маркхай, терсмаймал, ц1окъаболат, мисар-болат, пхойн-1ад, г1озу, гурпал, зуз, дирг1, пирг, пар, тарг, пезарг, п1езарг, саж, цхьар, гермчига.
**Сулейманова З.** «Пхьармат» (стихи).
1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Пхьеда, уьне, азаллехь, т1ек1ирдеш, зуламда, жех1ал, пхьаркан, пхьатоха, кхийригаш, шорто, Буракъ, г1ирвоьлла, 1ужас, азат, анайисте, ша-лам.

**Супаев Р.** «Жаззашший. Лайн чимашший», «Херосиме», «Шуьшинна-м к1орда дац...» **(стихи).**

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Г1ов, г1ум-аре, сашорте, зангдаьлла, син1овжам, синлаам, мажардоь, лоччарш.

**Талхадов Хьамзат.** «Махьмин кема» (в колл. сб. «Нохчийн дийцар. 1 том»).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Масмалик, къелгаяьлла, 1ап-сап.

**Тапалаева А.** Невца еана ч1уг (дийцар).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Пислакхаш.

**Тухашев Хь.** «Гулам» (дийцар).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Ц1ерахазмна, яппарг1а, вахабистийн, чалахь, «шура.

**Уциев А.** «Айдамиров Абузар дагалоцуш» (статья).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Х1умалгаш, догъэцам.

2. Самопроизводные:

Белхолахь.

**Его же.** «Йоьхна г1ала» (стих.).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Г1овра, чарташ.

**Хаджимурадов В.** «Лакхара юьртара 1андаркъа» (рассказ).

1.Слова в трактате, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

К1отархой, силга, х1усамхо, «гар-рров», «гов».

**Хаджимурадов Ш.** «Вицлур дац и цуьнга» (стихи).

1.Слова в трактате, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

К1адо (29,80).

**Хаидов Л.-1.** «Б1аьсте» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Х1айте.

**Халикова Л.** Б1арлаг1а (дийцар).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Синлехамна.

**Хамерзаев З.** «Сизифан къинхьегам» (статья).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Синлехамашкахь.

**Хасанов С**. «Коьрта лазам бу лоьраш тоьаш цахилар» (статья).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Делил, лазам.

**Хасиев С.-М.** Амазонкаш муьлш хилла? (статья).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Дажал (28).

**Цоккуев И.** «Олуш делахь а» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Сорсадоккхуш, аррохьманироххьийм.

**Цугаев Сулейман.** «Г1ан», «Со вог1ур вац хьоьца» (рассказы).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

«шур-шур», гуцдолчо, х1уьппалиг, тергамхо; къакъ олий,эццигехь, юхавоьрзушшехь.

**Цуруев Ш.** «Нохчийчоь цхьаъ бен яц» (стихи), «»Цхьа мерза-г1айг1ане мукъам» (сборник стихов).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Соьцанна, кхардам, писдоьлла; синлехамех (7), синлаамех (7),, синмаршонах (7), шорто (8), тарш (34), кхано (45), човсалла (49), саз (77), тилла (89), ч1инк 118), хушпар (123), ко1анех (139), кхиэлхо (142), сено (238), яьссалла (336),т1етовжам (343), лерам (348), аьхса (348), цхьалхаваьлла (370),салкхане (378), латталелархой (379).

**Чокаев К.** «Нохчийн мотт – вайн къоман синкхача» (статья).

Пхьалг, ховха, бакъе.

**Шайхиев 1.** «Нохчийчоь» (стихи), «Иза сан ох1ланча вара» (статья).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Лензалла, чхьагбуьйлу, доь, ох1ланча.

**Эдильсултанов Л.-1.** Ойланан некъаш (сборник стихов).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

1аматан (2), аналлин (10), тем (12), синкъийсам (16), т1еяккха (16), марса (21), синкхача (44).

2.Диалектные: лапа (13),

**Эдильсултанов Ш.** «Ц1инда харжар» (дийцар).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Х1айда-аьлла.

**Элисханов С.** «Сагатда кхоьллина», «Дахаран йист» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Синмерзаш, синт1емаш.

**Эльдерханова З.** «Ненан корта» (дийцар).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Эрчалло.

**Эльжуркаев М.** «Къоналлин тай» (рассказ).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Яьппа.

2.Самотворческие:

Цеце.

**Эльмурзаева Р.** «Беркате доьзал» (очерк).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Сагалматаш, нохчалла.

**Юсупов Ибрех1им.** Стихаш (сборник).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Мохтиле - в стихах «Седарчийн буьйсано биллинчу б1аьрго»;

Шах-ших - в стихах «Муьргийн ц1еша юьзна коьллаш...»;

Дерза – в стихах «Г1айг1ане денош ду...»;

Лоьмар – в стихах «Х1унда ду сатийсар гуттара г1айг1анех ийна...»;

Тем – в стихах «Х1унда ду сатийсар гуттара г1айг1анех ийна...»;

Леста – в стихах «Элине»;

Йилбаз-г1ала – в стихах «Гуьйренан туьйра»;

Аьхкент1ехь – в стихах «Схьахезий кхолламан к1оргера аз...»;

Бендацар – в стихах «Сихаллех диццина весеташ санна»;

Зовдуьйлу – в стихах «Поэтан кхоллам».

2.Самопроизводные: цхьанаклассохоша – в стихах «Схьахезий кхолламан к1оргера аз...».

**Юсупов 1.** «Гуьйненан аматаш» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Анаюх, орцха, синпхег1аш, зангдоьлла, син1овжам, темза, синлаам, «т1анк»-аьлла, лоччарш, эшамна.

**Юсупов С.-1.** «Дечиг даккхар», «Бекхам» (рассказы).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

«дарг1-аьлла», эвсара, кол, х1орама, вир-ворда,пираьндигаш (пираьнгаш – лит.), ч1ич1ъаьлла, «къаз-къиз», матарвина, олушдер, алаг1ертарг; хьуссиг, «жарашт», маште.

**Яндарбиев Зелимха.** «Шешенаш», «Церг тоьхна т1уьхк», «Жаби», «Буьйса» (рассказы).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Сарле, «шурр» деш, йилбаз-лергех, бонг, х1и-х1иъ, лохха, далатохар, шешенаш-м, хьастаг1а, аттахо, «шух» деш, хьуьлла, даладелла; хьакхоргаш, жим-т1ам, хьуьнехдича, девзиг, х1ет-вети; линг-т1ох, дист-б1аьра, ц1умарш, юьккъеша, ч1апдеш, хьаха, «ц1умм-ц1умм» деш; шотканашца, акхадаьлла, хоийлехь, саийзарехь, г1окхехьа, «тфуй», делора, къемата.

**Яндарбиев Хь.** «Кавказе боьду некъ», «Шера-шуьйрачу арахь», «Хьаьким», (рассказ).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Дуьйш-дерзош, дурсалла, лайзаргаш, гоьллец, испайн, дохнакерт, душманаша, дарбанц1еношкахь, т1улгапхьеран, эчиглаторан, карчолагаш, г1ерахой, болаттехникан, синоьздангаллех, чохь1ойла, йовззае, оввай.

**Яндарбиев Я.** «Х1ордан йисттехь» (стихи), «Шера-шуьйрачу ара» (рассказ)..

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Лахьорг (24,80); дохнакерт, душманаша, чохь1ойла, дурдаьлларш.

**Его же.** «Ма дика ду луо диллина» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Хьалат1егулдина (24,80).

**Его же.** «Шовда аз долчу» (стихи).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Эшаръезахочуьнга, ц1арладаьккхи (25,80).

**Ясаев Мовла.** «Хьоме юрт» (в колл. сб. «Нохчийн повесть» 1. том).

1.Слова в трактате, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Цхар, к1инжъяьккхинчу, ун-бала.

**Яралиев Ю.** Мох хьоькху (стихи).

1.Слова в трактате, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Саоьзда.

**Яхъяев Л.** Гиххойн Таймасха (роман).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

М1аькдаьллера (3,36), марсадаьллера (3,36), делора (3,36), д1анехьо (5,36), деллахьа (6,36), саьккалшкахь (6,36), чутутург (8,36), догдохийла-м (11,36), гатто (14,36).

2.Самопроизводные:

гет1уьнт1аг (5,36), хьегойла (65, 36),

**Яхъяев Хь.** «Г1апуран аз» (статья), «Хине йийца г1айг1а», «1ин т1ехь дин», «Лар», «Беларехь лела велар», «Киртиг», «Дакъа», «Зовби», «Марзо» (рассказы), «Синкъерам а, сискал а» (статья) и стихи.

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

Г1агг1инехь, хьарчамехь, жиг1ар, кхарс, ц1алг, з1арадукъ, къур, нуьйрк, д1оша, селхе, гарехь, к1ирбелла, къагар, туьш, вели, йилбазмохь,хьегаман, хьогаман, эвхьалла, д1аьвшаха, во1алла, д1ашарвелира, къеваьлла, юьхьк1оме, салават, хьуьлла, хьаькханчохь, хилам, къамелахочо, к1елвисина, кхайкхамчех, ладоьг1ийла, т1аьхьавазар, б1абаьчча, малхбузламаз, гарттинехь, хьачадаьлла, синк1езгалла, г1аг1анат, къоманча.

2.Диалектные:

1екъий (экъий – лит.).

**Яшуркаев С.С.** «Нохчийн жайна» (психол. или филос. трактат), «Напсат», «Пасха», «Картолаш» (рассказы).

1.Слова, не вошедшие в словарь А.Г.Мациева (1961 г.):

1овжам (6), х1айтъаьлла (8),токхъеш (8), охьааьтта (14), обаргбевлла (15), ленхаамаш (18), маццахехь (18), хат1доцучохь (19), 1амал (20), нохчалла (23), юьстахара (24), динбере (24), боьру (27), фирман (28), ана (36), 1аж-маж (37), эшаме (38), г1арч1аьлла (44), айпалла (47), хийланна (47), айпалла (47), тоххарехь (47), кхетуьллачу (50), хьашалла (55), чуччалехкинчу (56), айпволаран (56), лардаме (67), листа (57), хьедеш (60), г1ураволу (66), г1уравааьллачунна (66), зуьдаллаш (66), ц1еналла (67), синлехам (68), боберийн (69); т1ек1ирдора, эвлаюккъехь, шалонаш, адам, хьашдооцург, кхаьрга, Дег1астанахь, уг1ам; уой, цхьаьнайиначу, т1алпа, говр-ворданашна, ма-ттов, курпех, лестинчу, чунехьа; хьавоьлла, хьаханор-кх, т1евийхира, хьуьлла, «наниниг», къуьхкаш, ц1елаторг, «хант1-хинт1», кхано, сиппа, буьта, акъари, лаппарг1анаш.

2.Диалектные: иштарниг (9), шортаммо (51).

3.Самопроизводные:

сонталлаш (16), делий (36), оьзданга (64)

## А

**Аввабин (аввабин-ламаз).** Ночная молитва в исламе.

Имам Шавка́нийс – Дала къинхетам бойла цунах – аьлла «Найлул АвтІо́р» тІехь: «МаьркІижна а, пхьуьйрана а юкъахь деш долчу ламазах Пайхамара – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – «Авва́би́н ламаз» аьлла хилар хьадисехь деана ду. И хьадис «Сахьихь» жайни тІехь деанчу вукха хьадисана дуьхьал догІуш дац – Духьа́ ламаз «Авва́би́н ламаз» ду аьлла деана долчу. ХІунда аьлча цу шинне хенахь динчуьнан ламаз «Авва́би́н ламаз – Деле тоба дарца боьрзуш болчеран ламаз» хуьлу».

**Авдал (1авдал: аш).** Устар. Отшельники, душевнобольные, прокажённые.

**Авдалин кажа** (Авдалин кажа) «Отшельников пятачок». Имеется в виду место, где останавливались прокаженные. *Авдал* - так назывались в народе отшельники, прокаженные, душевнобольные. Урочище к северо-востоку от Белгатоя (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Авиакхийсар (-рш).** Авиаудар (–ы).

ТІеман авиакхийсарш дІайоьрзушшехь шен кхолларалин болх карлабаькккхира (А.Газиева. Къоман культурин цхьа хазна).

**Автонекъ (-аш).** Автодорога.

ХIара некъ а, лаьмнийн хьун яьлла басенаш а боккхачу автонекъана дехьара кхийсарш дарна, тешаме яцара (Хь.Яндарбиев. Кавказе богlу некъ).

**Агана (-ш).** Старин. Лощина.

**Кхоьриа агана** (Кхёрна агана) «Грушевая лощина»... **МаьIнийн агана** (Мяънийн агана) «Ольховая лощина» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Агlо (-наш).** Сторона.

Хьостум lоьттича, дlаэккхарг юьтуш, дlавоьдуш цунна хьостум lоьттича, дlа ца эккха говр карийра. Кхуьнан дагахь хилла, ша тlамна тlаьхьа вуьсу агlо езаш, кlеда говр лахар (Нохчийн фольклор. Цкъа катоьхчи, кхо лом лоцу Бексолта).

**Адамашдайархо (-й).** Прост. Убийца.

Амма lедална гергахь обарг цlе йолу муьлхха а стаг талорхо, адамашдайархо ву (А.Айдамиров. Дарц). Цаьрца цхьаьна цо йоьшура нохчий сийсазбеш, уьш бандиташ, разбойникаш, адамашдайархой, акха адамаш у бохуш, кхечу оьрсаша язйинарш а (А.Айдамиров. Дарц).

**Адам** (обобщ. смысл мн.ч.: грам. кл. -д). Люди (человеки).

Элан гIопахь дукха адам гулделла хилла. Кхуза веана волу хIора бере элан шолгIа йоI шена йига дагахь веана хилла (Нохчийн фольклор. Туьйра). Шалонаш тlера охьадоссийна адам цхьацца агlор ярташка дlасакхоьссира (С.Яшуркаев. Напсат). Харцонца, хьарам хlума яккха аьтто берг наггахь а вац шен гайн гlайгlа ца беш. Хьал, эхь, сий, нохчалла, дерриге а духкуш ду. Эхь а ца хета гуш лаьтташ цхьаъ доллушехь важа дийца. Адам талхийна, сакхатдина. Ишттаниг цкъа а ца хилла, хетарехь, хlара дуьне кхоьлличхьана а. –Дала диканиг дойла-кх вайна (С.Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). ХIинццалц схьа Къуръан кIеззигчу тобан привилеги, церан бепиг, церан хьал-бахам хилла лаьтташ дара вайн. Цара шайна, шайна хIума йохьуш веанчунна а пайденна долччу агIор хьийзош, адам шайн карахь латторан гIирс бинера цунах (С-Хь.Кацаев. Динан философи). Адам юкъа а гlоьртина, мелла а шай наха човхор а, тохар-lоттар а деш, цlа хьажийна кlант (Ш.Дашаев. Вешин кlентан шинар юхадерзор).

**Адам-йилбаз (адаман йилбаз, лилбаз (-аш).** Прост.-разг. Иблис-человек в человеческом облике.

Нохчийн мифашкахь нислуш йолу персонажаш, адамашна зиэн даре я аьтту баккхаре хьаьжжина, бакъхьара а, харцхьара а хуьлу. ШайтIа, гIам, хьуьнан йоI, алмаз, жин, акхаройн Iу, адам-йилбаз, дуккха кхидерш ду уьш. Хlун лерам хир бу, дуьххьалдIа, адам-йилбазан сибатехь дуьхьалхIоьттинчу соьца? (П.Петирова. Ийман). Зудчо адам-лилбазо аьлларг цу тlе а тидина, шен дагахь дегабаам бина хилла. Адам-лилбазо шен гlуллакх новкъа даьллий а хиъна, дlадолийна шен зуламе гlулкхаш (Нохчийн фольклор. Адам-лилбаз). - lалайкум ва салам, ва майра Бектамар, Хьо марша вогlийла, хьо далла везийла! Ахь сема ладогlа, ас дуьйцур ду хьуна: И адам ца хилла, и амалт ца хилла, И-м дера хиллера адаман ва йилбаз, И лелаш хиллера нахаца къайлаха, Юьхьlаьржа хlотторна, ас араяьккхина (Нохчийн фольклор. Бектамаран Зайнапан илли). «Йилбаз тоьлла. Гlаддаханчу адам-йилбазна ца го бохам беанарг. Йилбаз бlарздина ша хьоьгучу дикано. Иза кхочур дац орцах. Йилбазах тешар –тиларшка вахар, дакъаза валар. Дала лардойла вай кхултlаьхьа адам-йилбзех тешарх»–декъаза ойла йора lабдурахьмана (С.Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Аддаме (аддамана и.кх.дl.).** Никому.

Дархочун метта и охьайиллина, Дин паргlатбаьkkхира йоl йинчу нанас, Аддаме шен йоlана чов хиллий ца хоуьйтуш, Лоьралла дан елира йоl йина нана (Нохчийн фольклор. Ваша воцчу Салахин илли). Цундела, шен дог аддамана а ца хоуьйтуш, дIавелира Мурид гIалара (М-С.Гадаев. Безаман ницкъ).

**Азалла.** Изначало на крижалах Всевышнего.

Урчакхах хьийзаш ду дахар,
Хlора а Азалле хьош.
Цкъа хуьлу и эсал lахар,
Цкъа хуьлу и дера борз (М.Ахмадов. Урчакхах хьийзаш ду дахар... ).

**Айдар (-ш).** Восклицание (-я).

Назманан шовкъечу байташкахь,
Мукъамийн зевнечу айдаршкахь,
Чкъор тилла, ца буьйлуш берзина,
Нохчийн мотт дайн кхерча бирзина (С.Дакаев. Нохчийн мотт).

**Аймал (-лаш).** Вид травы.

Аймалаш йолу йист (Аймалаш йолу йист) «Аймалы (где) есть окраина» - на ю. окр. села. *Аймалы* - вид травы (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Айпалла.** Недостаток в здоровье.

Хиллачун пусар а, ларам а бар дика хьекъал а, г1иллакх а ду, амма дозаллаш – адаман амалца йолу айпалла ю (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Кхи цхьа кхиетаман айпалл а йу цхьаболчу язйечаарах хьакхйелла: А.Г. Мациевн дошамиехь дооцучу дашах пайда иеца ца хаъар, ца ла-ъар, уьш архаизмаш, диалекташ ю боохуш. А.Г. Мациевн «Нохчийн-оьрсийн словарь» дошам т1иехь 20 эзар дуош ду аьлла билгалдина делахь а, царах 40% т1еиецнарш ду. Иза цуьна зааман 1еедалуо туоьхна биллам бара, ишттий бие и санна болу буолх аарахиеца бакъуо ца луш (Р.Кадиев. Бахалахь, нохчийн мотт).

**Айпвола (й, д, б).** Прийти к нездоровому состоянию.

Эзарнаш шерашкахь кхуьуш, х1уттуш бу адаман юкъараллан мотт а и бийцаран г1иллакх а, оцу г1иллакхах сиркхо хьакхаъелча, мотт цомгаш хуьлу, цунах лазар кхетар, цкъа хьалха, и буьйцург айпволаран билгало ю (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Бохийна, дакъазабаьхна хьийзочу нахах ша цхьаъ вийча а тIом чекх баларан сихо хир ю моьттура Жоржана. Уггаре а декъазаниг дара иштта моьттуш верг цхьа Жорж хилла Iаш цахилар. ТIамо айпдолийнера адам (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Айпиг (-аш).** Прост-разг. Человек с хилым состоянием здоровья.

– Иттех, ткъех шарахь ма до наха иштта цIенош, массо а доьзалш а арабовлий, бала хIиттина къа а хьоьгуш. Iаьна юккъехь бен цIа ца боьрзу Россех, я Казахстанех дIа баханарш. ХIинца дIателлича, оцу дукхахдолчу даккхийчу цIенош чохь бехаш болу нах цхьацца цамгарш лехьийна, айпигаш хир бара-кх! (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Айсса.** Я сам (один).

**Айххьа.** Ты сам же.

Хьайх къинхетам
Айххьа белахь,
Ас къинхетам
Бийр бац хьох (1.Шайхиев. Хьайх къинхетам айххьа белахь).

**Акхадала (в, й, б).** Одичание.

Шераш, маржа къона шераш,
Акхадевлла пана леларш,
Iийжаме лар йити аш.
Мича дагахь дара бIаьста,
Мохехь хьийзаш, гаьннех къаьсташ,
Оьгуш гур ду аьлла гIаш (М.Ахмадов. Зикаран гонаш).

**Акхаза.** Старин. Оставить без отомшения.

Маттана урх ма малъел ахь,
Хийла цо ваьккхина дакъаза.
Пхьа боцу чIир лехна кхел а
Йисина яц хьуна акхаза
(А.Ахматукаев. Къу-берзан буьйсанаш).

**Акъ.** Поза крайнего удивления, изумления (когда обвисает челюсть).

Хьан куьйгаш дайн дара - чекх са го т1емаш.
Хьан йистцахиларе ладег1а 1емаш,
Хьан хьажар санна сакх яра сан ойла,
Хьан къажар санна акъ яра сан ойла
(А.Бисултанов. Дерриг а чекхдоккхуш схьакхийти малх).
Дукха цецваьлла «акъ» аьлла бага ма г1аттаели сан (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Алалай (!).** 1.Припев колыбельной. 2.Возглас, женские стенания при сильной резкой боли.

Т1ахъаьлла хир ву хьо,
Ц1оькъалом санна,
Къовсамехь тоьр ву хьо,
Догмайра нохчо,
Алалай, балалай,
Д1адижа, боли-лу
(Г1.Алиев. Аганан эшарш).

**Аладерг (-рш).** Что естьсказать.

Лензалла, лензалла, лензалла.
ТIаьхьенийн цIурдоьлла дозалла:
– Тхан дендас масийтта вийна,
Девашас сагIийна хьийна,
Тхан цIийно ала ца дитна,
Аладерг, ца ваьхьаш, висна

(Л.Ибрагимов. Г1аттамаман либретто).

**Али (-ш).** Старин. Речка.

**Орзалин дукъ** (Орзалин дук) «Орзали хребет». Название Орзали возникло от имени человека-Ораз-Али, возникшее на тюрско-арабской языковой основе.

**Аллах.** Бога в исламе. Этимология арабского слова «Аллах» не выяснена до конца. Может Сан синан 1есаллин

Амалш а евзачу Хьуна
Суждане вог1у со,
Юха а хастамбеш Хьуна,
Йа, Аллах1, къенхетам бехьа сох
Бохуш Хьоь г1ийла (Д.Амагов. Дин-бере хила дац атта).

Далла шенна бен тилла ца мегаш цуьнан цIе ю и (вай долахь цIе олуш йолу). И цIе хьахийча (яьккхича) хьекъал Цунна тIе Бен цадоьрзу-Сийлахь, цIена ву И (авторское предложение).

**Ана (-аш: ю-ю).** Уст.Небо.

**Анайист (-аш: ю-ю).** Край неба (горизонта).

Анайист ц1ийелла тховса, –
1алам ду сан г1о дан говза (Ч.Бекмурзаева. Сингаттам, хьан 1аьржа верта...).

Суна баба го, т1аккха – Дерки, юха – Айза а, сан Айза, баьццара бай, къоьжа анайист, цхьа некъаш, некъаш сайн, юха кхана а – селхана санна – тахана санна хир долу кхана… (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна). Гобаьккхина шурула-к1айн 1уьллучу 1аьнан арахь, д1асахьаьжча, анайисте д1акхаччалц, б1аьрго лаца х1ума дацара, и итт-пхийтта к1ур болу юрт йоцург, я г1ишло а, я дитт а (З.Яндарбиев. Шешенаш).

**Аналла.** Небесное пространство.

Курачу хазалло
Хийла дог суждане эгош,
Аналлехь д1аяйра,
Малх санна д1аяйра хьо (Р.Ахмаров, Хьоьга).

**Анаюх (анаяххаш).** Закат и восход – две части горизонта.

Цу халчу г1уллакхах чекхваьллачун б1аьргаш чохь бен ца йолу анаюх сирла, баккъал ша йолуш
ма-хиллара (М.Завриев. Кибиев Мусбек, дуьне а, дахар а кхетаман куьзганахь).

**Арда.** Уст. Кромсать.

Дахарца ницкъ къуьйсуш, дуьхьало арда.
ДIабоьду, дIабоьду хьекъалах кхарда.
Боьдучу дIакхаьчча – шеха дог даккха,
Сатарха ал-Iинчу тIам-ваьшта эккха... (Л.Ибрагимов. Лаам).

**Алхха.** Диал. Только, лишь, и только (от лит. цхьалхха).

Кхин хIумма а дацара гуш, де а дацара, буьйса а, цхьа хIума а дацара кхин, аре бен, алхха аре (М.Бексултанов. Г1ум-аре).

**Алхьам.** Сура «Фатихат» из Священного Корана, с которой начинается молитва каждого мусульманина.

Сан «бисмил», сан «алхьам»,
Сан деган лазам,
Лехна ца нисделла
Т1аьххьара г1ан (Тамаш. Г1ан).

Дукххьолахь маре деш болу вайн кегийрхой ламаз деш, марханаш кхобуш-м муххале ца хуьлура, цхьаболчарна, ураттала, алхьам, къулханаш деша а ца хаьа. Мах беш тешаш хIиттабо хьалха тIенисбелла нах. Далла Iамал еш боцурш а, малар молурш а. Уьш дог цIена, хьанал хилар а ца хьехадо (А.Айдамиров. Вайн амалш).

**Амалт** (амалт дина, амалт дарца, амалт кховдийна и.д1.кх.). Устар. Обет.

- Дакъаза ма вала, ва юьрта ва молла, Гергар стаг воцуш, йиша-ваша доцуш, Ден дола доцуш, т1еластан мотт боцуш, Г1ийла бо дисарна, тайпанан хиларна, Сайн метта да вина, сайн жима и Зайнап Ас хьоьца ма юьту, хьоь амалт дарца, - Моллица йитир цо шен жима и Зайнап... ... Хийла хан ва яьлла, хийла шераш кирчича, Ваьлла ц1а веар бах и майра Бектамар. Хьаьвзина вахар и ша амалт кховдийнчу Юьртан молла ва волчу б1аьстенан 1уьйренца (Нохчийн фольклор. Бектамаран Зайнапан илли). Амалт дина вайна т1ехь долу х1ара вай хьехо юкъадаьккхина декхар, ши б1аьрг хьаббийна, ши лерг та11ийна, ша «дижина долччохь» матардолийта-м дера ларор ду вай х1инца а, т1аьхьа а (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**Амалш.** Устар. Возня. Лохмотья.

**Махьин амалш** (Махин амалш) «Махия амалш». Урочище на восточной окраине. *Амалш* употреблено в значении «возня», «лохмотья», так как Махьи был нищим (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Амбияъ (-аш).** Из арабск. Авлия (святой, –е).

Дала мукъалахь, де дийне мел долу вайнах хьекъале а баьхкина, вайн мохк, вайн халкъ цхьа куьг, цхьа барт болуш д1ах1оттор – х1окху дуьненан мах бу суна гергахь. Дела реза волуш, Далла безна пайхамар а, эвлаяаш а, амбияаш а, Делан маликаша а баркалла эр долуш, диканца хьахор долуш, д1адуьйладелла шу х1инца («Нана» журналан редакци. Абдул Бакъи Джамо: Дела реза волуш д1адоладелла шу х1инца... ).

**Анаков (анакевнаш).** Врата поднебесные.

И анакевне а
Лаьтташ ю йиллина,
Тхо кIентий зевналла
Лаьтте лерг диллина (Л.Абдулаев. Нохчийн мотт).

Х1ара дешнаш суна духхьара Лечин иллешкахь хезна(кхечахь а хила тарло): дарс, анаков, турсло, пхьеда, тушпхь (П.Абубакарова. Леча Абдуллаев. Илланчех дош).

**Ананур (-ш).** Небесное сияние.

Дайн-нанойн синойн нур
Лепош ду ананур,
Цундела хьо кхало
Ницкъ бац, сан Нохчийчоь
«Со – хьан ву, хьо – сан ю –
И Делан дика ду» –
Дайн чартийн йозано
Боху соь, боху хьоь (С-М.Гелагаев. Хьо – сан ю, со – хьан ву).

**Андо (-наш).** 1.Андо (диалект) - тешам, чIагIо, дегайовхо. 2.Посильнее.

Жимачун амал ю челакх,
Зерех чекх ца ваьлла дела.
Андо ю некъ бинчу белшах –
Цундела оцунах теша (М.Анасова. Ларамза соьгара даьлларш).

**Антал (анталвала (й, д, б)**. Прост. Пренебр. 1.Крайне рассеянное. 2.Расслабленное физическое состояние человека.

**Араг1ойла (-наш).** Нужник (-ки).

Шатайпа вагон яра цIерпоштаца. Чохь маьнганаш а, кIай мотт а, арагIойла а йолуш (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Арадаккха (й, в, б).** Выйти на свет, в оборот.

Кесиба: Ас бохург-м цо сан этIийначу дагна дуьхьал жимма бекхам бан лууш дара. Йиш хир яцара-техьа? Цу гIуллакхна дайа арадаьккхина хIара цхьа кхин пятьсот долларов а ма дара соьгахь, шайх... (С-Хь.Нунуев. Лулахой – 2).

**Араяла.** Выйти (выйти замуж).

– Синтем хир бац суна, Зарет, хьо сайн цIар тIехь ца хилча. Хьуна лаахь, ас еха нах бохкуьйтур бу хьуна. Бертахь, цIахь мах а беш, бусалба дино ма-бохху чекхдала лаьара суна дерриге. Цхьабакъду, лур яц, цаьрца гергарло ца оьшу, бохуш доьхьало еш берш бовлахь, араялар хьуна тIехь ду (Ш.Рашидов. Яьссийн тог1ехь). – ХIокху Делан КъурIанора, хьо тховса ара ца ялахь, хьан ден вешин воI вуьйр ма ву ас, – аьлла, Совдатана дуй биира Джандара, оцу кхаа вешех воккхахволчу вашас (Хь.Яхъяев. Беларехь лела велар).

**Араялар.** Выход из родительского дома замуж (в основном о книге из печати и т.д.).

**Арда.** Делать.

Шен дIахIоттаман бухе йиллина ардаме сюжет я дахарерчу гIуллакхаша меттахъяьхначу поэтан ойланех лаьтташ йолу сюжет хилар (1.Арсанукаев. Нохчийн литература. 9-чу классан учебник).

**Ардаш.** Пахотные земли.

**Аркан (арканаш).** Исламан арка́наш – баххаш – бохург ду. Арка́наш боху дош Iаьрбийн маттара нохчийн матте схьаэцна дош ду. Iаьрбийн маттахь цуьнан цхьаллин терахь – рукн ду, дукхаллин терахь – арка́н ду. Цундела, вайн маттехь иза лелош хилча, «арка́н» аьлла Iаьрбийн маттара дукхаллин терахьца лелийча нийса ца догIу дела, «арка́наш» аьлла догIур ду жайни юкъахь. Цуьнан цхьаллин терахь Iаьрбийн маттахь ма-дарра «рукн» аьлла догIур ду. Лакхахь ма-гарра, «рукн» бохучу дешан маьIна «бух», «бIогIам» бохург ду. Уьш 5 бу: 1. -2. . 3.. 4. ДоьалгIа рукн – Мархин бутт кхабар. 5. ПхоьалгIа рукн – Хьаьжин цIа вахар. Динан арканашха цхьа рукна ю закат далар. Божаршна т1ехь ду, зударшна т1ехь дац аьлла диллина дац иза.

Дохна т1ера диллина ду и закат, даьхни х1оккхул хилча, х1оккхул зама яьлча, х1оккхул дала деза, аьлла. Стага а, зудчо а, башхо йоцуш, дала дезаш ду закат (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш). Баттахь гергга хан яйича: «Деллахь, кIант, – элира соьга Юсупа, – ма хала дара-кх, хьох Iеламстаг а хилла, ахь сан цIе кху ДегIастанахь малхалаяккха… ламазан арканаш мукъна а Iамадехьа, хьан дех эхь ду-кх хIара, дIадуьйцучух ца кхеташ, хьо санна мутаIелим ца хилла-кх сан цкъа а», – аьлла (М.Бексултанов. Кехат).

**Аркхо (аркхонаш).** Свадебный занавес, закрывающий угол комнаты, где стоит невеста.

**Аркъал.** Лежачее положение на спине.

ПIелган мIерах хIума яхача санна лазийна Хьасан аркъалнехьа цхьанхьа-м дIачувуьйжира, кхин сацар доцуш, мох санна тIехъиккхина, дIаяхара ша (Б.Магомадова. Безаман хало).

**Аркъалнехьа.** Наклон на спину.

**Аср (-ш).** Учение, духовное направление в исламе.

Ишттачу зударшна баха аьтто болуш ду тахна, амма церан дег1ан лаам, церан дег1ан хьашт, церан лехамаш болуш ма бу, и къайлах ма дац. Т1аккха цхьацца некъаш х1иттош, кхечу мазх1абан асре девлера тхо бохуш, вели (верас) воцуш мах бойтуш, х1умнаш лелор бакъо йоцуш ду. Шен хьаштана, шен г1уллакхна ваханза ца ваьлла ваханчу меттехь и вели (верас) т1е ца кхачалуш меттиг хилча, и бахьнехь цаьргара зене некъ ца божийта, уьш 1алашбайтар дуьхьа, къедас схьаоьцуш ю церан бакъо (верасаллин бакъо) (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш).

**Артезиан (-наш).** Извлечение воды из недр.

Кхо-йиъ километар гена артезиан дара, лаьтта бухара бирг1анаш чухула хи хьаладолуш (С.Мусаев. Г1улч).

**Атаг1а (атаг1аш).** Долина у реки.

**Атталг1а (ура-атталха).** Даже.

ХIай, беттан серло, беттан серло,
Хьан гIайгIа суна дика евза:
АтталгIа кIеза – берзан кIеза,
Дац хIинца хьуна угIа реза (Ш.Цуруев. Беттан серло).

ХIокху книгана тIехь болх беш, тIедогIуш цхьа сом а доцуш, Далла тIе болх биллина, кхаа баттахь ца кхоччуш Iий со, атталгIа уьйтIа валанза а кIира, ши кIира а долуш (С-Хь.Кацаев. Лехамаш).

**Аттахьиййат.** Часть молитвы в исламе, которая читается сидя на корточках.

Ойланаш ца ян а гIерташ, ной йолчу чу а воьдий, ламаз оьцу Мовлдис. ТIаккха шиъ ламаз до: сунт а, парз а. Ламаз-бисмилла а, аттахьиййат а жимма хозуьйтуш дийши цо, шен ойла Далла гIуллакх дарна тIехь сацийта (М.Ахмадов. Ден сингаттамаш). Ши ракаIат долу Iуьйра ламаз хьан масийтта ракаIат хуьлу, аттахьиг деша виц а луш хьо, юх-юха а ламаз а доьхкуш (М.Бексултанов. Д1аваххалц, хилла а воцуш).

**Ах-аьрша.** Аршин. Половина расстояния растянутых двух рук.

Иштта наха иллеш туьйсуш охьадогIуш долу бос сийна Терк, чIогIа деанчу Iаьнах кхераделла, ша и цхьа Iаьнна чулечкъина даIам санна, лечкъинера, ангали санна, шера, ахаьрша хиллал стомма бинчу ша кIел дахана (Ш.Айсханов. К1айн котам).

**Аттоха.** Полегче.

- Оцу 1овдале г1ур яра со... Суна аттоха хир дара.., - элира шена улло а х1оьттина вог1учу жимачу стаге Райнисас (М.-С.Исламов. Юьртан 1овдал).

**Ахбеттаса.** Калька из русского яз. Полулуна (полулуние), полумесяц.

Бара, бара, к1ажера охьа горга а болуш, ахбеттаса санна…– Бакхарш, и ма хаза элира ахь – ахбеттаса…– Сох Бакхарш а ца олуш… цул г1олехь-м 1ахар а ду… дадас сох х1ун олура хаьий хьуна? (М.Бексултанов. Цхьалха ду-кх тхо, цхьалха... ).

**Ахбутт.** Полумесяц.

Тийналлин мукъаме дуьйлу,
Ахбеттан зIаьнарша дуьйцу.
ХIара ду буьйсанан туьйра,
Я ю и туьйране буьйса (Ш.Цуруев. Тийналлин мукъаме дуьйлу).

**Ахьар-худар (-ш).** Из кукурузной муки каша.

Хезий хьуна, чехкка
Товха латаел,
Ахьар-худар кхехккалц,
Нитташ хьакхабел (А.Ахматукаев. Лулахь-кулахь).

**Ахх1 (ах1а, ахх1а) (!).** Звукоподражение плача навзрыд.

- Ахх1а!!! – туьканан пенаш дегийра цхьана стоммачу озо. – Кху чохь хилла-кх хьо, бецан меъ! (В.-Хь.Амаев. Эдал).

**Ах1и-ах1и-ах1и.** Звукоподражание плача навзрыд.

Мохьмад вала ма велла, – охьавилхира, догIа санна, цхьанаметта дIаса а лелхаш, йовлакхах ка а етташ, мара хьала а уьйзуш, "ахIи-ахIи" деш, корта а, дегI а детталуш, – Мамакаев ма велла... вайн Мамакаев... (М.Бексултанов. Къонахчун 1ожалла). «Ма х1иттаехьа со к1антанна хьалха юьхь1аьржа... ах1и-ах1и-ах1и... (В.-Хь.Амаев. Чехка деша еза дийцар).

**Ачу (наш).** Квасцы для утоления боли зуба. Назывался он первоначально базаран ачо – базарные квасцы. И только позднее стал употребляться в значении недоразумения. Именно в его первоначальном смысле приводит это слово и учёный, поэт А.Сулейманов:

**Ачу доккхучу кIел** (Ачу докхучу кел) «Там, где добывают квасцы» – «Под тем местом, где добываются квасцы» – уроч. на окр. Села Ц1оьнтара (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Аша**. 1.Сланец. 2.Накипь.

Хьешаша диканиг даржадеш шех,
Вайн къомо, хьагI-хьунан яшаеш аша,
Бина шен кхолламан хьанала некъ (1.Кусаев. Сонетийн кочар. Ворх1алг1а).

**Ашанаш чу** (Ащанаш чу) «Ашанаш (?) в» – уроч. на ю.-з. в районе Щаьчу лам (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»). Х1усамдас дика жижиг-галнаш даийна, т1е чорпа, чай а малийтина, хорбаз йохийна, чу аша хьакхийтина чоь шелъйина, коре х1умнаш тоьхна, хьаша д1авижийна, садa1а хьайна, аьлла арабевлла кертахь берш шайн цхьацца г1уллакхаш дан (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

**Ашла (-наш).** Уст. Стол.

В ныне действующие словари не вошло очень много наших слов (исключение составляют «Дош» Абу Исмаилова и «Чеченско-русский фразеологический словарь» братьев Байсултановых). Сложился миф о том, что якобы у нас нет слов, скажем, для обозначения таких предметов, как стол, крокодил, акула, тротуар (ашла, вока, г1ормакх, сокхалмакх) и т.д.(Х1.Умар. Преодолеть комплекс неполноценности).

**Ашхьада (ошхьада).** Основное свидетельство единобожия в исламе.

Лере а вахна, ашх1ада далийра ас, т1аьхьа такбир а олуш (М.Бексултанов. Ц1архо). Дагахь ошшада дийшира цо. Амма зудагIам дуьхьалара дIа ца долура (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Ашх1аду-биллах1 (!).** Прост. Клятва именем Аллаха.

Эскиевс дов ша ма-бохху чекхдаьккхина, етт бийначунна кхо шо хан а тухуш. Шена хан тоьхначу Коьран-Беночо элира боху:– АшхIаду-биллахI, суна-м ца хиъна, лачкъийначу дохнан дена хан тухуш, тахана бен (1.Асталов. Дийцаш, хилларш, лелларш).

## Аь

**Аьллашехь.** Хотя было сказано, совершить вопреки сказанному.

**Аьндерг (-ш).** То, что скажут после совершения действия.

«Селехьат, со хиндерг
Гуш вара тоххарехь, –
ТIаьххьара ахь аьндерг
Изза ду, схьагарехь,
Ас хьайга мел дехарх,
Соьца хьо ца йогIу,
ГIоли яц хьо елхарх»
Хьуна тIе бехк богIу (1.Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь).

**Аьрташха.** С тупой стороны чего-л.

Иза-м ду, ткъесан нур эцна,
Хьо яккха, къовса кечделла
Аьрташха марцалуш денна,
ГIад-амал шен кхачаделла (М-С.Гадаев. Кхоьруш цакхетарна нийса).

**Аьхса.** Малодушный (в переносном смысле несерьёзный, пустословный, пошлый и т.п.).

Ненан кийрахь ваттаваланза – цIодар, хьекъална аьсха; 7 баттахь бен ненан кийрахь Iилланза

ВорхIалгIа верас ву хаттар дан кечлуш,
Мел волу вовхатар ладогIа кечлуш.
– Ткъа ахьа, ткъа аша хIун дина кхочуш?
ДIа хилла хуьлуьйтур тхан хьекъалш аьсха,
Тхан дегнаш хилийтахь, тхан амалш стешха,
Ткъа ахьа, ткъа аша хIун дина кхочуш? (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

Амма шен дог дастарехь цхьа а дош дац авторан дастаме, аьхса, синхаамаш бийцарехь тIех айаме далийна дац цхьа а алар (Хь.Бурчаев. Шина адамо юьйцина безаман керт).

**Аьхкент1ехь.** Летом. В летнее время.

Диц ца ло дарцо сайн кор деттар Iай,
СтелаIад - аьхкентIехь мархашлахь кхаьзна.
Тахана-ъ со-м хезаш санна ма Iай
Беттасин серлонгахь зарзарийн аьзнаш

(И.Юсупов. Схьахезий кхолламан кIоргера аз).

**Аьхналла.** В прок организму, подходящий.

Хьан меттан аьхналла езна,
Хьан дешан башхалла езна,
Хьан цIарца шолгIа къонвелла,
Со хьуна ваца кечвелла (М-С.Гадаев. Хьан меттан аьхналла езна).

Кхехкаро аьхналла лоьху вайн дагна,
Мохк ларбеш эгначех хуьлу вай хьаьгна –
- Даьгначу ечигах дан х1умма а дуй вай,
И дацахь адмашна йовхо луш даьгна? (Дж.Баймурадов. Рубаиш).

Мацах цкъа яьхначу юьрта го тосий,
Сийначу бацалахь зезагаш техкош.
Къоначийн дегнашкахь аьхналла хьостий,
Безамна яхкийна сан деган эхкан
Беттасах таръелла, цкъа шена ца йоьхуш ял а (М.Амаева. Б1аьстенца ломахь).

Дависа, йиш хилча х1ораннан дагчу
Сайх тешам кхоллалун аьхналла яржо.
Дахаран цатемаш дохк санна баржош,
Парг1атчу озаца синтем д1акховдо (П.Петирова.Лаам.)

Стигланан лил 1ена лаьтта,
Синошна ахналла луш,
Адмалло жил-1алам хьаста,
Шовкъехь ю аьхналлин туш (С.Элисханов. Дахаран седа).

Нана, хьан аьхналла даима сан дегIах хьерча (К.Сатуева. Нана - хьо ницкъ болу тIемаш!).

Сийначу аренех литталуш схьадог1учу 1уьйренан ц1еначу х1авао, дег1ах хьерчаш, 1аламан аьхналла лора, ойла а цхьаьна ц1анъеш, цхьа шатайпа синхаамаш кхийдабора (А.Тапалаева. Мехкарийн дийцар).

**Аьхсадала.** Уст. Опошление.

Сарахь суьйре ковра техкош,
Ховха сибат малхадуьйлу.
Вайшиъ вовшех хердан гIерташ,
Совра синош аьсхадуьйлу (Л.Ибрагимов. Пет1а).

**Аьхьа.** Дробный, мучной.

Аьхьа дарц хьийзочу 1аьржачу цу лам т1ехь, Цу Хасин Мусас рема лаьхкинчу ваханчохь, Дог1машна дера чевнаш хилла, Дагнашна дарвелла, шаьш ц1ехьа вирзир-кха Ворх1е а ва ваша (Нохчийн фольклор. Бос хазчу Мусан илли).

**Аьшна.** 1.Минеральный (о воде). 2.Принимать всё отказом.

**Аьшна хи долу меттиг** (Ашна хи долу меттиг) «Мин. Источник (где) есть место» -на в. села (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

## Б

**Багалг (аш).** Сосновый шишка.

Бакхарш генна т1аьхьа хуьлура, массо а х1ума ган г1ерташ, массанхьа а куьйгаш хьоькхуш: т1улгаш т1е а, бердах а, зезнаш т1ера охьалегга багалгаш а лехьош (М.Бексултанов. Цхьалха ду-кх тхо, цхьалха...).

**Бадалкх.** Женская походка; словонавая походка полной жещины (из сл. К.Ибрагимова. «Наггахь лела дешнаш»).

**Базарча (-ш).** Разг. Прост. Базарный торговец.

Ткъа Да, шена базарахь латта товш ца хета дела, йохка-эцар лело ца хаьа дела,хьанала болх бан меттиг а, бича схьалуш алапа а доцу дела, ши некъ къасто безаш ву: я шен зудчунна, берашна бага а хьаьжна, царна тIе а тайна Iен веза, доьзална тIехь ша дан деза урхалла а дицдина: я шена жимчохь дуьйна сийлахь хетта хIуманаш охьа а тийсина, базарча хила веза (М.Ахмадов. Доьзал).

**Базарком.** Базарный работник.

**Базар (-ш).** В переносном смысле – шум и гам.

Айзан больницехь яра, Сайдин йо1 делан денна яа х1ума, чай дохьуш т1аьхьа йог1уш, Сайдис Марьям, цуьнан накъостий чу а кхойкхий, т1аьхьа еана х1ума юуш, т1е чай а молуш, шайн къамелаш деш 1ара. Амма Сайдин йо1ана и базар гучуелира (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

**Баин (-наш).** Разведённая жена, которая можетт воссоединиться с мужем только замужества с другими.

Ткъа кхоъ ц1е тесна йитинарг юхакхачон бакъо яц. Иза баин лоруш ю. Баин бохург х1ун ду аьлча, гуттаренна йитина ю иза, кхин вовшен ирс ца дог1уш, вовшех д1ахаьдда ду зуда а, стаг а. Раж1ий ерг д1аяхана йолуш елча а, цуьнан ирс оцу стагна кхачош ду, ткъа баин йолуш еллачун ирс ца кхачадо цу стагца. Баин йолу зуда, кхечанхьа маре а яхана, кхечу стаге яьхна, ц1а еъча бен юха шен хьалха хиллачу ц1ийндена магош яц (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш).

**Бай-аре, (бай-латта) (-наш).**

**Кхузахь Казахстанан**, Киргизстанан 1едалшна тидаме даккха оьшу аьлла хета кхин цхьа хаттар а: депортацехь хьегначу къинна – шахташкахь уггаре кхераме белхаш беш, г1амаршкахь хиш доьхкуш, г1ишлош еш, лаьмнашкахь некъаш дохуш, бай-аренашкахь ялташ кхиош – мел ду уьш дийца! – 1944-1957 шерашкахь цигахь беллачу нохчашна меттигерчу 1едалера х1оранна лахьтийна меттиг а ца кхочу-те?! (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**Бай-аренхо (-й).** Целинник.

**Байталла.** Раскулачивание.

**Байталваккха (й, д, б).** Раскулачивать.

Если дети, а затем внуки наследовали его организаторские гены, то семья становилась по общинным меркам неприлично зажиточной. И тогда ее «раскулачивали»: тейп принимал решение о «байталвакхаре», то есть изъятии излишков и перераспределении их среди менее предприимчивых и удачливых сограждан. Так что большевики были далеко не первооткрывателями «равенства в нищете» (**Валерий Каджая**. **ЦМИНДА МАРГО И ДРУГИЕ. Газета "Совершенно секретно", Москва 05.12.2004.).**

**Бака (-наш).** Прост-шутл. Бокал со спиртным.

Ро1си, Селахь хилла Советан 1едало ма бохху шайн кеста-кеста бака а боккхуш, сакъоьруш, самукъадоккхуш лелаш ши стаг (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

**Баккхам (-маш).** Коренное изменение чего-либо. Часто употребляется в связке словосочетания: хийцам-баккхам.

1934-чу шарахь Россин пачхьалкхехь цхьацца хийцамаш хилира. Вайна цунах хилла хийцам-баккхам ГIалгIайчоь Нохчийчоьнах схьатохар бара (А.Газиева. Къоман культурин цхьа хазна).

**Баккъалдерг (-ш).** Прост. Правдивое.

Баккъалдерг дийцича, и ван а вара холча х1оьттина, ша девешина х1ун жоп лур ду ца хууш (М.Завриев. Теш ма лаца).

**Бакхарш.** 1.Подзывание ягнят. 2.Ласкательное название ягнят.

Бара, бара, к1ажера охьа горга а болуш, ахбеттаса санна…– Бакхарш, и ма хаза элира ахь – ахбеттаса…– Сох Бакхарш а ца олуш… цул г1олехь-м 1ахар а ду… дадас сох х1ун олура хаьий хьуна? (М.Бексултанов. Цхьалха ду-кх тхо, цхьалха... ).

**Бакъ.** Правда.

Син мерзаш декош цо<br>Бакъ кхайкхадо,

Т1аккха вайн дегнаш чохь
Нур кхоллало (С-М.Гелагаев. Илланча).

**Бакъдуьненчу (бакъдуненахь) <д1аваха (й, д, б) [хила и.д1.кх.]>.** Отправился на тот свет – отправится в правдивый мир (посмертно).

Даг тIехь цхьа а мекха, цхьа а хьоькх йоцуш, шен дахарехь а, литературехь а цIена чекх а ваьлла, 1972-чу шарахь бакъ дуьнене дIавахара Гадаев Мохьмал-Селахь – нохчийн литературин классик (А.Шайхиев. Иза сан ох1ланча вара). Профессор Алиев Шарпудди тахана вайца вац, вай къуьйсуш, дуьсучу, каетташ, карара дуьйлучу харц дуьненахь. Иза дIавахана вай массо а, дай хила а гIерташ, хьеший санна дIадахаза ца довлучу Бакъ дуьнена. Дала декъалвойла иза! (Д.Кагерамaнов. Нохчо ву хьо?). Цул тIаьхьа дуккха а шераш девллча, Дала декъал войла и, Мамакаев Мохьмад бакъдуьненчу дIакхелхинчул тIаьхьа, сан нанас хьахийра Мохьмад сан да Исмаилов ТIури волчу вогIуш хилар а (А.Исмаилов. Гуттаренна а долу гергарло). Хийла кIант, шегара хьал ца хоуьйтуш, сагIа деха куьг кховдо даго ца вуьтуш, бакъдуьнена дIаваха кхузахь (1.Усманов. Къу-берзан буьйса). – Хьан хIун бала бу цу чохь хIуъа а хилча а? Хьо-х, олуш махиллара, бакъ дуьнена дIавахана ву (И.Джабиров. Кайпин г1ан). ХIун дер тIаккха, Делан кхиэл хийца йиш яц-кх вайх цхьаьннан а. Хьан да бакъдуьненахь ву. Дала гечдойла цунна. Дика стаг вара иза, дика стаг (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). - ХIан, дIадоладели хьуна, – элира Бекмарзас, вела а озош. - Бакъдуьненахь хIуъу а хилахь а, хIокху харцдуьненахь-м шена гIазот даькххина воллуш воллу хьуна БатIал (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Бакъ-ч1ара (-бакъ-ч1ерий).** Форель.

Б1аьста ас иза ялийначу, цу гурахь, хьалхарчу, Бакхарш, сой вовшаххкхетта пхи бутт гергга хан яьлча (суна Бакхарш ала лаьара), сан накъоста лам чуьра цхьа х1усам а йийцина – таллархоша йина кхало, – катоьхна т1оьрмигаш а кечдина, мольберт а эцна, вайшинга жижиг эцийтахь, шашлык ян, Бакхарша боххушехь, цигарчу хи чохь бакъ-ч1ара хуьлу боху аьлла, цхьа г1енах санна, ц1еххьана новкъаделира тхойша, ший а цхьаьна дела а доьлуш, вовшийн тергал а деш, тхаьшшиннах цец а дуьйлуш, юха теша а ца тешаш (М.Бексултанов. Цхьалха ду-кх тхо, цхьалха...).

**Балам.** Верёвка.

**Балхам (-аш).** Жаловаться о своих бедах, нытьё.

Аш балхамаш бахь а, шуна хилла зенаш-зуламаш тоххара меттах1иттийна (А.Айдамиров. Дарц). Шайн цигахь дIабоьдуш тIом бу, шаьш хала дохку, Нохчийчухала йогIу цIерпошташкахь дохьург, аша талош дерг тхан къоман рицкъа а, долалла а ду, вай цхьа бусалбанаш а дара, и шайн махкахула тхо долчу йогIу цIерпошташ талор дитахьара аша бохуш, республикан куьйгалле а, нохчийн халкъе а балхамаш бира телевиденехула Азербайджанера баьхкинчу баккхийчу наха (А.Айдамиров. Вайн амалш). Иштта юхаволучех, озалучех вацара и. Вацара текъамаш, балхамаш бечех а. Цуьнан коьрта дерг дахарехь: долуш дерг – ду, доцург – дац (М.Анасова.Шина деган лазам а, марзо а).

**«Бапп»-аьлла.** Звукоподражание падения.

Салам ло ас сайн доттаг1чуьнга – «парх» аьлла хьалаиккхина «т1орш» оьккхуьйтуш сан куьйгах куьг тоьхна, «бапп» суна мара а иккхина, «вабб» аьлла юха шен г1ента кхеташ воллукха (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Бардал1аьза.** Последняя декада февраля.

Ма-хуьллу д1ахьуллуш, хьерчар ву барзакъах,
Кхин мехех со хьулван х1ума ца дисина.
Сан сина язъелла аьхкенан барздал-1аз.
Ахь билгалдаккхалахь со тешна дисинарг

(А.Бисултанов. Ма-хуьллу д1ахьуллуш, хьерчар ву барзакъах).

Хьажал хьо, бардал-Iаьзин мур бу вайна. Стигал дикачу зудчо горгамца йилча санна ю. Къегина кхетта малх а... (Д.Махмаев. Саьрмакан саде1ар). ТIуьна де дара иза. Даккхий лайн чимаш эга дуьйладеллера. БардалIаьза олуш дерш (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). Буса барзах угIуш, дийнахь кIезанах цIийзаш дIаяхара Iаьнан уггар шийла мур ларалуш йолу чилла. РагI бардалIазе кхечира. Цо аьлла боху: «Чилла санна шийла хила ницкъ кхачахьара, стеран маIа а йор яра ас, йоIстеган тIара а оьккхуьйтур бара» (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Бараза.** Проказа (С.Дадаев. «Даймохк» газетан дошам. 19 январь, 2012 шо).

**Барзалла.** Волчий нрав.

Ткъа шен хан а яьккхина, ц1а веъча, зуламхочун хьалхалера барзалла т1епаза йовра (А.Айдамиров. Дарц). - Хьуна моьттурш дац дерриге а бакъ, вай а дац нехан когашкара хадийна я стиглара эгна а. Со, вуьйш санна, атта кех е ю моттахь, ошибся ты, Борз. Макка-Мединахь мел дешначу къор1анора г1ур яц, йодахь а, шун писаллий, хьан борзаллий кху махкахь кхайкха а ца еш-м! (С.-1.Юсупов. Дечиг даккхар).

**Баркалле.** Благодарный.

Баркалле, комаьрша адам хилла Мохьмад-Салахь (Л.Ибрагимов. Гадаев Мохьмад-Салахьан феномен).

**Бар-ро-ов (!).** Звукоподражание падения с шумом и грохотом.

Юх-юха а ша догдохуш йолчу йо1аца хелха вохуш хилла Ноьк1а (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

**Барткхоллам.** Устное творчество.

Ойла ца йича, самукъане а, дозалла а хета и х1уманаш. Ца бах вай барткхоллам бицбе, иллеш д1акхийса, хилларг сийсаз де, мелхо а, мегар дац дицдан, лардан деза, цуьнан ойла, хьесап дан, амма, тахане - тахане хилар а йиш яц диц дан (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Басар (-ш).** Красная краска. В данном значении слово басар-тема означает: сделать что-либо поверхностно, неполноценно, кое-как.

Оханийн белхаш хала хуьлура хьалха. Къаьсттина лаьмнашца йолчу меттигашкахь. Ялх, бархI сту а бужий, йоккхачу гIовгIанца, къаьхьачу вонца, халла цхьа басарш дора (М-С.Гадаев. Вер-витар).

**Баштар (-ш).** Увалень.

- Тоха! Кхетийта, к1ант, говрана шад!

- Х1е-х1е-х1е-ей!..

- Шедан бахтар кхетитий, дух лахде!..

- Ялийта баштарна!.. - Лалла! Урх малъе!.. (Д.Байсултанов. Борин ткъе кхойтта го).

**Ба1вала (й, д, б).** Ирон. Одеваться с шиком.

**Ба1ваьлларг (ба1бевларш, й, д).** Ирон. Одетый с шиком.

**БаI-шело (зайл санна шело)** – Колюче сильный холод. Калька из русск. яз.

**Баьрчче (-наш).** На почётное место на самом верху.

Бешар баьрчче охьахаийра Хьайдарбека (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Баьрччерниг (-иш).** Находящийся на почётном месте.

**Баьрччехь.** На почётном месте.

Кошахь цкъа бийшина берш,
Х1усамъерш Делан Эхарт,
Сан баьрччехь хевшина 1аш
Хир бу, со Деле воьхуш! (С.Халидов. Со вер ву цкъа мукъа).

**Баьхьарча.** Доьнчик. Ср.: аварск.» «бахьарчи» - молодец-герой.

ХIинца наха цунна астагIа Рахьим аьлла цIе тиллинера.

– ХIара цхьа баьхьарча ву-кха оцу бандитана хи мало гIерташ! –везавеш хьийзара милцо (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Баьччалла.**Предводительство (вождизм).

Исс эзар ц1е йогу и горга шахьар Хьайн куьйга кхобуш, юьртан эла хьо велахь а, Кху арахь аренца х1ара доза баьччалла Шега схьа ма дирзи, х1ан эла Монца (Нохчийн фольклор. Эла Монцин, Жерочун К1ентан илли).

**Баьштиг (-аш).** Устар. Место, где растут рога.

**БIаьнтиган кхаш** (Бяштиган кхаш) «Бяштига пашни». Урочище на южной стороне Гудермеса, в звене хребта Гуьмс-дукъ. БIаьнтиг - соб. имя, по-видимому, состоящее из трех частей: «бIаьштиг тIера меттиг», т. е. место над глазами. Таким же образом, возможно, сложилось и аналогичное «МIаьштиг» -т. е. «маIаш тIера меттиг» - место, откуда растут рога. М_аьштиг - распространенное в свое время мужское имя. БIаьнтиг и МIаьштиг - устаревшие вайнахские имена (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Бе-берса.** Удачно сочетающие.

**Тийналлехь ирдо ас вайн уьйран лерса,**
Ойлане юьгуш хьо, гIаш оьгуш гича…
СинхIоттам сайн хилахь жимма бе-берса,
Ловр ю ас гуьйренан карзахе хич а… (1.Юсупов. Карзахе безам).

**Бекист-киса (-наш).** Прозрачный шёлк.

Цуьнан когарчу баьццарчу кIархаш тIехула юьйхина ши пошмакх, цо, лергех кхозу дашо хьалкханаш гойтуш, тIехьа дихкинчу бекист-кисин йовлакхца цIоьлла къуьйсуш санна яра (С-С.Бадуев. Бешто).

**Бекхамча (-ш).** Прост. Мститель.

Иза къона, могаш, дег1ехь ницкъ болуш, халкъан бекхамча волчу хенахь шен турпал, орцахо лоруш айинера, амма да, вежарий байина, доьзалх къастина, цамгаро к1елвитинчу хенахь д1атесира (А.Айдамиров. Дарц).

**Бекъалла** (бокъалла). Юношеский задор .

К1айн мехашца ткъесах кхес а ловзош,
Сан бекъалла лела соьга терсаш,
Дуьне мел ду, сох тилделла, кхерсташ,
Ша 1ехийнчу сатийсамна т1аьхьа (Д.Амагов. Дешан мукъам).

**Белкъазар** – крот.

**Белхазалла.** Прост. Безработица.

СССР йоьхча республикашна юкъа1- ра экономически, бахамаллин а зIенаш хедда, дуккха а промышленни предприятийн белхаш севцца, белхазалла ю (А.Айдамиров. Вайн амалш). Махках даькккхинчу кхойтта шарахь хьегначу халонаша, лайначу баланаша а, Даймахка цIадирзинчул тIаьхьа ярташ, бахамаш меттахIитто гIерташ инзаре дукха къахьегаро а, республикехь белхазалла хилар бахьана долуш итт эзарнаш нах шаьш-шаьш а, доьзалшца а вайн махкал арахьа балха лелаш, цигахь меца а, шийла а, дийнахь-буса а къахьегарна вайн къоман могашалла галъяьлла (А.Айдамиров. Вайн амалш).

**Белхам (-аш).** Плач.

…. «нана яла хьан!» – ненан белхам, шен воI велча я йоI, «ахIи» дарца я узам, тийжамашца я балхамца, шен сингIайгIа тIома эккхош, дIакъахкош, пана йоккхуш… (М.Бексултанов. Иза бен зовкх ца хиллийла... ).

**Белхаме.** Плачевный.

Таллархойн ханна отрядан хьалхарчу операцин жам1аш белхаме хилира (А.Айдамиров. Дарц).

**Белхарехь.** В плаче.

Иза кхин хир дац. Х1инца хеди, х1инца чекхбели ас а, кхечара а, даггара я дегаза, Меската бина некъ. Д1абай дийнахь а, буса а, хан ца лоьруш, эвххьаза т1едисса цигахь иза везачийн хилла бовха кхерч. Цхьа чурт дисина-кх, т1улгах дина. Кошан барз а - и хьулвина. Тхуна белхолахь доьлхуш, дагадийла, базлахь бала - и т1ебилла… (А.Уциев. Айдамиров Абузар дагалоцуш).

**Беналг (-аш).** Прост. Гнёздышко.

Т1е етташура а йуьллуш байн д1ахьарчийра йо1а човйина т1ам, юха цициг т1е ца кхочче, раг1у к1еларчу совх1ума чуюьллучу ц1а чохь, беналг а бина, д1ахаийра (П.Абубакарова. Мокхалаг).

**Бендацар (бендацарш) // Бенцахетар (-ш).** Безразличие.

Бендацарх дин дина Iар суна доьхкуш,
Иэс даьлча Ригахойн к1отара леста,
Сан байташ, дой санна мохк мел бу хоьхкун,
Хьакъ хуьлу нохчочун дог-ойла хьеста
(И.Юсупов. Дуьненан буйнара б1ешеран аьлха... ).

Цхьабакъду, хено ша ерзаяхь чов,
Ерзор ю вай гIодахь и ерзо цунна.
Хьурмато къовлур ду шен дашо ков
Бендацарх хIайкал дан мел гIертачунна
(И.Юсупов. Сихаллехь диццина весеташ дайн).

Ца лало, доттагI, ца лало соьга,
Гергарло хердина, хьо генавалар.
Хьомсарчу бIаьргаш чохь бендацар сецар,
Девзачу озаца шийла хьу хазар
(П.Петирова. Ца лало, доттагI, ца лало соьга).

Бенцахетаро дегнаш дIалаьцнарш, ца совцуш, уллохула тIехбуьйлу кешнашна, уьш тезетахь шайн хабарш дуьйцуш Iа, цара хьоьшу зезагаш... Бенцахетар вайн лаьттахойн коьрта сакхт ду, шена дуьхьал хIораммо хаддаза къийсам латтон безаш. Дуьнен тIера дерриге а дахар хIаллакдаран зила тIе кхачийна адамаш цхьаболчийн бенцахетаро (М.Ахмадов. Орамаш).

**Бенза.** Прост. Быть безразличным.

Тахана со йинчу денца,
Декъалъеш хьийза цхьа нах,
Евзарг, цхьа а, ца вуъсу бенза:
ХIораммо хадабо мах (М.Дагалаева. Декъалъяр).

**Бера.** Устар. Перевозки на тягловой силе (быках, мулах, лошадях и т.п.).

Iедало тIейиллина налог, бера, пхи ламаз, ткъе итт марха а санна, вай кхочушдан дезаш пераз ду шуна. Нагахь санна Далла а, Iедална а хьалха вай вешан декхарш кхочунт ца дахь, ялсамане догдохийла яц шуна вайн... (А.Айдамиров. Дарц).

**Беракема (-наш).** Вертолёт.Калька.

Оцу хенахь беракеманаш тIера ракеташ туьйхира. Латта дагийра. Лазийна Iохкучу берашна тIебогIуш атаеллачу кибирчи-кийн, кегийнчу раманийн, ангалийн цIеран пен гира СоIдина (Хь.Яндарбиев. Кавказе бог1у некъ).

**Берат1орза (бер-т1орза: -анаш).** Дитёныш с бедром роста.

Ма эхь дар-кх – къонахчунна ма эхь дар-кх, – зуда юьгу аьлла, бер дIа а дигина (бераллера далаза долу, кхиаза долу жима бер), къена пхьу кIезанца санна, сел маьттаза цуьнца «ловзуш», и бера-тIорз Iеха а дина, иштта ирча, кхин дин доцуш, иштта юьхьIаьржа хIоттош и бер сел гIелдар ма эхь дар-кх къонахчунна, ша къонаха-м хилла хиллехь… (М.Бексултанов. Цхьа декхар а, бекхам а боцу... ).

**Берд (-аш).** Завершение верх изгороди прутьями и т.п

Цигахь диънера ас бераллин той,
Цигахь лиънера сайн чурт а, дагахь.
Пепнаш к1ел т1улг бог1ий, гонаха берд хьой,
Безамна б1арлаг1а елаш цигахь (М-С.Гадаев. Ц1ен берд).

«Кхин тIе а аьрша сов дIатоьхна хьоккхий, лакха йистехь юьйцина яьлла керт, кхечухьа цхьа берд а айина и», – хаам бара коьрта долчунна беш берг, керт юцуш воллучо керт юцар а, гIаз лаьллина воьдучо гIаз леллар а бен, шайна а, кхечарна а хIара IалаIовжа хьая, мича гIуллакхана гIаттийна ца хаарх – хоттуш да ца волура, паччахь а тIехь, ткъа хоьттуш ца хилча дийца а оьший и? (Хь.Яхъяев. Хине йийца г1айг1а).

**Беркъалла.** Убогость.

Аьлча а, хилла хиллера-кх, суна ца моьттиначу кепара дукха а, эхье а. Уьш суна ма-дарра шайн йоллучу юьхьарчу, х1орачу беркъаллица схьаоьхьира 1аьржа бода беъначу дийнахь сан хийцаделлачу кхетаман куьзганахь (М.Завриев. Теш ма лаца).

«Кховдоза» ерзош - ца лалун г1елалла, беркъалла синехь, дег1ехь, дегабаам - дагехь (кхануо, кхануо-м … сихаллехь, йиш йоьхнначохь декхар доцуш биллинчу бехкана дохко…) (Я.Овхадова. Саг1а).

**Бесара.** От слова «беса» – бесцветный, незврачный.

Д1о сонера бесара телевизор! Холодильник а хьажахьа цунна уллора! (В.-Хь.Амаев. Эдал).

**Бехкам (-аш).** Запрет.

Цуьнан Iалашо: вайн къоман синкхетам кхиор, дайн оьзда гIиллакхаш диц ца далийтар, стагана хьарам-хьанал, вуо-дика, бакъ- харц, сийлахь-сийсаз къастор тIехь гIо дар, дикалла, къинхетам, цIеналла дахарехь алсамъяккхар – доцца аьлча, адамаш оьздангаллин бехкамаш ларбан Iамор (М.Ахмадов. Ладог1а аьзнашка).

**Бид1ат (бид1ат дан).** Религ. 1.Введённое какое-либо недозволенное новшество в материально-духовной жизни человека. 2.Наушничать, наговаривать, кляузничать на кого-либо.

**Биж (-аш).** Старин. Маленький паук.

**Биж эрк** (Биж эрк) «Биж ущелье». Ущелье, урочище в районе Биж дукъ, на северо-востоке селения Хьорсуна. Биж - маленький паучок (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Билзиг (-аш).** Бантик.

ЙоьIан коьртахь билзиг[3] дара, полла санна, хаза даржийна, тIехьа теттина шляпа санна, коьртана доккха IиндагI а деш… хьаьжжинчохь висир-кх со, вицвеллачохь, лаца а велла, синбIаьргийн кхетамца цига, цу берашца, цаьрца цхьаьна… машен ма хаза яр-кх сан, дечигах йина яр-кх, тIехьа йоккха кузов а йолуш… йоIа белаца гIум юхкура, маьIан цIечу белаца… тIаккха «був-вв» деш, ас машен, цу лаьмнийн некъашкахула, аренашца, бердашкахула, гуо боккхуш схьа а ялайой, «пIи-и-ипI» олуш, сацайора, тIехь юьззина гIум а йолуш, юха шопар – со охьаваьлча, машено садоIуьра, со а хуьлура, гIамар тIехь «оххIай» дарца, куьг а хьоьккхуш, хьаж хьацарх дакъош сайн (М.Бексултанв. Цхьанхьа цкъа гича санна – маца?).

**Биллам (-аш).** Начальная и крайняя черта на старте и финише.

Дуй-те и иэхь-ийманан биллам заманан йийсарехь доцуш, оьздангаллех, доьналлех доьттина, маьрша? (М.Айдамирова. Кхолламан бехачу новкъахь). Кхи цхьа кхиетаман айпалл а йу цхьаболчу язйечаарах хьакхйелла: А.Г. Мациевн дошамиехь дооцучу дашах пайда иеца ца ха-ъар, ца ла-ъар, уьш архаизмаш, диалекташ ю боохуш. А.Г. Мациевн «Нохчийн-оьрсийн словарь» дошам т1иехь 20 эзар дуош ду аьлла билгалдина делахь а, царах 40% т1еиецнарш ду. Иза цуьна зааман 1еедалуо туоьхна биллам бара, ишттий бие и санна болу буолх аарахиеца бакъуо ца луш (Р.Кадиев. Бахалахь, нохчийн мотт). Цо иштта дIахьедира дерриге а дуьненна шен билламаш тIебахка гIерта цхьаьннан а бакъо цахилар. Россина ца лаьа дуьне цхьана басахь хуьлийла (1.Керимов. Толам. – Газ. «Даймохк», 4 июнь 2011).

**Биндарг (-аш).** Презр. Что-то мелкое круглое.

**Биркъа (-ш).** Продовольственные припасы птиц.

Аьрзош тасаделча, биркъаш

Идайой-ца хьозаша.
Лечано ц1ийн пхьор дуийца,
Къийгаш т1ехьайоззушехь! (А.Сулейманов. Аьрзош тасаделча, биркъаш).

**Бич (-аш).** Прост.-ирон.Опустившийся.

– Цулла а, эццига цхьа баьlа туьма а лой бич я наркоман ялае-хьа гlалара. Цо дlавоккхур ву хьуна иза-м, – ша забар еш санна хьехар дира милицин начальника (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). – И хIун куй бу хьан коьртахь берг? Куьзгана мукъана а хьожий хьо? Бичах доцуш дIадаккха хIума дац-кх хьуна тIехь (Хь.Яндарбиев. Кавказе ног1у некъ).

**Биэдакх (-аш).** Человек (люди) с комплексом неполноценности.

Они не переродятся, ибо они окончательно и бесповоротно стали **биэдакхаш** (людьми с комплексом неполноценности), они не мыслят себя без власти (М.Нашхоев. Наблюдения над нашим прошлым).

**Биэг1аг (-аш).** Войлочная пелкладка из-под седло.

Бухахь цхьацца тиша кетар а, нуьйран талба а, биэкъалг а юьллу, сайна тIехула верта а тосуш. Юьхь стигала ерзийна хуьлу, нийсса аркъал охьа а вуьжуш (М.Бексултанов. Дахаран хин генара бердаш).

**Биэндацаралла.** Безразличие.

Оцу масех шарахь Г1апура язйина стихотворенеш а, сонеташ а махка боьссинчу баланех, г1айг1анех а ю. Уьш дерриге сих а, дагах а чекхдуьйлуш, цо язйина байташ шайн ешархо биэндацаралехь вуьтуш яц (Хь.Бурчаев. «Ас цкъа а ца яздина сайна цагинарш... «).

**Биэр** - йоккхуш йолу ял. Уст. Налог.

"Ахьа т1ера бер* оьцучу ламанан кортошкахь Дуткъа деций дажош ма сеци и Адин ва Сурхо, Х1инца хьайна ма луъу баккхалахь Ц1арна ц1е яханчу цу Сурхон ва корта, Къена Ада ма виси юьртан тхьамда ва хилла", - Бохуш мотт эцна ма вахар цхьа маттах ма лериг (Нохчийн фольклор. Къеначу Адин илли).

**Блокпост (-аш).** Блокпост, блокпосты.

Хьалха, к1айн марха санна, ешначу хенахь, трамвайш лелаш хиллачу аьчган шина новкъа юккъехь. Х1ара кхуьнан «блокпост» яра (Лула Куни. Паналлехь). Кхин цхьа масал а. Нохчийчохь алссам яьржина хиллачу федеральни эскарийн блокпосташкахь вайн махкахошна тIехь лелочу харцонех лаьцна хезаш дуккха а ирча хIуманаш дара (А.Ахматукаев. Нохчийн лар а, яздархо а). ХIара тIом шозлагIа а вайн махка кхочучу деношкахь хилла хьал девзаш ду. Некъашца хIиттийначу блокпосташкахь кхоллалуш а, цигара юьхь йолош а дара хIора а зулам (1.Медигов. Саид-Хасан Кацаев).

**Богаз (-аш).** Старин. Ворота.

По долине Шаройн Орга имелись следующие укрепления и военные поселения:Парсма (Щит)*, Сандаха (Отборные), Кебасара бIав (Ворот склона башня), Кебаса (Воротсклон) КIесала (Резервные (тыловые) войска, гарнизон), Чур тогIие (Внутренняя долина с замковым укреплением Шикъара, Шора - с мощным замковым укреплением по-над л. б. Шаро-Аргуна, Саьрбала (гордые) и Лаьшкара (группа войск, резервный гарнизон) и немного ниже по течению Шаро-Аргуна - Букказие (богаз - ворота) и дальше - ЗазаргIание, Улус-Керт, где проживали воинственные вашандаройцы (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Бог1ам (-аш).** Столб, столбы.

Цу белхан ойла йича, и бераш иштта вовшашка луш хилар, къаьмнаша шайн гергарло ч1аг1дан бог1амаш х1иттор санна хета (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Божа.** Прост.-презр.Мужской пол (самец).

Амма иза яйча,
Самадолу сан
Дуьххьарлера айса
Лайна божа гIан (А.Ахматукаев. Кхехкаьлла аьхке... ).

**Бож-1елалла.**

Ткъа нах, цунах ца баьхьаш, шайна ца хезаш санна, таьIIина Iара. Борз дуьхьал яллац, газа хьаьжцIа ихина бохург санна, шена дуьхьала ша саннарг валлалц бен дацара Iелим-Солтийн бож- Iелалла (А.Даудов. 1елим-Солта).

**Болаттанкийн.** Мототанковые.

Нохчийчоьнна герга мел кхочу, хIоьттина тIеман хьал алсам хаалора: некъаш дIалаьцна догIура болаттанкийн а, мотоиччархойн а эскаран дакъош (Хь.Яндарбиев. Кавказе ног1у некъ).

**Болаттехника.** Мототехника.

Россин телевиденис Нохчийчохь, гIерахой лоьцуш, операции бен яц бахахь а, къилбехьа доьлхучу некъашца дIаоьхуш яра болаттехникан чаккхе гушйоцу колоннаш, хIаваа-десантан

эскарш, хIордан гIаш салтий, цхьанна тIаьхьа важа а йолуш, хIаваэхула Кавказехьа дIаоьхура тIеман кеманийн эскадрильяш (Хь.Яндарбиев. Кавказе бог1у некъ).

**Боли (боли-лу).** Ласкающее сочетание звуков слух ребёнка.

Т1ахъаьлла хир ву хьо,
Ц1оькъалом санна,
Къовсамехь тоьр ву хьо,
Догмайра нохчо,
Алалай, балалай,
Д1адижа, боли-лу (Г1.Алиев. Аганан эшарш).

Дахаран некъаш вайн
ДIадуьйлало
Дегнаш чохь хьомсарчу нанойн.
«ДIадижа, сан боли!» –
Вай таххкадо
Шайн марахь,
Аганахь цара (1.Шайхиев. Наной).

**Бонг (-аш).** Прост. Кипа чего-л.

Мел лайнарг, гинарг шал-шийла бонг хилла легашка хIоьттира. Елха дог догIура (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). Милцо, цхьадика, юха ца хьаьжира. Ахьлуддис шен карара, газета юккъе хьарчийна йолу ахчанан бонг меллаша урни чу кхоьссира. «Хах-х»-аьлла парг1атделира дог (С.-Хь.Нунуев. Д1а ца кхаьчна кхаъ).

**Борг1ане.** Название кумыкского села Бурханы.

**БоргIане кхачо** (Боргане кхачо) «Бурханов довольствие» (?) -Там, где удовлетворяют Бурханов (?), служат Бурханам (?) - уроч. на с. окр. (от с. Ножай-Юрт – Д.Б.). Согласно народной этимологии, название кумыкского села Брагуны (по-кумыкски - Борахан) сложилось из двух компонентов: соб. имени предводителя брагунских кумыков *Бора* и *хан* -тюркояз. князь, глава, владыка. Чеч. название села - БоргIане (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**«Бохь».** Разг.-ирон.Авторитет.

Оццу буса Аларби волчу Вервье бохучу г1алара вог1у сан хеннара хирволуш, буьйдал дег1ехь волу цхьа «бохь» (Д.Матайн. Семаркхийн к1олла).

**Боьру (боьреш: бу-бу).** Устар. Лезвие на кинжале, на мечи.

Ермоловг1ара Дадий-юрт йоккхуш, чевнаша дерина дег1 чекх сагуш хиллера цуьнан олура, и охьа ца дожийта, юьйцинчу кертах букъ а тоьхна бина бохура цуо т1ом. «Дакъаза ма вала хьо, нохчийн ши боьру болу шаьлта йинарг, ма ницкъ бо-кх ахь суна!» - аьлла мохь тоьхна бохуш дуьйцу цуо эццахь. И шаьлта етташ, цуьнан боьранийх куьйга т1е ц1ий 1енаш, буйнахь мукъ шершаш ницкъ хуьлуш хилла цунна… (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Боьшана.** Маленькая (о птице).

Ца ваьлла ког бокххуш, боьшана хьозано санна,
Ца ваьлла дош олуш, са къаьхьа замане хьийжи.
Ца ваьлла вижича, дуьне гуш маьлха каш санна,
Халбатахь мел1унан б1аьрхишца санна со тийжи

(А.Бисултанов. Ков тоьхна веа со... ).

**Буйдол-бере.** Малорослый всадник.

**Буй-т1ара.** Лёгкая драка, рукоприкладство.

Герз тоха лууш мак1ажой а бацара. Амма буй-т1ара еш, хьерча буьйлира (А.Айдамиров. Дарц).

**Бука (-наш**). Так сворачивают у родника или речки часто лопух в округлую форму для удобства черпания воды.

**Букара.** Крутой (о климатических явлениях: ветра, метели и т.п.).

Букара бердаха тийсало и аьрзо санна,
Сан букъах тийсалуш харцоно накха а аьгна.
Азаллин некъаш сайн галморзах дийланза санна,
Мерзачу набарах, бIаьстенан зазанах хьаьгна (К.Сатуева. Сан корехь...).

**Букказа (-ш).** Устар. Развалины.

**Букказа чоь** (Букказа чё) «Букказа впадина». Букказа - развалины аула (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Букме.** Прост. (букара – лит.). Крутой.

КIуркIмане хьийзаеш, букме дарц даьлла,
ДIаьндаргаш вовшашца галморзахйуьйлуш,
Шовкъ хилла, эвхьаза Iожалла яьлла,

Нанойн бIаьрхиш дара денна совдуьйлуш

(1.Зубайраев. Хьан цIаван йиш хилийта…).

**Букъап1енда (-рш).** Кончик ребра, соединённый с позвоночниками спины.

СадеIар ца тоьара, накха жима бара, дукха готта, хIаваъ чу ца хоьура, некхан ваз лазадора, букъапIендарш лелха санна, дог чуьра хьала ара а гIерташ, пехаш а цхьаьна, кийра а (М.Бексултанов. Кехат).

**Букъат1ехьашха.** Из-за спины.

Юха т1аьхьуо, шаьш кхиабоьлча, цу наха цхьацца моттэладита леладора цуьнан букъат1аьхьашха, дерг а, доцург а т1е а детташ (М.Бексултанов. Боккъалчух бегаш). Со киншка а карахь агIор волу (гIан суна дицделла), хи суна тIехьа а долуш, букъатIехьашха (М.Бексултанов. Мила ву-кх, ша мила ву хууш). – Вайшимма хIара къамел ворхI шо хьалха гIенах цкъа дича санна хета-кх суна, Леча, – элира ас, цуьнан букътIехьашха, корах – цхьабосса, меллаша – суьйренна сенло сийна стигал а гуш (М.Бексултанов. Хьоьга хьан аьлла, хIара гIан дац!).

**Букътухийла (-ш).** Поворот спиной.

...юха хьо гича, геннара гича – хьо геннара тоьар-кх суна, геннахь цкъа ган хилчхьана, иштта схьаган х1оразза а, х1оразза а ээзарза кхета, хазалле кхача хазалла – йоь1ан хазалла бен йоций, к1ентан б1аьрго кхуллуш йолу; сан даг т1ера – курра г1оттуш, попан гаьн т1ера к1айн куьйра санна, синг1айг1ан некъашкахула – сан ойланашца хьо д1аяхча, хьо хиларх вокххавера-кх, хазаллехь – хазалла ган, сайн ца хила йоьг1начу хьан, хинйолчун ирсах хьага: «Ва-а декъала хила-кх хьо, хьо яха-кх декъала!» – баха, дийнахь цкъа хьо схьаган, кхин цкъа а хьох са ца 1аба, хьо юй хаа, суо а вуй, юха вайшинца – Нохчийчоь а, хелхаран гуо ч1агарехь санна, лаьмнаша гуо хьовзийна 1уьллу, деган аьрха Нохчийчоь, букътухийла – Къилба а долуш, когхецийла – Къилбаседе, хьан дег1ан к1айн сурт санна, сан некхехь гуттар а лезна.... (М.Бексултанов. ...Сан деган мохь хаьдда мерз... ).

**Булакх (-аш).** Старин. Суходолье.

**Булкх** (Булкх).«Речка» - протекает между уроч. Боь и хутором Денги-юрт. От чеч. *булакх* - «суходолье» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Булкх (-аш).** Уст. Лесной приток горной реки.

**Булкх** (Булкх.) «Родник», «речка»...

**Булкъ хи** (Булкъ хи) «Булкъ родник» - урочище на окраине Кешана. Булкъ – от тюрк, булакх - родник (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»). «Чхар-рр, чхар-р», – тIулгаш тIе а детталуш. кхийсалуш, доьлуш, охьаIена шовданаш. «Булкъ-булкъ-булкъ», – иштта доьлу юьрта юккъехула охьадоьду ахк (М.Ахмадов. Денисолта).

**Буоча**. Нежный, мягкий.

Ша мерза дахийна зовкх хьоьгу вайн синош,
Iодика буоча еш, тIаьххьара хьаьстина,
ДIабаха вайн безам, шен сирла сауьйзуш,
Ша богIуш деанчу ирсах а хьаьрчина.
Ца оьшу, ца оьшу, хьо елха ца оьшу.
Ца оьшу, ца оьшу, со воха ца оьшу (Л.Ибрагимов. Ца оьшу).

**Бур-бур.** См.: **Бур-бур-аьлла.**

Бухахь бур-бур ва бохуш, тIехь моьнаш хьийзадеш,
ХьаргIанан эшарехь, цу стеран боларехь,
Ша сетташ догIучу цу сенчу Терка тIе
Боьдучу цу новкъа шаьш буьйла ма белира
Тешаме накъостий шайн дикчу цу дойшкахь

(Нохчийн фольклор. Исмайлин Дудин илли).

Тхо малхбуззалц лаьттира, тхаьш доьлхучу г1уллакхах вовшашка кхин бур-бур а ца деш, 1аьмиркан керла «Студебеккер» схьаяллалц. Уьш, Иранера схьаоьхуш, дуккха яра г1алахь, кхин 1аьмиркан «Виллисаш», «Шевролеш» санна (И.Эльсанов. Хилла я ца хилла).

**Бур-бур-аьлла.** Ни слово не сказать.

Кхин «бур-бур» аьлла вист ца хуьлуш, «хуш-хуш» аьлла, къу санна вахана, ишкапана т1ера туьхан цхьа белиг «къарш» аьлла цергашца каг а бина, цуьнан йоккха ах шекар санна «г1арж-г1иржехьа» 1уьйшуш, «хушт» аьлла юха а шен метта охьахууш воллу х1ара (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Буркъ (-аш).** Уст. Пена на колдобине воды.

Хьайн бIаьра хьаьжча, кхерамаш туьйсуш,
КIаг болчу нисделча, ира бурош хьийзош, Бухахь гIум керчича, тIехь буркъаш
йовлуш, Хьо охьадогIу-кх, сов кIорга ва Терк! (Ш.Айсханов. К1айн котам).

**Бурсакх (-аш).** Диал. Суслик.

Ишколан директор къена стаг вара, цу ишколах шен массо а ступцхой а, бераш а, берийн бераш а дIа а тардина, Iуьргахь йоллу бурсакх санна, чIагIвелла, шен белхан стоьла тIехь льтташ Ленинан а, Дзержинскин а, Калининан а буьсташ а йолуш, пха санна тасавелла воллуш, я Iусманан лозунгаш хьаштйолуш а, я цара вохорволуш а вацара, Iожаллин сахьт доцчо (М.Бексултанов. Преми).

**Бурсане (буьрса).** Суровый, свирепый.

Шен кабинета чуьра д1а йолчу не1арехула зала чу а ваьлла, хьаьжаюкъ хабийна,бурсане хьаьрса ц1оцкъамаш а дуьсийна, дуткъий балдаш т1етт1аа а такъийна, вахана, стоьла улло д1ах1оьттира иза (А.Айдамиров. Дарц).

**Бурчам (-аш).** Уст. Прост. Ответственный**.**

Ша-шеха хилладерг ша-шеха довш,
Кхетамо доладо х1ора а г1улчан,
Сан х1ора хоттарехь кху сохьта бовш
Суйн ц1арах са кхуллу дуьненан бурчам (А.Бисултанов. Тешам)

**Буссехьа.** Ночью (с усилительным акцентом).

Эршта йохо сапёрашна т1едиллар оцу буссехьа хиира Зеламханна. Цо Саламбеке хабар туьйхира и взвод х1аллакье аьлла (А.Айдамиров. Дарц).

**Бут1арза (бут1арзанаш).** Прост-ирон. Битюк (о лошади).

**Бухбацар.** Без дна.

Сан Хьаби, маца, мичахь, х1ун некъашца хьодур-кх со лаха цкъа: есаллин бухбацаре я стиглан 1аьршашка! (М.Бексултанов. Нана. Сахилахьара).

**Бухд1ашхула.** Из под чего-л. (глядеть, протянуть и т.п)..

Оцу дийнахь-м, сутара бала, бухдIашхула къежаш, нускалан кеп лелош, корта лестор бай ахь-м, хьуо хьоме буйла хууш, бIаьцанашца дацаре а деш (М.Бексултанов. Бала).

**Бухнехьа (й, в, д).** Назад, в обратную сторону.

Боьхначу салташа
Ца хьажош еттара,
Чов-чардо цахилларш
Бухнехьа хьаьлхира,
Топ кхетта, нал санна,
Полковник вуьйжира (1.Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь).

**Бухьметте (бухьметтанаш).** На вершине чего-л.

Царал дукха лоха боцуш, цу хьуьнан аьршнашкахь леккха ирхбахна ши арц а лаьттара, цу шинна юккъехь гIеххьа лекха цхьа арц а бара къаьсташ, бухьметтера ирхъоьху кIур а гуш, гонах кегийра яьлла хьун а йолуш (С-С.Бадуев. Ц1еран арц).

**Буьйдал** – карлик, гном (в первом значении встречается в повести С.Курумовой «Дохк» (Туман): « Буьйдалберес...»).

**Буьйранча (-ш).** Повелитель, приказывающий.

Ж1аьлеш дойуш, х1орш бог1уш, цецбевллачу шахьаран бахархоша хаьттина: Аш х1ун ледадо, х1ай? - аьлла. - Тхо паччахьана т1едог1уш ду! - жоп делла берийн буьйранчас (Нохчийн фольклор. Хьекъалан т1ай).

**Буьйсанга (бусанга: -ш).** Старин. Дорожная остиница. Источник: Бусанга (Бусанга) «Дорожная гостиная» -по дороге в Дахкочу (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Буька-яй.** Устар. Кастрюля круглой формы.

**Буьлкъаш (только во мн. ч.).** Устар. Помои.

**Буьлкъан тогIи** (Бюлкан тоги) «Бюлка долина». Буьлкъа- редкое собственное имя. Урочище на п. б. реки Сунжи, на северо-востоке Алхан-Юрта. *Буьлкъаш, диларш* - помои.Такие имена давали любимым детям, чтобы оградить их от сглаза, болезней и т. д. (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Буьнжолаг / Бираьмчиг (-аш).** Качели.

Сан Iодика яр а доцуш, хьо-м дIаваха цига,
Суна сайнна хехка буьтуш Лаьттан буьнжоьлаг…
Кхойкхуш хийла шен дитташлахь левзинчу хьан сига,
Хьан иллех шен назма йина, тийжа хьун-боьлак… (1.Юсупов. Ибрах1име).

**Буьта (-аш).** Прост. Ирон.-пезр. Презимистый, низкорослый (часто о характеристике человека).

Вана-м ца хьажавелира. Буьта, хьала а ма ца кхечира и... (С.Яшуркаев. Картолаш).

**Б1абачча (б1обаьчча: -наш).** Уст. Полководец.

Билгалдаккха деза, вайнехан устазаша нахана юккъехь серлонан, хьехаман болх бина ца 1аш, оьшучу хенахь вайн иллешкахь буьйцучу турпалхойн коьрта амалш гучуйохуш а хилла - майралла, доьналла, т1еман говзалла... Масала, Шайх-Мансур хьехамча, дин даржорхо хилла ца 1аш, б1обаьчча а хилла; Шемалан наиб хилла Сесанара Ташу-Хьаьжа; шайн доцу латтанаш д1алоьцуш, вайнахана ницкъ бечу г1алаг1азкхашца гуттар а т1амца къийсам латтийна Шайх-Денис; Г1ойт1ахь деникинхошца хиллачу т1амехь куьйгалла деш хилла Ибрах1им-Хьаьжа; советан 1едална дуьхьал шен мурдашца цхьаьна къийсам латтийна Хошкалдарчу Юсуп-Хьаьжас... (М.Ахмадов. Г1иллакх-оьздангалла).

**Б1айша**. Светло-красный цвет лошади.

Юха, кхуьу-ш, кхиа а воьлла, сан берхIитта – ткъа шо кхаьчча, да кест-кестта кхочура суна, сан метта-метта, жа долчохь, дIога бухара дуьйна суна гуш, тхан бIайшачу говрахь вогIуш (М.Бексултанов. Дахаран хин генара бердаш).

**Б1аннекъ (б1аннекъаш).** Уст. Военная дорога.

сан илли д1адоьду
къена мурд санна
бицбинчу б1анновкъахь
г1ароллехь латта (А.Бисултанов. десачу гуьйна т1е меца пхьуй санна).

БIаннекъийн тIулгаша мийлинчу шовданийн иэсо
Шен цинцийн сагIа ло бецашна маршонна тIера.
БIешерийн зIе латтош бехчинчу къийсаман хьесо
ГIазотан тур оьхьуш, чехайо гIазакхийн гIера (И.Юсупов. Т1емаш а 1а етташ... ).

**Б1асталг1ане.** Старин. Место, где растут лопухи. БIасталгIа (Басталга) «Лопухам к» - разв. на ю.-в. (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Б1аьрасерло (-наш).** Зрение глаза.

Малх цIеххьана Iаьткъара тIаккха, бIаьрасерло а кхолош, догIанах хебба меженаш, бедар йоццу-йоццуче маьлхан зIаьнарша яга а еш (М.Бексултанов. Кехат). ……«…бакъ дац хьуна, элира ас, бакъ ма дац, дагалацахь, майн дийнахь, б1аьстенца вайша, Соьлжа йисттехь лаьттина сахьт, шийлачу т1улган г1опаста т1ехь гуш хьан к1айн ши куьг а долуш, хьан юьхь а гуш, бесни а хьан, 1ожан бос санна, ц1ийелла хилла, хьоьга еза ала дош лоьруш, ца карадеш, мотт тийсалуш, б1аьрасерло б1арзделча санна, хьо бен кхин гуш х1ума доцуш, дуьне эккха къарделлачу, зов г1аьттинчу къораллехь хьан балдийн бустам лоьцуш, аз лоьцуш, ойла хьан, хьайна уллохь со лаьттина, дуьненахь цхьаь ц1ена, хьой, сой бен – дагалацахь – адам доцчу дуьненахь и дерриг а вайшинна хилла… хьан коч а цхьа, къорза коч, ах к1айн, ах 1аьржа а йолуш, хьох шиъ еш, йоькъуш санна (М.Бексултанов. Цкъа гинарг, шозлаг1а х1унда... ). (М.Бексултанов. Терза).

**Б1аьрасурт (б1аьрасуьрташ).** Строение глаза.

«ХIара хIун ду-кх, суна хIун хилла, и дийцар а мичхьа дай-кха, оццул цIена, бIаьрасурт санна, бIаьрахьалхахь лаьттина долу… гIан дара-те, гIенах гина, цхьана гIена чохь гина кхин гIан, самаваларца кхузза духуш, хIора а ша, цхьацца дицлуш… хьоьга кхин яз а лур дуй– техьа-кх, кхул тIаьхьа кхин цхьа а дийцар а, и вуьйш а ахь муха яздина, мича дешнашца, хьан гIо деш (М.Бексултанов. Д1аваххалц, хилла а воцуш).

**Б1аьрахьажар (-ш).** Поглядывание в глаза.

Схьагарехь, тхан цхьаьнадогIучу бIаьрхьажарша а, тхан классерчу – со чIога дукхавезачу – сан йижаршца Куржанци, Жанетици а цуьнан долчу доттагIалло а гергара динера тхо (Э.Минкаилов. Т1аьхьадисина кехат).

**Б1аьрахьалхахь (б1аьрхьалха).** Перед глазами.

«ХIара хIун ду-кх, суна хIун хилла, и дийцар а мичхьа дай-кха, оццул цIена, бIаьрасурт санна, бIаьрахьалхахь лаьттина долу… гIан дара-те, гIенах гина, цхьана гIена чохь гина кхин гIан, самаваларца кхузза духуш, хIора а ша, цхьацца дицлуш… хьоьга кхин яз а лур дуй– техьа-кх, кхул тIаьхьа кхин цхьа а дийцар а, и вуьйш а ахь муха яздина, мича дешнашца, хьан гIо деш (М.Бексултанов. Д1аваххалц, хилла а воцуш). Ламанан хьаннаш,

И сурт даима лаьттина бIаьрхьалха (М.Анасова. Шина деган лазам а, марзо а).
Беттасе буьйса.
Beралле тховса ас тийна г1улч туьйсу.
Дог дуьйлу т1ома
Б1аьрхьалха сурт х1уьттуш
сан дагна хьоме (М.Шамсадов. Беттасе буьйса).
Билгало йовзийтина
ЙогIучу
Гуьйренан хенахь,

Хьан шийла гуьйренаш,
ГIайгIанца
ХIуьтту бIаьрхьалха (М.Анасова. Хьан гуьйренаш).
Юхалиста хIутту и дIадаьлларг-хилларг.
ТIехдетта хIутту и ас юкъахдитнарг.
Юьхь-дуьхьал даладой, сох даьлла зулам,
БIаьрхьалха ухьу цо сан къинан бустам (Л.Ибрагимов. Дог1а дог1уш).
БIаьрхьалха бода а оьллина,
Мотт Iехабайтина собаре,
Лерса тIедерзадеш моллина,
Ас карладоккхур ду тоба сайн (А.Ахматукаев. Тоба).

**Б1аьрацкъоцкъам (-аш).** Ресница (ресницы).

Юха х1инца, оцу «х1умнаша» юха (мел дукха а ю-кх уьш), шаьш йоцурш яра шаьш бохуш, цхьаъ-м текхош, ала г1ерташ, геннара цхьа п1енда ийзош, цхьаъ кхуллуш, дестош, б1аьрацкъоцкъам тохар а доцуш, цхьа деза, онда хабарш церан... (М. Бексултанов. Кхин бердаш, шераш а кхин).

**Б1аьраэшар.** Мимика глазом.

Вистхилларг нохчо хуьлу, да волуш санна, ден дола деш, бIаьраэшарца гIо-орца лоьцуш (М.Бексултанов. Цу дийнахь, Нохчийчохь, и жима к1ант вийначу дийнахь).

**БIаьргкIаг (б1аьргк1аьгнаш).** Глазные ямки (спец.).

Гуттар а гIайгIа шена язъелча, тIом хилале хьалха ккузахь хиллачу маьршачу дахарх дагалецамашка а волу иза: «Жималлехь дуьйна гина а, девзина а, лелла а хьоме хиллачу цуьнан къоналлин урамийн суьрташ, цунна цхьаццайолу меттигаш йовза а ца евзаш, чIогIа хийцаделлера: дохийначу урамийн саьлнаш, IаьIна нехаш; бомбанаша а, яккхийчу тоьпийн хIоьънаша а даьхна оьрнаш, минийн даьндаргаша дехкина асфальт тIехь – Iаьржа а, кибарчигийн пенаш тIехь – цIен а розанийн, астра а зезагийн куьцехь суьрташ; аьттачу аьнгалин яккхий а, кегий а оьланаш, бIаьргкIаьгнаш санна, деса, Iаьржа кораш; кегдина, дагийна («ирахь доллушехь Iожалла тIеэцнарш» – дагатесира Iадашна) дитташ лаьттара, заьIап стеган куьйгаш я Iасанаш санна, гаьнаш лаьттах а гIортийна, чевнаша нисдала ца дуьтуш...» (Хь.Бурчаев. 1.Кусаевн «Кхоллам» книжкан статьян т1ера).

**Б1аьрдуьхьал.** Напротив глаз.

Хьошалг1а воьсси сан доттаг1.
Урамехь б1аьрдуьхьал х1оьтти
Токх юьзна
Сан деган езар (1.Цоккуев. Олуш делахь и... ).

**Б1аьрзалла.** Слепота.

Когаш буьйцу куьйгаш доцчу наха,
Б1аьргаш боцчо хьан б1аьрзалла юьйцу,
Цкъа а кийрахь дог хилла а доцчо
Хьан деган ах шен х1илланах хуьйцу
(Б.Шамсудинов. Х1инца х1унда дера хьийза х1илла).

**Б1аьркор (-аш).** Глазница.

Б1аьркореш т1адийна,
Сан ненан беснеш т1е ледаш,
Ткъевнечу йочано
Къуьйлура сан жима са (С.Дакаев. Ненан узам).

**Б1аьстале.** До весны.

Цундела, гурахь, жа охьалоллуш, хьо а юьрта охьайохуьйтур ю ас. Сан сайн а ду нисдадезаш цхьацца гIуллакхаш. Юха бIаьстале хуур вайна дан дезарг (С.Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Б1ижалг1а.** Вне брака.

Вуьшта тхан хIу дайа ма гIерта. Нагахь ахь ас бохург ца дахь, ас Делаца йина чIагIо ю-кх хьуна, хьо, бIижалгIа дина къутIа… (М.Ахмадов. Берзалой).

**Б1изваллалц.** (см.: **Т1урт1узваллалц**).

Управляющий балхахь вац, стунйишин меран ден ваша веллачу тезете вахана. Инженер гIала вахана ву. Зав. мастерской бIизваллалц къаьркъа мелла ву, ша юьйцург хIун ю а ца хууш (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Б1обаьчча (-наш).** Полководец.

- Гиххой корта боцуш бисна. Цунах пайда а оьцуш, эскар цига хьаладахийта деза. Вай вешан стаг ву царна юкъахь. Оьшуш меттиг хилахь, цуьнга йоьйтур ю бIобаьчча... (Л.Яхъяев.

Гиххойн Таймасха). Вайн къоман къеггина историк, философ, политик, фольклорист цуьнца цхьана майра, хьуьнаре т1емало а, б1обаьчча а хилла иза (М.Ахмадов. Мамакаев Мохьмадан философех а, эстетикех а).

**«Б1ов-в».** Звукоподражание выстрелу.

Аьрзуна топ хьажийна, «б1ов-в» элира аса, юха, когаш к1елара, парт-аьлла, д1аоькккхуш моьлкъа гина, цунна т1аьхьаведира (С.Мусаев. Г1улч).

### В

**«Вабб»-аьлла.** Звукоподражание удара (часто удара чем-л. плашмя).

Салам ло ас сайн доттаг1чуьнга – «парх» аьлла хьалаиккхина «т1орш» оькккхуьйтуш сан куьйгах куьг тоьхна, «бапп» суна мара а иккхина, «вабб» аьлла юха шен г1ента кхеташ воллукха (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Вад (-аш).** Менталитет.

Нохчийн мотт, хьаьжк1ан буьртиг, коканийн колл – и дерриг а ю вайн культура. Бусалба дин, нохчийн вад – уьш ю вайн къоман син г1ортораш (Л.Абдуллаев. Нохчийн мотт а, хьаьжк1ан буьртиг а, кокани а). ТIекхуьучу тIаьхьенаша къаьсттина тидаме эца дезаш хIума ду иза: дайн сий лардар, церан сийлахь цIе ца йожор. Иштта цу тIехь лаьтташ ма ю вайн нохчийн вад, цунах хуьлуш ма бу нохчалла боху кхетам а (Газета Нийсо», 2013 шеран 27 январь).

**Важап (аш).** Неотложные (религ.).

**Важап дан.** Возложить на кого-л. какое-нибудь дело (религ.).

Мукъам байна, тийна дахар
Декъазчунна къийса важап деш,
Къонах вог1у дорцан к1уьрехь,
Маьлхан мерзийн зевнаш лехьадеш (С.Дакаев. Атта-м дара тийна дахар... ).

Ц1ера ялаза йолу йо1, жима хуьлийла иза я йоккха хуьлийла, дас я дедас (да вацахь), оцу йоь1ан пурба дала хьашт доцуш, и йо1 маре яхийта бакъо ю. Бакъду, реза юй хьо хьанехе яха, аьлла, пурба доьхуш хаттар дар суннат ду, важиб дац. Х1унда аьлча, оцу йоь1ан шен яхар г1олехь хин долу меттиг хаа хьекъал дац, жима ю иза. Цундела, оцу шен йо1ана дика болх лаарлахар т1ехь къинхетаме верг да ву, деда ву, цундела царна бакъо йина и йо1 маре яхийта (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш).

**Вай.** Употребляется в значении «есть».

- Х1инццалц веанарг ма ца гора хьуна, Мел дика вай хьуна и саг1адоьхуриг. Цхьа чами буззий к1айн дама эций, Цу чамин г1ожа т1е датой сом диллий, Д1аверзавехьа и саг1адоьхуриг (Нохчийн фольклор. Бос хазчу Мусан илли).

**Валар (й, д, б).** Смерть.

**Валар (-ш: ду).** Прост. Позорный поступок для взрослого хуже смерти.

Цхьана а гIуллакхе ца воьдий со-м, я ца хууш а ца воллу, дIа генавала гIерташ воллу-кх, вада гIерташ, цхьа далатохар я цхьа валар сайгара далале (М.Бексултанов. 1аламат).

**Валлах1и.** Клятвенное заверение.

Воккхаве дуьненан рицкъанх!
Воккхаве хиларх хьан кIант!
Хьох хервеш, кховдийна ирс а,
ВаллахIи, и ма дац хьашт (1.Шайхиев. Сан даг чохь… ).

**Валлах1ора.** Прост. Клятвенное заверение.

- ВаллахIора, хIумма а хазахеташ-м ца воьду со цига. ХIара цIоз кхузахь хене даккха хала ду. Вайна ма-хаъара, кхузахь со тIевеъна стаг ву (А.Айдамиров. Дарц).

**Валлах1-1азмора.** Прост. Клятвенное заверение.

- Са ма гатдейша, гиххойн кура кIентий, - шек а воцуш бохура Даркеша, - паргIат хила мегар ду шуна. Вай санна дерш а оцу ялсмани чу буьтуш бацахь, валлахI-Iазмора, еса-м иза а хир ма ю хьуна (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). МУХТАР. Иза-м дац стаг цецваккха хIума. Эзарнаш, эзарнаш жаш ма дуй уьш… шийлачу махкахь т1арг1а дIабалар а цецвала хIума дац. ВаллахI Iазмора, тамашийна стаг хьо а ма ву, Куси (Л.Таймасханова. Мюсли). ВаллахI-Iазмора, и наха бохург бакъ хила мегаш а-м ду хьуна (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Валлах1-1аьзим.**

Иштачу хьелашкахь, сох бехк лоций, эхь хетий, шен б1аьрхиш лачкъош, д1а а воьрзий, соьга олура цо: «Валла1аьзим, хьенах, и х1уманаш дагадаьхкича, сан б1аьргех хи ца долуш-м ца 1а, даккхий х1уманаш дара уьш, бехдича бехдала а, сий дайича – сий да а», - олий (М.Завриев. Теш ма лаца). КУСИ. ХI-м… и дуй, Мухти, хьо цец-м вер ву, цкъацкъа суна хIун дагадогIу аьлча-м! ВалахI-Iазмора, хьо цец-м вер ву (Л.Таймасханова. Мюсли).

**Васхала.** Уст. Быть выше, на возвышенности.

Вай цунна цхьа тешнабехк бийр бу. Со хьалаайбий не1арна т1ехула васхала вилла, шаьш, не1арна цхьацца аг1ор а валий д1ах1отта (Нохчийн фольклор. Кхо ваший, наьрт-эрстхой).

**Васхала** - в церквях и храмах имелись особо почитаемые места с подобным названием. Т. е. это были алтари, которые строились обычно посередине помещения. Жертвенную пищу и напитки, прежде чем их употреблять, ставили на этот алтарь. Молящиеся становились вокруг этого алтаря (чеч. *васхала).* Жертвенное животное, прежде чем предать его закланию, также окружали молящиеся вместе с жрецом, которого чеченцы называли по-разному, в зависимости от того, каким богам и божествам они в данный момент молятся: *долг, цIой, сиелг* (или *сиел), мозгIар, тиекъархо, леткъарг* (или *леткъаш верг), цIовг* и др. Вот этот церковный алтарь и заменял в доме-башне горцу-чеченцу серединный каменный или деревянный столб. Он находился в центре помещения, на том самом месте, где долгое время в священном очаге горел огонь, который обогревал семью, на котором готовили пищу, где висела с самого потолка до самого пола священная цепь, которой чеченцы клялись (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Ват (ват дала (й): -таш).** (объяснение дал писатель С.Яшуркаев). Оплата пастуху приплодом за пастьбу скота хозяина.

**Ваттахь (!).** Воскл. при неожиданной догадке, нахождении ответа при запутанном вопросе. Употр. Только жещинами.

– Ваттахь, и-м аса юкъадоккхур ду хьуна, – элира Маликас, – ой, Аминий ма чIогIа ши доттагI ю моьттахь, Нана (Ш.Окуев. Лай т1ехь ц1ен зезагаш).

**Вахабист (-аш).** Последователь М.Вах1аба (18 век).

Цу ойланаша а, шен хеттаршна Бадрудди-хьаьжас деллачу жоьпо а дукха ч1ог1а цецваьkkхина, вог1авелча санна, лаьттара вахабистийн 1едал долчу хенахь кху к1оштан шар1ан кхелехь г1уллакхехь лелла, ткъа тахана долчу 1едалан а жигархо хилла лелаш волу Симакин Гатин боккха мара болу Тоьмаркъа… хетарехь, цхьана х1уманна т1аьхьакхиа г1ертачух тера дара и къена жигархо… (Хь.Тухашев. Гулам).

**Вацар (-ш: й, д, б).** Отсутствие.

Кхин хьан вацар
Атта-м 1авшалац...
Д1а1е хьайна,
Хьайн даго ма бохху,
Ас хьан амал
Цкъа а дойур дац (Р.Ахмаров. Д1а1е хьайна... ).

**Ваши (ваша).** Так уважительно называют взрослых мужчин дети и молодые.

– Дедика дойла хьан, ваши! – мохь бетта соьга тIера охьа, беснеш тIехула дIасахьекхна комаран шекъанаш а долуш (М.Бексултанов. Цхьа а декхар а, бекхам а боцу…). ХIе-ей, хехо! Самавала! Самавала, хIе-е-ей! (*ДIасалеставо*) Ваша-а, къуй баьхкина хьуна! (С-Хь.Нунуев. Лулалой – 2).

**Ваьккхина (й, д, б).** Обделённым изгнать.

**Ваьр (-аш).** Родственники одной фамилии.

«Тукхам» туьркийн меттанашкахь «тайпа» бохург ду, нохчийн маттахь шира дош ду «ваьр». 1аьрбийн «тайпа» дош т1еэцале, оцу маь1нехь лелош хилла и дош. Вайн гергарлонийн гонаш иштта хилла: доьзал – ц1а – некъе – гар – ваьр …(См.: С.Натаев: «О термине «вар/ваьр». - Журнал «Нана». №8,2008, стр 53-55). «Тукхам» туьркийн меттанашкахь «тайпа» бохург ду, нохчийн маттахь шира дош ду «ваьр». Iаьрбийн «тайпа» дош тIеэцале, оцу маьIнехь лелош хилла и дош. Вайн гергарлонийн гонаш иштта хилла: доьзал – цIа – некъе – гар – ваьр (М.Ахмадов. Мамакаев Мохьмадан философех а, эстетикех а).

**Ваьшта.** Соединение.

Амма шен ницкъ ма-ббу хьадда йог1ура, ша лара ма йо шен ен ирсан го ваьшта кхетийта г1ерташ (Д.Байсултанов. Борин ткъе кхойтта го).

**Ваьштам (-амаш).** Порядок (уборка).

**Ваьштамхо.** Наводящий порядок (уборку).

**Вед (ю) –** наконечник стрелы.

**Велааьшна (-ш).** Подобие улыбки.

Тхьамдин бетан йистош жимма хьалаозало велааьшнехь, ши бIаьрг боьлуш санна хета, цхьа кхардаме боьлуш, я цавашаре, я цхьаъ-м хиъча санна шена (М.Бексултанов. Буо). Иза Муса вара, Ахмадов, дуккха а тетрадаш а карахь, жимма велааьшна а дина, лаьтташ (М.Бексултанов. Боккъалчух бегаш). – Хьуна а дойла Дала беркат! – элира кхуо, тиша шляпа а, юткъа плащ а, фанеран жима чамда а буйнахь, велааьшна деш, дIавоьдучу цу воккхачу… жимчу стаге – иза

дегIана чIогIа жима вара, таьIнуо Iаьржа бос а болуш, дерриг а къоьжа, стомма цкъоцкъамаш а (М.Бексултанов. Суртдоккхург). ГIеххьа ойланаш а йина: «ДIаяла, дуй, йоI, хьайн доцу захало ду ахь хьехориг… Iежин Муслим санна болу эсийн Iуй, бераша ловзон гIулгаш санна, карор бу хьуна хIора а юьртахь, вайца ца догIу къамел ма де, дуй, лан хала хуьлу иза ша висча», – элира ахь, цхьа гIийлуо-о велааьшна а дина (М.Бексултанов. Терза).

**Вели (-ш).** Религ. Божий представитель.

Воьлхуш, ара а ваьлла, д1авахара, бах, Хьасан. (Делан вели муха хила веза дуьйцуш, Кишин-Хьаьжин (Дала къайле тойойла цуьнан) жайни т1ера дийцар ду х1ара (Чулацаме къамел. Д1аяздинарг – А.Асланбеков).

Ца кхеташ, ца кхеташ я кхеташ,
Г1ир г1ерг1аш,аз дехьна,
Настарна вазвелла
Д1о вели ма волу
Айвелла,
1асанах йоккха топ тарйина,
Шун декъа,дарж декъа,дин декъа
Шен кхайкхарх ца кхеташ я кхеташ (Хь.Яхъяев. Ца кхеташ я кхеташ).

Мотт шера, шайн дагца
Иман а доцуш,
Делан велиш емалбен
нах кхуьуш бу (А.Дибиров. Ва1занаш).

**Веса (-ш).** Душеприказчик.

Дахаран тIаьххьарчу дийнах дIахаьдча,
Дисина хьашташ хьайн хIиттадан метта,
Весетца йитна хьо, веса го аьлла,
Ахь хIунда элира сел жирга дешнаш? (М.Анасова. Хьехархочуьнга).

**Веца (й, д, б).** Усилительная частица к действию.

Цундела х1ара «сорг1уш» эцна юьрта водаххьа-м ма веца кхо нахала воккхур (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

**Вечча (веччанаш; вайн веччун; вайн веччанийн).** Уст. От слово «везачун» - любимый.

Вайн веччун ма хуьлда к санна да-нана, Хилаза ца даьлла и хуьлуш хилча, Церан балар хуьлда-кха, сацарах ун хуьлуш, Дадарах ял хуьлуш, туьтан х1уш санна, дегнаш кийра эгна (Нохчийн фольклор. Таркхойн к1ентан, Жерочун к1ентан, Жумин Акхтулин илли).

**Вир-бере (-ш).** Всадник (-и) на осле (осликах).

**Вир-бос (вир-бесаш).** Средний цвет между жёлтым и серым.

**Вир-ворда (-наш).** Ослиная арба.

Борз-1еле, шаьш ц1а дахккалц, ара ма вала аьлла, шайн вир-ворда д1айоьжна, цу т1е хиъна, кех делира и шиъ (С.-1.Юсупов. Дечиг даккхар).

**Висар (-ш).** Бусинка на чётках.

Керам, цу чуьра араэккхарх, гена доццуш долчу г1овх д1а а таь1на 1аш вара, олура, цхьа чохь са долуш санна, юьхь т1ехь цхьа11а а ц1оьллех х1ума доцуш, хинкисех санна, чекх са а гуш, жимма маж йагор бен, шеца кхин дерт доцуш, пхьаьрсаш настаршна т1е а дехкина, иштта д1аса тесна ши куьг а долуш, карара суьлханаш а хаьдда, хедда лаьтта охьаэгна висарш дага а даьгна, буйнахь дохкурш дагаза а дисна, шена т1екховда аьлла. схьакхевддинчохь, вагош я хадош йина чов а йоцуш, вала а велла 1уьллучу г1азакхичунна т1ехула д1атесначу б1аьргаш чохь дуьненан серло ярах. эхартан нур а лепаш. Олура, т1екхоьхьуш 1екъий а яра, 1екъий оьшуш яц, ц1а дуьйла. аьлла, т1аьхьа хабар а деъна, тохара кхунах кхетаза йисна, х1ара х1инца ша шайна т1евеъна, шен дег1ан чарх цу 1екъешца йита, херехь и тасарх, дайн ширачу кешнашца виса. - д1о лаьттачу Гамарган Писаран во1а Ахьмада шен карара д1аэцна дагаза дисина и исс висар шен некъан теш а, т1етевжийла а хилла лаьттинчу вешин к1анте Адаме д1а а делла, и висарш Сибреха а кхаьчна, цигара ц1а а дирзина Адаман п1елгашца а, д1а а кхетта, цуьнан суьлханашца а диса, ц1а къор1а а кхачарх, ша леш Гадас шен некха т1е диллина. цуьнан к1анта Тутиес, шеца Сибреха а даьхьна, цигара ц1а а деъна ша леш к1ентан к1анте д1аделла. кхин дехьа-сехьа а ца кхийдаш, беккъа цхьа шен чохь лела болу и лерам чкъор чкъуро хийцар д1адахделча ширбаларх, цхьа а 1алашо а йоцуш кога т1ехь лаьтта 1ад дуьйлина д1ахецна ч1у санна, шен дожарх а ца кхуьуш, я г 1аттарна хьесап а доцуш дуоладелла лелачу къомо П1а а, цу ширачу кешнийн хьаьрма а, цу кешнашка д1адоьллина нохчо да-нана долу йиша-ваша а, нохчо да-нана долчу йиша-вешин д1адахнарг а д1атасархи шен устазан г1оьнча а хилла, ша т1ех1иттинчу цу эвлаяана юххе а ваьлла, шеца Орца а, Гада а волуш. синтемах ваьлла т1е а, улле а хьийзачу цу кешнийн ох1ланан мог1аршка а х1оьттина воьдург д1а а хьажош, вог1ург

т1е а оьцуш. верзорг д1а а верзош шен мехкан 1у хилла латта, верас хилла латта (Хь.Яхъяев. Дакъа).

**Войт (!).** Звукоподражание, выражающее восхищение, изумление, а иногда и возмущение.

Войт, дог хецаделча, карладолу хийла!
Адам ца везаш вейтира ас и цуьнга,
я тахана дохко а ца даьлла цуьрг а! (С.Яшуркаев. Иблисан гулам).

**Вока (-наш).** Крокодил.

В ныне действующие словари не вошло очень много наших слов (исключение составляют «Дош» Абу Исмаилова и «Чеченско-русский фразеологический словарь» братьев Байсултановых). Сложился миф о том, что якобы у нас нет слов, скажем, для обозначения таких предметов, как стол, крокодил, акула, тротуар (ашла, вока, г1ормакх, сокхалмакх) и т.д.(Х1.Умар. Преодолеть комплекс неполноценности).

**Волчо (волчаша).** Свой, свои.

- Д1аваккха! 1аваккха! Д1аваккха кху кертара! Д1авигийта шайн волчашка а але! – мохь беттара тхьамдас (С.-Хь.Нунуев. Ловзар чекхдаьлча).

**Вонехь.** В горе.

Диканехь шортта ю доттаг1ийн тоба,
вонехь цхьаъ карор – бу хьуна кхаъ,
и ве ахь даггара, вуьйш битий, къобал,
дукхах берш - хьеший, доттаг1 ву цхьаъ!

(С.Яшуркаев. Диканехь шортта ю доттаг1ийн тоба).

Дег1аста Дег1аста
доллучу дахарехь оьзда юкъ йихкина
набаран кхоьлах а хьуна сагатдеш
доьзалийн вонехь а сада1ар доцуш
хьуна хехь лаьттинчу къонахийн дуьхьа (А.Бисултанов. Дег1аста).

**Вотта (ду-ду: -ш).**.Устар. Цена. Корталин Хантоти (сан денана), шен цIийнада Iедало вийча, ЦIийлла1 яхнера, шен майрачо – Адама – воттана делла хилла долу уьстагIий схьадало. Вукхо ша Адамера эцнера уьш, аьллера, воттана делла дацара, аьлла. Цу буса хIара, Хантоти, Махьмад волчу буьйса яккха сецча, Махьмада гIенах Адамца къамел деш хезнера Хантотина, уьстагIийн сибташ а дуьйцуш, вотта хилар а чIагIдеш (М.Бексултанов. Мила ву-кх, ша мила ву хууш).

**Воттана (воттана даьхни; мах; ахча и.д1.кх. дала).** Уст. Дать кого-ч.-л. в кредит.

Дика мах-м хилла сан, баттахь пхи туьма! Хьанна моьттура. Хьен-хьенан а хир бац кху заманахь оццул мах. Барт муха хилла хьажахьа, бежана дукхуш санна я воттана даьхни луш. Дика мах хилла, бIаьрг ца хиллал, «тпу-тпу-тпу!». Цхьамма воьхкина, вукхо эцна (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна).

**Воттуна (воттана: -ш).** Лёгкая закуска, чтобы утолить чувство голода.

–Хьайтал, цхьа к1еззил х1ума кхалла ас воттана (воттуна) дохо.

**Во1алла.** Досл. пер. «сыновничество».

Ц1евзина деанчу цу дийнахь
И эхь – бехк жоьпашка озийча,
Махкана во1алла лийрина
Синош 1а цу 1аьрша диссина –
Д1о т1аьхьа лар хьоьшу син синош (Хь.Яхъяев. Синош 1а цу 1аьрша диссина).

**Воьлана.** Прост. Смешливый.

Иза гIерачу дегIахь, воьлано стаг хиллера, цхьана агIор дIайиллина сира кIужал а йолуш, таьIна-хьаьттарочу басахь. Горга, яккхий цIен беснеш къаьстара; жима, юткъа, тай тоьхча санна, нийса бат а (М.Бексултанов. Бохь боцу б1аьвнаш).

**Вуй (вай).** Междометие, выражающее удивление, изумление, желание, раскаяния и т.п.

**-** Вуй, елла яла со делаI! ХIун ду иза цу бесса, оцу беран тIорзана гIан-набарш гинера аьлла, ма сингаттаме вуьйжи хьо?! (Ж.Махмаев. 1аьржа ц1е). – Суна хlун бен ву иза? – Вуй! И бохург хlун ду? –цецвелира Ибрахlим (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

## Г

**Гажар (-ш: кожан гажарш; гажаргаш).** Крючковато сплетённые прутья, за которых привязываются верёвки при охвате сена на арбе, санях. и т.п.

Эцца орца даькххина лула-кулара нах а гулбина Гоцински машшашций, дечиган гажаргаш чу а бахийтина, оззийна хьала а ваькххина, оцу уллехула ог1учу Беса чукхоьссина, цу чохь

кечийна ц1анван г1иртина, т1ехь мел долу х1ума хийцина, кела бедарш т1е а юхийтича чу валийна (М.Баснакаев. Муьлха новкъа вог1у иза?).

**Газа-гуьзалг (-аш).** Прост. Ласкательно-уменьшительное название козлёнка.

Тата даьлча, охьатоьхна
Зезагаш чохь доьлу гуьмалк,
КIант хьаьвзира чIогIа воьхна,
Iаьхаш хезча газа-гуьзалг (Н.Пашаев. Буьхьиг).

**Гайда (-наш).** Устар. Игральная кость.

**Гайдех** (Гайдех) «Гайдехи» - уроч. на л. б. реки Андаки. Название имеет вайнахскую языковую природу. *Гайда* - игральная кость крупного рогатого скота, «бита» - в детск. игре в альчики (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Гайлазар (-ш).** Боль живота.

Балдаша мох беттарх,
Тохалур яц шок –
Гайлазар а кхетта,
Язлур ю гаршок (А.Ахматукаев. Лулахь-кулахь).

**Гайтадезаран.** Обязанный к просмотру.

Оьрсийн яздархочун Иван Бунинан дешнаш дагадогIу, исбаьхьаллин литературехь гушдерг (реальность) яздархочо гайтадезаран некъ буьйцуш: «Хьуна гушдерг дац дуьне, ахь-айххьа хьайна, хьан синхаамаша кхуллуш, хьуна хаалушдерг ду дуьне» (З.Алиева. Мукъам Шопенан, дешнаш Бексултанов Мусан, сан ойланаш а…).

**Гайтадезар (-ш).** Обязанный к показу.

**Гал-гIожмаш.** Употребляется во множественном числе. Игра в чурки. В переносном смысле слова: заниматься пустяками, несерьёзным делом.

**Галдаьлларг (-ш).** Уклонивший, неудача.

Иза аьхка дара, август баттахь, х1ара дуьххьара цига вахана, ялх бутт а баьлла, ахшо дузуш. Кхозлаг1а вахча, компьютерщик муха ву хьох, Бетар-Солтин к1антах, и зударийн болх ма бу, хьох сан… дерг а, доцург а – галдаьлларг соьга олуш, сан хьехамча хир ву-кх хьох, арахь долчу г1уллакхана, дера хир ву, наха х1ун боху а, х1ун дуьйцу а– дукха ма ду, со т1аьхьа ца кхуьуш – со нисвеш волу сан накъост, кхийтирий хьо! (М.Бексултанов. Гучувала).

**Гамзара.** Криво, кривобоко.

**Гара.** Изогнутый, кривой.

Суна акха кхор дуьххьара бен иштта гара ган а ца гинера. Тхан кертахь бара и кхор, жима боллушехь гара бисина, тхуна тхаьш санна, лоха а хеташ (М.Бексултанов. Ненан марахь бералла).

**Гарехь.** По видимости.

Г1уллакх, гарехь, къайллах барт а хилла, цу барта т1ехь лаьтташ ду бохучу ойлано д1а ца хоьцура: дахкаре аренаш а, т1уьна хьаннаш а тесна, Ялхаройн лам т1е хьалабевллачул т1аьхьа къилба-малхабузехьа д1абирзира х1орш, д1аэхар бен, шаьш арабаьккхина некъ хьахабелла д1аса олуш х1ума а доцуш (Хь.Яхъяев. Лар). Чхьочу: Амин. Делахь, со дIавоьду, Ваша! ХIумма а яц, гарехь, хьо волчахь ядо (С-Хь.Нунуев. Лулахой – 2). Иза дара «Iадда Iе, ма къийсало, кхин цхьа а дош ма далийталахь хьайн багара» - бохург. Хансолта, гарехь, кхетта, дIасецира (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). Гарехь, и тайпа дика дош ала цара вуьтур а вацара, маьхьарш, шакарш детташ (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Гарзни-хьовла (-наш).** Халва из макарон. Из чеченской кулинарии.

**Гаринга (-ш).** Ступенька лестницы.

Со гарингаш т1ехь 1ара, ламин гарингаш т1ехь, и цхьа стаг вистхилча (М.Бексултанов. Сан вешин т1ехьийза йо1).

**Гарма (-наш).** Старин. Мерка пороха для одного выстрела. Имеет и другое значение: пыж, охапка сена, дров, ёмкости и т.п.

**Гарманан ( гарманан аре).** Фолькл. Равнина, которую необъять глазами.

Цхьана гарманан арахь Сулайман-паччахь хьостанна т1е кхаьчча (Нохчийн фольклор. Зу). **Гарманан арие** (Гарманан арие) «Укрепленная равнина». Термин «гарманан арие» часто встречается в фольклорных произведениях, особенно в героических песнях.

**«Гаррехьа» (гарнехьа).** Звукоподражание дрожжи кого-ч.-л.

Ойн, кхин «ч1икъ» д1а а ма ца доккху х1окхо, «дапин-даппехьа» детталуш дог а ду х1окхуьнан, «гаррехьа» дегош ши куьг а ду (В.-Хь.Амаев. Чехка еша деза дийцар).

**Гарт (гарт лаца).** Наклон лезвия.

Шен вир а кечдина, гарт лаьцна диг ирдина, кет1а а веана, цо зудчуьнга аьлла: - Схьада айхьа дина даа х1ума, со кечвелла дечке ваха (Нохчийн фольклор. Ямартло).

**Гарт-аьлла.** Звукоподражание одним залпом пить чего-л.

**Гарттинехь.** Звукоподражание биению сердца.

ТІом тІеттІа марсабуьйлу, гарт, гарт, гарттинехь схьа тІедеттачу лаьттах хаьа кхунна и (Хь.Яхъяев. Марзо).

**Гатте.** Теснота, узкость.

Ма гатте хир ю шуна, цхьа доьзал 1алла бен меттиг а ма яц х1ара керт а (Б.Магомадова. Вежарий).

Замано йовзийна гатте?
Кхечуьнца боьзна те кхоллам?
Ас тховса хоттур ду батте,
Ирс дацахь хьулбийр бу лазам (Л.Мусаева. Ас хьуна сатуьйсу денна).

**Гатто (гаттонаш).** Теснота.

Адамаш дукха хиларна чохь гатто яра (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Гаттонехь.** В тесноте.

Хьо гІалин урамийн
Гаттонехь кхиъна
Аренийн шоралле
ДІаккхойкху ас! (1.Кусаев. Йо1ана Замирина).

**Гезабохча (-наш).** Пузатый кошелёк для денег.

Тахана эзарнаш, бІе эзарнаш бу дуьненан бахамах Іехабелла нах. Дукха даьржина дуьненан хІума. Тахана гезабохча хилла дІахІоьттина дуьненан хІума. Цо бехдо хьаналниг. Цо барам боцуш, дуьненан хІуманах Іаба ца туьгуьйтуш, хьийзадо адамаш (А.Даудов. 1елим-Солта).

**Гезгъян (д, б).** Бороздить.

Зама йоьду. Зама йолу. Чо къежло. БІаьрса оьшу. Юьхь хебарша гезгъян юлу (М.Бексултанов. Иэсан биста йисте). Хийла некъаш гездира Польшехь (Д.Байсултанов. Аренца).

**Гене (-ш).** Даль.

Вай хьехорш тахана вайна генера, эзарнаш шершца д1акерчанчу заманера х1уманаш ду, замано стомма т1е чан йиллинарш (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

Алахьа цхьаъ веза нене,
Г1иллакхах ца юхуш къоман.
Толлур яц вайшиммо гене,
Юха цкъа гур яц те, бохуш (Ш.Рашидов. Со новкъа вуьйлу).

**Гермчига.** Устар. От перс, "укрепление" (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Героин.** Героин.

– Хьан накъосталла оьшуш веана со. Шайн юьртахь юхкуш хІуъа а хуьлу бохуш ма-вара хьо… Цхьа артисташ бу вай долчу баьхкина, церан гІуллакхна араваьлла со… Героин деза, сихха… – Героин? Суна-м ца хаьа, и мичхьа карор ду (Э.Минкаилов. 1ина йисттехь).

**Гет1уьнт1аг (-гаш).** Прост.-ирон. Пузо.

- Ваша вала цу къамелан, - бохура цо. - Тахана уьстагІан гІоггІий, галнийн теккхий, кхо сискаллий, тІон богий, кхорийн цуй, хингалшший оцу хьайн гетІуьнтІаг чу тилош хІунда ца кхайкхира ахь соьга гІоьнна? (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Гийзиг (-аш).** Чего-л., измеренное, имеющие конец начала и конец конца.

Хенан сиркхо – наб тІегІерташ, бІаьргийн хІоаш луьйсуш,
Дахар, и хьан маьІна довза сан а дийзи-те?
Сан механа еза йоцу гІеметталла къуьйсуш,
Кхиэлан туька гатъеш, хІуьтту-кх шераш гийзиге… (1.Юсупов. Дахаре).

**Говзар (-ш).** Употребляется для обозначения «произведения» (несоотв.).

Мамакаевс, Гатуевс, Бакаровс, кхечара а шайн говзаршкахь, коьрта долчу декъана, деккъа цІена Зеламхин дар-леларна тІе тидамбахийтина, ткъа Айдамировс шена хьалха хІоттийна Іалашо ю 20-гІа бІешеран юьххьехь Нохчийчохь, ерриг Россехь, цул арахьа а хІиттина хилла политикин а, экономикин а, социалан а хьелаш гайтар, цаьрца доьзна долу дуккха а халкъийн Іер-дахар довзийтар (Хь.Бурчаев. Айдамиров Абузаран «Дарц» романах). Цул тІаьхьа цхьа бутт а балале «ДоттагІалла» альманахан шовзткъе ткъесналгІачу агІон тІехь «Вайн къоначу доттагІийн стихаш» рубрикехь дуьххьара зорба тоьхна гира суна сайн говзар – «Урам» (1.Кусаев. Мохьмад Мамакаев – сан хьехархо). Гоьбевллачу поэтийн кхоллараллица къоначийн говзарш юстар хьалхарчийн маь1на лахдеш, кегийнаш царел лакхабахар санна хета ца деза (Д.Махмаев. Пет1матан кхоллараллин б1аьсте). Бакъду, и стихотворени, муьлхха а маь1на к1орга долу говзар санна, кхечу аг1ор а тидало. Кхузахь буьйцург безам боцуш, доттаг1алла хила а тарло, я муьлххачу шина адаман ц1ена гергарло (М.Ахмадов. Нохчийн поэзин

«тамашийна» стихаш). Нохчийн эвлаяаша, шайхаша, устазаша а дитина жайнеш делахь, уьш довзар а пайденна дара. Бусалба динан хьехамаш хилла ца Iаш, нохчийн историн, философин а белхаш, исбаьхьаллин литературан говзарш а караяре сатуьйсура ас. Тегеранехь, Багдадехь, Тифлисехь, Ереванехь, Махачкалахь, Ростовхь а архивашкахь болх беш цхьа а вац вайн. Тахана а, "элира", "бахара" доцург, нохчашна хууш хIума дац (С-Хь.Кацаев. Динан философи). – Иза кхузаманахьлерчу дийнна литературан лазам бу, къаьмнийн литературашна къаьсттина эшаме а болуш. Хьахо а, йийца а хьакъ йолу говзарш йоллушехь, цхьа пайдабоцчу хIуманах байракх йой, цунах нах Iехош, моттаргIанаш даима лелийна (А.Ахматукаевца 1-Б.Арсанукаевс эцначу интервью т1ера: «Ойла а, амал а нохчийн хила еза...). Нохчийн, оьрсийн, кхечу мехкашкара къаьмнийн литература а, бевзачу философийн, хьехархойн, 1илманчийн белхаш а массо хенахь боьшуш ву аьлла хетало поэте ладоьг1ча, цуьнан говзарш ешча (А.Гайтукаев. Даймехкан кхолламан декъахь волчу поэтах дош).

**Гов -** соб. имя, но **гов, гIов, гом** - часть тела (вайн.) (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Говр-бере (дин-бере).** Шевалье.

**Говр-ворда (-аш).** Лошадиная арба, повозка.

Ши неваша гов-ворданашна т1е шишша аьчган шелиг а уьллий, генна цхьанхьа-м колхозана мехкадаьтта дан воьдура (С.Яшуркаев. Пасха).

**Говр-салаз (-аш).** Лошадь в упряжи. Реже говорят: Салаз-говр.

Говрсалазахь Хьамзаттий, ши зудий хьалха а даьккхина, царна тIаьхьа хIоттийра говрашкахь ши салти (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). Оцу дийнахь базбеллачу мохьо яьккинера тахана ара а, сел 1уьрре г1аттийна, сай-бодий къастале, Аскерхан ц1ахь хиллехь къемата а яьн йоцчу новкъа, шен ваша волчуьра докъаран цинц бан аьлла, пирсадатална корта биттина, хала делан балийца, салаз-говр а яьккхина, 1аьнера довла герга дахханчохь етт, эсий мацалла ца далийта, царех а хаьдча шен дукъ кхин а дазлой хууш (З.Яндарбиев. Шешенаш).

**Голатохийла (-ш).** Изгиб дороги, пути, тропы.

Мусан кхоллараллин белхан кхо лакхе, кхо голатухийла билгалъяккха тарлур ду (М.Ахмадов. Хиндолчун хьаьркаш). Суна эццахь дуьхьалтесира цуьнан цул т1аьхьа хилла долу дерриге а дахар, шен массо а къизачу гоулатохийлашца, суна дукхахчу хьолехь цуьнан шен дийцаршца девзина доцу (М.Завриев. Теш ма лаца).

**Гора.** (ср.: **гора вай я1; гора я1 и.т.п. (!).** Восклицание довольства, удовлетворения.

– ДIа а довзуьйтур ду, цу инзаре хьекъалечу концепцина бух кхуллуш тхаьш Iаламат доккха дакъа а лоцур ду! Гора вай яI! «Дуьхьало йина ца Iаш –тIелата!» –шайн идеологехь яьржинчу коьртачу лозунган дешнаш а аьлла, дIаиккхира Рахьиммий, Ауловвий, шай-шай хьалхавала а гIерташ (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Горгарлг (-аш).** Прост. Кругляк.

Цхьацца кегий х1уманаш – чамхалгаш, дакъаделла мозий – д1асатекхош лелара зингатий. Йоккха 1аьржа чхьаьвриг яхара юханехьа, т1ехьарчу когашца лустех йина горгалг карчийна (С.Мусаев. Г1улч).

**Гордила (-ш).** Прост. Большие галушки круглой формы из теста, смешанного на холодной воде.

– Даллахьи, Джабраил, Рукъихьате хьакхамаш дайта гIуохьа, хIара гордилаш4 яа ца ло-кха соги, – элира Рашида, – цигахь вай ши галай дама а ду хьони. Биболтан йоI хьайна яйчи… охI, цхьа ламанан масар ю-кха, цхьа акха гази, – аьлла (М.Бексултанов. Кехат).

**Гормаха.** Прост. Крючковатая иголка. Дуьххьара яздархочуьнгара Яшуркаев Султанера хезна. С.Яшуркаевс ишта кхетам белира оцу дашна: «Вайн къорзачу истагана т1е т1амарш латош-тоьгуш къаьсттина а боцуш, горго саттийна, маха хилла, цу т1ера олуш ду вайн лохачу стагана "Хьо, гормаха", "Хьий, (хьай) не1аьлт хьо гормаханна", "д1абалахьа когашк1елхьара, хьай гормаха... когех ма 1итталохьа, х1ай гормаха"...

**Горров-аьлла.** Звукоподражание. О выстреле, звоне чего-либо.

Х1окху даго бохург дег1о ца деш, б1окъажош 1аш вар-кха со, аьлла ведда-ведда вахана горв-в-аьлла, Сайди кхоссавелира (М.Баснакаев. Исбаьхьа-шовда-2).

**Гоч (гоч беш).** Диал. Выпрямлять, гладить (обычно о белье, одежде и т.п.).

- Бохур дацара сахиллалц гоч беш, ахьа бехйина х1уманаш со ц1анъеш ца яьллинехь-м (С.Цугаев. Г1ан).

**Гош.** Колени, округлости. Например: Меттиг аьхна яьлча, гош ехира йистошкара.

**Гоьбала (в, й, д).** Новое значение в сов. чеч.яз.: стать известным, популярным.

Гоьбевллачу поэтийн кхоллараллица къоначийн говзарш юстар - хьалхарчийн маь1на лахдеш, кегийнаш царел лакхабахар санна хета ца деза (Д.Махмаев. Пет1матан кхоллараллин б1аьсте).

**Гоьзата.** Прост. Ночной присмотр быками – буса стерчий лардар.

**Гоьзатахь.** Прост. Проведение ночи за присмотром быков.

Ялх, бархI сту а бужий, йоккхачу гIовгIанца, къаьхьачу вонца, халла цхьа басарш дора. Буьйсанашца стерчий дажадора, тIехь а Iаш. Нохчмахкахоша «гоьзатахь Iаш» олура цунах (М-С.Гадаев. Вер-витар).

**Гоьмаш.** Останки.

Нохчийн 1едалан векалша, муфтиято, динадайша къасто дезара кханалерчу нохчийн халкъан т1аьхьенна жоп дала деза х1ара хаттарна а – х1ун до вай тахана дохош, д1ашардеш льттачу нохчийн халкъан Г1ум-Азехь беллачийн дисинчу кешнашна: Казахстанан, Киргистанан 1едалшца цхьа барт лахий, вайнехан кешнаш лардарна дехна а, лахьийна, мах белла а, цхьа меттиг эцна, циггахь, схьадаьхна, цхьанна новкъа йоццучу метте, д1акхалхадо вай уьш я Нохчийчу схьакхалхадо, я 1адда 1а вай, белларш-м мича г1ур бара я вайна стенна оьшуш ю льттах схьаяьхна беллачийн гоьмаш-даь1ахкаш аьлла? (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**«Гужбан» (ю-ю: -аш).** Жарг. Тусовка, бардак.

- Хьажахьа, хьанна а х1ума ала ма кийча а ю х1ара гезарий. Цу т1е даьлча, мала а мелла, молуш а ву, мер долуш а ву! Я х1окху шун «гужбане» кхин вог1ур волуш а вац! (Хь.Тухашев. Гулам).

**Гужу (ю-ю: гужош).** Куча.

Новкъахь гужу яй а ма г1о. Вовшашна юкъахь пхийтта, ткъа г1улч юьтуш, шишша-кхоккха цхьаьна а х1иттий г1о (А.Айдамиров. Дарц).

**Гуламалла.** Прост. Процесс собрания.

Доцца аьлча, оцу ловзарна т1ехь а ша жималлехь дуьйна хаьржинчу бухгалтеран говзаллин аьчган гуламалли т1ера вер волуш вац иза (Ш.Дашаев. Совг1ат).

**Гулар (гуларш).** Сборник (сборники).

Зорбатоьхна, арахийцира С. Арсановн «Маца девза доттаг1алла» киншка, Н. Музаевн, 1. Хамидовн, А. Ведзижевн, кхечу яздархойн произведенийн гуларш (С.Магомаев. Н.С.Хущевна т1е кхечира... ). «Х1умма а хезаш дуй»,– хоьттура цара Юбилейна лерина Москвахь яздархочун шиъ гулар араяьлла, нохчийн а, оьрсийн а меттанашкахь. Уьш арахоьцуш доккха дакъалаьцна вевзаш волчу литератора Мусаев Iалавдис а, цуьнан накъосташа а (А.Исмаилов. Поэтан цIе йицлур яц). Ахматова Раисин кхолларалла евзара ерриге Россехь, Украинехь, Белоруссехь, Прибалтикехь, Европера литературин периодикехь а. Цуьнан поэзин гуларш арайийлина Англехь, Францехь, Индехь а. Испанхойн, хинди, урду, венгрийн, иштта кхечу меттанашка гоч а йина уьш. Ткъа нохчийн литературехь цо йитинарг йоккха лар ю, цо санна эвсараллица язъеш, къахьоьгуш зуда-яздархо хилла яц Нохчийчохь (Хь.Бурчаев.Ахматова Раисин деган иллеш). Цуьнан кхоллараллин некъах дош ала догIу кху къамелехь, хIунда аьлча, дуккха хан йоццуш зорбанера араяьлла поэтан «Цхьа мерза-гIайгIане мукъам» цIе йолу рогIера поэтически гулар (1.Медигов. Кхиаран новкъахь рог1ера г1улч). Иза ву яздархойн, журналистийн а Бартийн декъашхо. Газетийн, журналийн аг1онаш т1ехь, коллективни гуларшкахь зорбане йийлина цуьнан стихаш, поэмаш, статьяш, очеркаш (А.Гайтукаев. Даймехкан кхолламан декъахь волчу поэтах дош).

**Гулахь.** 3-х метровый отрезок кругляка.

Хьуьнан хара санна
Хьо шорта хиларх,
Нуьйран хIоъ санна
Со гулахь хиларх –
ТIаьххьарчу зилехь
Цхьаъ ма ду вай! (Д.Махмаев. Хьуьнан хара санна).

**«Гур-гур»-аьлла // «г1ур-г1ур»- аьлла // «ду-дур»-аьлла и т.п.** Звукоподражания грохота.

«Гур-гур» дойтуш богин бухах хьийзина 1айг «хуррат» олий, ас д1амолу: и вайн хи санна теза ю-кха чорпа (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Гурпал (-ш).** Устар. Камнеметательная машина. Сегодня гурпал понимается как пушка (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Гурт (-аш).** Гурты скота. Калька из русск. яз.

Къаьсттина къегаш го
суьйренан суьрташ:
Эшаршца бирзина
балхара нах,
Iоьхуш цIа хьаьлхинчу
хьайбанийн гурташ (М-С.Гадаев. Б-те).

**Гуттарлера.** Обычный, всегдашний, вечный.

…бIаьстенан йоI, цхьа цIеххьана, къона хьаьдда, гуттарлера, даим санна, хьалха хиллачех тера ца хилла, цхьа серлаяьлла, екхаелла, пардох санна, чекх са гуш, зIийдигах эккха гIерташ, орамашца семса юьйлуш, сирчу кхелах юькъа терсаш… (М.Бексултанов. Йо1-б1аьсте...).

**Гучукъада.** Мелькнуть на короткое время.

Лурвоьллачу стеган санна гучукъеддера ден озачу бета т1ехь сира маж (С.-Хь.Нунуев. Ловзар чекхдаьлча).

**Гушдерг (-ш).** Очевидное.

Гушдолчо – шегара даьллачу г1алатах к1ант кхетта хиларх шеко ца юьтура (С.Цугаев. Г1ан).

**Гушшехь.** Видя.

Деган везар юхахьаьжча гушшехь,
Со жималло чехайора дIа.
– ДIа ма хьежа, – бохуш, – и, хьо эшахь,
Кхочур ву, хьо лоьхуш тIаьххье схьа (А.Резванова. Безамах доьзна ирс).

**Гуьзалг (-аш).** Ласкательно-уменшительное название козлёнка.

– Тхан неI еттарг, мила ву хьо? -
Зевне дийки кIентан аз.
– Со хьан нана – Газа ю-кха,
Гуьзалг, шура еъна ас (М.Ахмадов. Хьаша ву я таллархо).

**Гуьла (ю)** – свора собак.

## Г1

**«Г1абарапп»-аьлла.** Звукоподражания грохота или надения предмета.

- Ас цуьнан ц1ийнан не1 «ж1аршт» аьлла схьаеллар, «г1ап» аьлла сан бетах цхьа 1аьржа месала х1ума кхетар, «г1абарапп» аьлла со т1екел валар цхьаъ хили-кх хьуна (В.-Хь.Амаев. Чехка деша еза дийцар).

**«Г1абар-г1ибар».** Трескотня барабанными палочками, топот или шум серии тупых ударов.

Х1инца туплеш т1ехь йоцучу когийн «г1абар-г1ибар» хезна суна дехьа чуьра (В.-Хь.Амаев. Чехка деша еза дийцар).

**Г1агг1анехь (г1агг1инехь).** О плаче навзрыд.

- Ма хаавелахь и цу говра, мегар дац хьуна, - бохуш, децас, гIаггIинехь, мохь хьоьккхушехь, сан ворхI шо кхаьчхьана дуьйна со тIе а хаавой, и шен уггаре а челакх дин дIахоьцура цо. Масала, ас, кхера а велла, говран кхес лаьцча: - ДIахеца, кIилло, и кхес, нийса Iе! - олий, мохь а тухий, тIечевхара суна Ваша (М.Мамакаев. Шедан г1аж). КIант гихь бен ца Iара, ша гижара лаьтта хIоттийча, гIаггIанехь велха а воьлхуш (М.Бексултанов. Маьрк1аже денойн хьайн лилхинчу).

Г1агг1инехь мохь оьхуш,
совццане ца совцуш, Iанне а ца 1ийча белла хьо Дала
(Хь.Яхъяев. Г1апуран аз... ).

**Г1аг1 (г1ег1: -ий).** Старин. Щебень.

**ГIагIильчу** (Гагильчу) - уроч. на с. *ГIегI* – щебень (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Г1аг1анат (-аш).** Каганат.

Хазареш кхолларна жуьгти бехке бо цо. Уьш кхоъ ю: Хазарийн сийлахь-йоккха г1аг1анат (VII-Х-г1ий б1ешераш), шолг1аниг – СССР, Малхбален Европа а, Китай а, Къилбаседа Корей а юкъа а лоцуш, царах д1а Йемен, Эфиопи, Израиль а тоьхна (1917-1991-г1ий шераш), т1аьххьара т1е кхоалг1аниг – СНГ (1991-?). Цхьа кхин олий а йоккху цуьнан ц1е – Еврази (Хь.Яхъяев. Синкъерам а, сискал а).

**«Г1агг1».** Шум двигателя.

Цхьанаэшшарехь «уг1уа» машенан моторан аьрта «г1а-г1-г1» (Л.Абдулаев. Хьажахьа, хьан куьйгаш ду хьуна!..).

**Г1адмеда.** Аморфный. Перен. часто неодобр. - расплывчатый, бесформенный, неопределённый.

**Г1азанча (-аш).** 1.Глашатай (-ли). 2.Дежурный.

Лакхара хьаькамаш а баьхкина, цара арабаьхначу гIазанчаша урамашкахула лелаш, мохь беттара: пхийттара бевлла божарий эвлайистерчу божлашка дIагулло! Цхьа а цIахь ма Iе! Доккха ловзар, и дIадаьлча гулам хир бу, сийлахьчу ЦIечу эскаран денна лерина (Д.Махмаев. Саьрмакан саде1ар).

**Г1ази (-ш).** Из арабск. Воин.

**ГӀазин ирзу** (Газин ирзу) «Газы-поляна». Урочище на юге. Пази - соб. имя от *гӀази* – воин (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Г1азкхи.** Казак.

**Г1ай (г1о: -ш).** Старин. Склон.

**ОрцгӀайчу** (Орцгайчу) «Горный склон» - уроч. на ю.-з. Название состоит из двух компонентов - в данном случае в значении *арц* (гора) и *гӀай* (хребет, склон) (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Г1айг1а (-наш: в смысле – г1айг1а бан).** Позаботиться.

Салмана туьйсучу марсо самаваькккхина, кхаби чура хи а мелла, к1антана г1о дан т1евахара да. «Кхиъна вели-кха хьо, кеста зуда ялон г1айг1а бан а безар бу», – бохуш, к1антах воккхавера да, амма 1успас динчу къамело онда сингаттам латтабора цуьнан даг т1ехь (М.Алиев. Кха).

**Г1айренхо (г1айренхой).** Островитянин (островитяне).

Кхузахь уьнтIепхьидах терра текхаш йоьду хан,
Уьйре бало гIерташ санна *Тийна океан.*
ИбрахIиман-гIайренхочун ма довр дац-кха доь,
Цхьа континент дийна мел ю – хьоме Нохчийчоь (И.Юсупов. Сахалин).

**Г1алг1ай.** Устар. Башенный страж, воин, вооруженный щитом кхалкхан (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Г1алерг (-аш).** Лист дерева с размером человеческого ухо.

Цунна боьлхуш бара хьан ши б1аьрг,
1уьллу шуьшиъ х1инца ул-уллехь… -
Иштта олу ас йо1ана илли.
Кхин ца дека жазлаг я г1алерг:
1аламо 1аьржа кортали тилли…
Гой-те кху дуьненна соьгахь дерг? (С-М.Гелагаев. Юкъахъялла хан).

**«Г1алх-г1алх» (дан).** Лай. Звукоподражание.

Ох1о-ох1ай, сан хьоме лулахо, цул т1аьхьа вайн несо вайн невцана т1е «г1алх-г1алх» деш, вукхо дуьхьал «1анц1-1анц1» деш, «г1арч1» аьлла цхьа нана-доккха дов дели церан чохь, х1ун дан воллу хьо«Ма яла хьо дакъаза, х1ах1аънехьа, х1ун до ас (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Г1алохо (-й).** Прост. Горожанин.

Ткъа, Эльмурзаев Сираждис цул тIаьхьа кечйина хилла йоьалгIа том, 1972–1973-чуй шерашкахь шайн социальни бакъонаш йийцаре ян Iалашо йолуш гIалгIаша Соьлжа-гIалахь дIаяьхьна хилла йолу машаре митинг бахьнехь, компартин идеологин гIалорхоша арайоккхучара сацийначул тIаьхьа, ткъе шийтта шарахь зорбане ца йолуш лаьттира, фольклориста Мунаев ИсмаьIала, шен дешхьалхе а язйина, арахеццалц (НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА. Х1от. Джамбеков О.А., Джамбекова Т.Б. 1-ра книга).

**Г1амалла <яха (б)>.** Колдовать, заниматься колдовством.

Х1етахьлерачу хенахь зударий сих-сиха боьлхуш хилла г1амалха, цундела цу стага иза х1ун ду хааза 1ийр ма ва ша аьлла, ц1ийдина эчиг тоьхна хилла цу цицигана юьхь т1е (Нохчийн фольклор. Г1ам). Со цкъа а ца тешна цу туьйранех, алмазех, я г1омалха оьху бохучу зударех а (М.Бексултанов. Ц1архо).

**Г1ам-зуда.** Колдунья. Ведьма.

- Сатасале г1ам-зуда санна, бодашкахь йолаелла а ца лелаш, хьайн к1анте х1унда ца хьаьжира хьо? (С.Цугаев. Г1ан).

**Г1ам-стаг.** Колдун.

**Г1амма.** Устар. Восстать, воскресение.

**ГӀаттохие** (Гаттохие). Хутор рядом с Ардала. В основу названия, вероятно, легло вайн. *гӀамма* - восстать, воскресение из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**«Г1анч1»-аьлла до («т1оф»-аьлла).** Делать что-л., производя некий треск. Звукоподражание.

«Ч1офф» аьлла чуьра ара а иккхина, «д1аз» аьлла не1 т1е а тоьхна, «г1анч1» аьлла арахьахула не1аран зайл д1а а боьллина, цигара юм эцна вог1уш ву-кха со (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Г1а-патар (-рш).** Набухание почек на ветке.

Оцу генашна т1ера х1ора г1а-патар, к1айн чо-к1елош гучу а йохуш, аркъал дерзийна, тулг1ено г1амаран терхина т1е тессина ч1еран к1орнеш санна, детталора, дегадора (М.Завриев. Теш ма лаца). Иштта чекхваьлларг шен дахаран чакккхене а воьхна воцуш хьоьжу, х1увда аьлча цо кхочушдина-кх вахаран парзаш, и ваха г1иртина-кх ваха ма-веззара, цуьнан «денош-г1а-патарш мажделла оьгу, - дахаран гуьйре ю йог1уш», цуьнца цхьаьна «макхъелла г1айг1а ю

тиэбаш», «йишхаьлла, совпуш ду иллеш». Х1умма а дог хьосту, дог тиэден билгалонаш, суьрташ дац уьш (Хь.Бурчаев. Алиев Г1апур: «Ас динчу некъийн чаккхенийн лазам...»).

**«Г1ап»-аьлла.** Звукоподражание внезапного нападения, падения тела, груза и т.п.

- Ас цуьнан ц1ийнан не1 «ж1арштт» аьлла схьаеллар, «г1ап» аьлла сан бетах цхьа 1аьржа месала х1ума кхетар, «г1абарапп» аьлла со т1екел валар цхьаъ хили-кх хьуна (В.-Хь.Амаев. Чехка деша еза дийцар).

**Г1арда (г1ардаш).** «Гарда (ж) башня» - на в. окр. ЦIечу Олкумие, в черте Развалин (из кн.: А.Сулейманов. Топонимия Чечни).

**Г1урда.** Сабля, знаменитый клинок, секрет закалки неизвестен до сих пор..

Традиционное, но уже устаревшее название - УстаргIардойн-Эвла. В основу официального названия, вероятно, легло *уста, устар* - мастер, оружейник и *гIарда/гIурда* - название особой марки клинка. *УстаргIардой* - мастера-оружейники, кующие особой марки клинки *гIурда* (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Г1аре.** Шумный.

Вистхилар г1аре доцуш, к1еда-мерза волчу 1алавдин байташ а хуьлура иштта эсала, б1аьстенан мела мох сана, яйн (М.Ахмадов. Нохчийн поэзин «тамашийна» стихаш).

**Г1аролхо (-й).** Сторож.

Юххехь пограничникийн часть а яра, д1ахьаьжча герзаца чардакха т1ехь лаьтташ, ха деш волу г1аролхо а гуш, цхьаццаберш автоматашца т1ехула к1охцалган сара а хьош йинчу лекхачу кертан чухула лелаш а гора (1.Бечуркаев. Даймахках къастар).

**«Г1арж-г1иржнехьа» <ата [1ийша и.д1.кх.]>.** Шумное жевание чего-л. в зубах.

Кхин «бур-бур» аьлла вист ца хуьлуш, «хуш-хуш» аьлла, къу санна вахана, ишкапана т1ера туьхан цхьа б1елиг «къарш» аьлла цергашца каг а бина, цуьнан йоккха ах шекар санна «г1арж-г1иржнехьа» 1уьйшуш, «хушт» аьлла юха а шен метта охьахууш воллу х1ара (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Г1арссинехь.**Звукоподр. Со скрипом делать что-либо.

И-м ларош вац велха, я вела а, коьрта тIера охьа, гIарссинехь, мIараш а хьоькхуш, куьйгаш хьоькххучохь висина – Деллахь, бакъ ма ду и, цо охьахьоькхучу мезашна юьхь гуш ма яцара цуьнан … (Хь.Яхъяев. Беларехь лела велар).

**Г1арч1-аьлла.** Делать что-л., производя надлежащий вид. Звукоподражание: делать что-л вдруг спонтанно, настойчиво и т.п.

Дукха бу тахана, вайн и хиллий, важа хиллий, вай санна цхьа а ца хиллий, вайн истори г1арч1-аьлла яй, вайн тептарш хиллий, х1унехь хиллий, минех хиллий бохурш… масане хеза вайна уьш (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Ох1о-ох1ай, сан хьоме лулахо, цул т1аьхьа вайн несо вайн невцана т1е «г1алх-г1алх» еш, вукхо дуьхьал «1анц1-1анц1» деш, «г1арч1» аьлла цхьа нана-доккха дов дели церан чохь, х1ун дан воллу хьо (В.-Хь.Амаев. Чехка деша еза дийцар). Цигга бечу оцу балхах олуш дара и гам хьакхар, и болх а бина, чу гомашан налха а биллина, гIарчI-аьлла, гел хьовзош, корта дIа а бихкина цIавеана Зовби (Хь.Яхъяев. Зомби).

**«Г1ач1-г1ич1нехьа» (г1арч1-г1ирч1 <ала>).** Производить хруст.

Буьйса юкъал т1ехъелира кхин х1ума доцуш. Набаро марха коьрте яийтина 1уьллуш волчу кхунна хезира кора к1елахь адамийн когийн боларо лайн т1ехь г1арч-г1ирч олуш (А.Раисов. «Хуур ду хьуна, хьайнаш кхиъча...»). Вайн нус а ю-кха, нана маяларг, «са-ассехьа» мер1уьргаш а сийсош, «г1аг1-г1ич1ехьа» цергаш а хьекхош лаьтташ (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Г1ашнекъахо (-й).** Пеший попутчик (по отношению к всаднику).

... дIайоьрзу сихха, дIа а йоьрзуш д1айоьду, гIашнекъахо санна, меллаша, муш санна, тIаьхьа текхош баьццара-сийна йовлакх а гуш, схьа а ца хьожуш, йист а ца хуьлуш, я саца а ца хIуттуш, геннахь йовш, жимлуш, гу тIера дIа къайлаоьккхуш, цкъа букъ гуш, юха белшаш, бIарлагIа санна туьлуш, йовш…(М.Бексултанов. Эх1, эшар х1унда 1ена-кх... ).

**«Г1ашт».** Звукоподражание.

Т1аьхьа хеза суна церан чуьра «т1ох», «з1ов», «г1ашт», «д1ов», «г1ов», ва къап-къарс, ва х1уя бусалбанаш! (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Г1аьт (г1ат: -таш).** Этаж. ДиъгIаьт бIав - четырехэтажная башня (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Г1едакх (г1етакх: -аш).** Экономия, в основном бережное и строгое соблюдение нормы в целях экономии пишевых продуктов.

-Ахьар, дама, жижиг, к1алд, кхиерш латтайора. Т1аккха оцу ткъе пхеа соьмах тхаьшна т1едуха, когадуха оьцийла а хуьлура. Генадевлла кечдала г1ерташ тхо а дацара. Иштта, цхьа г1едакх (г1етакх – Д.Б.) дан г1ертар-кх (А.Айдамиров. Дарц). Махках баьхна нохчий а, меттигера бахархой а т1еман хенан карточкашца лучу кхалларан рицкъанах г1едакх деш, валаза

виснарг хене ваккха г1ертара. Шайн йолчу таронах тарлуш дерг хьешашна а луш (Д.Кагерманов. Сатуев Хьусайнан башхалла а, юьртахойн дикалла а).

**Г1елалла.** Прост. Угнетение.

Кху Лаьтта т1ехь хьал дезна,
Цунна хьийзо кхоош хье,
Хьейга вахча – доглезна,
Араволу г1елалле (Х.Идрисов. Дела-бер).

Нана, ахьа доIа дечу хенахь ша дегIе зуз уьду-кх суна, ма чIогIа а до-кх ахьа. Хьан Iамийна хьуна сел чIогIа и доIа дан? – хаьттира Маликас. – Хьан Iамор дара суна? Дера Iамийна сайн гIелаллой, И воцург кхин гIо деха а, я дехча дала кхин цахиларой, – доккха садаькккхира Мелимата (Ш.Окуев. Лай т1ехь ц1ен зезагаш). «Кховдоза» ерзош - ца лалун г1елалла, беркъалла синехь, дег1ехь, дегабаам - дагехь (кхануо, кхануо-м … сихаллехь, йиш йоьхнначохь декхар доцуш биллинчу бехкана дохко…) (Я.Овхадова. Саг1а). Хьан гIелалла яйъа накъосталла хир дар-кха соьгара. Хьан тийналла йохо байташ йоьшур яра, хьан сина аьхналла шайца ерш (М.Анасова. Шина деган лазам а, марзо а). …Йо1 г1ийла яра. Амма, цуьнан г1елалла, ялаяллар ца гора (Я.Овхадова. Замано артбаза лазам... Замано дастаза дог... ).

**Г1еметталла.** Зрелость.

Хенан сиркхо – наб тIегIерташ, бIаьргийн хIоаш луьйсуш,
Дахар, и хьан маьIна довза сан а дийзи-те?
Сан механа еза йоцу гIеметталла къуьйсуш,
Кхиэлан туька гатъеш, хIуьтту-кх шераш гийзиге… (1.Юсупов. Дахаре).

**Г1енакхоьлах.** Состоянии сна.

…сайн нана дуьхьалъеъча (гIенакхоьлах, дагалецамца), суо ма атта караво- кх суна, ненан кучан бист а лаьцна, гуьйриг санна, нанна тIаьхьа, мотт ара а керчош, вогIу… (М.Бексултанов. Иза бен зовкх ца хиллийла... ). Юха, хьежаваьлча, цаьрга хьежаваьлча (цу хене юхавирзина), уьш хиллий хаьа-кх хьуна хьайн денойн мерза денош, и масех хилла долу сурт, тIаьхьа хьежа хIинца тIаьхьа дисина: цхьаннан юьхь, бIаьсте санна, бIаьсте санна къорза елаелла; кхечуьнан сецна хьажар, бIаьргаш чохь зама сецош; хIордан тулгIеша хин тIиэ санна, латта техкийна цхьа болар а; маццах цкъа гина Iалам а, гIенакхоьлара охьалуш санна, Гарбалчу цIе йолу меттиг, Хилдехьан ламанца… (М.Бексултанов. Мичхьара схьа, д1а а мичхьа).

**Кхена.** Уст. Достигшая брачного возраста.

Тоьлура хьуна, бакъ а долуш, х1ета, цигахь вайн хилларг, кхеначу йо1а шен дег1 санна, вай ларйина ойланаш, к1езгаллах цадашар, ях йоцург, цхьа х1ума а кхин коьрта а ца хеташ (М. Бексултанов. Кхин бердаш, шераш а кхин).

**Г1енасамах.** Во сне и на яву.

Юха г1ан го, цуьнан г1ан, бер меттахь меттаххьуьйш, чкъург санна, иза д1асакерчаш, ког кхуьйсуш, юха куьг, г1енасамах – цхьана х1умнах-м –юрг1анах мокъа долуш (М. Бексултанов. Кхин бердаш, шераш а кхин).

**Г1ениг.** Только, что вылупившийся вошь.

**Г1ера (г1ерачу).** Диал. Призимистый (о росте человека).

Мух1ажар 1аьржа б1аьрацкъоцкъам а, 1аьржа мас а йолуш, г1ерачу дег1ахь, юккъера стаг яра, юьхь а, б1аьргаш а малхбалехьарчу къаьмнийн аматах тера а дог1уш (М.Бексултанов. Цхьана романан автор). Бос - к1айн. Б1аьрацкъоцкъам - 1аьржа. Г1ерачу дег1ахь (М.Бексултанов. Лазам маьрза). 1адлан ткъа, Асхьабан 1айндин к1ант… 1адлан – аристократ вара, куога буьххьера коьрте кхаччалц, накхармоза санна, дусаделла, к1ора санна 1аьржа ши мекх а долуш, г1ерачу дег1ахь, г1орг1а аз а къаьсташ (М.Бексултанов. Дагалецамаш цалезначу... ). Иза гIерачу дегIахь, воьлано стаг хиллера, цхьана агIор дIайиллина сира кIужал а йолуш, таьIна-хьаьттарочу басахь. Горга, яккхий цIен беснеш къаьстара; жима, юткъа, тай тоьхча санна, нийса бат а (М.Бексултанов. Бохь боцу б1аьвнаш).

**Г1ерахо (-й).** Участник шайки, банды.

Россин телевиденис Нохчийчохь, гIерахой лоьцуш, операции бен яц бахахь а, къилбехьа доьлхучу некъашца дIаоьхуш яра болаттехникан чаккхе гушйоцу колоннаш, хIаваа-десантан эскарш, хIордан гIаш салтий, цхьанна тIаьхьа важа а йолуш, хIаваэхула Кавказехьа дIаоьхура тIеман кеманийн эскадрильяш (Хь.Яндарбиев. Кавказе бог1у некъ).

**Г1ибатхо (-й).** Прост. Наушничающий. Кляузник.

Мичхьа бу гIийбатхой, юьхь куьйса наьIалтхой?
Шун лаам тIебели – гIаддахна Iаш дуй шу?
Майдане кхайкхина, са совра йозанхой,
Шун луур тхох дели – самукъа долий шун? (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

**Г1иг1** (кл. пок.: б, д). Рычание.

Оьшуш ду гIаргIулийн къилба,
Деган ов кIохцале деттар.
Замано тIаьххьара гIигI бахь, –
ТIаккха вайн илли ду декар (З.Байхаджиев. Иллина оьшу цхьа Iаткъам).

**Г1иг1дан.** Ворчать.

**Г1изби (г1избеш).** Негодяй, каналья.

Амма хаалахь, нагахь санна ахь диканна а, вонна а Iелин а, Айзин а, сан а цIе яьккхина бохуш суна хазахь, хьайн хьакхин корта дегIах къаьстарг хилар! Стен а, боьрша а доцу гIизби! (А.Айдамиров. Дарц). – Арадала оцу чуьра, СаьIад боху гIизби! - хезара Дошин мохь. - Аш Iелин коьрта тIера цхьа чо божабахь, хIокху юьртара шу иттех стаг сийначу цIарах вагор ву! (А.Айдамиров. Дарц).

И ойла Iаржйо ас хIинца,
Адамийн бIаьргаш чу иръеш.
Дийнначу оьмарехь йийццал,
Хила-кха лаьтта тIехь гIизбеш (З.Байхаджиев. Тешамах).

**Г1ийкх (-аш).** Лодка. (В диал. жителей-чеченцев прибрежных сёл реки Терека).

**Г1ийкхахо (-й).** Лодочник.

**Г1ирвола (й, д, б).** Протареть на чём-л.

Сонтачу Селига эшаман къурд бойтуш,
Адамаш харцонна к1ел ца сацар гойтуш,
Зуламда – г1ирвоьлла Села вина аьшнаш,
Майрачу Пхьармата вити, ойла хьаьшна (З.Сулейманова. Пхьармат).

Сов ч1ог1а г1ирвоьлла, ц1ерах-нуьрах дина, шен села1ад схьаэцна, наьртана т1аьхьа селахаьштигаш кхийса вуьйлира иза (Нохчийн фольклор. Пхьармат).

**Г1ир-мир.** Прост. Лёгкая ругань.

Оцу шиннан г1ир-мир девне ца ялахь а, х1ара гулам г1овг1ане берзо боллийла хиъна Аьрсамирза хьалаг1аьттира (А.Айдамиров. Дарц). Цу тIехула вовшашца гIир-мир хилира цу шина эпсаран бохуш дуьйцура Хьасассий, Бабассий. «ДIахаалахь, хьенех, хIорш ша берригге бандиташший, дезертирашший, ямартхой а бу хьуна! Цхьа а цхьаъ башха а воцуш!», – аьлла, араваьлла дIаваханера и эпсар. Шайна цунах вас хилла хиларх кхеташ, юх-юха а бехказвуьйлура и эпсар бохуш дуьйцура цара (Хь.Бурчаев. БIаьрхиш кхачийча а сатийсамца ехира иза… ).

**Г1иръэкха.** Хищный зверь.

Г1иръэкханах х1ора а тарвелла,
Ка яьллачо вуу ка цаяьлларг.
Адмийн дегнаш адмаллех ц1анделла,
Хуьлуш лаьтта мацах хир ду баьхнарг
(Г1.Алиев. Куьг кховдийча д1огахь воьжнарг г1атто).

**1.Г1ов (–наш).** Ледяной покров снега; часто употр. в значении ледник.

Дарц дала-м доллура,
шеко а йоцуш,
Даьлча а дацара
керла иза-м.
Вуьшта, и башха сурт
массо нисделча,
Даккъийн г1ов ц1ийзарехь
экхах тарделча,
Сиэ х1унда хьовзаво
селла къиза? (М-С.Гадаев. Орцара г1ов).

Кхин а масех шо д1аделира,
Баьццарчу г1а т1ехь гуш г1ов,
Хуьйцуш гуьйренан ткъов-дерзаша
Шайн рог1ехь аьхкенан тов
Ца хаьа – муьлхха а илланча,
1алашдан халкъан яхь, сий
Чалтачан гоьрге и биллина,
Шен коьртах а вер варий... (Р.Супаев. Жассашший, лайн чимашший).

КIантана лаьмнийн а, кIотарийн цIераш а хаьара, дас йийцина, массо а гу а, кIаг а бевзаш, мацах, къам махкахдаккхале нах Iийначу кIотарийн цIераш, хIинца гIовнаш бен гуш хIума а доцуш, нитташ а баьлла лаьтта хьакхлагIаш (М.Бексултанов. Дегабаам). Ша шен лаамехь

битарх а кхиъна, д1атасабелла дин, д1о к1елахь цхьа г1ов дара, цу г1ов т1ехула эккха, кхин болар ца лахдеш ша вадийна хьо Джандар дехьо латьгачу г1али юххе д1а чу а ваьхьна, цигара эцца и Дада 1аччу шайн не1арга хьалавохьу (Хь.Яхъяев. 1ин т1ехь дин). Т1аьхьа хеза суна церан чуьра «т1ох», «з1ов», «г1ашт», «д1ов», «г1ов», ва къап-къарс, ва х1уя, бусалбанаш! (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**2.Г1ов (г1овхаш).** Большой шершавый камень.

Керам, цу чуьра араэккхарх, гена доццуш долчу г1овх д1а а таь1на 1аш вара, олура, цхьа чохь са долуш санна, юьхь т1ехь цхьа11а а ц1оьллех х1ума доцуш, хинкисех санна, чекх са а гуш, жимма маж йагор бен, шеца кхин дерт доцуш, пхьаьрсаш настаршна т1е а дехкина, иштта д1аса тесна ши куьг а долуш, карара суьлханаш а хаьдда, хедда лаьтта охьаэгна висарш дага а даьгна, буйнахь дохкурш дагаза а дисна, шена т1екховда аьлла. схьакхевддинчохь, вагош я хадош йина чов а йоцуш, вала а велла 1уьллучу г1азакхичунна т1ехула д1атесначу б1аьргаш чохь дуьненан серло ярах. эхартан нур а лепаш (Хь.Яхъяев. Дакъа).

**Г1овра.** Шершавый (о камне).

Иза-м Iуьллу аьтта, аьхьна, аьрра,
Латта, Iалам... Дуьне мерцина!
Мел халкъ дисна доцуш чу я ара,
Кешнаш – гIовра чарташ хирцина (А.Уциев. Йоьхна г1ала... ).

**Г1овс (-аш).** Древнечеч. Мудрый, святой. Впервые в чеченском языкознании правильное толкование дал этому слову – лингвист и писатель Дадаш Байсултанов. (см.: 1.Тимирханов, М.Нашхоев. «Смерть за рабочим столом». – газ. «Грозненский рабочий». Сохр.в интернете).

Сайн халкъа дика-вон
1овшур ду дагца.
Доьналлин амал ю
Г1овс хила г1атта (С.Элисханов. Со дуьненчу веана).

Цхьа зоьрта ойла ю со волчу оьхуш,
Цхьа онда дешнаш ду сан лерехь декаш,
Ойланна гIовс хила кийча ду шаьш, бохуш (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

Цунна гIовс хIоьттина тIекха
Махкана доладан хIоьттина.
Гуй дина юкъарчу текхах,
Гуш ву и шена ца моьттинарг (А.Ахматукаев. Къу-берзан буьйсанаш).

**Г1ой.** Старин. Войско, воин.

**ГIойн тIайтIе** (Гойн тайте) - урочище рядом с урочищем «Жумин Акхтола Мартанах ваьлла гечо». В данном случае «Пойн гечо» - «Войска брод», от *гIой* - войско, воин и т. д. (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Г1озвала (й, д, б).** Прост. 1.Получивший известность. 2.Отсчастливиться.

Ас 1аби вийцира т1аккха, 1абис турник т1ехь «солнце» а йора, уггар дукха штанга а ойура цо, б1е кийла а ойура бохуш, дукха г1озваьлла, пуьташ а буьттуш (М.Бексултанов. Сан вешин т1ехьийза йо1).

**Г1озвалархо (-й).** Прост. Получивший (-е) возможность осчастливиться.

**Г1озу (-ш)** - тяжелый лук для метания дротиков (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Г1окъа (-и).** Меха гармони.

ГIокъи доьхна пондар
ДIаозабай ас?
И хьан горга цIонга
Схьаозадай ас? (А.Ахматукаев. Лулахь-кулахь).

**Г1оне (-ш).** Старин. Сторона.

**Iожа гIоне** (Ожа гоне) «Яблони склон» – на в. окр. (с.Эрсана – Д.Б.) (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Г1омалхахо (-й).** Колдун. –я (-и).

**Г1опал (г1опал хила).** Взять грех на душу.

- Собаре хилийша, муъма вежарий! Аш къобал ца до Делан лаамца вайна тIевеъначу оьрсийн паччахьан Iедал? Делан кхиэлана реза дац шу? Г1опал хила гIерта шу? Шаьш динчу вочу гIуллакхашна дохкодовла. Дела къинтIера вер ву шуна. Iедало тIейиллина налог, бера, пхи ламаз, ткъе итт марха а санна, вай кхочущдан дезаш пераз ду шуна. Нагахь санна Далла а, Iедална а хьалха вай вешан декхарш кхочуш ца дахь, ялсамане догдохийла яц шуна вайн... (А.Айдамиров. Дарц).

**Г1орасиз.** Слабый.

**Г1орасизалла.** Слабость.

Наггахь зудчуьнгахь товш йолу («Со зуда ма ю!» – олур-кха нохчийн евзаш йолчу поэта Ахматова Раисас а) эсала г1орасизалла гайтахь а, шех тешначунна накъост, г1оьнча, верас хилла д1ах1отта кийча ю Пет1аматан лирически турпалхо (Д.Махмаев. Пет1аматан кхоллараллин б1аьсте).

**Г1орг1дала (й, б).** Огрубление: в перен. повышение, огрубление тона.

Лер гIоргIделира жоьпан ден (Хь.Яхъяев. Хине йийца г1айг1а).

**Г1ори-г1оддах <тоха [ласто; озо, етта и.д1.кх.]>.** Изо всех сил (ударить, сделать усилие и т.д.). Прилагая, напрягая все силы (делать что-л., обычно требующее разовое усилие) [ЧРФС, 1992:65].

- Эх1е-х1е-х1е-х1ей! Тхо духа даьхкина-а-а! – аьлла, г1ори-г1оддах мохь туьйхира цо (Хь.Яндарбиев. Шера-шуьйрачу арахь). Юкъабийла буьйлира берриш. Г1ори-г1оддах, д1ахохкуш, закъьолий сацош; т1аккха к1егар хаош, дой хьийзийра цара (С.Курумова. Дохк). Т1аккха шегара гуьйриг г1ори-г1оддах кхоьссира, цу уьшала а яхийтина, схьаедира ча (М.Сулаев. Муьлха тоьлла). Х1инца х1окху нело хи чу ваха санна, са кхачадаллалц, г1ори-г1оддаха (чуьрачарна «цинцаш» кхочур долуш) т1амарш етта мега (И.Эльсанов. Г1уллакхехь). – ХIе-ей, мой кирепко ранийт, мой надо теплу место положийт, – шен гIори-гIоддах мохь туьйхира Уцис (М.Ахмадов. Хьер-м сатесча а хьийзаш яра... ).

**Г1оркхма (-наш).** Акула.

«Ма ницкъ бу-кха суна цу гIоркхманаша бан болийнарг - дог этIара хьалхарчу секретаран, - хала ма ду шен хьаькамашна юккъехь шена ког таса кийчча нах буй хууш хилча!» (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Г1оролг (-аш).** Калька из русск. яз. Прост. Мороженое.

Жимахчунна гIоролг дагайогIу, и юуш цхьа бер а гой. Кест-кеста легаш лозу дела, кхуо ма яа аьлла йихкинера шина кIантана гIоролгаш (М.Ахмадов. Ден сингатташ).

**Г1осалаз (-аш).** Сани.

Басешкахь а, Орган тIехь а гIосалазаш а, когасалазаш а хоьхкучуьра бераш хан яллалц чу а ца доьрзура... (Д.Махмаев. Саьрмакан саде1ар).

**Г1о-1амат (-таш).** Неолог. Учебное пособие, учебник.

**Г1охьекха.** Буксовать.

Ор чу хуъушехь, шофёро газ т1еелла машен цхьана меттехь г1охьекха х1оьттира (З.Яндарбиев. Буьйса).

**ГIоьрдала.** 1. Название села в Ножай-Юртовском районе. 2.Опоясавший мечом.

Селение расположено в 3-х км к северу от ЦIоьнтара и 6 км к западу от Энгана, на л. б. Яьсси. Жители ГIоьрдала считают себя отдельным этническим обществом и говорят о генетическом родстве с энгенойцами. Что легло в основу этнонима, остается непонятным, но гIорда (гIурда) др. вайн. – меч., т. е. меченосцы (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Г1оьрдало (-й).** Представитель одного из чеченского общества, граничащим с Дагестаном. Старин. Меченосец. Жители ГIоьрдала считают себя отдельным этническим обществом и говорят о генетическом родстве с энгенойцами. Что легло в основу этнонима, остается непонятным, но гIорда (гIурда) др. вайн. – меч., т. е. меченосцы (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Г1уг1-аьлла.** Прост. Звукоподражание. О начале движении одновременно галдёжа, смеха и шума.

- Теш титаме ма лаца аьлла ду жайнаш т1ехь, иштачу г1уллаакхна муххале а, - ала х1ума карийра моллийна. «Г1уг1-г1»-аьлла бийлабелира чохь берш (С.-Хь.Нунуев. Ловзар чекхдаьлча).

**Г1ума.** Чеченское название реки Арагви в Грузии.

Малх бузера схьагуш долчу аьрцнашкара дог1у кегий хиш а, Кавказан лайн коьртош к1елхьара схьадаьлла дог1у Курий, Г1умий чекхдолу оцу махках (Хь.Яндарбиев. Шера-шуьйрачу арахь).

**Г1ум-Ази.** Прост. Песчанная Азия.

**Г1ум-аре (-наш).** Пустыня.

Лела сан библа,<br>
ГIум-арахь тилла.<br>
ХIун дина хилла те,<br>
Бала лан цо? (С-М.Гелагаев. Лела сан библа).

Хьо ца гуш, Нохчийчоь,<br>
Текхна ас кхойтта шо.<br>
ГIум-аренаш ма-ййу

Бода а гуш (С-М.Гелагаев. Хьо ца гуш, Нохчийчоь).

Диц луш дац: вокзалаш, серлонаш,
Аьчкан некъ, г1ум-аре, йис,
Вайнехан яххьаш т1ехь сегар а
Дийцалун доцучех ирс (Р.Супаев. Жаззашший, лайн чимашший).

**Г1ура.** 1.Мерзлота. 2.Раздетый.

Стеган оьздангалла, г1иллакх, сий, цуьнан эхь, бехк ду и г1ортораш. Уьш дужу - дужу цуьнан дош, ша хаьрций воьду, г1ураволу, мел дукха бедар юхарх а г1ура ву иза, чекх саго цунна, цундела олу къомо «чекх са гун стаг», иштта г1ураваьллачунна олу иза. Цундела олу дас к1анте: «Хьайна чекх са ма гайталахь», дош ларделахь, эхь ларделахь, г1иллакх ларделахь – хьуо ларвелахь бохург ду иза (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Г1уравала (й, д, б).** Оголится. Раздется.

Стеган оьздангалла, г1иллакх, сий, цуьнан эхь, бехк ду и г1ортораш. Уьш дужу - дужу цуьнан дош, ша хаьрций воьду, г1ураволу, мел дукха бедар юхарх а г1ура ву иза, чекх саго цунна, цундела олу къомо «чекх са гун стаг», иштта г1ураваьллачунна олу иза. Цундела олу дас к1анте: «Хьайна чекх са ма гайталахь», дош ларделахь, эхь ларделахь, г1иллакх ларделахь – хьуо ларвелахь бохург ду иза (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Г1ураваьлларг (г1урабаьлларш: й, д).** Раздевшийеся, оголившийеся.

Уьш дужу - дужу цуьнан дош, ша хаьрций воьду, г1ураволу, мел дукха бедар юхарх а г1ура ву иза, чекх саго цунна, цундела олу къомо «чекх са гун стаг», иштта г1ураваьллачунна олу иза (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Г1ура-нана.** Ср.: **Г1ура-дада.**

Ловзар дIадоладалале хьалха чиркхаш латийра. Юьртахошна юккъера хьалха велира Даркеш. Массо а дIатийра. ХIинца иза гиххойн цIарах ГIура-Нанига дехар дан хIуттур ву (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Г1ур-г1ур (-ш).** Звукоподражание. Бурчание.

– Зуда, хьо стенна хьийза дIаса? ТIехаа цхьахайолчу машенна! –тIечевхира цунна цхьа эпсар. Реза йоцуш, цунна цхьа гIур-гIурш а дина, ша цIахь дIадиллина галий схьаэца яхара иза (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). - Хьо вен нигат ца хиллера сан, даьхни дигий бен, ахь сел «хьанал» гулдина долу. Саца. Некъ ма хьовзабе сан. Хьан цIий ца оьшура суна, - олу кхуо, - тIедола, жIаьла... Вукхо дуьхьал гIуьраш бо, цкъа-шозза топ а кхуссуш (М.Бексултанов. Буо). Ткъа хIинца... хIинца куралла дIа ма яьлла, Элдарха, сонталла хьаша ма хьаьши, ойла ясса ма ели, баькkхина бIаьрг санна, - Тайбат, бертал а йоьдуш, йилхира, кIезашна угIучу зуд-барзах терра, тIаьхь-тIаьхьа гIуьрашка а юьйлуш (М.Бексултанов. 1аламат).

**Г1уьрт1иг.** Разг. Неразбериха.

Ребиса: Ва йоI, хьоьга хьа хIу дийцина? Со кхета а еш алахьа, со ца кхета хьан гIуьртIигех! (С-Хь.Нунуев. Лулахой – 2).

## Д

**Даах1ума (-наш).** Съестное питание; съестные припасы.

- Шу чохь хаза 1елаш, со базар яхана даах1ума эцна схьайог1у, аьлла, чуьра цхьа бога а эцна араяьлла (М.Баснакаев. Сулийма-пайхамаран сацам).

**Дависарг.** Вв. слово выражает сожаление, желание и надежду.

Дависарг, цхьа ткъе итт шо мукъана а къона велара со. ХIара цхьана болу ши сту а боьхкина, топ а, патармаш а эцна, оцу Зеламхех дIаккхета. Веддарг-хьаьддарг ца волуьйтуш, кху Iедалан хьаькамаш байа (А.Айдамиров. Дарц).

**Дагадеанчуьра.** Кстати, пока вспомнил, пока не забыл.

- Дагадеанчуьра кхин цхьа х1ума дийца ас хьуна, 1умар-Паша, сакъоьруш, хан д1айохуьйтуш вай хилча, башха вовшашца самукъа доккхуш вай а ца лелаС.-1.Юсупов. Дечиг дакккхар).

**Дагадовлархо (-й).** Человек, с которым советуются.

Редакцин белхан дика накъост хилла ца Іара Іадлан, тхан дагадовлархо а вара иза (М.Заурбеков. 1адлан, ахь йитина дахарехь йовр йоцу лар... ).

**Даджал (дажал).** Антихрист.

Ламанийн хьехаршкахь Іихкина историн хьаьркаш,
Беза тIулг дIахуьлий, хьех чуьра схьа арайовлу.
Даджал а, гуттар а лаьттинарг сан къомах кхаьрдаш,
Стигало шад тухий, цу лаьтто шен кийра къовлу… (А.Халикова. Дахаран цхьамза).

**Жухарг**. ХIумма а ма де – соьга ладогIа:

Акказех диг догIа, дог дагIахь, кхор богIа,
Ца дагIахь – къола де, талор де, курхал де,
Цул тIаьхьа мохк цIинбе, дажало ма-элли –
Жа санна, гул а лой, бIарз санна, оллалой,
ХIорда чу кхоьссина цу кана санна,
Карийнчу кIезанах чалтачна хьесталуш,
Йовссарех цIийзаш, чагIалкхца пхьор къуьйсуш,
Махкаха довла (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

Туьйра дац дуьйцург, туьйранан саьрмак бац - т1ом бу, шен сибатца, дажалан амалца, ц1еран алонца, жоьжахатен къизаллийца бог1уш, шоллаг1аниг бу х1ара, хьалхарниг сецна а балале, цуьнан чевнаш моьнашка а ерзале (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Гомера, ширачу грекийн поэто, язйинчу «Одиссея» олучу поэми т1ехь хьехош ву цхьа, 1аламат боккха ницкъ болу, дажал Полифем (С-М.Хасиев. Амазонкаш муьлш хилла?). - Керста Дажал ваьлла боху, Даркеш. Цкъа бага гIаттийча, юрт йиллал адамаш дIа а кхоллуш. Салтий цуьнан бIо бу (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). Дела вац мел аьлларг шен лорур ву аьлла ма боху даджала а. Дера боху! Изза дукха хIара а (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Дакъанаш (дакъош).** Части (иногда разбитого) чего-л.

Вайн 1алашо, доьхначу куьзгана дакъанаш санна, д1асхьалилхинчу вешан историйн гаьргаш схьалахьор а, цуьнан меженаш вовшахтаса г1ортар а ю (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Дакъазалла (ш).** Недачливый, оставший без доли.

Вайна я бусалба динан а, я дуьненан а Iилманаш Iамо цалаар, иза луучеран таронаш, аьттонаш а цахилар. Цигахь йоллу вайн къоман дакъазалла (А.Айдамиров. Вайн амалш).

**Дакхха.** Сделать,совершить.

Бисмалла а даьккхина, уллерчаьрга тIехила элира Махьмуда. Цара гIиллакхехь бистхилла, хIума ца йира... (Ж.Махмаев. 1айшатан до1а). Вара аьлла дас кIантана цIе а тиллира, цунна тIера хьакъийкъат а дуьйш. Сан кIантана мотт ма Iемми «бисмилла» даккха Iамийра ас (Ш.Макалов. Ненан хастам).

**Даладелла.** Жить в достатке, иметь всё необходимое.

Шу а дац кхузахь даладелла Iаш. Со санна тIебаьхкинчу наха йолчунна тIе а гатте йина шуна а... (А.Айдамиров. Дарц)**.**

**Далатохар.** Божье наказание.

МостагIийн къизалло инзарбаьхнера ламанхой: цара декъий схьа ца деллера. Цул доккха далатохар хуьлийла а дацара. Гиххоша каркара а оьцуш дуьйцура, декъий схьадеха ваханчу Хьатуний, Бекмарзиний салташна тIехь куьйгалла дан хIоттийначу воккхачу эпсара динчу «хьошаллах» лаьцна (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**«Дап-дипнехь».** Звукоподражание последовательных ударов.

НIаьна бина уьстагI, дап-дип деш, ког лаьттах беттарца, масех гуо а тосий, ма-баддалу бодий, хьуьна юкъа чуоьккхура, генна лахахь йолчу хьуьн чу, хьо валарх, кара а ца беш (М.Бексултанов. Кехат). и Iежаш хIунда оьгур-кх, лилула сийна, даккхий, горга, мокха тIедачу патаршна тIе, дап-дип хезаш, наг-наггахь… (М.Бексултанов. Эх1, эшар х1унда 1ена-кх... ). Ур-атталла цIенкъара хьалагIатта а хьекъал дацара. Довхачу дийнахь Iам чу яьржина гомаш санна, цIенкъа юккъе а хиъна Iара иза, лап-лаппехь даккхий бIаьргнегIарш а детташ (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). Хьох бIаьрг кхетча «дап-диппнехь» деттадала долало сан дог (Ш.Макалов. Ненан хастам). Ойн, кхин «ч1икъ» д1а а ма ца доккху х1окхо, «дапин-даппехьа» детталуш дог а ду х1окхуьнан, «гаррехьа» дегош ши куьг а ду (В.-Хь.Амаев. Чехка еша деза дийцар).

**Дарбанхи (-ш).** Целебные источники (воды).

**Дарбанхиш** «Целебные воды (источники)». Так называли и называют чеченцы Брагунские целебные источники. Чеченцы с давних пор знали целебные свойства источников и пользовались ими. Селение Новые Брагуны переименовано в Дарбанхи, где живут чеченцы и кумыки (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Дарбанц1а (дарбанц1енош).** Лечебница, санаторий.

Байна гергарнаш дарбанцIеношкахь лоьху зама яра иза. Госпиталь схьайиллинчу ишколан уьйтIахь сал-пал карахь йолу зудий, завхоззий дара наха сагIийна еана хIумнаш схьаоьцуш: гоьнаш, гIайбеш, юргIанаш, шаршуш, лоьрийн спирт, хьарчораш, минерален хи, гарзанаш, Iов, дуга чохь долу галеш (Хь.Яндарбиев. Кавказе бог1у некъ).

**Дарг1-аьлла.** Звукоподражание выхлопа чего-л.

- Хуьлийла хьайчарал эшнехь-м! – «дарг1!» аьлла, не1арх мийра тухуш, араиккхира нускал, к1арх, охьатаь1на, шена т1ехула хьалха ара а болуьйтуш (С.-1.Юсупов. Дечиг даккхар).

**Дар-дацар (-ш).** Прост. Прерыкание.

«Жана хьалхаяьлла къена бож санна, Даркеш ву-кх гиххошна тIехь олалла деш. Таймасхех баьчча йинарг а иза ма ву. Вайн Делора, хIетахь.оцу талмажа нийса-м ма бохура: «Къонахий дIабевлла гиххойн?» ЙоьIан гIуллакх ду, шаьлта хьалха а тесна, божаршна юккъехь дар-дацарш мел даьллачу лела? (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Дарзала.** Лохматость (лохматая шапка).

Горга юьхь-сибат, йоца тойина к1айн маж. Коьртарчу к1айчу кхакханан дарзалчу куйнан к1инжашна бухара массаьрга а догц1ена хьоьжура Асхьабан 1аьржа ши б1аьрг (Д.Кагерманов. Кхойттаннан тезет).

**Даре.** Признание.

Цаьргахь карзахалла меттаххьер, болам го. Вайн цхьаболчу художникашца аса къамел дича, цара а даре дора, адамийн къовсам, тасадалар гайтарехь Борха воккха говзанча хилар (М.Ахмадов. Борха).

**Даттолг (-аш).** Старин. Болотная трава.

**Даттолган ишал** (Даттолган ишал). Первая часть - назв. болотной травы, вторая - болото. Уроч. на в. окр. (от с.1алларой – Д.Б.) (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Даха (даха дог а дац).** Не иметь никакой надежды.

Ткъа и ун хьарчинчул т1аьхьа юкъараллин могашалле даха дог а дац, карараяьлла басах керчина йодучу х1уманан лардаме йоду иза, т1аккха и, кол санна, ласто а, г1ант санна, харцо а, г1аж санна, кагъян а дукха х1ума ца оьшу, цхьана эвхьазлонан питана тоьа цу балхана, и питана юкъараллех ц1е юьллу суй бу (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Даха дог ца диссинера – хIара яха езачу агIор пост хила езаш яцара. И дош чIогIа ца дезара кхунна М.Мусаева. Ненан куьйгийн йовхо). - Деллахь, Даркеш, оцу вайн дешначу наха дуьйцург бакъ хилахь, ма ялсмане даха дог дац-кх кху чуьрачеран, - къамеле велира Уки (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Дахна (-наш).** Ушедшее.

Зама еана г1иллакх доцуш,
Шен г1иллакхашкахь беркат доцуш,
Дахна дайна, тешам боцуш, -
Дахалахь тхо балех хьалха (З.Чермоева. Назма «Дахалахь тхо балех хьалха»).

**Дашт1улг (-аш).** Глыба свинца.

И тускар а ма ду дашт1улгал деза. Т1аккха и дай ца дича со-м ма ву «оппа» г1ур волчу хьолт1ехь (В.-Хь.Амаев. Меца некъ).

**Даьдаьт1а.** Выражение восхишения, удовлетворенности, удовольствия и т.п.

**Даьккхина (й, б).** В смысле: распространено, завоевала везде. Дукхалла билгалъеш массо меттехь долчунна, хуьлуш долчунна. Масала: Х1ара дуьне даьккхина яьржина японски аппаратура.

**Даьрг1а (даьрг1ана).** Старин. Длинный. Обычно о кованной железе.

В один из трудных периодов, когда ичкеринцы жили на равнине, помогая друг другу и отражая набеги врагов, предкам бел-гатойцев пришлось уйти в горы, спасаясь от кочевников, на место, где сеяли хлеб, плавили металл, т. е. работали. От этого их назвали *балхатIе, белгIата, белгIатой.* Они основали недалеко друг от друга несколько селений, наиболее крупными из которых явились БелгIата и позже ДаьргIа (Дарго), означавшее «длинный», «оружейники» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Даьхнийн-керт (-аш).** Коровник, скотный двор (калька из русск. яз.).

Ц1ийна т1ехьа дохн-керт яра, жима ши божла а долуш, цхьацланхьара т1ехула хьаьхна попппарш охьа а бевлла, пенашна х1иттийна з1араш а оьхуш лаьтташ (З.Яндарбиев. Шешенаш). Цкъачунна чохь 1ен ши ц1ай, сений, машен к1ел х1отто раг1уй хилчхьана, Ризван-м башха сиха а вацара: ц1еххьана дарц даьлча ца дайта, бежнаш чулахка дохнакерт ян дежийлашка оьхуш вара иза (Хь.Яндарбиев. Шера-шуьйрачу арахь).

**Дегавезар (дегабезарш).** Разг. Любимый.

Малхал хаза хьо ву бохуш, Баттал хаза хьо ву бохуш, Лилийра со-ма, дегавезар, Хьо ца хили хьайн деши да (Нохчийн фольклор. 1ер-дахаран хьокъехь эшарш).

**Дегазалла (-ш).** Неприятие, нежелание.

Со шун нанна т1ехьийзаш вара; цуьнга вистхила г1ерташ, цо тергал ца веш лелаш, 1успа а вара. Цкъа-шозза, цунна т1ехула тхойшиннан дегазаллаш а хиллера (М.Алиев. Кха).

**Дегазбан.** Нехотя.

Дийцахьа, дийцахьа,
Мохь тухуш, дийца,
Хьайн кийра 1абабеш,
Х1оранна са г1аттадеш,
Вайн Дег1аста хастаеш.

Адмийн уьйраш ч1аг1ъеш,
К1оршаме мотт дегазбеш,
Белшаш т1ера мохь айабеш,
Даг т1ера муо берзабеш… (Л.Китаева. Дийцахьа, дийцахьа).

**Дегазло (-наш).** Отчуждённость, разногласия.

Даймахкахь дуьйна вовшашца марзо йолуш, барт а болуш Іийначу тхуна юккъе а питанаш туьйсура, дегазлонаш кхуллура, мотт-эладитанаш леладора. ГІуллакх чІогІа галдаькккхинера цара (1абдул-Бакъи Джамо. Дег1астанах льацна ойланаш).

**Дегалазам (-аш).** 1.Разочарование. 2. Сожаление.

Лирикин эшаршкахь вайн халкъан генна хьалха дІадахначу дахаран зов хаало, вайнехан, коьртадолчунна, зударийн, хилла дог-ойла, церан сатийсамаш, деглазамаш, иштта кхидерг а (НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА. Х1от. Джамбеков О.А., Джамбекова Т.Б. 1-ра книга). Х1аъ, бакъволчу доттаг1чо тоьпан даьндаргах шен дег1аца ларвийр ву доттаг1а. Оццул деза ду доттаг1алла. Доттаг1а дел, вешел эвхьаза ву стагана, цу шинга ца дуьйцург (сингаттам, дегалазам) доттаг1чуьнга дуьйцур ду цо. «Ваша ваша вац, и хьан доттаг1а вацахь», - боху халкъан хьекъало (М.Ахмадов. Г1иллакх-оьздангалла).

**Дегалаткъам (-маш).** Исповедь.

**Дегаузаме.** Стенание, внутреннее переживание.

Уьш диси дагалаца вайшиннах суна, масийтта шерашкахь, хьаьнга аьлла, далхо да воцуш, ахь кийрахь къийлинарг дийцина, синна кхачо хила таро хиллехьара, оццул дегаузаме хир дацара и шир ца лун чекхдевлларш (М.Анасова. Шина адамо юьйцина безаман керт).

**Дегахьаам (-аш).** Удовлетворение.

Оцу мифологешца, фольлкорашца дукха синхаамаш бу, шайн дегахьаам а, хазалла а ю, гуттар а ду адаман синхаамехь деханарг долчул мерза а, хаза а, амма, синхаам бу иза, цхьа а ваха лур вац шина исторехь, шина заманахь (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Дега1аткъам (-аш).** Разочарование.

Вай х1уманан ойла коьртацачул дагца сов йо, дега1аткъамца т1е лоцу хилларг, томехь дерг – самукъанца, доцург – халахетарца (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Дега1овжам (-аш; дега1ийжам).** Страдание, переживание.

Лирикин эшаршкахь сатийсам, дегалазам, дегаІовжам коьрта лара безахь, иллешкахь хилам бу коьрта. Кхузахь цхьана хиламан юьхь а го вайна, цуьнан кхиар а, драмин ламастехь санна, сихуо кхуьуш дІа а доьду, иштта и хилам цхьана билггалчу чаккхене а кхочу. Иллешкахь вайна карор бац эшаршкахь лоруш болу турпалхойн дегаІовжамаш, деган сатийсамаш… (НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА. Х1от. Джамбеков О.А., Джамбекова Т.Б. 2-ра книга). **...**х1унда аьлча иза, д1адахнарг, х1инцца юхадолалуш хета, бераллехь хилла чов санна, дагалецамца лазам а боцуш… …я дахар а, хьо ваьхнарг, дагалецам болуш санна, ца хиллачу дахаран хиндолчух дагалецам, долушдерг хилла а доцуш, мацах цкъа дайнарг бен… …я х1умма а ца хилча санна, цхьа муо бен, иэсан муо, гина моьттучу цхьана г1ена чохь, хьан кхетамехь бисина болу… …дега1ийжамаш, сатийсамаш я дагахьбалламаш… (М.Бексултанов. Иза бен зовкх ца хиллийла... ). Цуьнах цкъа а хила йиш ма яц езар, х1усамнана... Стенна оьшу керла дегаІийжамаш, эрна хабарш, эладитанаш? (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Дег1аста.** Но время имама Шамиля в имамате Чечню хотели присоединить к Дагестану и образовать единое государство - Дег1аста.

Нанойн накха хьарам бойла шуна, нохчий,
Хечеш лелор хьарам дойла шуна, нохчий,
Дег1астанахь, тхо бен х1ун ду бохуш лелларш,
Къематан дийнахь дала х1унда ца ле шу... (С.Яшуркаев. Напсат).

**Дег1 (дог1маш).** 1.Тело. 2.Человек (люди).

- Хьо метта кхечи-кха, х1ай Тайми Биболат. Цхьа к1езиг сих х1ума бен яц, хьуна, шена чохь, Х1ара белла 1охкурш накъостий бу хьуна, Шен цхьа дег1 доцуриг цхьа дег1 ца дисана, Таханлерачу дийнан т1ом кайоцуш хили шайн, Цу эла Тепсаркъин ва толам ма хили (Нохчийн фольклор. Таймин Биболатан, дог майрачу Ч1егин илли).

– ХІей, самавала! Хьан доттагІа а балха ваха. Берриге а цІерабевли. Вайша бен садоІу дегІ дац кертахь. Меттахъхьа! – бохуш, тамболчу а, боцчу а куьйгаш Іитта йоьллера (М-С.Гадаев. Вер-витар). Пхьар-Сапарбек аьлла цІе яхана цуьнан юьртахь. Иза ца вевзаш дегІ хир дац – я жима а, я воккха а (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Дейиса (с др.классн.показателем – д.).** Восклицание, употребляется в основном с разными местоим. типа –хьан, шун и т.п. (!).

– ХIуйт, дейиса, Рукъихьат, хьан, хIара Хилдехьаройн лам ма дIатуху-кх ахь, – кхайкхира дада, бедана тIехь цхьаъ деш йоллучу йоккхачу стаге. Йоккха стаг хьалатаьIира, хьаж тIе куьг а лоцуш (М.Бексултанов. Кехат).

**Дейоьхь (-аш: ду-ду).** Прямая кишка.

**Дезадетта.** Чваниться.

Ма-дарра дийцича, хьан цIе ю Шаймани,
Ма-дарра дийцича, сан цIе ю Гилани.
Ма-дарра дийцича, дезадетта ца оьшу,
Ма-дарра дийцича, хьо сетта ца оьшу (Л.Ибрагимов. Ма-дарра).

**Дезар (-ш).** Надобность.

Варас, ШамIас (ВараевгIар), шайга пхеа шарахь дезар дайтахь, шаьш мохк юхаберзор бу, аьлла. Куршлошна ца лиира. (Архивехь хьалхалера план ю.) (С-Хь.Кацаев. Музаев Исрапил).

**Дезарг. (-ш).** Нужный, необходимый.

**Деккъа (й, в, б).** Единственный, только.

Ас лехнарг адам дара,
Цхьа деккъа адам.
Тхи санна цахиларх –
ДогцIена адам (Л.Ибрагимов. Ас лехнарг безам бара).

**Декъала (декъала хила).** 1.Счастливый. 2.Погибнуть за правое дело. 3.Поздравление, облагоденствовать.

Дала КъорIан чохь мосазза а аьлла, шена Iибадат делаш, вовшашна диканиг дан сихлолаш, ша тIедиллина и ши декхар кхочушдинарш нийсачу новкъахь хир бу шуна, царех ша къинхетам бийр бу шуна, церан дуьне а, эхарт а декъал хир ду шуна (А.Айдамиров. Вайн амалш). Иза хууш, цунах догах тешаш волу стаг бусалбанан динехь а ву, декъала хилла а ву (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Декъалда (-й).** Удовлетворённый своим счастьем.

Цхьа а вац-кха со галваккха.
Боккха хьаам бу и дагна.
Декъалда со вац, ткъа, тIаккха?
Ирсе дуй шу, хIай, со санна? (1.Шайхиев. Маьлхан лорах новкъа волу).

**Делаш (делий).** Идолы, языческие боги.

Хууш ма хиллара, заманан йохаллехь къомо масех дин хуьйцу. Х1ор а т1едог1ург хьалха хиллачун бух бохош дог1у – и дицдалийта, ша ч1аг1далийта. Керлачу динца т1еэцначу делаша шайл хьалха хилларш емал бо, бицбойту (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Делил (-аш).** Довод; доказательство.

Жоьпаллечу дарже лоьраш хIитточу хенахь коьрта делил хила деза церан корматалла (С.Хасанов. Коьрта лазам бу лоьраш тоаш цахилар). Устаз лацаран хьокъехь вай хьахийна делилаш – дуккха долчух к1езиг дакъа ду (А-Хь.Шахидов. Устаз лацарх лаьцна). Со кхета кхиндIа къамел ца деш, Абузар а, цуьнан накъостий цу чуьра ара стенна бевлла: нохчийн гIиллакх-оьздангаллин гурашкахь воцчу стагана ахь хIуъу дийцахь а, цунах иза хьакхалур дац; ахь даладен мел хьекъале делил тидаме ца оьцуш, шен Iалашоне гIур ву иза, цунах гонахарчарна хуьлчу зуламан ойла а ца еш (М.Ахмадов. Дахаран Iина йистехь дуьхьало хилла латтар (Айдамиров Абузар дагалоцуш).

**Деллахьа.** Ей богу, ради бога (в ед. ч.).

– Деллахь бу-кха дукха гена-м, дукха кхераме а-м и некъ. Амма хIара сонта хIума ша аьлларг бен дийрдолуш-м яц. Суна-м ца хаьа оцу кIантана айса хIун дийр ду а, цо дог этIийна леш йоллу-кх со (Ш.Окуев. Лай т1ехь ц1ен зезагаш). - Деллахьа, ма хьашт доцуш коча веа-кх хьо суна,- боккъал а долуш санна, ладамаш бора Бикатус- Ма суна дагахь ца хилла захало дар-кх хIара (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). – Х1ун ду и? Делхьа, ма дахде, дийцахь ма-дарра (С.-Хь.Нунуев. Ловзар чекхдаьлча).

**Делхьа.** Пожалуста.

**Деллаша (Делша).** Ради богов (в мн. ч. – вариант ед. ч.).

Сан эмгарш, со ма везалаш шайна ма-ттов,
тахана – волуш со, кхана 1уьрре велча,
делахь а, лаьмнийн лерехь дашо аз латто,
сан илли, мукъане, диталаш, делша!

(С.Яшуркаев. Сан эмгарш, со ма везалаш шайна ма-ттов).

Т1аккха баккхий нах гена бовлале т1аьхьа а кхайкхина, бахара, бах, ирзо долчо: - Деллаша, цу т1ехь баьрзнаш ма делаш, т1е т1улгаш а х1иттош, гота охуш новкъа хирг ду суна уьш

(Нохчийн фольклор. Сатира а, забар а). –Куьйге гӀол цкъа массо а кху чуьра арадовлале. Делша гӀо куьйге! –нах вовшашна тӀеийзабора Жабира (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Делора.** Клятвенное заверение именем бога, ей богу.

- Йо1, сиха ву хьуна со, делора ву-кха (З.Яндарбиев. Буьйса).

**Дена (дена ала).** Мат (без матерного слова), оскорбление.

– Балаза берш а-м ца баьхьна цара дIа. Боьха хIуманаш, – туй кхоьссира, цIийх буьзна корта а лаьцна, дена а, нанна а хьежош керта юххехь Iуьллучунна Пацус (1.Дадашев. Цакагбелларш). Солтамурдехь мокхаз биллина топ яра. И тайпа топ лело бакъо еллера нохчашна. Амма Добровольский, цунна дена а, нанна а хьежош, цуьнгара топ схьаяккха гIоьртира (А.Айдамиров. Дарц). Уггар хьалха уьш тIенисбеллачу пурстопа Черновс хIорш сийсазбира, дений-нанний хьежош, тIаьххьара а Зеламхина бетах тIара а туьйхира. Уьш виъ набахти чу кхоьссира (А.Айдамиров. Дарц).

**Денвахар (-ш).** Состояние одного человека.

Вайн докъазаллина, вайн исп\u0438скаш архивашкахь эца а карор яц я карийначух цхьа денвахар доккхур ду – церан бала хила безаш дерш: уьш, – казахаш, г1ирг1изой, оьрсий бац, вай, – нохчий, бу (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**Deралла.** Озлоблённость, злоба**.**

«Ванах, со ца евза шуна, йицьелла? Леррина схьахьовсийша соьга...», - дара ден хьежарехь. Къоначу берзалоша кIомсарш гучуехира, шайн дералла схьагайта санна (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Дерза (дерзаш).** Морось, моросить.

Дитташ а, шаьш дулуш дерза кIел даша,
Аз доцчу узамца дегадеш ду.
Моттало шур-шур деш оьгучу гIаша
Хьо сайга тIаьххьара йистхуьлуш ю…

(И.Юсупов. ГIайгIане денош ду, дохк санна, сира... ).

**Дехьо.** Находиться, быть подальше, чуть подальше.

Шен пхи шо долу кIант Якъуб мара а къуьйлуш, нахах эхь хеташ дехьо соне а хиъна, шен йоIана йоьлхуш Iара Жовхар (М.Алиев. Яха).

**Дец1а (денц1а).** 1.Родительский дом. 2.Отчий дом дочери после выхода замуж.

Шайна дукха езаш йолу йо1 маре йоьдуш ц1ахь болчара сардам буллуш хилла:

Марц1ийнан ж1аьлина йовзале, Дец1ийнан ж1аьлина йицъялле Юха йог1ург хийла хьо (Нохчийн фольклор. Сардамаш). Кесиба: ЙоI, хабар дIатуьйхирий хьох? Кхана шайга нуц вогIий хаьий хьуна, шун Болатхан денцIа а ялош? (С-Хь.Нунуев. Лулахой -2). Денна карзахвуьйлуш иза 1анне ца 1ийча дец1а яха дийзира (М.Айдамирова. Дахаран аг1онаш луьстуш).1азица довдаьлла, зуда дец1а яхана хилла, т1аккха дас хаьттина шен х1усамнене: - Зуда, и йо1 ц1ахь йолу дикка денош 1а ма девлла и д1а йоьдуш ма яц, и х1ун ду? (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2). ДенцIай, марцIай – ший а цхьана Iаьршаца дIагIоьрташ ца хилча, зудчух зуда хила туьгуш ца хиллера цкъа а (М.Бексултанов. Терза). Суна а хууш, вейтта-пхийтта стеган цIераш яхьийтина Москва Советски Союзан Турпалхочун цIе тиллийта! ТIам тIехь галдаьлла хIумма а дац вайн. Декъазчунна денцIера йогIу олуш нохчийн кица хезний шуьшинна? Вайн цIахь бина вайна тешнабехк (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). Хьажах1отта тхешан дец1а яхана яра со карарчу жимчу йо1аца – Мадиница. Цу буса бала буссу аьлла, мовлад ешийтина охьадийшинера тхо (Я.Овхадова. Замано артбаза лазам... Замано дастаза дог... Цхьа к1ира а д1адаьллера Аьлбика дец1а еана (С.-1.Юсупов. Дечиг даккхар). Шортта жа а долуш вехаш хилла ЖIов-Бетар. Шена коч ца оьцу аьлла, ийгIина, денцIа дIаяха новкъаяьлла зуда. «Хьайн вешига суна мачаш эца алалахь!» – тIаьхьа мохь тоьхна ЖIов-Бетара (М.Кузаев. Хьайн вешега суна мачаш эца алалахь… ).

**Дец1ахь (денц1ахь).** В доме родителей.

**Деши-дети.** (в собир. значении употр. мн. ч. : **дешеш, мехкдаьттанаш, шекарш, чайнаш и.д1.кх.**). Символ богатства.

Т1аьхьарчу хенахь, хьалдолчу нехан зударша юкъадаькххина керла гIиллакх, захалх хIу мел хьакхаделлачунна а совгIаташ дар, йоьIан марзахойх ву ша мел олучунна а дешеш эцар (А.Тапалаева. Невцо еана ч1уг).

**Джехил.** Тёмный. Необразованный.

Г1адъоьхура и халкъехь яллош 1аьржа г1ело,
Г1ел ца лора жех1ал и тешнабехк лело,
Стиглан кийрахь яра цуьнан она ч1аг1о, -
Дерриг дуьне марца кийча, дага даг1ахь (З.Сулейманова. Пхьармат).

1ийса-пайхмар (1.с.) вале жех1ал дина т1ехь кхоллаелла хилла цивилизацеш ерраш а изза бахьна долуш йоьхна (Л.Абдуллаев. Нохчийн мотт а, хьаьжк1ан буьртиг а, кокани а).

**ДжехIилан.** Тёмного, необразованного; одичаловогоние.

Амма къаналлин бухавахана, цамгаро хIара лаьцна кху масийтта шарахь, хIокхуьнан халкъ, кхуьнан Iуьналла мелла лахдаларна, хьалхалерчу джехIилан амална гергадахнера (А.Абдулкадыров. Паччахь).

Амма тхан дегнаша
мостагI ца лехна,
ЖехIалийн къизалло
дагийна цIа (Л.Мисирбаев. Кхолламан хьоста).

Вовшех ийна ламий, улий,
ЖехIил-нахах дешна берш.
ДIо тешамна беха уллохь
Эхь дIадаьлла тешнабехк (М.Ахмадов. Къастамбийраш).

Мацах-мацах, 1есан хенахь, доккха хилла да-нана д1акхосса лелийна джехийлачу нехан «тускар» ц1а схьадеана вай? (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**Джих1ад.** Старание за чистоту в вере (ислама).

Далла т1е бу сан некъ, цу новкъахь са дала
Даима хьаьгна ву, ву 1амал еш.
Цу Далла суо везарх тешна ву, билггала,
И везаш хиларна, сайн сил а суо;
Ваха а, вала а тешаме билгало –
Декъал веш, джих1адан некъ белла Цуо!
(З.Яндарбиев. Ледаран, г1орасиз ойланаш дагна сан).

**Диаспора (-рш).** Диаспоры.

Ишта ца хаьа вайна 19 б1ешарахь Турце, Сире, Иордане баханчу нохчийн истори, церан меттан, 1ер-дахаран хьал. Цхьа 1илманан болх бац вайн оцу аг1ор таллам беш язбина. 1илманехь дац Российски Федерацин дозанал арахьа бехачу нохчийн диаспорех лаьцна яздина х1умма а, цхьа газетийн репортажашкахь билгадаккхарш а, географически кепехь х1иттийна боцца хаамаш ца лерича (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**Диван.** Совет праведников.

**Дика (-наш).** Добро, доброе дело.

Мича кепара дешнащца баста ца хаьа, цу гергонан дагалецамашкахь хорамо Iаьвдинчу, вайшиннан гергонан марзонах хиллачу овгало легашкахь къуьйлуш, цхьа жимма хьоьца къамеле яларан сурт тардеш, бIаьрхишна юккъехула могIанашка хьоьжуш, хьо уллохь вацаран йоьхначу шовкъаца даге ла а доьгIуш, дIатийначу ойланашна юха а хецаяла меттиг белла, вайшинна мел моьттуш хилла диканаш юкъахдовларан Iаткъамца бина яьгначу йовхонан шийла шад (М.Анасова. Шина деган лазам а, марзо а).

ХIара Делан маьхьшаран аре теш йолуш,
Дала ша шена делла дика
Хьуна дIадала ю ша-ма,
Хьйн къинойн мохь схьалохьа, – аьлла,
Шен вешин
Къинойн беза мохь схьаоьцуш,
Йиша жоьжахате боьдучу новкъа
Ериг ю, ма боху
(Нохчийн фольклор. Назма «Къинойн мохь оза болийначу дийнахь»).

Ма вон воI хилла со хьуна, сан нана,
Кхин хила йиш йоцуш, дукха вон хилла.
Со ван а, кхион а хиъначу хьуна
Цхьа дика мукъна а дан ницкъ ца кхаьчна (1.Хажмурадов. Ирсо левича... ).

**Диканехь.** Быть на добром торжестве.

Диканехь шортта ю доттаг1ийн тоба,
вонехь цхьаъ карор – бу хьуна кхаъ,
и ве ахь даггара, вуьйш битий, къобал,
дукхах берш - хьеший, доттаг1 ву цхьаъ!
(С.Яшуркаев. Диканехь шортта ю доттаг1ийн тоба).

Ялта **кхач дала** долало (М.Бексултанов. Цхьа некъ).

– Ас хьо бехке ю ца боху. Хьо елха ма елха, суна цатам хуьлу хьан бIаьр-
хиш гича, – **къелгаваьлла** хьаьвзира Махьма (Х.Талхадов. Махьмин кема)..

БугIано мохь хьоькху, арабеъна шуьйра мотт а болуш, багах кхозу **мазаш** а го (М.Бексултанов. Цхьа некъ).

ТIехьаьдда йолу саргIалг, жIаьла санна, дIа **чIинчIура** хуу тIехьарчу когаш тIе, бердах кхетта тIулг санна, генна юха а кхуссу (М.Бексултанов. Цхьа некъ).

М.Бексултанов. «Цхьа некъ» ц1е йолчу дийцар т1ера:

**1 СаргIалг** – дегIана жима, буто, горга старгIа;

**2 Уранга** – таьIна-мокха бос болчу бежанан дахалла охьа хуьлу Iаьржа томмагIаш;

**3 Воттана** – корта метта а буьсуш, кхаа шарна бIе жий дIабелча, кхо шо тIехдаьлча и бIе жий юхаберзор.

**Дикка.** 1.Некоторое время. 2.Степень преосходства. Слово выражает беспорно превосходства одного предмета лица перед другими кого-ч.-л.

Тхо хIума кхоллуш Iаш гуьржийн яздархочо элира, соьга а хьаьжна: – Со хьоьгу хьох. Хьан ткъе кхоъ шо долуш аьлла хьох националист. И бохург хьо хьайн халкъан турпалхо ву бохург ду. Цундела ахь цунах дозалла а де. Суна дикка тIаьхьа бен ца тиллира и цIе (М.Ахмадов. Чехкачу хи чохь г1айренаш).

**Диллина (й,в,б).** Постоянно, непрерывно.

Цо гуттара а и дуьйцуш, диллина схьакхехьна, уьйт1е а юьзна льтташ дечик а хилла (Нохчийн фольклор. Ямартло).

**Дилла (диллина).** Назначить вознагрождение и т.п..

**Диллинарг.** Назначенное, предначертанное кем-либо.

**Хьама**. Дика ду. Солта, Iаьзина а шена диллинарг деза хьуна... – Хьа-хьа-хьа!.. (М.Ахмадов. Денисолта).

**Динада (-й).** Служитель религии.

И халкъаш, цхьа буй бина, цхьаьнатоьхнарш динадай бу (А.Айдамиров. Дарц). Тахана муьлххачу т1едеанчу г1уллакхна, балхана шорта хаарш, доьналла, хьекъал долуш дуккха а нах бу вайн къоман: политикаш, культуран а, литературан деятелаш динадай, 1илманчаш, бизнесменаш – хьаьнцца бийца мотт болуш, яккхий з1енаш-аьттонаш болуш (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш). Нохчийн 1едалан векалша, муфтият0, динадайша къасто дезара кханалерчу нохчийн халкъан т1аьхьенна жоп дала деза х1ара хаттар а – х1ун до вай тахана дохош, д1ашардеш лаьттачу нохчийн халкъан Г1ум-Азехь беллачийн дисинчу кешнашна: Казахстанан, Киргистанан 1едалшца цхьа барт лахий, вайнехан кешнаш лардарна дехна а, лахьийна, мах белла а, цхьа меттиг эцна, циггахь, схьадаьхна, цхьанна новкъа йоццучу метте, д1акхалхадо вай уьш я Нохчийчу схьакхалхадо, я 1адда 1а вай, белларш-м мича г1ур бара я вайна стенна оьшуш ю лаьттах схьаяьхна беллачийн гоьмаш-даь1ахкаш аьлла? (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**Динбере (-ш).** Наездник, всадник, удалец (шевалье).

Динбере хила дац атта,
Урх лело хаа а деза.
Диканна юьтуш и хецна
Ткъа вонна юха а озош (Д.Амагов. Динбере хила дац атта).

Цхьана а нохчочунна хезана а, цуьнан кхетамехь, иэсехь дисина а дац «Ушурма-эла» я «Шихмирза-эла» а, къоман дийцаршкахь, фольклорехь хьахош хезаш нах а бац уьш, бу бохучо и меттиг билгалаъяккха, вайна массарна а хаан. («Зайтан Ших-мирза» илли ду вайн, амма цуьнан чулацамехь гуш ду и «как раз» эла ца хилар, мелхо а, оцу элашца, шовхалшца яхь, къовсам латтош динбере хилар) (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Къелла яц кху нахалахь дикачу динберийн (Хь.Яхъяев. 1ин т1ехь дин).

**Динберийн.** Принадлежащий наезднику, всаднику.

Вай царна х1ума ала, уьш бицбе ала г1ертац, уьш шайн заманан нах а, къонахий а хилла, амма динберийн зама яхана, кибернетикан, комьютерийн, программистийн, нанатехнологин, «хьакераш» олучийн зама ю арахь (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Диркаш (ю-ю).** Старин. Лыжи.

Цхьана юьххьехь эчиган йиъ з1ок йолу муш хьалакхуссий, т1улгах я диттах д1а а тосий, цхьацца волуш, хьалаволура. Я т1улгах, диттах муш д1а а боьхкий, охьа чубуьссура. К1орга ло долчохь когех диркаш йоьхкий боьлхура (А.Айдамиров. Дарц).

**Дицко (-ш).** Разг.-шутл. Зуб.

**Догдадар.** Автор. Отчуждение.

Кхин тIехдаьккхина кхо дийцича, нехан догдадар бен са ер яц (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Догдахар.** Флиртовать.

берд байна тулг1енаш д1адаьлла дахар
чуьртана доладар хьоьга догдахар

хьо юьсу б1е эзар бехкаман долахь
есаллехь сан деган мохь хуьлий яха (А.Бисултанов. Цаевзарг).

**Догдохийла.** Флирт.

- Оцу хьан вашас, каторжнико, бохург дича, шуьниш чекхбевр буй?- Догдохийла а яц... (А.Айдамиров. Дарц). Цига ца воьдуш а, тешам боллуш ала йиш ю-кх хьуна сан: ялсмане догдохийла-м яц хьан! (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Доглазар (-ш).** Душевная боль.

Б1аьрсинойх лечкъабеш даг т1ера т1улг,
Тахана садетташ г1олахь,
Хьайн бала балхабеш, нах кхардочул,
Доглазар ду хьуна г1олехь (Х.Батаева. Цкъа а ма елхалахь, декъаза йо1).

**Догхаийтар (дагарахаийтар).** Предложение женщине вступить в половое сношение.

Цунна йиц ца лора Бикату. ШайтIано хьоьхура догхаийтар (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Догц1еналла.** Чистосердечность, простодушие.

Зараъ. Стенах дуьйлу шу?! Аса декъалбо 1ийсан сацам. Суна а лаьа!.. (Зараъ беларшца юкъахйоккху, маьхьарий: … «Муха хета шуна: Зараъ – юбка юьйхина мент».) Юкъах ма яхал со! Суна лаьа шун бераш кхетош-кхио, церан дегнаш чохь хазалла, адмашка безам, догц1еналла кхио (1.Мусаев. Бекхам).

**Догъэцам (доъэцар-аш).** Принять сопережевание, участие.

Д1авахча бен ца кхийти Абузар сайна мел ч1ог1а хьашт хиллера. Мел ч1ог1а оьшура тахана а цуьнан собарх, йохьах, юьхьах, доьналлех, хьекъалх болу кхетам. Дех санна, цунах дагавийлар. Цуьнгара догъэцам (А.Уциев. Айдамиров Абузар дагалоцуш).

**Долаяха (в, д, б).** Принять в свою собственность, ответственность.

Техника а цунна тIехь болх бечара а шайн долаяьккхира. Клубаш, яслеш, банеш цхьаерш наха талийра, цхьаерш шайн долаехира. Цхьаболчу наха шайн дайн хилла латтанаш дIалийцира (А.Айдамиров. Вайн амалш).

**Долг (-аш).** Древне-вайн. Жрец, жрица.

Васхала - в церквях и храмах имелись особо почитаемые места с подобным названием. Т. е. это были алтари, которые строились обычно посередине помещения. Жертвенную пищу и напитки, прежде чем их употреблять, ставили на этот алтарь. Молящиеся становились вокруг этого алтаря (чеч. *васхала).* Жертвенное животное, прежде чем предать его закланию, также окружали молящиеся вместе с жрецом, которого чеченцы называли по-разному, в зависимости от того, каким богам и божествам они в данный момент молятся: *долг, цIой, сиелг* (или *сиел), мозгIар, тиекъархо, леткъарг* (или *леткъаш верг), цIовг* и др. Вот этот церковный алтарь и заменял в доме-башне горцу-чеченцу серединный каменный или деревянный столб. Он находился в центре помещения, на том самом месте, где долгое время в священном очаге горел огонь, который обогревал семью, на котором готовили пищу, где висела с самого потолка до самого пола священная цепь, которой чеченцы клялись (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Долушдерг (-рш).** То, что есть имеющееся.

Оцу диттан гаьннашка гIа даккхийта оьшу хIаваъ – иза таханлера долушдерг ду (М.Ахмадов. Орамаш).

**Доллу (й, б).** Всё, целиком, без остатка.

Я суна дог1у-те доллу эхь-бехк а,
Ц1ечу ангалих доьхначу дийнахь?
К1ур хилла х1аваэ боьдучу мехкан
Алу йогу-те готтачу кийрахь?! (С.Яшуркаев. Абаден доза).

**Доне (доно).** Глуповатый человек.

Ши метар хиллал лекха дег1 долуш, царех ца хилча г1еххьа доно-о ву эр долуш, стаг хилла майра (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

**Дорс (дорсаш).** Место для колотых дров.

Х1инца йолаели-кх хьуна ткъорш,
Х1инца ву-кх хьо ц1ийнан сонийн тутмакх.
Пеша хьалха ц1арах хебе дорс,
Тар а тесна хьийза Ненан урчакх
(А.Бисултанов. Х1инца йолаели-кх хьуна ткъорш... ).

**Дос (-аш: ду-ду).** Валежник.

Буьйса ю тийналлин юргIа тIеийзош,
Сан цхьалха кор детта седано-хьешо.
Дос догуш тесна кIур шен багахь сийсош,

Оти чохь хинкIаш йо поппаран пешо (1.Юсупов. Пеш).

**Дошам (дошамаш).** Неол. Словарь.

ДагтIера дIайохуш стешхаллин гIоьмаш,
Даггара кхиош шен ойланийн стоьмаш,
Поэзин дитта тIехь кходуш шен га,
Цхьа маьIна билгалдеш, кхоллалахь шеко,
Майрра бIобулуш шен иллин аз деко,
Дош кхуллуш, дошамах ца етташ ка

(1.Юсупов. Даймехкан гIаролехь хан йоккхуш сема).

**Доь**. Ни следа, потомства.

Дахкарлахь ца дайта, доцуш доь,
Шераша дагахь гулдинарг –
ХIинца ас тIаьхьашха олу хьоь
Дуьненах айса хьулдинарг (Ж.Махмаев. Кхокханах тарйина сайна хьо).

**Доь доцуш, атало массо а къа сан,**
**Хьо цхьаъ ю аьлча ас дуьненал хаза (1.Юсупов. Карзахе безам).**

Доьзалаш чуберза ц1а доцурш, шийла
Балийна дог Iийжа бисина хийла.
Доь доцуш байначийн кхоэ сатийса,
Мел биси дахаре де доьхна хьийса? (Хь.Джебиев. Сан дог-м балийна 1ийжа).

- Ма хьегийтахьа соьга и баланаш, сан уьш лан хlинца де а дацара. Ма вайахьа со эрна арахь каш доцуш, доь доцуш. Дехьа суна и вошалла! (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). «Доьзал» дешан маь1на дан г1оьртича, гучудолу иза «доь» бохучу орамах хилар. «Доь шен маь1ница «х1у» дашна гергахь ду. Нохчийн маттахь иза дисна х1окху тайпанчу аларшкахь: «доь доцуш вайна», «доьза вайна». И бохург цхьа а лар а йоцуш, т1аьхьадисина цхьа цуьрриг х1ума а доцуш стаг вар ду. Доьзал - и доь (х1у) хилар, доь долор ду (М.Ахмадов. Нохчийн г1иллакх-оьздангалла). Мотт, гIиллакх дIадаьлла халкъ, синош бен ца дуьсуш, мацах цкъа дара, бохуш, къамелаш бен ца дуьсуш, дIадов, доь доцуш (Д.Сумбулатов. Къоман синмехаллийн хьоста мотт бу). 1995-чу шарахь, бIаьсте йолучу хенахь, зачистка йолуш, бехк-гуьнахь а доцуш, шен цIера лаьцна дIавигна, доь доцуш вайра Алдаман жимахволу кIант Ахьмад (Э.Минкаилов. Цхьа кхоллам). Амма сан хазахетар бух боцуш хиллера. Иза, суна еза йоI, Керлачу шеран буса гIалара арайолуш яйнера. Доь а доцуш... (Э.Минкаилов. Маьлхан дог1а).Х1уъа дийцича а, дагна х1уъа хьехча а, бода бале хьалха вахна хилла волчу шина стеган доь лаха дезаш дара, и шиъ Органо ваьхьна волуш санна, ткъа нагахь, дийна велахь, и шиъ шаьшшиъ гучувер вара иштта а (М.Завриев. Теш ма лаца).

**Доьг1на.** Имеет доп. значение: суждено, предписано, предначертано.

Кхин иза суна ган доьгIна ца хиллера… (Э.Минкаилов. Маьлхан дог1а).

**Доьг1нарг (доьг1нарш).**То, что предначертано.

Кегийраш! Х1инца шайн дой д1ах1итто бакъо ю шуна. Доьг1нарг дера дац шуьгара!.. (Д.Байсултанов. Борин ткъе кхойтта го).

**Доьза.** Без следа, без потомства; без вести.

Къеналлин и шийла шело...
Цхьалхалло совйоккху гIело,
Даг чохь хьекха болу мох.
Хилла безнарш, ший а доьзал
Дуьнен чуьра дIабай доьза...
Хазац царна беттарх мохь (М.Ахмадов. Зикаран гонаш).

Кертахь баьхна доьзал
ХIаллакьхилла доьза.
Салтичо, шерет деш,
ДIасадаьхьна цIетт а (А.Ахматукаев. Ц1а хиллачохь ор ду... ).

**Доьнчик (доьнчикаш).** Уст. Извозчик (извозчики).

Хьо ван-ма бакъ веъна, х1ай къена инарла, Хьо дика варна ас цхьа совг1ат дийр ду хьуна: Наггахь шарахь-баттахь сакъера, - Сеттачу поштанна йора дой доьжна, - Мехкарийн тхьамдий, жерочун жима к1ант арадилучу дийнахь, Церан поштанна хьалха хиъна дой лохку Доьнчик викха ас хьох х1ар дуьне мел дозу! (Нохчийн фольклор. Таркхойн к1ентан, Жерочун к1ентан, Жумин Акхтулин илли).

**Доьхьа (-наш.** См.: **Доьхьа-хьале.**

**Доьхьа-хьале (-наш).** Древненахск. Место в комнате, где молились языческим идолам**.**

В жилых башнях и саклях выделялся особый угол, где помещались различные религиозного характера предметы, талисманы, истуканы, изображения, которые вполне заменяли горцу церковную икону. Этот угол в доме назывался *барч* и *доь-хьале,* в основу которого могло лечь *йоъхь, доьхъа (Делан доьхъа, Делхьа)* (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Дуда (й, в, б).** Пропитать, всасывать.

Шовда дог1у дато суьйнаш луьйдуш,
Бердаш цара хьоьстуш хетало.
Керла илли ойланаша дудуш,
Г1айг1а йицъеш дог а делало (С.-С.Саидов. Гуьйре йог1у).

**Дуй.** Клятва.

ГIеххьа ойланаш а йина:

«ДIаяла, дуй, йоI, хьайн доцу захало ду ахь хьехориг… Iежин Муслим санна болу эсийн Iуй, бераша ловзон гIулгаш санна, карор бу хьуна хIора а юьртахь, вайца ца догIу къамел ма де, дуй, лан хала хуьлу иза ша висча», – элира ахь, цхьа гIийлуо-о велааьшна а дина (М.Бексултанов. Терза).

**Дундал (-ш: ву-ю).** Дурень, оболтус.

**Дурвас (дурвесаш: ю-ю.)** Разг. Помутнение, потеря соображения от ярости.

**Дурдалийта (дурбахийта).**Жарг. Устроить вакханалию.

Ас ламанан юьртан синкъерам а гойтур бу шуьшинна. Марсабаьллачу хенахь, чиркх дIа а бойий, «Дурдалайта!» ,– олуш болу синкъерам, – элира жимчу стага, чIоггIа вела а луш (М.Ахмадов. Къозана-1ам). ХIинцалера синкъерам синкъерам бу? Даркеш жима волуш хуьлура-кх синкъерамаш! Дера тоьур дара-кх чуьрчу кегийчу нахах цхьамма къуьда дIа а бойий: «Дур бахайта!» -олий, мохь тоьхча, деган тохадалар-м! (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Дурз.** Старин. Правда. Источник: **Дурзмие корта** (Дурзмие корта) «Правды вершина» - на с. границе общества, поднимается на с.-в. селения ЦIамада в 2 км. к в. от вершины РогIан корта. Высота наур. м. 2450,1 м. Вероятно, в основу легло вайн. *дурз* - правда, праведный и т. д. (из кн А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Дурзе.** Старин. Праведный. Источник: Вероятно, в основу легло вайн. *дурз* - правда, праведный и т. д. (из кн А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Дурсалла.** Солидность, важность.

Иза цуьнан цIийнах стаг вара. Маж а йитина, карахь Iаса лело воьллера иза, дурсалла дезаш (Хь.Яндарбиев. Кавказе бог1у некъ).

**Духахьара (й, в, б).** Своенравный, самовольный, непослушный.

И къаьсттина мехала ду, керстаналла (язычество) маIадоьллачу ширачу Грецехь аьлла хиларна (С-Хь.Кацаев. Динан философи).

**Дуьненахь.** Слово усиливает отрицание .

Амма вашас дерзош ца хилла, дуьненахь вуьтур вац ша бохуш нехан дехарна жоп луш ца хилла (М.Баснакаев. Соип-моллас бина машар).

**Дуьхие (дуьххие).** Подножье чего-либо.

**Дуьхие ара** (Дюхие ара) - урочище на восточной стороне. *Дуъхие* - подножие, нижняя граница (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Дуьхь (-аш) (духьлоцу).** Диал. Конец уздечки.

Цунна т1аьххье, и д1а а хилош, араваьллачу Жумагельдыс, веана шинна а мара а кхетта, воккхачо санна маршалла а хаьттина, дуьхь лаьцна, йигна, махана къайлаяьккхина, говр д1а а хецна, цунна хьалха докъар а диллина х1ума дира, г1о дан г1ерташ, гонах хьийзачу Арсене куьг а ца тухуьйтуш (З.Яндарбиев. Шешенаш).

**Дуьххьалд1а.** Прямо в лицо.

Iаьнан юккъерчу беттан буьйса генна кIоргеяхана хан яра тхо новкъадовлуш. Гуобаьккхина цхьанаэшшарехь охьаоьхучу лайно дуьххьалдIа цхьана, кIайчу бамбин баса дерзийнера дерриг а Iалам (Ш.Дашаев. Кхочушхилаза дисина захало).

**Дуьшана (-ш: ду-ду).** Архаич. Удобрение. Встречается у писателя Окуев Ш.

**Д1аайван (й, д, б).** Поднять и понести куда-то.

Хаттар дан дагахь, ас бага г1аттошшехь, цара цхьаьний т1екхетта лаца а лаьцна, д1авихкира со муьшаца. Д1аайвира тхан ц1енойн лаппаг1а йолчу аг1ор (М.-С.Исламов. Юьртан 1овдал).

**Д1авала (й, д, б) (!).** Соответствует русск. выражению «да ты что!».

Чхьочу: Сан йиш яц, Сулба, нахана нускалш леха. Со суо ву цхьаъ схьаяло дагахь. Нускал карийна суна, хьолана дукъа а делла! ДIавала! Ахь хIун дуьйцу! (С-Хь.Нунуев. Лулахой – 2).

**Д1адаьлларг (-ш).** Ушедшее.

- Д1адаьлларш дуьтур вай, Санет. Уьш вайга нислур дац. Цулла а хьо хьо х1ун ддеш ю дийцахьа? (Хь.Яндарбиев. Шера-шуьйрачу арахь).

**«Д1аз»-аьлла.** Звукоподражание при разбитого чего-л.

**«Д1акъажо».** Разг. Прост. Намекнуть.

**Д1акъовкъо.** Прост. Убить, заткнуть.

Хьуьнхахь тIе а Iоттавелла, паччахьан эпсар дIакъовкъийра эр ду-кх (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Д1аларар (-ш).** Засчитать, подсчитать.

Оцу мифологехь белларш т1еоьцуш, церан чот лелош зуда-дела хилла, «писарь-богиня» а олу цуьнах, д1аязбеш ерг. Оцу зудчун ц1е «Гешденана» хилла. Цу заманчохь «геш» бохург учет, д1аларар бохург хилла хилар го кхузахь (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Д1алиста.** Перебрать, приводить в порядок, утрясти, завершить.

Хьаькамашца гIуллакх а догIуш, юьртана тIедеъннарг дIалиста доьналла а долуш стаг ву СаьIад... (А.Айдамиров. Дарц).

**«Д1арж»-аьлла («д1аз»-аьлла).** Звукоподражание звуку разбиваемого чего-л.

«Д1арж» аьлла мийра тоьхна, цицкана «м1аьв» ала г1о а еш, «шхьовв» аьлла и шиъ кертан цхьана маь11е ластийна, «къакъарашт» аьлла д1а чу туьлу со (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Д1атаръяла.** Устроиться, пристроиться.

Царал йоккхахйолу кхо йиша: Iашат, ПетIа, Малика хIетале маре яхана, шайн-шайн доьзалш болуш, дIатаръелла яра (Д.Кагерманов. Нохчо ву хьо?).

**Д1ахердан (й, в, б).** Дистанцироваться от чего-то, посторонить.

ХIай, беттан серло, беттан серло,
Берриге хIинца хьох дIахерло,
Амма ас доьху: хьо ма гIелло –
Ширделларг мацца а хир ду керла (Ш.Цуруев. Беттан серло).

**Д1ахьедар.** Предупреждение, заявление, иногда употребляется в смысле предупреждения.

Амма цуьнан базарш кIорда а йина, дайша-наноша райОНО а, райкоме а аьрзнаш яздина, комисси а еана, и хIетталц ларвина волчу ишколан директорна а тIехь дIахьедар а деш, дIаваьккхира (К.Чокаев. Хьехархо). – Ма дийца хьаштдоцург, – бохуш, х1инца дукхах йолу хан кхунна уллохь йоккхуш йолчу шен цхьаъ бен йоцчу йо1а а д1ахьедарш дора цуьнга. Амма иза цуьнан шен ц1ийца долчух тера дара (Ш.Дашаев. Бекхам).

**Д1ач1або.** Прост.-разг. Заткнуть рот.

**Д1ашарвала (й, д, б).** Прост. Двигаться по ровному месту без препятствия.

Басех а ваьлла, Муьше дукъах дIашарвелира со (Хь.Яхъяев. Киртиг).

**Д1а1адда1ан.** Промолчать, не возражая.

Аса-м хIумма а ца элира Таиса Мухтаровне. ДIаIаддаIийра, бабас Деркига ма аллара, вайна йиснарг йоккха хан а яц, юкъехь чам-безам буьтур-кх айса аьлла, цхьаьна яьккхина хан а башха безам болуш яьккхина а ца хилча (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна).

**Д1аьвшаха.** Ядовито.

Бакъ хьаьшна, коьртехьа кхевдина,
Саьрмикан кхес уьйу эвхьалла
Шен китахь д1аьвшаха егаеш,
Цу махца, ц1е санна, хьийзина,
Кохьаран и къамкъарг,чарх аьхьна,
Юкъаелча юьстах тийсина,
Чарх ахьарх,ца кхалха шаьш хьаьхна,
Синош 1а цу 1аьрша диссина (Хь.Яхъяев. Синош 1а цу 1аьрша диссина).

**«Д1ов»-аьлла.** Звукоподражание грохоту чего-л.

«Д1ов» аьлла бага а г1аттийна, «лап-липехьа» б1аьргаш а къарзийна, «парх» аьлла соьга стенна хьоьжу хьо? (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Д1о (д1о-о).** Вон туда (указание).

– Тхо и дIо-о Суьйра-Коьртана уллохь баьццарчу бай тIехь ловзуш дара (Ж.Махмаев. 1аьржа ц1е).

ДIовш а дац хьуна…
ДIо-о варшара, ворта а яхъеш,
адмах бIаьрг кхетча,
къахка дагахь, сакх хуьлий, схьахьожу и экха санна
(Л.Абдулаев. Хьомсарниг, моз ду аллал).

Д1о-о гу т1ехь гулбеллачу мехкаршна юккъахь лаьттачу Заремас, нагахь санна хьан говр хьалха ялахь, ша хьоьга йог1ур ю аьллера Хьасане (Д.Байсултанов. Борин ткъе кхойтта го).

**Д1оша (-ой).** Старинное. Лошадь золотистого цвета.

Д1а а, схьа а хьовзийра, д1оша хьалабуьйг1ира, малхбалехьа. Цигга экъа кхачалора, 1ин 1уьллура дуьхьал, и экъа а санна, лам а, боьлак а хадош дижна, охьа чухьаьжча, д1о чохь чоь а йолуш, дедда доьду Гих а гуш (Хь.Яхъяев. 1ин т1ехь дин).

## Е

**Ездари (-ий,-еш).** Парча, атлас (ткань).

Лакхарчу г1али т1ехь мисаран мехаца, Ездарий тоьгуш, хиъна 1аш йолчу Ворх1 вешин йишин сирла б1аьрг ма кхийтира Бос хазчу Мусах, х1ара гучаваьлча (Нохчийн фольклор. Бос хазчу Мусан илли). Ва сарахь суьйренца, бузучу малхаца, Суьйренах къаьстина булучу боданца, Шен нанас биллинчу к1едачу цу меттехь, Ездарийн ва юрг1а белшех ва хьерчош, Набарна тевжира бах ва ненан цхьа к1ант (Нохчийн фольклор. Анзоран зазин илли).

**Елааьшна (-ш).** Подобие улыбки на женском лице.

Тамара Магомедовнин «звездный час» олуш дерг хIоьттинера экзаменашкахь. Iаш ма яра моьттахь, дуьненан паччахь ша хаьржича санна, халла къаьсташ долу елааьшна а далийна балдаш тIе, бIаьрнегIарш жимма тIеттIа а дахийтина, корта гIийлла дIаса а боьхкуш (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна).

**Ерда (-ш, -наш).** Старин. Крест.

**Ерди чу** (Ерди чу) «Ерди в» - древнее культовое место на берегу Яьсси. Ерда выступало в нескольких значениях в период христианства: крест, святилище, Георгий святой, крещение. Имел несколько дериватов: Эртина, Юьрда, Йортой и, наконец, Ерда (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Ерди-бIогIам (-аш)** - так называемый священный столб, строился из камня (реже – из дерева) посередине жилой башни. На этот столб опирались межэтажные потолочные перекладины, но не только поэтому этот столб назывался священным (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Еса.** Сура из Корана.

Малхбузехь гIорийча суьйренан зIаьнарийн мекха,
Йиш хаьлла Iаьнан мох баьлча шен ма-хуьллу хьекха,
Сайн дог ма-карийннехь, куьг доцчун пхьош санна, деса,
Деллачу хьан вастан гIевлангахь ас доьшу еса…

(1.Юсупов. Буто ша ма-биннехь хIорда чу хьоьдучу хишна).

Лахьти чу дижира дакъа,
Упханех накъост веш заккъа.
Барз бира: дийшира Еса.
Хийтира дуьне цхьа деса (Л.Ибрагимов. Хьалатосуш и можа латта).

**Есалла (-ш).** Пустота. Вакуум.

Хеташдерш, шайна а кхета ца кхеташдерш,
Есалла,1есалла –
Лакхарчу т1ег1а т1е х1иттийна йолу

(Х.Батаева. Сан п1елг бен буйна ца хоьу и ц1инц1олиг-куьг...).

Адмийн кхолламийн оьмар
Седарчийн есаллехь ю,
Вайн синош хан кхаьчча кхалхар,
Седарчийн къайле ма ю (С.Элисханов.Седа).

Само йина БитIакъа, цуьнан и само хьалха а яьлла, ши дакъа даза Зазу а йисина – Джамболатан Хьатус, яькхина, йишина тоха аьлла, лакхара охьаластийна шаьлта ша цестина дIасадаьллачу хIаваан есаллехь сецна, БитIакъ кIел куьг таса а кхиъна (Хь.Яхъяев. Беларехь лела велар). Суьйренашца я буьйсана, дийнан г1ар къаръелла, хьайн ойланашца цхьаь вуьсуш, хьо хьуо хьайца хьежаваьлча, айхьа лелорг а, х1ара дуьне а, х1ара адамаш а, зама а ма эрна г1овг1а хета-кх хьуна, ма х1умма а доцу х1ума, цкъа маццах, беран хенахь, дицделлачу г1енах терра, меттахъхьоь цхьа сарташ, цхьа моттарш, 1индаг1аш, дагалеца дагалецам а боцуш, пана кирчинчу есаллехь… (М.Бексултанов. Самаваларе самавалар... ). Бердах воьдучо г1орасиз х1аваэхь тийсаваларх терра, буьйсанан есаллехь пана евлла ойланаш т1егульян г1ерта Медни (М.Айдамирова. Дахаран аг1онаш луьстуш). Сан дог а, сатийсам а ца бисна хьога хьежа, еккъа есалла йоцург. 1уьйранна, кор д1адоьллушехь, ягаран хьожано юзу сан чоь. Хьо воцу керла де ду догург я сан хьоьга сатуьйсу дог ду морцург? Оццул хан яьлча а ца 1ема со хьоьга ца хьежа, ца 1ема хьоьга са ца тийса… (Тамаш. Ас хьуна сайн байташ йоьшу...).

**Есане (-ш).** На чеченских похоронах кого-либо, когда читают ясин - суру из Корана.

Т1аккха шен кечам бина 1аш волчу Мовлас элира боху: - Х1ан-х1а, Сайди, со а есанехь соцур ву, ткъа хьо балхахь хила дезаш ву, д1аг1о (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

## Ж

**Жагно (-ш).** Старин. Манускрит.

Вайн барт хилахь, х1инцца д1аболо беза Нохчийчохь а, РФ-н 1едалан структурашца а, Казахстанехь, Киргизстанехь вайнехан, шаьш 1ийначу меттигашкара архиваш т1ехь болх бар, ишта кхиндерг а. Масийтта томах лаьтташ хирйолу «Иэскъалан таьптар (жагно)» (Книга памяти) х1отто йоло еза (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**Жазлаг (-гаш).** Птица.

Цунна боьлхуш бара хьан ши б1аьрг,
1уьллу шуьшиъ х1инца ул-уллехь…» -
Иштта олу ас йо1ана илли.
Кхин ца дека жазлаг я г1алерг:
1аламо 1аьржа кортали тилли…
Гой-те кху дуьненна соьгахь дерг? (С-М.Гелагаев. Юкъахьялла хан).

**Желто - желтой.** Древненахское. Грек (греки).

1944 шо дола ма делла, юх-юха нохчий, г1алг1ай арабахарх, бохабарх хабарш хеза дуьйлира. Кхарачой, г1алмакхой х1етале шайн мехкашкара арабаьхнера. Г1ирмалой-г1езалой, Волгица хилла немцой бохийний хаьара массарна а. Ткъа желтой бийца а ца оьшура... Церан даймохк кхузахь ца хиларна, иза тамашийна а ца хетара цхьанна... (И.Эльсанов. Хилла я ца хилла).

**Жалал (-ш).** Прост. Региозные трактаты.

Г е л а м с о л т а. Ушурма, хьо халбата хиъна, ахь хьайн дегIана ницкъ беш Далла гIуллакх дар Дала къобал дойла. Амма хьоьга хатта цхьа хIума дара сан. Цкъа хьалха Къуръанан маьIна а Iамийна, жайнаш, маьхьаллаш, жаллаш а дешна, Iилманехь кIарг а велла, ХьаьжицIа вахана хьаж а дина, стенна ца хиира хьо халбата? (М.Ахмадов. Алдара Ушурма).

**Жамотт (-жаметтанаш).** Стоянка для отар овец.

Малх чубузуш, цхьаннан жамотт лаьттачу кхечира тхо. Хьалха цхьа Iин дара, цул дехьа басахь йина масех керла гIишло а яра, цкъа хиллачу тIулгийн гIишлойн херцарш а гора (М.Ахмадов. Чехкачу хи чохь г1айренаш).

**«Жарашт»-аьлла.** Звукоподражание быстрого рывка с места чего-л.

**Жараштнехьа.** То же самое, что и «жарашт»-аьлла. Звукоподражание резкого действия нескольких машин или людей.

Маьлхан сибат адамашна дицделла дог1ура. Шолг1а бутт а аттачу баьллера иза кхоччуш гучубалаза. Наггахь чехка лелачу мархаш юккъехула схьакъедий, «х1уьссиг, со безарий шуна» олий, юха а къайлаболура. Малхана йокъа елахь а, хоттана-м шорто яра кху шарахь. Т1ехйолучу машено г1аш воьдучунна, цуьрриг а цунах эхь а ца хеташ, «жарашт»нехьа т1е а бетташ бара иза (С.-1.Юсупов. Бекхам).

**Жерахь (жерахь йиса).** Остаться вдовой.

- Э, елла яла хьо, мехкарийн тхьамда, Жерочун к1ант вийна, жерахь йиса йоллу-те? Хьо йоха ма йоха, мехкарийн тхьамда, Хьо кхера ма кхера, мехкарийн тхьамда, Дуьххьар х1уттуш вац хьуна жерочун жима к1ант И санначу т1аме (Нохчийн фолклор. Таркхойн к1ентан, Жерочун к1ентан, Жумин Акхтулин илли).

**Жигарбаккха (й, д).** Активизовать, ускорить.

Советан Iедал тIедеанчул тIаьхьа нохчийн халкъан барта хазна дIаязъяран а, зорбанехь араяккхаран а гIуллакх дикка жигарадаькккхина нохчийн литературина дуьххьара юкъабаьхкинчу яздархоша Нажаев Ахьмада, Бадуев СаIида, Сальмурзаев Мохьмада , Iилманчас Мациев Ахьмада, дуккха а кхечара а (НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА. Х1от. Джамбеков О.А., Джамбекова Т.Б. 1-ра книга). Школехь мероприятиш кест-кестта вовшахтухуш хиларо жигарбоккху дешархошца кхетош-кхиоран декъехула беш болу болх (1.Мегидов. Гелдаганара хьехархо).

**Жигетка (жигетканаш).** Женские свитера.

Цхьа кегий нах кхиъна вайна, Шайн дагахь кура болуш. Жигетке бен са ца къоьруш, Касенке бен д1а ца хьожуш (Нохчийн фольклор. Учётчикана лекхна йиш).

**Жиг1ар.** Быстрый танец.

Шен боккха хIоз лаьттах схьа а хаьдда, айбелла боьдура и, юкъ-кара башаза бисинчу тхин тIадамца жигIар бохь а буьйг1уш бацалахь (Хь.Яхъяев. Хине йийца г1айг1а).

**Жиг1арен.** Вертуозного (о качестве).

**Жима-воккхалла.** Младший-старший по возрасту.

Хьуна хийла дагаоьхур ду (хьуо бер долуш дуьйна схьа), царна юкъахь хилла гIиллакх, церан лерам, жима-воккхалла (М.Бексултанов. Дахаран хин генара бердаш).

**Жирга (жерга, жерге и.д1.кх.).** Мрачно-отталкивающее.

Полковник Галаев жерге хьоьжура кхузарчу бахархошка (А.Айдамиров. Дарц). Д1акхаьч-кхаьччохь дуьхьал кхет-кхеттарг, - куралла бала бохку х1ара нах, - тхо шайна жирга хеташ делахь а, къарззий цкъа тхоьга а хьовсий, т1аккха юьстах а лелхаш, еккъа ц1ена цхьа саг1адоьхурган яра-кх тхо – х1ун до ахь цунах дукха дийцина! (Д.Б. Довза-деза лаахь, тхо – х1орш ду-кх тхо шуна).

**Жирданаш.** Плоды акации.

**Жоьлкалла.** Жульничество.

Рицкъа-м лахаза ца долу, амма и помидораш, наьрсаш, хохаш, картолаш лелийна, ялта дийна, даьхний кхиийна, маша даькккхина, шен дег1ана хьацар даькккхина, ницкъ бина даккха ца лаьа, тайп-тайпанчу къоланца, харцонца, жоьлкалца деза (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Жоьпалла.** Ответственность.

Ас и хала дукъ сайн коча ийцира, сайна даймохк безарна а, республикера бусалбанашна хьалха сайн хIун жоьпалла ду хаарна а, хIунда аьлча уьш цIеххьана динан корта а боцуш бисарна. ТIамо адамаш хIаллакдо. Амма церан доьналла а толлу цо», – яздора Кадыров Ахьмад-Хьаьжас (С.Магомадов. Кадыров Ахьмад-Хьаьжин политикехь хьежамаш).

**Жоьра.** Старин. Вдова.

> ХIуъа дарх ца иккхи божаршна ахь боьгIна гур,
> Лаьцначун озаца бекабеш хьан цхьаллин боьра...
> Хьан коран экъанахь ца ловзу седарчийн нур –
> Дог ду хьан эмгаре, цундела дегI а ду жоьра... (И.Юсупов. Хьоь ала дош ду сан... ).

**Жоьраяьла (й, б).** Овдоветь (о женщине).

> Жоьрадаьлла хьийза мехкан дахар,
> Цхьалло дуу мулкалмотах са…
> Шовкъ ца юьтуш дикане дог даха,
> Б1ешаро а, дахна, хаьрци ха… (1.Саиев. Дог доьлху).

**Жоьрда (йоьрда, ерда: -аш**). Устар. Крест.

Йоьрдие хи (Йердие хи) «Георги цIминда хеви»,- речка, л. пр. Аргуна. Путем многочисленных сопоставлений и сравнений установлено, что вайнахи Георгия называли Йоьрда (Йоьртие) Жоьрдие, Гоьрга. Во многих случаях отмечено, что этим же термином *йоърд (жоърд)* вайнахи называли и крест наряду с параллельным *жIар,* груз., *джвари*(из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).Слова йоьра, йоьрг1а – бегущий, скачущий одинаковой пробежкой четырмя ногами лошадь, по нашему мнению, также восходят к данному корню слова (Д.Б.).

**Жуббан.** Грубым способом укоротить или плиссевать что-либо и одежде, материи и т.п. (часто неумелым).

**Жухаргалла.** Клоунство.

БIагал. И хьуна тIераниг хIун духар ду, жухаргалла лелош-м вац хьо? (М.Ахмадов. Денисолта).

**Ж1а1аж-мохь (ж1а1аж-махьарш).** Жир с внутренностей животного.

## З

**Заа (-ш).** Залог.

> Зерийн дуьхьа шахьар юьллуш,
> Заан дуьхьа вала дуьллуш,
> Кхуьу адам –
> Кхуьу сан къам (И.Ибрагимов. Сан къам).

> ЮьхьIаьржа хIоьттинчохь бехказа ца вуьйлуш,
> Шен доцчу хьекъална хьалха цавийлар.
> Халонах ца уьдуш, заане кхийдаш,
> Iаламца, адамца догцIена хилар (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

**Завт (зовт: -аш).** Старин. Завод.

Даттахехь х1инца а олу хьалха заманчохь гериг еш хиллачу меттигах завт лаьттина меттиг (Д.Б.). **Яьссен завт** (Яссин завт) «Яссен завод» - завод, где выпускалась черепица. Владетелем ее являлся аккинец Яьсса. **Темир завт** «Темира завод» - черепичный завод, находился в черте села, владельцем ее был Темир ... **Зовташ** (Зовташ) «Заводы где». Урочище на северо-востоке, где в старину находились примитивные черепичные заводы (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**ЗагIбагIне (-ш: ю-ю).** Архаич. Игрушка, яркая поделка. Встречается в произведениях Окуева Ш.

**Зайл-йоза (зайл-йозанаш).** Клинопись (-си).

мацах ас мотт лен а валале
Нохчийчохь
ширачу б1авнаш т1ехь яздина
зайл-йоза дешна ма-хиллара (А.Бисултанов. Дагалецамаш).

Иштта уьш т1едовллал къена-м яц хьуна иза: дахаро хьистина ца хиларе терра, кхолламо, сацкъар т1ехь санна, та11ош йихкина хьаьркаш ю-кх. Х1окхунна бен деша хуур доцу зайлйоза (М.Айдамирова. Дахаран аг1онаш луьстуш).

**Заккъа.** Устар. Декъана (дечигах).

Лахьти чу дижира дакъа,
Упханех накъост веш заккъа.
Барз бира: дийшира Еса.
Хийтира дуьне цхьа деса (Л.Ибрагимов. Хьалатосуш и можа латта).

**Залал.** Прост. Ложь.

**Зал (-аш).** Старин. Хребет.

**Зарга-зале** (Зарга-зале). Живописное место на с. Бена. Вер., древний стадион для военных и спортивных игр. *Зарг* - щит, *зал* -гребень хребта. Щит – хребет (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Залжалалла.** Из арабск. яз. Всемогущий.

Малх, буза бегийна,
рег1а лахбелча,
Суьйре а, даш санна,
сайна язъелча,
Ойлане дарц даьлла
со араваьлча,
Даймахке вуссу со,
я Залжалалла (М-С.Гадаев. Даймахке сатасар).

**Зангдала (й, б).** Старин. Затвердеть.

Кхагарен 1индаг1аш мармаран т1амаран
Шагделла синпхенаш огуш,
Даьгначу илхан чим т1е туьйсуш,
Ткъарше и дерзийна, ц1ийх т1улган ийна –
Къаьхьачу къематан эккхаро ц1е тесна,
Хьо – кийсиг г1айренан – йогуш,
Зангдоьлла т1улган дог царна
Адаман дагал а к1еда карийна... (Р.Супаев. Херосиме).

**Занкъ-аьлла <саца>.** Звукоподражание остановки движения чего-л.

Кхано: «Чорпа яахьа, Дордал», - аьлла, «занкъ» аьлла суна хьалха бога х1оттош воллу х1ара (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар). Иза ловзуш йолчуьра юкъах а йолий, занкъ-олий кIегар а хуий, леррина берзан бIаьра хьожу (Л.Яхъяев. Гиххорйн Таймасха). Цу аг1ор ас йиъ г1улч яьккхича, аг1он т1ера цамза 1аэккха санна тоха а белла, юха а бирзина, «занкъ» аьлла сецира (В.-Хь.Амаев. Эдал).

**Зaралла (-ш).** Порез, вмятина.

Замано халла ерзийна чов йиллина д1аяхийтира, аьртачу туьро юьтучух, цкъа а йоьрзур йоцу керла зaралла а юьллуш (М.Айдамирова. Дахаран аг1онаш луьстуш).

**Зарг.** Щит.

**Зарга-лам** (Зарга-лам) «Щит-гора» – тоже Хьалхара лам – на юге с. Хорочо.Зарговз – оружейник от зарг + говз (из кн. А.Сулеймангова. «Топонимия Чечни»).

**Зарговз (-анш).** Оружейник.

**Зарга-лам** (Зарга-лам) «Щит-гора» – тоже Хьалхара лам – на юге с. Хорочо.Зарговз – оружейник от зарг + говз (из кн. А.Сулеймангова. «Топонимия Чечни»).

**Зарговзе.** Оружейный.

…Нохчо НАНАС шен дуьххьара дуьнен чу ваьллачу кIантана ша йойтуш хилла зарговзе шаьлта (А.Сулейманов. Весет ду сан... ).

**«Зарранехьа».** Звукоподражание мелкой дроби.

**«Зарранцехь».** Звукоподражание мелкой дроби (колокольчика телефона и т.п.).

Телепон, цIогIа цуьнан, хаддаза къора кхийсалуш, «заррранцехь», зар хезаш, ца хедаш, детталуш (М.Бексултанов. Къастам).

**Заррат (-аш).** Атом.

Амма Лечас тIулгашна тIера «моьнаш» дешарх тоам ца бо, цо мацах цкъа Iилманчаша атоман (зарратан) санна, оцу тIулган къайле (вайн къоман дахаран, историн къайле) йостург хиларан шен дегайовхо гучуйоккху (М.Ахмадов. Абдулаев Лечин цхьана стихотворенех а, и йоцчух а). Со самах, гIенах а воцуш, гуш а, хезаш а, кхеташ а воцуш, со цу буса син са дара, син мIаьрго, заррат ойла, чуьркан тIоммал цхьа пардо, Iаьнаран Iаь, узаран ов М.Бексултанов. Кехат). И стихотворени кхоьллина зама - зарратан (атоман) а, кхитайпа а кхераме герз 1а1ар, 1алам талхор, керл-керла цамгарш яржар бахьанехь латта х1аллакьхиларан зила т1е кхачийна, дуьненан а кхоллам цхьадолчу адамийи лаамах боьзна болу вай деха зама ю (М.Ахмадов. Г1иллакх-оьздангалла). Дуьненан кхин йолчу марзонех хада а, хадаван а тарло стаг, уьш шен сих д1ахадаян, херъян, якъо, йицъян... амма Нене йолу марзо ойланех хилла ца 1а, иза сицан х1орачу зарратаца лела ... Цуьнцана стаг ла а ле. Велча а, цуьнан Ненан Ц1арца Далла дуьхьал хьажаво иза (Д.Байсултанов. Нохчийн халкъан илланчин деган мукъамаш – Султан Яшуркаевн поэзин дуьне).

**За1ам (за1ма).** Сура из Корана.

Д1авоьллигчул т1аьхьа коша т1ехь Ясин, За1ам ца дешахь а, Къуръанан цхьацца аяташ деша а, до1а дан а ма дезара (А.Айдамиров. Дарц). Каш буьйсана дакккхира ас, шоьтан буьйсанна, цхьаллехь.К1иран буса йоьллира д1а, за1ма а я кадам а боцуш (М.Бексултанов. Мичахь, муха диццелла хьуна... ).

**Заьнгел-чарх.** Швейная машинка «Зингер».

И топох заьнгел чарх къайларах терсаеш,<br>
Коре лахъелла,<br>
Генарнаш т1еуьйзуш тегнараш д1атоьттуш,<br>
Хиъна 1аш хиллера, тов, и ворх1 вешин йиша

(Нохчийн фольклор. «Бос Хазчу Мусин илли»).

**Зевналла.** Прост. Звон.

Хьан бIаьргийн серлоне дуьйлуш,<br>
Хьан озан зевналла муьйлуш,<br>
Сан къинна дилхина маликаш,<br>
ДоIане хIиттинчу гурахь (Л.Ибрагимов. Бес-бесара г1аннаьарш яйра).

**Зеделларг.** Опыт.

**Зерет.** Из арабск. «поколение».

**«Зизи» («зизи» вац (й, д, б).** Прост. Не лучший (оценка).

Бераш санна дуьххьалдIа берш, шаьш деллачу дешан дай... Билггала бакъду, царна юккъехь а бу кхин «зизи» боцурш... (М.Ахмадов. Орамаш).

**Зилбукъар (Зилфикар – в ар. яз.)**. Истор. Меч пророка Мухаммеда (1.с.с.), подаренный пророком Али – халифу Арабского гос-ва .

- Цаьрца хьуьнар къовса воьду со, - аьлла д1аволавелла к1ант, шен зилбух1ар тур а эцна (Нохчийн фольклор. Майра к1ант).

**Зина (зинаш). Прелюбодеяние.**

Мах бале зудчух хьакхавалар хьарам дина, дихкина. Мах бале и шиъ цхьаьна Iер зина лору, оцу хенахь кхоллазелла доьзалхо къутIа лору, иза иманехь хир вац, иза дена-нанна а, нахана а бале вер ву боху (А.Айдамиров. Дарц). Цхьана хенахь къоланаш дина а, маларш мийлина а, дукха зударий кхийлина а, зина лелийна а нах (А.Айдамиов. Вайн амалш). Майранаш а, зударий а вовшашца хьарам, ямарт, аррехь зина лелош хир бу (А.Айдамиров. Дарц). Шиннах цхьаъ вукхунна ямарт, зина лелош делахь а; шиннах цхьаъ доьзалхо цахиларна бехке делахь а; шиннах цхьаъ иэсах даьлла делахь а; шиннах цхьаъ бIаьрзе делахь а; шиннах цхьаьннан дарба доцу цамгар елахь а; шиннах цхьаьннан цхьаьна Iен ца мегаш Iоврат сакхт делахь а; майрачух дIакъаста зудчунна бакъо ло, нагахь санна майра барамал тIех верстина велахь а (А.Айдамиров. Вайн амалш).

**Зиналла.** Половая распущенность.

Х1ора т1екхуьучу чкъуре д1ало цхьана адамаша шайгара ийман, оьздангалла, дикалла, къинхетам, комаьршалла, тешам; кхечу адамаша нисса цунна б1останниг: 1есалла, хот1алла, волла, къизалла, писалла, зиналла (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**Зинахо (зинахой).** Развратник, развратники.

**Зиндана (-ш).** Подземная тюрьма (яма) во времена имама Шамиля. Грам. кл. – ю.

Йоьдучун а, ялочун а бертаза зудчунна тIе зуда йига дуьхьалваьлларг зиндана чу а вуллий, иза реза хиллалц дийнахь-буса цуьнгара эппаза гIуда а доккхуш, цу чохь латтавора (А.Айдамиров Вайн амалш).

**Зингала.** Трекучий мороз, мерзлота.

**Зовза (зевза).** Звенеть.

дара хьан синметта йоссар
д1аьндарган ц1ог1анал зевза
яра хьо суначул башха
хьайн 1индаг1на а ца евзаш

(А.Бисултанов. Х1ора хьан шеконан м1аьрго).

**Зовдийла.** С шумом стучащее.

Иллешкахь зовдуьйлу дог Дала суна а делла,
Цундела со а ву тахханехь ала кечвелла:
«ДегIан чарх сайн берта яхале Iожаллин кхашца,
Суо виц ца вайта ас шун синош къагор ду дашца»

(И.Юсупов. Поэтан кхоллам).

**Зовр (зовра: -ш).** 1.Зовр (ду) – томление, истома. 2. Герб.

2.Пачхьалкхалла билгалъеш йолчу гербах олуш хилла зовр (1.Юсупов. Нохчийн мотт къен бац).

И Iаьвла мехкарий –
Са лоьцун апари.
Доь-дилхан зовра,
Вайн хьаштийн ковра (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

Доь-дилхан зоврана къила а вахна,
ГIертар ву къона дог шерашца къардан.
Вала воьжнарг дахарна реза ца гарна,
Дезар ду хIара дуьне цхьанна къахьдан (Л.Ибрагимов. Г1аддайча... ).

**Зор (зоьр, зоьрт).** Устар. Могучий, выносливый, сильный, стройный и т.п.

**Зурзукъа** (Зурзука) - живописное урочище на юго-востоке села в районе Зазарг_ане. Этимология названия затемнена, но *зоър, зор, зоърт* (устаревшее чеч. - высокий, стройный, великан, могучий, богатырской силы (человек). *Зарг* - щит, *къо* - употребляется и в наши дни чеберлойцами в значении «гражданин», «человек», а также в чеченском и ингушском языках в значении: сын, сыновья, потомки. Зурзукъа, возможно, могло сложиться из *зор + зарг + къо.* Напоминает древнейшее этническое название чеченцев «дзурдзуки», встречающееся в «Картлис цховреба» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Зоьрта.** Уст. Здоровенный.

Цхьа зоьрта ойла ю со волчу оьхуш,
Цхьа онда дешнаш ду сан лерехь декаш,
Ойланна гIовс хила кийча ду шаьш, бохуш (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

**Зудаг1ам (зудаг1емаш).** Колдунья.

Дагахь ошшада дийшира цо. Амма зудагIам дуьхьалара дIа ца долура (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Зудборз.** Волчица.

Нанас чоь Iадайо, нана тIекхета, аьрзу санна, шен кIезишна зудборз санна, кIант хьестарца, къа дехарца, неIалташца, девнашца (М.Бексултанов. Цу дийнахь, Нохчийчохь, и жима к1ант вийначу дийнахь... ).

**Зуд-кхахьпалла.** Проституция.

Иза кестта гучу а ма делира – церан барт цахилар: оцу таро йолчу цхьаннан йоIа зуд-кхахьпалла лелийча, цу стагана хIумма а ма ца дира хьуна цара, шайн йоIаца леллачунна, йоIаца дерг а ма ца къастийра (М.Бексултанов. Дахаран хин генара бердаш).

**Зудъяла (в, д, б).** Прост. Кокетничать.

Дина лаьтташ довхха ч1епалгаш дара стоьла т1ехь. Шена садууш, наб кхетарг ца хилла, хьалаг1аъттина и ч1епалгаш динера ша, царна т1е а ойла ца йоьдуш 1ара, аьлла, зудьяьлла х1усамнана хьаьвзича: - Ч1ог1а дика болх бина ахь х1орш дина, - аьлла, х1инццалц санна, когара мача яьккхина а парг1ат ца волуш, вахна паднара йисте охьалахвелира Шахьби (Хь.Яхъяев. Марг1алле хатта).

**Зуз (-аш).** Устар. Военная контрибуция (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Зуьдалла (-ш).** Мошенничество, жеманство, подхалимство.

Амма цу юкъаралле г1ертачу эвхьазлонан а бу шен г1ирсаш: осалла, мекарлонаш, эладита, даьсса къамелаш, осала,эьвхаза забарш, 1иттарш, зуьдаллаш, хьаьг1наш, доцца аьлча, шен б1о бу цуьнан, и г1иллакхаш дао кечбина, уггара доккха герз ду цуьнан - эхь ца хетар (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Зуьйза, зуьз, (-анаш).** Устар. Казна.

**Зуъйза йоьллина барз** (Зюйза ёллина барз) «Зюйза где закопан курган». Мощный курганный могильник на юго-западной стороне Атагов, на востоке от селения Алхазурово, севернее дороги Атаги-Алхазурово. *Зуъйза, зуъз* – на древневайнахском языке «казна», «сокровище», адекватное ингушскому *ганз* (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Зуьрет (-аш).** Из арабск, яз. Поколение.

ТIегулло бусулба зуьрет,
ДIахIотта маьждиган нуьре.
ПаргIата дита аш бIаьрхиш,
Къинхетам синошца баьржаш (М.Ахмадов. Маьждиг).

Човхорах, гатварх хьо ван-ма ца вайра,
Вайнехан майралла гайтира майра,
Ваьхьира, махкана бовзуьйтуш хесто
Хьайн къомах сийлалле кхачийнарш Бресто,
Хийланхьа хьанйинарш кIур кхерста майда –
Ваьхьира зуьрето шукра дар айдан
(Ш.Хаджимурадов. Ошаев Халиде, сайна и гуш санна).

Цхьана дийнахь – уьйрех хада,
ДIа-схьа къаьсти некъаш вайн.
И шун жIараш чIогIа хилла –
Зуьрет зуьйш, кхайкхийна дов (Х.Зуцаева. Вайн бIаьн некъаш цхьаьна дара).

Карта дIасаоьзна,
Туьллуш телетIай,
Вайн зуьрето боьзна
Маша бостур вай (А.Ахматукаев. Лулахь-кулахь).

Къемата-дийнахь, Махьшарехь зуреташ гIовттийча, хIоранна а шен вон-дика дагадогIур ду бохург, сан кхетамехь, гур ду бохург ду, тахана, хIинцца долуш санна, хьан кхетаман бIаьрсина, гуттар а хьоьца, хьан хенаца (хьо веллачул тIаьхьа а цхьаьна), уллохула дехаш долу (М.Бексултанов. М1аьрго я абаде). Аьрзу. Мацах Адамий, Хьавассий дIадолийна адамийн зуьрет санна, вайшимма кху махкахь вайн халкъан оьзда тIаьхье дIайолор ю (М.Ахмадов. Берзалой). - Адам-Пайхамаран, Делан салам хуьлда Цунна, зуьрет кхоллале хьалха т1улг иккхинчу херонехь, кхоьллина цхьа пхьид а, цунна ижу латтош цхьа т1ома олхазар деача, цо иза шена чукховдийча, пхьидо хоттуш хилла, боху: дуьнен чохь – льаттахь а, стиглахь а гуш х1ун хийцам бу? (Д.Кагерманов. Кхоттаннан тезет).

**З1ам (-аш).** Старин. Лечебная трава.

**ЗIомарие** (Зомарие) - на ю. Стороне Сандаха, рядом с Даттах, на границе с ЦIово-Тушетией. *ЗIам* - «целебная трава», *аре* -«поляна» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).
**ЗIаам бохьие** (Заам бохие) «Заам(?) вершине к» - вершина на с-з. Кири. Вероятно, первая часть названия обозначает целебную траву *зIам-буц* (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**З1изван (й,д,б).** Разговорится.

Цул тIаьхьа чуьра ара-м муххале а ца делира и цIоз, мелхо а нуц а, невцан накъост а зIизвина, гуобира (Ш.Дашаев. Кхочушхилаза дисина захало).

**З1енаш.** Устар. ЗIенаш - лучи, тетива. Тетиву плели из сухожилий диких животных (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**З1имарг (-аш).** Прост. Убогий.

З1имарге духар ма деха,
Жух1арге г1айг1а ма еха,
Ма деха ахь соьга дешнаш,
Сан дагчохь туьханах дешнарш (А.Бисултанов. З1имарге духар ма деха).

**З1ов.** Звон.

Т1аьхьа хеза суна церан чуьра «т1ох», «з1ов», «г1ашт», «д1ов», «г1ов», ва къап-къарс, ва х1уя, бусалбанаш! (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

## И

**Идабан (й, в, д).** Таскать бегом.

дена я нанна вовззал
вевзинчийн мостаг1а хиллал
ас идабина синхьовзам
хиллера шайт1анан х1илла (А.Бисултанов. Ва Йиша).

**Ийман.** Вера, благочестие.

Бусалба дин кхо хIума ду: Ийман, Ислам, Ихьсан. Оцу кхааннах цхьанан декъан – Ийманан – бIогIам (рукн) бу эхартах тешар. Делан Элчане – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – Джабраил-малийко Ийманах лаьцна хаьттича, цо жоп делла: «Ийман – иза хьо тешар ду АллахIах а, Цуьнан малийкех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан элчанех а, тIаьххьарчу дийнах а (къемат дийнах, эхартах), Делан кхелах (билгалдаккхарх) а – дикачух а, вочух а».Кхечу ривайатехь деана: «…иза хьо тешар ду АллахIах а, Цуьнан малийкех а, Цуьнан жайнех а, Цунна хьалха хIуттур хиларх а, Цуьнан элчанех а, хьо денвийр хиларх тешар а».

**Икка (икай, ичча: -наш).** Охота.

**Икалойн лам** (Икалойн лам) «Датвис джвари геле» - гора, перевал у истока реки Аргун, в звене Главного Кавказского (или Водораздельного) хребта. Вайн. «Охотничья гора». *Икая, икка, ичча* - вайн. «Охота» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Иммансиз (ду, ву, ю)**. Безбожник, атеист.

**Инзаралла (-ш).** удивительный, изумительный..

Кху буьйсанца инзаралла, юха шах-тата кхерамца, меха буьххьехь денло са (М.Бексултанов. Сахилахьара).

**Инкара.** Враждебный.

Ма хуьлда токхечо ойла Iехийна,
Халкъана инкара долчун сох йийсар,
Хуьлда со махкана эшначохь дийна,
Ца оьшуш, бехказло лоьхуш пал тийса (1-1.Асхабов. Лаам).

**Инса.** Никого, ни души.

Амма инса къарлуш дац, 1ебаш дац,
х1етте,
Сиха вац: Ас-Сабуру
ловш ву и дегнаш! (А.Дибиров. Ва1занаш).

Тийналла яхъелча, Муса, кевне а вахана, неI а херйина, арахьаьжира. Инса а дацара арахь (А.Давлетукаев. Лакъаджакум).

**ИншааллахI.** Из арабск. яз. Слава Аллаху.

- Иншааллах1! Цу Дала мукъалахь, оцу заманахь дехар ду вайн бераш, церан бераш... (А.Айдамиров. Дарц). ИншааллахI! Дала кхетаме дерза пурба лойла вайна. Ахьмад-Хаджас олуш ма- хиллара, Дала бакъо толайойла (К.Чокаев**. Нохчийн мотт – вайн къоман синкхача).** Халкъана а дерг-м муххале а. Дела воцчу вай дуьгур дац – махках-м дахадала мега цаьрга вай, амма Делах дахалур дац, иншааллахI! (Ж.Махмаев. 1аьржа ц1е).

**Иринзиг (-аш).** Прост. О человеке, имеющем удлинённую форму головы. Соответствует русск. яз.: Лошадиная.

**Искъат.** Не в счёт (религ.).

Дуьххьара, Iелам-наха аьлларг дийцале, довза деза «искъóтI» бохучуьнан маьIна. «ИскъóтI» бохург цхьа хIума тIера дожор ду, «искъóтIуссолáти Iанил-маййит» аьлла цхьаболчу Iелам-наха жайнахь хьахош дерг – веллачуьнан ца деш диссина ламазийн хьакъ цунна тIерадожор ду, ламазана тIера каффарат далар ду, хIора ламазана тIера цхьацца кан даар даларца, ца кхабалуш диссина мархин хьакъ тIерадожор санна.

**Испай** – грация.

**Испайлла.** Грациозность.

Сан ц1арах массо а социйла яй –
Кеманаш дисина г1евттинчохь кхерста...
Талуне ерззал хьан испайлла лай,
Д1овш хиллал лай х1окху х1усаман хьестарш (А.Бисултанов. Тешам).

Испаллийн тулг1ица, мелачу мохо
Техкаеш, дуьххьара санна.
Б1аьсте, латаяй хьайн маьлхан товха,
Йолахьа т1аьхьара санна (Тамия. Йолахьа, б1аьсте).

«Ма б1аьрзе хилла со х1инццалц, - бохура шега цу хазно вахийначу к1анта, - цкъа а ца х1оьттир-кха тахана санна хьан исбаьхьалла йовза; ненан б1аьрхи санна йолу хьан ц1еналла, мехкарийн санна йолу хьан испайлла, ден хьехам санна йолу хьан нийсо йовза! Ма дог деса, са къен, б1аьрг б1аьрзе хилла сан!» (В.-Хь.Амаев. Ца оьшу цхьаьнгге а хетта).

**Испайн.** Грациозный.

Цуьнан гIоьнча ткъе итт шо хирдолуш, лекха испайн дегI долуш, хIинцца юхь тIе чо болу беран юьхь йолуш вара (Хь.Яндарбиев. Кавказе бог1у некъ).

**Истибра.** Из арабск. Рабство на определённый срок.

**Истихара (истихара ламаз).** Молитва перед сложным решением.

IабдуллахIан кIанта Жабира – Дела реза хуьлда цунна – аьлла: «Делан Элчано – Делера салават а, салам а хуьлда цунна – тхуна Iамадора массо хIуманна тIехь истихáра (дикачунна тIенисвар дехар) дар, ша тхуна Къуръанан тIера сурат Iамош санна.

**Ихьдад**.Срок времени после смерти мужа или жены до нового супружества.

**Ихьрам**. Начало сана хаджи. Ихьрам (Ниййат дар, хьадж дехкар).- Ихьрам дехкар бохучун маьIна: иза хьадж даран Iамалш йан дIаволавала ниййат дар ду.- Ихьрам дехкаран хан а, меттигаш а.Ихьрам дехкаран хан – хьадж даран беттанаш ду, Лекха хинволчу Дала шайх лаьцна хIара аят доссийна долу: [Хьадж даран девзаш долу беттанаш ду] [Сурат «Ал-Бакъарат» 197 аят]. И беттанаш хIара кхоъ бу: Шаввал, Зул-КъаIдахI, Зул-ХьидджахI.

**Ихьсайн.** Благочестивое поведение**.**

Езна Iуьйре, нуьрах йогу,
Екхна сийна стигланаш.
Ийман, ислам, ихьсан долу,
ГIийла, миска адамаш (Н.Пашаев. Даймахке марзо).

**Иэскъал.** Старин. Память.

Вайн барт хилахь, х1инцца д1аболо беза Нохчийчохь а, РФ-н 1едалан структурашца а, Казахстанехь, Киргизстанехь вайнехан, шаьш 1ийначу меттигашкара архиваш т1ехь болх бар, ишта кхиндерг а. Масийтта томах лаьтташ хирйолу «Иэскъалан жагно» (Книга памяти) х1отто йоло еза (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**И1тикáф.** Проведение в бдении ночи последней декады месяца уразы в мечети.

Нуьцкъала а, сийлахь а волчу АллахIана Iибадат дан ниййат а дина, цхьана юкъана маьждигехь Iар ду, хуьлийла иза дийнахь я буьйсанна. Дукхахьолахь,махийн бутт юкъал т1ехбаьлча, маьждиг чохь буьйсанаш Далла 1ибадат дар.

## Й

**Йилбазалла.** Козни шайтана.

Эпсар гIадвахана воьлу. Марусян йилбазалла доцуш хиларо там бо цунна (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). – ИбрахIимс-м тамаша бу, цаьрца берта а вахана, и гIурташ леладахь. Тамашена хIума а ду сил вовшех тера, сил йилбазалла доцуш иза а, Лайса а, хIара ший а хилар (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Йилбаз-б1аьра.** Прост. Взгляд в сторону.

«Хазалла яц! – элир-кх цо, оцу сарахь леволчо, – вайна кхузара ю моьттуш йолу, цхьа ц1еххьана гина хазалла, иза кхин юха ма ца йог1у, цкъа ма-гарра, кхин цкъа а ган…, д1айоьду-кх абадеца, кхузахула т1ехйолуш санна, цхьана кхечахьара вайна гина йолу… суьйре а яц, малх байна хан, кхузара бода цигахь летча, анайистаца чиркх летча санна, – иза ю-кх суна гина хазалла, стаг, ойла санна, латта а вуьсуш, йилбазб1аьра вахча санна, д1адахна са юхадерззалц (М.Бексултанов. Цкъа гинарг, шозлаг1а х1унда... ).

**Йилбаз-г1ала.** Чёртов град.

Ас дIахьор ю цуьнан гIайгIа, боккхуш сайна мэл,
ДIо бIогIам тIехь серлабаьлла Iачу чиркха кIел.
Цо догIанан цецах луьттуш и шен серло кIайн,
Йилбаз-гIала санна хета суна уьйтIе тхайн (И.Юсупов. Гуьйренан туьйра).

**Йилбаз-мохь.** Эхо.

Хьожуш алалахь,къонаха, дош,
Хьуна моьттинарг ца хила го…
Кху зил т1ехь, иэс дайна,хьийза мох,
Яь1ница базбина йилбазмохь… (Хь.Яхъяев. Хьожуш алалахь,къонаха, дош).

**Йирет (-йиретхила).** Прост. Физическое истощение.

**Йирлокхург (йирлокхурш).** Певец (певцы).

**Йист-б1аьрг.** Зрачок глаза.

ва йиша со вевзий хьуна
къарлуш бу 1индаг1ийн белхам
вовза ма вевзара суна
йилбаз-мохь йист-б1аьрга лелха (А.Бисултанов. Ва Йиша).

**Йишалла.** Сестринское отношение.

Дага дарна кхоьрура цунна: «ХIокхул йолчу сан шина йишо –Маккассий, Мединассий цадуьйцург дуьйцу-кха кхо». ТIаккха а, шена йишалла дан стаг оьшуш хилча, и шиъ а дIакхойкхур ма яра кхо (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

Декъазчу кхолламо йишалле баьхнарш,

Бевлира эпсаршца хинабарам т1е,
Цу сохьтехь кхуьйлира стиглара аьрчаш,
Тулг1еш а лелхара барамна т1ех (И.Джабиров. Теркан къайле).

**Йишлакхархо (йишлакхархой).** Певец, певица; солист, солистка.

«Телехьовсархойн дуккхачу а кехатийн дехаршца оха тахана гойту Польшин йишлакхархо Анна Герман», – дека цу чухула (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна). Иштта дан а ду и: ГIапуран дешнаш тIехь даьхна дукха иллеш ду вайн илланчаша а, йишлакхархоша а локхуш а, олуш а. Царна юкъахь ю гIараяьлла «Къонахийн зама» цIе йолу Ахмадова Аминас локхург а. Бакъду, дешнийн автор Алиев ГIапур вуй хуурш кIеззиг бен бац (Хь.Бурчаев. Поэтан, драматурган юбилей).

**Йишма1а (-ш: ю-ю).** Мимика, понтомина, гримаса.

Вайна тоьхна доза ду
ХIоккхузахь.
ЙишмаIех а озалур
Вай кхузахь (А.Ахматукаев. Вайна тоьхна доза ду... ).

**Йишхала.** Охрипнуть.

Мецачу кийрара
йишхаьлла мукъамаш бохуш,
Къорачу иллешца
со лийриг цахилар къедош,
Ас хIора буьйсанна,
шелделла дайн ардаш охуш,
Лехьийна лазамаш
денлора, сан гIенаш хедош (А.Ахматукаев. Хьарг1анийн бодано... ).

**Йиъмаь1алг (-гаш).** Кубик (кубики в петлицах).

ТIехь цIен седа болу хурашка тиллина, чоин кочан тIилдигаш тIехь цхьацца йиъмаьIалгаш йолчу лекхуочу эпсаро ондачу озаца мохь туьйхира:

– Лейтенант Ширяев! Талмаже гIо а дойтуш, дIахIиттабел къинхьегаман бIаьхой! (Ж.Махмаев. 1айшатан до1а).

**Йо (!).** Возглас восклицания, восклицания, возглас удивления.

**Овтар**. ЭгIазчу хьекъалан билгало бохий аша?
Йо, гора дуьне яI, хьо маьлхан дуьне!
Ма хала дуу хьо цхьадолчу халкъаша...
Къилбаседа Кавказехь, къаьсттина нохчаша…(Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).
Сан толам декъалбан мостаг1 схьавог1у,
Сан иэшар къобалдеш доттаг1 а вог1у –
Йо Дела, кху шимма соьга х1ун боху,
Йо Дела, ас хьаьнга х1ун ала дог1у?! (Б.Шамсуддинов. Сан толам декъалбан мостаг1 схьавог1у).

**Йовмал.** Заимствовано из арабск. яз. День.

- Бакъ боху ахь, Бета. Айхьа миска нах а, жоьра зударий а, буобераш а талош летийначу къинойх цIанвала гIерташ, Далла хьалха ма дукха корта бетта беза ахь. Церан хьакъ текхна вер вац хьо йовмал кIематде махьшаре долуш а (А.Айдамиров. Дарц).

**Йоккхучунна (керайог1чунна).** Добываемому.

ДIа мел хьаьжнарг а, мегаш салам далар а доцуш, йоккхучунна хьаьвддий, бевддий лелаш бу (А.Хажмурадов. Ринжа).

**Йолахо (-й).** Выполняющий какие-либо обязанности по найму, контракту.

Оцу хIора йолахочунна баттахь пхийтта сом ял лора, цул совнаха, нохчийн ярташ тало маршо еллера царна, дийна я вийна тIевалийнчу гIаттамхочух 25 сом ахча а лора. Нагахь санна нохчашна дуьхьал дика латахь, дегIастанхойн йолахошна нохчийн латта лур ду аьлла дош а деллера Теркан областан хьаькамо инарла Свистуновс (А.Айдамиров. Вайн амалш).

**Йолйоьхьу (-наш).** Грабли.

Цхьана басахь йоллоьхьу хьоькхуш йоллура ОбуIелин хIусамнана Зебирт! (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Йорг1алла.** Рысью. Конский бег.

Iамалахьара,
Ца хьоьжуш селханалерачу новкъа.
Ойланийн йоргIалла сацалахьара,
Ца хьоьдуш шозза ца кхочучу гуоне (М-С.Гадаев. Мел хилларш диццала Iамалахьара).

**Йоьхуна (йоьхуна дахьийта).** Начало сватовства.

Хьаьвзаш чувахара Жерочун жима к1ант. Хьалха йоьхуна дахьийтина, т1аьхьа замой бахийтина, Цо шена ялийра ваша воцу Сайлаха (Нохчийн фольклор. Ваша воцчу Сайлахин илли).

## К

**Кавказталламхо (-й).** Исследователь Кавказа.

20II шеран 27-29 октябрехь Тиблисехь д1аяьхьира кавказталламхойн дуьненаюкъара III симпозиум (1.Вагапов. Кавказталламхойн дуьненаюкъара симпозиум).

**Кадам (-аш).** Соболезнование.

**Кадаьлларг (-ш).** Прост. Удачный.

Къола даехь каде, шен кадаьллаг д1ахьош, ша къайлаяьккхинарг шен гай чу тосуш а (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

**Кадеш.** Тонкая смазка глины (штукатурка).

**Кадеш.** Диал. Выразить соболезнование.

Са легийна довлар - парз ду кхиэлан дожарийн.
Цхьана кертан доьзал тахана а бекъабелла –
ЦIа чохь кадеш - зударий, ткъа, арахь – божарий

(1.Юсупов. Адам кхелхаш, лаьттахь хIутту син баррамал къелла... ).

**Кадоьхна.** Уст. Неудачливый.

**Каехкаяла.** Потерять сноровку.

Ша хирг хир ду-кх аьлла, болх Деле а белла, ладегIа охьахиира Абубакар, цхьа тамашийна каехкаелла (1.Усманов. Къу-берзан буьйса).

**Калам.** Из арабск. яз. Писание, божье слово-Коран.

Ахча, ницкъ, шен дахар адамо дойу.
Массарна лерина
долушехь доссийна,
Калам, шадерриг вайна
хьоьхуш долу (А.Дибиров. Ва1занаш).

**Калдаяьлла (в, д, б).** Превратиться в лохмотья.

**Калт (-аш).** Топь.

**Калт** (Калт) «Топи». Места, где до 1920 года находились непроходимые болота (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Камил.** Сан благочестия.

Рузбан-ламаз «салатул камилийна» аьлла. Камил нехан ду и ламаз аьлла, зударий цу юкъахь хьахийна бац. Дала кхолларехь зударий а, божарий а башх-башха кхолларна зударшна т1ехь дац рузбане бахар, амма, болхахь ял хир ю царна. Шайна къаьстина чубаха не1 а йолуш, божаршна гуш боцуш, юкъахь тесна кирхьа а долуш меттиг хилча баха мегар ду, шайн ламаз дан а, къаьсттина хьехамашка ладог1а а (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш).

**Кандал (-ш).** Лохматая собака.

– Ахь ца дийцича а, шена а хаьа хир ду хьуна хьан кIантана. Цундела ма эккхийна цо и Къуддуз боху кандал а (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар

**Кандоххал (кандоххал ваха (й, д, б).** С пахотной земли.

Иза кан доххал яьлча, тIаьхьа волавелира жима стаг. Нахана цхьаьна ца гайта лаьцна гIиллакх дара иза (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). Эвлах велира. Охьанехьа йорт ийцира. ХIара шиъ кандоххала ваьлча, цIа вогIуш волу Сапарбек т1еIоттавелира (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Караекъа.** Раздать по рукам.

Хьан вархlе а ва дена цу Москох Паччахьа совг1атна ва елла, Цу бацах таелла, зезаго хазйина, Хьан дола йирзина и охьара ва раьг1наш, Хьалха ор ва доккхуш, т1ехь муш ва бустуш, Караекъа г1ур ву со кханлерчу ва дийнахь (Нохчийн фольклор. Теркаца хьал-охьа вехаш хиллачу эла мусостан, Адин Сурхон илли).

**Карамат (-аш).** Чудотворение.

ХIетахь дуьйна вайн безачу эвлаяийн дийцарш, церан кароматаш дIаяздеш, уьш гулдеш вара со, ткъа иштта бусалба газет а, оцу эвлаяийн дийцарш яздина жайна а арадаккха йиш хир ю бохург дагахь а дацара (М.Заурбеков. 1адлан, ахь йитина дахарехь йовр йоцу лар... ). Цуьнан дехар карах1ат ца лору, шен дехарехь иза бакълуьйш волу дела (С.Муртазаев. Саг1адехар – сийсазвалар).

**Карах.** От руки.

Суд йина аьлла цхьа бахьана лелийра. ШоIипа Къуръан тIехь дуй биира, Ушурма шен карах ца велла, иза ша шен шаьлтанна тIе а кхетта велла, аьлла (А.Айдамиров. Дарц).

**Карахдерриг (-аш).** То, что к чему сделать есть охота.

ХIинца и дерриге а дIадаьлла. ХIинца сискалан метта кIайчу деман бепиг ду, тIехуучу говран метта – машен, синкъерамна метта – хьайн карахдерриг… (М.Ахмадов. Б1аьсте яра яьлла).

**Картийра (-ш).** Квартира.

– Дала мукълахь, ас мовлад хьехна хьуна т1ера, – элира йоккхачу стага, – х1окху цхьана баттахь, хьуо балхана д1аволлалц, сан йиша йолчохь сацалахь, Буг1ана-юьртахь, т1аккхахула цхьаъ дийр ду-кх, картийра лаьцна а я… (М.Бексултанов. Гучувала).

**Карчолаг (-аш).** Прост. Тюк прессованного сена.

«Камазан» шина агIор аьхка хьаькхначу кIедачу элан карчолагаш екхира (Хь.Яндарбиев. Кавказе бог1у некъ).

**Кафарат (каффарат)** Из арабск. яз. Обязанность.

Мелан марха кхаба доьзалхочух йолчу зудчунна бехкам бац, фарз мархин бутт хилча, беа баттал т1ехваьлла доьзалхо кийрахь велахь оцу бехкамах хьалха юьту и зуда, х1унда аьлча, беа баттал т1ехваьллачу доьзалхочунна чу са кхуллуш ду, цунна хуьлуш болу кхача нанас биънарг бен бац, цундела и эшаме ца хилийта Дала елла бакъо ю иза. Шо дуьхьал х1оттале цо доькхуш кхабахь, каффарат хьарчар доцуш деккало. Шо даьллачул т1аьхьа кхабахь, х1ора доькхуш кхобучу мархин ц1арах цхьацца кана ялта каффаратна а луш кхаба деза (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш). Х1окху декъехь вай хьахийнарш, шайн дехарехь уьш бакълуьйш белахь, бакълер церан дехарна каффарат (къинах ц1анвийриг) хир ду, Дала мукъалахь (С.Муртазаев. Саг1адехар – сийсазвалар).

**Каяхийта.** Прост. Наложить, запустить руку.

– Каяхийтинера вай хьастагIa. Хьа-хьа-хьа! ХIетахь дуьйна уьдуш лелаш ю, чу ца йогIуш. Ша идарх ер ю моьтту хир ду цунна. Нисъелла жеро ю, талух яларг! (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Каьлтиг (каьлтик) тасийта).** Разг. Жестоко расправиться с кем-л. [ЧРФС,1992:134].

**Кебасара (еш).** Старин. Ворота склон.

По долине Шаройн Орга имелись следующие укрепления и военные поселения:**Парсма (Щит)*, Сандаха (Отборные), Кебасара бIав (Ворота склона башня), Кебаса** (Ворота склон) КIесала (Резервные (тыловые) войска, гарнизон), Чур тогIие (Внутренняя долина с замковым укреплением Шикъара, Шора - с мощным замковым укреплением по-над л. б. Шаро-Аргуна, Саьрбала (гордые) и Лаьшкара (группа войск, резервный гарнизон) и немного ниже по течению Шаро-Аргуна - Букказие (богаз - ворота) и дальше - ЗазаргIание, Улус-Керт, где проживали воинственные вашандаройцы (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Кегари (-еш).** Кавардак.

СССР а йоьхна, кегари болабелча, вайн махкара хьал бохамийн хорша ца далийта гIерташ чIогIа къахьийгира вайн хьалкъалахь бевзачу дуккхачу а наха (М.Ахмадов. Дахаран Iина йистехь дуьхьало хилла латтар (Айдамиров Абузар дагалоцуш).

**Керста (керста дан).** Христианин (отрицать).

Цо керста дора и тапча цуьнан яц бохуш, тхан нохчийн эхь ду зудчунна хьалхара вала а к1ант кийча вацахь, цо лелориг иза ду, иза шена духхьара гуш стаг ву бохуш, къар ца лора Рихьант (С.Сааев. Теш хилла ма х1отта).

**Керт-ков.** Двор.

Шен зуда ц1аялийнчохь, дика самукъадаьлла х1орш 1ача хенахь, къамел долийра боху к1анта: - Цхьа доттаг1 вара сан, хьал долчу нехан йо1 ца йоуьйту шега ша къен ву аьлла, цо соьга аьлча, цхьа х1ума ца кхоош, цунна со долара ваьлла керт-ков д1аделла аравелира со (Нохчийн фольклор. Доттаг1ий). Зударий ца ларабора дохнаца а, керт-коврачу гIуллакхашца а (А.Айдамиров. Дарц).

**Кетмень.** Из тюрк. яз. Мотыга.

**Кет1е.** Входная сторона двора.

Кхано пхьуьйшашдоцучунна чухула юьйхинчу шина халатана а, шина кучана а чухула йолчу цхьана кучан аг1онт1ерачу кисанахь загс йина схьаэцна ахча а долуш ц1а йог1у Даашоовгал шен кет1а кхоччуш цкъа цец а, т1аккха акъ а яьлла, сацаелира (В.-Хь.Амаев. Б1аьстенан цхьана суьйранна).

**Кехвала (й, д, б).** Уйти со двора, покинуть двор.

- Шуьша доха оьшуш дан... Со хаза кхаъ бохьуш веъна, - аьлла к1анта. - Тхойшинна хила хаза кхаъ дуьнен чохь бан а бац. Чехкка кехвала! - т1ечевхина да-нана (Нохчийн фольклор. Къонахалла).

**Кечал (кечал хьакха).** Свиноматка.

Ша вуха ма вирзира и къена инарла,
Цу к1айчу эскарца, къорзачу эпсаршца.

Хьакхин херсеш ва санна, уьш т1аьхьа ловзабеш,
Кечал хьакха ва санна, ша хьалха ва ваьлла,
Вахана ма кхечира и къена инарла,
Цу к1айчу эскарца, шелахойн ирзешка!

(Нохчийн фольклор. Чечанарчу Мадин Жаьммирзин илли).

**Кечамбархо (-й).** Тот кто подготовил, организовал.

Коьрта кечамбархо Г1излара-г1алин пурстоп хилла Коджаев 1абдул-Межед ву боху (А.Айдамиров. Дарц).

**Киншка (-наш).** Книжка.

Лакхахь дийцинчу йозанех вовшахтесна, «Цкъа мацца а, цул тӀаьхьа…» боху киншка араелира сан 2005-чу шарахь. Цуьнан тираж киншкийн киоскашкахула дӀасаяржаяйта дагахь, барт бан вахара сой, хӀетахь «СтелаӀад» журналан коьрта редактор хилла волу (Дала гечдойла цунна!) Джанаралиев Iимранний. Нохчийн маттахь ерг дика дӀа ца йоьду шайн, аьлла, тхоьгара хӀумма а дӀа ца ийцира, ур-аттал, хӀун ю хьажа а (А.Ахматукаев. Нохчийн лар а, яздархо а).

**Киншкан (-ийн).** Книги (в вин. падеже).

Лакхахь дийцинчу йозанех вовшахтесна, «Цкъа мацца а, цул тӀаьхьа…» боху киншка араелира сан 2005-чу шарахь. Цуьнан тираж киншкийн киоскашкахула дӀасаяржаяйта дагахь, барт бан вахара сой, хӀетахь «СтелаӀад» журналан коьрта редактор хилла волу (Дала гечдойла цунна!) Джанаралиев Iимранний. Нохчийн маттахь ерг дика дӀа ца йоьду шайн, аьлла, тхоьгара хӀумма а дӀа ца ийцира, ур-аттал, хӀун ю хьажа а (А.Ахматукаев. Нохчийн лар а, яздархо а).

**Ковра (-наш).** 1.Устар. Сторожевой отряд. 2.Косяк лошадей или вьючных животных. В словаре А.Мациева (1961) дано несколько иное толкование (караван).

**Ковраван некъ.** Устаревшее название. «Ковра» - так называли местные чеченцы отряд, дружину или группу, объединенную единой целью: напасть на противника или же совершать набеги на земли богатых станичников, помещиков и тарковских шамхалов и т. д. ... **Ковра** - ватага, отряд для совершения дальнего похода, летучий отряд (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Когадуха (й, б).** Обуть.

Оцу берашкахь дерг го-кх хьуна. Iай кху чуьра арадовла де дац церан. ТӀедуха а дац, когадуха а дац. Берзина бу (А.Айдамиров. Дарц). Ткъа шийлачу 1ай махках а баьхна, Сибрех д1абигахь? Берий-м ьовха, баккхийчеран а ац т1едуха а, когадуха а (А.Айдамиров. Дарц).

**Когсалаз (-аш).** Детские салазки с дугами для поддержания руками.

Басешкахь а, Орган тӀехь а гӀосалазаш а, когасалазаш а хоьхкучуьра бераш хан яллалц чу а ца доьрзура... (Д.Махмаев. Саьрмакан саде1ар).

**Когхоьцийла (-ш).** Простор, место расположиться ноги.

...юха хьо гича, геннара гича – хьо геннара тоьар-кх суна, геннахь цкъа ган хилчхьана, иштта схьаган х1оразза а, х1оразза а эзарза кхета, хазалле кхача хазалла – йоь1ан хазалла бен йоций, к1ентан б1аьрго кхуллуш йолу; сан даг т1ера – курра г1оттуш, попан гаьн т1ера к1айн куьйра санна, синг1айг1ан некъашкахула – сан ойланашца хьо д1аяхча, хьо хиларх воккхавера-кх, хазаллехь – хазалла ган, сайн ца хила йоьг1начу хьан, хинйолчун ирсах хьага: «Ва-а декъала хила-кх хьо, хьо яха-кх декъала!» – баха, дийнахь цкъа хьо схьаган, кхин цкъа а хьох са ца 1аба, хьо юй хаа, суо а вуй, юха вайшинца – Нохчийчоь а, хелхаран гуо ч1агарехь санна, лаьмнаша гуо хьовзийна 1уьллу, деган аьрха Нохчийчоь, букътухийла – Къилба а долуш, когхецийла – Къилбаседе, хьан дег1ан к1айн сурт санна, сан некхехь гуттар а лезна.... (М.Бексултанов. ...Сан деган мохь хаьдда мерз... ).

**Кол.** пересном смысле кучка (о людях).

Масане хир ю къонахчун даг чохь ойла, корехула арахьаьжча, гуш жеройн кол хилча (С.-1.Юсупов. Дечиг даккхар).

**Компенсаци (-еш).** Компенсация.

Коьртахь х1ума ца лелийнарш а, пес-куй тиллина, хаза х1айбате кечделла, вовшашна гучудовла а доьлху, зорбанехь тамехь, хьекъале д1ахьедарш а до, телевизорчухула ийманехь, хьасене озаца таваккале къамелаш а до, депортацехь хан яькхинчарна а, цигахь бинчарна а яла йог1у ахчанан компенсацеш а хьехайо (цкъа а шен хеннахь я ах мукъане схьаелла ца йолуш йолу – депортаци-м ца хаьа, хьан ц1енна т1е итт бомба кхеттехь а)... (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**Компютер (-ш).** Компьютор (-ры).

**Компютерийн.** Компьютора (в вин. падеже).

Вай царна х1ума ала, уьш бицбе ала г1ертац, уьш шайн заманан нах а, къонахий а хилла, амма динберийн зама яхана, кибернетикан, комьютерийн, программистийн, нанатехнологин, «хьакераш» олучийн зама ю арахь (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Котта (котта: -ш; котта даккха).** Победа. Котта (Котта) «Верхние» - «Победители» - аул на л. б. р. Орга, з. БазантIа, к с.-з. От Уып-кхелли, нал. б. р. Мулкъойн эрк. Зимние стоянки скота. Здесь находится гробница святого ИбрахIим-хьажи (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

Цу Таркхойн раьгIнашна тапхIуьтту Чоьхьара,
Цу Теркан раьгIнашна лачхIуьтту Дехьара.
Гуьмсанна хIуо кхоьхьу гарманан аренаш,
Мукъаме аз оьхьу хьомсара Ножай-юрт,
Шиъ-шозза ерина вайн хилла Хасун-юрт,
Схьаиэлла схьаийна юххера Iаьнда,
КIесара Мартанаш,
КIайн-Iаьржа Шалажаш,
Котт доккху Котара...
ДIаала, дIаала (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

Цу вайн сагIе кхийда куьйгаш
Деса дитар къа ма дай.
Къизалли тIехь кот а дуьйлуш,
ГIунаш юкъуш хилий вай?! (М.Ахмадов. Саг1адоьхурш).

**Кочатосург (кочадоьхкург, лаг-пиллиг и т.п.: -аш).** Медальон.

**Кочауллург (-аш).** Колье.

Бриллиантан кочауллург инарлина хьалха охьаюьллу хьешо (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Коьртахвала (й, д, б).** 1.Прохватиться, когда не знают где человек или предмет. 2. Надоедать кому-либо кто-либо.

Оцу кIанта, Салавдис, и кехаташ схьадеача, Джабина юьхь-дуьхьал тIекхайкхинарг, цхьаьнга чIогIа вистхилла а коьртахваьлла воцу, цхьа пекъар хиллера, шен уьрда тIе хьаьжкIаш дIаен а, царна асар дан а бен кхин гуьнахь доцу пекъар (М.Ахмадов. Массо х1ума аду хьесапехь).

**Коьсаяха (д, б).** Оголить, облысить.

Дайра уьш шаьш, амма царех цкъа а д1аер йоцу лар хилла лаьттан букъ т1ехь дисира 1овраша, латта охкуш, даьхна ирча к1орга хершнаш а, чуьра буц, кол йижош я д1ахьош, коьсаяьхна лаьмнийн басенаш, 1аннаш а; яккхий – кегий бердийн терхаш чутекхна, цара к1еладаьхьна некъаш а (М.Завриев. Теш ма лаца).

**Кулахь.** Специфика чеченского языка создавать слово «лулахь».

Цхьа хаза машенаш соьцу шун лулахь,
цхьа кура к1ентий а соьцу бах,кулахь.
цхьа шовда ду боху шун юьртахь долуш,
цхьа хабарш ду боху цуьнан го кхолуш

(А.Бисултанов. Цхьа хаза машенаш соьцу шун лулахь...).

**Кула (-ш).** Старин. Языческие праздники вайнахов.

**Кулаш дечу** «Где культовые праздники проводят». *Кула (ш)* культовые праздники, проводились они весной и летом, трапеза за увеличение поголовья скота, семьи, урожайности зерна и т. п. Живописное урочище на з. Села (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Кулоьк (-аш).** Кулёк.

(Хьажочу пIелггал йолу йоца дечиг дIахIоттайо (цуьнан цIе кулоьк ю). Цунна тIера дIа пхиъ сиз хьокху, хIора сиза юккъехь цхьацца метар меттиг юьтуш (НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА. Х1от. Джамбеков О.А., Джамбекова Т.Б. 1-ра книга).

**Кур-кхера (-наш).** Устар. Сводчатый цельный камень, которым украшался вход в башню. На этом камне выделывался знак - символ рода, семьи - оленьи или турьи рога, рога быка или козла и др., т. е. *кур* - рога. Но *кур* имеет и другой смысл - гордый, гордость. На *кур-кхера* часто наносились линейные и рельефные изображения, так называемые солярные знаки (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Курзнаш**. Национальное название блюда: пельмены.

**Курчак (вала: (й, д, б).** Прост.-ирон. Перестать соображать.

**Кус-кус (-аш).** Цапля.

**Кутал (-ш).** Прост. Поборы.

- ХIорш идош, юха кхарах дакъош деш лела вай а, я уьш а, вайн мохк дIалаьцнарш, вовшех кIезиг къаьсташ хета суна. Вай маццалц лела дохку, хIара куталш деш! Цул а, кIолдан межарг бохкий бен, вайн кхин бакъо йоцуш хIоттийна йолу Соьлжа-гIап яржае вай, хIуй-пака оьккхуьйтуш! -олу кхуо (М.Бексултанов. Буо).

**Куьйгайоза (-наш).** Рукопись.

«Мукх хьакхар» романан куьйгайоза Гадаев Мохьмад-Селахьа набахтера къайллаха ара а дахккхина, шен цхьана «доттагIчуьнга» цIа даийтина. Амма иза тахана а схьакарош дац. Куьйгана хьармчу стеган керадаханчух тера ду и куьйгайоза (А.Шайхиев. Иза сан ох1ланча вара). *ТIаьхьа, айса Маликин куьйгайозанаш доьшучу хенахь, со кхийтира иза стенах ийзалуш хилла. ХIара къамел, ткъа ма-дарра нийсса дIааьлча – дог дастар шен цIеначу даг чохь цхьа а хьулам боцчу адаман дагалецамаш бу* (Хь.Бурчаев. Шина адамо юьйцина безаман керт). Дуккха а гIарабевллачу Iаьрбийн философийн, яздархойн а жайнеш тахана а куьйгайозанашкахь ду. (Цундела тIаьхьа дисина бусалба къаьмнаш. Европан къаьмнаш, шаьш язйина книга я керла юкъадаьккхинарг нахала даккха, даржо, цунах болу пайда схьаэца а сихло.) (С-Хь.Кацаев. Динан философи).

**Куьрхиг (-аш).** Домушник.

Амиркулан. Ойла ел. Дашаев Саь1ид ц1еяххана курхалча ву. Дуьххьара наркотикаш ян ас цуьнгара йолах б1е эзар доллар ийцира, бутт баьлча ши б1е эзар доллар д1а а делира (1.Мусаев. Бекхам).

**Куьрси.** Религ. Престол Всевышнего.

Хьо ву кху доллучу дуьненан паччахь,
Хьуна го дерриг а Хьайн Куьрсахь 1аччахь.
Йиш йоций хуъушехь сайн х1уммаъ хийца,
Хьоь пурба дехна ас дагара дийца

(С.Яшуркаев. Хьан ц1арца доладо, я Аллах1 Дела).

Беза бу пайхамарш, Дала бахкийтина уьш адаме шен дош кхачо, б1е эзар, ткъа эзар, виъ эзар хила уьш. Эвлаяаш ц1ена нах бу - Далла муьт1ахь бусулбанаш, Дела резахилларш, дукха хилла уьш, тахана а бу. Амма цхьаъ ву Дела. Цхьаъ ду И охьахуун Куьрси. Цхьаннах а дагавала дезац Цуьнан, дерриг а кхоьллинарг ву иза, дерриг а хуушверг! (с.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Кэчал (-ш)** - молоток для обработки камня. Ср.: **Киечал** (или **гIирс)** - строительный материал вообще (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

## Кх

**Кха** – Старин. Дом, навес, преусадебный участок. **Кхай чу** (Кхай чу) - уроч. на в. стороне. Топоним напоминает о том, что на этом месте некогда стоял *кхай* - от *кха* - дом, навес. Позднее термином «кхай» обозначали скотный двор, сарай, хлев, дом (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**КхайлагIие (Кхайлагие)** - гора с бывшим аулом на п. б. р. Асса (Эс-хи). Пастбище, сенокос. Вероятно, топоним сложился из двух компонентов: «кхай» - в значении «свинарник» (позднее - «скотный двор», «пашня», «жилое помещение») и «лагIие» то же, что и «лахие» - низ, ниже, под. 862 м над ур. м. (из кн.: А.Сулейманов. «Топонимия Чечни»).

**Кхай-цIа** - самое нижнее помещение в башне (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Кхалкъ (кхалкъаш).** Двойной подбородок.

ХIара шиъ Ведана чукхочуш, цаьршинна тIаьхьакхиира дика ши говр йоьжна йогIу гIудалкх. Цунна тIехь кIедда техкаш хиъна Iара сирдала доьллачу хьаьрсачу маж-мекхана цIен гIина а диллина, ерстина цIен беснеш, чIенга кIел кхалкъ йолуш, воккхаллехьа лестина стаг(А.Айдамиров. Дарц). Стомма, лохачу дег1ара, горга юхь, ц1ен бос бетталуш кхалкъе беснеш, шуьйра мара, йоцца лергина сирьяла йоьлла 1аьржа, хаза тодина уткъа мекхаш долуш, шовзткъе итт шо хенара стаг вара иза (А.Айдамиров. Дарц).

**Кхалк1ело (-наш).** Естественный ободок шеи птицы.

Юха хIинца а, гуттар а санна, цхьаьннан цхьа хаза бIаьргаш, кхокханан кхалкIело, пхьарчо тоьхна кIайн ворта а, кху неIалта юккъехула, кху къеллина, херцаршна, бераллера сурт долуш санна, я гIенах гуш долу гIан (М.Бексултанов. Масане диси).

**Кхама.** Разг. Грубо-прост. Мужлан.

**Кхандоххал.** Сравнение размера пашни огорода.

Адамаш набарна тийна,
1еханан хуташлахь –
Мархашлахь беттан марс го,
Кхандоххал генарчу
Стигалахь седарчий сийна (Р.Ахмаров. Аьхкенан буса).

**Кханнехь.** Завтра же.

Кханнехь аравала деза и йоI лаха…(М.Ахмадов. Сарахь).

**Кханч-кхала (-ш).**Устар. Ряженый.

Наполнив арбу «освященными» камнями, вся толпа шла к Тереку. Остановив арбу у берега, взрослые брали по камушку и бросали в воды Терека со словами: «ДогIа лолахь, Дела!» (Дай, боже, дождя!»). Обряд этот назывался «Шаббат дар». Освященный молитвой камень называли «шаббат». *Шаббат* - др. евр. суббота. Обряд прошения дождя в разных местах проводился по-разному. По улицам ходила толпа людей и водила ряженого юношу. Сам обряд и ряженого называли «Къарш-къули», «Къарш-къудли», «Кханч-кхала». Этимология «къарш-къули» восходит к чеченскому «къарш» - крест и «къули» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Кхаре.** Шершавый покров металла.

**Кхар (кхареш).** Накипь на металле.

**Кхардоьлла.** Потерять свою закалку (о металле).

Масала: Малхехь кхардалийтина и эчиг (авторское предложение).

**Кхарс (-аш).** Мох на камне.

Кхоор а, кхоадалар а ца девза хи татанца гIад дойна хьийзара шен, дIо хьалха, гена доццуш, тIулгах а детташ, цу тIулган аьрру белшаца, мохехь можан кхарс санна, ша кхачалуччохь букар а яхана, ха хоьрцуш керча карзахе тулгIе, кег-кеглуш кеглой, хьаьдда йоьдий кIедда бердах а кхетий, цхьаьнакхетара тIаккха хица, хих дIауьйш, йижна, уьйран мукъ хине а белла, хих хIотта (Хь.Яхьяев. Хине йиийца г1айг1а).

**Кхарта.** Доп. значение: «бугристый». (Кхарталг-дук) «Бугристый (пестрый) хребет» -" хребет на в.стороне Хаз-кхелли. Название возникло от кхарта (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Кхарт-марте.** Означает что и «кхарта» – «бугристый, неровный, грубый».

**Кхачаме.** Достаточный.

Суна и ца хетта,
Кхачаме
Дагна ма-хетта...
Х1ора хьан дег1ан чо,
Давис-кха, дешица кхала,
Д1а ца вовш,
Хьох хьерча
Д1о маьлхан серлонах кхетта (С.Дакаев. Даймахке).

**Кхаьрга.** Им (вот к ним – указывая на них).

«Х1окхара хьанна х1ун дина-те? Кхаьрга х1ун алу ду? Х1орш, мозий санна, тахана дуьйна д1а лийр ма бу», - бохура массеран а б1аьргаша (С.Яшуркаев. Напсат).

**Кхаьршимма.** Разг. Эти двое.

«Х1ара шиъ веддехь а, х1ума а ца йоккхуш ца йисира со-м цу сарахь а. Кхаьршнна дог а аьтт1а алссам яьккхира!» (С.-Хь.Нунуев. Д1а ца кхаьчна кхаъ).

**Кхе.** Жаровня печич

Тишъелла сан хIусам, цхьа некъ бац цунна тIе богIуш,
ГIайгIанца язъелла, дог шийла буьйсанаш йогIу.
ГIорийнчу куьйгашца тIаьххьара дечиг кхе туьллу,
Назбар а, каш хилла, есачу тийналлехь Iуьллу (К.Сатуева. Къинт1ера йолу со).

Ткъа вай кху къамелехь уьш оьшучарна хьехадо, бицбеллачарна дагадаййта а. Орам хаьдча, бакъабелча, диттах – дечиг хуьллу. Дечиг кхе туьллу – догу – чим хуьлу, юкъ хуьлу, оцу лардаме дахарна кхерам болуш хьал ду вайниг а (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). ТIеялийначунна хаьара, ког когах а кхетта, шена тIера цIийнда дIамавеллинехь, ша, лулахоша кхе олла баьхьна яй санна, юха цIехьа ерзор юйла (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Кхевса (-ш).** Кузнечые меха.

К1оргтера, чулацаме, оьзда, исбаьхьа.Тахана буьйцучу, хуучу нохчийн маттера хийла д1адовш долу дуккха дешнаш авторна маь1на дика хаарца шайн-шайн меттахь далийна карадо ешархочунна «Дог дуьлина мерзаш» ц1е йолчу гулам т1ехь: аналла, хьагам, антал, гурам, кхевсе, ковра, аьхза, важап, окхеш,текъа, руьйта, кхимар, там-товраш, синхьаам, хьун-басе, къурло, жирга, шелг1а, ч1иркъе, гечо, алх, 1аспар, совра, хьун-тог1е, дур, т1ег1а, сет и.д1.кх. (200-204 аг1онаш) (Д.Байсултанов. Нохчийн поэтан Дакаев Саь1идбекан 60 кхачарна).

**Кхелли (-еш).** Навоз. Доп. значение: поселение.

Название свое - *Гуча-кхелли* - получило от географического положения по отношению к солнцу и большому обзору с высоты. «Видимое поселение» - так называли в старину вайнахи это место, т. к. его можно было видеть на далеких подступах к аулу, да и из Гучан-кхелли тоже виден человек, как только появится из-за поворота Нихала (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Кхена.** Прост. Зрелая, достигшая половой зрелости.

Ма эрна лелла ца хилла-кх Индарбин Мовла, шахьарера шахьаре лоьрашна тIекхуьйлу ца вуьсуволу дархо санна, ша велча кхин гIортор йоцу шен кхена йоI тIаьхьа а хIоттийна, хIора а воI кхиъначу ден неI етташ: «Во-о, йоI маре луш вара ша, ша мила ву хаьий шуна!» – бохуш, цхьа декъаза мохь бетташ. Юха шега: «Теркал дехьара реманаш кхийлинчу, хIора а мискачу стеган да хиллачу, ваша воцчу йишин ваша хиллачу Индарбин Мовла веца хьо!» – шега аьлча: «ХIан-хIа, и Мовла вац ша хIинца, хIинца кхин Мовла ву ша. Ша тахана мила ву дийца шена», – бохуш, кхечун уьйтIе хIуьттуш, цигахь а иштта мохь бетташ (М.Бексултанов. Терза).

**Кхералам (кхералаьмнаш, кхераламанаш).** Каменистая гора, каменистые горы.

Кавказан кхералам
Хадийна ваьлла,
Органца Пхинчуьра
Со вогIуш ву,
Со вогIуш ву,
Со вогIуш ву (Хь.Яндарбиев. Селасат).

**Кхетош-кхиорхо.** Воспитатель.

Де суьйренгахьа лестина, юхабахка хIорш новкъабевлча,
телх-телхаш, кхин схьаван а ца велла, боккхачу новкъа а кхачале охьавоьжна
хиллера кхетош-кхиорхо (К.Чокаев. Хьехархо).

**Кхетташехь.** Хотя понимая.

Кхетташехь сайна а атта
Цахилар и къестарш лан.
…Гуош бохуш хьийзар ду Латта,
Уьдур ю юххешха хан (1.Шайхиев. Хьажахь цкъа, – эли ахь соьга).

**Кхечахь (кхечахьа, кхечухьа).** В другом месте.

Ишколехь а доцуш, кхечухьа ахь цуьнан дедика до-кх, цIеххьана схьа а хьожий (юха хьо дешархо вуйла хиъча), бIаьргаш юккъе шад а хIоттабой, хьоьга цхьа гIам-гIим дора цо (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна). Хьехархо хила дагахь ву хьо? Кхечахь ваха везашт хиллера (Э.Алихаджиев. Некъаш).

**Кхийла.** В значении клятвенно умолять; звать, приводить.

ХIумма а дац, хIумма а дац,
Валарх а, висарх а –
Цундела доьху ас:
Нохчийчоь, йисалахь,
Духарш хьайн хийцахь а,
Амат ма хийцалахь,
Хьайн бос ма хийцалахь,
Доьху ас, кхуьйлу ас –
Йисалахь, Нохчийчоь (Ш.Цуруев. Нохчийчоь цхьаъ бен яц).

**Кхийлам.** Заунывный (протяжный) мотив.

Аганан мукъамехь
сан цIарах мел бина кхийлам
Со новкъа волучохь
сагIина сол хьалха бийлла (М.Дикаев. Даймехкан сурт).

Амма ненан гIийла кхийлам
Бицло, цунна херлуш.
Ненехула дас хьахийна
Дерг а дуьсу эрна (А.Ахматукаев. Юьхь ю сан, нана).

Юха а, каш санна, шийла
Чуяьржи буьйса –
Са лазош, дуьйш а,
Денбан кху дахаре кхийлам (А.Ахматукаев. 1уьйранга дехха сатуьйсуш... ).

**Кхийрадиг (кхийрадагарш).** Устар. Каменный топор. Ср.: **Т1улгадиг**.

«Кхийрдиг» состоит из двух основ: «кхийра», «кхера» - камень и «диг» - каменный топор. Ср. «кхерам» - опасность. «ТIулгадиг» - каменный топор. «ТIо» - масса камней для ведения боя, сражения, «тIом» - война, битва, сражение. Все эти факты говорят о том, что ранина Чечни была освоена человеком еще с древнейших времен и жили здесь предки современных чеченцев (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Кхиънавала (й, д, б).** Позрослеть.

Iабин нийсархой хIинца а гIулгашна тIе тхьазарш а етташ, берийн ловзарш идош лелара, ткъа хIара поп санна ирх а вахана, баккъалла кхиънаваьллачу, гIеметтахIоьттинчу кIантстеган кепе вирзинера (Ш.Окуев. Лай т1ехь ц1ен зезагаш).

**Кхолха (кхолха мотт).** Трижды (три языка).

Вай ала г1ертарг, цхьанхьара схьаг1ерташ цхьа импери, вукхазахьара важа, кхин вукха аг1орхьара цхьаъ, ткъа вай – жима халкъ ду, арме а яц, кхин хийланиг а дац, уггаре а коьртаниг – внешняя, политика яц, политикаш бац - ваьш кхечарна довзийта, уьш ваьшна бовзийта г1ирсаш бац, цаьрца бийца мотт бац, ишттачу хьолехь к1езга бу цхьалха мотт, шалха, кхолха мотт оьшу политикина (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Кхола.** В навозе (кхола валар – ступить в навоз, быть, находиться).

Кхола ваьлларг-м ц1анлора, хица когаш билча,

хи дац юхьйила, юьхь1аржах1оттина хилча (С.Яшуркаев. Кхола ваьлларг-м ц1анлора, хица когаш билча).

**Кхоно.** Попозже.

–Шайна сом-ком ца кховдийча, цIена машенаш схьа ца ло суна гIалахь болчара. Цхьа некъ лехна, иза аса дича, нагахь иза кхоно гучудалахь, Шарипов юьхьIаьржа хIоттаво-кх ас (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Кхорг1ай (-ш).** Старин.Укрепление. Замок. Из источника: **ГIоргIай** (Горгай) - склон на з. от Хьаркуние, на п. б. речки. (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Кхосту-уш; -аш).** Старин. Яд трупный.

**Кхосту** (Кхосту) «Яд трупный» (из кн.А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Кхоьлах.** На яву.

> Дег1аста, Дег1аста
> доллучу дахарехь оьзда юкъ йиххкина
> набаран кхоьлах а хьуна сагатдеш
> доьзалийн вонехь а сада1ар доцуш
> хьуна хехь лаьттинчу къонахийн дуьхьа (А.Бисултанов. Дег1аста).

ГIена-кхоьлах (кхунна гергахь – велча) кIанта ша вехар дагадогIий, кхуьнан иза чIоггIа маракъовла дог хуьлура (А.Абдулкадыров. Бахьана).

**«Кху-вай».** Возглас, которым отпугивают от цеплят коршунов.

Ткъа аьхкенан де делкъал тIаьхьене лестича, кара Iаса а лоций, цхьа гIогI а текхош, зIакардохна теба куьйра я цхьогал дIаэкхо, «кху-вай» бохуш, мохь бетташ, ков-кертахь дезарш деш лела гIеххьа къена зуда Уцин хIусамнана яра, шен цIе Iабадат а йолуш (М.Ахмадов. Хьер-м сатесча а хьийзаш яра... ).

**Кхуьйа.** Все троём.

Абдулаев Лечин ворхI а, Супаев Русланан вуьрхIийтта а, Бисултанов Аптин ткъе итт а стихотворени стенна ю? И кхоъ литературина юкъаварца ул-уллохь лаьтташ волу дела валаво ас масална, кхуьйа а дика поэт а ву. Кхузахь цхьа а логика ца го суна (М.Ахмадов. Антологис хIиттийна хIетал-металш).

## Къ

**Къагар (-ш).** Блеск.

> Муо бисарх дуьненан горгачу букъа т1ехь,
> Аьлла дерг, дийцинарг, хезнарг а дицлучохь;
> Лелла некъ,цхьаъ тишвеш, кхечунна бисарх т1ехь,
> Некъ эцна ваьлларг а чохь, арахь тишлучохь
> Цхьа уьйр ю шир ца лург, лелочохь и ц1инло,
> Кхин къагар ца нислуш, ша тесча и тишло

(Хь.Яхъяев. Муо бисарх дуьненан горгачу букъа т1ехь).

**Къадари.** Религиозное исламское течение.

Амма 1едал шекдара динадайх. Кьаьсттина къаари т1арекъатан инадайх. Нохчий кхаа декъе бекъча, лаххара а ши дакъа къадари, я вуьшта аьлча, кунта-Хьаьжин вирдехь бара (А.Айдамиров. Дарц).

**«Къаз-къиз».** Звукоподражание скипа.

Кху шарахь хьакхар ца гиначу кхеран ворданан чкъургаша «къаз-къиз» деш, х1ош схьабог1учу новкъа мел долу ж1аьла а, бер а кхарна т1аьхьадаьллера (С.-1.Юсупов. Дечиг даккхар).

**Къазналла.** Обет молчания.

> Зама д1айоьрзур ю, вовшашна ганза.

Хоттучух, олучух шеколла йоцу
Къазналла йиц ца цхьаннахьа цкъа а.
Бахьана хир ду-кха…
Бахьана доккха (М.Анасова. Цхьа бахьана).

**Къайллаха.** Скрытно, воровито.

Вайшинна юккъе ас
юьллур ю безаман хьаьрк,
Цхьалха а яьккхина,
цIинйийр ю сайн математика,
Къайллаха биттина
Хьоьга сайн са-сема бIаьрг,
Моллина хьоьхур ю
цабуху мах бен грамматика (А.Ахматукаев. Вайшинна юккъе ас... ).

**Къай (-ш).** Устар. 1.Хижина. 2.Пуля, снаряд.

**Къолие** (Колие) - развалины бывшего хутора в 2 км ю.-в. от Хьевхьа. Название, вероятно, сложилось от «къай» - хижина, или «къулли» - крытый родник, дорожная гостиная (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Къакъамаршка.** Захолустье, угол, место, край и т.п.

Геннара схьахьаьжча-м мотта тарло тхо цхьана къакъмарешкахь дохку, г1еххьа аккха а девлла (С.Яшуркаев. Нажжаз). Делахь а, цу даьлла хиллачу тоьпан татано ойла йойтара: «Иза мила хир ву? Муха кхаьчна кху къакъамаршке? Ас кхоьссинчу тоьпан тата хезна, соьгара гIо доьхуш дуьхьал кхоьссина-м яцара-техь и топ? (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Къакъарай (-ш).** Старин. Прост. Глыба, валун.

**Къакъарайн боьру.** «Скальных (плит) лощина» – уроч. на ю.-з.(от Харачоя – Д.Б.) (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**«Къакъарашт»-аьлла.** Звукоподражание треска.

«Д1арж» аьлла мийра тоьхна, цицкана «м1аьв» ала г1о а еш, «шхьовв» аьлла и шиъ кертан цхьана маь11е ластийна, «къакъарашт» аьлла д1а чу туьлу со (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**«Къакъ»-аьлла.** Звукоподражание. Проглотить со звуком.

- Кхечу дешнашца аьлча, цомгаш болу уьстаг1 д1адоьдучу жанна т1аьхьабусу. Т1аккха барзо и уьстаг1, къакъ олий, д1акхоллу (С.Цугаев. Со вог1р вац хьоьца

**Къакъ-къикъ (къаркъ-къиркъ и.д1.кх.).** 1.Звукоподражание птичьему гарканью. 2. Прост. Идти без какой-либо координации и направления.

Кхунна мархаш го, цIийеллачу чуокIелонашца орца тIехьара меллаша гучуюьйлуш, тIаккха аренца геннахь йовш, цхьана кхоьлинчу Iаржалле гуллой. Юха олхазарш а, наггахь тухучу тIомаца ламанца цIа доьрзуш, юкъ-юкъа «къаркъ-къиркъ» хазош, довш, кхулуш, Iаьржачу тIадамашка доьрзуш (М.Бексултанов. Буо). «Шхьан-драшш» олий, нуй сона ластабой, и цхьа нана-лекха к1ажош долчу тупленашка «т1ох-т1их» дойтуш, «къа-къикъ» олий, йоьдий, дехьа чу йолучу не1арехь «т1апп» олий, йов х1ара (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Къала.** Уст. Цвести.

Хьо дала вуьтийла,
Хьо г1оза къалойла,
Тхан хьоме нийсан.
Ираз долуш хуьйла.
екъала хуьйла! (Нохчийн фольклор. Зуда ялор-йигарца йоьхна эшар).

Йицъелла тIаьххьара зама,
Хьо-бIаьсте хиларна сирла,
Йоьллачохь барамза къала
Къилахь дац иштташух дийца (М-С.Гадаев. Кхоьруш цакхетарна нийса).

**Къамелахо (-й).** Оратор.

Къамелахоша, цхьаболчара багара цинцаш а детташ, ц1ог1ане маьхьарий а хьоькхуш не1алт кхайкхадора нохчашна а, г1алг1ашна а, уьш зударшца, берашца, къеначаьрца лаххьийна х1аллакбина, х1окху дуьненара д1абахаре кхойкхура (А.Айдамиров. Дарц). Дийцар генара а, Зоврбек-Хьаьжех дерг мелла а тIаьхьатеттина а доладелира дIа. Дешар чекх а даьлла, аьлла, элира вайн къамелахочо, ша волчуьра дIабаха арабевллачу мутаIеламашна тIаьхьаваьлла лаьтта молла (Хь.Яхъяев. Зовби). Яздархочун кхолларалин хатI кхиоран рогIера тIегIа хетало "Теш" дийцар доьшуш. Дац цу тIехь дестош далийна, цхьаьнгара хезна аьлла, дешархочун кхетам шеконе буьллуш яздина дош. Яздархочун къамелахо ша а ву оцу бохаман хало гина, дахаре юхавирзинарг (1.Медигов. Саид-Хасан Кацаев).

**Къап-къарс.** Неразборчивая трескотня.

Т1аьхьа хеза суна церан чуьра «т1ох», «з1ов», «г1ашт», «д1ов», «г1ов», ва къап-къарс, ва х1уя, бусалбанаш! (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Къардайна.** Неугомонный.

Хетарехь, шена доттаг1 хьовзон «к1амдар» т1едеанчохь хьалхара водуш хьон болу некъ а хьалхе билгалбечух тера дара къардайна волчу Гомас (Ш.Дашаев. Ши доттаг1 захало эцна вахар). Цаьрца вара кхуьнаниг а, массара а къардайна, аьрха бер ду бохуш, хаддаза кхуьнга схьавелхош а, хаза ийцича а, хьехар дича а, човхийча а, букъ ма берззийнехь дерриг диц а лой, бераллин амало вадавой, иштта , х1инца ша ддиллина дитина ков санна, шега мел дийцичунна дуьхьал корта а те1ош, ша баьхна «х1аъ» д1атосий, ловза хьодуш волу (З.Яндарбиев. Церг тоьхна т1уьхк).

**Къармазалла.** Непокорность.

Зеламхина ца хаьара хIокху Хорачах а, хорачойх а хIун гIуда хьаьрчина, Далла хьалха хIорш стенна бехке хилла. Дала къармазалла елла хIокху хорачошна. Ницкъана, харцонна къарбелла, кIелсовца ца лаьа царна (А.Айдамиров. Дарц).

**Къармазе.** Непокорный.

Дукха хьолахь хIетахь махкара арабевллачерах нохчийн бакхий Iеламнах, гIарабевллачу тIемалойн доьзалш а бара, уггар а къармазе, паччахьан Iедалан лоллина кIел берза луьра дуьхьало йинчарех (М.Айдамирова. Кхолламан бехачу новкъахь). Эрна къастийна ца хилла Шемала мацах цкъа хIара Ведана шен имаматан коьрта шахьар, ткъа тIаьхьа паччахьан эскарийн командованис Нохчийчоьнан уггар карзахечу, къармазечу декъан - Нохчмехкан администрацин туп а (А.Айдамиров. Дарц).

**Къарояла.**Уст. Дать признание.

– Къах1им, ас к1еда, г1иллакхе дийцарх, вайн говр ша йигна аьлла даре дан а, къарояла а дагахь воцийла ца хууш вац со, нана (М.Завриев. Теш ма лаца).

**Къарс-аьлла (къарш-аьлла).** Звукоподражание хрусту.

Т1аккха цу стага секха1ад хи чу а 1оьттина кара оьццушехь къарсъаьлла кагделла (Нохчийн фольклор. Астаг1а Темар). Кхин «бур-бур» аьлла вист ца хуьлуш, «хуш-хуш» аьлла, къу санна вахана, ишкапана т1ера туьхан цхьа белиг «къарш» аьлла цергашца каг а бина, цуьнан йоккха ах шекар санна «г1арж-г1иржехьа» 1уьйшуш, «хушт» аьлла юха а шен метта охьахууш воллу х1ара (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Къарш-къудли (къарш-къули, кханч-кхала:-ш).** Устар. Ряженый при ритуале прошения дождя у бога.

Наполнив арбу «освященными» камнями, вся толпа шла к Тереку. Остановив арбу у берега, взрослые брали по камушку и бросали в воды Терека со словами: «ДогIа лолахь, Дела!» (Дай, боже, дождя!»). Обряд этот назывался «Шаббат дар». Освященный молитвой камень называли «шаббат». *Шаббат* - др. евр. суббота. Обряд прошения дождя в разных местах проводился по-разному. По улицам ходила толпа людей и водила ряженого юношу. Сам обряд и ряженого называли «Къарш-къули», «Къарш-къудли», «Кханч-кхала». Этимология «къарш-къули» восходит к чеченскому «къарш» - крест и «къули» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Къарйоьлла.** В зн.полночь.

Хьан лаам зен санна,
тIейогIу къаръелла буьйса,
Хьан деган кIоргерчу
къайлешна, къу санна, тебаш (А.Ахматукаев. Гуьйренан 1уьйренаш).

**Къаръйола.** В зн. густотёмная (о мгле).

**Къастамбийриг (-аш).** Разбирающий.

Шалхо лелош доккху доьша
ЖIаьлешна а мегар дуй?!
...Къастамбийраш вайна оьшу!
Къастамбийраш мичахь бу?! (М.Ахмадов. Къастамбийраш).

**Къахьалла (-ш).** Горечь.

Шен дег1аца, шен дагца, шен б1аьргашца ца лайча, ца гича… ма-ярра евзарг ца хиллера-кх хьан къахьалла. Кхин цкъа а, цхьанна а... кхайкхаза, бертаза нехан не1ар т1е х1оттаран чам (Я.Овхадова. Мичара «лоьцур»-те и «син шовда»?..).

Бехачу новкъа со вуьйлу,
Юха цкъа гур яц те, бохуш.
Къастаран къаьхьалла муьйлу,
Къайлаха синош а дохуш (Ш.Рашидов. Со новкъа вуьйлу).

**Къахь (къахьаш).** Доп. значение: гарь.

Доьзалехь воккханиг
Декъаза хуьлу,
Вонна а, дикан а
Цуо 1овшу къахь (Л.Эдильсултанов. Хеназа кхелхинчу Борзин безамна).

**Къаьркъанча (-ш).** Прост. Водочник, пьяница.

Районера г1ала йоьду автобус схьа ца еъна. Нах бу дуккха а. Туька а го социйлана уллохь; д1анехьуо кхо-виъ къаьркъанча 1ан, вовза-везарг туькан чу вахаре хьоьжуш, ч1инч1ура а хевшина (М Бексултанов. Най). Цул т1аьхьа, х1ора дийнахь бохург санна, мийла йолаелира, масех майра а хийци. Х1инца цуьнца 1аш цхьа къаьркъанча ву (С.Мусаев. Нехашла тесна х1у).

**Къезиг (-аш).** Прост. Клопик.

**Къеваьлла (й, д, б).** Обедневши.

«Эйт, цIехала хьо белхан! ХIинца хIун дан деза?! Яхийта-м йиш ма яц, хIоккхул къа а хьегна!» - аьлла, тIаьххье тIекхиъна, къеваьлла лаьттара со, кхоьссича топ ца туьлу йолччу, дIа тIетоьхча, шена хилларг хIун ду хуур доцуш букъ тоьхна Iуьллу ча а зуьйш (Хь.Яхъяев. Киртиг).

**Къешаршка.** Входить в стадию пароксизма.

**Къена-къуьжиг. П**рост. Старая кляча.

- Уай, спортсмен вац хьо, хьайл хьалха ма валийти ахь и къена-къуьжиг? – элира, бах, уьш гуш болчу наха (М.Баснакаев. Сирла шовда-2).

**Къерсигбала (й, в, д).** Пересохшая.

Буьйса текхош, къайладели беттан можа бурам.
Веччалг санна, лаьттан чкъурах йоьлла гIура-йис.
ГIулч ма-яьккхи, бека берриг къерсигбаьлла урам.
Дахкарлахь цхьа ирке серлайолу анайист…

(1.Юсупов. Буьйса текхош, къайладели беттан можа бурам).

**Къеч1алг (-аш).** Прост. Барахло, затычка.

Колхозе лийлира шина-кхаа шарахь тракторист ву бохуш. Цхьа къечIалг яра тарахтар а, ур-аттала, йоьхча кIел хIотто рагIу а дацара (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Къиезалг (-аш).** Старин. Сорока.

**Къиезалг хьун** (Киезалг хун) «Сорочий лес» - на ю. Сандаха, на п. б. р. Донойн ломара догIу хи (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Къиздала (й, д, б: къизло, къизлора и.кх.).** Ожесточиться.

Дуьххьара адаман са даккха хала хуьлу стагана, амма цхьаъ, шиъ, масех а адам дийча, цуьнан дог чIагIло, къизло, иза цIийх, къизаллех вулу (А.Айдамиров. Дарц).

**Къийза.** Шипать.

**Къикъ.** Употр. в основном с гл.-**ца алийта**. Ирон.-презр. Пикнуть.

Х1етте а англичанашна а, французаша а и б1е миллионаш туземцийн бахархой, цхьа к1еззигчу полицейскийн ницкъашца церан къамкъаргаш буйна а къевлина, цаьрга къикъ ца олуьйтуш, шайн колонешкахь ч1огг1а низам латтадо (А.Айдамиров. Дарц).

**Къиккъаз (къуккъаз: -аш).** Прост. Старый хрыч.

– Хьий, дейисса-кх хьо лоьман делаI! Ма язъелла-кх хьан и юх! Еъна Iаш жеро ма ю, дуй, месех дуьзна гIайбеш санна, горга хенаш а дусийна, хьо къанделла къиккъаз кху чохь Iуьллушехь, доьхка хадийна топ санна! ХьалагIатта сихха! – олу Висхас, ша боккъал а луьйш санна, шек а ца волуш (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна).

**Къилаваха (й, д, б).** Пасть в грех.

Ша хьаьстича, кхин а къилавахна велха вуьйлира кIант (М.Ахмадов. Телефон).

**Къилба (-наш).** В сторону Мекки (для мусульман).

Кху заманан къилбанаш (хила дезарш) поэта билгалдоху стихотворенин тIаьххьарчу шина могIанехь:

Малик хуьлий, лаьтта вогIуш,

Эвлаяъ хуьлий, воьдуш дIа (М.Ахмадов. Абдулаев Лечин цхьана стихотворенех а, и йоцчух а). Амма сан литературехь хилла къилбанаш шаьш ма-дарра дисина (М.Ахмадов.Сан гуттар а цхьа некъ хилла... ).

**Къовзор (-ш).** Укус комара.

Хьажахьа, минот ца яьллехь, хьоьга маре а йогIур-кх со! Ма къа долуш синош ду-кх тхо, зударий! – Зударий-м хила а мега…, – дуьхьал къовзарш дира ас (В.Хаджимурадов. Хьехархочун дийцар).

**Къоламча (-ш).** Писака.

Цхьа кхин, аьлча а кху хьолах хьалхаваларан некъ хьахабелира хьастаг1а телевизоран берте а веъна:–Вай хьовса деза французаша х1ун дина, – аьлла, цхьа къамел доцу къамел дан ваьллачу, яздархошха лелачу вайн цхьана манкха къоламчин (Хь.Яхъяев. Синкъерам а, сискал а).

**«Къолт1»-аьлла.** Прост. Пренебр. Звукоподражание шумного глотка.

Цхьаъ-м хиллий хууш, «т1ит1» д1а аьлла вист а ца хуьлуш, «къолт1» олий, цхьа нана-боккха дечка 1айг чорпи чу бохуьйту ас (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Къомалла.** Народность.

КIентийн цIарах цIийнан цIе йоккху, юьртан, мехкан цIе лела. Ша цхьалха схьаэцча цхьацціаннан кхолламах лаьтта мехкан кхоллам. Махко шен кIентий бицбича, хер-хербеш шен дIадаханчух дIахербо и, воних тIекхуьссу. ЦIе южу мехкан, къам къомаллех духу... Оцу дерригено а гойту нохчийн къам (цуьнан хьекъале, оьзда дакъа) ша-шех тоам бина, шена чохь д1акъовладелла доцуш, дерриге а къаьмнашна д1адиллина хилар; цунна коьрта шен къомалла (нохчолла) ца хилла, коьрта адамийн юкъарниг (адамалла) хилла. Нохчолла оцу адамалла бохучу синмехаллин цхьа дакъа хилла (М.Ахмадов. Г1иллакх-оьздангалла). Вайн санна, шен дин а, къомалла а 1алашдан бакъо ю кху махкахь дехачу муьлххачу а адмийн (Л.Абдуллаев. Нохчийн мотт а, хьаьжк1ан буьртиг а, кокани а).

**«Къомс».** Звукоподражание укуса зубами.

Iаж…, – га ластош, гаьн тIера, боккха горга Iаж а баькккхина, – Iаж безий хьуна? – елар хьодуш, цеце хьаьжна, Iаьржачу курткин пхьуьйша тIехула шозза-кхузза Iаж хьала-охьа хьаькхна, «къомс» олуш, Iаж кхаьллина, ши бесни юсаелла: «кIахь-кIахь-кIахь», – елаелла, туьтеш охьаоьгуш санна, у тоьхначу екъачу цIенкъа, я буьртигаш – хьаьжкIан буьртигаш – пешан Iокъа тIехь лелхаш санна; Iожан ахк цергаш юкъа, кIайчу цергашна, тIедачу: «Iаж гаьн тIера баккхалахь, охьаэгнарш а ца лехьош, – юха а елар, ша-шена санна, Iаж, ластийна, генна дIа а кхуссуш, – дика дуй, хьо воккхахилча, Iаж гаьн тIера баалахь, – едда-едда-едда, кхийсалуш, шуьрех буьзна Iахар санна, басех охьа чухьадар, кхин хIумма а доцуш санна, шел тIаьхьа кхин цхьа дуьне а… (М.Бексултанов. Эх1, эшар х1унда 1ена-кх... ).

**Къонахчалла.** Мужество.

**Къорам (къорамаш).** Нечестный, скупой.

> дахарехь мел хилла къорамаш
> бицлой, сан са малхадолу
> тийначу бераллин кертахь
> со хьоьца т1екараволу
> дуьненах, сайх кхета г1ерташ (А.Бисултанов. Уьйт1арчу б1аре).

**Къор1анорра.** Клятва именем корана.

- К1ентий беккъа хьан а бац, цкъа делахь; шолг1а делахь, ахь 1амийна а бац! – Къор1анорра бац ахь 1амийна а-м... (В.-Хь.Амаев. Б1аьстенан цхьана суьйранна).

**Къукъу.** Прост. Балда.

**Къулд-къулд.** Звукоподражание жадному питью.

Эккха санна, лозура корта, чуьра хье охьаIана санна, коьртан пхенаша ов а детташ. Iусмана хи мелира, литр йоьду аьчкан куршка юьззина, «къулд-къулд» деш, тIаьххьара бисна масех тIадам – куршка ирах ойуш – нийса бага чу а бохуьйтуш (М.Бексултанов. Преми).

**Къулхьа (къулхьанаш).** Сура Корана.

Дукхахьолахь маре деш болу вайн кегийрхой ламаз деш, марханаш кхобуш-м муххале ца хуьлура, цхьаболчарна, ур-аттала, алхьам, къулханаш деша а ца хаьа. Мах беш тешаш хIиттабо хьалха тIенисбелла нах. Далла Iамал еш боцурш а, малар молурш а. Уьш дог цIена, хьанал хилар а ца хьехадо (А.Айдамиров. Вайн амалш). КъулхIанаш деша, цулла а. Деле, устазашка, пайхамаршка кхайккха цулла а! –хьехарш дора наха. Уллохь хиъна Iаш йолу Заидат гина, цуьнан мара а йоьжна, тийжаш елха хIоьттира зуда... (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). Айзанан дег1е зуз деара. Лаамаза сингаттамо воних хьоьхура. Айзана лакъаджакуум, къулха, кхин шена мел хуу деза х1умнаш дийшира (А.Давлетукаев. Бен). Чехкка шена къулханна юкъара дагабогIу масех могIа а бешна, юха наб озор яцара-те аьлла, бIаьргаш тIеттIакъевлира Кайпас, амма коьрте гIертачу ойланаша синтем дIабаьхьана баьллера (И.Джабиров. Кайпин г1ан). Трапан ламеш чекхдевлча, цу лаьтта дуьххьара айса ког буьллуш, ас къулха дийшира дагахь (З.Эльдерханова. Швейцарех дагалецамаш). Буьйса юкъал т1ех яьллачу хенахь кеманийн г1овг1а хезира. Иштта а сема наб еш долу Асеттий, Ахьмаддий къулха доьшуш дара (Т1.Ахмадов. Дахар хада йиш яц). – Ва, Масар, корера дIахила. Амма доьшучура Лакъаджакум ма сацаделахь, – Iадийна мохь беттара ХIийжана. Къулха деша, Бисмалла даккха, Ла иллахIа иллаллахI ала, шайна хаьа деза мел дерг дешийша, Деле кхайкхийша, – кхераелла карзахъяьлла хьийзара марнана (А.Давлетукаев. Лакъаджакум).

**Къункъа.** Прост.Увалень.

**Къуьжаг (-гаш).** Прост. Карга.

«Хьо къена къуьжаг ядор дара хьуна х1инца суна оьшург», - ала саб1арзделира Хотталгерин, амма дов ца дезна, аланза 1ен велира (В.-Хь.Амаев. Б1аьстенан цхьана суьйранна).

**Къуьхк (-аш).** Кизяк.

Шена хьашт хилча-м, пиллиг хьокху: «Валойша, нанинаш, цхьа гали къуьхкаш лахьаейша» ... (С.Яшуркаев. Картолаш).

# К1

**К1аван (й, д, б): т1ек1аван (й, д, б).** Привлекать к себе визитами кого-л.

Кест-кестта тхоьга вогIура иза, ас башха тIе ца кIавешшехьа, гIалахь а кхочура со волчу, хIора кIирнах бохург санна (Э.Минкаилов. Гуорабожийна сай). Х1инццалц 1усманаца охьахуьйшуш 1едал а дацара цуьнан, шена а х1ун ду а ца хууш, Хьасанан даго т1е к1а ца вора иза, ца тешара цунах (Б.Магомадова. Хьасанан «бекхам»).

**К1адалла (-ш).** Мягкость.

Тур хьекхна куьйгаш а к1адалло эцча,
Мокхузан тоьпаш и ц1ийяла йоьлча,
Мохь белира гу т1ера г1ара-тата сецча:
- Ма х1итта сан хьоме юьртахой холча! (И.Джабиров. Теркан къайле).

**К1адо (к1адонаш).** Прост. В смысле здесь лень.

Сан ламин тIегIанаш – мукъамах аьгна хьайн дешнаш –
КIадо а ца еш, чуэгаде хьайн балдаш тIера.
Хьан дешнийн оьланаш – со гуттаренна шайх тешнарш –
Дахаран хазна ю сан ирсан кераюккъера… (1.Юсупов. Безаман лами).

Мила хир цакхоьрург, ша ца йийриг кIадо
Йохо церан штабе йоьду зIен тел хадо?
Воккхачунна кхераме ду, ду и хала, –
Деза бере, «ловза» доьдуш, тукар дала… (Ш.Хажимурадов. Дицлур дац и цунна).

К1езиг елахь а оцу вагонашна гонах оха ца бинчу к1одана язйина и наряд ...хили цунах а жим-т1ам т1ак-мак (Н.Музаев. Мур). «Иза доккха похIма долуш, башхачу корматаллин стаг вара. Шен халкъан ирсехьа, и ирс сирла а, дуьззина а хилийтарехьа дIахьочу къийсамехь кIадо йоцуш а, майра а вара", – боху шен дагалецамашкахь Саидов Билалас («Бадуев Саь1ид-Салихь (1903-1938). – Газета «Нохчийн республика», 2013, 18, 02). Кегийрхошца бечу балха тIехь соьца цхьаьна, шен хан, зама ца лоьруш, цхьана а хIуманна тIехь кIадо, мало йоцуш, болх беш ву Нохчийн Республикин халкъан яздархо Хатуев Iабдулхьамид (А.Уциев. Вайн сатийсамаш).

**К1адда.** Прост. В смысле ничего (не сделать, не совершить).

– Дала х1аллакбойла уьш, юьрта а баьхкина, шаьш ца динчу к1адца суна т1ехь х1ара дабаг1а дайтина болу, – бохуш кхайкхабора цо шен хенахь вай «мажош» аьлла ц1ерш техкинарш (Ш.Дашаев. Бекхам).

**К1айг1алг1азкхе (-кхий).** Белоказак ( -и).

Ша хаъал хилчхьана буо хиллера х1ара, 1едал даьккхинчул т1аьхьа дуьххьара диллинчу Соьлж-г1аларчу берийн ц1ийнехь ваьллера пхийттара а, ша нохчи вуй, йоккхачу мехкдаьттан т1ехь балхахь хилла шен да а, нана а к1айг1алг1азкхаша г1ала яьккхинчу хенахь дийна хираррий бен хууш х1ума а доцуш (З.Яндарбиев. Жаби).

**КIалха атагIие** (Калха атагие) «Нижней долине к» - севернее ЦIечу Олкумие, на п. (из кн.: А.Сулейманов. Топонимия Чечни).

**«К1алц-к1алц».** Звукоподражание стуку зубов и т.п.

Иза алийша аш цуьнга я иза санна волчуьнга, иза дийна воллушехь, шайн "кIалц-кIалц" а дитий (М.Бексултанов. Къонахчун 1ожалла).

**К1ант.** Молодец. Так зовёт невестка родственников по мужу.

– Ваттай, сан Дела, кIант, хьо вац хIара! Дела дахка шу марша, – дуьхьал охьайолаелира иза, – сан болх-м хаац, хьо-м кIезга кхочу хьуна кхуза, – аьлла, бегаш барца, дадина мара а кхеташ (М.Бексултанов. Кехат).

**«К1аннехьа».** Звукоподражание шуму мелкого укуса.

Суьйре екхнера, гIоро йолаеллера. Ло «кIанццIехь» цIийзара гIашлойн когаш кIелахь (М.Ахмадов. Сарахь).

**К1анц1ар (-рш).** Прост. Невзрячий щенок.

**К1арч (-аш).** Устар. Тормоз а в колёсах арбы.

**Ши кIарч южу боьра** (Ши карч южу бёра) «Два тормоза (где) закрепляют балка». Крутой спуск в гряде Брагунского хребта, где крестьянам приходилось накладывать на два задних колеса повозки тормоза. Имеет и кумыкское название. *КIарч* как в кумыкском, так и чеченском языках имеет значение «тормоз» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**«К1ахь-к1ахь».** Звукоподражание шуму смеха.

Iаж…, – га ластош, гаьн тIера, боккха горга Iаж а баькхкхина, – Iаж безий хьуна? – елар хьодуш, цеце хьаьжна, Iаьржачу курткин пхьуьйша тIехула шозза-кхузза Iаж хьала-охьа хьаькхна, «къомс» олуш, Iаж кхаьллина, ши бесни юсаелла: «кIахь-кIахь-кIахь», – елаелла, туьтеш охьаоьгуш санна, у тоьхначу екъачу цIенкъа, я буьртигаш – хьаьжкIан буьртигаш –

пешан Iокъа тIехь лелхаш санна; Iожан ахк цергаш юкъа, кIайчу цергашна, тIедачу: «Iаж гаьн тIера баккхалахь, охьаэгнарш а ца лехьош, – юха а елар, ша-шена санна, Iаж, ластийна, генна дIа а

кхуссуш, – дика дуй, хьо воккхахилча, Iаж гаьн тIера баалахь, – едда-едда-едда, кхийсалуш, шуьрех буьзна Iахар санна, басех охьа чухьадар, кхин хIумма а доцуш санна, шел тIаьхьа кхин цхьа дуьне а… (М.Бексултанов. Эх1, эшар х1унда 1ена-кх... ).

**К1ац (к1ецаш).** Иней.

десачу гуьйна т1е
меца пхьуй санна
к1ецаш еш хьан к1ентий
гуллучу дийнахь
сан илли д1адоьду
гила-борз санна
акхачу хьаннашкахь (А.Бисултанов. Десачу гуьйна т1е меца пхьуй санна).

Легашкахь хIоьттича суна,
Со кхиъна хьан кийра оьзда,
Ас, дагалецира тIаккха:
Беа ког вовшашка оьзна,
Бекхамна кхоссалуш хьалха,
Ас берзан кIезанах цIевзаш,
Кхолламна гайти сайн кIецаш (Д.Амагов. Нохчийчоь).

**К1аце.**Покрытый инеем.

Ас дIаьвше мел аьлларг
Кханенга кхийда –
Дегайовхо кIаце еш,
Тешамаш зарз а беш (Л.Ибрагимов. Ас дIаьвше мел аьлларг... ).

**К1ежтаса (к1ежтийса).** Начало скипеть.

МаьркIаже, маьркIаже,
ялахьа схьачоьхьаялий,
Корера кирхьанаш-м
хьо сецо оьхкина даций,
КIежтийса доьллачу
ловзарх цкъа дага а ялий,
Дийцахьа тховса со
къехкачу эхь-бехках лаций (А.Ахматукаев.. 1усин 1умарна).

**К1езгалла.** Малочисленность чего-л.

ирс долуш деца хьо х1ай маьрша олхазар
нахаца нийсо хьан леха ца дезна
ницкъ болуш деца хьо х1ай кура олхазар
дуьненан к1езгалле лакхара хьежна (А.Бисултанов. Олхазаре).

Къоман дахарехь хилларг, долуш дерг, хиндерг дийцар, осалалла, кIезгалла сийсазъяр, тайнадерг, оьзданиг сийлахь деш, чIагIдар лору авторо поэтан декхар (1.Арсанукаев. Нохчийн литеатура. 9-чу классан учебник).

**К1елвиса (й, д, б).** Покориться, уступить.

Цу денна кIелвисча,
ЦIийн хьожа яьржича,
Ахь даге мохь тоха:
«Хьо чIагIло, тIулг санна,
Собарца деттало,
Халонна ма гIелло!» –
Хьайн даге ахь ала (М.Мамакаев. Комиссар).

Цу араваллархь, Мушичу кхаччалц хьаша новкъа а ваьккхина, Чокин Хьамдаллех дIа а къаьстина, МогIуста хьалавеара Зоврбек-Хьаьжа. Сар-Iела вара Iуьллуш, кIелвиссина, тахана-кхана аьлла (Хь.Яхъяев. Зомби).

**К1елсаца.** Смириться.

– Осала, кIелсецна,
Ас корт тухур бац!
Со сайн некъ дIатесна,
Къарвала дагахь вац.
Къонахчун стогалла,

Іожалла Іееъча,

Дог майра кхалхар ю! (М.Мамакаев. Комиссар).

**К1есала.** Старин. Тыловой, резервный (о гарнизоне).

По долине Шаройн Орга имелись следующие укрепления и военные поселения:**Парсма (Щит)*, Сандаха (Отборные), Кебасара бІав (Ворот склона башня), Кебаса** (Воротсклон) КІесала (Резервные (тыловые) войска, гарнизон), Чур тогІие (Внутренняя долина с замковым укреплением Шикъара, Шора - с мощным замковым укреплением по-над л. б. Шаро-Аргуна, Саьрбала (гордые) и Лаьшкара (группа войск, резервный гарнизон) и немного ниже по течению Шаро-Аргуна - Букказие (богаз - ворота) и дальше - ЗазаргІание, Улус-Керт, где проживали воинственные вашандаройцы (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**К1есархье.** Мозжичок.

Дан дезачарех, тІаьхьа дисинчарех…

Къизачу хаттарша кІесархье морцу,

Кхетаман гилгаша дегІ тІулгах хоьрцу (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

**К1иес (-аш).** Старин. Доп. значение: острый выступ на камне, валуне и т.п.

Небольшое этническое общество граничило на в. с. Шикъара, на з. - с Сандаха, на ю. - с Хуланда. Расположено на л. б. р. Шаройн-Орга, между Сандаха и Шикъара. Аул и общество КІесала расположены на крутом склоне, на самой вершине высокой горы, отсюда: *кІиес* - острый камень, выступ, тыльная сторона, тыл (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**К1ирдала (в, й, б).** Разг. Нагнетать, повторять, обострять.

Сагатлуш, ас аьлла илли,

Астаг1 лелхаш, бай т1ехь тиэкха.

Бай цо ведбинехь а, хьешна,

Даци-й иза-м иштта къиза –

К1ирделла хьо яре хьежна,

Б1аьрса дайна, лелий иза-м... (1.Юсупов. Сарахь).

**Жухарг**… ГІеллур ву, гІиллакхах вухур ву.

ЮьхькІоме сатуьйсуш, юьхьІаьржа хІуттур ву.

Цхьаъ-цхьалха висина – баттана кІирвоьлла

Барзаха угІур ву (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

– ДІога хьажахь, дІога, гайтахь соьга, гайтахь, – цуьнга кхин дІа а ца хьожуш, цо сайгара санна, куьйгаца турмал схьаяьkkхира ас, кІирвелла юха дІаса а хьоьжуш, наггахь Раисе а. (М.Бексултанов. Кехат). ХІара жимма сацало динна уллохь, иза шега дукха кІирбелла хьежарна, юха дІа а волалуш... (М.Бексултанов. Буо). К1ирбелла ладог1а бевллачу шен накъосташка д1аса а хьаьжна, вуха а кхунна т1евог1авелира инарла (Хь.Яхъяев. Лар).

**К1олдмижарг (-аш).** Круг творога.

Бабас, ца оьшу боххушехь, цу шинна банки чу даьтта а, ши кІалдмижарг а йиллира (М.Ахмадов. Боча-б1арийн дитташа г1овг1а йо... ).

**КІолдморзабаьлла.** На белые клочья раздробиться.

Дукъ Іуьллу тера саьрмаках чІогІа,

Нох дохуш Іачух, бІаьрг боьллуш наггахь,

КІалдморзабаьлла марханийн могІа,

СоцунгІа хилла, бу шина даггахь… (Хь.Хатаев. Де дІадай, буьйса тІееъна Іаьржа).

**К1оршамалла.** Язвительность.

Цхьа а тайпа бахьана а дац иза дуьненарчу халкъех херван, яц цуьнан ц1арах йийца к1оршамалла я вон амал (1.Медигов. И мехала болх лара хьакъ ду).

**К1ук1у.** Уст. Цыпленок.В перен. см. слабак, ничтожество.

**К1умс (к1умсаш); к1унс (к1унсаш).** Верхушка черепа человека.

Нохчийчоь, «хьан дуьхьа» даржаш,

К1унс отуш, вовшашца къуьйсуш,

Хьан дег1ах каетташ,

Хьан дакъош доькъуш,

К1ентий бу, вир санна, 1оьхуш (Г1.Алиев. Вир а ду 1оьхуш).

**К1урло (-ш).** Часто о минеральном источнике.

К1орггера, чулацаме, оьзда, исбаьхьа.Тахана буьйцучу, хуучу нохчийн маттера хийла д1адовш долу дуккха дешнаш авторна маь1на дика хаарца шайн-шайн меттахь далийна карадо ешархочунна «Дог дуьлина мерзаш» ц1е йолчу гулам т1ехь: аналла, к1урло, хьагам, антал, гурам, кхевсе, ковра, аьхза, важап, охкеш,текъа, руьйта, кхимар, там-товраш, синхьаам, хьун-басе, къурло, жирга, шелг1а, ч1иркъе, гечо, алх, 1аспар, совра, хьун-тог1е, дур, т1ег1а, сет и.д1.кх. (200-204 аг1онаш) (Д.Байсултанов. Нохчийн поэтан Дакаев Саь1идбекан 60 кхачарна).

## Л

**Ла.** Навострить ухо: слушать.

Шайн бехк болуш санна, бехкала боьлхий хьаьвзачу лоьрашка ла а догIий, бехьа сох къинхетам!.. ДогIахьа соьга жимма ла! – аьлла, цкъа соцунгIа а хилла, дIасахьаьжна Бешто, гIелъелла, корта а оллийна, чIогIа ладоьгIуш лаьттачу Бусане а хьаьжна, шена хилла ницкъ ца лайна делахь а, оьгIаз а вахана, юха а вистхилира (С-С.Бадуев. Бешто). Автора шен повесть чекхйоккху и йоьшуш волчуьнга вистхиларца: "Дешархо, догIа кху ирчачу балхе ла! Талла, дешархо, хIара гIуллакх, даггара ойла а еш"! (1.Арсанукаев. Нохчийн литература. 9-чу классан учебник). **- Оцу зуькар дечо вайшинна гайта г1ерташь бина пал баа, ткъа и понду локхуш верг шен ойланашка а вахана, г1ийла ша шен дог эца хиъна вара (М.Баснакаев. Хьаьжас пондае доьг1на ла).**

**Лаамхо (-й).** Калька из русского языка. Доброволец, волонтёр.

Отряде лаамхой т1еэца а, де билгал а доккхуш, официале доцуш, участкийн атаманашкахула хьалххед1акхайкхинера Теркан а, луларчу а областашкахь (А.Айдамиров. Дарц). Царал совнаха, Гумбетан участкан пурстопа, коллежски регистратора Саадуевс вовшахтоьхнера лаамхойн отряд а (А.Айдамиров. Дарц).

**Лагжайна (-ш).** Украшение на шее.

… Говран юьхь лаьцна (мохь а буьллуш, тIекIелйиллинчу кхо гали хьаьжкIашца), хьера боьдучу новкъа охьавогIуш, басех уьдуш йогIуш го, куьйган пIелгаца йовлакхах дIасахьийзорца хIазарш а деш, цкъа хIоз беш, юха схьабостуш, хьаж тIехь а, гиччошца а хьацарх горга тIадамаш а тоьхна, садоьIуш, сиха са, лагжайна а, лаг чу доьжна, юьхь юьззина, юьхь тIехь, маьлхан хьаьрса цинцаш а, цхьа жима стаг а кхунах къаьсташ, сихчу боларца, сихха дIавовш… (М.Бексултанов. Эх1, эшар х1унда 1ена-кх... ). Парг1ат васт кхолларараллин дошам х1отталур яра цуо лелочу дустаршца, эпитеташца,метафорашца: «стиглан логах кхозу лаг-жайна» (бутт), ойла зарзъяллалц, г1айг1анан ветано лаг къуьйлу, туьрк санна мадбелла бутт. Азатвала (парг1атвала.) (П.Абубакарова. Леча Абдуллаев. Илланчех дош).

**Лагман.** Заим.из тюрк. яз. Лагман (жаркое).

**Лаг-пиллиг (лаг-пиллигаш).** Нашейный медальон.

Ши галий ахьар а, жимма дама а, туьха а, мехкадаьтта а дахьийтира. Жанатис шен несана доккха дашон лаг пиллиг делира, дашон заьIанна т1ехь: «ХIара сан дедас ХьаьжацIера вогIуш деана ду хьуна (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Лаг-1аьстиг (-аш).** Куриная порода (кроль).

**Ладог1архо (-й).** Слушатель.

Нажжазан ладог1архо ву аьлла д1аэцар а-м ду, КПСС-е валарал хала (С.Яшуркаев. Нажжаз).

**Ладоьг1ийла (-ш).** Надежда на улучшение, решение и т.п.; можно надеяться.

Дархо шолгIачу кIиране ваьлча висаре ладоьгIийла яра (Хь.Яхъяев. Зомби).

**Лазам (-аш).** Боль.

Жоьпаллечу дарже лоьраш хIитточу хенахь коьрта делил хила деза церан корматалла (С.Хасанов. «Коьрта лазам бу лоьраш тоаш цахилар». – Газ. «Даймохк», 4 июнь 2011). Яздархочо язъеш йолу произведени цхьа 1алашо йолуш язйо, я шен синна дазделларг, 1аьткъинарг, шен лазамаш, хазахетарш; хилларш, лелларш, адамийн кхетамна 1аткъам бан хьакъдерг дита г1ерта иза шен йозанашкахь (З.Алиева. Нохчийн прозин керла лехамаш).

**Лайкъедаран (лайдкъедаран буьйса).** Лайлят аль-кадр (арабск.) – ночь предопределения.

Ткъа шен хьешашна юург ян хи доцуш, са б1арзделла лелачу нанас аьлла бах: - Ша т1улг хила-кх хьох, дукха схьайог1ий, - аьлла. Ткъа и буьйса лайкъедаран буьйса хилла бах (Нохчийн фольклор. Лайкъедаран буьйса).

**Лайлак (-аш)**. Сирень.

**Лайлат (-аш).** Скворец.

Кхаъ бу. Бен бо лайлато.
Бо цо б1аьвнан тхов т1ехь и.
Хир ю маршо, парг1ато.
Теша, хир бац т1емаш кхин.
Йохур ю цо к1орнеш шен:
И Делера хаам бу.
Хир дац аьлла зулам, зен.
Цунах дог сан тешна ду (С.-М.Гелагаев. Кхаъ бу...).

**Лакхахьа (лакхахьа).** Заиграть музыку, наверх, нижний.

Теркаца дохалла йиллинчу юьртах – Лаха-Неврех лакххьай, лаххьай шина маьIIехула болуш гомашийн, бежанийн ши бажа а гора, тIе хIайтъаьлла мохь бетташ, хьийзочу гIожца тIаьхьара лоьхкуш Iуй а бара (Ш.Айсханов. К1айн котам).

**Лакъаджакум.** Аят из Корана.

Айзанан дег1е зуз деара. Лаамаза сингаттамо вониг хьоьхура. Айзана лакъаджакуум, къулха, кхин шена мел хуу деза х1умнаш дийшира (А.Давлетукаев. Бен). – Ва, Масар, корера дIахила. Амма доьшучура Лакъаджакум ма сацаделахь, – Iадийна мохь беттара ХIийжана. Къулха деша, Бисмалла даккха, Ла иллахIа иллаллахI ала, шайна хаьа деза мел дерг дешийша, Деле кхайкхийша, – кхераелла карзахъяьлла хьийзара марнана (А.Давлетукаев. Лакъаджакум).

**Лалхие (лолхие: -ш).** Старин. Загон для скота.

**Лолхие** (Лолхие) «Загон для скота» - уроч. на в.(из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Ламкерста (-наш).** Горный язычник.

Геннара сан верас,
Яханчу заманан к1оргехь,
Акхачу кхетамца
Дин доцу ламкерста хилла (Р.Ахмаров. Хьекъийла хьан).

**«Лапнехьа».**Звукоподражание блеску.

**«Лап-липпнехь (лап-лаппехь)».** Звукоподражание переливание цветов.

Хьо дилхах а, цIийх а яцара, я хьох тера цхьа а хIума а… хьо сан кIайн марха ма яра, сенчу стиглахь кIайн шершаш, кIайчу духарца, садеIарца, кIайн тIемаш детташ кIайн… со хьажа а ма кхоьрура, кIирвелла хьан бIаьра хьажа, хIара дуьне а, хьо а юьтуш, суо царна чохь доьзаварна, хьан бIаьргашца хьо лоьхуш, хьоьга кхойкхуш, орца дохуш, цу сирлачу, сийначу паналлехь виса кхоьруш; ас лараш ма лоьхура, хьан когийн кIайн лараш, кIайчу куьйгаша хедийна хIаваан кIайн тIемаш… юха хьо гича, дуьхьалкхетча, суна хьох чекх са гуора, хьо дилхах а, цIийх а йоцуш, кIайн IиндагI долуш санна, кIайчу пардонан кIайн IиндагI, кIайчу Iаьнарца кIайн садоьIуш… тIаккха ц1оцкъамаш, бIаьрнегIарш «лап-лаппехь» тохалуш, бен толлуш, биэна йистехь тасаделла бенан кIорни санна,.. хьан беснеш цIийх хьодура, Iожан хьоькхнаш алла уьдуш, ткъесан цIеран дуткъа теш санна, чкъура бухахь цIен кхоллалуш… буткъачу меран кура буьхьиг, кIайн деттаделла меран тIемаш, балда балдех кIайн херлуш, цергийн кIайн чов яржар, маьлхан зIаьнарша, IиндагI санна, хьан еларо беснеш тIехь гуохьовзо горга кIаьгнаш; некхехь цициган ши кIорни, самадолуш, батт Iуьттуш; хенийн чIаж куьйгашца хьайн, кIайчу куьйгашца хьулдеш, хьо суна гича, дуьхьалкхетча, дешнаш доцу мотт буьйцуш, дуьхь-дуьхьал вайша сацаделча, хIара дуьне къон ма лора, къар ма лора, цIан ма лора, дуьххьара ша кхуллуш санна, кхоллалуш санна, кхоьллича санна, хьан ирсах хьаьгна дуьне, вайшиннан ирсах (М.Бексултанов. Къастар). Хьан карахь «лап-липанехь» лепачу шаьлтанца хедор ду ахь сан дато туйдаргаш (Ш.Макалов. Ненан хастам).

**Лаппарг1а (-наш).** Вьющее (?) растение-папоротник.

Маьънаш, мангалан комарийн коьллаш, лаппарг1анаш, г1ундалг1еш вовшех ийна цигахь (С.Яшуркаев. Картолаш).

**Лапъ-аьлла.** Молниеносно, в один миг, вдруг.

**Ларам (-аш).** Уважение.

– Ахь иштта тхан ларам барна, оха а бина-кх хьан ларам: хьан ч1ирхо схьавалийна дуьхьал оти чохь ву хьуна, лаахь хьайн ч1ир а эца, лаахь Делан дуьхьа и вита а вита, хьан т1ехьийза йо1 хьуна схьаялийна, кху ц1ент1ехь йоссийна ю хьуна… Иштта доттаг1ий лараро, массо х1умана т1ехь аьтто бина оцу к1ентан цу сарахь (М.Ахмадов. Доттаг1ий).

**Ларар.**Уважать, почитать, подсчитать.

– Ахь иштта тхан ларам барна, оха а бина-кх хьан ларам: хьан ч1ирхо схьавалийна дуьхьал оти чохь ву хьуна, лаахь хьайн ч1ир а эца, лаахь Делан дуьхьа и вита а вита, хьан т1ехьийза йо1 хьуна схьаялийна, кху ц1ент1ехь йоссийна ю хьуна… Иштта доттаг1ий лараро, массо х1умана т1ехь аьтто бина оцу к1ентан цу сарахь (М.Ахмадов. Доттаг1ий).

**Лардаме.** Диал. Основательно.

Ткъа и ун хьарчинчул т1аьхьа юкъараллин могашалле даха дог а дац, карараяьлла басах керчина йодучу х1уманан лардаме йоду иза, т1аккха и, кол санна, ласто а, г1ант санна, харцо а, г1аж санна, кагъян а дукха х1ума ца оьшу, цхьана эвхьазлонан питана тоьа цу балхана, и питана юкъараллех ц1е юьллу суй бу (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Ларма (-наш).** Старин. Склад, кладовая; подвал.

Ларма а, чардакх а
маттах дан деза,
Доша тIе дош дуьллуш,

олуш: ас доьттина! (Ш.Цуруев. Нохчийн мотт).

ТIеман ларма «Склады боеприпасов» – здесь хранились запасы пороха, пушечных ядер, свинца, оружия и т. д. (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»). – ХIан-хIа, йиша ма ю ша Iаш, квартира мах бина ю сан, тахна ахча дIаделча а... ХIумнаш ас хьалххехь цига дIаяьхьна, – сан доттагIа ву иза, квартира юккуш верг… хIара нехаш-м ю хьуна шортта, ларми[1] чохь а, тхов тIехь а – соьга и сарташ дIа-м ца кхийсадели, хIокку масийтта шарахь IаьIна, ма дукха сарташ ду моттахьа… цхьа дагон кхоам хеташ… нехан доьзалш хуьлучохь, сан даим хIара сарташ… шовзткъе пхиъ шарахь ма бина ас и болх… (М.Бексултанов. Суртдоккхург).

**Ларт1ехь (лорт1ехь).** Быть носледовательныч, рассудительным.

- И хьайн «гIов-гIов» а ца деш, лартIахь йистхир йолуш ян а юй хьо? - аз хийцира БатIала. - Кхета а веш, алахь айхьа олург (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). Жимма а лартlехь ерг нислахь-м берта а йогlург хир ю иза (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). - Ахьа х1ун Сталин вуьйцу, х1ай накъост? Лорт1ахь вуй хьо? (Хь.Тухашев. Гулам). Цкъа, айса х1ун до ца хууш, сайгакана т1ехьаьдда, т1аккха юхаваьлла, ц1ехьа ведира со, т1аьхьа кхойкхуш да а витина. Некъ ца къаьсташ воьдура со, я ларт1ехь гуш х1ума а доцуш (С.Мусаев. Г1улч).

**Ласта (леста).** Доп. Значение: бродить.

Суна ахь цхьа бахьна дита
Сих-сиха шайн юьрта леста.
Йолахьа суьйранна хитIа,
Когаца сийна бай хьеста (И.Юсупов. Элине).

**Лаххьийна (лаххьай).** Все: до единого, подчистую.

Теркаца дохалла йиллинчу юьртах – Лаха-Неврех лакххьай, лаххьай шина маьIIехула болуш гомашийн, бежанийн ши бажа а гора, тIе хIайтъаьлла мохь бетташ, хьийзочу гIожца тIаьхьара лоьхкуш Iуй а бара (Ш.Айсханов. К1айн котам).

**Лахахьа (лаххьа).** В низу.

Теркаца дохалла йиллинчу юьртах – Лаха-Неврех лакххьай, лаххьай шина маьIIехула болуш гомашийн, бежанийн ши бажа а гора, тIе хIайтъаьлла мохь бетташ, хьийзочу гIожца тIаьхьара лоьхкуш Iуй а бара (Ш.Айсханов. К1айн котам). Цхьа кешнаш ду Ч1армахахь, шайх шира кешнаш а. бешалан некъийн кешнаш а олуш. Лахъхьа аг1ор йисте, кешнел арахьа цхьа гу бу цигахь (Хь.Яхъяев. Дакъа).

**Лачбоккхуш.** Ударить с размашкой в сторону.

- Хьажахь оцо дуьйцучуьнга! - аьлла, кегаш т1ехула ког дехьа-боккхуш х1ара воллуш, дика лачбоккхуш хьокха тоьхна, ност а йош, куьйса стаг охьа а виллина, хьаттина к1анта: - Валалур вуй? - аьлла (Нохчийн фольклор. Мискачу стеган к1ант).

**Лем (лемаш).** Допрос.

Юсупа, мотт баьхьна, ямартлонца лацийтира хамхойн а, ц1оройн а шина тайпанах Зеламхин виъ накъост: Эдалгери, Мохьмад, Азамат, мута-1ела. Андронниковс шен штабехь цаьргара лем оьцу кхо де дара (А.Айдамиров. Дарц). Дуьххьара лем оьцуш, куьйгаш а дихкина, когаш маьрша битинера церан (А.Айдамиров. Дарц). Кхузахь Чикалинан чов в йихкина, цуьнгара лем эца вуьйлира Зеламха (А.Айдамиров. Дарц).

**Лепарзакъдала (в, й, б).**Употреблено в смысле: испортится, расфуфыриться.

Эцца юкъана: «Стоп! Хечин ког лепарзакъ баьлла, вайша юха а вада веза!»,– тIедожийна хьераваллачу стага. Доцца аьлча, цу балех и валийта воллуш ца хилла иза. Соьгахь дерг а изза хьал ду-кх. Мотт белшана тIе а биллина, велла дIаваллалц ида дезаш... (Ш.Дашаев. Алия).

**Лера-алар (-ш) хила.** Перебранка.

Жалу т1аьхьарчу хенахь кеста-кеста дег1а т1ехь техкаш ц1а вог1уш хуьлуш вара. Оцу болана х1усамнана реза яцара. Кеста-кеста лера-аларш хуьлуш хилла кхеран (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

**Лерам (-аш).** Уважение.

Лерам бу хьуна иза, несалла а ду-кх, ахь хьайн белшаш т1ехь д1акхехьа дезаш. Хала болх бу-кх, хала болх, нахаца иштта чекхвала (М.Бексултанов. Гучувала).

**Лергаулле (лергауллош).** Разг. Ушная часть.

Поллин хаза лергауллош, бlаьргаш, балдаш, карзахбаьлча санна, леккха хьалаийлу накха, юткъа гlодаюкъ, массо а тайна амат хьегамца хьоьстура жимачу стеган догучу бlаьргаша. Ша аьлларг кlоршаме хетта, эсала дийхира Давада (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Лердиг (-аш).** Прост. 1.Совершенно новое, ещё с острыми углами изготовления (обычно о десятирублёвых купюрах). 2.Прост-груб. На подростка с торчащими ушами**.**

**Леррина.** Старательно, особо, уважительно, по предназначению; подсчитать.

Шен произведенеш бахьана долуш нохчийн халкъан шега боккха безам бахийтира Бадуев Саь1ида: зорбанера арайовллушехь, нахан юкъаяьржара цуьнан киншкаш, генарчул

районашкара а, лаьмнашкара а нохчий, цуьнан пьесаш профессиональни театрехь х1иттош хьовсархьама, леррина Соьлжа-Пала оьхура, Нохчийн дешархочун исбаьхьаллин литературе безам бахийтарехь чот йоцуш доккха г1уллакх дира С.Бадуевн произведенеша, иза лара веза нохчийн исбаьхьаллин литература а, драматурги а, дуьххьара кхоьллинарг (**«Ленинан некъ» («Даймохк») газет, 1958-чу шеран 5-г1а январь**).

**Леринарг.** Уважительный; кто вёл посчёт.

**Лерса.** Слух.

меттахъхьов лампанан серло
лазадо цуо сан лерса (А.Бисултанов. Доттаг1а кхелхинчу дийнахь).

БIаьрса дайна бIарзваларх,
Лерса дайна къарваларх,
КIелхьара ца волу хьо:
ГIала дагна хаало (М.Ахмадов. Б1арлаг1аш).

Цхьалла ю бух боцу 1ин,
Маьлханан м1аьрго ца гина.
Йилбазмохь боцуриг кхин,
Шабар ца хезна лерсина (Тамия. Цхьалла).

Хьайн цхьа илли
Лере диллий,
Тахкадехьа гаки –
Кхана-м беран
Таханлера
Лерса хир ма даций (А.Ахматукаев. Хьайн цхьа илли... ).

**Леткъарг (-аш).** Устар. Древненахск. Ноющий. Главный жрец.

**Васхала** - в церквях и храмах имелись особо почитаемые места с подобным названием. Т. е. это были алтари, которые строились обычно посередине помещения. Жертвенную пищу и напитки, прежде чем их употреблять, ставили на этот алтарь. Молящиеся становились вокруг этого алтаря (чеч. *васхала).* Жертвенное животное, прежде чем предать его закланию, также окружали молящиеся вместе с жрецом, которого чеченцы называли по-разному, в зависимости от того, каким богам и божествам они в данный момент молятся: *долг, цIой, сиелг* (или *сиел), мозгIар, тиекъархо, леткъарг* (или *леткъаш верг), цIовг* и др. Вот этот церковный алтарь и заменял в доме-башне горцу-чеченцу серединный каменный или деревянный столб. Он находился в центре помещения, на том самом месте, где долгое время в священном очаге горел огонь, который обогревал семью, на котором готовили пищу, где висела с самого потолка до самого пола священная цепь, которой чеченцы клялись (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Лехам (-аш).** Поиск, поисковый.

Кавказехь х1оьттина хьал къастор доьхуш, Пачхьалкхан Думе лехам беллера шовзткъе берх1итта депутатo (А.Айамиров. Дарц). Тахана, дайн гIиллакхаш, ламасташ, гIуллакхаш карладохучу муьрехь, вайна хаа деза дIаяханчу заманчохь адамийн гIиллакхаш муха лелаш хилла а, иштта вайн синIаткъамийн лехам бусалба динца муха бозабелла хилла а (Н.Пашаев. Г1иллакх-оьздангаллах лаьцна).

**Лехаме.** Исследуемый.

Церан мах хадор, ешархо, хьоьгахь дуьту. ХIара церан литературе болчу некъан юьхь хилар тидаме эций, тIех лехаме ца хила хьажалахь (А.Уциев. Вайн сатийсамаш...).

**Лехамча (-ш).** Искатель.

Иза шашаха кхоллавелла Iилманехь лехамча вара (Хь.Бурчаев. Даймехкан илланча).

**«Линг-т1ох».** Разг. От слово лаьнк1а – хромой человек. Звукодражание.

- Линг-т1ох! Руб пять! Линг-т1ох! Руб пять... – Х1ан, схьалаца! Х1ан! Х1ан! – куьйгаш кхийдадора, мер к1ел а оьхуш, дист-б1аьра лелхаш, даьржинчу хин сацкъар хьаьхна ц1умарш кхит1е а дастам а йохуш (З.Яндарбиев. Жаби).

**Листа.** Разобрать, навести порядок.

Цундела, ша а, шен г1иллакхаш а лардархьама, эвхьаза къамел къомо гуттар а, ма-дарра аьлча, шаьлтанца дихкина хилла ду – оцу х1уманех жоп дала дезаш хилла. И жоп доьхуш ца хилча, и къамелаш ден нах кхин а оьвхьаза бовлу, ткъа царах долу питана листа дезарг къам ду, и питана деанарш, вайна ма-хаьара, т1епаза бов(С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). ХIетахь, къона а, ницкъ болуш а йолчу хенахь, данцаделларг хIинца данне а далур дац. КIезех дегайовхо яра, уьш даккхий хилчхьана, бохуш... Иза ца хиллера аьттехьа а. Яхь яйна, эхь дайна арданган. Хьанна хаьара, хьанна моьттура иштта нислур ду?.. Маржа, хьо дерриге а юха листа йоцу таро! (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

Цlера дезарш листа дагахь йолуш,
Тlедаьхьнначохь соьцу ненан куьг

(М.Ахмадов. Цlера дезарш листа дагахь йолуш).

**«Лов»-аьлла.** Звукодражание волнения, оцепения, изумления, испуга и т.п.

Сайн доттаг1чуьн юьхь т1е «ловв» олий, ц1е хьодуш го суна (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Ловзадохург (-ш).** Разг. То, что служит игровым.

Ойла йойтий, ц1ийх кхеташ,
Дика-вон хьой дог хебо,
Ловзадохчо синпхенаш –
Ахь ша бер… дицдахь къанво!.. (Х.Идрисов. Дела-бер).

**Ловс (-аш).** 1.Меха. 2.Помпа (в моторе машин, инструмент пожарных – неолог.).

Со ала г1ертачух кхетар-кх шу:
цхьанна дог делла , иэхь дуьллуш чу,
вукхунна – ловс, пхенашка ц1ий кхехьа,
цхьа хьаса боцуш, юьхь ц1ийян, иэхьан

(С.Яшуркаев. Со ала г1ертачух кхетар-кх шу).

**Ловц (-аш).** Здравица ( -цы).

Довш ду техьа, доьзал аьхна
Аганара буссуш,
Луцаш санна, къайлах даьхна
Ирсан декъах дустарш? (А.Ахматукаев. Юьхь ю сан, нана).

Дика дош бохучу кхетамна юкъадогIу: Марша догIийла! – Добро пожаловать! Марша гIойла! – Идите с миром! Некъ дика хуьлда! – Счастливого пути! Iуьйре дика хуьлда! – Доброго утра! Де дика хуьлда! – Добрый день! Суьйре дика хуьлда! – Добрый вечер! Буьйса декъала хуьлда! – Доброй ночи! Ирс хуьлда хьан! – Будь счастлив! Аьтто болийла хьан! – Удачи тебе! Толам хуьлда хьан! – Победы тебе! Марша лоьлийла хьо! – Живи с миром! Аьхна хуьлда! Хьайн дакъа! – На пользу тебе! Твоя доля! (так говорят поперхнувшемуся куском еды во время приема пищи и похлопывают по спине.) Хи мел дезачунна йоьзийла хьо! – Пусть все, кто любят воду, уважают тебя! – говорят девушке, давшей напиться воды... И тайпа дика дешнаш а, аларш а нохчийн маттахь вуно дукха ду. Уьш дерриш кхузахь дало таро а яц вайн. Царах цхьадерш луца (ловц) боху дош хьахочохь а далийна ду (А.Исмаилов. Дош). Д1аяханчу заманахь **доьзалхо дуьненчу ваьлча, иштта саг1а даьккхина ца 1аш, говраш хохкуьйтуш а, ловзар деш а хилла.** Берана дикалааран ловцаш (луьйцаш) беш а хилла гергарчара, хьешаша (М.Ахмадов. Нохчийн г1иллакх-оьздангалла). Цунна гена дац Оьздангаллин ц1а. Б1аьрзечунна а галла б1аьрла лувцан дешнаш ду г1опа т1ехь: «Оьзда йо1, дика дин, майра к1ант ма эшавойла 1алхан-Юьртана!» (Д.Кагерманов. Сатуев Хьусайнан башхалла а, юьртахойн дикалла а).

**Лочкъийла (-ш).** Разг. Укрытие.

Кеманан гIовгIа йолчу агIонна дуьхьала харжара цара лочкъийла – дукха хьолахь цIеношна я дитташна тIехьа (Э.Минкаилов. Дахкарлахь).

**Лоччар (-ш).** Стиранное бельё.

Хьо шовкъе синхаам
Д1атебен коч тега йоллу?
Цхьалло са хьере деш,
Хьайн лол ахь беттар бу бетта-м,
Амма хьо д1айоьдуш
Хьан ларийн тоьгано 1арждина йолу
Лайн лоччарш йиттина,
Ши куьг мажардоьлла бетта-м... (Р.Супаев. Езачун ц1оцкъамаш).

**Лоьмар (лоьмарш).** Номер (номера).

Къоначу лехамехь цхьа сонта цакхетам IаьIна,
Вай хууш дацара атта дуй дахаран маьIна:
Муьлхха вай яккхахь а ирсан рагI лацаран лоьмар,
Ханна бен яц-кха вай идочу гIуллакхийн оьмар

(И.Юсупов. ХIунда ду сатийсар гуттар а гIайгIанах ийна... ).

**Лурволар.** Скрывающийся от мести, прследуеной кровной местью.

Лурволар бахьана долуш, шен чIирхойх къаьхкина, обаргех дIакхета АслагIа (1.Арсанукаев. Нохчийн литеатура. 9-чу классан учебник). - «Нана яла вайн! Ма декъаза хилла! Ма да воцуш, 1уналла доцуш, орца доцуш диси! Ма луурдели вайх вай цадезачеран! Ма кхаъ боьсси церан

кийра! Ма дог 1абош б1аьрг буьзи!..» - Мохь бетта, жимчу йо1ан куьг а лаьцна, хьаьдда йоьдучу йоккхачустага (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Лурвоьлларг (лурбоьлларш).** Преследуемый.

Делахь а, куьг бехкевоцург вуьту шаьш аьлла, дош делира цара. Амма кхин цхьа а хабар тIедуьтуш бацара уьш. Айкхаллийна диллина дукха ахча а долуш, лохуш вара лурвоьлларг. Цхьана дийнахь арз дохьу БекмирзагIарна тIе, шун кIант вийнарг гIала базарахь ву, олий (А.Сулейманов. Къежбелла корта).

## М

**Маддола (й, б).**Перезрелый (о фруктах и овощах).

Доьзалца буьйса а йоккхий, шен маддоьлла духар ц1енчуьнца а хуьйций, сатоссуш юьртара араволура Саламбек (А.Айдамиров. Дарц).

**Маек (-аш).** Старин. 1.Пырей. 2.Палочка с зарубками для вырезания тонких полосок кожи для шорного дела. Мескен кIотар (Мескен котар) «Спыреи хутор» - на з. Борзой. Но *меск, маек* -палочка с зарубками для вырезания тонких полосок кожи для шорного дела. *Маек, меск* - пырей и дерево твердой уже исчезнувшей породы, возможно, т. наз. железное дерево... **Маскийн ирзу** (Маскийн ирзу) «Спыреи поляна». На южной окраине села. *Маек* -также и «железное дерево» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Мажар.** Старин. Ружьё.

**Мажардола (й, б).** Вынуждать руки с крюченной кожой (руки от частых стирок, лицо от встречных капель и т.п.).

Хьо шовкъе синхаам
Д1атебен коч тега йоллу?
Цхьалло са хьере деш,
Хьайн лол ахь беттар бу бетта-м,
Амма хьо д1айоьдуш
Хьан ларийн тоьгано 1арждина йолу
Лайн лоччарш йиттина,
Ши куьг мажардоьлла бетта-м... (Р.Супаев. Езачун ц1оцкъамаш).

**Мажлис (-аш).** Старин. Религ. Собрание.

Тезет х1ун ю аьлча, г1айг1ане мажлис ю. Г1айг1ане мажлисехь веллачо дог чахчийна, дог 1овжийна, веллачун зуда я гергарниг велхарх къа хир дац (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш).

**Маза (-ой)** - связист, человек, осуществляющий связь (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Мазаш (ю).** Слюньки текучие.

Бат г1аьттинчохь йисинера. Мазаш оьхура багара схьа (М.-С.Исламов. Аса сайн дакъа доьхкина).

**Мазхьаб (мазхьабаш).** Из арабск. богословско-правовая школа; в широком смысле - путь, по которому следует мусульманин.

Иштточу зударшна баха аьтто болуш ду тахна, амма церан дег1ан лаам, церан дег1ан хьашт, церан лехамаш болуш ма бу, и къайлах ма дац. Т1аккха цхьацца некъаш х1иттош, кхечу мазх1абан асре девлера тхо бохуш, вели (верас) воцуш мах бойтуш, х1умнаш лелор бакъо йоцуш ду. Шен хьаштана, шен г1уллакхна ваханза ца ваьлла ваханчу меттехь и вели (верас) т1е ца кхачалуш меттиг хилча, и бахьнехь цаьргара зене некъ ца божийта, уьш 1алашбайтар дуьхьа, къедас схьаоьцуш ю церан бакъо (верасаллин бакъо) (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш).

**Мак1ажа.** *Макаж* - клинообразное построение воинов-копьеносцев во время атаки неприятельских войск. Такой «клин» двигался впереди атакующих войск, первым рассекал вражеские цепи, заходя в тыл врага, брал их в окружение и уничтожал. В *макаж* входили самые отчаянные и физически выносливые воины (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Маларча (-ш).** Разг. Выпивоха.

Буьйса юккъе яллалц, техка а техкаш дIасалела маларчаш. Уьш денна алсамбовлуш лаьтта. Иштганаш ца гинера кху лаьмнашна, къилбаседера ша-тайпа культура кхаччалц (**С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).**

**Маликалла.** Разг. Ангельство.

Вайн дахар ду еккъа цхьа дикалла,
Кхоьллина г1айг1анийн йохалло.
Хьан ц1ийца доьссина маликалла,
Дерзонза сан эвлаялло...

(А.Бисултанов. Сан даг т1е 1ад хьоькху буьйсанан саде1аро).

**Малхкъеде (-ш).** Просвет солнце сквозь облаков.

Гонаха ирахъяханчу хьуьно lиндагlа деш бинера цунна и ницкъ. Дукха хан йоццуш тоьхначу, стелахаьштиго цхьахадолчу диттан буьхьиг дlа а кагбина, яьккхинера цу генашна жимма малхкъеде (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Малхадала (самалхадала: сй, в, б).** Разг. Освободиться от забот.

Сарахь суьйре ковра техкош,
Ховха сибат малхадуьйлу.
Вайшиъ вовшех хердан гIерташ,
Совра синош аьсхадуьйлу (Л.Ибрагимов. Пет1а).

Нохчийн халкъан барта произведенеш зорбанехь араяхаран гIуллакх, хууш ма-хиллара, гIоьртина лаьттина советан заманахь, коммунистийн идеологин бехкамаш бахьнехь. ТIаьхьарчу ткъех шарахь а оцу декъехь малхадаьлла хIума дац (НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА. Х1от. Джамбеков О.А., Джамбекова Т.Б. 1-ра книга).

**Малхтиде (-ш).**.

Иттех-ткъех бежана, я бlе гергга уьстагlа кхаба аьтту болуш яра кхузара кlотарш, эзар шерийн кlоргера дуьйнна ламароша уггаре а аьтту бол-болучохь ехкина. Хьаьвхье, малхтиде, цан кортош, шовданаш, дерриге а тидаме оьций, лерана дlанисъелла яра кlотарш (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Мамат.** 1.Со дна. 2. Уменьшительное имя от Мохаммада.

Лергара ха-нIаьна* иэтIош, йуьйлу гIовгIа,
Догу дуьне, хьоькху цIеран дарцаш,
Лелха гIайреш, кхехка хIордаш,
ТIе-кIел а етталуш,
Хих уьйш маматара манаш,
КIуьрза яьлла яйна, яйра…
ЦIуввин цIарца ма е забар,
Яхь дай вай ду. ЦIув-дела вайн ву,
ЦIеран маршо яхьца ю…

(НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА. Х1от. Джамбеков О.А., Джамбекова Т.Б. 1-ра книга).

**Манкурт (-аш), манк1ур (-аш).** Манкурт.

Оцу 1алашонца цхьаьна, кхин а генна хьалха хьажийна ши 1алашо а яра импеин: кегий къаьмнаш русифицировать дар, я церан къоман мотт, истори, яхь-оьзангалла, г1иллакхаш, даймахке безам, лерам, къоман сийлахь, хьурмате мел дерг х1аллак а дина, царах къоман юьхь йоцу космополиташ, манкурташ бар (А.Айдамиров. Дарц). ТIаккха дуьхьало ян я ницкъ а, я барт а боцу и халкъ шен олаллина кIел а даладой, даима иза боданехь латтадо, цуьнан мотт, истори, культура а хIаллакьярца цу-нах манкурт до (А.Айдамиров. Вайн амалш). Ахча дуй – массо йоI-жеро а хьан ю, хьо хецна ворда яддал ирча велахь а, мунда санна ваьсса велахь а, манкIур санна Iовдал велахь а (С-Хь.Нунуев. Лулахой -2). Хан д1а ца йохуьйтуш ахьа а, берийн нанас чохь нохчийн мотт бийца а беза, тептарш а долийна алфавит т1ера шашшимма сарахь французийн школера ц1абаьхкича царна 1амо а деза, нагахь санна царах манкурташ бан шуьшиъ г1ерташ дацахь (1.Бечуркаев. Даймахках къастар). Россехь долу къаьмнаш манкурташ дац. Уьш шайн дай баьхначу латта тIехь дехаш ду. Россехь бух боцуш (кхечахьа шайн пачхьалкх йолуш, и шайн Даймохк а лорурш) бу тахана Россехь бух болу къаьмнаш кхиа ца дуьтуш, царна, оьрсашна а юкъа питанаш туьйсуш, вовшашка цабезам кхуллуш (*С.Хь.Кацаев. Мотт – халкъан хазна.* Интервью. Къамел дIадаьхьна «Вайнах» телерадиокомпанин корреспондента Исраилова Яхас). Со кхоьрург – ши некъ бу. Цхьаъ – халкъан докх-доккхачу чкъуро, оццул вонаш шайна т1ех1иттиннашехь, схьадеанчух диканиг вай схьаэца ца кхиахь, – вайна, шеко йоццуш, цуьнах боккха эшам хирг хилар, вайн т1аьхьенна – кхин а бокканиг. Т1аккха х1уттур долу манкуртийн 1ер-дахаран хьал: шен къастам (самоидентификаци) яйна къам муьлххачу кхечу къомо шех атта д1аэдо – ассимилировать до, маттаца, динца, культураца, дахаран д1ах1оттамца (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**Маркхал (-аш)** - сложный связывающий раствор, в состав которого, по сведениям информаторов, входили конский волос (или волокно шерсти), древесный уголь, молоко, известь. Последние два вещества горцы выжигали сами в особых печах – куьрк (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

Марзделла дахаран листара денош,
Хезнаргчун маркхолан чам бакха сецаш,
Шовданан хийха кийра ца 1абош,
Куцдаькхина буьйса хьаста ца кхуьаш (З.Истмиолорд. ахара листара денош).

**Марса.** Быстро пламенеть.

Даймохк бохийна
Цунах къаставахь,
Сийна ц1арах дог
Марса догур ду (Л.Эдильсултанов. Махкахошка).

Ткъа «инарлин» а, мискачу стеган а дов-м гуттар марсадаьллера (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

– Бакъ дера веана! Динарг дитинарг – шинара аьлла вайн дайша. Къонаха ши лерг а таIийна Iаш товш вац, ша бакъ велахь. Харцо толийтарал осала хIума дац къонахчунна цхьаъ а! – марса вохура Жабира шен хьаша (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Мардола (й, б).** Не свежем виде.

Сан шерийн хедда кес
мартдоьлла Iуьллу
Кешнашкахь баьрзнаш ду
доттагIийн гуш.
ГIайгIано ойланийн
синIаткъам къуьйлу.
Замано хедош бу оьмаран муш (Хь.Сайдуллаев. К1езиг хьисти).

**Марта.** Старин. Обильная, благодатная, изобильная.

Селения Урус-Мартан и Ачхой-Мартан расположены на реках под названием Марта. Западная река Марта, на которой лежит Ачхой-Мартан, имеет и другое название- Фартанга. Слово «фарта» на местном диалекте чеченского языка означает «обильная». Слово «марта» часто употребляется и в значении, близком к русскому слову «тризна». Исходя из этих материалов, можно сказать, что предки чеченцев, называя эти реки, употребили слово «марта» в значении, близком или тождественном русским словам «изобильная», «благодатная». Такое определение названия оправдывается и тем, что по этим рекам располагались наиболее плодородные и удобные для обработки земли (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Марцар (марцарш).** Опалить.

«СаьIадгIар, ХьуьсигIар хIун ю Овхьадана хьалха? -бохура цо ша шега. - КоIанаш! Марцарш! ХIара дуьне деса ца дита Дала кхоьллина кIиллош. ХIетте а Овхьада бохург ца дира ас, СаьIадгIарга Iехавайтира (А.Айдамиров. Дарц).

**Марш-кхера (-наш).** Уст. Опоясывающий камень в стене башни.

– Хьажал хIара ламчохь вайн дайша еш хиллачу бIаьвнан бустам бу… Уггар лакхахь хIотточу тIулгах – цIурко олуш хилла, цул лахарниг черха…марш-кхера… (М.Ахмадов. Чехкачу хи чохь г1айренаш).

**Масмалик (-аш).** Прост. Нежный ангел.

Далла хьо езарна билгало юй те
Делан мас-маликийн орца и дуй-те
цкъа а ца хиллачу кепара мерцаш
сел серлаюьйлу хьан маршонан херцарш (А.Бисултанов. Дег1аста).

Дуьне духучохь хьаьнга кхойкхур ю?
Дуткъа синпардо лера мила ву?..
Орцахдеана мас-малик делош,
Суна санна, хьо хьанна езнера?.. (Л.Ибрагимов. Тадухеппиэндишке...).

– ХIаъ, хIаъ, евза суна хьан даг тIе заза дожийнарг … Малика – масмалика… (Ш.Дашаев. Кхочушхилаза дисина захало). - Х1окху шовзткъа сов шарахь хьо цхьаъ а ца къаръелла висинчу суна, кхоъ муха 1амалур яра?! – Со-м мас-малик санна дера яра... (В.-Хь.Амаев. Б1аьстенан цхьана суьйранна). Дауд. Х1окху пхенаш т1ехь х1ун дина ахь? Сурт дуьллуш-м вацара хьо? Наркотик х1ун ю а ца хууш, масмалик ма ду хьо! Х1ун йиттина ахь цу пхенех? (1.Мусаев. Бекхам).

**Масъяьккха (в, д, б).** Раскочегарить.

Масcеран а бохург санна, керташкахь гуш дIахIоттийна гIодмийн такхораш а, элан холаш а льаттара, къаьсттина, колхозан бригадийн керташкахь дукха а долуш, тIе, цаьрца гуш, шайн гIа дожарца масъяьккхина гIаз санна, эрча даьлла дитташ а дара (Ш.Айсханов. К1айн котам).

**Масъяьла (й, в, б).** Прост. Берущий обороты скорости.

Бехкамийн кепаша
къийлина са маьршадуьйлуш,
Даьндаргал масъяьлла
хьийзаш ю дIо хелхаюьйлург,
Цо тIаьхьавазориг

вирзина шовкъечу хорше,
Пондаро са кIамдеш
со а дIавоьху цу хорша (А.Ахматукаев. К1енташа, когаш к1ел... ).

**Ма-ттов.** Как благоугодно.

И оьхадилла йиш яцара; амма х1инца и кхо хьош дацара – х1ара вара цо шена ма-ттов хьош (С.Яшуркаев. Пасха).

**Маха (-наш).** Религ. обряд - семьдесят тысяч произнесения группой лиц формулы: Нет бога кроме Аллаха».

Маха а бийр бац-кха
цу шина цхьаммо,
Верас вац висина
я коше вала.
1ожало дахарца
нисйи шен гамо,
Йоккхаеш, харцоно
стамбеш и бала (Хь.Талхадов. Кхойтта шо дукха ду... ).

Хьостий, хьогий йоьIан Iехам,
Тилайой и, марзо леха
Лелар генадолий,
Шарбал йоккхуш я ца йоккхуш,
Моллас, къа а тIерадоккхуш,
Мехах маха борий? (А.Ахматукаев. Б1арлаг1ех сибат ца х1отталуш... ).

Цкъа тхан дас шега, схьахетарехь, Оьрсхига ладегIар эрна ду, ша дийна хилча, цхьа хаам ца беш Iен волчех а вацара иза, цунна маха а беш, тезет хIоттадай, чурт догIий хIума де вай аьлча, чIогIа гатъелла хьаьвзира Баба, шен хьомечу кIентан дакъа, схьа а деана, уьйтIа оьхадиллича санна (Хь.Бурчаев. БIаьрхиш кхачийча а сатийсамца ехира иза… ).

**Маццахехь.** Давным-давно.

Маццахехь вайн Мехкан кхело дихкина а хилла и х1уманаш… (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Маште (-ш).** Большой мешок.

Масех к1ира д1ададьлча, районан больницан коьртачу лоьран кабинет чу веара мелла а аркъал те1аш, маште санна йолу шен гай хьала а уьйзуш, цхьа къонах, ханна ткъе пхийтта шо хир долуш, дукха верстина хиларна шалха ч1еениг а йолуш, т1еюьйхина дублёнка а, коьртахь норкин куй а болуш (С.-1.Юсупов. Бекхам).

**Ма-ю (ма-ду,ма-бу; ма-дду, ма-ббу).** Охватывая какое-л. расстояние, площадь, и т.п.

Беш ма-ю д1асадаьржинера х1етта ломара балийначу кхо шо кхаьчначу стерах даьккхина жижиг (С.-Хь.Нунуев. Ловзар чекхдаьлча).

**МаIадоьлла (й, б).** Затвердеть.

И къаьсттина мехала ду, керстаналла (язычество) маIадоьллачу ширачу Грецехь аьлла хиларна (С-Хь.Кацаев. Динан философи).

**Ма1а-(т1уьйлиг) т1оьлгаш.** Разг. Неокрепневшие рожки.

- Хьан коьртах ерг х1ун ю? - Хьуна 1итта яхьаш ма1а-т1оьлгаш ю (Нохчийн фольклор. Кхо газа-гуьзиг).

**Маьрк1ажа-ламаз (-аш).** Молитва мусульман до захода солнца.

Тхо тезетара духадоьрзуш тIевеанчу Увайсан кIанта Шамсуддина соьга сайгга элира:

– Къонахчун санна дIакхалхар а хилира хьуна цуьнан. МаьркIажа-ламаз дан хьала ца гIаттавелира иза. «Уой, – аьлла цецвелира иза шеха. – Меттахь виса воллу-кх со (М.Ахмадов. Чехкачу хи чохь г1айренаш).

**Маьхьалла (-ш).** Религ. Сборник правовых норм шариата.

I е л а м с о л т а. Ушурма, хьо халбата хиъна, ахь хьайн дегIана ницкъ беш Далла гIуллакх дар Дала къобал дойла. Амма хьоьга хатта цхьа хIума дара сан. Цкъа хьалха Къуръанан маьIна а Iамийна, жайнаш, маьхьаллаш, жалаллаш а дешна, Iилманехь кIарг а велла, ХьаьжицIа вахана хьаж а дина, стенна ца хиира хьо халбата? (М.Ахмадов. Алдара Ушурма).

**Маьхьаре.** На крик чего-то.

Масех дукъ а хадош, кхо-йиъ чаккхарма юьртана со генаваьлча, лоха чухула, цхьана маьхьаре йоьдуш санна, ма-яххалу йоьдуш ши зуда гира суна, вовшех цкъа а хер а ца луш (М.Бексултанов. Тептар).

**Маьхьди.** Мессия.

**Мезиг (мезигаш).** Прост. Ирон. Вшивый.

Э-э-э, маржа яI, –доккха садахьккхира Шайхмохьмада, –и хьакамаш ю бохуш, дIахIиттийна йолу мезигаш шаьш ехар йолуш а, нах бахор болуш а хилча, церан шайн керт-ков а, бахам а лартIехь хир барий хIунда цахаьа техь кху Iедална? (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Мелахьаьжа.** Диал. Масть овец.

Мелахьаьжа уьстагI санна,
Iаьржа тIехула, кIел – ал
Марха го, сай, бодий Iаьнна,
Малхбалехь я бузехь малх (Р.Супаев. Эрда-лам).

**Мемса-молха.** Устар. Минеральная вода.

Цкъа ГIизларера, шовда санна хьаьъна а долуш, шишана чохь цхьа мемса-молха олуш долу хи деанера хIусамдас (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Мент (-аш).** Прост. Презр. Милиционер.

1ийса. Стигал – сатийсамашна. Латта – дахарна! Цхьаннахьа а ваха оьшуш дац, мелхо а латта ц1андан диеза аьшпийн нехех, къизаллех, зуламхой совцо биеза! (Массеран а маьхьарий: «1ийса – мент!».) (1.Мусаев. Бекхам).

**Мера-зуда (-рий).**Замужняя женщина.

Зударий а бахара, ломахь мох хIунда баьлла а, лулахойн газа цIа хIунда ца еана а хаа дезаш болу жерой, цIийндайшка хIун олу хьовса лууш болу кIеззиг мера-зударий, цаьрца масех йоI (Д.Махмаев. Саьрмакан саде1ар).

**Мерац1а.** Дом мужа.

Шайна дукха езаш йолу йо1 маре йоьдуш ц1ахь болчара сардам буллуш хилла:

Марц1ийнан ж1аьлина йовзале, Дец1ийнан ж1аьлина йицъялле Юха йог1ург хийла хьо (Нохчийн фольклор. Сардамаш). ДенцIай, марцIай – ший а цхьана Iаьршаца дIагIоьрташ ца хилча, зудчух зуда хила туьгуш ца хиллера цкъа а (М.Бексултанов. Терза).

**Мерг (-аш).** Старин. Олень**. Мерга мийист** (Мерга мийист). *Мерг* - олень, *мий* - склон, в районе «Кхаа борза хьалха» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Мере (-ш).** Устар. Носовая часть.

**Ишал мере** «Рядом с болотом». Урочище на западной стороне села. «Ишал» - чеч. болото, «мере» - к носу, т. е. вблизи, рядом (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Мерка (-ш).** Не обладающий мужскими достоинствами.

Делаца мах шозза ца бо цхьана боьршачу хIуманца, цхьа зуда шозза ца йоьду цхьана куйнан бакъоне... Сан йоI кхахьпа дац, цунна мерка ца оьшу, буса цIа лоьллуш, Iуьйранна дIакхуьйлуш, хьийзо. Сан йоI... (М.Бексултанов. 1аламат).

**Мерк1ело (-ш).** Нижняя часть носа - начало верхней губы.

Варий, сихо елаш,
ТIаьхьа ер вай ял.
Махьма, ахь меркIело
Малхе ерзаел... (А.Ахматукаев. Лулахь-кулахь).

**Мершиг (-аш).** Прост. Сопляк.

Мацах синкъераме йоьдуш сан маьрйишера когах юха тухlленаш кхоьхьуш санна дац цуьнан гIуллакх. ХIетахь-м яра хьуна иза мохо а лесташ. Ирс хили цу мершиган а (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Меск (маск: -аш).** Старин. 1.Разновидность пырея. 2.Палочка с зарубками для вырезания тонких полосок кожи для шорного дела. Мескен кIотар (Мескен котар) «Спыреи хутор» - на з. Борзой. **Мескета** - селение на л. б. Яьсси. Согласно преданию, в основу названия легло *меск, маск* - термин, вышедший из употребления, обозначавший инструмент из прочного дерева, при помощи которого из шкур диких животных вырезали узкие полосочки для шитья и шорного изделия. Но *маск, меск* - еще и название прочного дерева, ныне исчезнувшего спырея; свидина, железное дерево (из кн.А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Метишка (-наш).** – Прост. От русского слова матушка.

**Меттан1илманча (-ш).** Языковед.

2004-чу шарахь «Мациев Ахьмад – меттан Iилманча» аьлла йолу статья «Оргин» 3-чу № тIехь айса арайоккхуш сан дагахь дерг дара: вайн махкахь а, цул арахьа а бевзаш болу, Iилманехь кхиамаш баьхна болу меттаIилманчаш къомана бовзийта безаш, цара бечу балхах дерг хаийта дезаш хилар. ... Коьртаца болх беш волчу, халкъан уггар а мехала хазна – хьекъал даржош волчу, дуьненан даьхних кхочуш ца валлал бен дакъа доццушехь, шен могашаллех а волуш, са а, пха а хадийна къахьоьгучу стагаца ларам вайн болуш болчул а дуккха а лакхара хила хьакъ бара (А.Халидов. МеттаIилманча, хьехархо (Овхадов Мусан 60 шо кхачарна лерина).

**Мециг (мецалг: -аш).** Прост. Презр. Вечно голодный.

Зуда: Сан ваша ван а вац, хилла а вац. Да а, ваша а велахьара, со базаршкахула йолаелла а лелар яцара, я хIара милцой ю боху мецигаш суна тIекхийда а яьхьар яцара (С-Хь.Нунуев. Лулахой – 2). ХIинца хIара мециг юзо халахо а хила мега (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). Хийла бехкбоцу да аш вохий, «кулакаш» бохуш цIерш а етташ. Хийла доьналла яхьйолу кIант хIаллакви, «халкъан мостагIа» -бохуш. Дер дац церан цIий шу хье боцчу мецигийн чоэшна тIера! (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). Вайн баьччанаша х1ун дира?.. Т1ом д1а ма-бирззи, даржашший, г1анташший, бахамашший къийса х1итти-кх мецалгаш (Хь.Бурчаев. «Ас цкъа а ца яздо сайна ца гинарш...»).

**Мизан-терза.** Весы, на которых будут взвешивать человеческие грехи и благодеяния в Судный день.

Элчано тIедеххкина суннаташ дити ахь,
Эхартан кечамна ма ледара хили хьо,
Цу мизан терзан тIе вуьгучу дийнахь
Байттамал хирий-те, Iеса дегI, хьуна?

(Нохчийн фольклор. Назма «Дуьненца гергарло ма чIогIа хили хьан).

Чам боцуш гуча долу х1ума долош массо а аг1орхьара йина ойла, дерриг а дагардина, боккъалла а къомана дог лозуш доцург, Мизан терзан т1ехь санна оьзна, бина кечам ца хилар. И дина хиллехь, имам Шемалан реалеш т1ехь лелош политика хиллехь, уггара ша тоьлаш ву аьлла хетачу, «блистательная эпоха Шамиля» оллуча юкъахь, кхано плене воьдучул, Россен паччахь волчу «с визитом доброй воли» г1ур вара (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Фарз-закатан а, мелан саг1анан а дозалла хууш ду. Д1алуш верг сийлахь ву, д1аелла х1ума Далла гергахь карор йолуш ю Цуьнн пурбанца, Веза-Сийлахь ву Иза, Мизан-терзан т1ехь хир йолуш ю (С.Муртазаев. Саг1адехар – сийсазвалар).

**Мизара (музар, музур).** Овод, кусающий животных и людей. Откушенные бросаются в бегство.

**Милцо (-й).** Милиционер.

Милцо, цхьадика, юха ца хьаьжира. Ахьлуддис шен карара, газета юккъе хьарчийна йолу ахчанан бонг меллаша урни чу кхоьссира. «Хах-х»-аьлла парг1атделира дог (С.-Хь.Нунуев. Д1а ца кхаьчна кхаъ).

**Мимша.** Разговорн. Подзывание телёнка. (ФЕ: **Мимша дан.** Легко справиться с кем-л. или чем-л., полностью подчинить своей воле. Ср.: **Бад ян (д1а йийр йолуш).** (См.: Д.Б.Байсултанов. Структурно-семантическая характеристика фразеологии чеченского языка. АН ЧР, 2012, стр.63).

**Мий (-аш).** Старин. Склон. **Мерга мийист** (Мерга мийист). *Мерг* - олень, *мий* - склон, в районе «Кхаа борза хьалха» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Мисарболат (-аш). Мисир-болат тур** - клинок египет. стали особой закалки. Ковались в Египте. *Мисир* - Египет, *болат* - сталь, *тур* - меч, шашка (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Мисармаха (мисармехий).** Устар. Игла, сделанная в Египте.

Хьалаваьлла. шен вежаршна а, дена а т1евахале, эвлаяан коша т1е х1уттура Керам. Цу коша т1ехь до1а а дой, вистхуьлий, къамел а дой, мел лора. Шен кошан борзах мисар маха баххал 1уьрг хилча, олура цо, 1аьржа хиларх буьйса серлайоккхур йолуш оццул нуьре каш долуш эвлаяъ ву х1ара, олий, кху кешнашка д1авоьллинчу стаге барт-хаттам хир бац (Хь.Яхъяев. Дакъа).

**Миск (-анаш).** Деревянная зуботычка из дерева, растущей в арабских странах.

**Миска.** Кроме основного значения «бедный» употребляется как производное – «бедняга»

Меттахь йисча а яра иза-м, цIийнда чувогIу аьлча, нускалан кеп хIиттош: тIе керла коч юхуьйтий, коьртара хIума нисйойтий, елалой, миска, цхьацца забарш ян гIерташ (А.Тапалаева. Шийла ирс).

**Мисхал.** Мера веса.

Керла хетарг де-дийне дуьйлуш шен дахначу шерашкахь б1аьргашна хьалха лаьттинарг дара, мисхал а кхуьнан б1аьрге лацадаллал хийцаделла а доцуш – ткъа керла берг кхуьнан некъ бара, ц1еххьана, букара гоулатоьхна, юстахбала хьаьдда боьдуш болу, кхуьнан массо а синхаам хуьйций, керлачу сенашна т1ебохуш (М.Завриев. Теш ма лаца).

**Миччара (!).** Прост. Откуда хочешь.

Милла а шайна юкъа-й? Миччара! Вуьтур вацара дера, райкомера ши рекомендаци йохьуш варах а я ши шайт1а лаьцна варах а-м (С.Яшуркаев. Нажжаз). – Мичара, ца хеза х1инца «ах1и-ах1и», я суна хьалха юхь к1арула 1аьржа х1оттарна кхоьручух а дац вайн несан аз (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Мог1алие.** Устар. Верховный, главный (о вожде, жреце и т.п.).

**Кхел могIалие** (Кхел могалие) «Хел мокIла»,- хребет тянется между л. пр. Андаки - Шухарахи и Кхел мог1алиера догIу хи. Первая часть вайн. *кхел* - Совет сраны, *могIалие* - верхний, верховный. Возм. Верховный Совет страны (из кн: А.Сулейманова. «Топонимия Чечни).

**Мог1архо (мог1архой: -в, й, б).** Рядовой.

Тахна *ГIезалойн хидоькъехь* мох ца ловзу кхин.
Хета лайлахь дато йолуш санна Сахалин.
Цуьнан юьхь тIехь маж хетало «тайга» олу хьун.
Сан сингаттам жимма байбан хир ду кхузахь хIун?
Сан Нохчийчоь, хьуна вуно гена ваьлла со.
Со-м Советан Эскарера ву цхьа могIархо (И.Юсупов).

**Мокхазар (-ш).** Кремень.

Ча санна, дера, оьгIазе, чIогIа дегала хуьлчуха, пеш санна йолу шен стомма ворта агIор а саттайой, дIайодий ког тухий шен мокхазар санна чIогIачу бергашца ткъа аьрша хиллал сийна бай хьала а оьхуьйтуш, малхбалехьа юххера, малхбузехьа бажа дIачехош, «бIов-в в-в, бIов-в-в» бохуш еттачу шакарца дIасауьдуш, стигалан басахь сира бугIа а гора (Ш.Айсханов. К1айн котам).

**Морзаха.** Расходиться.

Хьо-цхьа ву
Хьо-цхьа ву.
Ткъа сан а сагатло
Сайца хьо воцуш.
Вай т1аккха х1унда ду,
Алахьа
Морзаха дехаш? (М.Исмаилова. Хьо-цхьа ву).

**Моттбеттарг (-рш).** Разг. Презр. Доносчик, стукач.

Шен гихь бахьа мохь а кечбой, суьйренга хьежа волу кIант, бакххийчара ма- аллара – уьш метта-мотт болчохь бу, Iа даккха хIорш севцинчохь,– шена тIаьхьа мотт ца бан: моттбеттарш дукха бу, жашкахь болу суьйлий а цхьаьна, – лаьмнаш царна дIаделла хуьлу, Шуьйта гIали чу кхаччалц (М.Бексултанов. Цу дийнахь, Нохчийчохь, и жима к1ант вийначу дийнахь... ).

**Мохтиле.** Заслон от ветра.

дег1ах чекхбуьйлу – хьох къа хеташ бац,
малх а шийла бу – хьуна кхеташ бац…
Лаьмнаш генахь ду – дагна мохтиле,
цаьрга кхачалахь сан син мохь хилий… (С.Яшуркаевн стихаш т1ера).

Мархаш а кIад ца ло беттаса къийса,
ХIавао шайна тIехь мел бугIу бохь.
Хьан вастан бIарлагIа тховса а хьийза
Мохтиле ца карош сан бIаьргаш чохь
(И.Юсупов. Седарчийн буьйсано биллинчу б1аьрго...).

Дела, хьуна
Хастам бу!
Хьо буьйса мел
Хаза ю!
Лаьмнашна ло
Сайн илли.
Ца 1ало со
Мохтилехь (Ш.Макалов. Буьйса).

**Мохь-ц1ог1а (-наш).** Прост. Крик-вопль, крики-вопли.

Инзаре мохь-ц1ог1а тухий, стигла екош,
Ламанан тарх кхуссий, Нана-Латта дегош,
Цхьогалш санна мекар, черчий санна онда,
Амма синош оьзда, дегнаш доцуш сонта (З.Сулейманова. Пхьармат).

**Моша.** Куропатка.

Мошанах йисча, к1анта юьгур ма яц ша, Ша к1антах йисичахь, мошано юьгур яра ша, Ша хьайна дукхаезахь, хьомсара ша ларахь (Нохчийн фольклор. Бежун илли).

**Муж (муьжнаш).** Доп. значение: тёпла вода.

**Мужие чу** (Мюжие чу) «Минеральному источнику к» - на з. Хьалкана(из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Музур (варианты: музар; мизар)** - в сочетании со словом – бола.

Маржа, бу-те т1амах хьаьгна нах,
Музур булуш маьршадаьлча дахар?
Нагахь сица лепаш бацахь малх,
Маь1не дац-кха кху дуьненахь вахар (1.Саиев. Маржа Нохчийчоь!).

Дика дежаш дохкучу жана юкъе хьо дIахьаьжча, музар боьлча санна, Iахар а, ка а, уьстагI а, гуотуьйсуш, кхиссабала боьлча, нIаьний динийла хаа дезара, оцу сохьтта ахь, тIекхетта, схьа ца лацахь, нийсса охьанехьа чу а хьодуш, хьун елахь – хьуьна чу, хьун яцахь – чIожаца охьа, тIуьна меттиг я IиндагI карадаллалц сацар а доцуш (М.Бексултанов. Кехат).

**Мука (-наш).** Прост. Крыса.

- Эхх1ай, Букъарш1ела, хьо новкъа ца иккхинехь, этка кхетта белла хир бар-кха и мука! (В.-А.Амаев. Эдал).

**Мурст (-аш).** Миг паузы чего-либо (миги).

Вицвелла моьттина, самукъа дера ду.
Эххарчу мIаьргонехь, къевкъинчу цу мурстехь
Хилла дерг ма-хиллара юьхьдуьхьал догIур ду (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

Къуьда цIенкъа охьа а боьжна, чуьра мехкадаьтта Iаьнна дIадахара. Оцу мурстехь хьаьвзина, бойнах сийна цIе летира (А.Давлетукаев. Лакъаджакум).

**Муртаза (муртазаш).** Муртазек (муртазеки). Арабск. сл. Личный охранник (личная охрана) имама Шамиля.

БIешерашкара схьадогIу къоман Iадат шариIатца хийца ца лаьара нохчашна. Амма буьрсачу имамах а, цуьнан къизачу муртазекъех а, чаьлтачех а кхоьруш, дуьхьало ца еш, дегаза тIеийцира (А.Айдамиров. Дарц).

**Мусталла (-ш).** Кислость.

Мусталла теIачу бIаьрго
Мах а хьан хадор бу байн,
Дуьйлинчу лаг тIера мIаьрго
Юстур ахь дахарца хьайн (А.Ахматукаев. Зачистка).

**Муфтий (-еш).** Муфтий (исламский глава в государстве).

**Муфтият (-аш).** Муфтият (управление).

Нохчийн 1едалан векалша, муфтиято, динадайша къасто дезара кханалерчу нохчийн халкъан т1аьхьенна жоп дала деза х1ара хаттар а – х1ун до вай тахана дохош, д1ашардеш лаьттачу нохчийн халкъан Г1ум-Азехь беллачийн дисинчу кешнашна: Казахстанан, Киргистанан 1едалшца цхьа барт лахий, вайнехан кешнаш лардарна дехна а, лахьийна, мах белла а, цхьа меттиг эцна, циггахь, схьадаьхна, цхьанна новкъа йоццучу метте, д1акхалхадо вай уьш я Нохчийчу схьакхалхадо, я 1адда 1а вай, белларш-м мича г1ур бара я вайна стенна оьшуш ю лаьттах схьаяьхна беллачийн гоьмаш-даь1ахкаш аьлла? (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**Мух1ажар (мухьажарш).** Переселенец (переселенцы).

Цигахь ялх бутт хан теккхира цара. КIел хIитта тхов а боцуш, ерзинчу стигла кIел. Мацалло гIелбинера мухIажарш, тайп-тайпанчу цамгарша хIора дийнахь бIе, ши бIе стаг дIахьора (А.Айдамиров. дарц). Нагахь санна газа ца далахь, тхуна санна собарх (собарх!), доьналлех, къинхетамах, комаьршаллех халонаша бохоза нах уллохь нисбойла де доьхна (дохийна), мух1ажаран ц1е бертаза т1еэцна х1усамах мел ваьккхинчунна (Я.Овхадова. Мичара «лоьцур»-те и «син шовда»?..).

**Муъма.** Разг. Благочестивые (обобщ. о всех мусульманах).

Iожалло д1авахьарх, тхуна,
Хьо-м вуьсий тхан муъма да.
Бекхаман чIир йоькхуш, хьуна
Кийча ву муьлхха вала (С.Магошвили. Нохчийчоьнан вуьззина к1ант).

- Собаре хилийша, муъма вежарий! Аш къобал ца до Делан лаамца вайна тIевеъначу оьрсийн паччахьан Iедал? Делан кхиэлана реза дац шу? Г1опал хила гIерта шу? Шаьш динчу вочу гIуллакхашна дохкодовла. Дела къинтIера вер ву шуна. Iедало тIейиллина налог, бера, пхи ламаз, ткъе итт марха а санна, вай кхочушдан дезаш пераз ду шуна. Нагахь санна Далла а, Iедална а хьалха вай вешан декхарш кхочунт ца дахь, ялсамане догдохийла яц шуна вайн... (А.Айдамиров. Дарц). ...Муъмачу стага, ша мел веха, цхьаъ мукъна а дIа а хезна, жоп хиларе сатуьйсуш, Далла деш долу доIанаш санна, цхьа дийцар яздан гIерташ, боккъал а долу цхьа дийцар, шена чохь иэс а, зама а йолу, къематде а, Iаьрше а ... цу дийцаре ойла керчош (М.Бексултанов. Д1аваххалц, хилла а воцуш).

**Муьц1алг (-аш).** Разг. Остроконечная верхушка, верх чего-л.

**М1айла (-наш). МIайла** - крыша у боевых и сторожевых башен (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**МIайла-цIа** - верхнее помещение в башне (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**М1акваьлларг (й, д, б).** О человеке. Вошедший в раж.

Кхин башха а вац – шен хIума тоделла аьлла хетта, мIакваьлларг а, сискалца чай цхьаьна ца догIу дIо и пекъар а…(Хь.Яхъяев. Беларехь лела велар).

**М1ак-даьлла (м1аькдаьлла) (в, й, б).** О предмете. Вошедший в раж.

ХIара гуттар а «мIакваьлла», цхьа замой а, цхьа синкъерам а ца бохуьйтуш, «тIус тIебаьлла» хьийзачу хенахь, дас чу а кхайкхина, элира кхуьнга: «КIант, хийла дика кеп йолуш, бIаьрго йоххол хаза говр нисло хьуна цкъацкъа, я кира кхехьа де а доцуш, я беречунна дин хила хьуьнар а доцуш, ламанца хьалагIортийча ерриг а хьацарх а юзий, шена тIера гора къахко а мало еш лаьтташ. Иштта болчу зударех ларлолахь (М.Бексултанов. Терза). I9I2 шеран аьхке. Цхьана дийнахь Соьлжа-ГIалин майданахь мIаьк-баьлла боьдуш нохчийн синкъерам бара. Шовкъе бохь буьйгIуш кегий нах, гIургIезах кура техкаш, хелхаран ког шаршош мехкарий, юкъа лела жухаргаш (А.Газиева. Къоман культурин цхьа хазна). Иштта цхьана буса тхан гIайгIанаш мIаькъевллачу минотехь, кIеззиг чуьркашна дуьхьало ян дагахь тхан ханна аьлла йинчу кхалорна дуьхьал оьллинчу шаршун маьIиг дIа а тесна, чоьхьабелира цхьана йоьIан йоцца хадийна хьаьрса месаш йолу корта (Ш.Дашаев. Алия). КIант винчохь хIоттийна юьртан ловзар мIаькдаьллера (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). Шофёр хьаькккхина д1а чу вахана. Чохь м1аькбаьлла д1абоьдуш синкъерам хилла (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

**М1аьжаг (м1аьжгаш).** Прост. Маска - покрытие на лице из железа против газа, огня и т.п.

Г1у к1аргъелча, машшех дихкинчу чийликаш чохь латта хьала а дохуш. Газах ларбала юьхьах дуткъачу эчиган м1аьжгаш а юхкий (А.Айдамиров. Дарц).

**М1аьжаг (м1аьжаг-можмаш, м1аьжаг-мажош).** Здесь искусственная борода (борода Деда-Мороза).

Х1инца цуьнан можана т1ехула т1ейоьллина ц1ен м1аьжаг-маж а, б1аьргех доьххина 1аьржа куьзганаш а дара (А.Айдамиров. Дарц).

**М1аьмгаш (например: м1аьмгаш охьа, гайта).** Груб. Принимать дерзский непристойно-угрожающий вид перед кем-либо.

**М1аьрго (м1аьргонаш).** Миг, мгновения.

Замано шеггара хIоттийна дахаран мах –
КIорггера ойлаеш, чот тоьхча, и ю цхьа мIаьрго.
Лаьттахь ша хан яккхар лур доций хаарна дах,
Зезагийн шабаршка сутара ладоьгIуш яр го (1.Юсупов. М1аьрго).

тоьшалла гулйина сайн денойн буьйсанийн тоба
айкх йина мук1арло ца деза сайн деган аьрго
хьан кхеле деа ас эзарза дохийна тоба
хьан кхеле еа сайх эзарза кхаьрдина м1аьрго (А.Бисултанов. Нене).

Хааели хIетахьлера марзо,
Хаадели хIетахьлера ирс…
Хиллехь а цхьа йоца сирла мIаьрго,
ГIан а доцуш, боккъал хилла и! (М.Ахмадов. Бохамо со Iадийнчуьра метта...).

х1ора хьан шеконан м1аьрго
тийналлин х1ора сиз огуш
сан деган дот1уна хуьлий
сан хьех чекхйолура йогуш (А.Бисултанов. Х1ора хьан шеконан м1аьрго).

И а ду, хетарехь, хьаргIанал къена,
Хьо-м цуьнан верас ю хьалхара.
Ткъа, дахар - мIаьрго ю гергарчу хенан
Дуьненчу валаран, кхалхаран (1.Юсупов. Буьйса ю 1индаг1а доьдучу дийнахь).

Ийзалуш 1уьйре схьакхочу ,
Х1оразза и керла йог1у.
Хьо гина, йист хуьлу хезна
М1аьргоне дуьне ца кхочу (Р.Кадиев. Сан иесахь хазйина ойла).

Дуьне а 1абадеш, кхеттачу цу
маьлхан серлонах. Со йоьду,
паналлехь зама а сацийна,
б1ешерех цхьа м1аьрго хийца,
хьо ган йиш йолчу еккъа цхьа
м 1аьргонах хийца... Ткъа
дуьне...? И сох ца кхета... (Л.Арсалиева. Со кхоьру).

… ткъа ден, кIентан ден, шен кIантал тIаьхьа висинчу кIентан ден бIаьргаш чохь дуьненнал сецна мIаьрго, мIаьргоннал абаде, сецна, иккхина я Iадийна…(М.Бексултанов. Иза бен зовкх ца хиллийла... ). МIаьрго юй-те, цхьанхьара къедда, гучуяьлла дIа ца ян йисина сирла серло хилла,

дахар къагош; я гIенан дагалецам; хилларг я цахилларг, сатийсам, синхаам, синхьегIар – са дуй хаадалар (З.Алиева. Мукъам Шопенан, дешнаш Бексултанов Мусан, сан ойланаш а…). И тайпа цхьаьнакхетарш яр-кха тхуна, кхиъна богIучу яздархошна, уггаре а ирсе мIаьргонаш (М.Ахмадов. Дахаран Iина йистехь дуьхьало хилла латтар (Айдамиров Абузар дагалоцуш).

## Н

**Наб.** Анатом. Слепая кишка.

**Набарзалла.** Прост. Бессонница.

Шийла цхьалла, суна евза хьо,
Девза хьан гIайгIанийн хIора сиз а.
Сан дахаран хийла къона шо
Дагий ахь хьайн набарзаллехь къиза (И.Юсупов. Цхьалле).

**Наджигоцохойн бутт.** Старин. В чеченском календаре соответствует январю.

ТIекхечира Iаьнан уггар шийла наджигонцохойн бутт. Халонашца цхьаьна ламанхойн дахаре хазахетар а дохьура оцу батто. Керла шо оцу баттахь даздора нохчаша (Л.Яхьяев. Гиххойн Таймасха).

**Наждар (-ш).** Жилище чабанов в кошарах.

Суна геннара гира иза, гуттар а санна, хьалххе, жа наждаре охьа а дерзийна, хи дан а, жIаьлешна доьша дан а чувогIучу (М.Бексултанов. Кехат).

**Накъашбанд.** Религ. Один из путей постижения Аллаха.

**Накълуб (-наш).** Религ. Примечательные случаи из жизни асхабов Пророка.

Салават, маршалла Элчанна дара.

Элчанан хьадисаш, асхьабийн накълубанаш,

Вайн маттахь дуьйцур вайн заманан хабарш (Нохчийн фольклор. Назма «Дог доьлхуш болчарна»).

**Нана.** Гипербола, придающая предмету, явлению огромность, силу, величину и т.п., а также выражает уважение –почитание: нана-Нохчийчоь, нана-лам и т.п.

Цхьана нана махка лелавахана, хийла хан яьлча, Вехаш 1ачу ва Гихт1а ц1а вог1уш волу Дог майра и Зайтан Шихмирза Веана т1е ма кхечира маьждиган пхьоьханна (Нохчийн фольклор. Гуьржийн Анзоран, Х1ирийн йоь1ан илли). Ша далор ду хьуна, хьан дог 1абадал Паччахьан к1айн эскар, ва Гуьржийн Ортам! - Ша вахана ма кхечира и къена инарла Цу нана Петара ва бухе (Нохчийн фольклор. Чечанарчу Мадин Жаьммирзин илли). И узаммий, моххьий ц1ела карчо, 1ожаллин набарца тебан, кошан барзаца хьулбан уг1у дарделла герзаш, марсачу ц1ар т1ехь т1ехтуьйсуш кхехка нана боккха яй санна, 1аьржачу к1уьран 1а етташ кхехкаш ю Соьлжа-г1ала, хьере хилла хаьдда-дедда ду адам... (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Наналла.** Материнство.

Наноша – наналла доьхкинчу дийнахь,
Мехкаршна – цIеналла оьшучу дийнахь,
ХIун до ахь, хIун до ахь,
Дакъаза ма яларг,
Бус-буса сан корехь йоьлхуш?
Къонахий шайн синойх лечкъачу дийнахь,
Боьрша нах IиндагIех къехкачу дийнахь,
ХIун до ахь, хIун до ахь,
Дакъаза ма яларг,
Бус-буса сан корехь йоьлхуш? (Б.Гайтукаева. Зама).

Мел хаза, мел сирла ю
Вайн ДегIаста, Нохчийчоь.
И наналлин ага ду –
Нохчийн халкъ кхиийна цо (С-М.Гелагаев. Наналлин ага).

**Нанатехнологи.** Нанатехнология (новейшие достижения в науке).

Вай царна х1ума ала, уьш бицбе ала г1ертац, уьш шайн заманан нах а, къонахий а хилла, амма динберийн зама яхана, кибернетикан, комьютерийн, программистийн, нанатехнологин, «хьакераш» олучийн зама ю арахь (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Нанна (нанна ала).** Нецензурная матершина.

– Балаза берш а-м ца баьхьна цара дӀа. Боьха хӀуманаш, – туй кхоьссира, цӀийх буьзна корта а лаьцна, дена а, нанна а хьежош керта юххехь Іуьллучунна Пацус (1.Дадашев. Цакагбелларш). Солтамурдехь мокхаз биллина топ яра. И тайпа топ лело бакъо еллера нохчашна. Амма Добровольский, цунна дена а, нанна а хьежош, цуьнгара топ схьаяккха гӀоьртира (А.Айдамиров. Дарц). Уггар хьалха уьш тӀенисбеллачу пурстопа Черновс хӀорш сийсазбира, дений-нанний хьежош, тӀаьххьара а Зеламхина бетах тӀара а туьйхира. Уьш виъ набахти чу кхоьссира (А.Айдамиров. Дарц).

**Наркоман (-аш).** Наркоман (-ны).

– Цулла а, эццига цхьа баьӀа туьма а лой бич я наркоман ялае-хьа гӀалара. Цо дӀавоккхур ву хьуна иза-м, – ша забар еш санна хьехар дира милицин начальника (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Наркотик (-аш).** Наркотик (-и).

**Нахазар.** Прост. Слух.

И серло ехар ю соьца,
Лаьтта тӀехь вехаш со мел ву.
Иза а ехар ю,
ткъа цунна уллохь –
байттамал дехар ду
нахазар чаьмза (М-С.Гадаев. Безаман ницкъ).

**Наша.** Анаша.

Ткъа хьан фамилих дерг аьлча а, хууш ма дай, нохчаша анашах «наша» олуш хилар. КӀомалх йоккхуш ю-кх и Дала хьарамйинчех цхьаъйолу хӀума. Бусалба-дин тӀеэцале хьалха нохчаша лелош хилла хир ю и. Бакъду, хӀинца а ю цхьацца ярташкахь вайн Нохчийчохь и юьйш-ерзош, цунах шайн рицкъа дина Іаш. Нашхоев фамили «нашхо» бохучу дашах кхоллаелла. Ткъа «нашхо» боху дош «анаша» дашах схьадаьлла, – дӀахаийтира царна Йагас (Хь.Бурчаев. Абитуриент Йага).

**Наь1алтхо (-й).** Проклятый обществом, проклятые.

Мичхьа бу гӀийбатхой, юьхь куьйса наьӀалтхой?
Шун лаам тӀебели – гӀаддахна Іаш дуй шу?
Майдане кхайкхина, са совра йозанхой,
Шун луур тхох дели – самукъа долий шун? (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

Шуьшиъ шийа цхьаъ ву х1инца, ший а – къоман мостаг1, дуьххьал хьан – цхьа мах а бац, хьайн махкахь а, кхечахьа а; важа цхьанхьара схьавеъна ву, ша мостаг1 вуйла а хууш, ц1ахь хьоьжуш къам а, мохк а болуш. Иза кхузахь ву мостаг1, ткъа шен ц1ахь – турпалхо; хьо цхьанхьа а яц х1умма а, массанхьа а – не1алтхо (М.Бексултанов. Хьаьнца 1овшур-кх х1ара г1ело а… ).

**Невцалг1а.** Первое посещение (ритуал) зятем в дом родителей жены.

Цуьнца айхьа ворх1 бутт боккхуш (я ворх1 шо) цуьнан нана а ца го хьуна, невцалг1а а ца вахана: стунанас ца воуьйту, шен б1аьрга ма гуо бохуш, цхьацца хабарш а кхоьхьуьйтуш, кхуьнгахула схьа, йо1ехула (М.Бексултанов. Хан хенаца хийцаелла хан).

**Незигчу.** Хрупкое (ранимое) чувство.

Цо дуьххьара йовзийтира суна нохчийн незигчу (уггар экаме синхаам бастар) меттан хазалла а, исбаьхьалла а. Иза ша нохчийн маттахь стихаш язъеш а хиллера (1.Шайхиев. «Орга» – сан кхолларалли къилба).

**Некъахьовзам (-аш).** Неудача в пути.

Хьалха хилла синпаргӀато дӀаелира инарлин. Дагахь а доцуш хиллачу некъахьовзамо ойла хьаьшнера (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Нераун (нираун).** Прост. Понос, дизентерия.

Шайн волла, дуьненан массо а маь11ера адамаш х1аллакдеш хуьлу нераун а, 1аьржаун а ца лета царах (А.Айдамиров. Дарц).

**Несалахь.** Быть обязанным, признательным.

**Несалг1а.** Старин. Взять в снохи.

Хьан к1анта доттаг1а лаьцнариг со веца хьуна, И хьуна хезнариг бакъ ма дац, баба, Элан йо1 несалг1а ша ялош вог1уш ву Сеттачу поштанахь хьан жима и к1анат (Нохчийн фольклор. Жерочун к1ентан, гуьржийн к1ентан илли).

**Неформал (-аш).** Неформал (-ы).

Гой хьуна, Руслан, мел дукха бездельникаш яьржина вайна тайп-тайпана неформалаш ю шаьш, бохуш. Цара лелош дерг вайна хууш ца хилахь, мел боккха гӀурт баржа таро ю. Церан кханалерачу дийнан бала ма бац (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Не1арк1ажа (-ош).** Петля двери.

Хийра бацахь а, нехан неIаркъажехь чухIоьттинарг хилла а хало ловш лийлира (Хь.Яндарбиев. Кавказе болг1у некъ).

**Нижало (-й).** Старин. Представитель одного из чеченского общества.

Общество граничило на с. с ЭгIашта и Махкета, на в. с ЧIебарла, на з. с ДIай и на ю. с Чобаьхкинаройцами. Под одним и тем же названием «Нижала» было три аула: первый - на в. от Осхар-овл, второй - на в. от ГIази-овл, третий - между Жубиган-овл и ГIези-овл. Нижалой, ДIай и Боси считаются потомками трех братьев. Этимология Нижала затемнена (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Нисъелла (в, д, б).** Примечательная.

– Каяхийтинера вай хьастагIа. Хьа-хьа-хьа! ХIетахь дуьйна уьдуш лелаш ю, чу ца йогIуш. Ша идарх ер ю моьтту хир ду цунна. Нисъелла жеро ю, талух яларг! (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Нисъян (д).** Выравнить.

Маха а бийр бац-кха
цу шинна цхьаммо,
Верас вац висина
я коше вала.
1ожало дахарца
нисйи шен гамо,
Йоккхаеш, харцоно
стамбеш и бала (Хь.Талхадов. Кхойтта шо дукха ду... ).

**Нит1ар (бу-бу: -ш).** Жидкая грязь.

Буритт1ахь дукхахьолахь шийла хуьлу февраль бутт. 1909-чу шарахь, цкъа доккха ло дуьллуш, т1аккха малх беънaчу дийнахь, урамашкахь, некъашкахь лайн шаткъ, хоттан нит1а х1уттуш, дуькъа дохк, т1уьна шело лаьтташ хилира (А.Айдамиров. Дарц).

**Ниша.** Мишень.

Мел нийса ниша лаьцна кхоьссинера ас иза! – бохуш хьаьвзира йохкархо Сутарбек (В.-А.Амаев. Эдал).

**Новкъабохам (-аш).** Несчастный случай на дороге.

Хамидов Iабдул-Хьамид 1969 шарахь новкъабохамехь д1акхелхина.Хамидов Iабдул-Хьамидан кхолларалла, цуьнан драматургически произведенеш, сатирически дийцарш, цо театрехь дина гIуллакх Iаламат мехала ду къоман литература, театр, культура кхиарехь (1.Арсанукаев.Хамидов Iабдул-Хьамидан кхоллараллин цхьайолу башхаллаш).

**Номенклатура.** Номенклатура.

Ахматова Раисина угаре гергарчех цхьаъ ю Даймехкан тема. Октябрьски революцис «сирла нур делла, бодашкара парг1атъяьkkхина», кхийолу республикаш санна, Нохчийчоь а бохуш, яра х1етахьлера 1едалан идеологи. Даггара дацахь а, и иштта ду бохуш, т1еч1аг1дан дезара массара а, яздархоша а. Цхьаболчара оцу д1акхайкхорех хьаьвда динера, уьш партин номенклатурин яздархой бара (Хь.Бурчаев.Ахматова Раисин деган иллеш).

**Нортал (-аш).** Арка (С.Дадаев. «Даймохк» газетан дошам. 19 январь, 2012 шо).

**Нохчалла (нохчолла).** «Чеченство».

Буьрса дарц хьекхарх 1ай,
И – сирла яьгна ц1е,
Соне д1атоьттуш ю –
Хийланна яьлла сов.
Нохчалла – эрна харж
Са заь1ап долчарна,
Нохчалла – ирсан кхаж
Яхь йолуш болчарна (Ш.Цуруев. Нохчаллах дош).

**Баркалла, со нохчо кхолларна, Дела!**

Ахь дIа ца дайтарна нохчоллин доь.
Лаьттина, лаьттар ю, лаьтта цундела
Маршонан гIап хилла сан Нохчийчоь!
(И.Юсупов. Баркалла, со нохчо кхолларна, Дела).

Нохчашна *Нохчолла* – хIун хилла, хIун яра –
Шайн цIийца йоццушехь, хьехаза Iа ца ло.
*Нохчолла* яра шуна, нохчалла ю шуна –
Бух кIорга ойла, нийсонца тарвалар,
Къарвелла, собарца дIатакхар декха (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

Шен хенахь, и г1иллакхаш долчу хенахь, «нохчо» бохург нохчийн мотт бийцаррий, бохьбуг1уш хелхардаррий хилла ца 1ина - нохчашна юкъахь хила дог1ург - лелоррий, ца дог1ург - ца лелоррий хилла. Иза ду, шина дашехь аьлча, «нохчалла» – шайн дайн г1иллакх т1ера ца бохар, ахьарх-бохчанах ца бохкабалар, гене а, багане а ша а, шен къам а юьхь1аьржа ца х1оттадайтар (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Цкъа тезетахь цхьана воккхачу стага аьлла дешнаш диц ца ло суна. Шерийн маьхьаро даздинчу, халчу боларехь уьйт1а веъна, до1а динчул т1аьхьа, тезетахь 1ачийн мог1аре д1анислушшехь, цуьнан багара дуьххьара девлла дешнаш иштта дара: «Дала ларвойла нохчалла дайначу бусалбаллах» (Л.Абдуллаев. Нохчийн мотт а, хьаьжк1ан буьртиг а, кокани а). Оцу дерригено а гойту нохчийн къам (цуьнан хьекъале, оьзда дакъа) ша-шех тоам бина, шена чохь д1акъовладелла доцуш, дерриге а къаьмнашна д1адиллина хилар; цунна коьрта шен къомалла (нохчолла) ца хилла, коьрта адамийн юкъарниг (адамалла) хилла. Нохчолла оцу адамалла бохучу синмехаллин цхьа дакъа хилла (М.Ахмадов. Г1иллакх-оьздангалла). Ахчанал а алсам вешан тIехьенна оьзда гIиллакхаш, цIена дин, юьззина Нохчалла йита вай? (С-Хь.Нунуев. Лулахой – 2). Даим сан дагахь лаьттара со нохчийн кIант хилар, хьо – нохчийн йоI хилар, дагахь дара – нохчалла, леларехь, вахарехь тIе эхь-бехк дожош долу деган хьал (Э.Минкаилов. Т1аьхьадисина кехат). Халахета, тахана нохчийн адам д1ахерлуш ду нохчаллех. Ков-керт, кхерч, ахча, духар, мотт, г1иллакхаш - царех цхьа а ца дисна юьхьанца ша хиллачу хот1ехь (З.Эльдерханова. Нохчийн кхерч ган лаьа... ).

**Ноьлги (-ш).** Старин. Поворот.

**Ноьлги** (Нёлги) «Поворот» - на в. от М.-В. (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Ноькка (нанин ноькка).** Прост. Маменькин сыночек.

БIаьргашна хьалха Iаьржа кирхьа санна бода лаьттара. Юха а вирзина, араваддал бIарзвелира. Да шех воьлуш санна хетаделира. «ХIун до ахь, нанин ноькка, кхеравели?» (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Нускалг1а.** В невесты.

Сан нана нускалгIа йигинчу
Пайтонан чкъургаша йитинчу
Лараш тIехь айкхечу хьаьркаша
Сан дега декъалъеш маьркIаже,
Долало сан седа-жайна (А.Ахматукаев. Сан нана нускалгIа йигинчу... ).

**Нуьрк (-аш).** Лук седла.

Куьг тесира юха вортанах, динан а, шен куьйган а ондалла зен санна, ворта хьайира. Нуьйрк лецира схьа, хьалхашкара. Луьйтана цо ког кховдор а дайна, Джандар а, кхин цхьа-ши жима стаг а г1оьртира герга, цара г1о а деш - и кхунна шена вайна ву цу т1е хаош, наха дийцина а дац - дина хьалахаийра Дада, цхьа кетар т1ам хьалха д1а чу а хьарчийна, важа, хьала а айвина, иштта д1а к1ел а биллина (Хь.Яхъяев 1ин т1ехь дин).

## О

**Обаргалла.** Абречество.

Цхьаьнцца а хьагI-гамо, мостагIалла а дацара церан. Амма уьш мел машаре белахь а, цара мел ца лехахь а, дедегара охьа, церан кочара ца долура хIара обаргалла (А.Айдамиров. Дарц).

**Облакат (-аш).** Стар. Калька из русского языка: Адвокат.

Тхо к1елхьарадоху шаьш бохуш, тхо да мел долу х1ума а доьхкина, облакатана делла ткъа туьма а, хи чу тесча санна, дайра (А.Айдамиров. Дарц).

**«Овиш» («оввай»).** Выражение внезапной боли чего-л.

Пешо «овиш» дийр ду хьуна,
Нагахь цунна тIегIортахь…
Вайн ишкап чохь борз ю хьуна,
Варий, неI ма еллалахь (Н.Пашаев. Барзо диъна моз).

**Овхо (овхе).** Старин. Уют.

**Ойланча (-ш).** Прост. Мыслитель.

Цигахь дерриге а ду исбаьхьа, ткъа дерригенал коьртаниг ду и шен дуьне лаккхара похIма долчу поэта, ойланчас Гадаев Мохьмад-Салахьа кхоьллина хилар. Дала декъалвойла иза! (Р.Дадашев. Поэтан а, философан а Гадаев Мохьмад-Салахьан дуьне). Нохчийн халкъан исторехь кIезиг бара цIе йолу нах, фольклорехь хьахош масех стаг вара: Адин Сурхо, Таймин Бийболат, иштта кхиберш а «Еха буьйсанаш» романан агIонаш тIехь юха а денлуш, хьалагIуьттура керла турпалхой, ерриге Европехь а цIеяххана бевзаш хилла тIеман куьйгалхой, ойланчаш (Э.Минкаилов. Халкъан иэс самадаьккхинарг. Айдамиров Абузарах ойланаш). Тахана

со лаьттара, бух т1е шишанаш д1а а х1иттийна. Со хьоьжура варе сайн ойланча (М.-С.Исламов. 1аьржа т1улгаш).

**Ой (-наш).** Устар. Сеть для ловли птиц.

**Ойн боьра** (Ойн бёра) «Ойн лощина». Урочище на окраине села. Первая часть названия затемнена. По рассказам информаторов, здесь водилось много птиц. Сеть для ловли птиц – *ой* (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Ока (-наш).**Устар. Порода овец чеченцев. Нохчийн (чеченская) ока - обычно овцы бывали черные, темно-серые, рыжие, но не белые как тушинской породы (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Олудерг (-ш).** Что могут высказать.

- Наха цхьацца х1уьмалгаш юьйцу тхуна «писаш ю, керара х1ума д1а ца хоьцу, юург юхауьйзу», бохуш. Валлах1и-биллах1и, хьо соьга дуй баийта а ца г1ерта, 1умар-Паша, буй къуьйлечех а ма дац тхо, наха юучул сов яа а ма юу, оцу хьан йо1а харцдерг дуьйцуьйтур дац-кха соьга. – Олуш ду-кх, Бексолта, стиглахула лелачу олхазарна а ала х1ума карадо. Ваха г1ертачу стагана олушдерг оьшур дац. Багош а г1аттийна лелаш ду-кх х1ара адамаш, хьанна х1ун эр ца хууш. – Захалан дог оьцу х1усамдас (С.-1.Юсупов. Дечиг даккхар).

**Олург (-ш).** Высказываемое.

**Ондавала (й, д, б).** Подросший, окрепнувший.

Асваддий Шайхмохьмаддий бен кхин ондаваьлла
борша-стаг вацара бевдда богІучарна юкъахь (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Онгане.** Части опорно-двигательной системы животного.

ДІаьндарго, хорамо, экхано мел вийнарг,
ЦІонгане, онгане меженеш гулйина,
ХІинца а, тахна а, вайн синах каетташ,
Вайн иэсан экъан тІехь,
Веллашшехь, ветталуш,
Вайна хьалхха Іуьллу (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

**Оппа** (оппа даха). В гости. /Детская лексика/

**Орцг1айчу.** Старин. Горный склон.

**ОрцгІайчу** (Орцгайчу) «Горный склон» - уроч. на ю.-з. Название состоит из двух компонентов - в данном случае в значении *арц* (гора) и *гІай* (хребет, склон) (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Орцанхо, орцанча, орцахо (-й, -ш).** Тот, кто оказывает помощь.

Цу турпал шен белшах гома Іад тесина,
И жима орцанча цхьана дина хаийна,
Мерзачу езаре деган весеташ дитина,
Ша орцах велира, тов, и Гехин ва Гихо

(НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА. Х1от. Джамбеков О.А., Джамбекова Т.Б. 2-ра книга).

Мискачу халкъан орцахо, Делан некъахь декъалхилла эвлаяъ Кунта-Хьаьжа, цхьаболчу нохчийн ямартлонца паччахьан 1едало махкх ваькххина, даймахкана генахь, керстанийн махкахь д1акхелхира Оцу кхойтта шарахь Зеламхин ц1е йоккху хезча, кхералой, дег1а т1ера массо а чо ирах1уттура салтийн а, г1алг1азкхийн а. Дийнан делккъехь эскарех юьзначу г1али чу Зеламха веъча, куьйранах котамаш санна, барзах уьстаг1ий санна, кхералой, д1асабовдура уьш (А.Айдамиров. Дарц). Обарг Зеламхин цІе яьккхича, вайна хьалхахІутту майрачу, кадечу, мостагІчух къинхетам ца бечу халкъан орцанхочун турпала сурт (Хь.Бурчаев. Айдамиров Абузаран «Дарц» романах). Беха, хала некъ дІабаьхьира Кадыров Ахьмад-Хьаьжас шен кхиарехь, халкъан орцанча хилла дІахІоттарехь а (С.Магомадов. Кадыов Ахьамад-Хьаьжин политикехь хьежамаш).

**Остопируллах1 (астаг1фируллах1).** Из арабск. покаяние.

- ОстогІфируллахІ! Дала собар а, собарца хьуьнар а лойла хьуна, Мусха! - мохь белира Іелин. – Дала кхоьллинчу адамана лан ма боккха бохам бу-кх хьоьга беънарг! (А.Айдамиров. Дарц). Иза... шина кога тІехь вара. Доза доцуш цецвелира Элберд: «ОстопираллахІ, остопираллах...» (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). ОстопируллахІ! Ма карчий цо со, – цецваьллера Хьасан (Б.Магомадова. Безаман хало). **ШайлагІаз.** ОстопируллахІ. Дали, хьо орцух вала! Дали, хьо орцух вала! (М.Ахмадов. Денисолта). – Ва, астагІфируллахІ! Кхин а ву инвалид? Шу ма чІогІа арадевлла тахана, маьхза цхьаъ йоькъуш санна (А.Газиева. Кондукторан яппарш). – ОстопирлахІ, къамел а ду кхуьна-м къонахчуьн. Ма хьаштдоцург ду- кх хІара хІаллакван веза бохург, – ойланаш хьийза Бекмирзин коьрте (А.Сулейманов. Къежбелла корта). - Астаг1фируллах1! Ма доккха х1ума ду иза! Аша соьга-м ма ца аьллера вайн юьртахь

Сталинан доттаг1а ву вехаш, аьлла! – юьртан мола, кхуза гулдаларан коьрта 1алашо йиц а елла, ч1ог1а цецваьлла бага а г1аттийна лаьттара (Хь.Тухашев. Гулам).

**Отар (-ш).** Старин. Хуторок. В отличие от *к1отара*, который состоял из нескольких семей-домов, в *отаре* преимущественно жила одна семья.

**КIотарге** (Котарге) «К хуторку»... **Отара** (Отара) «Хуторе в» - уроч. на в. Билта (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Отархо (-й).** Старин. Хуторянин.

**Оф-фай-кх х1ай (!).** Восклицание успокоения, наслаждения и т.п.

- Оф-фай-кх х1ай! Оф-фай-кх х1ай! Оф-фай-кх х1ай! лер карзахе дара. - Вай а дохур ду кхочачу кхаччалц, кхочачу-кхаччалц вай а дохур ду. вай а дохур ду кхочачу-кхаччалц. Хьайбаха д1а вай а дохур ду (Хь.Яхъяев. Дакъа).

**Охьаата.** Разрушить, развалить.

Иблиса дерзийра: - Делахь, хьайн болх иштта кхин д1а бе…
Ала деза, дов динехь а, Ирак охьаатарна,
дашо медал елира Иблиса США-н кураторна… (С.Яшуркаев. Иблисан гулам).

И полк, Ушурма-шейх коьртехь а волуш, цхьана тобано шен полковникаца-а охьааьтта. Иза историхь бевзаш хилам бу (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Охьата1о.** Подавлять, угнетать, прижимать.

Цунна хууш хилла, ша и г1о доккхуш ца хилча, тоьллачо г1ийланиг охьа а та1ош, шега ва велча цуьнах лай а веш, шен г1иллакхаш а, бух а бохор буй, ткъа иза хилча ша юхур юй а (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Охье (-наш).** Равнинная часть Чечни.

Охье. Ян мукъана а хIун ю иза? Даркешна хезнера цунах лаьцна гинчара дуьйцуш. «ТIулган экъа санна, бIаьрго ма-лоци,у шера аре. Цу тIе яьлла голашка кхаччалц йолу сийна буц (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Ох1ла (-наш).** Способный.

Малазераче хьедира: -«Болх иштта ледар бахь,
хьайн дарж охьадилла дезар ду хьуна, накъост, ахь!
Борделаш х1унда яц, нана йоккхучу Малазехь?!
Цу аг1ор мел долчу ох1ланна, ду иштаниг иэхь! (С.Яшуркаев. Иблисан гулам).

Ж1аьлеш, тховса дуьне даа санна,
Ма летийша шу сел карзахдовлий.
Со ю тховса кху дуьненан ох1ла –
Х1ей нах, д1а ма дийша, не1арш къовлий...
(Б.Гайтукаева. Кху сан дагах дакъа диъча санна).

Харцлийна девли шу,
Емалъеш гIело.
Эхь-бехках хьехам беш,
ОхIла мел воцучо (Х.Зуцаева. Харцлийна девли шу).

**Ох1о-ох1ай (!).** Восклицание удивления, изумления и т.п.

Ох1о-ох1ай, сан хьоме лулахо, цул т1аьхьа вайн несо вайн невцана т1е «г1алх-г1алх» еш, вукхо дуьхьал «1анц1-1анц1» деш, «г1арч1» аьлла цхьа нана-доккха дов дели церан чохь, х1ун дан воллу хьо«Ма яла хьо дакъаза, х1ах1аъпехьа, х1ун до ас (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Оцул (оцулла).** Больше или меньше этого.

**Оццул (оццулла).** Настолько. Вот столько (часио говорят о размере чего-л.).

Оццулла тамашийна стаг вара со цу хенахь (Э.Алихаджиев. Некъаш).

**Оцчуьра.** Оттуда (выйим из этого помещения).

**Очарт (-аш).** Очередь.

**Оша (ошанаш).** Подземные помещения.

– Хьан дай а ма бу цхьана хенахь ломара охьабевла, –шениг дуьйцура Ибрахlима, –хьуна га а гиний хьайн дайша цигахь тlулган басеш отуш дина ошанаш, гlаланаш, бlаьвнаш, кешнаш? (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). Акхачу бецо хьулйина, lохкура ламанан тlулг отуш, даьхна ошанаш (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Оь**

**Оьзданга.** Благородный.

Сан тайпа, тукхам бахарх, киншкаш, газеташ т1ехь, радио-телевизорчухула «дайн г1иллакхаш» бохуш хабарш дийцарх хуьлуш яц т1аьхье оьзданга, и г1иллакхаш шен т1амарехь долуш а, лелош а елахь ю и - т1аьхье (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Оьлгаш.** Старин. Ячменные круглые шарообразные хлебцы *оълга (ш) х*лебцы, изготавливаемые на праздничные дни. «Ольгаш» - божьи хлебцы, просвиры, которые пеклись к культовым праздникам и выносились к святилищам (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Оьлгуз (-аш).** Старин. Храм.

Оьлгуз-дукъ (Олгуз-дук) «Храмовый хребет» - на з. окр. Возвышается над селением Нихала. Оьлгуз-кхаш (Олгуз-кхаш) «Храмовые пашни» - на ю.-з. Села (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Оьртхана.** Кустарник.

**Оьртханан басса** (Ортханан басса) «Кустарниковый склон». Северный склон Суьйра-Корта (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Оьрши (оьрша-наш).** Старин. Земля. Из источника: **Оршие** (Оршие) «Оршие (?)» -уроч. нал. б. речки ниже Энгири по течению. Напоминает *оърши* - «земля» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Оьшудерг (-ш).** Который понадобится.

Цо хьехамаш дукха ца бора, метт-меттарниг дуьйцура, хьуна дахарехь оьшудерг, ца хилча ца долург (М.Бексултанов. Цхьана романан автор).

## П

**Палс (-саш).** Ирон. В перен. см. лодырь.

- Нуц аьлча а, х1ара палс! Кхуьнан каах ца дели-кх нехан карах долуш дерг! (С.-Хь.Нунуев. Д1а ца кхаьчна кхаъ).

**Паналла.** Неохватное пространство.

Шо-шаре даларца дIаоьху замананаш,
Шайх Мансур, цуьнан хан паналле хьош.
Амма и вицлур вац, мел лаьтта ламанаш…
Дехаш ду цо аьлла къонахчух дош! (М.Ахмадов. Шайх Мансур).

х1инца дерриге а дика къаьста
х1инца суна суо а дика къаьста
паналлин х1ора а маь11ехь (А.Бисултанов. Нохчийн ярташ басошка юьйлу).

Замано кхоьллинарг оьмаро кхачош ду,
Безамца яьгна хан паналле оьгуш ю.
Вайшинна доьгIна ирс кхин деха ца хилла,
Ха хоьрцу хIара дуьне цкъа доха дезаш ду.
Елхалахь, елхалахь, мохь туххуш, елхалахь.
Со воьхна хьайна гахь, вайн къинна елхалахь (Л.Ибрагимов. Ца оьшу).

Руслан. Жоп ло! Вайн лаьтта т1ехь «х1умма а!» Латта бехдина аьшпаша, т1емаша, писалло. Суна сайн дахар д1адахьа лаьа космосан паналлехь. Цхьана сайрат т1ера вукху сайрат т1е воьдуш, Экзюперис санна, стихаш а язъеш (1.Мусаев. Бекхам).

**Панбархат (-аш).** Полувелюривый бархат.

Хьайн къорза кортали бендоцуш белшаш т1е тесна,
Когаш к1ел биллина дешица кхелина некъ,
К1ажарийн панбархат махаца ловза д1ахецна,
Йог1у хьо йиллина шерашна г1еметтан не1 (Тамия. Бойн гуьйре).

**Пар, парс, пхьарс (-аш).** Устар. Боевой щит или выдвинутая амбразура на крепостной башне, в основу легло слово в знач. щит, защита. (Из праязыка). Сохранилось оно в первозданном виде и смысле только в чеч. языке: *пхьарс* - плечо, локоть (рука от плеча и до кончиков пальцев).

**Парг1аталла.** Свободность, независимость.

И-м оцу хенахь зударий а дика бевзаш вара, классехь цхьаннах иза лечкъа а ца деш. Дешарна т1ехь, мелла велахь а, кхеташ вара и, цуьнан да г1алин ОБХСС-н хьаьким вара. Классера к1ентий хьега а хьоьгура цуьнан гуттар хуьлучу парг1аталлех: арахь, урокашкахь, собранехь, - букъа т1ехьа цхьа ч1аг1о йолуш санна (И.Эльсанов. Хилла я ца хилла).

**Парг1атхо.** Независимый.

ХIара эмжеэсан директор ву боху бала коча оьцучул паргIатхо а вехар вара. Нахана гергахь ца тарлуш хир вацара (С.Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Парз (-еш; фарз –фарзаш: ламаз, ламазаш).** Религ. Обязанность ( -и: обязательный молитвы).

Дала тIедиллина и пераз ва ламаз,
Тахана-кхана ва бохуш, ахь тIаьхьа дуьту,
Къинхетам боцуш, барт хетта ва боьлча,
Байттамал хирий-те, Iеса дегI, хьуна?
(Нохчийн фольклор. Назма «Дуьненца гергарло ма чIогIа хили хьан»).

1уьйрана бусалба нах г1уьттучу хенахь,
Вайн Делан парзана кечлучу хенахь,
Мерзачу набарха доьзалаш бохуш,
Вай ярташ гулйина майдана ехира
(Нохчийн фольклор. Ц1ерадахаран хьокъехь аьлла назма).

Адам кхелхаш, лаьттахь хIутту син баррамал къелла:
Са легийна довлар - парз ду кхиэлан дожарийн.
Цхьана кертан доьзал тахана а бекъабелла –
ЦIа чохь кадеш - зударий, ткъа, арахь – божарий
(1.Юсупов. Адам кхелхаш, лаьттахь хIутту син баррамал къелла... ).

Ведда, хьаьдда, къежаш, цIийзаш,
Фарзаш тIаьхьа тоьттуш хьайн,
Сирделла хьан Iаьржа мекхаш,
Хан еллий-те дала кIайн? (М.Бухадинов. Синтем байна собар доцуш).

Иштта чекхваьлларг шен дахаран чаккхене а воьхна воцуш хьоьжу, х1увда аьлча цо кхочушдина-кх вахаран парзаш, и ваха г1иртина-кх ваха ма-веззара, цуьнан «денош-г1а-патарш мажделла оьгу, - дахаран гуьйре ю йог1уш», цуьнца цхьаьна «макхъелла г1айг1а ю тиэбаш», «йишхаьлла, совпуш ду иллеш». Х1умма а дог хьосту, дог тиэден билгалонаш, суьрташ дац уьш (Хь.Бурчаев. Алиев Г1апур: «Ас динчу некъийн чаккхенийн лазам...»). Ойланаш ца ян а гIерташ, ной йолчу чу а воьдий, ламаз оьцу Мовлдис. ТIаккха шиъ ламаз до: сунт а, парз а.

Парзел тIаьхьа дора сунт,
Хьайн кIант ларвар деха
Цкъацкъа суртана боккхуш барт,
Хьостуш хьайн воI, нана (Хь.Минкаилов. К1ант ларви ахь, нана).

Дала деза кхоьллина хьо,
Хьан лерам бар суннат ду.
Хаза дуьйцуш, хьо хестадеш,
Эхарт даккхар тхан парз ду (П.Джебирова. Маьлха дуьне).

Ламаз-бисмилла а, аттахьиййат а жимма хозуьйтуш дийши цо, шен ойла Далла гIуллакх дарна тIехь сацийта (М.Ахмадов. Ден сингаттамаш). 1абдаллах1 кхайкхина а велира. Парзаш а, суннаташ а, тасбихь а, вирд а чекхдаьккхина, 1исматуллах1 шен ден доттаг1чунна юьхьдуьхьал вирзира (Д.Кагерманов. Кхойттаннан тезет). К1орггера, чулацаме, оьзда, исбаьхьа.Тахана буьйцучу, хуучу нохчийн маттера хийла д1адовш долу дуккха дешнаш авторна маь1на дика хаарца шайн-шайн меттахь далийна карадо ешархочунна «Дог дуьлина мерзаш» ц1е йолчу гулам т1ехь: аналла, хьагам, антал, гурам, кхевсе, ковра, аьхза, важап, окхеш,текъа, руьйта, кхимар, перза, там-товраш, синхьаам, хьун-басе, къурло, жирга, шелг1а, ч1иркъе, гечо, алх, 1аспар, совра, хьун-тог1е, дур, т1ег1а, сет и.д1.кх. (200-204 аг1онаш) (Д.Байсултанов. Нохчийн поэтан Дакаев Саь1идбекан 60 кхачарна).

**Парсма (-наш). Старин-диал. Щит.**

По долине Шаройн Орга имелись следующие укрепления и военные поселения:Парсма (Щит)*, Сандаха (Отборные), Кебасара бIав (Ворот склона башня), Кебаса (Воротсклон) КIесала (Резервные (тыловые) войска, гарнизон), Чур тогIие (Внутренняя долина с замковым укреплением Шикъара, Шора - с мощным замковым укреплением по-над л. б. Шаро-Аргуна, Саьрбала (гордые) и Лаьшкара (группа войск, резервный гарнизон) и немного ниже по течению Шаро-Аргуна - Букказие (богаз - ворота) и дальше - ЗазаргIание, Улус-Керт, где проживали воинственные вашандаройцы (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**«Парт»-алла.** Звукоподражание шуму, производимый в скакивании места.

Юха «парт» аьлла д1а хьалаиккхи со: сан доттаг1чуьн и цхьа нана-боккха куй бу-кха лаьттахь 1уьллуш (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**«Парх»-аьлла. Звукоподражание шуму, производимый при скакивании с места.**

Салам ло ас сайн доттаг1чуьнга – «парх» аьлла хьалаикххина «т1орш» оьккхуьйтуш сан куьйгах куьг тоьхна, «бапп» суна мара а иккхина, «вабб» аьлла юха шен г1ента кхеташ воллу-кха (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Паччахье (пачхье: паччахьенаш). Столица (столицы).** Цюрих г1алара Берне кхаччалц ц1ерпошта т1ехь нийсса 1 сахьт некъ бу. Берн церан паччахье ю (З.Эльдерханова. Швейцарех дагалецамаш). Сихонца омра кхечира, Дадас г1уллакхдеш йолу полк Украинан пачхье – Киев ларъян д1ахьажор т1едожош. Д1айолаелира къизачу т1емийн инзаре эпопея (Р.Селимов. Дадех Дмитрий муха хилира).

**Пачхье (-наш). Столица** (С.Дадаев. «Даймохк» газетан дошам. 19 январь, 2012 шо).

**Паьлча (паьлчанаш). Прост. Клоун (клоуны).**

**Пезарг (-аш). Устар.** Пезарг **-** защита, щит (ноговицы). До наших дней дошло *пезаг* - без «р», который из-за ненадобности утратился (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Пезаг. Войлок для прикрытия икр ног.**

**Пера (-наш). Устар.** Дружина, отряд, подготовленный для дальнего похода с запасом пищи и фуража не менее чем на три-семь дней (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Перестройка. Перестройка.**

Гой хьуна, цхьа хьаькам къолаш деш, кхаьънаш оьцуш хилча, иза дерриге а КГБ-на хууш хуьлу, амма и хьарам куьг lорадоккхуш нахе бакъдерг дийцийта деза. Вайн райкоман хьалхара секретарь Шарипов кхаьънаш оьцуш, стаг ву, ма-дарра аьлча. Иза новкъара дlа ца ваккхахь, кху районехь цхьа а перестройка а хир яц (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Петар (-ш).Старин. Квартира.**

Супьян, я кхин чоьхьаваьлча товш ма дац, бер санна велхар, кху пачхьалкхан петар чу а хиъна (М.Ахмадов. Массо х1ума а ду хьесапехь).

**Пехарвола (й, д, б).** Доводить до износа лёгких (о состоянии дыхания, употребляется в адрес курильщика).

**Пехара-цамгар. Туберкулёз.**

**Пийжа (-наш).** Этимология топонима связана с «пийжа» - скрытое от солнца место (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Пираьниг (-аш). Пряник.**

Захалшна чай мала цхьа ах кийла б1елиг шекар а, цхьа кийла шира пираьнигаш а, х1оралла ца ялийтина. Урс хьаькхна, тилийна н1аьна-к1орни а, берашна кегдан ши-кхо стака кхерзина г1абакхан х1уш а тускарна чу дехкира (С.-1.Юсупов. Дечиг даккхар).

**Пирг (-аш). 1.Старин. Круглый щит.2.Х1оз санна хьийза коьчал,меже.**

Пирги дукъ (Пирги дук) «Щит-хребет» - хребет на западе от ГIачалкъ. Пастбище. Пирг - хребет на пути возможного движения неприятеля. Пирг - круглый боевой щит, одно из восьми названий боевого щита в чеченском языке...

**Пирг** - так назывался щит, который надевался на боевое копье, когда войско шло в атаку на врага. *Пирг* - назывался и щит, приделанный к рукоятке меча, шпаги, который защищал руку от ранения оружием. Название заимствовано из зап.-европ. языков (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»). – Iайт, да ма дала-кх хьо балхан далиI, хьийзаш-м далар ю, бедана тIе а яьлли, – Рашида турмалан пирг хьовзийра, сурт кхин а гергадало, – вахаш-м ца валлара хьони, куьйрано къора кхокха санна… хьан ханнара, дависарг, хьан ханнара а волуш… (М.Бексултанов. Кехат).

**Пирдовз (-с). Высшая стунинь райских благ.**

Мохь бу ша элира
Шемера некъ бина
мох бу ша элира
Пирдовзан не1 гина
хьаьрчина т1улг хуьлуш
бижа дог лехна ша
нийсонан дуй хуьлуш
биса дош лехна ша (А.Бисултанов. Хьайбахахь язйина байташ).

Хьо каде хьовзалахь Махьшарехь вай вовшахкхеташ,
АллахIах хетачохь сов тIаьхьадисина эхь.
Хьуо кхачахь пирдовсе, цагинчех цигахь къахеташ,
Даггара делхалахь хьо церан цIерашна тIехь? (И.Юсупов. Сан са).

**Пирканчик (пирканчикаш). Продавец (продавцы).**

Туьканан корехь льатта пиркечик, ара а ваьлла, зударшна тIевеара (А.Айдамиров. Дарц).

**Писалкъа.Скупердяйство.**

Писалкъех лелла некъ ца белхош,
Барч бехна баьрчехьа ца те1аш,
Ц1е лехна цу ц1ерга ца г1ерташ,
Тийна б1аьрг текхаца ца кхерстош,

Шех дагар дуьненах ца окхуш,
И толам иэшамца боьдда д1а,
Иэшам а толамца боьдда д1а
Синош 1а цу 1аьрша диссина (Хь.Яхъяев. Синош 1а цу 1аьрша диссина).

**Писдола (й, в, б). Стать скрягой.**

Кулла тIе баьллачу моьлкъанах терра,
Малх гучубаьлча, шу ма-дарра девзи.
Эрна ду шуна бехкбиллар, лер а,
Доьшана суждадеш писдоьлла кIезий (Ш.Цуруев. Кхардам бац... ).

**Пислакх (-аш).** Прост. Скупые.

– Дукха тIехъяьхна хила еза ма ца боху ас, – даьттанех дуьзна шен куьг, кучан юхах а хьокхуш, хабар сихдира зудчо, – сагIа ма ду иза, таро яцахьара-м хIумма а дацара, жIаьлеша даарг, шортта хилча, хIунда кхоош ду. Ас-м цунна бохий, уьш яккхий пислакхаш ю аьлла, ма боху ас, сан кхинна моьттург цунах аьттехьа а хир доций суна дика ма хаьа иза (А.Тапалаева. Невцо еана ч1уг).

**Писулий (писулеш). Прост. Уменшительно-ласкательное название кошки.**

Шен гай дуьзна паргIатдаьлча,
Мерза наб еш дийнахь, бусий,
Наб ца тоьаш тхан писулий,
Пеша уллехь дижна Iа (Н.Пашаев. Писулий).

**Полколг. Прост. Полковник.**

Ураме ва вала салти ца вуьту,
Кулубе ва ваха полколаг ца вуьту,
Йохаяхь йохае х1ара Дадин «кIотар»,
Ца йохаяхь, ваккха со Идалал ва дехьа
(Нохчийн фольклор. «Дадин-Юрт яккхарах илли»).

**«Поф-фехь» (к1ур д1аэха). Звукоподражание движению густого дыма.**

«Поф-фехь» кIур дIа а оьхуьйтуш, охьа ма хии со. Мох йоккха стаг йолчухьа дIахьоькхуш ма бу. КIур чIогIа болуш хиллера цу папиросех, ша паровозах санна (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна).

**Пох1ма. Талант.**

Сан иштта г1аттар а т1емаша ойла ца ечу,
Хенах д1акъаьстинчу сан некъан тамаша беца,
Пох1малле ваьлла со, хьаьркаша дола ца дечу,
Б1аьргаша дов дечу шаьш бацо леринчу деца,
Аз кхолладалале лерса а кхачалучу,
1ожаллех коьртара чо а ца бачалучу
(А.Бисултанов. Ахь лохьа суна цхьа 1уьйре).

Къилбаседа Кавказан цIеяххана бевзаш болчу поэтийн Р. Гамзатовн, Д. Кугультиновн, Ю. Кузнецовн, Ф. Алиеван, Б. Магомедовн, кхечеран а стихаш нохчийн матте йохуш, гочдархочун похIма а билгалдаьлла Шарипан (Р.Дадашев. Поэт а, цуьнан дуьне а). Асет доккха пох1ма долуш хьехархо хилира. Цо ларт1е ялийра ишколан документации (1.Бечуркаев. Даймахках къастар). Вайн литература а, дикка шерашкахь цхьаьна болх беш хиларна поэтан пох1ма а дика девзачу халкъан яздархочо Хатуев 1абдулхьамида хьалхара дош яздинчу гуларх лаьцна дийца атта-м дера дац, х1етте а сайна хетарг ала лии-кх суна (Д.Махмаев. Пет1матан кхоллараллин б1аьсте). Цуьнан кхоллараллин некъах дош ала догIу кху къамелехь, хIунда аьлча, дуккха хан йоццуш зорбанера араяьлла поэтан «Цхьа мерза-гIайгIане мукъам» цIе йолу рогIера поэтически гулар (1.Медигов. Кхиаран новкъахь рог1ера г1улч).

**Пох1малла. Талантливость.**

сан хьалавалар а т1емаша ойла ца ечу
хенах д1акъаьстинчу сан некъан тамаша беца
похьмалле ваьлла со хьаьркаша дола ца дечу
(А.Бисултанов. Хьайбахахь язйина байташ).

Хьан лаьмнаш, аренаш, доллу хьан Iалам,
Чулацам хазбина, исбаьхьа хастош,
Дацахь а похIмалла къагийна ала,
Сан дагна-м хийра дац хьо шена къастор (1-1.Асхабов. Даймахке).

**Пошмакхаш. Башмаки.**

**Поьда (-наш).** - широкий обод, гнутый из древесной коры, для поделки хозяйственной тары. В данном случае - источник, оформленный таким ободом (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Программист(-аш). Программист(-ы).**

**Программистийн. Программистов.**

Вай царна х1ума ала, уьш бицбе ала г1ертац, уьш шайн заманан нах а, къонахий а хилла, амма динберийн зама яхана, кибернетикан, комьютерийн, программистийн, нанатехнологин, «хьакераш» олучийн зама ю арахь (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Пхег1о (-й).Старин. Лучник.**

Г1аьттинарг тешна ву,
Кхетта ву воьжна верг;
Туьшан таж – пхег1ойх ву,
Туьш лазам – туьшна берг (Хь.Яхъяев. Г1аьттинарг тешна ву).

**Пхей. Устар.** Лучники, стрелки (о пхойском народе, живущим в горах Грузии, граничащим с Чечнёй).

Шедала, Хевсурети, Пхейн-Мохк (шедалой, хевсураш, пхей) по традиционным представлениям вайнахов этнографический район, входящий в состав Груз. Респ. Граничит на севере с обществами мелхи и майста Чечни, на востоке с Тушетией, на западе с Хевией, а на юге с Пшавией. Расположен в верховьях реки Аргун и его правого притока Андаки. *Шадала* - вайн. ледников (страна), *шедалой* - ледников (жители), *хевсур* - вайн. От хеви (хен) - дозор и *сур* - войско, дозорные войска, *пхей* - лучники, *пхейнмохк* - вайн. лучников (стрелков) страна (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Пхеръюьхь (пхеряьххьаш)** - наконечник боевой стрелы. Нередко вайн. лучники отравляли наконечники боевых стрел змеиным ядом, особенно когда они готовились отразить агрессию чужеземных захватчиков. Для этой цели в горах, в естественных условиях, содержались «фермы» ядовитых змей, которых «доили» люди, большие специалисты этого ремесла. Такие люди освобождались от практического участия в сражениях. Они были известны в горах как «лаьхьарчий доьттунгар» (т. е. змейдоящие). Например, самый последний специалист из числа змейдоящих был знаменитый Гай, чеченец из тех, кто жил на правом берегу притока р. Аргун, т. е. у реки Андаки, в Хевсуретии. Секреты доения змей передавались по наследству. Были строгие запреты в этом отношении: запрещалось ранить отравленной стрелой внутреннего врага - чеченца или кого-либо из соседнего племени; строжайшим образом запрещалось наносить рану внутреннему врагу с помощью копья, пики, запрещалось колоть кинжалом, и особенно ножом, так как колотая рана трудно заживалась (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Пхойн-Iад (1едаш)** - назв. сложилось из двух компонентов: *пхойн* - от пха - стрела. Ср. *пхой* - хевсуры. *Пха* - стрела, *Iад* - лук, т. е. лук для метания стрел (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Пхьа. 1. Стрела. 2.Месть.**

Лелалахь, царна де доьхначохь ницкъ луш, тилабеллачохь некъ гойтуш. Цу тIехь со чекхволу. Нагахь санна сан къамел хьайна дIахезнехь, и пхьа тIеэцахь, цхьа билгало яхьара ахь... (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Пхьаг1ат (-аш).** Расстояние между вытянутыми руками.

**Пхьамта. Старин. Поселение.**

Пхьамта (Пхамта) «Поселения место» - село на ю.-в. Шатоя (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Пхара. Прост.** 1.Беременная. 2.О детских волосах на теле.

«Пхара чоьн бос Iаржалле берзаза долчу цу ден боьршачу бераца шен йоьIан мах а бина, Дала доIанна жоп делла миска стаг санна, декъал хилла цIавирзира ша оцу дийнахь», – дуьйцу бохура Индарбин Мовлас цул тIаьхьа (М.Бексултанов. Терза).

**Пхьарчо (пхьаьрчоьш). О белесывость волос. Юношеский пушок.**

Ткъа Бисолтин пхийтталг1а шо делахь а, иза х1инца а бер ду. Юьхьа т1е а, мера к1ел а пхьаьрчоьш а довлаза (А.Айдамиров. Дарц). Юха хIинца а, гуттар а санна, цхьаьннан цхьа хаза бIаьргаш, кхокханан кхалкIело, пхьарчо тоьхна кIайн ворта а, кху неIалта юккъехула, кху къеллина, херцаршна, бераллера сурт долуш санна, я гIенах гуш долу гIан (М.Бексултанов. Масане диси).

**Пхьарчхо (-й). Старин. Лучник, стрелок.**

**Пхьарчхошка** - селение на левом берегу ГIурий, на сев. стороне Юрт-Эвл (новое назв. - Ленинаул). Считается древнейшим поселением аккинцев. В основу названия, вероятно, легло «пхьарчхой» - лучники, стрелки, от «пхьа», «пха» - стрела, пуля, лук. Согласно полевым

материалам, Пхьарчхошка и Ширча-Юрта являются древнейшими поселениями чеченцев-аккинцев, откуда в результате роста населения они расселились в последние века в районе рек Сулак (ГIой-хи), Терека и зап. берега Каспийского моря, где на острове Чечень (Нохчийн гIайре) имелся городок Чечана (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Пхьахьо.** В чеченском языке говорят: Со хьан лай а вац, пхьахьо а вац. В смысле я от тебя нераб и подчинённый, а также в смысле, что я тебе не безродный какой…

**Пхьеда.** Солнечные захоронения (в период язычества).

(Ойла елаш дешнийн: пхьоьха, пхьеда, пхьаркан,
Пхьарс, Пхьатуха, пхьаг1ат, пхьола, пхьалг1а, Пхьармат!
Б1ешерашкара дуьйна шен къайленийн дог1а
Т1аьхьенашка кхийдош, церан маь1на дог1у) (З.Сулейманова. Пхьармат).

**Пхьиедие.** Старин. Место, центр села.

**Пхьиедие** (Пхиедие) «Поселение на»–л. б. Шаройн-Орга. Др. часть Сандаха (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»). Х1ара дешнаш суна духхьара Лечин иллешкахь хезна(кхечахь а хила тарло): дарс, анаков, турсло, пхьеда, тушпхь (П.Абубакарова. Леча Абдуллаев. Илланчех дош).

**Пхьоьг1ана.** Старин. Центр поселения (села).

Пхьоьха (Пхоьха) «Центр». В основе лежит «пхьа», имеющее несколько значений: человек, поселение и др. В данном случае: Центральная площадь (из кн.А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Пхьуьйшашдоцург (-ш).** Безрукавка.

Кхано пхьуьйшашдоцучунна чухула юьйхинчу шина халатана а, шина кучана а чухула йолчу цхьана кучан аг1онт1ерачу кисанахь загс йина схьаэцна ахча а долуш ц1а йог1у Даашоовгал шен кет1а кхоччуш цкъа цец а, т1аккха акъ а яьлла, сацаелира (В.-Хь.Амаев. Б1аьстенан цхьана суьйранна).

## П1

**П1елзарг (-аш).** Устар. Защита для пальцев лучника: большого, указательного и среднего, которыми натягивалась тетива боевого лука. Это была особая "персчатка" (обратите вним. на звук «с» в середине слова), кожаными футлярчиками для пальцев, которыми натягивали тугую тетиву боевого лука, - большого, указательного и среднего, от которых шли кожаные тесемочки и перевязывались у запястья. Это была защита для пальцев - *пIелзарг,* где первая часть *пIелг* - палец, вторая - *зарг* - щит. Таким образом, мы насчитали в чеченском языке I3 названий боевого щита. Нет языка, в котором присутствовало бы столько вариантов названий боевого щита! (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**П1илдиг.** Прост. Пренебр. Очень незначительная часть чего-л.

Шалго тапчанаш хуьлура хьалха, тIехь-кIел эчигаш а йолуш, цхьа зIок а йолуш. Цу зIакар тIера цхьа пIилдиг хьала ца саттийнехь, ший а йолура, цкъа йожийча. И тапча а яьхьнера Илеса цIера, дех лачкъийна (М-С.Гадаев. Вер-витар).

## Р

**Рабби.** Арабск. Хозяин.

Шуна юкъахь волчу Iесачу стага ойла йира: “ХIинца хьала а гIаьттина, со дIавахча, хIокху халкъана гучуволу-кх ша. ХIай Везан Дела, гечде Ахь суна. Со дохковаьлла-кх, хIинццалц сайгара дийлинчу массо вочу хIуманна”, - аьлла, цо иман диллира. Ас цунна гечдира. Цул тIаьхьа шуна догIа деара. Юха а хьаьттина Мусас: - Я Рабби, хIай Везан Дела! Вийцахьа суна иза, - аьлла (Н.Пашаев. Г1иллакхо веш ву-кха яхь йолу дика к1ант).

**Рабит.-** означающая очищение сердца мюрида от всех мирских помыслов и мысленное сосредоточение на мюршиде, то есть учителе.

**Раж1ий (-ш).** Религ. Разведённый, причём может в течении трёх месяцев соединиться с бывшей женой.

Зуда йитар а, ялор а кхо ц1е йолуш ду. Зуда цхьа ц1е я шиъ тесна йитича, юхакхачон йиш йолуш ю, раж1ий хуьлу иза. Кхо бутт кхачале, кхечанхьа маре яха марша ялале ц1а йола аьлчахьана ваьлла ц1ийнда. Цхьа а моллин кехат ца оьшу цигахь (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш).

**Рака1ат.** Религ. Ракаат – часть молитвы.

Ши ракаIат долу Iуьйра ламаз хьан масийтта ракаIат хуьлу, аттахьиг деша виц а луш хьо, юх-юха а ламаз а доьхкуш (М.Бексултанов. Д1аваххалц, хилла а воцуш). До1а динчул т1аьхьа,

сехьа чу а волий, зиярта хьурматна ши рака1ат суннат ламаз до (С.Хусаинов. Зиярте воьдучунна хаа деза).

**Рамза.** Старин. Эмблема.

Ткъа эмблемах нохчаша рамза олуш хилла. 1аьрбийн маттера рамзун бохучу дашах хилла ду (1.Юсупов. Нохчийн мотт къен бац).

**Рахь.** Прост. Ложь.

**Рахьман.** Из арабск. Религ. Милостивый.

Хилла ву. Волуш ву.
Даима хир ву.
Сийлахьниг жил-1алам
Ша кхоьллинарг ву.
Заманца 1аламаташ
Ша кхоьллина волчу
Рахьманна хастамбе,
Ша цхьа-цхьаъ волчу (А.Дибиров. Ва1занаш).

**Рэкетир (-аш).** Рэкетир (-ы).

– Муьлш бу, кlант, и *рэкетираш* бохуш кху наха бийца баьхнарш? – хаьттира цу сарахь хьалхо цlакхаьчначу Ибрахlиме Дауда, ламаз эца тас улло а хилош.

– Хlунда хоьттура ахь, дад? – цецвелира Ибрахlим, и дош цунна довзарна а тамаша хетта.

– Царна алссам кара хlума кхочу бохуш буьйцуш бар-кха уьш хьастаха тхан гаражехь.

– Рэкетираш ахча долчу нахера и нах кхера а бой, ахча дlадоккхуш берш бу-кха (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Риба.** Религ. Ростовшичество.

**Рибахо (-й).** Берущий и дающий греховно под проценты (деньги и другие ценности).

Къена паччахь дlакхелхина тезет дlа а дерзале, керла хlоьттинчу паччахьо гуттар шен дагахь хилла лаамаш кхочушбеш, инзаре хийцамаш болийра. Уггар хьалха рибаъхой махкаха бехира, цара нах дакъазадоху, гулбина харц-бахам цаьргара дlа а боккхуш (А.Абдулкадыров. Паччахь).

**Рузбан-ламаз.** Пятничная коллективная молитва в мечети.

Рузбан-ламаз «салатул камилийна» аьлла. Камил нехан ду и ламаз аьлла, зударий цу юкъахь хьахийна бац. Дала кхолларехь зударий а, божарий а башх-башха кхолларна зударшна т1ехь дац рузбане бахар, амма, болхахь ял хир ю царна. Шайна къаьстина чубаха не1 а йолуш, божаршна гуш боцуш, юкъахь тесна кирхьа а долуш меттиг хилча баха мегар ду, шайн ламаз дан а, къаьсттина хьехамашка ладог1а а (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш).

**Рузма** (ю-ю). – Календарь.

Хьо йина де хилча сан рузма йолош,
Сан шерийн хьаьж тlера сек хилча иза,
Ма гlуо, сан ирзера хьайн месийн йол хьош,
Рузманан кхелашка даьккхича,
Орам хьан бехке хиллера.
Зурмано къамкъаргаш якхйича,
Амалш а хьан цхьалхаевр ю (А.Ахматукаев. Аганан мукъамийн эшарехь...).

Докъар а ца хилча и доцург кхин сан (1.Юсупов. Карзахе безам).

Арахь-м – сахуьлу герга,
ГlайгIанан чекхъели буьйса.
Рузманан дlакерчи агlо,
Диснадерг даццдели ханна (Х.Зуцаева. Арахь-м – сахуьлу герга).

**Рукн (рукна).** Из арабск. Религ. Основа, столб в исламе.

Де-дийне, шо-шаре, йоьду хан,
Диг детташ, ца кхиош охьаетта,
Рузманаш эт1адан адмаша –
Нана-хьаннаш…
Дош-даше, ц1ий-ц1ийне йоьду хан,
Маьждигех рузбанан мохь бетташ:
«Хьукмадарш совцадо руку1ша –
Кхера адамаш!» (Х.Идрисов. Адаман хан).

Iаьрбийн маттахь арканаш бохучу дешан цхьаллин терахь – рукн ду, дукхаллин терахь – арка́н ду. Цундела, вайн маттехь иза лелош хилча, «арка́н» аьлла Iаьрбийн маттара дукхаллин терахьца лелийча нийса ца догIу дела, «арка́наш» аьлла догIур ду жайни юкъахь. Цуьнан цхьаллин терахь Iаьрбийн маттахь ма-дарра «рукн» аьлла догIур ду. Лакхахь ма-гарра, «рукн»

бохучу дешан маьIна «бух», «бIогIам» бохург ду. Уьш 5 бу: 1. Хьалхара рукн – тешалла дар, АллахI воцург кхин Дела а вац, Мухьаммад Цуьнан элча а ву аьлла. 2. ШолгIа рукн – Ламаз дар. 3. КхоалгIа рукн: Закат далар. 4. ДоьалгIа рукн – Мархин бутт кхабар. 5. ПхоьалгIа рукн – Хьаьжин цIа вахар. Динан арканашха цхьа рукна ю закат далар. Божаршна т1ехь ду, зударшна т1ехь дац аьлла диллина дац иза. Дохна т1ера диллина ду и закат, даьхни х1оккхул хилча, х1оккхул зама яьлча, х1оккхул дала деза, аьлла. Стага а, зудчо а, башхо йоцуш, дала дезаш ду закат (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш).

## С

**«Са-ассехьа».** Звукоподражание дыханию со свистом.

Вайн нус а ю-кха, нана маяларг, «са-ассехьа» мер1уьргаш а сийсош, «г1аг1-г1ич1ехьа» цергаш а хьекхош льатташ (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Са-аьрха.** Прост. Взволнованный, разбалансированный.

Нохчийчоь. Митингийн майда.
Легашка гIерта потенци.
Халкъана, махкана пайда
Лоьхуш бу са-аьрха кIентий (А.Ахматукаев. Нохчийчоь).

**Сагалмат (-аш).** Насекомое.

«– малх а, бутт а цхьана аг1ор кхеташ хилла-кх, – элира цо, нана д1аяхча, – хьалха хаа а ца хаьара…», – куьйган п1елгаш меттаххьайра, некъ лоьху сагалматаш санна, хьуна уьш цхьа дийна хийтира, тхьевсинчуьра самаюьйлу ненан-куьйган к1орнеш санна (М.Бексултанов. Мичахь, муха дицелла хьуна... ). Стогарш летта трамвай гуора, некъ лоьху сагалмат санна, аьчкан мекхашца букъат1ехула, бетан юьххьехь богу ши б1аьрг а (М.Бексултанов. Цхьалха ду-кх тхо, цхьалха... ). Б1аьсте шен бакъо ерг к1ел ца дуьтуш йоьдура, вуьшта аьлча сийналло буьзна бай кхиош, стоьмашна г1а а , заза а дат1он маршо луш, сагалматаш шайн готтачу, бонанечу х1усамашкара арарчу ц1еначу х1аваэ дохуш, иштта адамаш а, мох а чухьийза аьтто болчу, не1арш, кораш доцучу тховк1елошка дохуш (В.-Хь.Амаев. Б1аьстенан цхьана суьйранна). ДуьнентIе ша мел яьккхина садолу хIума, ткъа уьш-м ягарйина цаваллал дукха маяй: акхарой, дийнаташ. сагалматаш - зингата биста кхаччалца шен-шен хьекъал, шен-шен дахар, шен-шен хьашт долуш кхоьллина Дала (Р.Эльмурзаева. Беркате доьзал).

**Сагомха.** Неглубокая душа.

**Саготтевала (й, д, б).** Степень переживаний, отчаяния, состояние беспокойствуа.

Куьйга вон сацон карахь г1ирс ца хиларе терра, махкахь, вайна массарна дагадог1у, х1уманаш долийча, саготтеваьлла, церан хинйолчу т1аьхьенах кхеравелла, 1елелай, сих ма лахьара, сонта ма довлахьара баьхна ас, ма дарра аьлча, кху г1али юкъа танкаш хьийза яйтур ю аш бехира (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Саготте (-наш).** Грусть.

– Д1адерзийта деза, – ойла йира Хьасана. – Тоьор ду. Дика са к1амди аса цуьнан. Х1инца хуур ду цунна къонахий хилар шена дуьхьалбовла. Тоам бийр бу аса, караводахь лазор ву цара со. Иштта вита веза иза саготтехь (Б.Магомадова. Хьасанан «бекхам»).

**Садаар.** Надоедать.

Б1аьргашца са к1амдар дац хьуна хьастар,
Амалшца садаар дац хьуна хьастар,
Делахь а бу хьуна илланчин хастам,
Ца хилча ца далахь хилийта къастар...

(А.Бисултанов. Шовданна 1индаг1 дан ножан дитт оьшу).

**Садага.** С неторопливою нерасторопностью.

**Садахьа.** Растерятся, н способный осмыслить явления.

ХIетахь и ла а цаделла, цомгуш хилла ву-кх тхан да а. Цхьа садаьхьна ву-кха иза. Коьртаца а дикка галваьлла (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Садекъадала.** Раздвоение души, противоречивость.

– Ва-хьа-хьа-хьа, – юха а велахIоьттира ОвхIан, – Эмин, Турко, «кхоъ» диллий, дIавахийта вай хIара. Хьовсур вай хIокхо важа экзаменаш дIа муха ло. Бакъдерг аьлча, сан-м дикка садекъадели хIокхуьнга ладоьгIуш (Хь.Бурчаев. Абитуриент Йага).

**Садогуш.** Горение души.

Цкъа мукъна дийлалой вай?!.Накъосте бала балхош хилла цхьаъ:

– Хьажахьа, ва Хьенех, оцу сан зудчунна х1ара ах г1алара зударий со везаш бу моьтту-кх…

Кхуо дуьйцунчуна кхин садогуш воцчу доттаг1чо жоп делла:

– Хьуна луург ду-кх цунна моьттург… (П.Петирова. Забарен дийцар).

**Садукъам (-аш).** Перекрытие дыхания.

**Садукъаме.** Волнительно, чувство переполняющнее.

ГIайгIа ю церан садукъаме,
Къобалъеш хораман къурдаша...
ГIаргIулийн назманийн мукъаме
Йоху и цIерпоштан чкъургаша (А.Ахматукаев. Ц1ерпоштан некъ).

Юьрта т1е йог1у б1аьсте 1адош, хезинчун садукъош и уг1ам нийсса стигала хьалабахара (С.Яшуркаев. Напсат).

**Садуьйлуш (й, д, б).** Прост. Приумножающий.

Цундела ду вайн къам
иллешкахь дуьйцуш
Тахане схьадеъьнарг, ца деш сий лах,
Иманехь, исламехь даим садуьйлуш (1.Кусаев. Сонетийн кочар. Шийтталг1а).

**Саж (-аш).** Устар. Мисюрка, боевой шлем округлой формы в виде фески со спускающейся на шею, уши и лицо кольчатой сеткой (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Сайкх (-аш).** Прост.-разг. Понт, бравада.

**Сайрат**. Планета, светило, небесное тело.

Сийначу геналлин шортехь,
Сиегачу беттасин дорцехь,
Буьйсанан боларца г1ийла,
Чот йоцу сайраташ хьийза (Р.Кадиев. Хьан б1аьргийн серлонехь).

Сатасарх цхьанхьарчу цIийне.
Сайрат тIехь доьгIна а догIа.
Шийла го селардийн гIайре (Х.Зуцаева. ЦIинбелла бутт кхетарх стиглахь).

Сайратех сайрат – хьо
Бала бу сирратах.
Нохчийн мотт, гIаттахьа,
ХIар дуьне латтахь-ма,
Бера бац кхин Iиллина –
Ас хьашлагIа йиллина! (Л.Абдулаев. Нохчийн мотт).

Уьш вовшех тера яцара, ша-ша цхьацца сайрат яра; цара уьш шаьш кхоьллинера, цу авторша, долушдерг а ца яздеш – гонахара, хаалушдерг, – шайна цхьаццана хьиэг1арг бен, шайн сица дерг, шайн са; цундела церан дика хиллера, цара уьш шаьш кхоьллина дела, дахаро иштtанехьа диканна схьаделларг а доцуш (М.Бексултанов. Дагалецамаш цалезначу... ). Шайн-шайн сайрат ца кхоьллина я ца кхоллаелла ала гIерта со цаьрга (уьш бен-бен хетахь а) я вукхарел дехьа ца бовлабелла, шайл тIаьхьа тIебогIучарна, вукхара санна, кхин бух а буьтуш: уьш цаьрца дIаийна, шайл хьалха хиллачаьрца (шайн-шайн цхьацца хIума а долуш) я берриш а цхьаъ бу, цхьа тIегIа, цхьана ораман генаш санна (М.Бексултанов. Матто кхуллу Даймохк). Руслан. Жоп ло! Вайн лаьтта т1ехь «х1умма а!» Латта бехдина аьшпаша, т1емаша, писалло. Суна сайн дахар д1адахьа лаьа космосан паналлехь. Цхьана сайрат т1ера вукху сайрат т1е воьдуш, Экзюперис санна, стихаш а язъеш (1.Мусаев. Бекхам).

**Са-кхетам.** Сознание.

Тахана хала ду бусалба дин лело ма-деззара лело. Бакъ ду иза. Дуккха а хIумнаш ду тахана вайн са-кхетам нийсачу новкъах тилош (А.Тумчаев. Стенна т1ера долало г1иллакх?).

**Сакъийла.** Сдерживать.

Мел дукха шерашкахь дуьйна, сакъуьйлуш, садетташ, хьекхийна хила еза цхьа ког коша бахханчу хенахь йоккхачу стага вайна тесна церташ, аьлча а, цер! (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**Сак1амдар.** Хотеть, желать что-л.

Иза цхьа синкъерам санна – цхьа хазабеза мерза кхаъ санна, юха и кхаъ а, синкъерам а цабовзарх хуьлуш болу кхерам а санна х1ума дара, я кхечу мехкан йоккхачу г1ала буьйсана хьо кеманца кхаьчча, д1ога бухахь, х1орд санна гуш цу г1алин стогарш а долуш, т1ера охьа чу хьоьжучу хьох хьерча йолало шеко санна, кху г1алахь хьоьга хьоьжуш цхьа а ву-вац цахаарх йолу г1айг1а санна х1ума дара и сак1амдар, х1ара ду-кх аьлла, яздан схьадагадеъна х1ума а доцуш, яздаран сахьийзам хьан ойланашца хьерча боьлча (М.Бексултанов. Дагалецамаш ца лезначу... ).

**Сак1езга.** Разг. Малодушные, нестойкие люди.

ТIемаш болчу шерашкахь а, уьш буьйлабалале а дуккха а наха: даррехь вай цадезачара а, шаьш даржашкара биссорна кхоьручу са-кIезгачу хьаькамаша а, политически питанчаша а –

массо а маьIIехь маьхьарий диттира, вайна тIе нехаш хьоькхуш, гал мел даьлла хIума «нохчийн лорах» туьдуш (А.Ахматукаев. Нохчийн лар а, яздархо а).

**Сак1езгалла.** См.: **синк1езгалла.**

ХIара дов дац, я тIом а бац. СакIезгалла ю хIара, дегабааме сакIезгалла, шен куьйга дуьне лаха гуьнахь доцчу кит пхьора а, ойла боьха а йолчу нехан. Кар-кара а луш, шаьш тахана хIара дуьне ловзадо моттарх, кхуьнан хьалхе яц цаьргахь (Хь.Яхъяев. Марзо).

**Сал (-аш).** 1.В словаре А.Мациева иное толкование: куча, ворох. 2.Заготовленный для переправы водным путем лес, бревна.

Сомалкхийн сал санна,
КIайн баьрзнаш даьхна,
Лил-басе стигланца
Мархо некъ бо (М-С.Гадаев. Даймехкан суьрташ).

**Сал текхийна боьра** (Сал текхийна боьра) «Сал волокли (где) балка». Урочище на правом берегу реки Сунжа, где волоком доставляли строительный лес и дрова для отправки вплавь по Сунже и Тереку в Кизляр. *Сал* - заготовленный для переправы водным путем лес, бревна (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Салават (-аш).** Религ. Четверостишие о пророке Мухаммеде (а.а.с.).

Салават, маршалла Элчанна дара.
Элчанан хьадисаш, асхьабийн накълубанаш,
Вайн маттахь дуьйцур вайн заманан хабараш
(Нохчийн фольклор. Назма «Дог доьлхуш болчарна»).

Т1аккха салават дилла х1оьттира бах, Сулима и молла маьждиган момсарера (Нохчийн фольклор. Чечанарчу Мадин Жаьммирзин илли). Т1аккха салаватдилла х1оьттира бах, Сулима и молла маьждиган момсарера (Нохчийн фольклор. Чечанарчу Мадин Жаьммирзин илли). Воьдучо, салаватехь деха дезара, беркат доцург дуьхьал ца кхетийтар! (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Не1аран сенах ши куьг а г1ортош, хьалах1оьттинчу Гирихас схьа чу салават диллира. чоь юьззина чохь 1аш болчу нахах а къаьстина, Юнис чуьра ара а салават диллира (Хь.Яхъяев. Дакъа). «Ла илахIа иллаллахI, Мохьаммадан РасулуллахI» – аьлла дара Нанас доггаха, хьалхалера гIора-ницкъ схьабеача санна, къаьсташ диллина салават (З.Эльдерханова. Вайн наной, йижарий... ).

**Салаьтта (-н, -чу).** Вожделение, мечтание.

Безамо хазалла ца лоьху – «хазалла – сарралц, дикалла – валлалц» бохуш ду дан-м, делахь а, Хедижатан салаьттачу наха хьеран тIулг санна аьгна йолу кхуьнан юьхь ца лоьхий техьа аьлла, шеко-м яра (С-С.Бадуев. Бешто).

**Салкхе.** Прохладный (о комнатной температуре).

**Самарт (-аш).** Полевой цветок.

1аьржачу лаьтта т1е охьа1аьнна
Бос ц1ена самарташ санна,
Стигла седарчийн дой 1аьнна,
Дуьненна марздеш шен исбаьхьа сурт
(Л.Китаева. Малхо, чубузуш шен з1аьнаршца).

**Самаэккха.** Вдруг проснуться.

**Самаэккхаш.** Вдруг просыпаясь.

Корех чу серлонан бIарлагIа хаалуш яцара Махьмуд самаэккхаш (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Самаьрша.** Свободная душа.

цу Делан 1аьршашна тхол гергахь кхоьллина
цу Делан лаамна тхол гергахь даьхна
ирс долуш дара-кха хьо самаьрша кхоьллинарг (А.Бисултанов. Олхазаре).

Цкъа мацца а дуьхь-дуьхьал кхета дезаш дара и шиъ: самаьрша, нийсо лело гIерта адам а, маршо йоьхкуш, харцонца ницкъаш бен Iедал а (М.Ахмадов. Массо х1ума а ду хьесапехь).

**Сандаркхаш (сандаркхаш йийца).** Понты.

**Сандаха.** Старин. Отборный, -ые.

По долине Шаройн Орга имелись следующие укрепления и военные поселения: Парсма (Щит), Сандаха (Отборные), Кебасара бIав (Ворот склона башня), Кебаса (Воротсклон) КIесала (Резервные (тыловые) войска, гарнизон), Чур тогIие (Внутренняя долина с замковым укреплением Шикъара, Шора - с мощным замковым укреплением по-над л. б. Шаро-Аргуна, Саьрбала (гордые) и Лаьшкара (группа войск, резервный гарнизон) и немного ниже по течению Шаро-Аргуна - Букказие (богаз - ворота) и дальше - ЗазаргIание, Улус-Керт, где проживали воинственные вашандаройцы (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Сансара.** В каждый вечер.

Сатуьйсу тIеяре комаьрша и бIаьсте,
Декхаре ца вуьгу комаьрша и бIаьсте.
Зазаца, зезагца вайн дуьне хазделча,
Сансаро вуьгур ву – къоналлин хийисте
(Л.Ибрагимов. Сатуьйсу тIеяре комаьрша и бIаьсте).

**Саозар (саийзарш).** Агония.

Некъ бовза, дош ала
Масане дуьнен т1е волу?
Масаннан кийрара
Саозар т1аьххьара олу? (С.Дакаев. И дуьзна даьлча... )

**Саоьзда.** Благородная душа (о человеке).

ДогIу и,
саоьзда шовда,
Марзонан кеп хилла, ловзуш.
Башха ду Чахчаран амат.
Цо ешна историн абат.
Яхь яйна ша хьийззал,
Атта
кIелдиссал
са доцуш дац и (Ю.Яралиев. Чахчар-шовда).

Къаьмнашлахь яккха цIе
ма яц хьан нисса,
Саоьзда мехкарий
ца хилча хьайн (Ю.Яралиев. Мох хьоькху).

**Сара.** Сокращённо от «сарахь» - вечером.

– Дика ду... хIинца хьайн наха хьо соьга ца йоуьйтий хууш ю-кх хьо... Цул совнаха, ахь суна масийттазза, соьга йогIур ю, аьлла, дош ду-кх делла. Тховса я кхана сара соьга ян хан юьллий ахь? (С-С.Бадуев. Бешто).

**Сарахьуо.** Под вечером.

Сарахьуо дара иза, маьркIажан бода къовлалуш (М.Бексултанов. Дахаран хин генара бердаш). Йо1 йолчу сарахьуо кхечира кху дийнахь Мовлди.5 –г1отан ц1еношна аьрру аг1ор яьлла цхьа хаза диттийн беш яра, аьхкенан тов лахъеллера, хьозийн ц1ирр хезара бешахь (П.Абубакарова. Има).

**Сарле (сарале).** До вечера.

Кхана сарле духадерза кхуьур дара х1арашиъ (З.Яндарбиев. Шешенаш). Дийнахь сарале масех керт-беш билгал а йой, буьйсанан бода къовлалушшехь, шишша-кхоккха цхьаьна а векъалой, майканийн кучамийн четаш дуззий яхьий, хилларш-хилазнаш ца лоьруш, т1уьхкаш охьа а юхкий(бен а дацара – туьркаш а, 1ежаш а, кхораш а, церг леташ хилчахьана), царна це етташ, керта волуш шай-шай динарг, гинарг дуьйцуш а 1ай, геш а дестий боьрзура чу (З.Яндарбиев. Церг тоьхна т1уьхк).

**Сар-сарахь.** В каждый вечер.

Карла а дуьйлура
Хьежар суо корах,
Хьан сурт а, сар-сарахь
Шовдане дуьйлу (М-С.Гадаев. Й-те).

**Сатасам (сатасамаш).** Желание, надежда, мечта.

Эша а оьшу вайна жайна, ойла - ойлан т1е, сатасам – сатасамна т1е буьллуш, вайн кханенан б1аьвнан бух хилийта, хьаналчу терзан т1ехь оьзна, охьадилла деза и ваьшна хьалхха, дагахь хууш х1оранна, новкъа волуш шеца долуш, гуттар а диллина, гуттар а доьшуш, гуттар а дагахь (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Сатохам.** Прост. Удержать (терпение) своё чувство.

**Сатохаме.**Терпимо.

ТIехьаьжча, цкъа а моьттур дацара иза чIогIа цомгаш ву, – синтеме, собаре, сатохаме стаг вара Мохьмад (1.Кусаев. Мохьмад Мамакаев – сан хьехархо).

**Сатуьйсийла (-ш).** Прост. Надежда (-ы).

Тхуна хаара вовшашка тхан сатуьйсийла доцийла а. Дала тайп-тайпана беллачу кхолламийн некъашкахь тхаьш дуй а (Э.Минкаилов. Т1аьхьадисина кехат).

**Сахьийзам (-аш).** Прост. Тоска.

Иза цхьа синкъерам санна – цхьа хазабеза мерза кхаъ санна, юха и кхаъ а, синкъерам а цабовзарх хуьлуш болу кхерам а санна х1ума дара, я кхечу мехкан йоккхачу г1ала буьйсана хьо кеманца кхаьчча, д1ога бухахь, х1орд санна гуш цу г1алин стогарш а долуш, т1ера охьа чу хьоьжучу хьох хьерча йолало шеко санна, кху г1алахь хьоьга хьоьжуш цхьа а ву-вац цахаарх йолу г1айг1а санна х1ума дара и сак1амдар, х1ара ду-кх аьлла, яздан схьадагадеъна х1ума а доцуш, яздаран сахьийзам хьан ойланашца хьерча боьлча (М.Бексултанов. Дагалецамаш ца лезначу... ).

**Сахьукъа.** Прост. Перекрыть дыхания.

Г1о де царна!
Цхьаммо – цхьанна,
вукхуьнан – вукхо,
вовшийн сахьукъо!
Цхьана дине маьттаза дийцийта важа,
ткъа вукхуьнга и ц1армат даккхийта хьажа (С.Яшуркаев. Иблисан гулам).

**Сац1ена.** 1.Чистосердечный. 2.Без смеси, породистая (о животных), чистых кровей.

…хIара дуьне ма дицло-кх, синкъерамаш а жималлин, дерриг а хьуна циггара гуш, юьхь хиллачуьра, цигга юхаккхийдаш, мел лелларг – ца хилча санна (хIума довзале я кхиале), бераллехь гина сурт бен, сацIена, сирла, са Iехадала… (М.Бексултанов. Иза бен зовкх ца хиллийла... ).

**Саьккал (-ш).** 1.Дом, обиталище, жильё. 2.Лачуга, хижина, землянка.

Бекмарзин саьккал къаьсташ яра кхечарех. Хьал долуш хиларе терра, цуьнан таро яра чохь Iаш волу хIусамаш лекха а, яккхий а ян (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). Маржа яI, дагатесира цунна, ма дуьне дац-кх оха дуург! Дийна долуш а, каш санна йолчу саьккалшкахь деха, делча а, цуьнан боданера девр дац (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). Заидат саьккалан жимачу корех арахьоьжура: «Ма кхетамчу воı1уш а лавтта хIара, аса хьехамаш бинчул тIаьхьа. Дала диканца ерза йойла-кха шуьшиннан уьйр!» (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Сашорте (-наш).** Широта души.

Ез декар дагна дазделла,
Ла ца луш мерз ц1ийзар чекх,
Юхаъ со сашорте сихвелла,
Юха а хьалха бу некъ (Р.Супаев. Жаззашший, чайн чимашший).

**Саьрбала.** Старин. Гордые (о свойстве характера человека).

По долине Шаройн Орга имелись следующие укрепления и военные поселения: **Парсма (Щит)*, Сандаха (Отборные), Кебасара бIав (Ворот склона башня), Кебаса** (Воротсклон) КIесала (Резервные (тыловые) войска, гарнизон), Чур тогIие (Внутренняя долина с замковым укреплением Шикъара, Шора - с мощным замковым укреплением по-над л. б. Шаро-Аргуна, Саьрбала (гордые) и Лаьшкара (группа войск, резервный гарнизон) и немного ниже по течению Шаро-Аргуна - Букказие (богаз - ворота) и дальше - ЗазаргIание, Улус-Керт, где проживали воинственные вашандаройцы (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»). **Бесинан хьаркуние** (Бесинан харкуние) - склон на в. стор. Хуланда. *Хьорканаш* - колесница (вайн.) (из кн. А. Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Саьхьарло (-наш).** Из арабск. яз. Чудотворство, колдовство, хитроумие. По-нашему мнению, неправильное толкование этого слова в словаре А.Мациева (1961:367): скупость, жадность, алчность, корыстолюбие.

Сагатдар садолий хьагло
Саьхьарло лело ницкъ 1амо, -
Хьан некъаш сайн керта хьовсо,
Синхаам синтеме бало (Р.Эзаев. Хезарг а хьостуш ца хилча).

**Свето-музыка.** Свето-музыка.

«ХIай, беттан серло, беттан серло», –
Ширъелла романс дагалоьцу.
Берриге хьох дIауьду, херло.
Массара свето-музыка лоьху (Ш.Цуруев. Беттан серло).

**Себаргатадж (-аш).**– Трилистник.

(из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Седа-жайна.** Религ. Астрология.

Шун Седа-жайна,
Алийша хуург
Сан кхолламах шайна,
Алийша, йозанаш кегадай шайн,

Мичахь т1е оьцур ю

1ожалла сайн (С.Яшуркаев. ВорххIе ден ворххIе да ваьхначу цIахь).

ХIоразза а ша берах моссаза хили, цо Деле доьхура кIант лолахь шена, бохуш. ХIума хууш болчу баккхийчу зударшна тIеоьхура, седажайна хьоьжуьйтура (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). Седажайна хьожу шайх. Сулба лекхачу кресло чохь хиъна Iа. И волу чоь тамашийна кечйина ю. Тхов тIехь – фольгах дина седарчий, доккха беттаса. Цунна тIехь – башха духар: еха баьццара оба (С-Хь.Нунуев. Лулахой – 2).

**Секха.** Тетива луки.

лаьхьанан когийн лар д1аевлла хенаш

зингатан б1аьрга го хьан куьйгийн кенаш

со вуьсу секха дог г1евланга дуьллий

хаддаза тергалдан хьох долу г1енаш (А.Бисултанов. Цаевзарг).

**Сел (сила-а).** Столь много...

Сила-а долчу халкъана новкъа деанера цуьнан ден валар. Наха иштта дакъалацаро мелла а байбира кIентан даг тIе бижна халахетаран мохь (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). Суна хаьа – хаза-ирча бен йоцуш, – зудчуьнгахь (хIорангахь а) цхьа ша тайпа хазалла юйла, цуьнгахь бен хила йиш йоцу къинхетамца йолу хазалла, цкъа леррина, тидамца, кIирвелла хьо цуьнан бIаьра хьаьжча, хьуна гуш йолу башха хазалла, амма – маржа! – къонахий бац-кх, къонахий, зудчуьнгахь зуда самаяккха, иза кхио, йовза гIорта, ша къонаха вуйла а хиъна, зудчух шена тIемаш дан, шен синан бIарлагIа тIемаш, лекха Iарше ойланийн, ойла тхьийсо анайист а, цунна, цхьанна, цхьана йоIана – сила долу хIара дуьне – шен кIажин пхонах летта чамхалг ду а моттуьйтуш (М.Бексултанов. КIайн тIемаш набаран). Сила-а долчу адамашна юккъехь сел декъаза со хилла-кх! Да вала хьан, дуьне... (Дауд Байсултанов. Боданехь).

**Селардо (-ой). Из урарт.мифоллогии.** Галактика (-ки).

Сатасарх цхьанхьарчу цIийне.

Сайрат тIехь доьгIна а догIа.

Шийла го селардийн гIайре (Х.Зуцаева. ЦIинбелла бутт кхетарх стиглахь).

**Селг (сиел: -аш).** Устар. Древненахск. Служитель-язычник богу Сиелу.

**Васхала** - в церквях и храмах имелись особо почитаемые места с подобным названием. Т. е. это были алтари, которые строились обычно посередине помещения. Жертвенную пищу и напитки, прежде чем их употреблять, ставили на этот алтарь. Молящиеся становились вокруг этого алтаря (чеч. *васхала).* Жертвенное животное, прежде чем предать его закланию, также окружали молящиеся вместе с жрецом, которого чеченцы называли по-разному, в зависимости от того, каким богам и божествам они в данный момент молятся: *долг, цIой, сиелг* (или *сиел), мозгIар, тиекъархо, леткъарг* (или *леткъаш верг), цIовг* и др. Вот этот церковный алтарь и заменял в доме-башне горцу-чеченцу серединный каменный или деревянный столб. Он находился в центре помещения, на том самом месте, где долгое время в священном очаге горел огонь, который обогревал семью, на котором готовили пищу, где висела с самого потолка до самого пола священная цепь, которой чеченцы клялись (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Селхане (селханеш).** Разг. Вчерашнее. Здесь имеется в виду прошлое.

Х1ун биен ду хан муьлха хилча,

Хьан тергон марзо ца хилча.

Буьйсанехь мохо садоь1у,

Дерриге селхане доьду (Р.Кадиев. Хьан б1аьргийн серлонехь).

Селхане д1аяхна, яц и кхин йог1ур,

Дерриге диканиг шеца д1ахьуш.

Ирсечу кханенга дац кхин сатийсар,

Хиллачух кхета со, т1аьхье ю гуш (Х.Дибиров. Сан деган амалех кхета ца лиъна).

Диъ шо хьалха махках даькккхинчу къомаца махках а баьхна, тохара цкъа 1едалан белхашкахь лелла бу аьлла, оцу 1едалан дайша юха ц1аберзийначу нехан йоккхачу тобанах ву х1ара виъ, г1алатех кхиъна, шайн харцо нисъян яьлла а доцуш, ткъа цу харцонна г1ортор ян лерина, селхе а, кхане а йоцчу шайгахь тахане мел лаьтта пхьалг1ан левсих и сийсо, и харцо (Хь.Яхъяев. Лар).

**Сеналла (-аш).** Зелень.

Малхо кхелина, сеналло хьекъийна лаьттара берриге а ламанан мохк. Тимарсолтин а, цуьнан воккхаха волчу кIентан а уьстаг1ий ломахь дара (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Сено.** Разг. Зелень.

Цхьа ларамаза, дагахь а ца хиллачохь, миччахула бIаьста схьакъеда сено санна, ларамаза даг чу йогIаелла, хаттанза цунах цIе яьлла, и дIаяйъа хьийзарх гIуллакх ца хилла, дагца, ойланца

жимвина, хийцина дӀахӀоттийна бехкениг со гергара яра цуьнан деган, цо даима иштта дийцарехь (М.Анасова. Шина деган лазам а, марзо а).

**Серлонча (-ш).** Просветитель.

Хьанна ца вевза дуьненахь а ц1еяххана вевзаш волу Иорданехь вехаш волу нохчо, динан г1уллакхдархо, серлонча, юкъараллин г1уллакххо Абдул Бакъи Джамо? «Нохчийчоьнан дог» - Европехь шел доккха а, куьцехь а дерг доцуш, Соьлжа-Г1алахь д1ах1оттина маьждиг схьадоьллучу дезачу дийнахь, дуьненаюкъарчу бусалба нехан цхьааллехьа г1уллакхаш даран конференцехь дакъа а лоцуш Даймехка ша кеманара воьссинчу миноташка аьлла долу хьалхара дешнаш д1аяздан аьтто хилира «Грозный-информ» агентствон корреспондентийн Ибаева Маликин а, Магомадов Висханан а («Нана» журналан редакци. Абдул Бакъи Джамо: Дела реза волуш д1адоладелла шу х1инца...). Оцу хенахь Нохчийчохь школаш башха дукха а ца хилла. Лаха-Неврехь халкъан хьехархочо, серлончас Хакишев Солтас схьайиллинера школа, оьрсийн а, нохчийн а меттанашкахь дешар долуш (1.Арсанукаев. Авторханов Абдурахман).

**Сеттабика.** Прост-разг. О женщине жеманная, кокетливая.

**Сийдацаралла.** Бесчестие.

– Хlе-хl, –цаяшарца эккхийтира хlусамнанас, –соьга дийцира наха и эшарш муха лоькхуш хилла-м.

– Муха?

– Вайн Мирза хlудариг ву –бохуш лоькхуш хилла-кха.

–Дела къурlанор, ца хилла! –марсавелира ши мекх дерг.

– Ахь хьайн сийдацаралла долийна ду-кха иза! (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Силсил.** Здесь имеется в виду менталитет (неологизм).

Амма иза ца 1адийра хьалха х1оьттинчу къизачу 1ино. Цо мелхо а шен байташкахь мохь туххуш дуьйцура шен нохчийн силсилах лаьцна (М.Ахмадов. 1ина йистехь хелхар, я маьлхан дог1ане сатийсар (Дикаев Мохьмадан хазахетарех а, г1айг1анех а лаьцна).

**Синайам (-аш).** Душевный подъём (приподнятое настроение).

Цигахь дуьххьара долийна риторически т1едерзор чаккхенехь а далоро оцу стиховоренин вдейни маь1на ч1аг1до, ешархо и ешна валлалц синайамехь а латтош (Хь.Бурчаев. Алиев Г1апур: «Ас динчу некъийн чаккхенийн лазам...»).

**Синбала (-наш).** Тяжесть на душе.

Синбала лазаме баьлча,<br>
Доьшу цо, сов деза хеташ,<br>
"Кестта со цIа вогIу," – аьлла,<br>
Салтичо яздина кехат (А.Ахматукаев. Кестта со цIа вогIу).

**Синбода (-наш).** Прост. Сумерки.

ХIинца, тIедогIу ло а сецна, синбода бекъабелча, дика гуш яра кхоьссина гIаж кхоччехь льтташ йолу, йорайоьлла йоккха нан-борззий, цунна юххехь, цо дийриг деш йолу, жимо кхин цхьаъ (1.Усманов. Къу-берзан буьйса).

**Синб1арлаг1а (-наш).** Человеческий силуэт.

Иза поэто ша шен ойланашкахь кхоьллина Дуьне ду. Иза – цунна хетарш, луурш чулоцуш, цуьнан синмехаллех, синбIарлагIех кхоьллина, веккъа иза бен да воцуш, ша хаъал хилчахьана цо кхиийна, лардина ДУЬНЕ ду (Р.Дадашев. Поэт а, цуьнан Дуьне а).

**Синб1аьргаш.** Глаза души.

Юха, меллаша, бен а доцчух, яздарца бала боцчуха-а, стоьла йисте охьалахвелча,(бIаьранегIарш тIе а доккуш, юха а цу хIоттаме кхача, сурт, ма-дарра, дуьхьал кхолла, юьхьаьнцара – чекхдаллалц – дерриг а цкъа кхетамца лаца, синбIаьргашна цкъа схьагуо), кIеззиг меттавогIий-ц хьо, жим-жимма хьайх теша волалуш (М.Бексултанов. Д1аваххалц, хилла а воцуш). ЙоьIан коьртахь билзиг[1] дара, полла санна, хаза даржийна, тIехьа теттина шляпа санна, коьртана доккха IиндагI а деш… хьаьжжинчохь висир-кх со, вицвеллачохь, лаца а велла, синбIаьргийн кхетамца цига, цу берашца, цаьрца цхьаьна… машен ма хаза яр-кх сан, дечигах йина яр-кх, тIехьа йоккха кузов а йолуш… йоIа белаца гIум юккура, маьIан цIечу белаца… тIаккха «був-вв» деш, ас машен, цу лаьмнийн некъашкахула, аренашца, бердашкахула, гуо боккхуш схьа а ялайой, «пIи-и-ипI» олуш, сацайора, тIехь юьззина гIум а йолуш, юха шопар – со охьаваьлча, машено садоIура, со а хуьлура, гIамар тIехь «оххIай» дарца, куьг а хьоьккхуш, хьаж хьацарх дакъош сайн (М.Бексултанв. Цхьанхьа цкъа гича санна – маца?). Ца хаьа-кх, ма ца хаьа-кх суна иза, цкъацца со суо мичахь ву, я мила ву, муха ву... Цхьа кхетам д1а а боьдий, геннара сайга хьоьжу-кх со, сайн сибат а, амат а довш, синб1аьргашна гушволу суо цхьа кхин стаг волуш санна хеташ (М.Бексултанов. Кхин берлаш, шераш а кхин).

**Синб1аьрса.** Зрение души.

хьо верриг а цигахь хуьлу, цу хиламца, цаьрца цхьаьна, «хьо» бохург данне а доцуш, хилла а доцуш я гина а, синбIаьрсай, ойлий бен, дуьненнал цхьа мIаьрго а, хьан сих хилла, кхетамах (М.Бексултанов. Д1аваххалц, хилла а воцуш).

**Синб1аьрзалла.** Душевная слепота, равнодушие.

- СинбIаьрзалло, оьгIазлоно тIулган дина адамийн дегнаш, -лазаме дийкира боданехь Хьатун аз (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Синйозалла.** Тяжесть души.

ХIетахь дуьйна некъийн синйозалла,
ГIиргIа санна, хуьйшу яьIни тIе.
Иза къаръян гIора тоьуш халла,
Го-кха наггахь сайна тухуш пе
(А.Ахматукаев. Кешнийн кертахь да висинчу дийнахь... ).

**Синкарзахалла.** Душевное беспокойство, пассионарность.

Юсупов ИбрахIиман говзарш юьзна ю кхехкачу синкарзахаллех, шовкъах ...
Инзаре мохь бетташ суьйренан кIуьралахь,
Хьайн накха бетта ахь бузучу малхах…

Оцу васташкахь бохамо хьаьшначу Нана-Аьрзун синкарзахалла, тIепангах лелхаш, лаккхарчу тIегIане кхочу... (М.Ахмадов. Нохчийн поэзин «тамашийна» стихаш).

**Синкхача (-аш).** Духовность, духовная пища.

Вайн доьхнарг хIун ду аьлча, иза хIара «мотт» бохург куьйга схьалаца а, бIаьргашна ган а йиш йолуш хIума цахилар ду. Мотт кхоллалуш а ца хаало, дIаболуш а ца хаало, ша синкхачин стом хиларе терра (К.Чокаев**. Нохчийн мотт – вайн къоман синкхача).**

Синкхача кхочу цаьргара суна,
Хуьлучух ца кхеташ, хьесапе юьйлу.
Вай муха кхечи иштгачу гу тIе? –
Хаттаза гIала вовшашна юьйгIи (М.Анасова. Меллаша дохуш маттаца гилгаш).

Цуьнан доIанех дуккха а доIанаш нехан синкхачанаш а хилла дуьсур ду Нохчийчохь (М.Бексултанов. Сатийсина до1а).

Цу тайпа ойланаш дагах чекхюьйлу,
Д1аберза ца туьгуш къизаллин т1ом.
Даима, сайн Даймохк, дуьхьала туьйсу,
Хьо бу сан синкхача, бу мерза стом (Л.Эдильсултанов. Со вина Даймохк).

Вай доьхнарг хIун ду аьлча, иза – хIара мотт бохург куьйга схьалаца а, бIаьргашца ган а йиш йолуш хIума цахилар ду. Мотт кхоллалуш а ца хаало, дIаболуш а ца хаало, ша синкхачаман стом хиларе терра (К.Чокаев. Мотт – къоман синкхача).

**Синкъайле (-наш).** Душевная, сердечная тайна.

Ткъа хьуна лууш дерг дара-хьайн синкъайленехь дахаран тIаьхьенан айхьа дохучу бустамашка терра вахар хаздар (М.Анасова. Шина адамо юьйцина безаман керт). Къаналле дирзинчу адамана синкхача лург цуьнан дахаран дагалецамаш бу (М.Айдамирова. Дахаран аг1онаш луьстуш).

**Синкъелла.** Убогость души.

Синкъелла боху хIума нохчех хьакхалуш а, Iотталуш а дац. Делахь, ма са къен долуш ву со, аьлла, саготта вац нохчо. Царна и проблема а ца хета. Царна и цахетарх, ян ма ю иза. Кхечу къаьмнаша гулдина хIуманаш кхетийча, уьш цецбевр бар-кх, ма кхиьна уьш, аьлла. Нохчашна иза тIехула бен ца го. КIоргене ца кхийда (Х.Хатаев. Рицкъан лехамел беза бу кхин лехамаш...).

**Синкъийсам.** Душевная борьба.

Ас доьху, синкъийсам,
ницкъ лолахь суна,
Даима дог къона латтийта сан
(Л.Эдильсултанов. Сан Даймохк, сан Нана, сан Нохчийчоъ).

Айса цунна гена йолуш мел йоккху г1улч, сайн ирсан г1айренна, синлехамна кхолламан х1ордкемано со гена йоккхуш санна хеталуш, д1аяхара со (Л.Халикова. Б1арлаг1а).

**Синк1езгалла.** Малодушие.

Ткъа иштта безаман хама бан цахууччеран осалаллех, доттаг1аллин мах цабевзачеран синк1езгаллех, синтеме йоцчу г1айг1анах, кханене болчу сатийсамах, дог ц1енчу къинхетамах – доцца аьлча, дахаран синмехаллех (Д.Махмаев. Пет1матан кхолларалл ин б1аьсте).

**Синк1оргалла.** Глубина души.

Нийса олуш ма ду, поэт шен синк1оргалле мел кхевди а, цунна шен дешархочунна т1ебоьдуш болу некъ карабо, цуьнан ойла йийсаре а еш (З.Алиева. Гадаев Мохьмад-Селахьан

«Даймахке сатийсар» стихотворени а, цо поэтан кхолламна, нохчийн литературина бина т1е1аткъам а).

**Синк1оргехь.** В глубине души.

Ахь йинчу чевнашка кхиъна,
Цаьрца мел лайнарш а гина,
Іаткъаме синтемах тилла,
Къуьйлур бу синкІоргехь бала (М-С.Гадаев. Кханешка туьйсу са дайна).

Хьо йоцуш дезна сан хийла
Хьан сибат синк1оргехь къийла,
Хийла чухирцина бердаш,
Сан некъаш д1акъовла г1ерташ,
Хийла д1абоьллина цара
Сан деган мохь эрна арахь (А.Бисултанов. З1имарге духар ма деха... ).

**Синлаам (-аш).** Душевное желание.

Шуьшинна-м к1орда дац
Сан темза синлаам къийса,
Г1еметта х1оттаран тог1е а,
Къоналлин бохь а... (Р.Супаев. Шуьшинна-м к1орда лац... ).

Амма бакъволчу поэтан Дуьне Іаламат хаза, тайп-тайпа беснаш долуш, кІорггерчу ойланех, синлехамех, синлаамех, синмаршонах, къонахаллах, адамаллах дуьззина хуьлу (Р.Дадашев. Поэт а, цуьнан Дуьне а). Пет1аматан лирически турпалхо ч1аг1ъелла амал, дуьнене хьежам, дахарехь шен меттиг ларъян, синлааман эла хила хьуьнар долуш, кханенах тешна ю (Д.Махмаев. Пет1матан кхолларалин б1аьсте).

**Синлазам (-аш).** Душевное переживание.

Дуьххьара юкъадаьлча «Даймахке сатийсар» цхьа шатайпа цуьнан синлазам бевзира вайна (М.Анасова. Шина деган лазам а, маршо а).

Ма еза хьо, ма оьшу хьо суна,
Хьан дог делла догІа лоьху ас.
Ца хеза те синлазамаш хьуна,
Вайн дегнашкахь
къевкъаш детта ткъес? (Хь.Сайдуллаев. Сингаттаме ду... ).

Бус-буса сан ойла тІеийзо марзбелла седа,
Байбеш сан синлазам, ахь говза йо суна гІоли.
Суьйранна малх бузуш болало хьо суна къеда,
Іуьйранна малх кхеташ дІабов хьо, баьгна а болий (1.Юсупов. Седане).

Синлазамийн цІарах марсайолий,
Гатло цунна кхерчан шийла кийра (Хь.Минкаилов. Ломан кІажа суьйре тийна юссу).

**Синлакхе (-н).** Душевный подъём, восторженность.

Дерриг шеца цхьа символ йохьуш ду хІокху повестехь, масала, лам баккхар – иза синлакхе яккхар ду, эрна ма дац, Камаевс нохчийн маттахь диттийн цІераш шена хезча олуш дерг: «Со кхуза вар эрна дац хьуна, кхи хІума тІе ца кхетахь, нохчийн мотт-х Іемар бай суна…» (З.Алиева. Нохчийн прозин керла лехамаш).

**Синлехам (-аш). Душевные поиски.**.

Тхо массарел а тоьлаш ду ала кхоллуш, кхиош яц къомо шен культура, оцу къоман васт ду иза ша-шах кхоллалуш, оцу къоман синлехам а бу иза, и ю цуьнан башхалла, оригианальность (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Цуьнан синлехамаш, ойланаш сирла а, цІена а ю. Иза накъостел къаста гІерташ, хьалхенаш къуьйсуш, нахана ког туьйсучарах вац. Цунна тоьшалла до Цуруев Шарипан кхолларалло а. Ткъа иза уггаре дика тоьшалла хета суна (Р.Дадашев. Поэт а, цуьнан Дуьне а). Лоьрана адаманийн дегІа тІехь къайле йолуш, дихкина а хІумма дац. Яздархошна а хила ца деза къайле йолуш адамийн юкъаметтигашлахь, синлехамашлахь хІумма а (З.Хамерзаев. Сизифан къинхьегам).

**Синмарзо (-наш).** Душевная привязанность.

Поэтан кхоллаpалла, бакъволчу поэтан кхолларалла, дерриг цхьа Дуьне ду – цуьнан лаамийн, синмарзонийн, синлехамийн, халахетарийн, хазахетарийн Дуьне (Р.Дадашев. Поэт а, цуьнан Дуьне а).

**Синмаршо.** Душевная свобода.

Вайн синмаршо, сатийсамаш
Бохамашца лакъийнехь,
Вайн Ницкъ, Хьуьнарш,
Толамашший

Ду паналлин лакхенехь! (А.Сулейманов. Вайн синмаршо, сатийсамаш).

И хилла лар а яц хIинца,
Цунах ца бисина цинц а.
Цу меттехь дIахIоьтти серло,
Цу меттехь синмаршо денло (М.Ахмадов. Маьждиг).

Амма бакъволчу поэтан Дуьне Iаламат хаза, тайп-тайпа беснаш долуш, кIорггерчу ойланех, синлехамех, синлаамех, синмаршонах, къонахаллах, адамаллах дуьззина хуьлу (Р.Дадашев. Поэт а, цуьнан Дуьне а).

**Синмерз (-аш).**Струнка души.

Деган даь1наш ц1ийделла,
Холаман къурдаш деш,
Г1айг1анан мохь базбелла,
Синмерзаш шелдеш (С.Элисханов. Сагатда кхоьллина).

**Синметта.** В самое уязвимое место.

Юьйжи... г1аьтти. Юха кхин цкъа
Даш синметта кхетта, мерци.
Х1унда? Х1унда кхийти х1инцца?
Кхин цхьа г1улч ю кхача к1езе... (1.Мамакаев. Берзан бекхам).

Тахана шаьлта ца туху.
Тахана боьха мотт туху.
Шаьлтанал ирчаниг туху, –
Синметта хIуьттаре югIу (З.Байхаджиев. Вайн дашах).

**Синметтехь.** В сознании.

Синметтехь Iалашбеш къоман тIеIаткъам,
ТIанк аьлла нохчоллех вуьзна со ву.
Хало тIехIоьттича, ца бо ас латкъам:
Собар – сан толаман меттамотт бу (И.Юсупов. Нохчийн мотт).

синметтехь кеглучу
лазаман гаьргаш а
х1ораннан б1аьргашка х1иттина латта (А.Бисултанов. Б1аьхочун тезет).

Уьш тховса гулъелла даггара охьаялха,
Синметтехь кхиийна бала д1акхайкхо,
Церан кийрахь сийна ц1е летта,
Оьгу оцу ц1еран суйнаш т1адамийн метта,
Адамийн вовшашца йолчу юкъаметтигаша,
Хьаьг1наша, цатемаша, ямартлонаша,
1овжийна, ягийна, хорам хилла,
Охьа1ена уьш тховса, ца кхоош латта,
Ца буьтуш меттиг дендала цу латтана
(Л.Китаева. Стиглахь сингаттаме гулъелла мархаш).

Даше мотт кхобуш сан синметтехь дижина бакъдерг со цкъа а гина вац и х1инца санна сел эсала (А.Бисултанов. Хьайбахахь язйина байташ).

**Синмехалла (-аш).** Душевная (духовные) ценность, душевные ценности.

Хьайн самаллийца, ховхаллийца малхах тарлолахь!..
Нехан сакхташ хьулдеш, буьйсанах тарлолахь!..
Синмехаллех дуьйцина жовхIаран кочар хилалахь!
Деган комаьршалла, синъоьздангалла дистинчу хих хьадийталахь!
ОьгIазло эшаеш, лам санна, собаре хилалахь!
Хьо ма-варра гайталахь, хьо ма-гайттара вахалахь!
(М.Айдамирова. Заманан илли).

– Сайд-Хьамзат, хьан дуккха а стаьяш тIехь «Нохчалла» боху кхетам кест-кеста балош бу, муьлхха а нохчочун дагна там беш ду иштта сийлахь дарж шен ду алар, бакъду, массарна а догIуш-м дац и. Кхечу халкъашна хIун аьлла хетар-те цунах лаьцна? Церан а яц ткъа иштта синмехаллаш? (С.-Хь.Нунуевн интервью: «Литература къоман синкхетам кхио безаш ю...». Эцнарг ву Хь.Бурчаев). Тховса дуьххьара шен дахаран жам1 деш и терза х1оттийча Медни жимма сапарг1ат хилира – х1окху дуьненчохь лелаш ца хиллехь а, бакъдуьненахь лаккхара мах хадор болчу синмехаллашца яьхна иза – г1иллакх-оьздангаллица, къинхетамца, собарца (М. Айдамирова. Дахаран аг1онаш луьстуш). Муьлххачу а киншках къамел долош хаттар х1отта тарло: стенах лаьцна ю иза? «Сатийсаман заза» – безамах лаьцна ю. Ткъа иштта безаман хама бан цахуучеран осалаллех, доттаг1аллин мах цабевзачеран синк1езгаллех, синтеме йоцчу

г1айг1анах, кханене болчу сатийсамах, дог ц1енчу къинхетамах – доцца аьлча, дахаран синмехаллех (Д. Махмаев. Пет1матан кхолларалллин б1аьсте). ). Оцу дерригено а гойту нохчийн къам (цуьнан хьекъале, оьзда дакъа) ша-шех тоам бина, шена чохь д1акъовладелла доцуш, дерриге а къаьмнашна д1адиллина хилар; цунна коьрта шен къомалла (нохчолла) ца хилла, коьрта адамийн юкъарниг (адамалла) хилла. Нохчолла оцу адамалла бохучу синмехаллин цхьа дакъа хилла (М.Ахмадов. Г1иллакх-оьздангалла). Иза поэто ша шен ойланашкахь кхоьллина Дуьне ду. Иза – цунна хетарш, луурш чулоцуш, цуьнан синмехаллех, синбIарлагIех кхоьллина, веккъа иза бен да воцуш, ша хаъал хилчахьана цо кхиийна, лардина ДУЬНЕ ду (Р.Дадашев. Поэт а, цуьнан Дуьне а).Масала, воккха стаг автобус чу ваьлча, жимачу стеган хьалагIаттар цуьнан синмехаллаша хьехна ду цунна (А.Тумчаев. Стенна т1ера долало г1иллакх?).

**Синмецалла.** Душевная жадность.

Дуьне даькkхина саьхьара меца синош. Халкъах къацахетарийн тобан декъашхойн дукхалла, церан синмецалла (Л.Ибрагимов. Гадаев Мохьмад-Салахьан феномен).

**Синмукъам (-аш).** Музыка души.

Оцу мукъаман хIора озаца дешнаш, суьрташ: полифония – мукъам а дешнаш а цхьана мукъаме дирзина – синмукъам (З.Алиева. Мукъам Шопенан, дешнаш Бексултанов Мусан, сан ойланаш а…).

**Синпарг1ато.** Душевное спокойствие.

Хиндерг хиъча,
Хиндерг хаа шайхалла хилча…
делахь а,
…Эмкал ахь дIаехкахь…
СинпаргIато – некъан хьаша.
Дерриг доьзна, дерриг рогIехь (Х.Зуцаева. Дийца хиъча-м, дуьйцур ма дара).

Х1етахь дуьйна, ша юхьар лаьцна некъ д1а ца хоьцуш, адамийн дегнашчу цхьа ша тайпа йовхо кхуллуш, синпарг1ато йохьуш, радиохула дийкира Розин зевне аз… (Л.Умарова. Сирла аз). Х1ора а шоьтан дийнахь бохург санна киснахь кехатан ахчанан синпарг1атен шар-ширан меттана кепекийн синхьийзаме зов хезча ц1а а воьду со-м (В.-Хь.Амаев. Ахча-паччахь). Уггар а вайн къам гIелделлачу хенахь, уггар а адамашна синпаргIато эшначу хенахь, вайн къам халчу хьоле хIоьттинчу хенахь, аьлча а вайн къам дакъазадала гергадаханчу хенахь, кхачийтина АллахIа вайна бусалба дин (А.Тумчаев. Стенна т1ера долало г1иллакх?).

**Синпардо (-ш).** Оболочка, нежность души.

Дуьне духучохь хьаьнга кхойкхур ю?
Дуткъа синпардо лера мила ву?..
Орцахдеана мас-малик делош,
Суна санна, хьо хьанна езнера?.. (Л.Ибрагимов. Тадухеппиэндишке...).

**Синтергам (-аш).** Прост. Душевная забота.

БIаьрса, синтергам цунна тIехь сецира Зауран (Ш.Макалов. Хазаллин йийсарехь).

**Синт1адам (-аш).** Капли души.

х1усаман корах бен
синт1адам ганза
х1усаман ц1енкъа бен
кхин некъаш ганза (А.Бисултанов. х1усаман корах бен).

«Гуш синтIадам а бац, дохк латтта суна хьалхахь, соьга-м пазат а ца яло, со хьанна оьшу бIарзъелча», – цкъа йолаелча, саца ца туьгуш, гуттар а цхьаъ дуьйцура цо, ша боккъал а бIарз а елла, цхьаь меттахь йисча санна (М.Бексултанов. бераллера хьан бералла). Сан бIаьрса бIарзделира, гуш синтIадам а боцуш, бIарлагIе ойла бен, со а, иза а дан а доцуш (М.Бексултанов. Кехат).

**Синхаамалла.** Чувственность, ошущение, предчуствие.

Яздархочун прозехь билггал хаало дешнийн синхаамалла (чувственность слова), цундела лору цуьнан прозин мотт поэтически (З.Алиева. Мукъам Шопенан, дешнаш Бексултанов Мусан, сан ойланаш а…).

**Синхаам (-аш).** Чувство, чувства.

Хьо шовкъе синхаам
Д1атебен коч тега йоллу?
Цхьалло са хьере деш,
Хьайн лол ахь беттар бу бетта-м,
Амма хьо д1айоьдуш
Хьан ларийн тоьгано 1арждина йолу
Лайн лочарш йиттина,

Ши куьг мажардоьлла бетта-м... (Р.Супаев. Езачун ц1оцкъамаш).

Яхь адаман кийрахь дог-ойла айеш, цуьнга хьуьнар кховдош, цунна орцах болуш синхаам белахь, хьаг1 гуттар а адаман кийра багош, 1ийжош, дег1ан мутт дакъош синхаам бу, де-динехь ша чу хиъна адам кхачош, гонахь волчунна а, цуьнан шен доьзална а, д1овш долуш лазар (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Т1аккха елира, болат буржалш диттина, гурахь латточу синхаамашна парг1ато. Ох1-х1ай, ма гулбелла хиллера-кх б1аьргаш чохь и дуьра х1орд! (М.Айдамирова. Дахаран аг1онаш луьстуш). Амма цунна т1аьхьара кхуъна когийн ларш т1епаза яйнера, ченаш мохо пана яхьна, дог1ано 1оврашка ерзийна, т1аьхьа хьажа кор доцуш, т1аьхьа делла ков доцуш, т1аьхьа кхайкха мохь боцуш, беккъа цхьа дагалецам бен, шех дисна доь доцуш, хинкеманна т1аьхьа дуьжу хин тача санна, стигалахь баьржа б1аьстенан к1айн к1ур санна, дагалецамийн паналлехь ешаш, йовра цуьнан синхаамийн лар а (З.Яндарбиев. Церг тоьхна т1уьхк). И дерриге цхьа ч1ог1а дазделла цунна оцу ша юьйнучу буса, цундела лаккхарчу айдарехь босту цо оцу хьолехь волчу шен синхаамаш, иштта дехардарца (Хь.Бурчаев. Алиев Г1апур: «Ас динчу некъийн чаккхенийн лазам...»). ХӀинца ойлайо ас: «Сайн синхаамаш, безам, кхидерг а дитина, и санна долчу хӀуманех лаьцна хӀунда ца яздина-те ас?» – олий (С-Хь.Кацаев. Музаев Исрапил). Оцу мифологешца, фольлкорашца дукха синхаамаш бу, шайн дегахьаам а, хазалла а ю, гуттар а ду адаман синхаамехь деханарг долчул мерза а, хаза а, амма, синхаам бу иза, цхьа а ваха лур вац шина историхь, шина заманахь (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Сан кхетам карзахболу, цхьаъ-м ган гӀерташ я хаза, синхаамо Іехош, бІарлагІаша цецвохуш (М.Бексултанов. Иэсан биста йисте). Дуккха а хенахь кхо шена чохь къийлина, бийна дІабаккха гІиртина синхаам белира сама (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Синхазна (-ш**). Богатство (-а) души.

Нохчийн мотт – и къоман
Синхазнийн хьоста –
Ларбина къийсамехь
Массо а ханна (Ш.Арсанукаев. Весет).

**Синхьаам (-аш).** Удовлетворение (-я).

Сан лаам кхийдара,
Пекъаран садуург довза.
Кхоьлинчу б1аьргаш чохь
Синхьаам лоьхура цуо (С.Дакаев. Ненан узам).

Кресло чу охьахиира, д1асаваьржира. Боккха синхьаам хилира цунна (М.-С.Исламов. 1аьржа т1улгаш). К1орггера, чулацаме, оьзда, исбаьхьа.Тахана буьйцучу, хуучу нохчийн маттера хийла д1адовш долу дуккха дешнаш авторна маь1на дика хаарца шайн-шайн меттахь далийна карадо ешархочунна «Дог дуьлина мерзаш» ц1е йолчу гулам т1ехь: аналла, хьагам, антал, гурам, кхевсе, ковра, аьхза, важап, окхеш,текъа, руьйта, кхимар, там-товраш, синхьаам, хьун-басе, къурло, жирга, шелг1а, ч1иркъе, гечо, алх, 1аспар, совра, хьун-тог1е, дур, т1ег1а, сет и.д1.кх. (200-204 аг1онаш) (Д.Байсултанов. Нохчийн поэтан Дакаев Саь1идбекан 60 кхачарна).

**Синхьааме.** Удовлетворяющее.

Хасбулатовс тIекIел чудухку дешнаш, хьархочо шен ялта санна, царах кест-кеста цхьацца жовхIар а нисло, Шайхин поэзи мелла а синхьааме хета суна, сел сиха долчу кху дахарера бехк баккхарца хьоьжуш санна, «кхин а ма ду хIумнаш» – бохуш, юьстахара бIаьрг бетташ (М.Бексултанов. Матто кхуллу Даймохк). КIур жимма синхьааме а, тIаккха къаьхьа а хийтира суна, хIетахь, гIенах санна я хIинца… – суна ца хаьара, тхойша мича хена чохь Iа я муьлхачу гIенахь сецна, юха сайна хезна долу: «…хьоьга хьан аьлла, хIара гIан дац!» – боху дешнаш ас цуьнга я цо соьга – хьанна – мичара хезира а... (М.Бексултанов. Хьоьга хьан аьлла, хIара гIан дац!).

**Синхьашт (-аш).** Потребность души.

Сан синхьашташна гIо дан гIерташ, гIайгIанечу ойланех со ваккха, хетарехь, Маьлхаьзни шен синхаамаш эша а бина, суна безамехь йоI карон хьежна (Э.Минкаилов. Т1аьхьадисина кехат).

Шеца Iамар а, кхиар а долу болх. Цхьаволчунна (литературина гена волчунна) и эрна ханъяйар хетахь а, цунах самукъа а долуш, иза синхьашт дерш кIезга бац цхьадика (А.Ахматукаевца Абубакарован Пет1мата эцначу «Стихийн кепехь искусство...» ц1ейолчу интервью т1ера).

**Синхьагалла.** Жажда души.

**Синхьагам (-аш).** Жажда души; зависть.

(Ирсах хьаьгна сан жималла Iехо,
ГIенаш санна, ницкъе яр-кха хьо.
Атта хили синхьегамаш чехо,

Хиъча, цаьрга кхийдий кIентан дог
(А.Ахматукаев. Кешнийн кертахь да висинчу дийнахь... ).

Муслима хIора дийнахь ша цхьа висча, шен ойланехь йоIах шен синхьагам оьцура (М.Ахмадов. Массо а д1атийначу хенахь). …гуттар а, я бер долуш, юха х1инца а, ханъяьлча, ирс цхьаллица хьег1на-кх суна, суо волчохь,ойланца суо: цу лаьмнашца, ц1арца а сийна, ц1арах еттачу анайистаца, 1енаш доьду куьзга санна хеташ, сецна моьттучу хин керчарца, даим а юха цхьа йо1 а гуш, цхьа зудабер, сесаг цхьа, геннара хьиэг1а мукъам санна, синхьегамо оьхьу б1арлаг1а… (М.Бексултанов. Геннара хьиэг1а мукъам санна).

**Синхьег1ар (-ш).** Прост. Ноещее состояние души.

МIаьрго юй-те, цхьанхьара къедда, гучуяьлла дIа ца ян йисина сирла серло хилла, дахар къагош; я гIенан дагалецам; хилларг я цахилларг, сатийсам, синхаам, синхьегIар – са дуй хаадалар (З.Алиева. Мукъам Шопенан, дешнаш Бексултанов Мусан, сан ойланаш а…).

**Синхьехам (-аш).** Душевная подсказка.

Стихотворенехь масех ю дуьззина маь1на даста йиш йоцу я хормин логика йохийна меттигаш. Амма уьш сакхте х1ума а ца хета, х1унда аьлча логикел лакхара бу синхьехам, цо кхуллу синкарзахалла а (М.Ахмадов. Нохчийн поэзин «тамашийна» стихаш). Цхьана вуочу синхьехамо садууш Iачу Орцина дукха хан ялале цхьа деза татанаш хезира, тIаккха машенна хьалха дIахIоьттира ши стаг тIекIел хIоттийча санна лекха, дерриге а дала а даьлла, цхьа Iаламат (М.Ахмадов. Къоьзана-1ам).

**Синх1оттам (-аш).** Душевное состояние.

Ма галдала кийча хилла синхIоттаман терза,
Беран мIаьррал дагахьбаллам оза дезча шен.
Туьгуш дац-кха дегочуьра иза-м юхадерза:
Уьдуш лела синан цхьамза лууш бац-кха тиэн…
(1.Юсупов. МаьркIаженан IиндагIашна пхьор дан лиъна мерза).

Поэт дукха язъяро ца во, цхьана гIайгIано во, я цхьана синхIоттамо (М.Бексултанов. Нацкъара лела некъахо). Иштта аларца автора гойту ша нохчийн зударийн синхаамаш, дог-ойла сатийсамаш дика бевзаш хилар. Цхьана махкехь бехачу, аганан илли а цхьаъ долчу, буьйцу мотт а, лело г1иллакхаш а, лардо ламасташ а цхьаъ долчу нохчийн берриге зударийн синх1оттам цхьаъ хилар, и иштта гуттар а хилийтар лардан деза бохучу маь1нехь ю «Соь кхаьчна дакъа» ц1е йолу стихотворени (Хь.Бурчаев.Ахматова Раисин деган иллеш). – Синна гергара йолу поэзи масех авторца билгалъяккхалур яц. Хьан синхIоттаме хьаьжжина нисло и (А.Ахматукаевца Абубакарован Пет1мата эцначу «Стихийн кепехь искусство...» ц1ейолчу интервью т1ера).

**Синц1еналла.** Чистосердечность души.

Х1унда аьлча, дахаран къахьо, марзо, цатешам, хазахетарш гина, 1аьткъина, цара зийна, г1еметтах1оттаран зил т1ера схьакъаьстина, дуьненан хиламийн мах хадо а, синц1еналла йовза а кхиъначо бен яздийр дац и дешнаш (Д.Махмаев. Пет1матан кхолларалин б1аьсте). Ишта хилийтархьама, хIинццалц схьа хилла вайн къилбанаш керлачаьрца хийца деза. Ткъа керланаш хIорш ду: Делан дин а, дуьненан Iилма а кIорггера Iамор, синцIеналле боьдучу новкъа а хIиттина, хаддаза къахьегар (М.Ахмадов. Абдулаев Лечин цхьана стихотворенех а, и йоцчух а).

**Синъандо (-наш).** Душевная крепость.

Вукху аг1ор, цо гойту мел нуьцкъала хилла поэтан ша къобалбинчу некъах тешар, мел ч1ог1а хилла цуьнан синъандо (М.Ахмадов. Мамакаев Мохьмадан философех а, эстетикех а).

**Синъаьрхалла.** Душевная возбуждённость.

ЭхI, маржа яI-кх, маржа-кх хьо! Цкъа иштта хIара хир дуйла хууш, хIара хьалххехь хиъна хиллехь (хIинца санна хIара хир дуйла хууш), цу хенахь, жималлехь, цу шерашца – къона иддачу, къовла дарий-ц сайн дог буйнахь, синъаьрхалла йоьхка ярий, марзонашна Iама ца Iама, дIа ца вуола, ца хьага тахна (хIара санна долу де схьадеъча – эшамаша эшийна де), ненан хаза мел кхиъна йоI цхьана кхечуьнца йоьдуш гича, массо а йоI хьайн а ца хеташ – кIантаца тIех мел йолу йоI, – веха варий воцуш санна, ца хилча санна юха дIа а ваха: мичхьара схьавеар-кх хьо, д1а а мичхьа гIор-техь-кх хIинца, цхьа «маржа яI-кх» дуьсуш тIаьхьа, цхьа «байтамал», гIан хьаьдда гIан, самавала а хьо кхиале хьан карара карах долуш… хIара иштта дуйла хиъна хиллехь – хIинца санна хIара хир дуйла – сонта воцуш-х хинварий, хинварий воцуш санна, «маржа яI-кх хьо» – ца лазийта, ца Iийжийта «байтамал» а, мичхьара схьавеъна а хууш, дIа мичхьа ваха веза а… (М.Бексултанов. Мичхьара схьа, д1а а мичхьа... ).

**Синъоьздангалла.** Душевное благородство.

Хьайн самаллийца, ховхаллийца малхах тарлолахь!..
Нехан сакхташ хьулдеш, буьйсанах тарлолахь!..
Синмехаллех дуьйцина жовхIаран кочар хилалахь!

Деган комаьршалла, синъоьздангалла дистинчу хих хьадийталахь!
ОьгІазло эшаеш, лам санна, собаре хилалахь!
Хьо ма-варра гайталахь, хьо ма-гайттара вахалахь! (М.Айдамирова. Заманан илли).

«Нохчийн нене», «ДІадаха атомни герзаш», «Африке», «Beралла», «Александр Казбеги», «Лермонтовн безамна», кхийолчу стихотворенешкахь автор шена луъург дІаала йишйоцчу гурашкахь хилар гуш делахь а, цо дІакхайкхориг синъоьздангаллин, доьналлин, дерриг а адамашка лерам, безам хила безар ду (Хь.Бурчаев. Къоман синкхетам самабаькккхира Абузаран произведенеша). Ерриге и ойланаш яздархочо охьаехкира ешархочунна «Вайн амалш» цIе йолчу синъоьздангаллин-философин балха тIехь (Э.Минкаилов. Халкъан иэс с амадаькккхинарг. Айдамиров Абузарах ойланаш). Иштта оцу муьрехь дІадоладелира нохчийн халкъан б1ешерашкахь кхоллаелла синъоьздангаллин мехаллаш дІайовлар, хIаллакьяр а (С.Магомадов. Кадыов Ахьамад-Хьаьжин политикехь хьежамаш). Кешнашка дІавахьа, чуьра ара а ваьхкхина, СоIда уьйтIа юкъе барми тIе охавиллича, иза дІаволла баьхкинчара гуобина, цуьнан комаьршаллех, синъоьздангаллех, цIенчу ойланех, Далла муьтІахь хиларх тоьшалладан боьлча, диканехь а, вонехь а цхьатерра къонаха хилла массо а заманахь иза чекхваьлла хиларх дуйцур ду Рамзана (Хь.Яндарбиев. Кавказе бог1у некъ). Цунна шен идеологица нийса йог1у моттарг1анаш оьшура, нохчийн къона т1аьхье, шен синъоьздангаллин орамех хедийна, шайна луъучу кепара хьалакхио (М.Ахмадов. 1ина йистехь хелхар, я маьлхан дог1ане сатийсар (Дикаев Мохьмадан хазахетарех а, г1айг1анех а льацна).

**Синъуьйр (-аш).** Душевная привязанность.

Хьо кхетар ву тIаккха (хьуо цхьаллехь цхьаь а висина, бeралле хьайн юхахьаьжча), доьзал – иза нана хиллийла, церан марзо, барт церан, церан дуьне, синкъерам, синъуьйраш, гергарло, йиша-вошалла, кхерчара – кхерч а (М.Бексултанов. Бераллера хьан бералла).

**Синъэкамалла.** Ранимость, хрупкость души.

Кибиевн байташ еза а, мехала а яра дахарехь дахарал совдаьлла маь1на лоьхучарна, дуьненахь г1одала совъяьлла синэкамалла шайн б1аьрсица ган а, лерсица хаза а юйла хуучарна (М.Завриев. Кибиев Мусбек, дуьне а, дахар а кхетаман куьзганахь).

**Син1аткъам (-аш).** Ранения, потрясения души.

Бен дацаран ойланца ца ешало шатайпа син1аткъаме йолу стихотворени – «Нана, хьо кхетар ю». Цуьнан къинхетамца, догдикаллица, лам санна долчу собарца ненан васт х1оттош, автора цуьнца бусту шен кхоллам. Ткъа иза, кхоллам, аттачех ца хиллачух тера ду (Д.Махмаев. Пет1аматан кхолларaллин б1аьсте).

Іаткъор бу ас
Сайн синІаткъам,
Морцур ю
Сайн бІаьрсица (1.Шайхиев. Хьайх къинхетам айххьа белахь).

Сан шерийн хедда кес
мартдоьлла Іуьллу
Кешнашкахь баьрзнаш ду
доттагІийн гуш.
ГІайгІано ойланийн
синІаткъам къуьйлу.
Замано хедош бу оьмаран муш (Хь.Сайдуллаев. К1езиг хьисти).

**Синлаткъам.** Исповедь, душевные излияния.

Психиатр: (Лазархочун б1аьрхьалхахула куьг хьийзадо. Зудчо эххара цуьнан куьг 1асанца д1атотту шен б1аьрхьалхара. Т1аккха лазархочун лере а таь1ий шабарш до. Зудчо корта лестош хеттаршна жоп даларан сурт х1иттадо). Сина1аткъаман цамгар лелийна хилла кхуьнан ден вашас а (Ш.Макалов, С-М.Гелагаев. Забила). Тахана, дайн гІиллакхаш, ламасташ, гІуллакхаш карладохучу муьрехь, вайна хаа деза дІаяханчу заманчохь адамийн гІиллакхаш муха лелаш хилла а, иштта вайн синІаткъамийн лехам бусалба динца муха бозабелла хилла а (Н.Пашаев. Г1иллакх-оьздангаллах лаьцна). Особенности психологии. «Нохчийн къоман историн, культуран, Іер-дахаран хиламийн а, зІенийн а, халкъан амалийн а, синІаткъаман а башхаллаш билгалъяхарехь ша-тайпа мехала гІирс бу меттан дустарш» [Д.Байсултанов. « Нохчийн меттан дустарш »].

**Син1ийжам (в ед.ч. син1овжам:-аш).** Поэт. Печаль, горе, душевные переживания.

Къорза истанг Іома тІе а кхуссий,
ПаргІат Іара стиглахь цІена бутт.
Ойланийн дохк коьртан
пхенех хьаьрчий,
Меттаххьовра синІийжаман гІурт (Хь.Сайдуллаев. Доьг1на доцу ирс).

Гергара 1инаг1а син1овжам лайначу
Адамо т1улгаш т1ехь лоьху,
Эзарнаш юккъехь и карадой,
Сужде шен доглазар д1аэцар доьху... (Р.Супаев. Херосиме).

**Сиррат (зирет-аш).** Арабск. Поколение.

**Сирник (-аш).** Разновидность травы на альпийских лугах).

Сирниг олу буц ю иза, даккхий шуьйра патарш а долуш, дуткъа, гІаж санна, стомма дитт а (М.Бексултанов. дахаран хи генара бердаш).

**Сирта-т1ай (сиратан-т1ай).** Религ. Мост, через которого должны пройти воскресившие в Судный день.

Пайхамар вайн Деле кхойкхучу дийнахь,
Ша догІмаш ва доьлхуш, хьийзочу дийнахь,
Цу сиртан тІай тІе вуьгучу дийнахь
Байттамал хирий-те, Іеса дегІ, хьуна?
(Нохчийн фольклор. Назма «Дуьненца гергарло ма чІогІа хили хьан»).

Мацца а йоьссича сан даг чу Іожаллин гІура,
Сирта-тІай тІехула сан ваха дезар ду дІа.
Со лоьхуш вац хьуна серло бен хьан куьйгийн чкъуран,
Ахь доьІуш долчу син Іаьнарх со тоам беш Іа (1.Юсупов. Езаче).

**Сит1ехь.** В своём уме, сознании.

Чиллийна ша эха ситІехь стаг хетара. Ах са –хьаьшна, дагийна, аьтта дІадаьккхина мел Іиттабеллачу бохамаша. Ах са дисинарг. ДегІ лелош дерг. Коьрте ойланаш йойтуш дерг. Хетара, иштта эха ситІехь стаг Давад а волуш санна (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Сиэгалла.** Мерцание, вспышка света.

Седарчий хьуьйсу цецдевлла соьга,
Г1елдеш шайн сиэгалла цхьа тамашийна,
Шаьш теш х1уьтту дуьненан хиламаш
Соьга схьабуьйцу, лерса сан 1ададеш…
(Л.Китаева. Буьйсанна г1оттий, со батте хьожу).

**Совч1им (бу-бу: -аш).** Болиголов крапчатый.

**Сокхалмакх (-аш).** Тротуар.

В ныне действующие словари не вошло очень много наших слов (исключение составляют «Дош» Абу Исмаилова и «Чеченско-русский фразеологический словарь» братьев Байсултановых). Сложился миф о том, что якобы у нас нет слов, скажем, для обозначения таких предметов, как стол, крокодил, акула, тротуар (ашла, вока, г1ормакх, сокхалмакх) и т.д.(Х1.Умар. Преодолеть комплекс неполноценности).

**Сомалкх (-аш).** Устар. В основном теперь употребляется в значении – *гряды сугробов*.

Сомалкхийн сал санна,
КІайн баьрзнаш даьхна,
Лил-басе стигланца
Мархо некъ бо (М-С.Гадаев. Даймехкан суьрташ).

**Сокхмакх ирзо** «Сокхмакх (л.) поляна». Урочище на юго-западе от с. Брагуны, на северном склоне Брагунского хребта. Сокхмакх - кумыкское «тропинка», вероятно, бытующее в говорах жителей Ичкерии сомалкх - в том же значении заимствовано у кумыков. Помимо сомалкх, встречаются в Ножай-Юртовском и Веденском районах и другие термины, например, тайра (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Сом-ком.** Прост. Деньги.

Кесиба: Со-м хьуна дерриге а сайначул дика хаьа аьлла ма еанера. Сулба: Короче, зуда, сом-ком охьа а йиллий, заказ йиэ, айхьа яхь (С-Хь.Нунуев. Лулахой – 2). – Ой, хьуна хІун моьттура? Нуц велара а хІунда олу, берашна кховдо кисанахь сом-ком а йоцуш? (Ш.Дашаев. Кхочушхилаза дисина захало).

**Сонкъара.** Диал. Дерзский.

Олхазарш чехадо Цу сонкъар лечано, Ламанийн баххьашкахь Шен к1орнеш ю бохуш (Нохчийн фольклор. Социале-политикан чулацам болу эшарш).

**Сонталла (-ш).** Прост. Безрассудство.

Юха а ала, ваьшна чохь а, арахьа а къоман х1ума (интересаш) лардеш беш болх бац вайн. Арахьа и болх беш ца хилча, кхуллу къоманна т1е х1уъу а, яз а до, зорба а туху, чохь беш ца хилча, чохь эвхьазлонаш кхуьу, сонталлаш (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Сорг1уш (-иш).** Прост-груб. О костлявой, высокой женщине.

Х1инца юьрта йигахь, юьртахь мел волчунна гучу девр ду-кха вай. Х1ара-х, ж1аьлеша яарг, массеран ц1енош т1ехула хьоьжуш, «1айуф-ф-ф» бохуш, чуьрниш а арабохуш, нах цецбохуш, гурйолуш ма ю! Цундела х1ара «сорг1уш» эцна юьрта водаххьа-м ма веца кхо нахала воккхур (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

**Сорсадаккха (й, б).** Бодрствовать.

1уьйрре со тхешан кех волуш,
Вир 1аьхи,
Лерг дат1о санна.
Дийзира некъ боло,
Са сорсадоккхуш (1.Цоккуев.Олуш делахь а... ).

**Социйла (-ш).** Остановка, стоянка.

Иза охьа маца ер ю-те, я муьлхачу социйлехь? Уьш маса хилла, социйлаш, х1ара шек д1а а ма ца йолу, г1ала кхачалуш лаьтташехь…(М.Бексултанов. Хан хенаца хийцаелла хан).

**Соцунг1а**. Приостановка в движении.

Оццу миноташкахь кхоллаеллачу хазчу ойланаша соцунг1а йой, масех минот хьалха г1айг1ане хьежна цуьнан ц1ена б1аьргаш дийладелла хьуьйсуш хаало (1.Мегидов. Гелдаганара хьехархо).

Дукъ Iуьллу тера саьрмаках чIогIа,
Нох дохуш Iачух, бIаьрг боьллуш наггахь,
КIалдморзабаьлла марханийн могIа,
СоцунгIа хилла, бу шина даггахь… (Хь.Хатаев. Де дIадай, буьйса тIееъна Iаьржа).

**Соццушехь.** Как только остановившись.

Уьш хIинца тап олий, тоьра, ахтобус соццушехь, соьгахь схьа а боьрзий (М.Бексултанов. Г1ум-аре).

**Соьналла.** Проросшая зелень.

Маьлхан серлонаш хьерчара орцан баххьех, хьуьнан соьналла а къегош; хин экьанца буькъа хIур уьдура, Iаьнаран хIур (Хь.Яхъяев. Хине йийца г1айг1а). Юкъ-юкъа соьналла къаьстара, патарш а гуора хьалатоьхна (М.Бексултанов. Олхазаран къа а).

**Стагга а.** Никто.

ЦIа веанчу сарахь, чохь стагга а ца карийна, уьйтIа велира со (Э.Минкаилов. Гуорабожийна сай). Цу гIуллакхан (кхеран доьзалхо цахиларан) бала боцуш стагга а ца висира (А.Хажмурадов. Ринжа). ХIокху тов хIоьттинчу хенахьа арахь хаалуш стагга а воцуш цхьа хан елира (С.Мусаев.Кехат). Вала везарг массо а ву хьуна миска. Цхьадика валаза висина а, вуьсур волуш а стагга а вац (М.Ахмадов. Денисолта).

**Стечалла.** Уст. Супружество (со стороны женской линии).

Ша хьуна езахь, хьан езар яр-кха ша, Ша хьуна ца езахь, нанас дена йина, хьан йиша ю ша, Ша хьайна езахь, стечалла йига ша Бохуш, лен елира ваша воцу Сайлаха (Нохчийн фольклор. Ваша воцчу Сайлахин илли).

**Субхьаналлах1.** Религ. Преславен Аллах.

СубхьаналлахI! Ма тамашийна хIума ду хьо, кхетта наб а йоцуш, гIан-набарш ма ю хIара дуьхьалтуьйсурш?! – цецволу Абубакар (1.Усманов. Къу-берзан буьйса). «СубхьаналлахI, цIена ву-кх Хьо, АллахI! Хьажахьа, селхана ду-кх, дитташ тIехь хIара болх бе ас аьлла, со воьлча, гаьнашший, гIашший сайна тIе деттаделча, там боцчу агIор эргIадволуш, кху стоьмийн массо а дена а, нанна а ас неIалт а, неIалт доцург а кхайкхийна!» – бохуш ойланаш йора СаьIида (А.Абдулкадыров. Бахьана).

**Сунк (-ш).** Прост. Ирон. Клином выросшая бородка: острая бородка. Например: можан сунк (клин бороды).

**Сунна.** Образ жизни и повеления Мухаммеда (а.а.с), рекомендуемые мусульманам.

дика хьаьшна олу Ибрах1иман сунна,
воккхавоь цуо Далла йоьг1на г1ишлеш къуьйсуш,
цуьнан т1аьхьенаша вовшийн герзаш кхуьйсуш,
Ибрах1имана, ян йог11у, юьхьк1ола еш,
х1ор а дийнахь, буса а, вовшийн карах леш (С.Яшуркаев. Иблисан гулам).

Элчано тIедехкина суннаташ дити ахь,
Эхартан кечамна ма ледара хили хьо,
Цу мизан терзан тIе вуьгучу дийнахь
Байттамал хирий-те, Iеса дегI, хьуна?
(Нохчийн фольклор. Назма «Дуьненца гергарло ма чIогIа хили хьан).

Парзел тIаьхьа дора сунт,
Хьайн кIант ларвар деха

Цкъацкъа суртана боккхуш барт,
Хьостуш хьайн воI, нана (Хь.Минкаилов. К1ант ларви ахь, нана).
Дала деза кхоьллина хьо,
Хьан лерам бар суннат ду.
Хаза дуьйцуш, хьо хестадеш,
Эхарт даккхар тхан парз ду (П.Джебирова. Маьлха дуьне).

Хьакъикъат суннаташха суннат ду, Элчанна (1алайх1и ссолату ва-ссалам) дан лиъна а ду. Амма таро елахь а, яцахь а дан т1едиллина дац. Шен таро хилча дича а мегаш ду. Нанас а, муьлххачу а гергарчу стага а дан магийна ду хьакъикъат. Бераш алсам делахь, цхьа бежана царна т1ера ен мегар ду. Хьалха-т1аьхьа аьлча, доьзалхо велла велахь и хьалхавоккхур ву, цул т1аьхьа вокх-воккхачун хьалха ц1е а йоккхуш дийр ду хьакъикъат (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш). Ойланаш ца ян а гIерташ, ной йолчу чу а воьдий, ламаз оьцу Мовлдис. ТIаккха шиъ ламаз до: сунт а, парз а. Ламаз-бисмилла а, аттахьиййат а жимма хозуьйтуш дийши цо, шен ойла Далла гIуллакх дарна тIехь сацийта (М.Ахмадов. Ден сингаттамаш). Цхьана дийр ду тховса суннат-ламаз, Деле доьхуш: «Тхан къиношна гечде!»(Л.Арсалиева. Iуьйкъе, йола тховса хьо сан шуьне). Парзаш а, суннаташ а, тасбихь а, вирд а чекхдаьккхина, 1исматуллах1 шен ден доттаг1чунна юьхьдуьхьал вирзира (Д.Кагерманов. Кхойттаннан тезет). До1а динчул т1аьхьа, сехьа чу а волий, зиярта хьурматна ши рака1ат суннат ламаз до (С.Хусаинов. Зиярте воьдучунна хаа деза).

**Суннаташха.** Проводить по сунне в исламе.

Хьакъикъат суннаташха суннат ду, Элчанна (1алайх1и ссолату ва-ссалам) дан лиъна а ду. Амма таро елахь а, яцахь а дан т1едиллина дац. Шен таро хилча дича а мегаш ду. Нанас а, муьлххачу а гергарчу стага а дан магийна ду хьакъикъат. Бераш алсам делахь, цхьа бежана царна т1ера ен мегар ду. Хьалха-т1аьхьа аьлча, доьзалхо велла велахь и хьалхавоккхур ву, цул т1аьхьа вокх-воккхачун хьалха ц1е а йоккхуш дийр ду хьакъикъат (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш).

**Суорота (Суорота).** Старин. Стоянка для оленей.

Суорота (Суорота) - «Оленья стоянка» - разв. на з. Варанда. Древнейший заповедник, где вайнахи охраняли диких животных, в основном благородных оленей (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Сур.** Старин. Войско, ватага.

В нескольких километрах к югу от Грозного расположены две невысокие горы, называемые по-чеченски *Суьйра-корта. Суьйра* происходит от древнего, ныне почти забытого *сур* "войско". Название, следовательно, означает: "Гора, где стоит войско». И наше утверждение не без основания (из кн. А.Сулейманов. «Топонимия Чечни»).

**Сур (сура:-наш).** Ботан. Явор.

**Сур-хи** (Сур-хи) «Явора (?) речка». Берет начало на северном склоне хребта Суьйр- Корта, где расположен санаторий-профилакторий НГДУ Октябрьнефть. Теряется, не достигая поселка «Железнодорожная больница», в засоренных мусором балках. Явор дерево со съедобными мелкими плодами, напоминающими плоды боярышника. По утверждениям старожилов, на склонах хребта росли смешанные леса, в том числе дикие фруктовые деревья и горный явор. Южные отроги хребта Суьйр-Корта были покрыты смешанными лесами, богатыми дикими фруктовыми деревьями (из кн. А.Сулейманов. «Топонимия Чечни»).

Примечание. В словаре А.Мациева не дано название этого дерева в русском языке [1961:382].

**Сура.** Отдельная глава в Коране со своим названием.

Кегий сураташ Iамийна а девлла, даккхийчарна тIедевлча, гучувелира хIара. «Iам» цIе йолу сурат дара Iамош: кхунна хIинца а дика дагадогIу иза. Цуьнан ах бен дагахь ца Iемира кхунна (М.Ахмадов. Ден сингаттамаш). Цигахь ламин лакхарчу тIегIан тIе дIа а хIоьттина, Къуръан дIадиллира цо. Шина мутаIеламо беана ши стогар лецира аьрруй, аьттуй агIор, серло Къуръанан йозанна тIекхоьтуьйтуш. Янарсас цкъа хьалха фатихьат дийшира, юха керла сурат долийра (М.Ахмадов. Ламчо г1а дужучу дийнахь).

**Сурхолхаз (суьрамхолхаз).** Каракулевая смушка.

Аьрсиг, ша пхьоьхана волуш юйху г1овтал а йоьхна, нохчийн лекха сурхолхазан куй а тиллина, кечдинчу дахкарх даточу баттахь йоккха шаьлта а тесина, Чайн к1отара ваха араваьлча, иза юьйхира (М.Завриев. Теш ма лаца).

**Схьавелхо (й, д, б).** Разг. Жаловаться (мест. 1-го лица) на ког-л.

Цаьрца вара кхуьнаниг а, массара а къардайна, аьрха бер ду бохуш, хаддаза кхуьнга схьавелхош а, хаза ийцича а, хьехар дича а, човхийча а, букъ ма берззийнехь дерриг диц а лой, бераллин амало вадавой, иштта , х1инца ша ддиллина дитина ков санна, шега мел дийцичунна

дуьхьал корта а те1ош, ша баьхна «х1аъ» д1атосий, ловза хьодуш волу (З.Яндарбиев. Церг тоьхна т1уьхк).

**Схьанехьа.** Сюда, к объекту.

- Бакъахьа еана, - хийцаделлачу озаца вистхилира хьархо. -Схьанехьа яла... (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Схьаохьадала (в, й, б).**Спуститься сюда.

Цунна, Кибиев Мусбекана, цхьана башхачу сонера схьаохьаделлера вайн дуьне а, дахар а (М.Завриев. Кибиев Мусбек, дуьне а, дахар а кхетаман куьзганахь).

**Схьат1егулдина (й, в, б).** Собрать в единое. С приставкой – схьат1е десятки других слов можно привести – Д.Б.).

Ма дика ду буса хьекхначу
Луо махо схьатIегулдина,
Лайн дарцо, хьийзош, кхехьначу
Цо цIенош вайн дIахьулдина (Хь.Яндарбиев. Ма дика ду луо диллина).

**Схьакъеда.** Мелкать через чего-л.

ГIеххьа диллина ло селхана кIеззигчу ханна схьакъеддачу малхо жимма дашийнера, амма буьйсанан шелоно иза юха а гIорийнера (Э.Минкаилов. Дахкарлахь).

## Т

**Тажвид (-аш).** Религ. Единобожие в исламе.

Иза Маккара Iабдул-Iазиза деана, тежвидца йоза нисдина, Iусманан зорбанехь арахецна Къуръан дара (М.Ахмадов. Ламчохь г1а дужучу дийнахь).

**Тайра (-наш).** Устар. Узкая тропинка. От слова - тай (нить).

**Сокхмакх ирзо** «Сокхмакх (л.) поляна». Урочище на юго-западе от с. Брагуны, на северном склоне Брагунского хребта. Сокхмакх - кумыкское «тропинка», вероятно, бытующее в говорах жителей Ичкерии сомалкх - в том же значении заимствовано у кумыков. Помимо сомалкх, встречаются в Ножай-Юртовском и Веденском районах и другие термины, например, тайра (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Тайп-тайпана.** Разные. Различные.

Цунна иштта ган еза таухьидан билгалонаш шена гонахарчу Iаламехь а:ел тайп-тайпана долчу оцу Iаламехь массо хIума а ду шен-шен меттехь (М.Ахмадов. Нохчийн г1иллакх-оьздангалла).

**Тайп-тайпаналла.** Различие.

И ерриге Iаламан тайп-тайпаналла – цхьана низамехь, цхьана кепехь, цхьааллехь а ю. Дела цхьаъ хиларан кхин а цхьа билгало ю иза (М.Ахмадов. Нохчийн г1иллакх-оьздангалла).

**Такбир.** Здесь имеется в виду девиз-«такбир»: провозглащение величие Аллаха.

Лере а вахна, ашх1ада далийра ас, т1аьхьа такбир а олуш (М.Бексултанов. Ц1архо). Ас «такбир» далийра. Лаьхьа хьаьрчира сан настарех, дег1ах схьа а ца хьакхалуш (М.Бексултанов. Тептар).

**Такхам (-аш).** Налог, повинность, оплата.

Пачхьалкхан такхамаш бан ницкъ боцчу бахархойн керташкара аьхний, йийбарш д1аехира нуй хьаькkхина (А.Айдамиров. Дарц).

**Там-кам.** Прост. 1.Калым. 2.Удовлетворение.

Там-каме, совг1ат-мовг1ате, дерриге а даьлларг д1алерича, шинне аг1ор болчарна а харж башха йоккха ца хиллера (С.-Хь.Нунуев. Ловзар чекхдаьлча).

**Тало (талабан: в, й, б).** Грабить.

- СаьIад, со вац къу, дIогара Панта-Хьаьжий, Хьуьсий, Iабдий, ИнарлагIар, ЧIонакъагIар а - шу ду къуй. Аш къайлах-къулах таладо адамаш (А.Айдамиров. Дарц). -Х1аъа, ас талабо нехан ц1ий 1уьйдуш, хьарам даьхни гулдинарш (А.Айдамиров. Дарц). - Бакъ боху ахь, Бета. Айхьа миска нах а, жоьра зударий а, буобераш а талош летийначу къинойх цIанвала гIерташ, Далла хьалха ма дукха корта бетта беза ахь (А.Айдамиров. Дарц). Теркал дехьара, Салойн аренаш-кара говр реманаш, даьхний лоьхкуш, гондIарчу къамнийн элий лечкъош йийсаре балош, банкаш почташ талош, и. дI. кх. а (А.Айдамиров. Вайн амалш). Обаргаш, къуй, талорхой, герз лоьху шаьш бохуш, цкъа хьалха ц1енойх хьовсу бохуш, бахьана а х1иттош, бахархойн миска бахамаш талабора салташа а, г1алг1азкхаша а, шаьш лоьхурш ца карийча, бехк-гуьнахь а доцу миска нах лоьцура, т1аьххьара а ериг юрт я цхьадолу ц1енош дагадора (А.Айдамиров. Дарц).

**Талор (-аш).** Разбой, грабёж.

Иштта балош болчу салташа а, гIалгIазкхаша а, кхо де хьалха шаьш тIехь долу цIерпошт Несарехь сецча, цунна гондIарчу гIалгIайн ярташкахь талораш дина, цигахь хиллачу тIамехь

дикка гIалгIай а, гIалгIазкхий а байина бохуш а дуьйцура. Дийцарехь, и кхерам гIалахошна а герга бара (А.Айдамиров. Дарц). ТIамо адамашка мацалла хIоттайо, ша а, шен доьзал а мацалла ца балийта, хIетталц нехан хIуманна тIе куьг ца кховдийна стаг къолана, талораш дан волало. Аьшпаш ботта, ямартлонаш, харцонаш лело Iема (А.Айдамиров. Вайн амалш). Хорачан хьехара к1елхьараваьлла Зеламха, ц1е яккха цхьа а доккха т1елатар ца еш, д1атийнера. Кегий талораш деш меттигаш хуьлура областехь, амма уьш теллича, Зеламха церан декъашхо ца каравора (А.Айдамиров. Дарц).

**Талорхо (талорхой).** Разбойник (-и).

Пхийттара ваьлла кIант герз юкъах а доьхкий дIахIуттура, тIамца, къолашца, талорашца шен сонта майралла гайта гIертара. Нохчийн халкъан иллешкахь буьйцу турпалхой дукхахберш къуй, талорхой бу (А.Айдамиров. Вайн амалш).

**Там (тамаш в сочетании –бара).** В значении - «а вдруг».

«Там бара корта бага бола, тIаккха-м талха ма телха хIара,» - аьлла, ма-хуьллу корта юха а бадийна, ас лога кIел тесна пхьарс чен бага бахара (Хь.Яхъяев.Киртиг).

**Тапх1отта (тапх1ийтта).** Прост. Навеющая тень.

Цу Таркхойн раьгIнашна тапхIуьтту Чоьхьара,
Цу Теркан раьгIнашна лачхIуьтту Дехьара.
Гуьмсанна хIуо кхоьхьу гарманан аренаш,
Мукъаме аз оьхьу хьомсара Ножай-юрт,
Шиъ-шозза ерина вайн хилла Хасун-юрт,
Схьаиэлла схьаийна юххера Iаьнда,
КIесара Мартанаш,
КIайн-Iаьржа Шалажаш,
Котт доккху Котара...
ДIаала, дIаала (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

**Тарг, т1арг, тарч, пирг, пар, пхьарс, туре, кхалкх (кхалкъ), пхо, пезарг, пIелзарг, даргI** - все эти термины обозначают один и тот же предмет - защитное вооружение вайнаха-воина, т. е. боевой щит. Каждый из этих боевых щитов имел свое назначение, определенную форму и размер. К ним же можно причислить и *гIагIа* -кольчугу, по-современному - бронежилет, который изобрели предки вайнахов, как только появились лук и стрелы. **ТIарг** - щит, прикрывающий правую грудь девушки-амазонки. Вначале такой щит делали из обработанной кожи зубра(из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Тасбихь**. Утверждение единства Аллаха.

Суьлхьанаш-кепекаш оьхкина писаллин тай тIе,
Рицкъано Iехийнарш шайтIанна мэл кхайкхош бу.
Со-м тасбихь доккхуш ву ваккхале суо Сирта тIай тIе.
Со Делан кхетамехь Махьшаран майданхо ву (И.Юсупов. Делан лайн ойланаш).

Жам1ат-ламаз деш зударий шаьш белахь, божаршна ца хезчу меттехь зуда хьалхаяла а мегар ду, шаьш ламаз дечу чуьра ара аз а ца хазош, молла кхайкха а, къамат дан а мегар ду. Нагахь санна, божаршца цхьана уьш белахь уггар т1аьхьарчу мог1аре х1итта беза. Имамо салам деллачул т1аьхьа, тасбихь даре ца хьоьжуш, зударий меллаша хьала а г1евттина арабовла беза. Х1унда? Имам ша тасбихь дечу заманчохь малхбузехьа, халкъана т1е схьавирзинчу хенахь, цунна шайн яххьаш ца гайта (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш). 1абдаллах1 кхайкхина а велира. Парзаш а, суннаташ а, тасбихь а, вирд а чекхдаьккхина, 1исматуллах1 шен ден доттаг1чунна юьхьдуьхьал вирзира (Д.Кагерманов. Кхойттаннан тезет).

**Тафсир (тапсир) (-аш).** Толкование Корана.

Къуръанан 2-чу суратан 179-чу аятан тапсиран (кхеторан) гочдаршкахь аьлла ду: «Бекхамах лаьцна шариIатехь болу АллахIан къинхетам боккха бу. Иза бахьана долуш нахана юккъехь кхерамза а, паргIат а дахар ду. Бехк а боцуш стаг вен дагадеанчунна хаьа, ша а цу тIехула лийр вуйла, цундела зулам дарна юхаволу иза...» (Газета Нийсо», 2013 шеран 27 январь).

**Тахвала (й, д, б). ФЕ: тахваьлла Iан:** 1.Совсем ничего не делать, предаваться безделью. 2.Отдохнуть от суеты, хлопот, текучих дел и т.п. 3.Беззаботно жить.

(См.: Д.Б.Байсултанов. Структурно-семантическая характеристика фразеологии чеченского языка. АН ЧР, 2012, стр.63).

**Тахваьлларг (й, д, б).** Прост. Беззаботный**.**

**Тахьтарг (-аш).** Детская игрушка из глины хлопушка.

Тахьтарг – поппарах бина кад бу. Иза куьйга тIе а буьллий, ун тIе я шерачу лаьтта тIе бертал тухуш хуьлу (НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА. Х1от. Джамбеков О.А., Джамбекова Т.Б. 1-ра книга).

**Ташхо (-й).** Устар. Каменный воин.

**Ташхойн рагI** (Ташхойн раг) «Ташхоя хребет». Северный боковой отрог Сунженского хребта. На его восточной стороне расположен Карпинский курган. Ташхой - название исчезнувшего этнического общества. Этноним *ташхой* сложился на тюрко- вайнахской языковой основе, «таш» - камень, «хой» - стража, воины, дозор. В районе урочища «Кхаа куьртие» постоянно находился дозорный пункт, который держали ташхойцы (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Та1ам (-аш).** Наклон головы.

Нускалан кеп х1иттош, к1айчу йовлакхца юьхь лечкъош машенна т1еялориг … кхуьнан йо1 яра. Сов баьллачу та1амо корта хьовзийра ден (М.Айдамирова. Безаман къайленаш).

**Таьк (-аш: лит. – де.).** Самочувствие, состояние.

Юха иза а дIадолура кхо-диъ де даьлча, шен хьалхалеррачу таьк1 тIе охьайоьдура, вогIу-воьду стаг кхаьччий бен цIенкъа боршам хьакха а ца хIуттуш (М.Бексултанов. Терза).

**Тевналла.** 1.Зной, духота. 2.Инкубация.

- Х1окху тевналлехь хьалха оьллина галстук, т1еюьйхина кастом. Цо лелориг гой хьуна? Хьаьнга делахь хаьттира, т1ехьашхула т1ееъначукхуьнан зудчо Билкъиса (С.Цугаев. Г1ан).

**Текхам.** Волокита, канителить.

**Текхаза.** Небыстрая речь.

И текхаза ден къамел т1ек1ирдора, эшаре доккхура, юха цунах хелхаран йиш йора, т1аккха оцу эшарца хелха хьаьвзара... (С.Яшуркаев. Напсат).

**Текъам (-аш).** Причитание, нытье.

Хьоьжу бер б1аьргаш чу
бехк баккхар доцуш,
Текъам бо цо цуьнга,
и кхеташ санна.
Дуткъачу пхьаьрсашца
оза лаг лоцуш,
Са д1алуш, хьаьрчи и
коча шен нанна (Хь.Талхадов. Кхойтта шо дукха ду... ).

Иштта юхаволучех, озалучех вацара и. Вацара текъамаш, балхамаш бечех а. Цуьнан коьрта дерг дахарехь: долуш дерг – ду, доцург – дац (М.Анасова.Шина еган лазам а, марзо а). Шен г1о оьшуш мел волчунна хьанна а дашца я г1уллакхца г1о дора цо, хан а, могашалла а ца кхоош. Цхьана а х1уманна текъамаш, белхамаш бар дезаш вацара (Хь.Бурчаев. Къонахчун дош).

**Текъархо (леткъарг: -аш, -й).** Устар. Древненахск. Главный жрец.

**Васхала** - в церквях и храмах имелись особо почитаемые места с подобным названием. Т. е. это были алтари, которые строились обычно посередине помещения. Жертвенную пищу и напитки, прежде чем их употреблять, ставили на этот алтарь. Молящиеся становились вокруг этого алтаря (чеч. *васхала).* Жертвенное животное, прежде чем предать его закланию, также окружали молящиеся вместе с жрецом, которого чеченцы называли по-разному, в зависимости от того, каким богам и божествам они в данный момент молятся: *долг, цIой, сиелг* (или *сиел), мозгIар, тиекъархо, леткъарг* (или *леткъаш верг), цIовг* и др. Вот этот церковный алтарь и заменял в доме-башне горцу-чеченцу серединный каменный или деревянный столб. Он находился в центре помещения, на том самом месте, где долгое время в священном очаге горел огонь, который обогревал семью, на котором готовили пищу, где висела с самого потолка до самого пола священная цепь, которой чеченцы клялись (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Тела (тоьлуш).** 1.Срать. 2.Давать деньги.

И Жерочун к1илло ша йохка юьгу хьуна, Цунах эцна ахча совг1атна тоьлуш, Цунах делла даьхни урдошна ва тоьлуш, Дела дагаваьлла кхоьллина кхолламаш, Ша дагаваьла кхолламаш бохийна, Ша шена юьгур хьо, х1ай вехачу Дадин йо1 (Нохчийн фольклор. Эла Монцин, Жерочун К1ентан илли).

**Тележурналист (-аш).** Тележурналист (-ы).

ХIетахь цхьаболчу тележурналисташа эфирехь кест-кеста хоттура, вайн яздархой, тIамна дуьхьал язъеш а, бистхуьлуш хезаш а хIунда бац, бохуш (А.Ахматукаев. Нохчийн лар а, яздархо а).

**Телеканал (-аш).** Телеканал (-ы).

I987–I990 шераш… «Перестройка», «гласность»… боху дешнаш хаза дуьйладелира хIетахьлерачу СССР-н коьртачу телеканалашкахула а, зорбанехь а… (М.Заурбеков. 1адлан, ахь йитина дахарехь йовр йоцу лар... ).

**Телерадиог1ирс (-аш).** Телерадиосредства.

Дахарехь а, къаьсттина телерадиогІирсашкахь а дукха кхайкхийна йолу и «нохчийн лар» литературе а ца кхочийла дацара (А.Ахматукаев. Нохчийн лар а, яздархо а).

**Телерадиопередача (-ш).** Телерадиопередача (-и).

Хуучунна хууш ду, 2001-2002-чуй шерашкахь (иза къаьсттина маьІне долчу хенахь) вайн муьран зорбанехь ас мел дакъалаьцна а, тІамна дуьхьал мел-хІун язйина а. Нохчийн литературина юьхькІам хирриг цхьа бахьанаш лелийна ас, зорбане вуьйлуш а, наггахь телерадиопередачашкахь дакъалоцуш а (А.Ахматукаев. Нохчийн лар а, яздархо а).

**Телет1ай.** Телемост.

Карта дІасаоьзна,
Туьллуш телетІай,
Вайн зуьрето боьзна
Маша бостур вай (А.Ахматукаев. Лулахь-кулахь).

**Телехьовсархо (-й).** Телезритель.

«Телехьовсархойн дукккхачу а кехатийн дехаршца оха тахана гойту Польшин йишлакхархо Анна Герман», – дека цу чухула (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна).

**Тем (тем бан, боцу: темаш).** Спокойствие, умиротворённость.

Цуьнан кхераделлачу б1аьргаша, тем боцуш терсаро дагчу орца-карзахе ойланаш туьйсура (М.Завриев. Теш ма лаца).

Дукха ду дуьненахь
Балане х1уманаш,
Тем боцу бер санна,
Хьийзош хьан ойла (Л.Эдильсултанов Дукха ду х1уманаш).

Со чІогІа реза ву вай иштта тем байна Іерна,
Хан тІе ма-кхаьччи бен хир доцче сатуьйсуш эрна,
Ца хууш, дахаран жамІаш дар хир доций нийса
Болийна некъ бина валанза - гара я нийса…
(И.Юсупов. ХІунда ду сатийсар гуттар а гІайгІанах ийна... ).

**Тергам (-аш).** Присмотреть, призреть, наблюдать.

- Разбойникийн меттамотт яккхинчу ярташна генарчу, шун тергамна к1ел йоцчу лаьмнашкарчу, хьаннашкарчу кегийрчу к1отаршкахь бу. Уьш йохае, цигара бахархой аренга, яккхийчу ярташка кхалхабе (А.Айдамиров. Дарц).

**Тергамхо (-й).** Наблюдатель.

- ООН-н кхечу пачхьалкхера волу тергамхо санна, д1а а х1оьттина, х1ун деш лаьтта хьо? – зудчунна оьг1азе яппар а йина, «Шехезарадийн туьйранаш» олучу йийбаран г1уттакхаш схьаийзо велира Къуддуз (С.Цугаев. Г1ан).

**Терге.** Психопат.

**Тергояр (-ш).** Наблюдение, присматривание, обращение внимане,проявление заботы и т.п..

СаьІид-Салихь шайн доьзалехь баккхийчарах вара, цунна тІехь дара кегийчеран тергояр (1.Арсанукаев. Нохчийн литература. 9-чу классан учебник).

**Терг (ю-ю: -аш).** Мед. Прийти в судорожное (припадочное) состояние.

Ванах, иэсах ваьлла те х1ара я терг еъна те х1окхунна аьлла, даг чу иккхира Зеламхина. Хорша еъча санна, вегочу оцу оьрсичун б1аьргаш чохь йогуш мостаг1аллин ц1е гича, ша-шах тапчин лаг озаделира Зеламхе (А.Айдамиров. Дарц).

**Терсмаймал (терсмаймал тур: тарраш).** Австрийская сабля с изображением ревущей обезьяны.

Ва сарахь суьйренца, булучу боданца, Чехка т1ех1уттучу чордачу суьйренца, 1аьржачу вертанца, цу к1айчу г1овталца, Чо чехка чола куй б1аьштиг т1е те1абеш, Терс-маймал туьра т1е деза ка те1адеш, Пхьоьхана лахвелира и Зайтан Шихмирза (Нохчийн фольклор. Зайтан Шихмирзин илли).

Чергазойн, гІебартойн зударша къуьйсуш ва дина духарш
Шен дегІа дуьйхина,
БархІсаболу мажар шен белшах ва кхозуш,
Терсмаймал дуткъа тур шен карахь ловзадеш,
Нанас бер санна, шен нана къинтІераяьkkхина,
Ша ваха ма велира БахІадаран ва Муьстиг
(Нохчийн фольклор. «Дадин-Юрт яккхарах илли»).

Цу кІайчу гІовталца, Іаьржачу вертанца,
Чо чехка чола куй бІаьштиг тІе теІабеш,
Цу гІожана ва метта терсмаймал тур луьйзуш,
Ша аравелира и Адин Сурхо (Нохчийн фольклор).

Болатах дина и
Терсмаймал ва тарраш
Детташ, аш цесталаш
МостагIийн и к1езий (Ш.Арсанукаев. Тимуран тур).

**Тешамаза.** Отсутствие доверия.

Пет1аматан лирически турпалхочо, наггахь тешамазалло дагна, ойланна эшам беш мур баг1ахь а, латкъам ца бо, хьаналчу безаман ц1еналла ларйо (Д.Махмаев. Пет1матан кхоллараллин б1аьсте).

**Тидам (-наш).** Прост. Наблюдение (-я).

Ца хаьа-те хьуна,
Я тидо ца йина,
Хьан бIаьргаш чохь суна,
Сайн амат гуш хилар? (З.Шишханова. Ахь х1унда лечкъадо?).

**Тийжам (-аш).** Стенание, надрывный плач.

Цхьалха, еса, 1аьржа буьйса,
Г1алин деса урамаш.
Г1алин бошмаш евлла куьйса,
Хета, беш ю тийжам беш (Г1.Алиев. Еса г1ала).

**Тирникхаш.** Разг. Раздутые ноздри.

**Ткъаз (ткъаз санна т1еда).** Звукоподражание резкости.

Суьйранна дилхинчу
догIано арахь,
Нохчмахка хоттала тоьхна…
Ткъаз санна тIадийна
лулахойн кхараг
Ду лаьтташ кетIахь ладоьгIна (1.Саиев. Гуьйре ю арахь).

**Ткъап-аьлла (тхап-аьлла).** Звукоподражание неожиданному нападению.

Эццахь тIехьахула ткъап-аьлла веана, тIекхийтира Хьаьрсаниг... (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Ткъарш-ткъирш**. Звукоподражание взрывам и хлопаньям чего-л.

ЦIеран суйнаш лелха, «ткъарш-ткъирш» деш, гена доццуш гIергIа хи, сих-сиха бодий, доццачу хьадарехь лей дIаболу цхьацца седа (М.Бексултанов. Буо). Юха а го чIегIардигаш, доIа чIехкаш[1] хезаш санна, «ткъарш-ткъарш» деш, аьзнаш а кегдеш, шишша-кхоккха цхьаьна дIасахьийзаш (М.Бексултанов. Дахаран хин генара бердаш).

**Ткъаршшехь.** См.: **Ткъарш-ткъирш.**

Догу ткъесах къагош суй.
Бутт а бежа стиглан хьаьрмехь.

**Ткъорше.** Дождливый.

Цара суна гIо до дахар ира, дуьххьара санна ган, ницкъ ло ткъоршечу дийнахь гIийлла дог хьегIа доьлча, ницкъ ло дегIана аьхна мало эшош, юх-юха а болийнчу новкъа хIотта... (М.Ахмадов. Орамаш).

**Товжар (-ш).** Опора (-ы).

Массо агIор хьайх онда бIоболийтина, хьо санна гергарниг суна хир вацарх со тешийна, сан дахаран уггар коьрта дакъа а, уггар чIогIа товжар яра хьо (М.Анасова. Х1аг1 йоцу тхан безам хьанна бу новкъа?.. ).

**Токхдеш** (гл. **токхдан).** Насышающий (насытиться).

Баркалла, ойланаш
ирсехьа кхоьхьуш,
Дог токхдеш дахарехь хиларна хьо.
Кхоьру: сайн лааме
кхача йиш йоцуш,
Вайшиннан безамах хадарна со (Хь.Джебиев. Ца хезна аз).

**Токхонехь.** Жить в сытости, в достатке.

Дависа, елар-кха соьца хьо, нана,
Сайн берийн бераш а гонаха даьхна,
Марзонан, безаман токхонехь яха…
Сан нана, елар-кха соьца хьо тахна (Л.Галтаков. Дависа, елар-кха… ).

**Токхъхила.** Чувствовать себя сытым.

[1] Стигал къиэкъаш. Диал. – Д.Б.

Дависа, елар-кха соьца хьо, нана,
СапаргІат, дог токх со
хир вар-кха тІаккха.
Синтеман, аьттонан гІовла хьан хилла,
Хьо ларъян ницкъ а соьгахь ца хилла (Л.Галтаков. Дависа, елар-кха… ).

**Токхъян (д, б).** Насышать.

Къомо сатуьйсучун, цуьнан дог-ойланехь орам тоссий, бух хуьлу, национальни идея олу цуьнах. Цхьана чкъорера вукхо схьаоьцуш, ойланца, кхетамца токхъеш, заманца нисъеш д1акхоьхьу ишттарниг (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Тотал (-ш: диал.).** Диал.Медвежонок, медвежата.

Уьш буса лелара, хьакхарчий а, черчий а, тІаьхьа херсеш а, тоталш а йолуш (М.Бексултанов. Дегабаам).

**Тоххарехь.** С давных пор, давн, уже.

Дуккха дика хууш хилла, масала, Атаг1ара Мехкан кхеле мила вахийта веза, иза ваха хьакъ хилар цуьнан амало а, г1уллакхаша а тоххарехь гайтина дела (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). - Меттахвалал, - элира цо эвхьаза, - хьешара волу хан дІаяьлла тоххарехь. Тиша божал ду ах чу а хьаьрцина льтташ (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Тоъалла.** В достаточном количестве.

ЦІийнада хьуьжаре
ХІинцца дІавахана,
Цигара схьавале
Тоъалла хан ер ю (1.Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь).

**Тудаз (-аш: тудаз).** – Устар. Обувь, которую носят шлёпая, волоча. Семантика «тудаз ян» в переносном смысле означает сделать, создать видимость чего-либо» - делать что-либо кое-как, небрежно и т.п. [ЧРФС, 1992:230].

**Тудар. Связь**.

Цхьа некъаш ду-кх, цхьа некъаш ду,
Ша хе хІуьттуш тудар дина (Х.Зуцаева. Вайшиннан довзар зезагашлахь Іена).

**Тулг1ешха.** Словно волны.

Белшашца тулгІешха
Кхерста шен ши чІаба,
Бухк санна, бен-башха
Доцуш цо лецира (1.Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь).

**Тумар (тамар: -ш).** Рогоз (болотное растение). Тумаран зІок (Тумаран зок) «Рогозы клюв» - хутор на с.-з. склоне горы Гелин Корта (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Тунгаре (тунгареш).** Берлога (берлоги).

Сан хІусам экханан тунгари ю хьуна,
КІел буьллу кІеда мотт гІа-бецаш ю хьуна,
ТІетосу сан юргІа шийла дохк ду хьуна,
ГІовланна ас буьллург акха тІулг бу хьуна,
Мацвелча ас юург попан ковст ю хьуна,
Хьагвелча молуш дерг бецан тхи ду хьуна,
Тешаме сан накъост шийла герз ду хьуна (Нохчийн фольклор. Халкъан илли).

Ца йицлора Веана г1ап – и кхахьпанийн, хьакхарчийн тунгаре (А.Айдамиров. Дарц).

**Туо (-наш).** Годовалая рогатая овца.

Сан са дерриг а – ойла а цхьаьна – тхайн юьртахь, кІотарахь дара, тхайн классерчу берашца. Дадас Рашиде цхьана тайна урс хьакхийтина, кхаьрзина дог-пах а диъна, тхаьш дІадийша дІасакъаьстича (четара чохь дадий, сой – Рашид жа йистей), суо боккъал а лам чохь вуйла хиира суна, бегашийна а доцуш (М.Бексултанов. Кехат).

**Туре (-ш).** Устар. Боевой щит. Название закрепилось в чеченском языке. Щит делался из лозы молодых побегов породы дерева туре, так называемого "железного дерева" - тиса, негноя и обтягивался кожей. Позже, как и другие щиты, его стали ковать из меди (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Туржа1 (бу –бу: туржа1аш).** Разг. Ахинея.

**Турпалалла (-ш).** Геройство, подвиг.

Иза цхьа а турпалалла (подвиг) гайта езаш хІума а дац, парггІат, ойла а еш, шен са а доІуш, кхаа баттахь бан декхар долуш болх бу (М.Ахмадов. Антологис хІиттийна хІетал-металш).

**Турсло (-й).** Старин. Воин.

Х1ара дешнаш суна духхьара Лечин иллешкахь хезна(кхечахь а хила тарло): дарс, анаков, турсло, пхьеда, тушпхь (П.Абубакарова. Леча Абдуллаев. Илланчех дош).

**Тутмакхалла.** Тюремное заключение.

Я хьайн вахар доза доцуш
Хир ду моьттуш 1ехавелла?
Лела-те хьо, тергам боцуш,
Тутмакхалла соьга делла (М.Амаева. Безаман тутмакх).

**Туш.** Прост. Место стоянки (войска, стады и т.п.).

Г1аьттинарг тешна ву,
Кхетта ву воьжна верг;
Туьшан таж – пхег1ойх ву,
Туьш лазам – туьшна берг (Хь.Яхъяев. Г1аьттинарг тешна ву).

Стигланан лил 1ена лаьтта,
Синошна ахналла луш,
Адмалло жил-1алам хьаста,
Шовкъехь ю аьхналлин туш (С.Элисханов. Дахаран седа).

- Цкъа шаьлта а ластий-Іш, юха туьша воларх тІом бар ца хуьлу. Гой шуна паччахьан эскар: бийшар а, гІовттар а тІемалойн санна ду церан. Коьртехь лаІтташ хьаькам а ву. Цо бохург, Дала аьлча санна, салташа кхочуш а до (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). БІеннаш шерашкахь яхчаелла, кхиъна дІахІоьттинчу нохчаллин туш хилла лаьттина йолчу Нохчмахкахь дуьнен тІе ваьлла а, кхиъна а вара и башха стаг (Ш.Цуруев. Гадаев Мохьмад-Салахьан прозех а, публицистикех а, гочдарех а).

**Тушпхьа.** Устар. Древне-чеченск. Город-столица.

цуьнан ерриге а конституци цхьана статьях лаьтташ ю
Х1ОРА А ОХ1ЛАНАН БАКЪО Ю КХУ МАХКАХЬ КАШ ХИЛА
цуьнан тушпхьа НЕНАН Х1УСАМ ю
(А.Бисултанов. со веха пачхьалкх ДАЙМОХК ю).

Х1ара дешнаш суна духхьара Лечин иллешкахь хезна(кхечахь а хила тарло): дарс, анаков, турсло, пхьеда, тушпхь (П.Абубакарова. Леча Абдуллаев. Илланчех дош).

**Туьллиг (-гаш).** Прост. Нижтожество.

Болх бан ца лууш, дечга-пондарш а лоькхуш, хьаьжкІийн луьйдигаш чохь чІогІа томка а доттуш, маларш муьйлуш, сакъоьруш лела туьллигашший, Дела вац мел аьлла мунепакъашший вовшах еттаъеллера шайн вежариша хьацаршца, цІийца гулдинарг дІадаккха. ХІай, веза Дела, ма барам ца хиллера цаьрца гулъеллачу гамонан, оьгІазаллин, сутараллин! (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Тховк1ело (-наш; -ш).** Навес (-ы).

Мел гена воьду со
Тховк1ело лаха,
Дог 1ийжаш битина
Сайн беза мохк (1.Бечуркаев. Даймахках къастар).

Б1аьсте шен бакъо ерг к1ел ца дуьтуш йоьдура, вуьшта аьлча сийналло буьзна бай кхиош, стоьмашна г1а а , заза а дат1он маршо луш, сагалматаш шайн готтачу, бонанечу х1усамашкара арарчу ц1еначу х1аваэ дохуш, иштта адамаш а, мох а чухьийза аьтто болчу, не1арш, кораш доцучу тховк1елошка дохуш (В.-Хь.Амаев. Б1аьстенан цхьана суьйранна).

**Тхоьха (шуха, цараха и.д1.кх.).** От нас.

Хелха шарша хьайн когаш кІел Іуьллучу ялтийна тІехула! ХІокху дикачу балхе сатийсинерий ахь? Тхоьца ма йола хьо. Хьо тхоьха ма яц, салташца йола (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Тхьизарма (-аш).** Прост. Головокружение (-я).

Коьрте тхьизарма еана охьаюьйжира и зуда (авторское предложение).

**Тхьос (тхьуз, тхьоз, тхьус).** Прост. 1.Онемение. 2.Отлежать.

Кога тІе хьалахІоьттира Цаьпцалг. Ша тІехь Іиллина агІо тхьос боларна, сацавелла, астагІ а лелхаш, хьалавеара четар долчухьа (Хь.Яхъяев. Хине йийца г1айг1а). Я Аллах1 Дела, мичара ели хьо кху пана-махка? Цец валаро инзар ваьккхина, вистхила г1оьртича, кийрара аз ца долуш, тхьус воьлча санна, меттах а ца хьалуш 1уьллура к1ант (А.Раисов. «Хуур ду хьуна, хьайнаш кхиъча...»).

**Тхьуьйса (тхьевсина).** Прост.Почувствовать сквозь дремоту.

мохь хилла къорачу
бердашца хьевзина
мох хилла яйра и
сан дагчохь тхьевсина (А.Бисултанов. Хьайбахахь язйина байташ).

т1ехь дисна лаьттан бакъ

дог1ура тхьуьйсура
доьдура ца соцуш
ша шега луьйчуьра (А.Бисултанов. Хьайбахахь язйина байташ).

## Т1

**Т1ададалла (т1уналла).** Влажность. Намочить (в обобщённом смысле).

Цо цигахь ши буьйса йоккху, стаг лачкъалла йолчу хьиэхахь, меттан тIадалца цу а бууш (М.Бексултанов. Цу дийнахь, Нохчийчохь, и жима к1ант вийначу диийнахь).

**Т1айра (-ш).** Струя.

Сайна гина гIан дагахь а долуш (айса цIенкъара хи дIадаккхар), сих-сиха чермига хьожу со, – хи боккъал а гIийла догIу, цхьана юьткъачу тIайрица дог1уш (М.Бексултанов. Милу ву-кх , ша милу ву хууш).

**Т1ак-т1ака.** Звукоподражание шума веселья.

Ма цхьана ца дог1у цу чохь дека т1ак-т1ака а, х1окхуьнан бакъабеллачу кийрахь етта вота а! (М.Айдамирова. Дахаран аг1онаш луьстуш).

**Т1алп (-еш**). Лепёка свежевого коровяка в форме лепёшки.

Кхон т1алпа юккъе баьхьира ког. Йовхонан самукъне кхаьчначу цо шена улле баьхьира (С.Яшуркаев. Пасха). Т1аккха йоккха ц1е латайора... доккха жижиган т1алп а доттура... (С.Яшуркаев. Картолаш).

**Т1алх (-аш).** Старин. Старьё.

«Сел ерстина йолчу хьан куча чу-м со санна йолу иттех йоI а гIур ю», – аьлла, ела а елла, дехьарчу яьлла, иту хьаькхна, чIарх-аьлла шена тIера кучан тIалх а шарйина, хаза шен юьхь-куьг а дилина, чIаба йина, месаш хьала а хьарчийна, кечъели Амина (Ш.Окуев. Лай т1ехь ц1ен зезагаш). Чу а хьаьдда, цхьа масех т1алх схьа а эцна, раманаш бух ца яхийта, корийн б1аьргаш а аьтта, со кет1ара охьаваьлча, Асхьаб шен керта уллохь лаьттара, ц1ийнехьа д1а а вирзина, буйнахь цхьа г1аж а йолуш (М.Бексултанов. Со самаваьлча, вилхира).

**Т1амар-т1анга (т1амара-т1анга дола (й, в, б).** Разг. Прост. Довести чего-л. до белого калена (о состоянии: разогнавшись, быстроте и т.п.).

Худаели лаьттах саьнгарш
Малхо нур тIекъарзийна.
Мохо, баьлла тIамар-тIанга,
Iа дIалоьллу бIарздина… (1.Саиев. Б1аьстенан мукъамаш).

**Т1ап-олий (т1ап-аьлла).** Разг. Звукоподражение: исчезнуть без следа и слуха.

Юха а хьаьжна, чечанхочо аьлла: "Варийлахь, хьо волчуьра меттах ма валалахь, дуьненчуьра т1ап-аьлла вовр ву хьо" (Нохчийн фольклор. Сатира а, забар а). Т1аккха бевдда т1апъаьлла байна наьрт-аьрстхой (Нохчийн фольклор. Наьрт-аьрстхойл тоьлла Куллуби).

ООНан йоккха зал егош,
кхозу люстраш чуэгош,
массо а шайт1а шех хьегош…
Юха, и долччохь, чубужу тхов…
Иблис, т1ап-олий, гучуьра дов… (С.Яшуркаев. Иблисан гулам).

Цхьа тоба хьалха а йолий, д1аболош хилла болам… «фирман» дахьаш веанарг шен провокации а йой, т1апъ-олий, вовш хилла… орцах дог1уш долу эскар а дац, ду аьлла герз а дац… Нохчийчоь паччахьан эскар а тоттий, ярташ ягош, эзарнаш х1аллакбеш, эзарнаш Сибаре кхуьйллуш доьрзуш хилла… тобанех висинарг, «суна и хир ду ца моьттара… туркойн паччахьа тешнабехк бира, хьенеха ас аьлларг ца дира, важа хьенех дехьа велира… важа сехьавелира», - олий, бехказа волуш хилла… (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Цхьа Iа дIа а даьлла, шолгIачу Iаьнан хьалхарчу баттахь, шен ден мел долу деши а, ахча а эцна, «тIап» аьлла, яхана-йоьлла меттиг боцуш, оцу суьйиличуьнца тIепаза яйра-кх цу Жовбетаран йоI (М.Бексултанов. дахаран хин генара бердаш). ТIап-олий, тхайн юьртара вов со. Цхьа ханъяьллачу хенахь, гучуволу (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна). – Схьагайтал, Джабраил, хьайгар а турмал, – элира Рашида, суна юхxе охьа а хууш, – дIавала, яра боккха синкъерам бу хьони, а йоI кхуза хилар, цунга хьоьжуш, де тIап олий, чекхдалу сан, – аьлла (М.Бексултанов. Кехат). «Шхьан-драшш» олий, нуй сона ластабой, и цхьа нана-лекха к1ажош долчу тупленашка «т1ох-т1их» дойтуш, «къа-къикъ» олий, йоьдий, дехьа чу йолучу не1арехь «т1апп» олий, йов х1ара (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Т1арикъат (тарикъат).** Религ. Путь познания Аллаха.

Т1арикъат,
шари1ат кхочушдан нийсса,
Хьуьнар лохьа, Аллах1,
Хьо везачарна!
Хьаналниг даларца,
луш долу рицкъа,

Тхо Хьайн къинхетамах
махьрум ма дехьа! (А.Дибиров. Ва1занаш).

- Со жинашца тайна а вац, эвлаяъ, я шайх а вац, ткъа Иласхан-Юьртарчу Хьажас ваийтина ву. - олура. - Массо юьрта а воьдуш х1ара тарикьат д1акхайкхо хьалха вала везаш вара со, нах бохор хьалха а даьлла. и юкъахдисна (Хь.Яхъяев. Дакъа).

**Т1арч (-аш).** Старин. Щит.

**ТІорчие** (Торчие) - урочище на в. стороне Хьевхьа. Название сложилось из *тІарч* - щит (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Т1аьнчак (-аш).** Разг. Ирон. Хромой.

ТІаьнчак цІе а йолуш, цхьа астагІа стаг а хилла цигахь Іаш (НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА. Х1от. Джамбеков О.А., Джамбекова Т.Б. 1-ра книга).

**Т1аьхьаваза, -рг (й, д, б).** Следовать, быть привеженцем.

Бехкамийн кепаша
къийлина са маьршадуьйлуш,
Даьндаргал масъяьлла
хьийзаш ю дІо хелхаюьйлург,
Цо тІаьхьавазориг
вирзина шовкъечу хорше,
Пондаро са кІамдеш
со а дІавоьху цу хорша (А.Ахматукаев. К1енташа, когаш к1ел... ).

**Т1аьхавазар (й, д, б).** См.: **Т1аьхьаваза, -рг (й, д, б).**.

Дуьххьара вохийча, вохоран бехк кхуьнан шен бора наха. Шен са а, шен дегІан чархаца лела цІий а харжар стеган шен лаамехь хуьлуш ду аьлла, харцонна тІаьхьавазар санна хІума дара и – хуьлуш ма дац и иштта, Делан лаамца бен (Хь.Яхъяев. Марзо).

**Т1аьхьаг1атта.** Встать за уходящим: народный обычай так провожать гостя.

Хьо дІаяй даимна,
Хьо дІаяй тІепаза,
 тІепаза…
Туьйранахь санна, хьо малх марахь,
 дІатевжина.
Со тІаьхьагІеттинчохь висна кегделлачу тІемашца,
Сан хІинца ойла а язъелла шен энашна (Ш.Цуруев. Сан деган и терхеш).

**Т1аьхьакхиам (-аш).** Последовший успех, последовавшие успехи.

ХІара тайпа тІаьхьакхиам чІогІа мехала бу вайна, хІунда аьлча кху тІера дІа вешан ойла кхио атта долу дела (А.Тумчаев. Стенна т1ера долало г1иллакх?).

**Т1аьхьахьеха.** Заманивать, привлекать, зазывание за собой.

– Ахь тІаьхьахьехна хир бу уьш? - ара пІелг хьажийра Хамовс (А.Айдамиров. Дарц).

**Т1еаьлларг (-ш).** Дополнительно сказанное.

– Да хьакхица вала хьан, нана хьакхица ялла хьан, ваша хьакхица вала хьан, йиша хьакхица ялла хьан. ТІаьххьара тІеаьлларг-м ала мегар долуш дац (Хь.Яхъяев. Беларехь лела велар).

**Т1евеана (й, д, б).** 1.Пришлый. 2.Подошедший.3.Примирить, не мстить.

**Т1евита (й, д, б).** Снять запрет, помиловать, простить; не мстить, не преследовать и т.п.

**Т1евосса (й, д, б).** Обычно без приглашения явиться: прибыть в гости.

Оцу заманахь кхузахь, хІоккху юккъехь, цхьа хьаша вара сан, со тІевуссуш (А.Айдамиров. Дарц).

**Т1ек1ирдан.** Нагнетать. Повторяя много ещё раз.

Турпална т1ек1ирдеш 1ожаллин ц1ен дог1а,
Не1алт-нажжаз кхайкхош, Селас хьоькху ц1ог1а
Латтанаш бухдохуш, стигланаш чу1енош,
Шех ца озавелларг цо т1евоьху шена (З.Сулейманова. Пхьармат).

**Т1едеттар (-рш).** Преувеличение.

Селханлерниг диц сиха ло вайна я цуьнах туьйра, илли до, т1едеттаршца кечдой д1ало т1аьхьа бог1учаьрга, варийлаш, вай борз ехкинчу буса дина, аьрзунан бенахь кхиъна ду шуна, олий (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Т1едузар (-ш).** Дополнение (-я).

Дег1ана зоьртала а, маттана ванне а шера воцу Далий, хаддаза векашший, цхьацца хьийзош бен 1алуш воцу Гомий ванне а цхьаьна вог1уш-м цахилла, делахь а цхьаьнгахь доцург вукхо т1едузар хирг хила тарлора и шиъ цхьаьнатоьхнарг (Ш.Дашаев. Ши доттаг1 захало эцна вахар).

**Т1едуха** (сущ.). Надеть (в обобщённом смысле).

Оцу берашкахь дерг го-кх хьуна. Іай кху чуьра арадовла де дац церан. ТІедуха а дац, когадуха а дац. Берзина бу (А.Айдамиров. Дарц). Ткъа шийлачу 1ай махках а баьхна, Сибрех д1абигахь? Берий-м ьовха, баккхийчеран а ац т1едуха а, когадуха а (А.Айдамиров. Дарц).

**Т1едухург (й, б).** Одежда, всё, что надевается и тот, кто одевается.

Хилча а х1ун дора цунах, са а къералуш т1едухург ца хилча (А.Арсамирзаева. Ненан дог).

**Т1екере (т1екеренаш).** «Шапочное» знакомство, общение, быть знакомыми.

Ша балха дІайоьдуш цо олура: «Делкъа хенахь даха а гІой Суьдан хьалхара баккхий нах чубалабелаш. Царна ламаз дан меттиг кечъелаш. Зайнап, ахь подвал чуьра помидорийн а, варенин а банканаш схьаэций, хІума кхаллийталаш цаьрга. И нах дІабоьлхуш царна тІаьхьа кетІа довлалаш. «Дала маслаІат дойла шуна юккъе алалаш» – олий тІекаренаш юьтий дІайоьдура (З.Эльдерханова. Вайн наной, йижарий... ).

**Т1екерхо (т1екерхой).** Знакомый, который изредко общается.

**Т1екхийла.** От слова единств. числа – «повадить»: вызвать.

Все харшо, все парядке, работает люди, молится виремие нету» – олура ас. Ахшарахь иштта тІекхиллира со (М.Бексултанов. Дахаран хин генара бердаш).

**Т1екъовкъа (т1екъекъа).** Здесь в смысле «грубоотсчитать» - ругать на кого-л.

- Шаьш бехке дац боху аш? - царна тІекъевкъира иза. - ХІокху юьртана мел хиллачу бохамашна бехке шун дай а, шу а ду! (А.Айдамиров. Дарц). Цхьамма а ца сацош канцеляри чу ваьллачу Іелина, цицигачух тера мекхаш а дусийна, мукадехкачух тера ши бІаьрг а цІийбина, цхьана хІуманна-м оьгІазвахана СаьІадана тІе-къекъаш Хамов карийра (А.Айдамиров. Дарц).

**Т1ек1аван (й, д, б).** Приблизить к себе.

Дукха тІе ца кІавахь а, йоІа кхин шех къехкош а вацара дехьа юккъерчу хьархочун ИсмаьІалан кІант Олхазар (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). Царах дІатарвала лаар доцург. Юьхьанца хІара тІекІавира. ТІаккха дІатеттира. «Барзо шел гІийланиг накъост ца хоржу», - кица дагадеара Бекмарзина (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Т1ек1авар (й, д, б).** Приближение к себе.

**Т1ек1елвала (й, д, б).** 1.Опрокинуться 2. Разлёгся.

Бакъе а, цкъа кху тІекІалваьлла lуьллучу девешех дагавала со?! (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Т1ек1ирдан (й, в, б).** Нарастая темпом.

И текхе ден къамел т1ек1ирдора, эшаре доккхура, юха цунах хелхаран йиш йора, т1аккха оцу эшарца хелха хьаьвзара... (С.Яшуркаев. Напсат).

**Т1елеларг (-ш).** К кому-ч.-л. приходящий (-ие).

Цундела хІинццалц цхьана а моллина ца лаара Къуръан нахана нохчийн маттахь довзийта. ТІаккха уьш бекъа, Іедало бохкучунна тІехь латто а хала хир дара моллина. ТІаккха жайнеш даха луурш, соьмаш кхийдош тІелеларш а кІеззиг хир бара (С-Хь.Кацаев. Динан философи).

**Т1елеста.** К кому-ч.-л. часто навещать надоедливо.

– Аш бен-башха а боцуш, маьl-маьllера нах тlелестабо бохуш хезна тхуна lедална дуьхьал болу нах-м бац уьш? –олий, говрашкахь схьалелха буьйлабеллера стохка дуьйнна районера lедалан нах (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Т1елхагбовла (й, в, д).** Превратиться в лохмотья: обнищать.

Хьанна хаьа, ламанашца бехаш болу цуьнан х1ирий хила мегара цунна б1аьргашца гуш болу нохчий санна, т1елхагбевлла, мезех а буьзна, кхеллин хьожа а йог1уш (А.Айдамиров. Дарц).

**Т1елк (-аш).** Устар. Диал. Палец, пальчик, напёсток. Ср.: **Т1ерк (-аш)** – палец.

**ТІарин ирзе** (Тарин ирзе) «Тари (лесная) поляна». Урочище на западе от Гудермеса, где находилось одноименное поселение. ТІара - имя первопоселенца, открывшего поляны путем выкорчевывания леса. Редкое собственное имя, возникшее, вероятно, как уменьшительно-ласкательное: «ТІара» (от тІерк, тІелг - древне-вайн. палец) наперсток. Имя давали малышу за его хрупкость и миниатюрность (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Т1емаг (т1ам; т1емагаш).** Концы женского платка.

Зуда, кІез-кІезиг йогІуш, маслаІате еара. БІаьргех корталин тІемаг а хьаькхна, доккха садаьккхира цо... Шина зудчо шайн корталийн тІемагех дина шеддаш а даьстина, дато соьмаш кховдийра (А.Айдамиров. Дарц).

**Т1епаза.** В словаре А.Мациева не указано основное значение данного слова: пропасть без вести.

Цо дІаяйира вайн кхерчара цІе. Ткъа сийдоцчу мостагІашна, ши салти а вуьйш, дуьхьалваьлла хьан да, оцу йилбазмахо, ваьхьна, тІепаза вайира (М.Ахмадов. Ненаца къамел).

**Т1епинг (т1епанг) (-аш).** Вулкан.

Хийла г1ийла ойла йо ас къайлах.

Б1аьрса серладолу, кхетча наб.
Дов даг т1ера т1епингаш сан г1енах,
Доггах суна белакъежа нах (С-М.Гелагаев. Юкъахъялла хан).

Дикка ойлаеш а Іийна, Янарсас цуьнга дуьхьал аьллера, заманца ца хийцалуш дуьненахь цхьа а хІума а дац, и лаьмнаш а тІехь; церан хийцамаш ган цхьана стеган зама ца тоьа, амма и хийцамаш хуьлуш бу, вайн бІаьрсино ца лацарх; уьш масийтта шарахь жим-жима хуьлуш дІабоьлху, я цІеххьанна эзарнаш шерашкахь ІаьІнарш цхьана дийнахь хуьлий дІабоьрзу – лаьмнаш тІепангех лелха я уьш хиллачохь хІорд хІутту; ткъа къематдийнахь хиндерг дуьйцуш хьуна а ма хезна: и даккхий лаьмнаш чу а детташ, Дала хІара дуьне, кераюкъ санна нисдина, шар дина дІахІоттор ду бохуш; цкъа а хийцам боцург вай кхоьллина вайн Дела ву, гуттар а хилла а, гуттар а хир волуш а ву, шен хьалхе а йоцуш, шен чаккхе а йоцуш (М.Ахмадов. Ламчо г1а дужучу дийнахь).

**Т1ера** (к примеру: т1ера хила). Склонный, приверженный к чему-л.

… керлачу говзалло
Собар ца до,
Керла говзалла
Цу кхерамех ца кхоьру,
Вайн говза говзалла
Цунах тасаяла ю тІера! (С.-С.Бадуев. Керлачу говзаллица).

- Ялол, г1ой хьайн веше схьакхайкхал. Кху тайпана даарна т1ера вар-кха и (Хь.Яхъяев. Марг1алле хатта).

**Т1ерадахар (-ш).** Убавления, исключения.

Шега а эцна, тІетохарш а, тІерадахарш а карадо (Ш.Дашаев. Алия).

**Т1етевжийла (-ш).** Опора (-ы).

Цигара топонимикин (меттигийн цІераш), ономастикин (адамийн цІераш) ю-кха вайн тІетевжийлаш-тоьшаллаш (С.-Хь.Нунуевн интервью: «Литература къоман синкхетам кхио безаш ю...». Эцнарг ву Хь.Бурчаев). Йина мохк, йина нана – уьш бен яц цунна шен дахарехь г1ортораш, т1етевжийлаш, хьехар деш, цуьнан дог хьаста ницкъ болуш. Т1аккха вай кхета-кх нохчийн зудчун-ц1енненан, х1усамненен – декхарех а: нохчийн юкъараллехь бераш кхетош-кхиоран тешам зудчунна белла хилла, къаьстина йо1 кхиорехь (Хь.Бурчаев.Ахматова Раисин деган иллеш).

**Т1етовжам (-амаш).** Поддержка (-и), опора (-ы).

Іаламат ша-тайпа, тамаш бина ца валлал сиха кхиъна а, идейно-исбаьхьаллин агІо шуьйра йолуш а ю цуьнан литературни тІаьхье. Литературехь цо бинчу белхан маьІно а, цуьнан дахарехь хиллачу нийсачу идейни тІетовжамо а СаьІид Бадуев Къилбаседа-Кавказехь баьхначу художникийн хьалхарчу магІаре дІахІоттаво», – иштта лаккхара мах хадабо Бадуевн кхолларалли вайзаманан литературоведенехь (1.Арсанукаев. Нохчийн литература. 9-чу классан учебник).

**Т1етт1а.** Сойтись влотную.

**Т1етт1аг1орта.** Вплотную приблизиться.

**Т1етт1адаржо.** Растилать одно на другое.

**Т1етт1адахка.**Укладывать друг на друга.

Массо а иштта гуш а вара, тІеттІадехкина бІаьргаш а долуш, бІарзбелча санна, вовшийн лоьхуш, куьйган пІелгашца, балдашца а (М.Бексултанов. Г1ум-аре).

**Т1етт1адог1а.** Вплотную уплотнить, ставить.

**Т1етт1аетта.** Всё вплотную ударять друг за другом.

**Т1етт1акарчо.** Катить вплотную навстречу друг другу.

**Т1етт1акхета.** Удариться друг о друга.

НеІарш чІоггІа тІеттІакхийтира, ахтобус дІа а йолалуш (М.Бексултанов. Г1ум-аре).

**Т1етт1акхиа.** Встретиться друг с другом.

**Т1етт1акхозо.** Вплотную повесить друг другу..

**Т1етт1акхосса.** Вплотную бросить друг на друга.

**Т1етт1акъарза.**Озираться друг на друга.

**Т1етт1акъовла.** Прикрепить друг на друга.

**Т1етт1алалла.** На охоте гонять добычу с двух сторон.

**Т1етт1алато.** Склеить, сварить предметы

**Т1етт1анисвала.** Наткнуться (ножиданно)друг с другом.

**Т1етт1аолла.** Повесить друг на друга предметы.

**Т1етт1атакха.** Ползти навстречу друг на друга.

**Т1етт1атаса.** Бросить вещи друг на друге.

**Т1етт1ата1а.** Подвинутся теснее наклониться друг на друга.

**Т1етт1адахийта.** Вплотную присесть друг на друге.

**Т1етт1ахила.**Двинуться теснее друг друга.

**Т1етт1ахьада.** Вплотную ринутся друг к другу.

**Т1етт1ахьарчо.** Вплотную закатать друг к другу.

**Т1етт1ахьовзо.** Закрутить, свёртывать, накрутить друг на друге.

**Т1етт1ахьажо.** Подогнать, приладить друг на друге.

**Т1етт1ах1отта.** Поставить одно на другое.

**Т1етт1ашарша.** Скольжение друг другу.

**Т1етт1аюха.** Надеть одно на другое.

**Т1етт1а1отта.** Соединить одно с другим.

**Так и другие глаголы чеченского языка** могут образовать совершенно новые формы.

**Т1ехбеттам (т1ехбеттамаш).** Оскорбительное напоминание одним о позорном случае о других.

Делахь а буьрса амал йолчу ГушмацIас, цкъацкъа ша оьгIазвахча, тIехбеттамаш бора, Iиттарш йора зудчунна, ен кхерамаш а туьйсура (А.Айдамиров. Дарц).

**Т1ехиндерг (-ш).** Будущее в последствии.

Соьца хилларг иштта а дара, ас лахахь ма-дийццара. Т1ехиндерг-м ца хаьа суна я муха, мишта доьрзур ду а (М.Бексултанов. Ц1архо).

**Т1ехьажарехь.** На взгляд.

ТIехьажарехь гIийлачу шен дикчу цу динан
Ва букъ тIе тиллира цо и тиша къохкан нуьйр,
Шен юкъах дихкира цо тишделла шен герзаш,
Ша тIаьхьавелира и ледарчу гIирсаца
Исмайлин ДудагIар бахначу цу новкъа (Нохчийн фольклор. Исмайлин Дудин илли).

**Т1ехьарса.** Сыпать что-л.

Х1ума г1еххьа т1етухуш дийцар ду вайн амалца, жимма романтика олучу х1уманан х1ур т1ехьорсийн цунна «чам» беш (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Т1ехьатаса.** Прост. Откинуть назад.

Арми т1ехьатесначул т1аьхьа, оццу шарахь ахьа бохуш дерг а дан тарлуш ду. Ши шо дукха хан а яц (И.Джабиров. Со йите хьо ма г1олахь... ).

**Т1ехьэккха.** Перепрыгнуть, проскочить.

**Т1еяккха (д, б).** Поставить наверх.

Лаьмнашкахь вайн 1алам мел хаза го.
К1ордор дац Даймохк хьоь
хаддаза хьежа,
Бакъо т1еяккха ахь доьналла ло
(Л.Эдильсултанов. Сан Даймохк, сан Нана, сан Нохчийчоъ).

**«Т1ит1».** Прост. Звукоподражание. Совершенно ничего не знать и непонимать; не иметь никагого понятия о чём-либо.

Дийр ду ша олу хьан президента, амма дина,
айса цига х1оттийчахьана, т1итт1 а ца гина! (С.Яшуркаев. Иблисан гулам).

Цхьаъ-м хиллий хууш, «т1ит1» д1а аьлла вист а ца хуьлуш, «къолт1» олий, цхьа нана-боккха дечка 1айг чорпи чу бохуьйту ас (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Т1овх1-аьлла.** Звукоподражание к быстрому уходу.

- Ткъа шу бIаьсте ма еллинехь, «тIовхI», олий, дIалелхий, дIадоьлху (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Т1омак1ело (-ш).** Подкрылье.

ТIаккха корта гара бохуш, цхьацца бIаьргаца хьежа хIуттура. ТIаьххьар а тIам а бахбой, тIомакIело кIамъян долалора (М.Бексултанов. Олхазаран къа а).

**«Т1орш (ткъарш)»-аьлла.** Звукоподражание. Когда что-л. лопается.

Салам ло ас сайн доттаг1чуьнга – «парх» аьлла хьалаиккхина «т1орш» оьккхуьйтуш сан куьйгах куьг тоьхна, «бапп» суна мара а иккхина, «вабб» аьлла юха шен г1ента кхеташ воллу-кха (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Т1о-т1улг (-аш). Графический, мелкий камень**

Г1ала юттуш лахара т1о-т1улг хьала кхоьхьуш йолу б1арзнаш бечу балхахь шаръе лла хилла, шаьш лело дезарг хууш (Нохчийн фольклор. Хьекъал долу зуда).

**«Т1ох-т1их»-аьлла («т1ох»; «т1от1ох»-аьлла; «т1ах-т1их»-аьлла и т.п.).** Звукоподражание стрельбы).

«Шхьан-драшш» олий, нуй сона ластабой, и цхьа нана-лекха к1ажош долчу тупленашка «Звукоподражание т1ох-т1их» дойтуш, «къа-къикъ» олий, йоьдий, дехьа чу йолучу не1арехь «т1апп» олий, йов х1ара (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар). Вархl велча санна 1ен вайн нуц жимма меттаваийта «т1от1ох» олий, стоьлах 1айг тухуш, хатта ма хотту ас: «Х1ун хилла вайна?» (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар). Т1аьхьа хеза суна церан чуьра «т1ох», «з1ов», «г1ашт», «д1ов», «г1ов», ва къап-къарс, ва х1уя, бусалбанаш! (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Т1оьхуле (-ш).** Поверхность.

Амма литературехь хила а, йиса а юьхькIам болу стихаш а дукха ю цаьрца. Масала, «Ас нана елхийна…», «Со нанас доIанна айбинчу куьйгаш тIехь кхиъна…», «Вижо догIу илли…», «ЦIерпоштан некъ», «ХьаргIанийн бодано…», «Еарин буьйса», кхин а, кхин а, кхин а. Уьш ерриш а мехала хета суна, цаьрца йолу ойла а, амал а, церан хатI а, чухуле а, тIоьхуле а нохчийн хиларна (А.Ахматукаевца 1-Б.Арсанукаевс эцначу интервью т1ера: «Ойла а, амал а нохчийн хила еза...).

**Т1ула (-наш).** Устар. Камень.

**Ташлы бет** «Каменистый склон». Урочище на северном склоне Брагунского хребта. «Таш» - тюрк. камень, однако бытует в вайнахских языках и в значении «камень обилия», камень, из которого делают мельничные жернова. Древнейшие зернотерки до сих пор чеченские старики называют **таш-тIула,** где первая часть **таш** и вторая **тIула** обозначают камень. От второго - **тIул(а)** произошли: **тIо** - масса камней, **тIом** - война, сражение, битва, **тIулг** – камешек (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»). От т1ула (камень) произошло чеч. мужское имя – *Т1ула* (из наших источников – Д.Б.).

**Т1улгадиг (т1улгадагарш).** Устар. Каменный топор.

«Кхийрдиг» состоит из двух основ: «кхийра», «кхера» - камень и «диг» - каменный топор. Ср. «кхерам» - опасность. «ТIулгадиг» - каменный топор. «ТIо» - масса камней для ведения боя, сражения, «тIом» - война, битва, сражение. Все эти факты говорят о том, что ранина Чечни была освоена человеком еще с древнейших времен и жили здесь предки современных чеченцев (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Т1улгапхьар (т1улгапхьераш).** Каменщик.

Ша къона волчу хенахь, масех оьшу говзалла караерзийра СоIдас: дечигпхьеран, тIулгапхьеран, эчиглаторхочуьн (Хь.Яндарбиев. Кавказе бог1у некъ).

**Т1урт1аз (т1уртаз валлац <мала>).** Напиваться до умопомрачения сознания.

Округан начальнико хьай-на тIедиллинарг схьадохьуш вогIу, кхузахь тIуртIаз вал-лалц къаьркъа а муьйлий, дIавоьду (А.Айдамиров. Дарц). Т1е Вербицкийн метта висина цуьнан г1оьнча Аверьянов а, г1алин хьаькам Воробьёв а оцу дийнахь, малар мийлина, т1урт1азваьлла 1иллинера (А.Айдамиров. Дарц).

**Т1уьрлиг.** Прост. Ложь.

**Т1уьхк (-аш).** Незрелые плоды.

Сийначу сирлачу стигала хьала а хьаьжна, кисанашка доьхкинчу куьйгийн хьакхоргаш дег1а те а те1ош, когара чохь лелон к1архаш ца хуьйцуш, техкина-а, вахна, керта юххехь 1уьллучу сийначу г1ашка а, масех т1уьхке а хьоьжуш лаьттара Гада: цхьа т1уьхк церг а тоьхна охьакхоьссина яра, хетарехь, муьста а хетта (З.Яндарбиев. Церг тоьхна т1уьхк).

## У

**Ув-вай (!).** Звукоподражание вздоху и выдоху усталости.

– Ув-вай, Нана, гIуллакх ма хаза до цо! – элира Бетин зудчо Маржана. – Ша хьан марйишин йоIал Зезагал жима йоллушехь, чу горгамаш хьокхий, пхьегIаш юьлий, даьхний Iалашдой – и дерриге а ша дина яьлча, йоьдий, Зезаган бедаршна иту хьакха хIутту-кх хIара. ХIетте а цуьнан си тIера охьа ца йолу Зезаг (Ш.Окуев. Лай т1ехь ц1ен зезагаш).

**Уг1ам (-аш).** Устар. Вой, причитание.

Юьрта т1е йог1у б1аьсте 1адош, хезинчун садукъош и уг1ам нийсса стигала хьалабахара (С.Яшуркаев. Напсат).

**Узаре.** Причитание, похожее на вопль.

Мухха а набаран, х1окхуьнан б1аьргийн, дег1ан кхоччуш барт ца товш, шен раг1 яькххина, чекхъелира и узаре буьйса (Д.Кагерманов. Кхойттаннан тезет).

**Улд1ашха.** Мимоходом.

Цуьнан къаьсташ хебаршка яханчу юьхьтIерачу яьллачу беснешна тIехула охьахьада меттиг а ца хилла, цунна ихина хи, мера улдIашха тачанаш а хIиттош, охьаихинера (С-С.Бадуев. Бешто).

**Улх (алхаш).** Соты пчёлиные.

Нохчийн литературехь жанр санна и дош – улх Хьасанби Яхъяевс далийна карадо. Масала: (Хь.Яхъяев. Зомби. Улх).

**Уой.** Возглас возмущения, изумления и удивления.

Денисолта. Со-м ма веана кху чу!
Азман. Уой! Ван а ма веана! ЦIеэскархо Букъарш!
Дуьхьал мохь хеза: «ХIо-вай!» (М.Ахмадов. Денисолта).

**Уойт (уойт1).** Выражение восхищения.

«Уойт1, маржа-я1!» Цу юкъана дуьненан ерриге харцо кху жимчу соне схьагулъелира (Л.Абдулаев. Буьйсанна, хан яьллачу хенахь).

**Урарташ.**Народ, проживавший народ в царстве Урарту приблизительно в 3 тыс. до н.э.

Кхо-диъ эзар шо хьалха даьхначу хурриташ, урарташ олучу къаьмнийн йоза (урартская клинопись) туьдуш, Iилманчаша пайдаоьцу хIинцалерчу вайнехан меттанех а. Ширачу урартийн, хIинцалерчу нохчийн меттанашкахь цхьаьнайогIуш алссам меттигаш карайо (1.Арсанукаев. Нохчийн литеатура. 9-чу классана учебник).

**Урхалча.** Калька с русского языка.Управляющий.

– Дика гIуллакх ду иза-м. Сан аьтто хилча, ас цхьаьнга а кхочуьйтур бацара и бахам. Бакъдерг дийцича, хьо урхалча оьцур вацара ас, – бегаш бо ас (М.Ахмадов. Массо х1ума а ду хьесапехь).

**Ух1.** Звукоподражание выдоху от усталости.

- Ух1, ас цхьа х1ума дийца хьуна (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Уь**

**Уъжа (-наш).** Старин. Военная добыча, трофеи.

**УьжантIи** (Ужанти) «Добыче на» – уроч., на ю.-з. окр. Возм. здесь когда-то делили военную добычу, захваченную у военного противника. Уъжа – военная добыча (скот, драгоценные металлы, оружие и т. д.) (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Уьнан (уьнан шарахь, уьншарахь).** Видимо, указывает на год, когда вспыхнула чума (из народного календаря).

- Ас шуьга, юха а, аш дина х1умма а дац боху,
ца динарг дина бохуш, ца дог1ун совг1аташ доху,
адам ша ду и дешдерг, уьнан шерашкахь дуьйна,
шуна шайна а дукха дика хаьа иштта дуйла (С.Яшуркаев. Иблисан гулам).

Гуьржи цу юккъе ца богIу – уьш пачхьалкх кхоллалуш, юхуш, юха а меттахIуттуш схьадеъна къам ду, уьншарахь дуьйна схьа чIагIделла (я хилла даьлла) къам а долуш, культура а, литература а, философи а кхиъна, цаьрца нийсса – искусство а, кинематографи а йолуш (М.Бексултанов. Матто кхуллу Даймохк).

**Уьне.** От *ун* - зараза, эпидемия.

Акхарой д1акъехка, лаьхкина б1о санна,
Хин татолаш 1ена, къаьхкина жа санна,
Дийна йолуш санна, лела лаьмнийн тархаш,
Син 1ожалла 1еттош, г1ерг1а уьне мархаш (З.Сулейманова. Пхьармат).

**Уьншарахьлера (-рчу).** Незапамятных времён.

Уьншарахьлера вайн
Тептарийн агIонаш хоьрцуш,
Хьеели, узаршца
Самаюьйлуш йийшина чевнаш (М.Анасова. «Шина деган лазам а, мазо а» т1ера).

Бен доцуш луьсту ас
Календарь уьншарахьлера.
Абаде дирзина
Д1адевларш
Кхин хир а дац (Р.Ахмаров. Календарь луьстуш)

Аьлча а, дийцича а бакъ дац олий, наха тIе ца лацарх, хилла-лелларг ца кегош ца Iа иэс, ша теш хилла, я хуучо дийцина шех кхетта, карахь дисна, хIунда аьлча, ша дIакерчарх, хан хене яларца хенехь, хенаца карлаюьйлу хан, васт хуьций, уьншарахьлера хилам а денло (Хь.Яхъяев. Зовби). …ГIуллакх, олуш ма -хиллара, уьншарахьлерчу хиламашца доьзна дара. Тхан деда Лагаш лаьцначохь вайнера. И лацарна бехке тхан тайпанан нахана кхуьнан деда Межад хетара (Э.Минкаилов. Маьлхан дог1а).

**Уьншо (-аш, уьншаре и. д1.кх.).**1.Год эпидемии. 2.Незамятных лет.

Гуьржи цу юккъе ца богIу – уьш пачхьалкх кхоллалуш, юхуш, юха а меттахIуттуш схьадеъна къам ду, уьншарахь дуьйна схьа чIагIделла (я хилла даьлла) къам а долуш, культура а, литература а, философи а кхиъна, цаьрца нийсса – искусство а, кинематографи а йолуш (М.Бексултанов. Матто кхуллу Даймохк).

Ас кхоччуш ч1аг1дина чекхбаккха и
Уьншаре са кхоьхьу ц1ийн аьрха хьехам,
Дуьненан есаллехь ца кхолла кхин
Синтемо адамна лазам бо лехам (А.Бисултанов. Тешам).

Уьншарахь хьакхар ца хьаькхначух терра,
Цхьа ирча цIийзар цо долийна хIинца
(Ш.Цуруев. Айми чохь, гу болчохь керчар ца лагIдеш)

ДоIанан дош латтош сайн байтан багахь,
Уьншерийн бодашкахь хьоь хьоьжуш Iийн со…
Доьдучу бIешарахь вай вовшийн ца гахь,
Галъяла герга ду безаман нийсо (1.Юсупов. Эзар шо д1адаьлла хьо суна езаш... ).

Ца хьахош дитинарг ца хилла моьтту,
Уьншерех дайн чарташ ца дозу моьтту –
Таронийн дай хилла – пекъарийн цIий мелла (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

**Уьхьиг (-аш).** Прост. Кончик.

Стихан жанр билгалъяккхар а аттачарех дац. Кхузахь нохчийн лирикин кхаа жанран уьхьигаш хаало: до1ан, леткъаман, назман (Л.Ибрагимов. Гадаев Мохьмад-Салахьан феномен).

## Ф

**Фарз (фардзаш).** Религ. Обязательное в исламе. Что и «парз» в чеченском языке.

Фарз-закатан а, мелан саг1анан а дозалла хууш ду. Д1алуш верг сийлахь ву, д1аелла х1ума Далла гергахь карор йолуш ю Цуьнн пурбанца, Веза-Сийлахь ву Иза, Мизан-терзан т1ехь хир йолуш ю (С.Муртазаев. Саг1адехар – сийсазвалар).

**Фатихьат.** «Фатихат» - сура из Корана.

Цигахь ламин лакхарчу тIегIан тIе дIа а хIоьттина, Къуръан дIадиллира цо. Шина мутаIеламо беана ши стогар лецира аьрруй, аьттуй агIор, серло Къуръанан йозанна тIекхоьтуьйтуш. Янарсас цкъа хьалха фатихьат дийшира, юха керла сурат долийра (М.Ахмадов. Ламчо г1а дужучу дийнахь).

**Фирман (-аш).** Фирман (-ы). Послание, указ, приказ с подписью турецкого султана.

Схьавог1уш хилла цхьаъ. Во, борз ехкинчу буса бина майра нохчий, ша Туркойн паччахьо ваийтина, х1ара «фирман» а ду шегахь цунна тоьшалла, шу ка тоьххина к1айчу паччахьана дуьхьал г1овтта деза, шуна г1онна кечдина дукха герз а, дог1уш эскар а ду новкъахь, со хьалххе шуьга хаийта веана… (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Фольклорталлархо (-й).** Собиратель фольклора.

Халкъан барта произведенеш билггал волчу цхьана стагера схьаевлла йоцуш, еххачу заманахь, йоза цахилар бахьанехь, халкъа юкъахь барта йуьйцуш, цхьана чкъурера тIедогIучу чкъуре кхочуш, схьаеана ю. Ткъа уьш кхоьллинчу иллиалархойн, дийцархойн, туьйранчийн цIераш заманан йохаллехь лар йоцуш яйна (НОХЧИЙН ХАЛКЪАН БАРТА КХОЛЛАРАЛЛА. Х1от. Джамбеков О.А., Джамбекова Т.Б. 1-ра книга).

**ФСБ.** ФСБ.

- Тхуна г1оьнналлина аьлла валийна ву аша х1ара? ФСБ-с леррина кечвина кхуза ваийтинчу шайн палестински моллане, тхуна ца оьшуш долу г1о дан а ца г1ерташ, иттаннаш шарешакахь шайн коьшкала а хевшина 1аш болу жуьгтий д1абаха ала! (Хь.Тухашев. Гулам).

## Х

**Хазарехь.** Понаслышке.

Некъахочунна хазарехь, и юкъаметтигаш цуьрриг а тоелла яцара ткъе ворхI шо хьалхачул (А.Айдамиров. Дарц).

**Хайраза.** Без пользы.

Шен къомах ца вешарг –
Хайраза вожа ду (Ш.Цуруев. Шен къомах ца вешнарг).

“Хайраза чекхдолу хьакъ диъна сом,” –
Иштта ас дегара дешна...
Нохчийчоь, юха а дIайоьхки хьо-м,

Саьхьарчу бIаьргаша хьешна
(А.Аматукаев. Нохчийчоь. Нохчийчоь. Хьаьрчи хьох тIом...

КIентан кхин цу тIе воьдийла а ца нислуш, Iуьллучохь яхка а елла дIаелира цIока, чен чарх а яйра хайраза, чагIалкхийн даар а хилла (Хь.Яхъяев. Киртиг).

**Хакер (-ш).** Хакер (-ы). Ломшик и проникающиц в чужие компьютоеы.

Вай царна х1ума ала, уьш бицбе ала г1ертац, уьш шайн заманан нах а, къонахий а хилла, амма динберийн зама яхана, кибернетикан, комьютерийн, программистийн, нанатехнологин, «хьакераш» олучийн зама ю арахь (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Халбат (халбата хаан).** Религ. Пребывание и размышление о загробной жизни: проведение 40 дней и ночей в специальной яме. Разновидность отшельничества в исламе.

Со юкъагIоьртича шеконийн девнна
Царалахь машар бан тешамна гергахь,
Сан байташ, чIийш санна, дог хьокхуш девлла,
Халбата ховшу сан безаман цIергахь
(И.Юсупов. Дуьненан буйнара б1ешеран аьлха... ).

Сан бIаьргийн кIоргалле халбата хиина гуьйре,
Хьан бIаьргийн кIоргалле халбата хиина Iа,
Декъала хиллера ахь суна кхоьллина туьйра-м,
Декъазниг хиллера-кх ас цунна дIаделла са
(Х.Батаева. Сан бIаьргийн кIоргалле халбата хиина гуьйре).

**Халлас.** Арабск. Конец.

- Х1ара синкъерам я ловзар а дац! Тоьар! Мацах цхьаммо баьхначунний а дайна – халлас! (Хь.Тухашев. Гулам).

**Халсту** (напр.: халсту дIаелла - семантика первого компонента затемнена, смысл таков: убрать, ликвидировать и т.п., препятствия для движения).

**Хаамаза.** Не зная, не ведая.

**Хамза** (к примеру, «хамза ваьлла (й, д, б) лела» - криво поступать). Поступать неправильно.

Дукха байна, доцуш каро каш...
Хамза даьгна наха дийна кхаш а,
БIаьвнийн кхерчахь – оьрсийн
блок-посташ.
Ваха, ван а некъ бихкина хаша...
Маьрша синош Iийжош, кхехка даш!.. (А.Уциев. Йоьхна г1ала... ).

Нохчийн меттан сий дайта лууш верг, байракхаш лестош, митингаш еш, иза юкъара д1аболуш бу бохуш, мохь-орца дохуш, хамза ваьлла лела ца веза (Н.Пашаев. Бусалба сан Нохчийчоь).

**Ханеха.** Старин. Имеется в виду покой.

**Яйна тIаьхье**. ЭхI, хьо Iалам, эхI, хьо мохк, эхI, ханеха!.. (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

**Ханрота (-наш).** Старин. Стоянка дозора.

**Ханрота** (Ханрота) «Дозора стоянка» - уроч, на ю.-в. (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Ханъялларг (-ш).**Пожилой.

Хаддаза д1асалелаш, цхьаъ вукхул ц1армата а йолуш, ханъяьлларш – къаьсттина, ахберзина зударий а бара, хаьржина бахкийча санна, лекха а болуш, п1елгаш санна, дуткъа к1ажош долчу мачаш т1ехь, вовшашка г1азкхийн мотт а буьйцуш, хьийзаш (М.Бексултанов. Гучувала).

**Хартмарте.** Грубовато, шершаво (говорить, делать что-либо).

Нахана ца хуун, ца гун х1уманаш а дац кхузахь хьехош, хьуна т1е1оттаделларг нахана т1е а 1оттаделла, сов а 1оттаделла, хьуна гинчул сов гинарш а, хьуна хуучул сов хуурш а, хьуна хьеха шортта дерш бу а, олу айхьа хьайга, делахь а, оьшу тхуна х1ара къамел, тахана ахь хьайна хетарг эр, мел хартмартен алахь а, кхана вукхо - шена хетарг, ахь дийриг т1е ца лоцуш ала а тарло цуо, цхьана кхечо шена хетарг эр ду, иштта вовшахкхета а деза тхан жайна олий, хета… (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Хар-хир. Сонные выдохи вздохи**

Шена ч1ог1а наб кхетта кеп х1оттийна х1усамдас. Хар-хир деш 1ачу майрачунна т1ех1оьттина зуда, кхо чо баккха (Нохчийн фольклор. Адам-лилбаз).

**Харцдуьне.** Прост. Грешный мир.

Цуьна дахар даима а вайна лаьттар ду, кху харц дуьненахь шен оьмар стага чекх муха яккха еза бо- хучунна масал а хилла (Хь.Бурчаев. Къонахчух дош). Дуьненан Кху харцдуьненан боллу бахам а цуьнан буй хууш ду (С.Яшуркаев. Иблисан гулам). Барт хатта боьлча, тIаккха тIаьхьа

хир ду доцу бахьанаш лехьо, кийтарлонаш ян. Иза Iехалур вац хазачу хабарех, белхарех. ХIокху харцдуьненахь хьеший бен дац вай. Бакъйолу хIусам цигахь, бакъдуьненахь, ю вайн. Шийла а, бодане а хир ю и Далла гIуллакхдарна пе биттинчарна (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). - ХIан, дIадоладели хьуна, – элира Бекмарзас, вела а озош. - Бакъдуьненахь хIуъу а хилахь а, хIокху харцдуьненахь-м шена гIазот даьккхина воллуш воллу хьуна БатIал (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). Амма диканиг, харцдуьне мел харц делахь а, Веза-Сийлахь волчу Дала харцо гуттаренна а тулуьйтуш цахилар ду (АБДУЛАЕВ Адам. Хаамийн тайп-тайпанчу хьсотанех пайдаоьцуш. Кху харцдуьненан а ю шен ца тоьлча ца тору нийсо).

**Хаск (хескаш; хуьск (-аш).** Кожаный мешок.

Со ги хаск3 а доьллина – цу чохь юург яра, – гIаж буйна а лаьцна, дIаволавелира, Рашида (тахана тIера мода-хIума а йоккхуш), чохь Iийр вара ша а, аьлла (М.Бексултанов. Кехат). Са дайча ц1а а муха г1ур ву, некъашкахь обаргаш бу. Бохуш, нахеа и хуьскаш схьайохуш и берзалой а ю, буьйсанна царна т1еваха мила ваьхьар ву? (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

Ламаз а эцна (ламаз дан хьалхе дара), говрана нуьйр а тиллина, де кхолахь а аьлла, гатанан палаш а, ц1енчух цхьа гали а – экха ер нислахь а, – ч1оьрбалш а кечдина, яах1ума чохь йолу хаск нуьйран х1оьънах д1а доьхкуш, говран юьхь а лаьцна (бергийн тата ца хазийта), новкъавелира со цу буса (М.Бексултанов. Ц1архо).

**Хастамбан.** Славить, хвалить.

Хилла ву. Волуш ву.
Даима хир ву.
Сийлахьниг жил-1алам
Ша кхоьллинарг ву.
Заманца 1аламаташ
Ша кхоьллина волчу
Рахьманна хастамбе,
Ша цхьа-цхьаъ волчу (А.Дибиров. Ва1занаш).

**Хатар (-ш).** 1.Непроизвольное действие: Масала: стаг хатарца вер нисделлера цуьнан. 2.Выход газа из человеческого организма.

**Хаттийла (-ш).** Возможность спроить_ задать вопрос.

Хаттал тахана и дагадог1ий шуна. Хаттийла а яц и цаьрга… мичахь бу тахана? (С. Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Хат1доццург.** Неприемлимое, неприличное, неэтичное..

**Хат1доццучохь.** В самое неудобное время, месте.

Цхьана аг1ор-м хаза а хуьлу х1уманан ойла ца еш веха хан, делахь а, шен хенахь ца йинарг т1ейог1учо йойту, хат1доццучохь а нисло ишттарниг, къаьхьонца а хуьлу иза, хьуна хьайна а ца лаьа и т1елаца, амма вала меттиг йитац цуо, г1орадохий охьадохку хьуна моьттинарш, тарделларш, хьо 1ехавелларш (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Ваха а воьдий хат1доччохь меттиг схьалоций, т1аккха и меттиг къийсара (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

**Хат1е.** Виноватость.

К1едачу томкин цигаьрка гар – хат1е хила ду (М.Баснакаев. Доцца бакъдерш). Маккхал санна корта охьанехьа а болуш – хат1е хилар ду (М.Баснакаев. Доцца бакъдерш).

**Хах-аьлла.** Звукоподражание к покою, снятию напряжения, раслабления.

Милцо, цхьадика, юха ца хьаьжира. Ахьлуддис шен карара, газета юккъе хьарчийна йолу ахчанан бонг меллаша урни чу кхоьссира. «Хах-х»-аьлла парг1атделира дог (С.-Хь.Нунуев. Д1а ца кхаьчна кхаъ).

**Хаъанн.** Знать не знаю (часто употр.с гл. -ца хаьа-не знаю).

И разбойник Ведана округерчу Хорачахь вина мог1аера нохчо, беж1у ву, цхьанхьа а цхьа а дешар дешна а, цхьа 1илма хууш а вац, оьрсийн мотт хаъане ца хаьа (А.Айдамиров. Дарц).

**Хаьнт1игалла.** Прост. Прхрамывающая походка.

Хьо синкъерамехь хиъна Iийр ву, хелха а ца вуьйлуш, хьайн хаьнтIигалла а ца гойтуш (С-Хь.Нунуев. Лулахой – 2).

**Хаьнт1иг (-аш).** Прост. Ирон.Хромой.

Сулба: *(Цецволий)* Во-о-о-о, деяла ахь дуьйцучун! Хьо санна чамбоцу хаьнтIиг ма ца еза цунна а, цунначул а сов цуьнан нанна а (С-Хь.Нунуев. Лулахой – 2). Цхьа хIума ю кхузахь, хасстоьмаш тIехьа балхахь болчу зударийн учетчик ю бохуш. Мотт бетташ лелаш ю, хаьнтIиг. Дош дацара цуьнан и шоллагIа ха а цадойча! (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Хезехь.** В пределах слышимости.

«Селехьат, сихо ел,
Ас хьо цецъяьккхина,
Саметта даладел,

Вуй хезехь стаг хийра?» (1.Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь).

**Хела** (билгалдош). Диал. Изнежанный (-ая).

хела йо1-йиша а
йоьдуш чух1уттура
во1-ваша а
вог1уш чух1уттура (А.Бисултанов. Хьайбахахь язйина байташ).

**Хела, хело** (часть речи - глагол). Потерять голос.

Воьрзуш со Iаламе дIа,
ГIа-бецийн техкарца хьийна,
Байтин сан хелар ю Iаь (1.Падаров. Ас кхин а язйийр ю байташ).

Раж а лоций, до,
Хела доIанаш,
Хьаькам воьхуш, до.
Оцу кIуркIманехь,
Са а доьлла пис,
Бевза-безарех
Хаьдда, лела и (А.Ахматукаев. Дарж).

**Хелхарча (-ш).** Прост. Танцор.

Кхечу пахьалкхе, (Чехословаке) хьошалгIа дуьххьара йоьдуш яра вайн ансамбль. Тхо хелхарчаш а дигира Чехословаке (М.Махаева. «Сайна Дала деллачу озаца буьйцу ас нохчийн мотт». Диктора Гайтукаев Ахьмада елла интервью).

**Хенаго (-ш).** Диал. Круг времени.

«Ас куьйгалла дечу пачхьалкхехь дуьне толлу карта а, шой, кIирий, бутт къаьста хенаго1 а, адамийн сибаташ гойту суьрташ а, цхьа а тайпа куьзга а ма хуьлийла», – олий (М.Бексултанов. Паччахь).

**Хенах1оттам (-аш).** Погода.

Адамаш хенах1оттамах (погода) хуьлуш ду, цкъа белалой хуьлу, т1аккха кхоьлина хуьлу (М.Баснакаев. Доцца бакъдеш).

**Херехь (хийра).** В дали чего-л.

Хьуна гена ваьлча,
Херехь зама яьлча,
Даго лоькху зурма
Суна хьо хетара (М.Дикаев.Ман Даймохк).

**Хетарехь.** Кажется.

– Критика кхиарций бен ца хуьлу литература йовзар а, кхиар а. Хетарехь, литературана некъ боккхуш, жимма цул хьалхаяьлла йогIуш хила езара критика (А.Ахматукаевца Арсанукаев 1абдул-Бара интервью: Ойла а, амал а нохчийн хила еза... ).

**Хийламмо.** Многие.

**Хийланна.** Многим.

-Къонаха хила, 1усман, къонаха. Иштта киртигаш ю дуьненан. Хийланна т1ех1иттина уьш. Амма собар хила еза. Хьан ен, цуьнан нийсаройн – тхан а, тхешан дай, вежарий т1амехь эгча, б1аьргех хин т1адам ца баьлла (А.Айдамиров. Дарц). Вешан карахь а дац вай, наха ловзо даьхна ду, доьхкина вай, ваьш дохкина. Дукха х1ума дайина вай вешан селхана, дукха чевнаш йина вешан г1иллакхашна, церан маь1на дицделла хийланна, диканехь а, вонехь а вайн юкъаралла т1ехь лаьттина и ца харцийтуш хилла бух бу и г1иллакхаш, и ду церан коьрта маь1на (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Хилам (-аш).** Случай (-и), событие.

Аьлча а, дийцича а бакъ дац олий, наха тIе ца лацарх, хилла-лелларг ца кегош ца Iа иэс, ша теш хилла, я хуучо дийцина шех кхетта, карахь дисна, хIунда аьлча, ша дIакерчарх, хан хене яларца хенехь, хенаца карлаюьйлу хан, васт хуьций, уьншарахьлера хилам а денло (Хь.Яхъяев. Зовби).

Нохчийн поэзин антологи араяьлла аьлла хезча, чIогIа самукъаделира сан: нохчийн маттахь книгаш наггахь бен йовлуш а яц, ткъа и тайпа академически издани араялар-м вайн къоман культурехь а боккха хилам бу (М.Ахмадов. Антологис хIиттийна хIетал-металш).

**Хиндоцург (-рш).** То, что не сбудется.

**Келисат** (*цецйолуш*). Со – хьоьгий?! Ликбез чекх а яьккхина, кехат-пондар локхуш йолу со – куьг яздан дезачохь пIелг таIош лелачу хьоьга?! Коьрта тIехь цхьа а мас йоцчу, къелла «къикъ» бохучу хьоьга – со кхаа вешин йиша, шайн долахь берхIитта бежана а, шиъ говр а йолчу кхаа вешин йиша, со – цIарна цIе яхана кхаа эвлара ялх кIант тIехьийзаш йолу со? Ма хиндоцург ду иза! (М.Ахмадов. Денисолта).

**«Хинт1».** Прост. Звукоподражание. Шмыгать носом.

Юха куьг лаьцна, чувуьгуш («хинтI» аьлла, мара цIанбина, куьг тухуш, чан а яьккхина), вазвала санна, пуьташ буьттуш, айхьа боргIал а эккхийра бохуш, Гуди а хьайх дедира бохуш, нана тIаккха хьох «цецъюьйлуш», «цок-цок» деш, «тамашаш» беш (М.Бексултанов. Бераллера хьан бералла).

**Хинтатол (-аш).** Канавка воды.

…х1унда, гуттар а, цкъацкъа, х1оразза йо1, зудабер я сесаг – адамашлахь я ша цхьаъ, хенан гаъ карзаха хьовш, мас тохалуш, г1одаюкъ сетташ, ша-шеца санна, дуьненца ша (синан цхьалло хьаьшна хьажар – хьан лазийна г1айг1а а эцна), хи т1ехула, 1индаг1 санна, яйн шершина хьуна т1ехъяьлча ( къона хазъелла, хаза х1оьттина), ч1урамах терра, механ 1аь санна, гу аьнехь[1] к1айн дакх санна, йо1, зудабер я сесаг уллохула д1ат1ехъяьлча, и мукъамаш мичара бу-кх, мичара схьахеза-кх уьш, д1огарчу йо1а, д1айоьдучо – цкъа а гина а, евзаш йоцчу – шен синан лар юьтуш санна, хьо генна шена т1аьхьавоьхуш, бераллера дуьйна схьа ккуза, кху суьйренга, шерашка д1а, к1айчу кехатех кеманаш а деш – х1урдакеманаш, – хинтатолца ахь хоьхкучу хенахь санна… (М.Бексултанов. Геннара хьиэг1а мукъам санна).

**Хинт1айра (-наш).** Диал. Мостик через речку.

– Муха, цIий ду? – ас катоьхча, дIакатоьхча, схьалаьцча, сан марара, карара сан, – кхачалу хинтIайра санна, – хьо шершшина охьаяхана, охьакагъелла, охьакхетта (М.Бексултанов. Къастам).

**Ховжаре** (ховшаре). Прост. Посиделки.

Тохар со студент волуш, каникулашка веача шайна юкъавуьтуш вара со цара. Ц1авеаний ма хиъи д1а а-м кхойкхура шайн ховжаре (С.Яшуркаев. Нажжаз).

**Ховшалг (ховшалгаш).** Стол. На языке ирдановски чеченцев - Иорданехь бехачу нохчийн маттахь.

**Хоийла (-ш).** Прост. Сидение.

Мирзий, Кулдевиччий, меллаша шаьшшинан хоийлаш а эцна, текха тIехилира (С-С.Бадуев. Ц1еран арц). Хьалхарчу куьзган б1аьргашна т1едетта ло-дог1а цхьанаэшшара д1асахьоькхучу щотканашка хьаьжнначохь са акхадаьлла 1ан жима стаг а, цициг санна, хаба а хебна, т1ехьарчу хоийлехь д1атийна хазачу аматехь зуда а ша-шен ойланаш еш дара (З.Яндарбиев. Буьйса). Рамзан, оцу хенахь, шен г1ам-г1им а деш, шен хоийлера сехьа а ваьлла, веана кхунна хьалха д1ах1оьттира (З.Яндарбиев. Буьйса).

**Холчохь.** В тяжёлом состоянии, положении.

Гуттара холчохь латтийна къам ду нохчий. Цхьана а тобано лардина дац, Везахинволчу Дала к1елхьарадаькккхина оцу тобанаша лар йоцуш дойучуьра (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Хоре (харе).** Дуплистый (обычно о дереве).

**Хорданг.** Доходяга.

**Хот1алла.** Чувство виновности.

Х1ора т1екхуьучу чкъуре д1ало цхьана адамаша шайгара ийман, оьздангалла, дикалла, къинхетам, комаьршалла, тешам; кхечу адамаша нисса цунна б1остане дерг: 1есалла, хот1алла, волла, къизалла, писалла, зиналла (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**«Хоххехь» («хохнехь» хьожа ярна).** Прост. Зукоподражание запаху с паром.

Улло ца ласталуш, «хоххехь» хьожа йогIу схьа… – гIел а лой, дIа агIор волу Дерки паднара тIе, цхьа ког ира а хIоттабой. ГIевлангахь даима шен тиша кетар хуьлу цуьнан (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна).

**Хуланда (хуландой).** Одно из чеченских обществ.

Общество была расположено на стыке границ Чечни, Грузии и Дагестана, граничило на с. и с.-в. с обществом Хьакъмада, на с.-з. с Сандаха и КIиесала, на ю.-з. С Тушетией (Грузия), на в. с Цези (Дагестан). Название, по всей вероятности, возникло от *Хуолай лам* - Копна-гора, что разделяет Хьакъмада и село Хуланда. Общество представляло собой единственное село (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Хурашка (хурашканаш).** Фуражка (-и).

Цхьа мехкарий кхиъна вайна, Шайна дагахь кура болуш, Кастоме бен са ца къоьруш, Хурашке бен д1а ца хьожуш (Нохчийн фольклор. Учётчикана лекхна йиш).

**Хур.** Хрип (неровное дыхание).

«Маржа-яI-кх… Маржа-яI-кх… Яла ма лолда-кха со хьуна цкъа берзан жижиг даонза! Берзан жижиг диъча, воьрзу боху хур деш волу стаг. Хьан нана дийна хилахь, карор ду-кха хьуна и!» – ша-шега бохуш, наб ца кхеташ, бодашлахь бIаьргаш бетташ Iуьллу Мелимат (Ш.Окуев. Лай т1ехь ц1ен зезагаш). – Iиллахьа, хьуна набъян а ца хаьа, ва «хур»! – аьлла, йистхилира Мелимат. – «Хиндолу леча бенахь дека», – боху, ва Мели, тхо-м хьуна ма-моьтту де

доцуш а даций, кегий делахь а, – пезагаш тӀедуьйхина, тӀоьрмиг шен белшах тесира Ӏабас (Ш.Окуев. Лай т1ехь ц1ен зезагаш).

**«Хурт»-аьлла.** Звукоподражание шуму глотка.

«Гур-гур» дойтуш богин бухах хьийзина 1айг «хурт» олий, ас д1амолу: и вайн хи санна теза ю-кха чорпа (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Хурриташ**. 3,5 тыс. тому назад до нашей эры живший древный народ в Передней Азии - Месопотамии, создавшие древнюю цвилизацию.

Кхо-диъ эзар шо хьалха даьхначу хурриташ1, урарташ2 олучу къаьмнийн йоза (урартская клинопись) туьдуш, Ӏилманчаша пайдаоьцу хӀинцалерчу вайнехан меттанех а. Ширачу урартийн, хӀинцалерчу нохчийн меттанашкахь цхьаьнайогӀуш алссам меттигаш карайо (1.Арсанукаев. Нохчийн литеатура. 9-чу классана учебник).

**Хур-т1ур.** Звукоподражание носовому свисту в сне.

Ткъа цициг, д1ахьаьжина уьстаг1 а гина, шен сутар хиларца, меца а хилла, геннара дедда т1екхетта, м1араш хьоькхуш ка етташ, "хур-т1ур" деш жижиг чухьерчо х1оьттина (Нохчийн фольклор. Лулахой). БӀовтӀина хьалха лаьтташ боккха кад бу, чохь етташури чу кагйина сискалш а йолуш: цунна хиъна Ӏаччохь наб кхетга. Цо дечу «хур-тӀуро» юьзна ерриг чоь (М.Ахмадов. Денисолта).

**Хуттург.** Сустав.

**Хушпар.** Лилипут.

**«Хушт-аьлла» // «Хушт-хушт»-аьлла // «Х1ушт-пушт»-аьлла и д1.кх.** Шутл-ирон. Без извещения уходить: делать что-либо.

**Хухар (-ш).** Перезрелый огурец.

Оцу кхаа хухуарна юккъе а нисвелла, ас лайнарг! (В.-Хь.Амаев. Меца некъ).

**Хуш-хуш-аьлла (х1уш-х1уш).** Шутл-ирон. О медленной манере тихо ходить, делать что-либо.

Кхин «бур-бур» аьлла вист ца хуьлуш, «хуш-хуш» аьлла, къу санна вахана, ишкапана т1ера туьхан цхьа белиг «къарш» аьлла цергашца каг а бина, цуьнан йоккха ах шекар санна «г1арж-г1иржехьа» 1уьйшуш, «хушт» аьлла юха а шен метта охьахууш воллу х1ара (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Хушт-аьлла.** Шутл-ирон. Звукоподражание о ленивой манере ходить, делать что-либо.

Кхин «бур-бур» аьлла вист ца хуьлуш, «хуш-хуш» аьлла, къу санна вахана, ишкапана т1ера туьхан цхьа белиг «къарш» аьлла цергашца каг а бина, цуьнан йоккха ах шекар санна «г1арж-г1иржехьа» 1уьйшуш, «хушт» аьлла юха а шен метта охьахууш воллу х1ара (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Хуьск (-аш).** Прост. Кулёк (кульки).

Т1аккха гуманитарни организацеш чу а яьржина, цара и хуьскаш кхийдо йолийча, доха доладера нохчийн къам (А.Сулейманов. Саг1адехар эхь лерина нохчаша).

## Хь

**Хьаам (хьаамаш).** Удовлетворение.

Хьан жима латта
Вай къоман хазна ю.
Хьох девлла тхо хилар
Тхан дегний хьаам бу (М.Сакаева. Баркалла, сан Даймохк).

**Хьаар (-ш).**Отстоять.

Хиларна мадбелла
Можачу малхо,
Хьааре дерзийнчу
Даьржинчу дийнахь,
Дуьххьара б1аьргаша
Суна де д1адоьллуш,
Къийсаман лаьтта т1ехь
Къийса со вина (М.Кибиев. Хиларна мадбелла...).

**Хьавола (хьа + й, д, б).** Речевой оборот: иди сюда.

«Вана, хьавоьлла нанинига», - олий, ет1а и х1ара чуьра араваьлла валале (С.Яшуркаев. Картолаш).

**Хьагам (-аш).** Жажда, желание что-то иметь, завидовать.

Къеста вай, гӀан хуьлий вай диъна дахар,
Хенаша кагбича кхолламан маха.

Лаьттара дIадоьду хIор а адам,
ГIайгIано дегнашкахь буьтуш шех хьагам (А.Халикова. Къеста вай).
Мерза лазам,
Къаьхьа хьагам.
ДIагIо, лаам –
Кхета хан ю (Л.Ибрагимов. Дожа г1а ду).

Цу хоршехь дийцича кхин а д1а, Мусбекан поэзехь хила таро йолуш дацара даррехь долуш долчунна ца оьшу теш х1иттар, амма бара хила дезачуьнга хьагам, суьрташца хила дезачуьнга сатийсар (М.Завриев. Кибиев Мусбек, дуьне а, ахар а кхетаман куьзганахь). К1орггера, чулацаме, оьзда, исбаьхьа.Тахана буьйцучу, хуучу нохчийн маттера хийла д1адовш долу дуккха дешнаш авторна маь1на дика хаарца шайн-шайн меттахь далийна карадо ешархочунна «Дог дуьлина мерзаш» ц1е йолчу гулам т1ехь: аналла, хьагам, антал, гурам, кхевсе, ковра, аьхза, важап, окхеш,текъа, руьйта, кхимар, там-товраш, синхьаам, хьун-басе, къурло, жирга, шелг1а, ч1иркъе, гечо, алх, 1аспар, совра, хьун-тог1е, дур, т1ег1а, сет и.д1.кх. (200-204 аг1онаш) (Д.Байсултанов. Нохчийн поэтан Дакаев Саь1идбекан 60 кхачарна).

**Хьагаме.** Желаемое, жаждать что-то иметь.

Мох бу г1ийла хьоькхуш,
Мох бу самукъне,
Цхьаьнхьахь-м эшарш лоькху
Дагна хьагаме (С.Гацаев. Малх лахбелла боьду).

**Хьаг1а.** Усилительная частица.

**Хьадалча (-ш).** Прислужник,исполнитель, посылный.

И дерриге а ца го, ца хаьа нахана? Бlаьрзе-х баций уьш. Я бlарзбина харцоно, ямартлоно, къизалло? Дика-м ларийна НКВД-ан, КГБ-н хьадалчаш (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Хьадан (дов хьадан, хьедан).** Тронуть, затеять, возбудить.

Амма дукхахьолехь дов хьедеш хилла - цхьангара дов дан бахьана даьлча, девнан дас иза шен довхочуьнга я довхошка д1ахьедан нах бахийтуш. Дов а, цуьнан бахьана а д1ахьедар юкъараллин г1иллакхаца т1е диллина хилла девнан дена. И цунна т1едилларан шен маь1на ду, цуьнан чулацам, дов хьедеш хилча, девнна бехке вол-чунна иза гена ца далийта г1орта аьтто балар хилла. Шега дов хьедича, масла1атана нах бахийта а, ша бехке вацахь ца хиларан тоьшаллаш далон а, дуйнаца ц1ано ян а хан хилла цуьнан (С.Яшуркаев. Нохчин жайна).

**Хьадар (-ш).** Прост.Помчаться.

ЦIеран суйнаш лелха, «ткъарш-ткъирш» деш, гена доццуш гIергIа хи, сих-сиха бодий, доццачу хьадарехь лей дIаболу цхьацца седа (М.Бексултанов. Буо).

**Хьадис (-аш).** Религ. Хадис – рассказ пророка Мухаммеда (а.а. с.) или последователей, которые слышали слова его.

Салават, маршалла Элчанна дара.
Элчанан хьадисаш, асхьабийн накълубанаш,
Вайн маттахь дуьйцур вайн заманан хабараш
(Нохчийн фольклор. Назма «Дог доьлхуш болчарна»).

Хьо бен кхин догъэца вогIур ву мила
БIаьвнаш чохь кхиъначу хьадисийн иэсан?
Тахханехь хилийта Нохчийчоь реза
Юьхь ян хьайн къоламан тIаьххьарчу зилан:
ТIаккха бен буьрсачу заманан моха
Эшалуш хир бац-кха хьан цхьа а могIа… (1.Юсупов. Поэте).

Хьан ц1е таръелла марчонах,
Сан дег1ах
ца къаьсташ хьарчарна.
Иттаннех чекхдевллачу дешнех,
Хьадисан мог1анаш тардарна (Тамаш. Г1ан).

Къур1ан чохь а, хьадисашкахь паймахамара ааьлларг ма ду оьрсийн 1едало бохург а ца до, цундела вайна даима д1а бохамаш хуьлу, вай къен-миска а, балехь а ду (А.Айдамиров. Дарц). Сулба: Со къера ву айса лелийначунна. Цхьа хьадис ду, боху. Цу хьадиса тIехь аьлла ду, боху: Кхузткъе кхоъ неI ю ялсамане чуйоьдуш (С-Хь.Нунуев. Лулахой – 2).

**Хьадчавала (й, д, б).** Старин. Спастись бегством.

ДIаяхана лела массо говр а тесна, церга балда санна, цхьана куьйга лаьцна хечин барчаш а долуш, кхин дIаса дала ца кхета адам хьадчаделла дIо дехьа даьллера, леташ, етташ вовшашна, орца а кхаьчна, веана схьаиккхинчу Мударан Ахьмада, оцу Iусманан вашас, тIе шад етта яьккхича (Хь.Яхъяев. Марзо).

**Хьажюккъ (хьажяьккъаш).** Середина лба.

Шен кабинета чуьра д1а йолчу не1арехула зала чу а ваьлла, хьаьжаюкъ хабийна,бурсане хьаьрса ц1оцкъамаш а дуьсийна, дуткъий балдаш т1етт1аа а такъийна, вахана, стоьла улло д1ах1оьттира иза (А.Айдамиров. Дарц). - Бакъ дуй цо дуьйцург? – хьажаюккъе шад а х1оттош, хьаьттира милиционера (С.-Хь.Нунуев. Д1а ца кхаьчна кхаъ).

**Хьаьж (хьаьжалла).** Религ.Совершивший паломничество в Мекку.

Ца бевзаш дуьненан бала
Аьхначех хуьлда хьан гIовла.
ВорхI жоьжагIатийн неI къовлуш
Хьаж къобал Дойла хьан Дала (К.Сатуева. Делан нур – хьан юьхьт1ехь!).

- Дукха зударий ма бу со санна шен кхолламна къера а хилла 1еш, да-нана цхьана ца тохарх, церан доьзалш а ма бу, Хьаьжи-ц1а а оьхуш лелаш.- Церан шайн г1иллакх ду, суна сайн хьажалла Дала ма боххура ц1ена хила лаьа (М.Айдамирова. Дахаран аг1онаш луьстуш).

**Хьайхьа** (Хайха) «Склону к» - общественные пастбища, сенокос, родник. Название сложилось от *хъай* - «склон», конечный «-хьа» -указывает на направление к данному объекту. В древности термином *хъай* обозначался север (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Хьалнехьа.** По направлению возвышенности.

Кест-кеста хьалнехьа бIаьрг тухура: цхьа а ца вогIу техьа кхаъ бохьуш? (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Хьант1арвала (я, д, б).** Вести себя с безобразной разнузданностью, распущенностью и т.п..

**Хьар.** 1.Возбуждение. 2.Сыпь. 3.Крапивная лихорадка.

**Хьайна.** Возбуждённый.

**Хьакхлаг1а (-ш).** Мишень, (-и).

Нийсо хьешна майданаш
Юьзна тахна кIарлагIех.
Динарг наха пайдана
Iуьллу, хилла хьакхлагIа (М.Ахмадов. Б1арлаг1а).

**Хьакъболу (й, в, д).** Заслуженный (-е).

Алиев ГIапуран поэзин хьакъболу мах хадош, къамелаш дира гулбеллачара. Акаев ВахIида элира: «Нохчийн таханлерачу поэзехь Алиев ГIапу- ран кхолларалла хьалхарчу могIарехь ю, шен башхалла йолуш, кIорггера маьIна долуш а иза хиларна». Иштта дан а ду и: ГIапуран дешнаш тIехь даьхна дукха иллеш ду вайн илланчаша а, йишлакхархоша а локхуш а, олуш а. Царна юкъахь ю гIараяьлла «Къонахийн зама» цIе йолу Ахмадова Аминас локхург а (Хь.Бурчаев. Поэтан, драматурган юбилей).

**Хьакъдан (й, б).**Арабск. Стоить друг друга.

Хийла йоI, хийла кIант
вовшашна карийна хир ду,
Аьхначу забарца
вовшашна хьакъдича
шаьш ас (А.Ахматукаев. 1усин 1умарна).

**Хьакъийкъат (хьакъийкъат даккха, хьакъийкъат ден и.1.кх.).** Из арабск. Жертву приношения во имя Аллаха в день срока исполнения времени кого-либо.

И бер а дуьсур ду
хьакъикъат данза,
Я кошан барз боцуш
таьхьенна бийца.
Духур дац азаллехь
яздина йоза,
Цхьаьннен а ницкъ бац и
цхьа мог1а хийца (Хь.Талхадов. Кхойтта шо дукха ду... ).

Хьакъикъат суннаташха суннат ду, Элчанна (1алайх1и ссолату ва-ссалам) дан лиъна а ду. Амма таро елахь а, яцахь а дан т1едиллина дац. Шен таро хилча дича а мегаш ду. Нанас а, муьлххачу а гергарчу стага а дан магийна ду хьакъикъат. Бераш алсам делахь, цхьа бежана царна т1ера ен мегар ду. Хьалха-т1аьхьа аьлча, доьзалхо велла велахь и хьалхавоккхур ву, цул т1аьхьа вокх-воккхачун хьалха ц1е а йоккхуш дийр ду хьакъикъат (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш). - Чехка цIа а гIой, шайн берашна – итт-цхьайтта бер дара тхан – хьакъикъат дейта, шайн йолу кIадинах хIума, вовшахтохий, шад а бе, некъана цу а кечбе (Хь.Яхъяев. Белаехь лела велар).Вара аьлла дас кIантана цIе а тиллира, цунна тIера хьакъийкъат а дуьйш. Сан кIантана мотт ма Iемми «бисмилла» даккха Iамийра ас (Ш.Макалов. Ненан хастам). Ц1е тиллар Дала оцу

беран дена т1едиллина ду, цунна т1ера хьакъикъат а дуьйш (М.Ахмадов. Нохчийн г1иллакх-оьздангалла).

**Хьакълаг1а (хьакхлаг1а: -ш).** Старин. Руины.

Николо Макиавеллис аьлла и хьекъале дешнаш дагатесира суна Джераш олучу ширачу гIаланах йисинчу хьакълагIашка бIаьрг бетташ (М.Айдамирова. Кхолламан бехачу новкъахь).

Нах хьакълаг1 кегаян буьйлабелча, дукха хан ялале диъ дакъа схьаийцира. Моллас уьш г1азотехь бу, лийча а ца беш, цхьана лахьтичохь д1аберзо мегар ду элира (Т1.Ахмадов. Дахар хада йиш яц).

**Хьале (-наш).** Прост. Горная часть Чечни (в противоположность охье).

**Хьалкъ (хьалкъ: -анаш).** Устар. Разновидность боевого щита.

**Хьалакана** (Халакана) «Халикен» - гора, расположена между речками Шухарахи и ЧIанчIахи. Напоминает калм.-вайн. *халцн, хъалка* - щит, если так, то щит-гора. Ср. С урочищем, разделяющим границы Хевсуретии и Чечни, между аулами ЖIарие (чеч.) и Шедала (Шатили), а также и название горы на западе от села Советское (ЧР). *Хъалкана* - вайн. щит (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Хьалхадала.** Прост. Заканчиваться успехом (цунах вайн хьалхадала х1умма а дац – это ничего нам не даст).

ЦIенчу буха тIехь таса а делла, лар тIехь лелаш долу адамийн доттагIалла доцург оцу законах хьалхадолуш хIума дац (М-С.Гадаев. Вер-витар).

**Хьалхашха.** Спереди.

Иштта ойланаш коьрте а оьхуш 1ачуьра со меттавеъча и вайн цхьа беза мохь бу-кха хьуна сан коча оьллина, аьлча а, 1ежаш а, помидораш ачохь долу тускар ду-кха сан логах ши т1ам а тесна, суна хьалхашха оллийна (В.-Хь.Амаев. Меца некъ).

**Хьалхуо.** Прост. Чуть раньше.

Яздаран хатI шатайпа хиларца, заманан сурт ма-дарра стихашкахь гойтуш, вастийн дошам лелаярца а, муьлхха а ойла кIеззигчу дешнашца яста хаарца а билгалъюьйлу цуьнан дукхах йолу байташ а, йоца, амма чулацаме поэмаш а: «Къу-берзан буьйсанаш», «Хамталла». Уьш сан еша таро хилира жимма хьалхехьуо, сайн литературни терхи тIехь цуьнан ши-кхо гулар хиларна (А.Ахматукаевца Абубакарова Пет1матан «Стихийн кепехь йолу искусство...» бохучу интервью т1ера).

**Хьама.** Например: Хьама ца бо ас! Уважение.

**Хьанал-хьарам къасто.** Религ. Различать дозволенное и запрешённое.

Д1авш а, дарба а къасто хаар санна,
Хьанал-хьарам къастор
т1едужу вайна.
Амма шадерриг хьарам
хир-те аьлла,
Шек хилар а, юй хаа хьарамалла (А.Дибиров. Ва1занаш).

**Хьано (хьанош).** Жир, жирность.

**Хьанор (хьаханор).** Усиление своей правоты и отрицания.

Къийлалуш тиэбачу цунна
ТIеттIа гатъялар шен меттиг.
(Довдича, хьанор, яра такси)
Мел ца товш дара и, дан-м ткъа (1.Цоккуев. Г1иллакх тоьлча).

Цхьана аг1ор бакъ луьйш хила а тарлора иза – г1елоно, харцонаша к1елйитинчу нохчийн мискачу зудчунна хьалха х1отта-м хьанор дац х1умма а аттачех г1уллакх! (М.Айдамирова. Дахаран аг1онаш луьстуш).

**Хьап-аьлла** ( например: хьап-аьлла д1акхалла). Звукоподражание уму глотания еды

Хьан бIаьрга тIе яьлла
Можа бIаьрмециг
Хьап-аьлла дIакхалла
Даладай цициг? (А.Ахматукаев. Лулахь-кулахь).

**Хьарсу (хьорсу: -ш).** Кумык. Канал, арык.

**Хьарсашка** (Харсашка) - вероятно, от *хьарсу,* или *хьорсу:* обычно так называют
арык, канал, по которому подводится вода к мельнице (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Хьарчам (-маш).** Прост. Закрутка (-и).

**Хьасарт (-наш).** Азарт (-ы).

Муьлхачу доIанийн хьасартехь вегош,
Ас деха деза те хьан башха аз?

Цlе летта догучу дагах кадетташ,
Кхоллам хьо, муха хьо хьостур бу ас? (Хь.Сайдуллаев. Хьо мичахь ю техьа?... ).

**Хьасене.** Доброжклательный, вежливый, нежный и т.п.

Кхоьлина, хьасене –
бен а дац суна,
Я серло, я кореуллучун бода,
Ткъа иштта къар ца лун
ч1ег1ардиг доду,
К1орнешна кхачанца
т1екхача бенна (Ахматова. Сан ойла ца хии).

Къинхетаме ненан дог ша къиза 1овжорна. Цундела Лайлаъ вуно хьастаме а, хьасеане а яра ненаца (Д.Кагерманов. Нохчийн Нана). Иза жимма Iийр ву, ойлаеш. Юха меллаша вистхир ву, хьасене а вирзина (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна). Джамбула-Ваши тIаьхьуо, воккха хила воьлча, хьасене вирзинера чIогIа, тхан нийса накъост санна, тхоьца цхьацца забарш а еш (М.Бексултанов. Дахаран хин генара бердаш). Цуьнца хьасене вала гIертар а дара, цIахь боцчу нехан ков деттар санна хIума. (А.Ахматукаев. Баттаза биинчу кхачано...). Коьртахь ца лелийнарш а, пес-куй тиллина, хаза х1айбате кечделла, вовшашна гучудовла а доьлху, зорбанехь тамехь, хьекъале д1ахьедарш а до, телевизорчухула иманехь, хьасене озаца таваккале къамелаш а до, депортацехь яьккхинчарна а, цигахь бинчарна а яла йог1у ахчанан компенсацеш а хьехайо (цкъа а шен хеннахь я ах мукъане схьаелла ца йолуш йолу – депортаци-м ца хаьа, хьан ц1енна т1е итт бомба кхетнехь а)... (Д.Байсултанов. «Казахстанан бераш»).

**Хьастаг1а.** На 4-й день сегодняшнего.

**Хьаткъа (-ш).** 1.Моча. 2.Вид съедобной травы.

**Хьаткъийн чуо** (Хаткийн чуо) «Хаткин чуо» - уроч. на с. *Хьаткъаш* «съедобная трава» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**ХьатIари (-й: б, б)**. Прост. Бучило, водоём, омут и т.п.

**1.Хьаха.** Мазать.

Марзо йиснера цу арахь яза, ц1е-кхерч бовзале цу чкъурана ган а, хаза а хьаьхна (Хь.Яхъяев. Синкъерам а, сискал а).

**2.Хьаха.** Прост. Усиление правоты или отрицания.

- Вай дезарг гIолда-кх, Нана, Амина яло. Хьуна иштта жима хетахь а, хьан кIант-м, хьаха, вац хьуна мехкаршка безам боцуш (Ш.Окуев. Лай т1ехь ц1ен зезагаш). Суна дага ма вог1у сайн да... Мел онда вара и – вара хьаха... (С.Яшуркаев. Картолаш). Нехан зударшца церан цIийнадай къуьйсуш йолу шайн йоI-йиша сацае, со нисван а ца гIерташ… Суна моьттург бакъ дац, тов! Бакъ, хьаха, дац кхунна а, кхуьнан нана бохучу кIозйохаргна а моьттург. Шайн тарраш ирдеш хир бу уьш тховса… Ванах, церан хIун дина букъ бор бара? Кхана-м уьш юрт яккха санна схьахьолхур ма буй (А.Ахматукаев. Баттаза биинчу кхачано...). Доккха хIума, хьаха, ду хIара зударий: лахара а, лакхара а, Теркайистера а, чоьхьара а – миччанхьара хилча, цхьатерра хилар, гергара нах гена баха гIерташ, хьа-хьа-хьа (*воьлу)* (М.Ахмадов. Денисолта). Кхузахь-м, хьаха, ненан мотт а буьйцу. Буьйцу, хьаха, дуй къера ца хиллал-м (А.Ахматукаев.Кхузахь-м, хьаха, ненан мотт а буьйцу). - Горалера хьо я1! Коньяк а дахьа воллуу хьо? Мала ахьа. Ишта д1аг1ахь хьан лозуш долчу даго дукха болх бахь тамаша-м хьаха бу (С.Цугаев. Со вог1ур вац хьоьца).

«Х1ара «т1ит1» ала а ваьхьар вуй ткъа?! Вац хьаханор-кх. лаьттар ву-кх...» (С.Яшуркаев. Картолаш). Хьаханора, яра ас хьо тоьли чохь яхкор! ХIун ду цунна дагадеънарг? Мотт муха керча иштганиг ала? Кхахьпа! (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Хьацархо (-й).** Потный (-е).

ХIай нохчийн хьацархой,
Дешаран хьалхенаш
Сов чехка яхалаш.
Ненан мотт бийцалаш,
Беран сурт хийцалаш
Хьанал болх лахалаш,
Жуккар нах тасалаш (1.Дудаев. Серло).

**Хьашалла (-аш).** Куначество, гостеприимство.

Доттаг1аллица дозу хьошаллийн г1иллакх а, вайнаха ч1ог1а лардеш г1иллакх а ду иза. Хьашалла (йоллучу Кавказехь «куначество» олу цуьнах) доггах лелош хилла нохчаша, къаьсттана лардеш лелош хилла иза кхечу къаьмнашца (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Хьаштдезар (-ш).** Прост. Повседневная нужда-необходимость.

БIаьнна тIехь баьчча хIоттийчхьана дуьйна, кхин а готтачу гура чу лаца бийзира лаамаш, хьаштдезарш, марзделларш (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Хьашдоцург (-ш).** Неподобающий, ненужный.

Ворда а, цхьа сту а чекхбаьккхина волуш воллу со. Х1инца цхьа сту бен бисна а бац, - аьлла жоп делла к1анта. - Д1авала, хьаштдоцург ма леладе! - аьлла, воьхна хьаьвзина куьйса стаг (Нохчийн фольклор. Мискачу стеган к1ант). Гlара ца вала гlерташ, сатуьйхира. Лайса кхийтира: кlантана хlинца ю цхьана хьаштдоцччу тоьхнера. Хала са деттара, цо ела ца яла гlерташ (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). – ОстопирлахI, къамел а ду кхуьна-м къонахчуьн. Ма хьаштдоцург ду- кх хIара хIаллакван веза бохург, – ойланаш хьийза Бекмирзин коьрте (А.Сулейманов. Къежбелла корта). – Дела дуьхьа, зуда, ма хьаштоцург уьйцу ахь юха а! (С.-Хь.Нунуев. Д1а ца кхаьчна кхаъ). – Ма дийца хьаштдоцург, – бохуш, х1инца дукхах йолу хан кхунна уллохь йоккхуш йолчу шен цхьаъ бен йоцчу йо1а а д1ахьедарш дора цуьнга. Амма иза цуьнан шен ц1ийца долчух тера дара (Ш.Дашаев. Бекхам). – Хьашт доцург дуьйцу ахьа, – эли аса. – ХIара дев-нна тIе а ца доккхуш, IадIе (М.Ахмадов. Сарахь).

**Хьаян (й, д, б).** Принести что-либо (по направлению говорящего 2-го лица местоимения женск. р.).

**Хьахьуриг –рш).** Уносящий, переносящий, проносящий что-либо возле говорящего 2-го лица местоимения.

**Хьаькхина (т1еваха (й, д, б).** Прямо пойти или войти к кому-л., начисто убрать.

Хьаькхина тIевахара Жамлайла – генара дуьйна кхунах бIаьрг кхеттера гIаролхойн (Д.Махмаев. Саьрмакан саде1ар). ХIара Iада а йина лаьтташ, хьаькхина тIе а веана, шийло вела а къежна, тIоьрмиг тIе пIелг а хьажийна хаьттира цо: – Цу чохь хIун ю хьан? (И.Джабиров. Кайпин г1ан). Шофёр хьаькхина д1а чу вахана. Чохь м1аькбаьлла д1абоьдуш синкъерам хилла (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

**Хьаьнга.** Кому.

**Хьаьнг-хьаьнга <а>.** К кому попало.

- Церан массеран а, юьртан а, халкъан а гIуллакх ду-кх, Таймасха, хьан къоначу белшаш тIе дижийнарг. Цуьрриг атта а доцуш. Даш санна, деза а, даI санна, хала а, лога тIе хIоттийна шаьлта санна, луьра а долуш. Хьаьнг-хьаьнга дIа а кхехьалур доцуш(Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Хьаьрам (меттиг: хьаьрмаш, хьаьрма - хьармаш).** Общая земля в отличие от частной.

Т1екеглуш дуьне а ду дуьжур  
Тарйина цу г1амаран и г1ов…  
Ткъа хьаьрмахь,х1орд санна,кхес уьйуш  
Мох хир бу,г1ар дайна (Хь.Яхъяев. Байтог1и).

Сирлачу лаамийн  
Оьланаш лахъялар доцуш,  
Iазапан хьаьрмехь шо  
Даькхина ахьа масийтта (М.Анасова. Хьан гуьйренаш).

Дай Сибрех г1уране хьерчий ахь,  
Мекхан юьхк бетехь бер г1орий ахь,  
Дарц, декъийн хьаьрманаш ехки ахь,  
Хьайн мехий даь1ахкех дехи ахь (Х.Идрисов. Дарце).

Стаг т1еоьцуш хилла. Ишттачу г1уллакхашна латтош х1ора юьртахь «хьаьрим меттиг» олуш латта хилла. «Хьаьрим меттиг» - юкъара, цхьанна а долахь йоцург ю (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Юьртан хьаьрам яц тхан. Мехкан цани тIера яьккхина докъар цхьа-ши бежана Iаьнах даккха а ца тоьа тхуна (А.Айдамиров. Дарц). Олура, т1екхоьхьуш 1екъий а яра, 1екъий оьшуш яц, ц1а дуьйла. аьлла, т1аьхьа хабар а деъна, тохара кхунах кхетаза йисна, х1ара х1инца ша шайна т1евеъна, шен дег1ан чарх цу 1екъешца йита, херехь и тасарх, дайн ширачу кешнашца виса. - д1о лаьттачу Гамарган Писаран во1а Ахьмада шен карара д1аэцна дагаза дисина и исс висар шен некъан теш а, т1етевжийла а хилла лаьттинчу вешин к1анте Адаме д1а а делла, и висарш Сибреха а кхаьчна, цигара ц1а а дирзина Адаман п1елгашца а, д1а а кхетта, цуьнан суьлханашца а диса, ц1а къор1а а кхачарх, ша леш Гадас шен некха т1е диллина. цуьнан к1анта Тутиес, шеца Сибреха а даьхьна, цигара ц1а а деъна ша леш к1ентан к1анте д1аделла. кхин дехьа-сехьа а ца кхийдаш, беккъа цхьа шен чохь лела болу и лерам чкъор чкъуро хийцар д1адахделча ширбаларх, цхьа а 1алашо а йоцуш кога т1ехь лаьтта 1ад дуьйлина д1ахецна ч1у санна, шен дожарх а ца кхуьуш, я г 1аттарна хьесап а доцуш дуоладелла лелачу къомо П1а а, цу ширачу кешнийн хьаьрма а, цу кешнашка д1адоьллина нохчо да-нана долу йиша-ваша а, нохчо да-нана долчу йиша-вешин д1адахнарг а д1атасарх шен устазан г1оьнча а хилла, ша т1ех1иттинчу цу эвлаяана юххе а ваьлла, шеца Орца а, Гада а волуш. синтемах ваьлла т1е а, улле а хьийзачу цу кешнийн ох1ланан мог1аршка а х1оьттина воьдург д1а а хьажош, вог1ург т1е а оьцуш. верзорг д1а а верзош шен мехкан 1у хилла латта, верас хилла латта (Хь.Яхъяев.

Дакъа). Цуьнан хьехамца, нохчийн маттахь деша а, яздан а 1амо луучу берийн тоба вовшахтуьйхира тхан хьаьрмахь (Р.Эльмурзаева. Б1аьхо).

**Хьег1ам (-аш).** Гложать. Дремота, угнетать, ощущение.

Цу аьхка, со итталгIачу классе хьалаваьллачу I97I-чу шеран аьхка – сан ялхийтта шо дара хIетахь, – июнь беттан цхьана буьйсана, тхайн классерчу зудаберашна нехан кертара черешнеш а лечкъийна, тхо дIасакъаьсташ, цхьа мерза хьиэгIам буьсура тхоьца, дуьххьара санна, хIорраза а, цхьа хIун ю ца хуу гIайгIа, цхьана ирсе-м сатийсар, тахна-тховса хила дезачу, гуш санна хеташ, хезаш санна, хIара ю ала яккха цIе а йоцуш, хила дезачу цхьана зовкхан, тхайн классера мел йолу йоI, хIора а тхуна еза а луш (М.Бексултанов. Кехат).

**Хьекъалча (-ш).** Прост. Умник (-и).

Доккха х1ума муьлхарг ду-те дуьненахь йоккхучу хенахь? - хьаттина цхьана хьекъалче. - Бакъ доцург бакъ ду бохуш, бакъ долчун бакъ дац бохуш валлалц вахар ду-кх доккха х1ума, - аьлла боху хьекъалчас (Нохчийн фольклор. Доккха х1ума х1ун ду?). Цо хийла стаг хьуьнаре а во, ямартло а йойту. Цо жиманиг воккха а во, воккханиг жим а во. Хийла хьекъалчаш а тилало цуьнан некъашца (Э.Минкаилов. Т1аьхьадисина кехат). Цхьана хьекъалчас ма-аллара, дахар – иза дахар ду, ирзу ахар я кхан доххал некъ бар хилла ца 1а (Д.Махмаев. Пет1аматан кхолларалин б1аьсте).

Пхьоьханахь хьехамна
Хьекъалча вацахь а,
Къовсамехь толамна
Дош ира дацахь а,
Ца латтош хьулдина
Синхьаам Iехош (Ж.Махмаев. Саьрмикан саде1ар).

**Хьелаяла (в, д, б).** Взбудоражить (авторское предожение).

**Хьелойла.** Прост. Замедлить.

ТIаьххьара а тIебеара кхуо чIогIа сатийсина бода. Арахьара гIовгIанаш а дIатийра. Кхин хьелойла дацара (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Хьенехан.** Никто (без имени носителя).

**Хьенех.** Некто (вместо имени).

Абузаран бос баьхьира, амма кхин дош аьлла вист ца хуьлуш я иза, я цуьнца баьккина кхиболу нах, арабевлла дIабахара бохуш, дуьйцура оцу цхьаьнакхетаран тешхиллачу цхьаьна хьенехо (М.Ахмадов. Дахаран Iина йистехь дуьхьало хилла латтар (Айдамиров Абузар дагалоцуш).

**Хьенна а.** У любого.

Х1отто деза и, х1ораммо шен дог-ойла йилла еза цунна чу. Шен дахарехь, муьлххачу хиламехь ша дан дезарг, х1ора ша баккха беза ког оцу жайни т1ехь билгала баьккхина хила беза хьенна а, доллучу къоман а… (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Хьере (хила).** Головокружение.

Далий, Пайхамарий
Шех деш дериг ца хууш,
Хьере хилла ву хьуна ша-ма,
Хъайн къинойн мохь эций,
Хьо волалохьа, – аьлла,
Вашас веше эриг ду, ма боху
(Нохчийн фольклор. Назма «Къинойн мохь оза болийначу дийнахь»).

элира заманехь
декъаза декъала
хууш я ца хууш
хьере я хьекъале (А.Бисултанов. Хьайбахахь язйина байташ).

ХIан-хIа, хIан-хIа, со дIаворр вац иштта,
Шун наб йовр ю, сан тIулган аз хезна,
Арадевр шу, мерза гIенаш дитна,
Хьере хилла цкъа ган Маьлха-Аьзни
(М.Ахмадов. ХIан-хIа, хIан-хIа, со ца хили доттагI).

Дуьне хьере мел хьийза,
Адам доьду цуьнца кхелхаш,
Чкъурашца
хийцало амалш,
… аттадеш шайн далар а, дахар а… (Л.Китаева. Дог1анашца йоьлху стигланаш).

**Хьерехь.** Прост. В мельнице.

Цу хьерехь, к1урк1аманехь, цу тиларехь воллучу хьуна, н1аьна кхойкхуш санна хета, ламазана молла кхойкхуш санна (М.Бексултанов. Д1аваххалц, хилла а воцуш).

**Хьет (-аш).** Прост. Снежная лавина.

Лам тIера хецаелла хьет санна шен новкъа массо хIума а отуш, хьошуш, лазош, дуьйш схьабогIура дуьненчохь тIом (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Хьех (-аш).** Старин. Доп. значение: источник.

**Шиека хьех** (Шиека хех) «Пещера, где источник минеральный» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Хьет1аваккха (й, д, б).** Прост. Избаловать, обнаглеть.

**Хьехамда (-й).**Дающий советы, наставник.

Кхузахь дас шен хьехамда а, шен дай хьахорца а ша тайпа кхетаман болх бо берашца (М.Ахмадов. Г1иллакх-оьздангалла).

**Хьехамча (-аш).** Наставник. Советник (-и).

Хьехамча хиллера суна хьох воккха,
Синтеме, собаре кхачаре кхойкхуш.
Тешаро, хиларах хьуна сов хьоме,
Яхь лаца Iамийра, хьоьца яхь къовсуш
(М.Анасова. Ламанийн раьгIнашца беттаса гIоттуш).

Дуьненна, эхартана хьехамча,
Олучух, хьарамчух со ларъян,
Нийсачу новкъа со нисъян –
Нана, хьо бен караяц суна (М.Нахаева. Нана).

Иза аьхка дара, август баттахь, х1ара дуьххьара цига вахана, ялх бутт а баьлла, ахшо дузуш. Кхозлаг1а вахча, компьютерщик муха ву хьох, Бетар-Солтин к1антах, и зударийн болх ма бу, хьох сан… дерг а, доцург а – галдаьлларг соьга олуш, сан хьехамча хир ву-кх хьох, арахь долчу г1уллакхана, дера хир ву, наха х1ун боху а, х1ун дуьйцу а– дукха ма ду, со т1аьхьа ца кхуьуш – со нисвеш волу сан накъост, кхийтирий хьо! (М.Бексултанов. Гучувала). Билгалдаккха деза, вайнехан устазаша нахана юккъехь серлонан, хьехаман болх бина ца 1аш, оьшучу хенахь вайн иллешкахь буьйцучу турпалхойн коьрта амалш гучуйохуш а хилла - майралла, доьналла, т1еман говзалла... Масала, Шайх-Мансур хьехамча, дин даржорхо хилла ца 1аш, б1обаьчча а хилла; Шемалан наиб хилла Сесанара Ташу-Хьаьжа; шайн доцу латтанаш д1алоьцуш, вайнахана ницкъ бечу г1алаг1азкхашца гуттар а т1амца къийсам латтийна Шайх-Денис; Г1ойт1ахь деникинхошца хиллачу т1амехь куьйгалла деш хилла Ибрах1им-Хьаьжа; советан 1едална дуьхьал шен мурдашца цхьаьна къийсам латтийна Хошкалдарчу Юсуп-Хьаьжас... (М.Ахмадов. Г1иллакх-оьздангалла). – Во-о, ва д1авог1у. Цхьа интересни хьехамча карийна воллу со… (Д.Кагерманов. Дика кIант – гIала, вон кIант – бала, Я бакъ дешан маьIна). Вовшашца шайн долчу гергонна юкъахь ас цхьаццა могIанаш яздеш хиларх хьахийнера цо Мохьмад-Селахье, и кIорггера хаарш долу хьехамча хиларе терра (М.Анасова. Шина деган лазам а, марзо а). Дицлур дац, генара кхоьссинчу «совг1ато» тхешан ц1енош дохийна аьлла, сой, Пияй цхьаьна йолуш баьккхина «кхаъ» сайна худуш со лелаш, со йол-йолчу юьйлуш, цуо сайн дог хьестар. Ма дицлур дац Пияс, куьзган т1е яьккхича санна сох чекхъхьоьжуш, оьшучохь нийсархо, оьшучохь хьехамча хуьлий, сайн сина там, тем лехар (Я.Овхадова. Мичара «лоьцур»-те и «син шовда»?..). Денисолта. Хьий даьдиса хьан, Келисат! Ма йоI а ю хьо, хила ма-еззара (М.Ахмадов. Денисолта). Иштий-вуьштий аьлла, къовсаме валар-м дийца а ца оьшу. Ша оццул майра верг х1ун хуьлу хьажа-кх. Кхузахь сох хьехамча хилалур вац (Ш.Дашаев. Совг1ат).

**Хьийзор (-аш). Крутить.**

Цул совнаха, Зеламха мишарна веъна аьлла а хийтира цунна. Зеламхас, хьийзораш а ца еш, къамел долийра (А.Айдамиров. Дарц).

**Хьирпе.** Профессиональный (С.Дадаев. «Даймохк» газетан дошам. 19 январь, 2012 шо).

**Хьиспехь (хьеспехь).** Диал. Обдумать, осмыслить.

Цу бодана юккъера адамийн хьиспехь йолуш, шайх чекх са гуш, букъ т1ехь 1аьржа т1емаш долуш, инзаре х1уманаш охьауьдура лаьтта, ткъа лаьттахь дуккха а гулела адамийн тобанаш яра (Х.Сайдулаева. Г1ан).

**Хьомара** (лит. –дуьхьа). Диал. Родной.

ГIенах цкъа шайхаллин Iаса
Гиначо нохчочун хьомара
Па-де-Калехь, Гондурасехь
Лоьху ворхIе а ден орамаш (А.Ахматукаев. Къу-берзан буьйсанаш).

Вайн районехь кхин а цергийн лоьраш боллушехь, къаьсттина Русланна тIе кхача гIерташ хIунда ву-те хIора а? Оцу хаттарна жоп атта карадо. Вукхеран лоьрийн говзалла лахара, кхеран

лакхара хилар ду те? Адамашца лерам хилар ду коьртаниг. Русланан хьомарна, цунах даьллачу беркатана тIегIерташ ду адамаш (Н.Пашаев. Г1иллакхо веш ву-кха яхь йолу дика к1ант).

**Хьорканаш.** Старин. Колесница.

**Бесинан хьаркуние** (Бесинан харкуние) - склон на в. стор. Хуланда. *Хьорканаш* - колесница (вайн.) (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Хьорсам (-аш).** Разг. Типа сухожилия.

Дийнахь-буса,
Сан синхьаам дарбина,
КIорге кегош,
Деган хьорсам къарбина,
Ойла кхерста,
Урхах йолий, хецалой,
Декъал хиларг! –
Лаьттан дахар дезалой… (С.Дакаев. Цкъацкъа даго).

**Хьукма (х1укум) (-аш).** Религ. Решение, (-я).

Нохчийн Iеламнаха гулбелла, хьукум дина:

– Уьш элий бу, нохчий элий бу. Нохчий лелар бац царна нуй-горгам деш. ГIуьмкашна юкъа баржо беза уьш (С-Хь.Кацаев. Музаев Исрапил).

Дуьненахь деха вай, дезаш, ца дезаш,
ХьагI – гамо, ямартло, стешхалла го.
Уьш къарло, заманан хьукмано эшош,
Iийжамийн чевнаша муо берзабо (Хь.Сайуллаев. Дуьненахь деха вай).

Мел йилхи бIаьстенаш сан корехь, гуьйренах терра,
Азаллин йовхо сан абаден Iаьнарлахь керчаш.
Кхолламан хьукма-къа бехказа сан лорах лелла,
Сан синна Iаьршашкахь хIиттийна гIаланаш херцош (К.Сатуева. Сан корехь... ).

**Хьуриг (-ш).** Несущий.

**Хьурмат.** Арабск. Хвала.

До1а динчул т1аьхьа, сехьа чу а волий, зиярта хьурматна ши рака1ат суннат ламаз до (С.Хусаинов. Зиярте воьдучунна хаа деза).

**Хьуьлла.** Разг. Вон там, туда.

Хьуьлла барз гой хьуна? Иза барз бац, иза шен нана Жоьра-Баба ю (Нохчийн фольклор. Шина доттаг1чун туьйра). Чохь иштта хатт а баьлла, цу т1е охьатесна 1уьллуш Исин - Иси олура Истамалх- Исин кетар а ю, аьлла, шега дийцича хьуьлла арахь даьхни д1а1алашдеш йоллучу кхеран нанна дагадеъна Исин кетар а бехйина хир ю, цу хаттала охьатасахь басар дина шен истангаш а бехдийр ду хьуна, аьлла (Хь.Яхъяев. Дакъа).

## Х1

**Х1аваа-дисант (-аш).** Воздушный дисант (-ы).

Россин телевиденис Нохчийчохь, гIерахой лоьцуш, операции бен яц бахахь а, къилбехьа доьлхучу некъашца дIаоьхуш яра болаттехникан чаккхе гушйоцу колоннаш, хIаваа-десантан эскарш, хIордан гIаш салтий, цхьанна тIаьхьа важа а йолуш, хIаваэхула Кавказехьа дIаоьхура тIеман кеманийн эскадрильяш (Хь.Яндарбиев. Кавказе бог1у некъ).

**Х1ай-х1ай.** Возглас одобряющий, вдохновляющий с энтузиазмом кого-л на что-л.

Дала, къаьсттина суна, хIай-хIай, суна сайнна кхоьллинчу дуьнен чохь, дехаш доллушехь (М.Айдамирова. Заманан илли).

**Х1айт-аьлла (х1айтъаьлла).** Работать вдохновенно, с энтузиазмом.

Сийна аренаш а, кIайчу неIарна Iаьржа сир хьаькхча санна, цхьана маьIIера дуьйна Iаржлуш лаьттара хIайтъ-аьлла, колхозхоший, цхьалхахоший дечу баьстенан охунашна (Ш.Айсханов. К1айн котам). Майра бу а олу нохчий, т1ахъаьлла, х1айтъаьлла, доьналла долуш, вонна а, диканна а б1окъажор боцуш бу а олу, юьхьсибатаца, дег1аца, куьцаца товш къам ду олушверг а волу, амма, мел вай дукхадезачара а, аьлла, яздина гур дац вайна шен хеннахь ойла еш, х1уманна т1аьхьакхуьуш, политически хьесап долуш къам ду бохург... Масала, шен тоба-г1ера а йина лачкъош, ядош, вуьйш-воккхуш лелаш хилла тахана Франце олуча махкахь цхьа х1айтъаьлла стаг (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Уггаре а хIайтъаьлла хьийзачеран карахь цхьа цIен кIадийнаш дара. ЦIен байракхаш, цIен кескаш (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). – Охьалахлохьа, Iабдурахьман, цхьа жимма Iиндагlе, ши йоI хи дахьаш схьакхаччалц мукъа. Иштта хIайтъаьлла хьийза жима а ма вац хьо, –улло вахара ИбрахIим (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Х1айтаралла.** Энтузиазм, вдоховение.

- Кхечу дешнащца аьлча, цомгаш болу уьстаг1 д1адоьдучу жанна т1аьхьабусу. Т1аккха барзо и уьстаг1, къакъ олий, д1акхоллу (С.Цугаев. Со вог1р вац хьоьца). Вайн дерриге а халкъ шен

**Х1айттархо (-й).** Энтузиаст.

ХIайттархойн болараш оханехь гайта!
Турпал ницкъ вай колхоз хилар хаийта!
Кханенаш ца йохкуш аха аш латта!
Сихо е, колхозхой, аренаш аха! (А.Нажаев. Колхозан бIаьсте).

ТIаьхьарчу трактора тIехь вогIург хIайттархойн бригадан бригадир волу Юнус вара. Юнуса а, сих-сиха шен тракторна тIаьхьатесначу биъ бIал боккхучу готане а хьожий, мохь тухура: – Ойт! Гора сийна бай яI-кх, ма тIекIел а боху-кх оха хьо! (Ш.Айсханов. К1айн котам). ). "ХIайттархойн бригада" цIе йолчу очерка тIехь дуьйцу ахархоша, йохье а буьйлуш, шайн белхан планаш хенал хьалха кхочушъяр произведенеш (1.Арсанукаев. Нохчийн литература. 9-чу классан учебник). **Iаха.** Йиш лакха куржоке воьду. Со жигархо ву. ХIайттархо ву! Сеца йиш яц! (М.Ахмадов. Денисолта).

**Х1айттехь.** Прост. Тут же.

Ган а лиъна шен дай баьхна латта,
Кхаьчна хилла-теша кхуза сай,
Кху Iин чуьра шовда мелла, хIайттехь
Бухабаха, къаьсташ бодий, сай? (М.Ахмадов. Сай).

**Х1ан (х1ах1).** Соответствует: ну, возьми, да.

- Сирникаш юй хьоьгахь? – Ю. Х1ан, - д1акховдийра вукхо (З.Яндарбиев. Буьйса).

**Х1ан-аьлла.** С момента времени окончания.

Куралла хьавза а хьаьвзина, х1ан-аьлла, цо багара мотт гучубоккхушехь, ч1арт аьлла , д1акхаьллина ч1ег1ардиго. «Бу-м, бу-м» бохуш, кхин къамел а ца далуш, йисина боху бумбари (П.Абубакарова. Бабин дийцарш).

**Х1ах1аънехьа.** Отрицая что-л.

«Ма яла хьо дакъаза, х1ах1аънехьа, х1ун до ас: «Ступнаноша х1ара чорпа яарг», - аьлча?» «Царна юкъахь-м сан мама а яй!» (В.-Хь.Амаев. Чехка деша деза дийцар).

**Х1е-ей (х1ей).** 1.Обращение мужа к женке и жены к мужу, не называя дрг друга имени ;. 2. Отликнуть кого-л.

ХIе-ей, хехо! Самавала! Самавала, хIе-е-ей! (*ДIасалеставо*) Ваша-а, къуй баьхкина хьуна! (С-Хь.Нунуев. Лулалой – 2).

**Х1еттахьехь.** Прост. В это же время.

Амма хIеттахьехь и дукъ тIелаца шайн хьекъалца а, оьздангаллица а охIла берш, хIеттахьехь, шаьш иштта буйла а хууш, оьшу киртиг тIехIоьттича дIахIитта, мехкан гIуллакх дан кийчча Iен безаш-м хиллера. Iийнехь таханлера хIара IалагIожа а хир яцара Нохчичохь (М.Ахмадов. Ломах ирх, мохь такхийна...Нохчийн поэзех лаьцна).

**Х1етте а.** Даже при этом.

**Х1о-вай (х1ов)**. Прост.Отклик.

Денисолта. Со-м ма веана кху чу!
Азман. Уой! Ван а ма веана! ЦIеэскархо Букъарш!
*Дуьхьал мохь хеза: «ХIо-вай!»* (М.Ахмадов. Денисолта).

– Айза… – олу ас. Сан бIаьргаш совцу. Ойла а соцу сан. Хан а ю сецна, мерзах озалуш.

– ХIов, – олу Айзас. Мерзаш хеда. «Цкъа-ав» дека геннахь (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна).

**Х1овка** (употр. с вспом. глаголами: -яла, -вала, -дала, -бала).

Бодане еара цхьа шийла буьйса,
Дегаза еара ша хьаьхна чилла.
Са хIовка доккхучух яра и буьйса,
Т1ом бахьаш еана яра и чилла (Л.Ибрагимов. Шелоно вигира).

**Х1ойт (!).** Прост. Возглас удивления, возмущения и одобрения, вдохновляя кого-л.

– ХIойт! Гора яI! Махьмудна шен вархIе а ден ког боьду-кх хьуна хIинца! Зуд, хIинца хьесталур ма ду иза вайшинна, ша и карийна кIеза санна! ХIинца-м хала хьаха дацара! (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Х1онекъехь х1окхунекъехь).** Скоро, на днях.

- Могуш 1ай берриш а? Ялийнарг, йитинарг вуй х1онекъехь гучуваьлла? (В.-Хь.Амаев. Ахча-паччахь).

**Х1оралла (-ш).** Истощённость.

Захалшна чай мала цхьа ах кийла б1елиг шекар а, цхьа кийла шира пираьндигаш а, х1оралла ца ялийтина. Урс хьаькхна, тилийна н1аьна-к1орни а, берашна кегдан ши-кхо стака кхерзина г1абакхан х1уш а тускарна чу дехкира (С.-1.Юсупов. Дечиг даккхар).

**Х1ордлакха (-ш).** Этимологизировано чеченским писателем С.Яшуркаевым. В языке обозначает «призрак, привидение, мёртво рождённый»

**Х1оркунаш (только во мн.ч.).** Устар. Боевая колесница(из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Х1орста-вай!** Прост. Возглас при танце-лезгинки.

КIанта бугIуш каде бохь,
Бетта доггах шовкъе мохь:
«ХIара ловзар суна тайн,
Тоха тIараш, хIорсса-вай!
Вай халонех девлла чекх,
Хьалха Iуьллу беха некъ,
ДIасакъасталц бодий, сай
Тоха тIараш – хIорсса-вай!» (М.Ахмадов.Хелхаран илли).

**Х1оттам (-маш).** Устройство, раскладка.

Церан барт а хилийтина, уьш вовшах а кхетийтина, церан цхьа пачхьалкх а хилийтина Кавказ юьтур ю моьттарг, «великие державы» олучара, кху дуьненчохь д1ах1оттийна геополитически расклад олучу х1уманан х1оттам гуш а, цуьнан ойла еш а вац (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Х1оттийталахь.** Вводное слово. Масала: Х1оттийталахь! Ас бийр бу цуьнан болх!

**ХIоьр-хIоь (-й: глагол хIоьр-хIоь дала)** – «семантика затемнена, смысл таков: сделать что-либо вон выходящее в худшем смысле».

**Х1уп ала.** Дуть.

– Ахьа, хьан накъосташа а ца дина-кха хIумма а, «хIупп!» аьлча, бIаьрга экккал а! ХIумма а!.. (Э.Минкаилов. Гуорабожийна сай).

**Х1уьс.** Комада собаке укусить.

**Х1ушт.** Звукоподражение выпусканию воздуха уйти не прошаясь).

– Хьога ойла яйта. Кху коммунизмах кхеран тоххарехьа хIушт хилла хилар хаийта (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Хьуьмаьлг (-аш: ю, ю).** Как отрицательная манера поведения употребляется грам. кл. только во мн ч. - ду: х1уьмалгаш лело; х1уьмалгаш долуш хила). Вещица; ничтожество, заниматься мелочными делами.

Цуьнан а ма яра, сан санна, иза еза а, цуьнга вистхила а бакъо. Амма къайлаха хIуьмалгаш лело бакъо яцара цуьнан (Ш.Рашидов. Яьссийн тог1ехь). Оццу 1934 шарахь "Кхиам" цIе йолчу журнала тIехь зорбатуьйхира Нажаевс "Тховх тапча тохар" аьлла долчу шен беламе(сатирически) дийцарна. Оцу дийцаро, беламе дохуш, сийсаздора адамашна юкъара дIадаха хьакъдолу цхьацца хIуьмалгаш (1.Арсанукаев. Нохчийн литература. 9-чу классан учебник). Вайнехан г1иллакхаш, г1уллакхаш девзаш, дезаш, даггара уьш лоруш, цхьа ч1ог1а эхь-бехк, иман долуш къонах вара иза. Х1ан-х1а, цуьнца дацара цхьана а кепара х1уьмалгаш (А.Уциев. Айдамиров Абузар дагалоцуш). – Джабраил, – хезира суна, – Джабраил, со ца еша алахь цуьнга цу хIумнех, хIуьмалгех… хIара кехат… хIара дIалохьа… хьайн вешига… ас сайн дош… соьгара дош а даькхина, соьга хан а йиллийтина… Со кура ю алахьа цуьнга, цунах ца яшшал кура… – цуьнан ший а куьг эгадора, бат а, балдаш а ийзалуш, б1аьргех схьа хиш а уьдуш, т1етт1а та1ийна йолу цергаш къарш-къарш деш ата а луш… – хьо суна чIогIа, Джабраил, чIогIа дукха ма веза, – элира юха цхьа хан яьлча, – хьо санна кIант, хьо санна цхьаъ… хьо санна, цхьаъ хилча… – схьахьаьжира, мела хиш а оьхуш, хиш канашца охьа а 1енаш, ела а г1ерташ, къаьхьа йоьлуш (М.Бексултанов. Кехат). Бер-кераш идош, цкъа Слепцовске а кхаьчна, юха хьийзина-а Майкопе кхечира со, гIалгIайн и хIуьмалгаш хьех-мерах чекх а девлла (М.Бексултанов. Киншка).

**Х1уьнехдинарг (-ш).** Прост. Некий (-е), нечто.

**Х1уьнехдинча.** Прост. Куда-то, неизвестно куда.

Кертал арахьарчара и долийра шен-шен «хьуьнарех» дийца, кхо шайга ладоьг1ий а ца хууш, ша шайн гергарниш болчу вахча и дира, ша х1уьнехдинча вахана волуш и дира бохуш, ша-ша и дира , ша хьалха дийца а г1ерташ, цхьаъ вукхунах даррехь теша а ца тешаш, х1аъ хьуна, ишта хила а ца хуьлу бохуш, и дира бохуш, вовшийн гучу а бохуш, юха ша гучуваькккхинчунна т1аьххье, цо дийцинарг г1ан деш, аьшпаш а лалош, цергаш а етташ наггахь йолу т1уьхкаш кертал сехьа а лестош (З.Яндарбиев. Церг тоьхна т1уьхк).

**Х1уьнехдинчо.** Некто.

**Х1уьппалиг (х1уьпп1алг:-аш).** Вот нисколько.

Оцу сахьийзаро дегнаш дузу гонах тийна лаьттачу цIийх ца Iебачу хIуьппалго бохийна, кху генарчу шийлачу махка балийначу Кавказан воIарийн (Хь.Яндарбиев. 1аьржа сатасар). Х1усаман да шен днгочу куьйгашца х1уманийн кисанашка хьажа велира.Царна чохь а х1уьппалиг а дацара (С.Цугаев. Г1ан). Беша 1ежаш лачкъо веана вара и вайн юьртара Муса, аьлча а, и х1уьпп1алг (Б.Магомадова. Хьасанан «бекхам»).

**Х1уьц1-п1уьц1алгаш (х1иц-пиц1алгаш). Прост-груб. Пренебр. Заниматься пустяками, шутками.**

Тхуний, тхан захалошний юккъе деъна дов иштта гена дер дацара, тхан а, махкат1хойн а юьртдай юкъа ца боьллехь. Цара къайлах лелийначу х1уьц1-п1уьц1алгаша доьллира тхуна юккъе мостаг1алла . Цара тхох а, оха царах а цхьацца стаг вийра. И шиъ дуьхь-дуьхьал лерина, нисделлера (А.Айдамиров. Дарц).

## Ц

**Цаваьлла (й, д, б).** От безвыходности, крайней нужды, необходимости.

Наг-наггахь вогIу-воьдуш цаваьлла оцу шайтIан пхоьгIанах дIакхетар нислора воккхах волчу шина вешин – Муслиман а, Мохьмадан а (Ш.Дашаев. Д1абайна кхерч).

**Цадог1ург (цадог1урш).** Неуместное (-е).

- Цадог1ург дийцаррий, дайн г1иллакхех - да-нана ца ларар, хьарамчух ца ларваларал доккха сакхт хир дац (Нохчийн фольклор. Сакхташ).

**Царалахь.** Прост. Среди них.

Ас йоьшучунна юкъахь дукхах ерш стихаш ю. Царалахь поэзига дIагIоьртучарна тIенисвелча, хуьлу хир ду-кх и садаIар бохург – сино садаIар, са паргIатдалар (А.Ахматукаевца Абубакарован Пет1мата эцначу «Стихийн кепехь искусство...» ц1ейолчу интервью т1ера).

**Цатерг (-ш)**. Необходимый, приближённый.

Цаторш ерг бен х1ума схьа ма эца аьлча, шайн берийн ойлаеш – уьш шина доьзалехь 11 хилла, Ажрана схьаэцна, гали чу йиллина яхьаш шен «Зингер» олу куьгахьовзо чарх а, эмкалан т1ерг1ан билзагаш а хилла (М.Бугаева. Дагалецамаш).

**Цатерийла (-ш).** Крайне необходимый.

Ма-дарра аьлча, г1уллакхан д Ма-дарра аьлча, г1уллакхан дуьхе кхиъча, хьарам ду, цаторийла хилча бен мегаш дац (С.Муртазалиев. Саг1адехар – сийсазвалар). уьхе кхиъча, хьарам ду, цаторийла хилча бен мегаш дац (С.Муртазалиев. Саг1адехар – сийсазвалар).

**Цаторру (фразеологизм: ца торру).** Крайне нужный.

Делахь х1инца ша х1ун дийр дара-техьа аьлла х1ара 1аш волуш, кхуьнга кхечо, тховса хьан ца торру доттаг1ой бу бог1уш, шаьш т1еэца аьлла кост схьатоьхна (Нохчийн фольклор. Бакъ болу доттаг1ий).

**Це.** Привкус. Укус зубами.

Дийнахь сарале масех керт-беш билгал а йой, буьйсанан бода къовлалушшехь, шишша-кхоккха цхьаьна а векъалой, майканийн кучамийн четаш дуззий яхьий, хилларш-хилазнаш ца лоьруш, т1уьхкаш охьа а юхкий(бен а дацара – туьркаш а, 1ежаш а, кхораш а, церг леташ хилчахьана), царна це етташ, керта волуш шай-шай динарг, гинарг дуьйцуш а 1ай, геш а дестий боьрзура чу (З.Яндарбиев. Церг тоьхна т1уьхк).

**Цеце.** Прост. Удивительный, изумительный.

Ялх доллуш я ялх дала пхи минот т1аьхьа йисича, и бер иштта гучудолура, полла санна, цхьа зудабер, тайниг санна, хаза кечделла, цеце уьду б1аьргаш бен, юьхь т1ехь гуш х1ума а доцуш (М.Бексултанов. Цхьалха ду-кх тхо, цхьалха... ).

Лаца дагахь иза шайна устаз,
Хила дагахь цунна муьтIахь мурдаш
Баьхкинарш а, бовлу-уш, бевли юьстах,
Цеце хилла оцо бечу гIуртах (М.Ахмадов. Кху дуьнен чохь мел хиллачун маьIна).

**Цим (-аш).** Раздор.

Амма заманца, къаьмнаш юкъа дукха цимаш тийсина (раздор бохург ду иза, ца хуучунна хаан) (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Амма, Ермоловг1арах т1аьххьарниг д1а а вахана, Нохчийчу 1едале, мухха белахь а, тайпа а, тукхум а долуш, шаьш санна болу нохчий х1иттича тохабелира уьш, иза шайн къомана юккъе бартбохон цим тасар дара, шина вешийн Нохча-Г1алг1айн олу цхьа республика шина декъе йокъуш а баьхкира (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Юккъе туьйсу цим цакъасталуш, тайпа-тукхамийн девнаш дуьйлуш, вовшийн аш дайи (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). ТIом баккха араяьлла шиъ-кхоъ тоба а йолуш, царна юкъа цим туьйсуш, дегайовхо луш а Москва йолуш, вайн махка и зулам ца даийта гIерташ, къахьийгира

оха: Цуруев Шарипа, Амагов Доккас, Амаев Ваха-Хьаьжас, Шамсуддинов Бувайсара, ас а. Герз карахь дуьхь-дуьхьал лаьтта тобанаш куьйге яхийтар, Гезлойн-эвлара дуьйна назманаш олуш, зуькарш деш, хIора юьртара адамаш тIе а кхеташ, ЧIулга-юьрта кхаччалц Машаран болар дIадахьар, кхин дуккха а дара оха дагалаьцна. Амма и хьаьхна баьлла тIом бара (С.-Хь.Кацаев. Коьртаниг - иман хилар ду. Интервью).

**Цкъар (цкъарш).** Звукоподражание звону, писку насекомых.

Тог1еш ю 1адхьокху пондар,
Кхарзало цкъар дагош тийне,
Чуьрчу шен меттара веддарг
Кхочур ву хазчу кху сийне (С.Гацаев. Г1енах я самах ца къаьста).

Малхал хьалха схьакхета и маьлхан з1аьнараш хазлучу заманчохь, Набарха ма елир и жима ва Зайнап. Аккаройн бен лар йоцчу цу хьуьнан хотешкахь, Цаьпцалган бен цкъар доцчу цу хьуьнан ва варшахь, Меттиг ца евзина, д1асхьежан ма елир и жима ва Зайнап (Нохчийн фольклор. Бектамаран Зайнапан илли).

**«Ц1ашт-ц1ишт».** Звукоподражание шуму струи из-под ног.

«Дала бекхам бийр бу-кх хIара тешнабекх суна бинчунна, Далабекхам»... – бохуш, ши куьг тIехьа а дихкина, цхьана хурашкаш йолчунахана хьалха а ваьлла, дIавахна хьан деда. Когаш кIелахь хатто «цкъашт, цкъишт» а деш (М.Ахмадов. Десачу ц1а чохь буьйса).

**Цубуург (-аш).** Прост. Ирон. Рот.

- ДIасацае хьайн цубуург! Сан десара, йоллу хьо со хьайн коча ваийта (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Цхарйоьлла (д, б).** Изношенная (одежда), заржавленный (металл).

Учахь керт йоцчу тишачу, лохачу цIеношна хьалхахь, малхбасе а хиъна Iа, тIехь цхарйоьлла гIовтал а йолуш, когашIуьйра цхьа воккха стаг (М.Ахмадов. Денисолта).

**(Цхар (-ш).** 1.Забрало железного шлема. 2.Навес над забором (ЧРС).

Юьхь т1еоьзна з1енийн цхар, т1едуьйхина болатан барзакъ. мостаг1ийн декъех саьлнаш х1иттош, ткъес санна карахь лепаш шаьлта (Нохчийн фольклор. Ненан б1аьрхиш).

**Цхьаалла (цхьаналла).** В знач. одиночество (единство).

Цхьаналла йитинарг соьца,
Хьоьгара Iожалла ю-кха.
Лаьтташехь шегахьа хьоьжуш,
Догий, дов седанан нур а (М.Анасова. Хьоьга... ).

И ерриге Iаламан тайп-тайпаналла – цхьана низамехь, цхьана кепехь, цхьааллехь а ю. Дела цхьаъ хиларан кхин а цхьа билгало ю иза (М.Ахмадов. Нохчийн г1иллакх-оьздангалла).

**Цхьаллига (цхьеллига) цхьаъ.** Ни один, никто.

Мила хилла нохчийн къомо, боккъалла а, хаьржина имам? Цхьаллига цхьаъ хилла таро яц (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Цхьаерг (д, б:-ш).** Некоторая.

Оцу 1ежжел хир йолуш помидораш а ма ю-кха тускар чохь, г1оза ма хиларш, цхьаерш аьрга а (В.-Хь.Амаев. Меца некъ).

**Цхьалхадаккха.** Выяснить, разобраться.

ТIехь мел дерг кхочушдар нис ца ло сан-м.
Кхета со, ледарло ю сан и, амма,
Муха Iер массо а хIуманал хьалха
Къовсаме, чолхе дерг ца доккхуш цхьалха
(Ш.Хаджимурадов. ТIехь мел дерг кхочушдар нис ца ло сан-м).

**Цхьалхалела.** Ходить в холоде, без тёплой одежды.

**Цхьалхалла.** Одинокость, одиночество.

Цхьалхалла. Цхьалхалла.

Шелделла, гатделла ц1ийзачу син г1елалла, мискалла… Юха а … цхьалхалла.

- Тезет… Безаман тезет… Бохарх, багарх, лазорах ларбеш, куьйгаш т1ехь лелийначу…, тахана… баьржинчу, боьхначу…богучу…

(Я.Овхадова. Безаман тезетахь).

**Цхьалхахо (-й).** Единоличник.

Сийна аренаш а, кIайчу неIарна Iаьржа сир хьаькхча санна, цхьана маьIера дуьйна Iаржлуш лаьттара хIайтъ-аьлла, колхозхоший, цхьалхахоший дечу баьстенан охунашна (Ш.Айсханов. К1айн котам). Оцу муьрехь язйина ю Дудаев Iабдин «Колхозхочуьнан, цхьалхахочуьнан къамел» цIе йолу стихотворени. "Серло" газета тIехь I93I шарахь зорбатоьхна поэтан и стихотворени. Цу тIехь автора колхозхочуьнан, цхьалхахочуьнан ойла гойту, къеггина гучуйоху цу шиннах хIораннан а амалш (1.Арсанукаев. Нохчийн литература. 9-чу классан учебник).

**Цхьанаклассахо (-й).** Одноклассник (-и).

Йиц ца ло суна сайн ишколан беш,
Ишколан хехо а – воккхастаг Доша.
Сан хIора дустарна хастамаш беш,
Сайн байташ ешар а цхьанаклассахоша
(И.Юсупов. Схьахезий кхолламан кIоргера аз).

**Цхьаделхьа.** Прост. Означает: «Ради единого бога».

Ша дуьхьал иккхир, тов,
жимах волу ва ваша
Даьккханчу шен туьрца:
– Цкъа шега ладог1ал,
шел даккхий вежарий,
Б1аьрг тоха, цхьанделхьа,
д1а лекхчу ламане (Нохчийн фольклор. «Бос Хазчу Мусин илли»).

Хьан кийра боьссинарг?
Х1ун г1айг1а ю техьа
Хьан коьрте еанарг?
Дийцахьа, цхьанделхьа,
Хьо йинчу хьайн нене
Ас бала байбер хьан,
Сан жима Кабеха, -
Олуш, йистхилира
Йо1 йина ва нана (Нохчийн фольклор. «Ишмин 1елех, Элахан Кабехах илли»).

Шен цхьан к1антана къеначу кху Дадас: - Хьажахьа, цхьанделхьа, 1алханан х1ай Т1урло! Оьрсийчо берина хин ч1ара ва санна, Верина охьавилли-кха ахьа, шен жима цхьа к1ант (Нохчийн фольклор. Къеначу Дадин илли). Маре яха пурба ду хьуна, сан хьомсар ва езар, Яхь йолуш дика к1ант карийна. Ма г1олахь, цхьанделхьа, шен мерза ва езар, Мошане ва маре Олуш, д1а ма тилира и Таймин Биболат (Нохчийн фольклор. Чечанарчу Мадин Жаьммирзин илли). Ахсахьт гергга зама яьлча, гуттар а дегI саттош – къовсадаларшкахь акробатка санна, – кхунна уллохула а ваьлла, редакторца хан а яйина, ша юха араваьлча, кхуьнан стоьла уллохь саца а сецна, ши куьг стоьла тIе хIоттош, яйчу йовхарщца охьа а таьIна: «Бехк ма биллалахь, Iусман Яхъяевич, хьо ойланашкара юкъахваккха-м дийзи сан, оцу вайн коьрта редактор волчу хьаькамо Темирбулатов Вазархан Юшаевича аудиенци кхойкху хьоьга, цхьанделхьа, хьажахь цуьнан лааме», – элира жоьпаллин сикиртара, зударшка дIавистхилла, шена чайнан стака а дохьуш, лимонан цастар, ши Iайг шекаррий, тIе а тухуш (М.Бексултанов. Преми).

**Цхьанахеннара.** Прост. С одного возраста.

**Цхьарха (-наш, -ниш).** Из них.

Цул тIаьхьа, жимма шераш девлча вайнахах ву аьлла обкоман цхьарха волу секретарь а вина охьа хаийра Аулов Иван Чеченович. И тайпа тамашена цIе лелор Ауловна нахана гергахь сийлахь дара: иза ша кхеттал хилале дуьйна детдом олучу меттехь кхиъна вара (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Цхьахадерг (-ш).** Одно из двух.

Вуьшта, хала ма хеталахь, хьо меташкане маре а вахана, царна юккъе охьахиъча, церан амал схьаэца дезар ду. ДIаверза дезар ду цаьргахьа! Къастаде цундела цхьахадерг (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Цхьацуьрриг.** Разг. Прост.Чуть-чуть, ничтожно малое.

Цхьацуьрриг а воьхна ца хуьлу со, лечу хенахь. Курра Iуьллуш хуьлу, бабига елха ма елха а бохуш. Деркий, бабий, Русланний, Айзий бен ца дуьту ас со волчу чу (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна). Цхьаццуьрриг сатедира цо. Халла наб озийра (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Цхьаццаммо (цхьаццамма).** Некоторый (-е).

«Дахар цкъа бен хилац!» - цхаццаммо олу,
Эхь доцчу ваьллачохь, оьздангал къовлуш –
- Т1ехтохам т1аьхьарчу т1аьхьенна кхаьчча,
Хьанна до техьа вай дахарехь къола? (Дж.Баймурадов. Рубаиш).

**Цхьаьнааьрдан. И одними размерами.**

Цхьанааьрдан рагIу,
Юккъехь - горга гIант.
Хьуна аьтту агIор
Хиъна Iаш ву кIант (А.Ахматукаев. Цхьаьнааьрдан раг1у... ).

**Цхьаьнаийначу.** Слившихся в едино.

Стохкалерчу гуьйренан мокхаллий, т1ейог1учу б1аьстенан сеналлий цхьаьнаийначу шийлачу бай т1ехула вог1у иттех шо хета жима к1ант (С.Яшуркаев. Пасха).

**Цхьаьнненна.** Ни одному.

**Цхьогалалла.** Хитрость (лисья хитрость).

– Хизар-м, нахана хIун ду а ца хууш, доккха цхьогал дай. – Цуьнан цхьогалалла-м тховса Бештос, Бусанас дохий моьтту суна, дедда къайла а даьлла (С-С.Бадуев. Бешто). – Ой, хьан да валла хьакхица! Хьуна хIун моьтту? ДIавала! ДIавала тхуна хьалхара! – аьлла, Хьасан, шаьлта а яьккхина, чугIоьртира. – Ма дийца хьашт доцург, дIадовла сан кертара, соьгахь шун зуда а яц, кхунах цхьа зулам дан гIерта шу(С-С.Бадуев. Бешто).

## Ц1

**Ц1абаргаш (мн. ч.).** Каштаны.

Юха гурахь, г1а дужуш, ц1абалгаш а девлира схьа. Тхан юьртан малхбалехьа, Хилдехьаройн-к1отар олучохь дара уьш, шаьш лардеш хехо а волуш. Дитташ даккхий дара церан ч1ог1а, нийсса ирах, ткъа а, ткъе итт а метр лекха хир долуш. Лакха буьххьехь, ц1абалгаш кхуьучохь бен, т1евала цхьа а га а дацара. Дитт шера дара, стомма а долуш, ког таса шад а, куьйга схьалаца х1ума а доцуш (М.Бексултанов. Сан вешин т1ехьийза йо1).

**Ц1алгавала (вийла: й, д, б).** Разг. Нестись как угорелый на одной ноге.

**Ц1алгалелха.** Прыгать на одной ноге.

**Ц1алг (-аш).** На одной ноге.

Тидам барх, чорхан цу леламна хIара юкъара ву бохург чIагIдан хала дара: шех кхуьийла доцчу цхьана гуш боцчу лаамо техка а еш, раж льацна лела дегIан и чарх, пIелг тесча лелар дуссу цIалк йолчуха, оцу лааман лаамчин йозалло лелош ю, аьлла, мотталора, ткъа кирана дазделла зIарадукъ санна, бай букъ а сетташ боьду дин еккъа цхьа экама тIетевжийла хетара, ша кхечу буйна баххалц аьлла, хIара тIелаьцна (Хь.Яхъяев. Хине йийца г1айг1а).

**Ц1амзалла.** Диал. Ненастье.

Гуьйренан ц1амзалло сахьт-доза а туху адаман лаамна – мел лиъча а арахь латта, хьошалг1а ваха дог доуьйту хан-зама яц х1оьттинарг (М.Айдамирова. Безаман къайленаш).

**Ц1ано (ц1анош).**Чистота. В переносном смысле – дать клятву для очищения.

К1ах1има, Аьрсига шен дин юхаберзабе – цхьаъ, шолг1а – иза бигарна ц1ано а ло аьлла, шена т1е хабар дахьийтича, жоп делла хиллера, шена кхо х1ун дуьйцу а ца хаьа, шегара дин а хир бац я шегара ц1ано а хир яц аьлла (М.Завриев. Теш ма лаца).

**Ц1арнаш.** Мошёнки.

**Ц1арт1ехь (ц1ет1ехь).** Замужная женщина.

ЦIенош аьлча а, яккхий гIаланаш ю кхузахь Бельскаян цIартIехь (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Ц1ег1уо.** Красноватый (о цвете).

Оха юура и кIайдаргаш, мерза а хеташ, къаьсттина, цIегIуочу басарниш, юура, юккъехь зингатий дуй а хьоьжуш – уьш легашка дахча, йишхела олу дела (Э.Минкаилов. Дахаре г1ертар).

**Ц1ей.** Языч. Праздник (С.Дадаев. «Даймохк» газетан дошам. 19 январь, 2012 шо).

**Ц1ела (ц1елахь).** В кровь (клятвенное заверение).

Хьекъал ду шен а боху, делла боху и къасттийна шена, и а дуьйцуш керча масийтта эзар шарахь шен ц1ела (С.Яшуркаев. Х1ара, х1етал-метал, ду хаан дезаш шуна). - Х1аъ а, х1аъ а, Доккханиг! Хьайн шайхаллехь доккхаделахь,ткъех шо хьалха ахь ма аллара, 1оххура, хьуна, ц1елахь (С.Яшуркаев. Иблисан гулам).

**Ц1елаторг (-аш).** Зажигалка, спичка, кремневое огниво.

Костас т1ам т1ера еана, патарманан чкъоьргах йина ц1елаторг а яра сан-м, п1елга жима чкъург ма-хьовзий, лата а леташ, ас цуьнан мелла волуш йоьжна схьаэцна лелош (С.Яшуркаев. Картолаш).

**Ц1емза.** Диал. Моросящий, дождливый.

Гуьйренан йочана
Ю тахна цIемза,
Дог а ду ца дуьжуш
ЛадоьгIуш чевне (М.Сакаева. Теркаца цхьана ю со).

Къайлаели цIемза гуьйре,
КIайн бос ийци Iаламо.
БIаьрг ца соцуш, лай тIехь нуьре,

Малхо зIаьнарш Iенайо (Н.Пашаев. 1аьнан юьхь).

Бовда а, бевдча, къайлабовла а, къайлабевлча, цхьана дийнахь сарралц а цаьрга сатохалур доцу, ц1емза, шийла хан (А.Айдамиров. Дарц). Ткъе пхи шо хьалха, х1ара санначу гуьйренан ц1емзачу буса дара иза а (М.Айдамирова. Безаман къайленаш).

**Ц1еналла.** Чистота.

Арахьарчу къаьмнаша масална ялош хилла ю нохчийн зуда, цуьнан ц1еналла, цуьнан дезара, цуьнан тешамен, къонахалла, доьналла долуш хилар (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Ц1енкъа (-наш).** Глиняный пол.

Миска ши ваша хилла охьавижа мотт-гIайба боцуш, кIела гали а тесна вижина Iуьллуш. «ДIахилахьа, со лаьттахь ву, хьо цIенкъахь ву», – аьлла цаьршиннах цхьамма (М.Кузаев. Со лаьттахь ву, хьо цIенкъахь ву).

**Ц1енна.**Чисто: без всякой примеси.

Шолг1а к1орни а ца карийча, ц1енна карзахъяьлла къиг (Нохчийн фольклор. Цхьогаллий, къиггий). Жима къонах ц1енна чот йоьхна висинчу хенахь цхьана воккхачу стага ша волчу чукхайкхина (Нохчийн фольклор. К1ант зер).

**Ц1ерахазам (-аш: ц1архазмаш).**Слух, слухи, тщеславия, для показухи.

Дозаллин, ц1ерхазаман дуьхьа дацара 1умас дина дика. Иза Аллах1-Делан дуьхьа дара (Д.Кагерманов. Дика к1ант – г1ала, вон к1ант бала Я бакъ дешапн маь1на).

**Ц1ерахазмана (ц1архазамна, ц1ерахазмна лело [дан, ала и.д1.кх.].** Тщеславия. Делать что-л. для тщеславия.

Везахь а, хьегор ву,
йилбазех лар ца веш,
Таьжгенаш1 лелор ю,
цIархазман ларча еш (А.Ахматукаев. Зуда йигар).

Иштта аса тамаша ца бо селхана яа х1ума йоцуш варрашкахь хьаьмцашка а лелла, тахана яа сискал хиллачу нахах а! Уьш бу ц1ерахазмана саг1анаш дохуш берш а! (Хь.Тухашев. Гулам).

Юьртдас, говр тIе а гIортайой, шед туху кхуьнан коьртах: «Йовсар, вон йовсар!» - олуш, дуьххьалдIа цIархазамна (М.Бексултанов. Буо). Нагахь и тешар суьртана лелочохь я Iесачу динехь (язычествехь) долчу къаьмнийн оьздангалла, церан ламасташ, дукха хьолахь, цIерахазамна, суьртана, моттаргIина лелош хуьлу. Цундела шайн цхьана аьттонна я хала киртиг тIехIоьттича, гIиллакхаш атта охьа а туьйсу цара. Ткъа лелош дерш а нахалахь шайн цIе яккхийта, гайта, балха тIехь я рицкъи тIехь аьтто хилийта – доцца аьлча, дуьненан хIума бахьанехь хуьлу. (М.Ахмадов. Нохчийн г1иллакх-оьздангалла). Цо мохь бетта, цо нехан кхетаман неI етта, кхача – молханашка, дарба – дIаьвше, безам – осалалле, майралла – сонталле, дин – цIархазамалле, доцца аьлча дахар – моттаргIане доьрзуш ду, орцахдовла бохуш (М.Ахмадов. Ломах ирх, мохь такхийна...Нохчийн поэзех лаьцна).

**Ц1еранаш.** Члены семьи, домочадцы.

**Ц1ерачарахь.** Среди домочадцев.

ЦIерачаралахь хьалха майрачун хийцавалар Кхокхина тосаделира (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Ц1етоьхнарг (-ш).** Предназначенный, отмеченный, обозначенный, определённый.

Х1ан-х1а, ца боху цуо нийса, оцу къомо ша шена дола деш ца хиларна баьржина, къомаца эвхьаза бевлларш бу цуо «г1о-орца хила безарш» аьлла ц1етоьхнарш (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Ц1еххьана.** Внезапно.

**Ц1еххьашха.** Неожиданно.

Ц1еххьашха ц1е гучуйолу,
Д1айов и,
б1аьргаш чу хьаьвзий…
Моттало, хьо ву и вог1уш,
Хьан нур ду
б1аьргаш чу хьоьжуш (Р.Ахматова. Гуьйренан новкъа).

Леккха хьалаевллачу хьаьжкIашна юккъехула дIавахара бекхам бан воьду шиъ. ЦIеххьашха тIеIоттавелира дехачу, хьалхахьа дIа учи а йолуш, диначу цIеношна (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Ц1идар (-ш).** Предмет печи. Раскалённый до красноты металл.

Например, в народе говорят: Ц1ийдина ц1идар 1иттарх. Так говорят на того, до которого что-то не доходит, на упрямого... (Хезна яздархочуьнгара Яшуркаев Султанера).

**Ц1ийдар (-ш).** Юкъ д1айоккху морзах.

Жижиг, даккхий дакъош а дохуш, алу тӀе кхуьйсура Камаевс, жимчу стага, цӀийдарш тӀе а дохкуш, шашлык яйтахьа бахар тидаме а ца оьцуш (М.Ахмадов. Къоьзана-1ам). **Щийдаршка** (Щийдаршка) «Мареновым плантациям к». Урочище на западе села, где жители выращивали марену, из корней которой добывали красную краску. *ЦӀийдарш* - марена (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»). – ДӀавалахь, ца гинера хьуна иза-м… И алу таяй, цӀийдарш тӀедахкахь (М.Ахмадов. Дашо ор).

**Ц1ий1уьйдарг (-аш).** Прост. Блоха.

– Массо а Iуьрг а Iабаде хьайн, боьрша йоцу хIума! Цкъа Iабахьара шу адамийн синош даа, веччалгаш, цIийIуьйдаргаш! Мотт-эладитанан мурдаш! Зуламан, харцонан дай! (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Ц1индан (й, в, б).** Обновить ( ахь и ц1индан х1умма а дац» - ничего не обновить тебе)..

***Жухарг***. ХIумма а ма де – соьга ладогIа:

Акказех диг догIа, дог дагIахь, кхор богIа,
Ца дагIахь – къола де, талор де, курхал де,
Цул тIаьхьа мохк цIинбе, дажало ма-элли –
Жа санна, гул а лой, бIарз санна, оллалой,
ХIорда чу кхоьссина цу кана санна,
Карийнчу кIезанах чалтачна хьесталуш,
Йовссарех цIийзаш, чагIалкхца пхьор къуьйсуш,
Махкаха довла (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

**Ц1ир (ц1ар-ц1ар).** Звукоподражание. Птичий гам и клекот.

… цхьана Iуьйрана доккха ло, хьозарчий а тхов кIелахь, цIир-цIир деш, дуса а делла, долдолчохь кхийсалуш, гонаш дохуш, чуччахьийзаш, малх соьцучу дукъон бистах шена-шена меттиг къуьйсуш… (М.Бексултанов. Эх1, эшар х1унда 1ена-кх... ). Йо1 йолчу сарахьуо кхечира кху дийнахь Мовлди.5 –г1отан ц1еношна аьрру аг1ор яьлла цхьа хаза диттийн беш яра, аьхкенан тов лахъеллера, хьозийн ц1ирр хезара бешахь (П.Абубакарова. Има).

**Ц1овг (-аш).** Устар. Древненахск. Жрец (послужник).

**Васхала** - в церквях и храмах имелись особо почитаемые места с подобным названием. Т. е. это были алтари, которые строились обычно посередине помещения. Жертвенную пищу и напитки, прежде чем их употреблять, ставили на этот алтарь. Молящиеся становились вокруг этого алтаря (чеч. *васхала).* Жертвенное животное, прежде чем предать его закланию, также окружали молящиеся вместе с жрецом, которого чеченцы называли по-разному, в зависимости от того, каким богам и божествам они в данный момент молятся: *долг, цIой, сиелг* (или *сиел), мозгIар, тиекъархо, леткъарг* (или *леткъаш верг), цIовг* и др. Вот этот церковный алтарь и заменял в доме-башне горцу-чеченцу серединный каменный или деревянный столб. Он находился в центре помещения, на том самом месте, где долгое время в священном очаге горел огонь, который обогревал семью, на котором готовили пищу, где висела с самого потолка до самого пола священная цепь, которой чеченцы клялись (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Ц1ой (-ш).** Устар. Жрец, жрица.

**Васхала** - в церквях и храмах имелись особо почитаемые места с подобным названием. Т. е. это были алтари, которые строились обычно посередине помещения. Жертвенную пищу и напитки, прежде чем их употреблять, ставили на этот алтарь. Молящиеся становились вокруг этого алтаря (чеч. *васхала).* Жертвенное животное, прежде чем предать его закланию, также окружали молящиеся вместе с жрецом, которого чеченцы называли по-разному, в зависимости от того, каким богам и божествам они в данный момент молятся: *долг, цIой, сиелг* (или *сиел), мозгIар, тиекъархо, леткъарг* (или *леткъаш верг), цIовг* и др. Вот этот церковный алтарь и заменял в доме-башне горцу-чеченцу серединный каменный или деревянный столб. Он находился в центре помещения, на том самом месте, где долгое время в священном очаге горел огонь, который обогревал семью, на котором готовили пищу, где висела с самого потолка до самого пола священная цепь, которой чеченцы клялись (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Ц1екъболат (-аш).** ЦIекьболат тур (тарраш) - клинок из особой узорчатой стали. *ЦIекь* - вайн. узорчатый, *болат* - сталь, *тур* - меч, шашка, сабля. Клинок ковался из нескольких полос равноценной крепкой стали; образуя полосы, они сливались. Подобные клинки ковались в г. Дамаске. Вайн. *цIокъ* - в знач. «полосатый барс» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

Уггар т1аьхьа, дечган мукъ болу тур хаьн т1ехь а долуш, цхьана бокъа т1ехь схьавог1учу стагах б1аьрг кхетта Тимаран к1ентан. Т1аккха аьлла цо: - Хьулла вог1у стаг т1ехь 1ен бекъа турпала а ю, цуьнгара дечган мукъ болу тур ц1окъ-болатан терс-маймал а ду (Нохчийн фольклор. Астаг1а Тимар).

**Ц1оц1и (-еш).** Плакса (о плачущем ребёнке).

**Ц1оьллаг (ц1оьллагаш).** Ирон. О маленьком росте (часто о домашних животных).

Ткъа Янаркъин кертахь, еккъа цхьа аьттан цIоьллаг йоцург, беа кога тIехь кхин хьайба дац. Янаркъа а, цуьнан йоккхастаг а хене доккхурш цаьршиннан маззакъдоьлла къена куьйгаш ду (А.Айдамиров. Дарц). Амма Дала цунна ницкъ ца беллера. Иза лоха, эг1аза стаг вара. Дала цунна майралла а ца еллера. Иза к1илло, ц1оьллак, г1избе стаг вара. Цундела, ша юьстах а вуьсуш, Зеламха кхечара вере сатуьйсура цо (А.Айдамиров. Дарц).

**Ц1умарш (ц1умарш).** Прост. Карикатурные изображения.

- Линг-т1ох! Руб пять! Линг-т1ох! Руб пять... – Х1ан, схьалаца! Х1ан! Х1ан! – куьйгаш кхийдадора, мер к1ел а оьхуш, дист-б1аьра лелхаш, даьржинчу хин сацкъар хьаьхна ц1умарш кхит1е а дастам а йохуш (З.Яндарбиев. Жаби). - Сан десара, хьо шаръелла-м йогIу... - Ахь соьга хIун де боху, ва стаг? - Хьайн цIумар дIасацае боху-кх (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Ц1урдола (й, в, б).** Стать импотентным.

> Лензалла, лензалла, лензалла.
> ТIаьхьенийн цIурдоьлла дозалла:
> – Тхан дендас масийтта вийна,
> Девашас сагIийна хьийна,
> Тхан цIийно ала ца дитна,
> Аладерг, цаваьхьаш, висна (Л.Ибрагимов. Г1аттамаман либретто).

**Ц1урко (-наш).** Старин. Камень (-и), который кладётся на крышу боевой башни.

– Хьажал хIара ламчохь вайн дайша еш хиллачу бIаьвнан бустам бу… Уггар лакхахь хIотточу тIулгах – цIурко олуш хилла, цул лахарниг черха…марш-кхера… (М.Ахмадов. Чехкачу хи чохь г1айренаш).

## Ч

**Чакхма (-аш).** Диал. Рожа, морда.

Сан Ади вахалла, вехаш-м ца воллура хьуна, хьан и чакхма харцахь ца яькххича… сан хIуьттаренна дина-кх ахь хIара… (М.Бексултанов. Дахаран хин генара бердаш).

**Чалахь (чалахь бинарш: й, в, д).** В соломе рождённые.

Дукха мийлинчу къаьркъано гуттара а вестина лелачу, оцу Россин, Ельцин бохучу президентан хьадалчийн г1оьнца шайна юккъехь барт а бина, масех стага х1ара республика шен ден мере яхийта 1алашо йолуш, массо а халкъо дагалоцуш харжамаш бо аьлла куц а х1оттийна, вайн, аьлча а, шаьш санна болчеран президент, оьрсийн инарла хилла волу Дудаев х1оттийначу хенахь, цуьнан хечин барчах а тасавелла, леррина йолчу цхьана подразделенехь г1уллакх деш ву ша бохуш, варраш хоьхкуш леллачу, шен ворх1ий а дена ца гина йолу тиша иномарка хоьхкуш лелла волу х1инца х1окху Дуц1ин Буркъин Салмана шен дагахь харжа аьлла хьалхатеттина волу массарна а мотт бетташ, иман а, беркат а доцчу, астаг1чу Миндаран Седакъан к1ант Абу, шуна массарна а дика дагайог1учу хенахь, Соьлжа-г1алахь къома къаной бу бохуш массо а ярташкара лахьийна ялийна еса х1уманаш хьалха а яьхна чалахь бинчара и шайн шайт1анийн ловзарш д1ахьочу хенахь хаьнт1а а оьллийна, мера к1ел ши чо а латийна, Соьлжа-хи йистехь церан жижиган еш кхехкош лелла ву … (Хь.Тухашев. Гулам).

**Чап [кап] (чаппаш: чап [кап] тоха яло.** Ср.: **кап (**в отличии от слова: **кеп).** Разг. Прост. 1.Показать недовольство, напустить на себя вид, попытка произвести вид на окружающих (о стремлении форсить, задаваться).

Ламаз тIехь иштта шен кIентан ойла еш Мелимат Iачу хенахь, уьйтIа кхечира хи тIера йогIучу Iабин говран тата. Цул тIаьхьа дукха хан ялале хазийра Iабас говрана яла кечъечу хьаьжкIашна чаптухуш а (Ш.Окуев. Лай т1ехь ц1ен зезагаш).

**Чаро (-й).** Представитель чеченского одного из чеченского общества.

Общество было расположено на р. КIэлакхойн Iин. Граничили на в. и ю. с аулами ХIакара и ХIетли Дагестана, на с. с Кенхи, на з. с Хьакъмада и ХIима. Название сложилось из двух компонентов: *ча* - «медведь» и *ара* - «поляна». *Чайн-ара* «Медвежья поляна» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Чаьлтач (-аш).** Палач ( -чи).

> Танг1алкх, кхел я г1ант даькххина чаьлтач!
> Вай-м т1етоттур луъучунна бехк,
> Лазарх коьрте х1утту эзар хаттар,
> Х1етахь х1азарш динарг къонахех (В.Малаков. Эрна хилла-кх).
> Ца хаьа – муьлхха а илланча,
> 1алашдан халкъан яхь, сий

Чалтачан гоьрге и биллина,
Шен коьртах а вер варий... (Р.Супаев. Жассашший, лайн чимашший).

**Чекхдаьндерг (-ш).** Что пройдёт.

**Чекхдаьндолчу.** На что пройдёт, возможно.

Дукха хан ялале, девзиг а хьаькхна, х1усамнанас, г1ашца а, кхечу т1уьхкашца а цхьаьна, цкъа хьалха кертан маь11е д1а а гулйина, юха, яьхьна кхечу нехех а тоьхна, Органан г1айренга д1аяьхьна доьза йовн йолчу цу т1уьхке хьоьжуш лаьттара Гада, шен д1адаьлла ткъе пхийтта шо юхахьаьжна б1аьранег1ар тоххал бен юкъ а ца хеташ и, мел к1езга хилча а, ах дахар х1ети-вети а дуй хууш, кхин цкъа вухахьажале чекхдаьндолчу цуьнан маь1нех кхета ницкъ цахиларо, цу т1ехь ша г1орасиз хиларо ойланашна т1е г1айг1анан мокха пардо озийна, вицвина (З.Яндарбиев. Церг тоьхна т1уьхк).

**Чемхалг (-аш).** Соломинка.

Ц1еххьана йог1ий т1екхета ламьнашна, хьаннашна, оцу ахкана йочана, 1аьржа бода хуьлий хьийза, дог1анна язъелла мархаш, бердех суьйнаш лелхийту къийкъачу стиглано, шийла къора бетта ирзеш т1е, чехкачу дог1анах тийжаш доьлху доллу дуьне – охьахьовду сацкъаран басешца, хьаннийн аьрцнашца, лаьмнийн 1аннаш чу 1овраш, деста ахк, буьрса долу, бердех детталуш саьрмаках 1оьху, юхдоху моан, пепнийн дитташ, херцайо адаман г1ишлеш, экхано санна карзах, бердех кадетташ т1ехтуьйсу бутон тулг1еш, йоху бердийн меженаш - чемхалгех ловзош хьо шена дуьхьал мел нислург (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Чермо (-й).** Представитель из одного чеченского общества.

Чермой – этническое об-во. Локализовалось в древности на горе Чермойн лам, протянувшейся с ю.-з. на с.-в. до реки Хул-Хулау от селения МахкатІе до Хорочо, оставляя на с. селение Ведана. На склонах и вершине Чермойн лам обнаруживаются древние могильники, городища и культовые места, в числе которых и Тишоли тІе, посвященное богине плодородия и деторождения Тишоли (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Черха (-наш).** Камень, который клался предпоследним на самом верху каменной башни.

– Хьажал хІара ламчохь вайн дайша еш хиллачу бІаьвнан бустам бу… Уггар лакхахь хІотточу тІулгах – цІурко олуш хилла, цул лахарниг черха…марш-кхера… (М.Ахмадов. Чехкачу хи чохь г1айренаш).

**Чибар (чам).** Сорт душистой травы.

Шен б1аргашна гинарг, лергашна хезнарг, дагна 1аьткъинарг исбаьхьаллин кхетамах чекх а даькххина, шена Дала делла похьма т1е а хьаьрсина, чоманна т1е чибар чам а тоьхна, халкъера мел дерг, халкъана доккха-деза б1аьрла совг1ат дина, юхадерзина цуо: "Хьегарах барз хуьлуш хилча, вайшинчух – лам хир бара» (Л.Ибрагимов. Гадаев Мохьмад-Салахьан феномен).

**Чилдакх (-аш).** Передняя часть челюсти.

Юха со вужуш, цхьана кІаг чу – со букъара аркъал воьрзуш, – суна тІод го, тоха ластийна, сайн коьрта тІе, юьхь тІе догІуш, цхьа мохь эккха, инзаре мохь, со Іуьллучохь, чкъург санна, хьаьвзаш – бесни йогу, урс кхетча санна, цициг а го, сайн юьхь тІера, кхосса а делла, цІенкъа хІуттуш: берриг а чо гІаьттина бу, дІовш тоха санна, айдина цІога, чилдакхаш дІасахьадийна, кІайн цергаш, цІен мотт: – со кхета, сайн хиндолу дийцар – «Суртдоккхург» – тІаьххьарчу дашца хила дезийла, цхьана дашо дерриг а дуьйцуш, кху гІенан чаккхе санна, – ас юьхь тІе дІа катоьхча, куьг дерриг а цІех дузу (М.Бексултанов. Мила ву-кх, ша мила ву хууш).

**Чилхьаса.** Шёлковая нить.

Когех болатан буржол ва тоьхна, Куьйгех чилхьесан г1оьмеш йоьхкина, Жерочун жима к1ант ша цхьалха витина, Ша араиккхир, тов, и гуьржийн жима к1ант (Нохчийн фольклор. Жерочун к1ентан, гуьржийн к1ентан илли).

Базарна йитинчу йоккхачу майдана,
Базаран майданахь дІайоьгІна ма лаьттара,
Адамаш ирхъухку и толлан тангІалкхаш.
ДІатесна ма кхозура чилхьесан тІергаш
(Нохчийн фольклор. Исмайлин Дудин илли).

Туька йиллал ва дари шен дег1а дерзийна,
Бере кечвал ва дети шен некхе дерзийна,
Чилхьесан бухкарца, цу ц1естан к1удалца,
Цу х1урдан ва мохо ездари ловзадеш,
Эсаран ва мохо кисин т1ам ловзабеш,
Пошмакхийн ва кийрахь ва к1архаш ц1ийзабеш,
Пошмакхийн айрашца некъан йист ва лоргуш,
Хит1а яха елира тов ворх1 вешин ва йиша
(Нохчийн фольклор. Илли. Из кн. М.Ахмадова: «Г1иллакх-оьздангалла).

**Чинк (-аш).** Маленькая часть чего-л. (слабое дуновение ветра).

Шуьша цхьаьний охьахуура, нанас шен гIенаш а дуьйцуш, ша хьежар, сагатдар, механ чинко ков тоьхча а, меттара сема хьала а лелхаш (М.Бексултанов. Бераллера хьан бералла). ЭхI, эшар ю-кх цхьанхьа Iенаш, Iинал лакха, генна ламанца, седарчашна юккъехула, бода цоьстуш, лоьлхуьйтуш, доIа чIехкаш санна, кхерсташ, тIепаза йовш, юха эккхаш, махо кхоьхьу мархаш санна, механ чинкаца хийц-хийцалуш… (М.Бексултанов. Эх1, эша х1унда 1ена-кх... ). Хьо яхалла, хьо ледара зуда а йолуш-м дацара хьуна иза, я хьан хIу ледара долушший-м, иштта дIа хили-кх, могаш-маьрша лаьттина цIа, яьлла механ чинк а йоцуш, цIеххьана чукхетча санна (М.Бексултанов. 1аламат).

**Читмара.** Старин. Двуличие.

Ахь эхье мел дендерг сайн куьйга сецадеш,
Де эшна карийча, иркарахIиттавеш,
Лелачу сайха хьо, йист-бIаьрга иккхича,
Ас сайха херво хьо – читмара доттагI
(Л.Ибрагимов. Сайчул а доккха дог хьайн кийрахь доллушехь).

**Чирмаре.** Старин. Двуликий.

**Чкъар-аьлла <чкъар-аьлла хи хьада>.** Звукоподражание. Быстрое течение воды.

Б1ара хьаьжначу суна, чкъар-р-р аьлла, цуьнан хих буьзначу б1аьргашна чуьра хиш охьахьовдуш гира, ерриге а цуьнан моьнаша аьгна йолу беснеш а т1адош (М.Завриев. Теш ма лаца).

**Чкъар-чкъирнехь.** Прост.-разг. Звукоподражание. О шебетании птиц.

«Чкъар-чкъирранехь» декара х1аваэхь олхазарш (С.Мусаев. Г1улч).

**Човсалла.** Шутовство (посредничество)в чеченской вечеринке.

Делахь а, хьоьга сан дехар ду,
И кхочушдан хьо а декхар ву:
Човс дукха ледар ву-кх тховса хьан,
Кхечуьнга лохьа и човсалла (Ш.Цуруев. Синкъерамехь).

**Човс (-аш).** Скоромуш (посредник) в чеченской вечеринке.

Горлера тхьамда-яI, горлера,
Эшарехь ловзу ког гоьла тIера.
Тхьамдаллех хьо-м дика воьллера,
Хабарна жерочул тоьллера,
Делахь а, хьоьга сан дехар ду,
И кхочушдан хьо а декхар ву:
Човс дукха ледар ву-кх тховса хьан,
Кхечуьнга лохьа и човсалла (Ш.Цуруев. Синкъерамехь).

**Чов-чардо.** Незначительная рана.

Боьхначу салташа
Ца хьажош еттара,
Чов-чардо цахилларш
Бухнехьа хьаьлхира,
Топ кхетта, нал санна,
Полковник вуьйжира (1.Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь).

Шолг1ачу г1алг1азкхичун цергаш яьхнера, кхоалг1ачун юьхьа т1ехь гуш чов-чардо цара (А.Айдамиров. Дарц).

**Чолхалла (- ш).** Сложность чего-л.

Воккхаверца гочйора ас цу т1ера стихотворенеш, х1унда аьлча, уьш даггара язйина а, чолхаллаш йоцуш, кхета аттачу маттахь а хиларна» - бохуш яздо литература талархочо, журналиста Кусаев 1адиза (Хь.Бурчаев.Ахматова Раисин деган иллеш). Дахаран чолхалла, дахаран массо тайпа хьийзаме, бес-бесарчу суьртийн некъех чекхваьлла, цу дахаран массо вонах ларъяла со Iамийта лууш, гонаха хуьлий а ца хууш хуьлучу шалхачу меттан гураша лацарна кхоьруш, шена езаре терра, суна а езалур ю моьттуш, Iилманан кIоргенаш ас Iамо лууш, оьзда вехаш чекхвалархьама, адамо шеца кхаба а, лардан а дезарг довзуьйтуш, сан ирсана леринарг дерриг суна кхолла, лаха хьожур волуш, нагахь шен агIонгахьара хила жимма а орца делахь, и дерриг кхочушдан шеца лаам болуш хилларг вара и суна (М.Анасова. Шина деган лазам а, марзо а).

**Чомахь.** Запах вкуса. Как положено, нормально.

Даймохк лаьтта,
дог шелделча санна,
Цуьнан хьаж т1ехь хебарш хаало…

Х1окху т1амо лаг 1аьвдичахьана,
Цунна чомах са ца да11ало… (1.Саиев. Дог доьлху).

**Чом-буц (чом-бецаш).** Сорт травы альпийских лугов.

Легенда санна дуьйцу: Чом-буц ламанца хуьлуш ю боху. И дег1аца хилча, массеран а безам боьду боху. Цу т1е, дуьнен т1ехь массо а дуьхьало йохало боху, и буц карахь йолчу стаге. И х1ун дара-техьа бохуш, к1ант ч1ог1а цецваьлла хилла. Юха ц1а вахача, шен эткаш чохь карийна нунна чом-буц. Т1аккха хиъна цунна ша мехкаршна х1унда везавелла хилла (Нохчийн фольклор. Чом-буц).

**Чонкар.** Обрубок.

**Чорхаме.** Упитанный.

**Чохьвалла (й, д, б).** Быть в заточении.

**Чохьтен.** Инфекционным стать что-л. для кого-л.

**Чохь1ойла (-наш).**Жильё.

- Оьшу г1ирс аш хилийтичхьана чохь1ойла ярна-м оха шуьга сагатдойтур дац хьуна (Хь.Яндарбиев. Шера-шуьйрачу арахь).

**Чоьрбалш.** Диал. Ремни для привязи ноши к седлу лошади.

Ламаз а эцна (ламаз дан хьалхе дара), говрана нуьйр а тиллина, де кхолахь а аьлла, гатанан палаш а, ц1енчух цхьа гали а – экха ер нислахь а, – ч1оьрбалш а кечдина, яах1ума чохь йолу хаск нуьйран х1оьънах д1а доьхкуш, говран юьхь а лаьцна (бергийн тата ца хазийта), новкъавелира со цу буса (М.Бексултанов. Ц1архо). Палаша юкъа а хьарчийна, халла нуьйра чу виллира ас иза, бертал, ч1оьрбалшца д1а а воьхкуш (М.Бексултанов. Ц1архо).

**Чоьхье (чуьйхье: чоьхьенаш, чуйхьенаш).** Внутренность, то, чтовнутри.

«Доцца аьлча, «от пережитков прошлого» д1ац1анъеш ю адаман чуьйхье, динна технологеш ю и «санитарни» болх бан яьхна, дийнахь а, буса а телевидинехула, радиочухула, газеташ, журналаш, киншканаш т1ехь, концерташ, шоуш х1иттош, барашкахь, ресторанашкахь… массо а адам кхочуча меттехь яьржана болх беш ю и (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

Т1ехула т1е, йоллу юург-мерг а хийца цуьнан -
алссам хими тоьхна даарш дахка пхуьран шуьна -
доллу 1аламо лун сурсаташ эшаде, лахде,
фабрикашкахь дина, д1аьвшаш тоьхна доцурш, къахьде,
чуйхье бежанан е, т1ехула яьцахь а ма1аш (С.Яшуркаев. Иблисан гулам).

Дала ша дебадан
кхобург сан дацара
я кхашкахь хьекъадан
дуьйриг а дацара
доьзалца тоян сан
чоьхье а яцара
нахаца тоян сан
аре а яцара (А.Бисултанов. Хьайбахахь язйина байташ).

**Чувукъвала (й, , б).** Ирон. Замыкаться в себе.

Вайн лорах хьаьжча,
Шена чувукълой,
ХIутту юьхьIаьржа
Кешнашна юххехь –
Да-нана диццдина воьдург (А.Ахматукаев. Хьан лорах хьаьжча... ).

**Чукхийла** (мн.ч. глагола -«чукхайкха»). Повадить в дом.

Со жима стаг волуш (жимачу стеган накъостий дукха хуьлу-кх), доьшу бохуш, со лелачу хенахь (кху юьрта – ишколехь а, юха университетехь а), даим а нах хуьлура соьца, де-буьйса даккха сайца чукхуьллуш (М.Бексултанов. дахаран хин генара бердаш).

**Чук1ело, чук1еле, чо-к1ело (-наш).** 1.Под что-либо (подкладеаодежды). 2. Подбрюшье.

- Ткъа суна шина г1алг1азкхичуьнга еттийтина цо! Куьйгаш а, когаш а дехкийтина. Ша т1е а х1оьттина. Ч1огг1а тоха а бохуш. Коьртах. Чоже, чук1еле тоха а бохуш (А.Айдамиров. Дарц). Кхунна мархаш го, цIийеллачу чуокIелонашца орца тIехьара меллаша гучуюьйлуш, тIаккха аренца геннахь йовш, цхьана кхоьлинчу Iаржалле гуллой. Юха олхазарш а, наггахь тухучу тIомаца ламанца цIа доьрзуш, юкъ-юкъа «къаркъ-къиркъ» хазош, довш, кхулуш, Iаьржачу тIадамашка доьрзуш. ТIаккха мох я хIаваъ, тайп-тайпанчу хьожанца, патарийн шабаршца, юьрта тIехула ирхъоьхучу кIайн-сийначу к1аррашца. (М.Бексултанов. Буо). Оцу генашна т1ера х1ора г1а-патар, к1айн чо-к1елош гучу а йохуш, аркъал дерзийна, тулг1ено г1амаран терхина т1е тессина ч1еран к1орнеш санна, детталора, дегадора (М.Завриев. Теш ма лаца).

**Чулела.** Заходить.

Ахь шайн терго ца яхь: «Хьажахь соьга, со хаза яц? Со ца еза хьуна?» – бохуш, чулелаш амал дойу (С-Хь.Кацаев. Лехамаш).

**Чунехьа.** Скат, вниз.

Халла такхало. Юьртехьа г1еххьа чунехьа а бу бай, т1уьна а... (С.Яшуркаев. Пасха).

**Чуткъаш.** Старин. Травянистая съедобная трава.

**Чуткъайчу** (Чуткайчу) «Чуткайчу (?)» - на ю. КІиесала. Но *чуткъаш* – съедобная трава (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Чутуха (-аш).** Внутро.В переносном смысле: внутренняя (невидимая) часть чего-л.

Билггал хIетахь цабезам кхоллабелира цуьнан Хьатуга, ВатIале, Бекмарзе. Воккхачу стага ма-ярра схьайиллира Ц1агарина церан чутухург(? – Д?), цара юьхьарлаьцна некъ (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Чухуле (чухале: -ш).** Часть внутри чего-л.

Амма литературехь хила а, йиса а юьхькIам болу стихаш а дукха ю цаьрца. Масала, «Ас нана елхийна…», «Со ванас доIанна айбинчу куьйгаш тIехь кхиъна…», «Вижо догIу илли…», «ЦIерпоштан некъ», «ХьаргIанийн бодано…», «Еарин буьйса», кхин а, кхин а, кхин а. Уьш ерриш а мехала хета суна, цаьрца йолу ойла а, амал а, церан хатI а, чухуле а, тIоьхуле а нохчийн хиларна (А.Ахматукаевца 1-Б.Арсанукаевс эцначу интервью т1ера: «Ойла а, амал а нохчийн хила еза...). Повестан сюжет кхиар керла персонажаш, керла хиламаш юкъабалор хилла ца Іаш, персонажийн дог-ойла, амалш, сатийсамаш − ерриг а церан чухале лерина гучуяккхар а ду («Бадуев Саь1ид-Салихь (1903-1938). – Газета «Нохчийн республика», 2013, 18, 02).

**Чуччалахка (чуччалехка).** Гнать в атаку, рукопашную.

Политикийн, авантюристийн, къуйн х1ума ду т1ом, гергарло – къаьмнийн г1иллакх ду, царна дезарг ду. Дукха т1емаш бина паччахьаша, амма, х1ун дика кхаьчча, кара топ а лой, чуччалехкинчу ахархошна? (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Чуьччамох (чуьччамехаш).** Свозняк.

Цаца хилла, чуьччамох хьоькхуш лаьттина нехан хIусмаш а юха денйина (М.Айдамирова. Дегайовхо).

**Чуьйхьара.** Изнутри.

Пачхьалкхан декхар х1ун ду? Шен чуьйхьара юкъаметтиг нийса латтор а, арахьа долчу къаьмнащца, пачхьалкхашца ерг д1акхехьар а ду (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Чуьйхье (чуьйхьенаш).** Прост. Внутренняя сторона чего-л.

Цхьанхьа-м хьахаделла вайн «хьаг1» олург, адаман синхаамашна юкъахь шен башхалла йолуш ю иза. Шен т1ехуле а, чуьйхье а йолуш хуьлу 1алам чу мел дог1у х1ума, мел лаххара а ши аг1о йоцу х1ума карон хала хир ду (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Чуьравала (й, д, б).** Выйти из себя.

> Сан ийманан гIап ца йохаелларг,
> Хи тIедаьлча, сехьа берде ваьлла,
> Бедар хуьйцуш, чкъор а хийцаделла,
> Чуьраваьлла хьехамаш бан ваьлла (А.Ахматукаев. Сан г1ап).

**Чхар-рр.** Звукоподражание внезапному взлёту птиц.

*«Чхар-рр, чхар-р», – тIулгаш тIе а детталуш. кхийсалуш, доьлуш, охьаIена шовданаш. «Булкъ-булкъ-булкъ», – ишттa доьлу юьрта юккъехула охьадоьду ахк* (М.Ахмадов. Денисолта).

**Чхор (-аш).** Старин. Скала.

**Хорочойн дозанера чхор** (Хорочойн дозанера чхор) «Скала, что на границе с Хороча» – урочище на юге села Теза-Кхаьлла (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Чхьагдала (й, в, б).** Диал.Тяжесть на душе, сердца.

> ТогIин тап дазло тIе, хьаьшна ведвалла,
> Мархел а чхьагдолий, дог тохало (М-С.Гадаев. Орцара г1ов).
>
> Т1ом кхехка. Чхьагбуьйлу иза де-дийне.
> Азаллехь дуьйна а хьо-м тIамо зийна.
> ХIинца а цо зоь хьо. Хьан кIентий зоь.
> ХIун сардам баха хьох, сан Нохчийчоь? (1.Шайхиев. Нохчийчоь).

**Чхьераш.** Устар. Папоротники.

**Чхьерийн ирзо** (Чхерийн ирзо) «Папоротниковая поляна» -на ю.-в. села на горе Б_ан-дукъ (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

## Ч1

**Ч1агарехь.** Религ. В кругу, кольце.

Зуькаран чIагарехь воьдучун хьалха я тIаьхьа

ДIахьакха ца луш чекхваьлларг нийса чекхваьлла (А.Халикова, Дахаран цхьамза).

**Ч1аг1алла (-ш).** Крепкость, твёрдость кого-ч.-л.

Сайн са а, дег1 а оцу кхаа зудчунна кара деллера ас, ткъа х1умма а сан уьш цара кхоа а ца дор-кха (В.-Хь.Амаев. Меца некъ).

**Ч1ана.** Дополнительно к толкованию в словаре А.Мациева (1961:505 – разорить – в составе вспом. гл. – даккха: делать) имеет значение. Устар. Голый, лысый, без никакого прикрытия (о ком-ч.-л.).

**Ч1анадала (й, в, б).** Прост. Оголить.

ТIаьххьара кхийсарш еш яра гуьйре. Денош дацделлера. Бода хьалхе булура. ДогIанаш оьхура. Шийла мехаш хьоьккхура. Латта хударх тарделлера. Нехан арабийларш а кIезиг хуьлура (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**Ч1анадаха.** В смысле: оголить, разорить.

Iела Сибрех вахале динчарах цхьа наггахь цIа диснера. Шира дитташ а къанделлий, хедийний дIадевллера. Цхьадерш, генаш а хедийна, чIанадаьхнера (А.Айдамиров. дарц).

**Ч1апдан (й, в, б).** Приплюснуть.

Мацалла а, хьогалла а, эшам а, эхь а са пхенашка кхачош, дег1 а, са а ч1апдеш, лаьттах д1алатош, т1аьхьа меттавеъча лаьттах кадиттинчу куьйгийн м1арех тиссина ц1ийш а хуьлуш болу кхерам а, 1ожаллин шийлачу хоршане кхаччалц – дерриг лайнера, дерриг девзинера, амма вала-м ца веллера, б1озза догдиллинехь а дуьненах, дахарх (З.Яндарбиев. Жаби).

**Ч1арт-аьлла.** Звукоподражание плевка.

Куралла хьавза а хьаьвзина, х1ан-аьлла, цо багара мотт гучубоккхушехь, йисина боху бумбари (П.Абубакарова. Бабин дийцарш).

**Ч1арх-аьлла.** Звукоподражание скорого, доброкачественному исполнению чего-л.

ВорхIе а -пепнаш санна, догIмаш долуш, болатах воьттича санна, онда. ХIуманах а бIаьргнегIар тухур доцуш. Вухавер воцуш. Iуьргара моьлкъа а боккхур болуш, чIарх-аьллий, шайтIан ненан багара маха а бохьур болуш, майрий. ГIиллакхах вухур воцушший, яхь дIалур йоцушший (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха). Цул сов, хьалха дика спортсмен хилла а ву иза, цундела цхьа чIарх-аьлла, лелар а ду, жимчу стеган санна (Э.Минкаилов. 1ина йисттехь).

**Ч1ач1а.** Нахмурить брови.

**ЧIебирла, ЧIарбила (чIебирлой).** Чеченское общество (тукхум). Ч1ебирло – представитель ч1ебирлоевского общества.

Общество граничит на в. с Анцадо Дагестана, на ю. с Нижала, на з. с Нохч-Кела, Босси и Шуьйта, на с. с Ведана. ЧIебарла, вероятно, имеет в своей основе: «плоскогорье», *ара* «поляна», от которого сохранился только звук «р», а конечный формант «ла» «лой» указывает на этническую принадлежность «ЧIебарлой». Сравните: вариант *чIарбилой.* Своим духовным центром чIебирлойцы издревле считали аул Макажа (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Ч1еда (ч1ада: -ш).** Старин. 1.Челюсти.

**ЧIадана** (Чадана) - на ю.-з. Осхар овл, на границе с землями Богачарой. *ЧIеда (чIада)* - «челюсти» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Ч1емарг (-аш).** Орешник с белыми серёжками.

ЭхI, маржа аренаш яI, аренаш ю-кх Iоххуш, аренаш, ерриш а лай кIел а яхна, наггахь цхьацца Iаьржа кол а, чIемарг а къаьсташ кIайчу лайлахь (М.Бексултанов. 1аламат).

**Ч1иешойн.** Общинники.

**ЧIиешойн лам** (Чиешойн лам) «Общинников гора» - на ю.-з. Пхьиедие (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Ч1ижалг (ч1ижалгаш).** Прост. Небольшой черпак воды.

Iуьйрре дуьйна кхузахь хиъна Iийна, дегI тхьусдоьлла-кх сан, - элира мажъяьллачо, чIижалг хьала а лаьцна, хих масех къурд а бина (А.Айдамиров. Дарц).

**Ч1икъ.** Прост. Хслип.

Вайн къомо бина шен кхолламан некъ.
Цхьанна а къар ца луш,
гIорасиз хилла,
Латтанаш бухдийларх
ца доккхуш чIекъ (1.Кусаев.Сонетийн кочар. Доьалг1а).

Бераллехь, догдоьхча, олура ахь:
«Къонахчо чIикъ баккха
яц хьуна йиш...»
ЦIеххьана хьан сибат
суьрта тIехь гахь,

Сан бІаьргех Іийдало хьегаме хиш (1.Хатуев. Нене).

Ойн, кхин «ч1икъ» д1а а ма ца доккху х1окхо, «дапин-даппехьа» детталуш дог а ду х1окхуьнан, «гаррехьа» дегош ши куьг а ду (В.-Хь.Амаев. Чехка еша деза дийцар).

**Ч1иж.** Янтарь.

**Ч1инжар.** Прост. Сесть на задние лапы (о манере как садиться по собаке).

Цуьнан цхьаллех къахетча санна, къаночун когашна а, гомачу 1асанна а хьалха ч1инжар охьхиира цуьнан жен-ж1аьла а (Д.Кагерманов. Кхойттаннан тезет).

**Ч1инц1олаг ( -ш).** Малюсенький, невзрачный.

**Ч1ич1.** Звукоподражание зазнайства.

Болатхан: *(Ца ешаш)* ЧІичІ! Лур дац суна-м. Ас нийсса ши де хан ло хьуна (С-Хь.Нунуев. Лулахой – 2). Зуда: (аз айдо). Ч1у-у-ч1 ю. Шу совцо суна урх карор ю шуна (Ш.Макалов, С-М.Гелагаев. Забила).

**Чич1-аьлла.** Нарядиться, одеваться вызывающе.

Бакъдерг аьлча, жимахверг- хІинца а зудаялоза волу Іусман жимма чІичІ – аьлла волуш, цунна сагатдар алсам хуьлура Бекмирзин (А.Сулейманов. Къежбелла корта). – Бакъду, Гичбика, и к1ентан-х1ума ч1ич1ъаьлла ю тхан, цхьаъ бен вац бохуш коча лелорна хир ду-кха иза (С.-1.Юсупов. Дечиг даккхар).

**Ч1ишкала.** В кожуре зелёной (об орехах).

**Ч1ишкалдала.** Об орехе: вылупиться из зелёной кожуры.

**Ч1иштал.** Румянец на щеке.

**Ч1оп.** Разг. Пренебр. Говорильня.

**Ч1оба (-наш).** Торба (С.Дадаев. «Даймохк» газетан дошам. 19 январь, 2012 шо).

**Ч1оп-ч1ип (ч1ап-ч1ип).** (Звукоподражание шлёпанью губами в сочетании с глаголом – деш).

Суна х1уьттаренна санна «ч1оп-ч1ип» деш, ч1ог1а со хьега а веш дуурий цо-м уьш (В.-Хь.Амаев. Меца некъ).

**Ч1урам-буц (ч1урам-бецаш).** Золототысячник обыкновенный.

О ь р с а ш а ч І у р а м - б е ц а х «золототысячник обыкновенный» олу.ЧІурамаш чухІиттийначу когах иза тера йолу дела, аьлла цунах чІурам-буц. ГІад нийсса ирх а, беасонера а ду цуьнан. Локхалла 30 см. Ю (А.Берсанов. Ч1урам-буц. . – Газ. «Даймохк», 28 май 2011 ш.).

**Ч1эда (-наш).** Карниз (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

## Ш

**Шабашка.** Шабашка.

**Шабашник (-аш).** Шабашник (-и).

Цигахь иштта дика хилча, шу дерриш, а юха стенна хеххкало ткъа, «шабашникаш» бохуш, шайна и цІерш а тоьхкуьйтуш? (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). Тхо пхиъ ву – «шабашникаш» аьлла цІеяхначу бригадан декъашхо (Ш.Дашаев. Алия).

**Шагдан (й, б).** Разладить.

- Доладелчхьагна а ду х1ара-м хаьдда, - ша аьлла яьлча дохкоелира, амма аьлларг аьлла даьллера. Цу т1е Хожех схьаетталучу маларан хьожано шагйинера цуьнан дог-ойла (З.Яндарбиев. Буьйса).

**Шаерриг (в, д, б).** Всё до единого.

Кха туьман т1ера пхийтта туьмане «кхоссало» («кхуссу») помидорийн, наьрсийн кийла, ткъа туьман т1ера ткъе пхийтта туьмане – котам, пхиэ туьмане – соьналлин хелиг, иштта стоьмаш, кхиерг, кхиерг. Шаерриг! (Я.Овхадова. Хьо мичахь лаха-те, къинхетам?).

**Шай-кай.** Гроши.

Болатхан: Шай-кай? Шай-кай-м шорта яра вайн. Сан нана Ребиса ма ю кху республикехь езза-еза справкаш лучохь. Мел ахча деза хьуна? (С-Хь.Нунуев.Лулахо – 2).

**Шайлахь.** Между собой.

Массо а хила ма гІерталаш къонах, цхьа а воцуш дуьсур ду шу: шайлахь гІолехьверг къаста а вай, цунах къонах ве, вукхара цунна гІо а деш, тІаккха «хьенехан къоьнгаш» аьлла, цІе яьржар ю шун, хьалхавала воккхах а волуш, цунна тІаьхьахІотта орца а долуш (М.Бексултанов. Дахаран хин генара бердаш). Ас лелориг лулахошна тосаделлера – цара шайлахь дуьйцура, со телхина, хьекъалх тилла, бохуш (Э.Минкаилов. Цхьа кхоллам).

**Шайт1аналла.** Лукавство чёрта, плутовство, хитрость и т.п.

Х1умма а лечкъош дацара цуо шен шайт1аналла, дара и цуьнгахь, масех паччалкхехь а болхбалл! (С.Яшуркаев. Иблисан гулам).

Мохьмад ша дика стаг хилла цхьа генара китарлонаш, вайн наха ма-аллара, шайт1аналла а доцуш (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2). Цо даржочу шайт1аналлах (сатанизмах) лардалар-м ду вайна т1ехь! (Л.Абдуллаев. Нохчийн мотт а, хьаьжк1ан буьртиг а, кокани а).

**Ша-лам (баш-лам -наш).** Ледниковая гора, ледниковые горы.

Башломах ша-лам беш, пхьола дира Селас,
Цуьнан коьртах хьарчош барзах уг1у шело.
Наьртан до1ах дажа даим Ида дог1у,
Буто ша бу цигахь 1уьллуш т1улгал ч1ог1а (З.Сулейманова. Пхьармат).

**Шалхаяла (д, б).** Двоится.

Хета шалгоюьйлуш суна кху сайн иллин шовкъ а –
Бода хьоьстуш лела, тIаккха серло хастайо:
Iаьржа гIайгIа даг тIе тесна, гуьйре йоккхуш новкъа,
Iа тIедаре хьоьжуш лаьтта ойла къежйи цо…
(1.Юсупов. Буьйса текхош, къайладели беттан можа бурам).

**Шалон (шалонаш).** Эшалон (-ы).

Стигланаш т1е х1унда ца йоьлху, Латтанаш буха х1унда ца дуьйлу, Шалон Сибрех йолаелчи, Х1унда ца дугу маьлха дуьне? (Нохчийн фольклор. Советски Союзан Турпалхочух Нурадилов Ханпашех лаьцна илли). Шалонаш т1ера охьадоссийна адам цхьацца аг1ор ярташка д1асакхоьссира (С.Яшуркаев. Напсат). Алкунера машенашца Сипсо гIала дIа а дигина, шалонаш тIе а доьттина, и беха некъ эцна тхо дIаоьхуш дукха наха рицкъа ийцира оцу цух, буйнахь схьа а ийбеш, тIе мотт Iуьттуш (Хь.Яхъяев. Беларехь лела велар).

Маьхьарца,
1аьржа к1ур туьйсуш,
Шалонаш озийра т1е.
Маьрша нах царна т1е буттуш,
Х1оттийра и къематде (Н.Дабачхаджиев. Йохийна тийналла).

**Шамар (-ш).** Устар. Морщина.

**Шамаръеха.** Диал. Сморщиться.

Цкъа телевизор чухула гойтуш ма ву цхьа ши поэт. Воккха ши стаг ву-кх, верриг къежвелла, шамаръихна яххьаш а йолуш (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна).

**Шарх.** Звукоподражание внезапному шуму.

Хенаш тIе топ кхетча,
Бос сира сай санна,
Кондаршкахь «шарх» аьлча,
Цец хьалаэккхара и,
Бер дижо ша йижча,
Къона нана санна,
Син маршо ларийча,
ГIелвелла тхевсира и (1.Мамакаев. Нохчийн лаьмнашкахь).

**Шамаре.** Худой, без жира (о мясе).

**Ша-тайпа (ша-тайпалла: -ш).** Особенности, своеобразие.

Доккха похIма долуш волчу стага кхоллараллица шел тIаьхьа дуьтуш дерг а и ду: цуьнан шатайпаналла (Ш.Цуруев. Гадаев Мохьмад-Салахь – нохчийн поэт а, къонах а. Яздархочун шатайпаналлах). Iуьйре, хIокху тIаьххьарчу шина кIиранан Iуьйренашца юьстича, цхьа а ша-тайпалла йолуш а яцара (Э.Минкаилов. Дахкарлахь). Со цецваьккхира оцу белхаша, и тайпанаш суна кхечу художникаша бина цхьанхьа а ца гинера! Доккха хIума дара сацкъарца оцу кепара говза нохчийн дахар, цуьнан шатайпаналла, цуьнан кIорге маьIна гайтадалар… (М.Ахмадов. Чехкачу хи чохь г1айренаш).

**Шаткъ (шаткъа).** Гололедица.

Оцу 1алашонца цхьаьна, кхин а генна хьалха хьажийна ши 1алашо а яра импеин: кегий къаьмнаш русифицировать дар, я церан къоман мотт, истори, яхь-оьзангалла, г1иллакхаш, даймахке безам, лерам, къоман сийлахь, хьурмате мел дерг х1аллак а дина, царах къоман юьхь йоцу космополиташ, манкурташ бар (А.Айдамиров. Дарц). Вайна латта дастаделла ду, говрашна а, берашна а кхераме шаткъа хьаьхна а долуш. Цундела цхьа дехар ду баккхийчу нехан шуьга: шайн десара, шу дика а дара, кегий бераш д1а а дахий, дой кегийрашка хаккийта (Д.Байсултанов. Борин ткъе кхойтта го).

**Шах-тата (шах-татанаш).** Шорох (-и).

серлонан шахтата санна
яра хьо м1аьргонех лаьтташ
я кошан чурт санна г1ийла

яра хьо г1евлангахь лаьтташ (А.Бисултанов. Х1ора хьан шеконан м1аьрго).

Г1арг1улийн г1енаш
мархашца доххуш,
Сийналлехь к1айдаргийн жут,
Мелачу мохо шах-татнах кхоьхьуш,
Генарчу даймехкан сурт (Тамия. Акказийн б1аьстено х1аваах ийна).

**Шах-ших.** Звукоподражание ходьбе по осенней листве.

Муьргийн цIеша юьзна коьллаш,
Декъа шах-ших когаш кIел.
ГIаш ду оьгуш уггар тоьлларш,
ТIомахь махо дохуш пел (И.Юсупов. Муьргийн цIеша юьзна коьллаш).

**Шах1адат.** Религ. Свидетельство о единстве Бога.

Ткъа шен дахарехь ша летийначу къиношна ша валале дохко а ваьлла, шах1адат далийча, Дала цунна и къинош гечдо бохуш хьоьга дийцина 1еламах я шаьш галбевлла, я хьо царах нийса ца кхетта (А.Айдамиров. Дарц).

Ткъа ламаз динан шолг1а б1ог1ам бу (шах1адат далор д1адаьлча), цуьнца цхьаьна стеган оьздангаллин, ц1еналлин бух а бу (М.Ахмадов. Г1иллакх-оьздангалла).

...ХIинца СаьIида самукъане маьхьарий а ца хьаькхира. Кхуо, хIинца тийна, шахIадат далийра, цкъа, шозза, кхузза... (А.Абдулкадыров. Бахьана).

«Имам-1елига дехар дина цхьана 1аьрбичо, шах1адатах долу х1ума дийцахь, аьлла:

– Шах1адат ду хьуна – тоба дар.

– Цул т1аьхьа шах1адат ду хьуна – 1еса х1умнаш дитар.

– Гергахь ду хьуна – къематан де.

– Гергахь ду хьуна – валар.

– Хала ду хьуна – коша чу кховдор.

– Цул хала ду хьуна – кхача а боцуш, цу чу виллар.

– Тамашийна ду хьуна – дуьне.

– Цул тамашийна ду-кх хьуна – и дуьне дош хетар» (Я.Овхадова. Хьо мичахь лаха-те, къинхетам?).

**Шедало (-й).** Устар. Житель ледниковой страны.

Шедала, Хевсурети, Пхейн-Мохк (шедалой, хевсураш, пхей) по традиционным представлениям вайнахов этнографический район, входящий в состав Груз. Респ. Граничит на севере с обществами мелхи и майста Чечни, на востоке с Тушетией, на западе с Хевией, а на юге с Пшавией. Расположен в верховьях реки Аргун и его правого притока Андаки. *Шадала* - вайн. ледников (страна), *шедалой* - ледников (жители), *хевсур* - вайн. От хеви (хен) - дозор и *сур* - войско, дозорные войска, *пхей* - лучники, *пхейнмохк* - вайн. лучников (стрелков) страна (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Шеда (-наш).** *Шеда* - так называют горцы длинную полосу землицы, материи, кожи и т. д. (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Шека.** Устар. Серный.

Внутри пещеры минеральный источник. По преданиям, в этой пещере жили «древние люди». Вариант: Шека хьех. *Шека* -серный источник (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Шеколла.** Прост. Сомнение.

Зама д1айоьрзур ю, вовшашна ганза.
Хоттучух, олучух шеколла йоцу
Къазналла йиц ца цхьаннахьа цкъа а.
Бахьана хир ду-кха…
Бахьана доккха (М.Анасова. Цхьа бахьана).

**Шел. Форма местоимения. По сравнению собой.**

Сел. Настолько умело, красиво!

Базаран тукарца Сел нийса нисийина, Эрмалойн ахкарца Шел шера шарийна И 1аьржа ник1апа (Нохчийн фольклор. Соратачу Маьлтин илли).

**Шелг1а (-ш).** Старин. Ящерица.

К1орггера, чулацаме, оьзда, исбаьхьа.Тахана буьйцучу, хуучу нохчийн маттера хийла д1адовш долу дуккха дешнаш авторна маь1на дика хаарца шайн-шайн меттахь далийна карадо ешархочунна «Дог дуьлина мерзаш» ц1е йолчу гулам т1ехь: аналла, хьагам, антал, гурам, кхевсе, ковра, аьхза, важап, окхеш,текъа, руьйта, кхимар, там-товраш, синхьаам, хьун-басе, къурло, жирга, шелг1а, ч1иркъе, гечо, алх, 1аспар, совра, хьун-тог1е, дур, т1ег1а, сет и.д1.кх. (200-204 аг1онаш) (Д.Байсултанов. Нохчийн поэтан Дакаев Саь1идбекан 60 кхачарна).

**Шеллех.** Пока есть холода (холодное время).

Іуьйранна де шеллах мангала вахана, делкъале шайн жимачу цани тІе мангал тоьхна а ваьлла, цІа вогІучу Іелина а, Іусманна а новкъахь хезира, тахана юьртан гулам а хилла, АхьмадагІар дІа а баьхна, СаьІадгІар юьртан урхалле хаьржина бохуш. Иза хІун ду хьажа эвлаюккъе а ваьлла, цІа веъначу Іусмана дийцира цигахь хилларг (А.Айдамиров. Дарц).

**Шелонгахь.** В холоде.

Цхьа суй бу бисина йовхонан,
шелонгахь цуо г1оле йо хьуна -
Даймахке сатийсам бу иза,
цуьнца ду массо хьан де-буьйса (С.Яшуркаев. Ойланаш ойланех тийсалуш...).

**Шеме.** Сирия.

ГІенах я самах ца къаьста,
Беттаса кІажъоьху таме,
Малделла боллан гІа леста,
Къегина Нохчийчоь – Шеме
ГІенах, я саамах ца къаьста (С.Гацаев. Некъаш, некъаш, сирла некъаш...).

**Шенчирг (ч1инг-аш).** Прост. Почка (-и).

Д1аоьхура, д1айоьдура, 1ат1аран архь яйн йижош, х1урда т1ехула хинкема санна, х1аваах шершаш санна, ша цхьаъ бен – хьуо цхьаъ бен – нанас кхин ца йича санна, хенан гаъ к1аьгнашка уьдуш, кучан бист – тулг1ешка, пистиго хин т1иэ санна, я1ч1ажаро[1] шенчирг санна, пхьаьрсан куьйга х1аваъ тоьгуш, ког хьакхалуш, ца хьакхалуш, доьдучу хица акха бад санна, лаьтта т1ехула йоцуш санна, хьо геннахь – хьо д1аяйча, хьо жимлуш, кхачаелча, бовчу чиркхан серло санна, б1арлаг1ах хьо лацаелча, дуьне акха ма доьрзура, гуобаькккхина паналла бен, анайист бен, орца а доцуш (М.Бексултанов. ...Сан деган мохь хаьдда мерз... ).

**Шепа (шоьба).** Сорт черемши, растущей в горной местности; Ш**оьбанан ирзие** (Шёбанан ирзие) «Черемши лесная поляна» -на ю.-в. Аттин бІовтІа (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»). Йовхо хІоттаза яра ломахь: лакхахьа буц ялаза а йолуш, лаха чохь цхьацщанхьа бІаьстено шен хьалхара зІийдиг теснера; хьун йолчу меттехь шех шепа олу ламанан хьонка а бара (Хь.Яхъяев. Киртиг).

**Шерашад (шершашед: -даш).** Скользский узел.

Шаршед цкъа д1аса а озийна, шен логах а тесна, озийна лога т1е хьала а къевлина, ч1огг1а цергаш тетт1а а та1ийна, когашца г1ант д1а а харцийна, охьаоллавелира (А.Айдамиров. Дарц). Схьалаца цхьа а, ду аьлла «ц1ога» дац оцу т1ехь, делахьара, куьйган гондах х1азаран суьртаха, шерашед бина лоцур дара – дан х1ума дац: доцург – доцуш ду (Матин Дауд).

**Шеха.** По своему.

– Даба, хьо массо хІумнах кхето везаш ву-кх, – бегаш беш, шеха велакъежира Янарс (М.Ахмадов. Ламчо г1а дужучу дийнахь).

**Шовзалахь.** Прост. У источника, из которого пьёт медведь.

Ча ц1ийзаш хиллера, 1ин-к1орге юьйлуш. Шовзалахь, дера ча, Ша дуг1ур ду хьоьга, лерг диллина, сема ла, Шех тера хьо хеташ.. Шена моьттура, и ц1ййза дера ча, Шелонна ц1ийза. И ц1ийзаш хиллера, бенах йоьхна (Нохчийн фольклор. Узамаш).

**Шовлакх (шовлакхаш).** Прост. Парча (-и).

Г1умкийн пхьерашка нуьйр-дуьрста кечъяйтира, Дешица, детица уьш дика кхелина. Дика герз кечдайтира, тов, дешица, детица кхелина, Шовлакхан духар дайтира, тов, хьомечу к1антана (Нохчийн фольклор. Дестечун илли).

**Шорталла.** Изобилие.

Ламанийн раьгІнашца беттаса гІоттуш,
Аьхкенан Іаламан хазалла къеста.
Стигланан шорталлехь шайха нур догуш,
Седарчий качделла, сакъераделла
(М.Анасова. Ламанийн раьгІнашца беттаса гІоттуш).

Ненан чиркх мел богу некъ хьоьху седанах,
Азаллех йозуш ю х1ора м1аьрго.
Амма и д1аялахь тилвелла хир ву хьох,
Дуьненан шорталлехь цхьа некъахо (Тамия. Нана).

**Шорте (-тонаш).** Прост. Изобилие, изобилия.

Дог дуьллу лар шорте йолу,
Ца доьг1на сайн кхане гойла:
Херонехь шел ца ло йовхо,
Гаттонна къар ца ло ойла (Р.Эзаев. Сан хьоьга ца олуш диснарг).

**Шотха (шотха даккха).** Старин. Порез.

Суна лаьара иччархочух ларбалархьама генна д1акхарстийна сирла б1аьрг ойлане баьллачохь сецна, ламанан лекхчу тарха т1ехь кур аркъал тесна лаьттачу курчу хьехе б1аьрг тоха: оцу семачу хьехана тебна улло вахана, дег1 лардеш пха тоьхна, маь1ах шотха доккхуш, иза къахкийна, дуьнен чохь шел сема х1ума дуйла цунна хаийта (Нохчийн фольклор. Ненан б1аьрхиш).

**Шоьлах (шоьллах).** См.: **Шелах.**

- Тхо мича г1ур ду х1окху шоьлах? – цхьатерра маьхьарий девлира Бицин а, Зезаган а (А.Айдамиров. Дарц). – Ма 1елахь, Салман, хьан да де шоьллах хьаьжк1аш хьакха вахна кха т1е, ткъа хьоьга, сту божий хьера а г1ой, хьаьжкаш аьхьна евллехь, ахьар ц1а а дай, шена т1аьхьа кха т1е вола бохура, – аьлла, Белиса девзиг хьакха яхара (М.Алиев. Кха).

**Шоьнарг (-рш).** - «турья самка», а *шоьнарг* может быть передан на русском языке как «турёнок» (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Шу**. Межа.

– Вайн шу тIехь колхоз яра. Кхиош ялташ а, даьхний а долуш. ЗIакардаьхнийн ферма а яра. Иза суна дика дага йогIу (Р.Ибаев. Ц1а кхечирий хьо?).

**Шук1ело (-наш).** Ниже определённой межы. Устар. Подтеррасное.

**ШукIело** (Шукело) «Подтеррасное». Урочище на северной окраине (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Шулакхе.** Устар. В 8-9 часов утра.

Мангал схьа оьций хьайн, туьйсинарг сийссарехь,
догIа а ца тухуш цIийнан неI юьтий,
Шулакхе лелла хан, эс ду хьан йийсарехь.
юха хьо кхин цкъа а йогIур а юй-те!? (С.Яшуркаев. Довтин дукъ).

**Шура.** Из арабск. – Совет.

- Собарде цкъа! Шуьга хоьттуш х1умма а дац! Кху шун юьртарчу маьждиге керла молла ваийта сацам бинарг вайн нохчийн пачхьалкхан бусалба неха «шура» ю! (Хь.Тухашев. Гулам). - Шайн ворхх1е а дена не1алт хуьлда шуна а массо а «шураш» вовшахтоьхначийна! Шуна моьттуш дерг аьттехьа а доцийла аса х1инцца шуна хауьйтур а ду! – аьлла сихха маьждига уллерчу шайн чувахара Юсуп-хьаьжа (Хь.Тухашев. Гулам).

**Шушшанехь.** См.: **Шур-шур (шур-шураш, шуш-ш дан).**

РегIахь кIе шур-шур до,
Луьста кан баьхна (М-С.Гадаев. Даймехкан суьрташ).

Дитташ а, шаьш дулуш дерза кIел даша,
Аз доцчу узамца дегадеш ду.
Моттало шур-шур деш оьгучу гIаша
Хьо сайга тIаьххьара йистхуьлуш ю…
(И.Юсупов. ГIайгIане денош ду, дохк санна, сира).

Шур-шураш дан дуьйладели, лаьттахь шеллуш, IиндагIаш.
Тхилахь ешна буц а ма ю – массо чо а бусийна!
Белшаш хебош хоршано шайн, ваьштатеIаш хинда гIаш,
Йовхо къийъян эхь ца хетча кху медачу буьйсанна!(1.Юсупов. Аьхкенан буьйса).

Серло схьаетталучу дехьа чуьра «шур-шур» ара схьахезаш (С.Цугаев. Г1ан).

Суьйренца бай мела мох хьокху, диттийн генаша, лесташ, «шушшанехь» гIовгIа йо (М.Ахмадов. Хьаннийн ирзошкахь). Мехкаршлахь-м хIинцале а «шуш-ш»деш дара. «Вайна керла Ромеой, Джульеттий даьлла», – дуьйцура цара (М.Ахмадов. Х1аъ, х1инца т1аьхьа дара).

**Шуьйрра.** Пошире.

Тахана, шуьйрра ала, девзуш ду нохчий къоман орам мичара схьабог1у, лакхахь вай дийцина иза (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

## Щ

**Щола (-наш)** - так называется переносный железный треног из согнутого листового железа для поджарки ячменя (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

## Э

**Эвлаяалла.** Святость.

Вайн дахар ду еккъа цхьа дикалла,
Кхоьллина г1айг1анийн йохалло.

Хьан ц1ийца доьссина маликалла,
Дерзонза сан эвлаяалло...
(А.Бисултанов. Сан даг т1е 1ад хьоькху буьйсанан саде1аро).

**Эвсара.** Прост. Экономно, бережливо.

- Цкъа а декъа дечиг ца деана цо тхуна эвсара ца хуьлу, бохуш, я ша деанарг раг1у к1ел а ца дуьллуйту акъалур ду бохуш (С.-1.Юсупов. Дечиг даккхар).

**Эвхьалла.** Слабое место.

Бакъ хьаьшна,коьртехьа кхевдина,
Саьрмикан кхес уьйу эвхьалла
Шен китахь д1аьвшаха егаеш,
Цу махца, ц1е санна, хьийзина,
Кохьаран и къамкъарг,чарх аьхьна,
Юкъаелча юьстах тийсина,
Чарх ахьарх, ца кхалха шаьш хьаьхна,
Синош 1а цу 1аьрша диссина (Хь.Яхъяев. Синош 1а цу 1аьрша диссина).

**Эвхье.** Нежное.

Къинхетам ца бевзаш
Лихкина хийла
Йийсаре вайн эвхье1
Мехкарий хана! (Ш.Арсанукаев. Тимуран тур).

эвхьанна безарийн б1аьра ца хьовсалуш
шовданийн б1аьра уьш хьийсарна ц1анлуш
кийра ц1ийх бузучохь са сирла латто
хьуна ницкъ беллачу йо1арийн дуьхьа (А.Бисултанов. Дег1аста).

Хьох, хьалхалерачух,
ХIумма а ца дисна тахна,
Сел эвхье хьежна и
Хьан бIаьргаш, иэхь дайна, къерза (Ш.Цуруев. Ма дийца, ца оьшу).

Шиннан къайле – эвхье безам бовза
ХIунда оьшу шуна, адамаш?
Массарна дац церан безам – шовда,
Цу чохь куьйгаш хIунда дуьлу аш?.. (М.Ахмадов. Сай).

Со-м д1авоьду, марша 1ойла,
Ас ларбина некъ.
Со хьистина, ас хьистина
Эвхье зезагаш (В.Малаков. Со-м д1авоьду... ).

«Таханлерачу доьхначу кху дийнахь, Рузбанна ва дина рузбанан и маьждиг, Корах ало ва туьйсуш, догучу кху дийнахь, Меттанаш дастанза и эвхьен несарий, Марзойн ц1ераш ва йохуш, кхойкхучу кху дийнахь. Яхь йолу и к1ентий бойучу кху дийнахь, Вай хьомсара лелийна зударий, мехкарий, Дуткъа йийсар дина, кхоьхьучу кху дийнахь, Вайна гуш ма вац-кха и ненан цхьа к1анат" (Нохчийн фольклор. Ненан к1ентан, Дадин йо1ан илли).

**Эг1ам (-аш).** Прост. Разлад.

Наггахь царех шиннан дош дашера а даьлла, эг1ам юкъа а боьлла, меттиг хилахь, берриге а д1абохуьйтур бу вай (1.Ахмадов. Забаре дийцарш, шира хабарш («Зудчух вала ца лиина»).

**Эзарг1 (эзарг1 схьаякккха).** Прост. Висок.

Х1ан-х1а, наб озор ю бохург аьттехьа а дац. Корта а бу эккхаболлуш, оззийна т1ера эзарг1 схьаяккхал (М.Айдамирова. Дахаран аг1онаш луьстуш).

**Элдара.** Сухощавый (статный) рослый человек.

– Ой, хIинццалц схьа цуьнан кхин ойла а ца еш, даькккхина ахьа и хьайн элдара дегI? – забар а йина, иза а «кхетийра» Йагас: – Афганистан олуш пачхьалкх ю-кх, хIинццалц тIом а бар-кха цигахь (Хь.Бурчаев. Абитуриент Йага).

**Эра.** Растоптать, буйствовать, ванханалия.

Х1уйт, маржа г1азкхе я1. Дала ма ваккха-кх хьо, ма эхь дар-кх хьуна иза, сан к1ентан дег1а т1ехь сел ирча эра даккхар... сан к1ант ас хала ма кхиийнера, хьуна самах а, я г1енах а ца хезначу г1илкхашца дуьйцуш, буьйса юкъал т1ех яллалц, набаран суй а ца беш, юха-юха дуьйцуш, юха-юха... (М.Бексултанов. Кху чуьра и к1ант... ). Дашо Iежаш кхион безаш яра хьо. Хьуна тIехь-м муьста Iежаш а ца кхии. Хьо хиллачохь Iоттабаккхамийн эра laьтта. Беш, жималлин, сатийсамийн беш (М.Ахмадов. Зама).

**Эрг1алдала (й, в, б).** Взволнованный (часто о сердце).

Аьрсиг д1авахна генаваьлла хила тарлора, ткъа Къах1им х1инца а иза д1авоьдуш ша льтташ хиллачохь х1оьттина льттара, шен Аьрсиг хьалхахь волчу хенахь хилла йолу латтаран кеп а ца йохош, карара архаш д1аяхча санна, дог эрг1алдаьлла, ойла йоьхна, лацавелча санна (М.Завриев. Теш ма лаца).

**Эрг1ал-акха (эрг1ал-акхадийла (й, в, б).** Прост. Одича.

Нагахь х1ара санна долчу хьолехь со нислур ву аьлла кху хьолах лаьцна цхьа жимма сан кхетам хилла хиллахьара, тахна аса мегаш а, ца мегаш лелинарш лелийна ца хила а тарлора», – бохуш ойла йора цо, шегара мел доьжна вон, т1ехьарчу когашна т1е х1уьтту эмалк-дин санна, т1аьхь-т1аьхьа эрг1ал-акха дуьйлуш, дуьхьала а х1уьттуш (М.Завриев. Теш ма лаца).

**Эрзали (-ш).** Старин. Камышовая речка.

**Орзалин дукъ** (Орзалин дук) «Орзали хребет» - пастбище на южной стороне села. Орзали - слившееся соб. составное имя -Ораз-Али, возникшее на тюрко-арабской языковой основе. Но могло оно сложиться и на вайнахской языковой основе «эрз-али»-камышовая речка. *Эрз* - камыш и *али* – речка (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Эрсана (эрсаной).** Старин. Особой вид горного кустарника.

Селение расположено в 7 км к с.-в. от Ведана, в 4 км к ю.-в. от ЭгIашбета, между реками Хул-Хуло и Гуьмс. По представлениям вайнахов, арса, арсанаш – священный кустарник. Эрсаной представляют отдельную этническую группу (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**Эрта.** Тупой.

Вай дуьне цецдоху,
эрта тIе дуьйлуш,
Чоьвнна тIехь чов еш биэн,
дарба ца хуьлуш (Л.Абдулаев. Историн дарсаш).

**Эрхуна.** Диал. Даже.

Со хьалха а ма ихнера кхуза буьйсанна, цхьаьнгга а ала-м ца аьллера, эрхуна Айзига а (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна).

**Эрчо (эрчонаш); эрчалла (-ш).** Уродство (уроды).

Цо аьллера, Сайдига а хьаьжна:

– Ма йоккха эрчо ю хIара. ХIара болх бал боьрша йоцуш хIума а, хIоккхул къиза адам а хила йиш ма яц, ша и тхоьгара жIаьла дацахь (М-С.Гадаев. Вер-витар).

- ХIаъа, дукха эрчонаш гайтира оцу шаро. ХIара мацалла, хIара къелла, хIара харцонаш кхидIа лан собар а кхачийна гIевттира нохчий. Цара сатийсина маршо а, сискал а, бакъонаш-м муххале а ца хилира царна, мелхуо а гIуллакхаш кхин тIе а галдевлира (А.Айдамиров. Дарц). – Делера ял хиларх кхачам бо ас. Некъа т1ехь балхахь вац со. Б1аьргаш лазош эрчо ма ю х1ара, ян а (Д.Кагерманов. Дика кIант – гIала, вон кIант – бала, Я бакъ дешан маьIна). Эрчо льтта т1еязъелла, ша йийца яьккхича адам хьер даллал, - ц1е г1ерг1аш ю. б1аьрла яла сихъелла... (Хь.Яхъяев. Дакъа). Йохийнера театран гIишло, дукхах болчу актерийн хIусам, Iаьткъинчу эрчоно дегнаш лоьлхуьйтуш, вайна юкъара дIабевлира цхьаболу артисташ (А.Газиева. Куъоман культурин цхьа хазна). Д1аяханчу заманан эрчалло, ша марсаяккха йолийча, дуьра хи гулдора б1аьргаш чохь (З.Эльдерханова. Ненан кортали). Лайлаъ (чу эккха). Дада, мама, доьху шуьшинга, ма дейша девнаш! Вайн лулахоша х1ун эр ду вайх?! (Йоьлху) К1ордийна! Х1ара дахар дац – цхьа эрчо ю! (Не1арехь горгали биека.) (1.Мусаев. Бекхам).

**Эсаралле.** Прост. Самотв. Качество.

Тхойшиннан кехаташца зIе тасаелира. Иза суна, иштта ала тарлахь, эсаралле а хилира, дIа йолчу хенахь сан кхолларaллина боккха тIеIаткъам а бира цо (А.Шайхиев. Иза сан ох1ланча вара).

**Эссе (-ш).** Эссе.

Ахматова Раисех – оцу башхачу зудчух – поэтессех лаьцна дукха яздина нохчийн литература талламхоша: Сулаев Мохьмада, Айдаев Юша1а, Туркаев Хьасана, Гайтукаев Казбека, кхечара. Цара хьакъболлу дика мах хадийна цуьнан кхоллараллин. Нохчийн халкъан яздархочо Бексултанов Мусас «Зуда-ламанхо» ц1е йолчу шен эссе т1ехь ма-дарра долу психологически сурт а диллина цуьнан (Хь.Бурчаев.Ахматова Раисин деган иллеш).

**Эхье, эхьениг.** Позорный, порочащий честь и совесть.

Тахана мелла а халкъана вевзаш, халкъо лоруш а волу цхьа а стаг ца витина вай цунна тIе и эхье цхьа эладита ца кхуллуш, ца бехвеш (А.Айдамиров. Вайн амалш).

**Эцархо (-ой).** Покупатель (-и).

– Цунна бохка цхьа бахам бар-кха сан… Сан аьлча а, и бахам болчо эцархо лаха аьллера соьга (М.Ахмадов. Массо х1ма а ду хьесапехь).

**Эчиглаторхо.** Сварщик.

Ша къона волчу хенахь, масех оьшу говзалла караерзийра СоIдас: дечигпхьеран, тIулгапхьеран, эчиглаторхочуьн (Хь.Яндарбиев. Кавказе богIу некъ).

**Эшам (-аш).** Поражение, проигрыш.

Бина шен кхолламан хьанала некъ
Вайн къомо, АллахIа шена луш
тешам,
Цунна ца хилийта дахарехь эшам,
Ша тешар лулахойх, лулахой-шех (1.Кусаев. Сонетийн кочар. Бархlалгlа).

Дуьххьара цуьнгара хиира суна,
Ширачех Дадин-Юрт хиллий вайн махкахь,
Декъазчу кхолламо эшам бар цунна,
К1ур байна нах бисар овкъаршлахь 1ахка (И.Джабиров. Теркан къайле).

Доцца аьлча, вайн къомо шегара майралла гайта гIерташ дукха хьалхеш яьхна кхечу къаьмнашна юкъахь хIокху тIаьхьарчу кхаа бIе шарахь, амма цкъа а толам ца бисина цуьнгахь, эшамаш, бохамаш хуьлуш дирзина дIа мел долийна гIуллакх (А.Айдамиров. Вайн амалш). Х1ора зама шен хаттарш дохьуш йог1у, вайга жоп доьху царна, тахана пайда эца селхана хиллачун йина ойла, жам1 хила деза къоман охьадиллина. Эшам бу цунна уьш ца хилар (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). Цо дешархо ца кхоаво, цо дешархочунна кхета атта хилийта гIерташ, шен стихийн кIорггерачу философина иэшам ца бо. Иза чIогIа мехала хета суна – цо дешархой къахьега а, кIорггера поэзи йовза а, цунах кхета а Iамабо дела (Р.Дадашев. Поэт а, цуьнан дуьне а). Цхьацца баланаш, къестарш, дахаран эшамаш – дIадицло гIан-набарх, я хила а ца хилча санна (М.Бексултанов. Иэсан биста йисте). Мацалла а, хьогалла а, эшам а, эхь а са пхенашка кхачош, дег1 а, са а ч1апдеш, лаьттах д1алатош, т1аьхьа меттавеъча лаьттах кадиттинчу куьйгийн м1арех тиссина ц1ийш а хуьлуш болу кхерам а, 1ожаллин шийлачу хоршане кхаччалц – дерриг лайнера, дерриг девзинера, амма вала-м ца веллера, б1озза догдиллинехь а дуьненах, дахарх (З.Яндарбиев. Жаби). Со кхоьрург – ши некъ бу. Цхьаъ – халкъан докх-доккхачу чкъуро, оццул вонаш шайна т1ех1иттиннашехь, схьадеанчух диканиг вай схьаэца ца кхиахь, – вайна, шеко йоццуш, цуьнах боккха эшам хирг хилар, вайн т1аьхьенна – кхин а боккханиг. Т1аккха х1уттур долу манкуртийн 1ер-дахаран хьал: шен къастам (самоидентификаци) яйна къам муьлххачу кхечу къомо шех атта д1аэдо – ассимилировать до, маттаца, динца, культураца, дахаран д1ах1оттамца (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш). Замано шерех мел боккха уьйриг барх, гIиллакхе иэшам, лерам дIабер бац (1.Шайхиев. Нохчийн къоман г1иллакхаш). Иза литературана хьовха, доллучу къомана а эшам бу (А.Уциев. Вайн сатийсамаш).

**Эшаме.** Проигрышный.

Схьабаьхкинарш, г1уллакх эшаме нисделлехь а, хийланиг дайнехь а, дицделлехь а, акха ца бовлу, халонашна къар а ца ло, амма, уьш кхаьчначохь кхин климат, кхин латта ду, цигахь оросительный татолаш а ца оьшу, лаьмнаш ду, хьаннаш ю, геометри 1илма а ца оьшу, алгебра а ца оьшу (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Эш-шай (!).**Выражает пренебрежение, презрение и т.п.

– Эш-шай, – элира дадас, тIаьххьара лам тIе а баьккхина, тхойша охьанехьа чувирзича, хьацарна пхьош а хьоккхуш, – хьо ваха, кIант, ирхе яккха санна хала-м охьанехьа вар а ма хилла хьуна… (М.Бексултанов. Кехат).

## Ю

**Юкъалуьйш (юкъалуьйриг).** Перебивающий, посредник.

(Царна чIогIа муьтIахь яра Нана). Тхаьш даккхий хилча бен ойла а ца йира ас и «юкъалуьйш ерг» со юйла. Я ас дуьйцург ша реза йоцу х1ума хилча: «Ирс яь1 къорачун! » - олий сацайора (З.Эльдерханова. Вайн наной, йижарий... ). ДагадогIу, баккхийчу вежарша шайна суьйранна Шеларчу клубе баха ахча доьхура. Иза нене деха тIейохуьйтург со хуьлура. «Юкъалуьйчо хабар дуьйцу ала!» – олий юха хьажайора со (З.Эльдерханова. Вайн наной, йижарий... ).

**Юкъанаккъара.** Диал. Среднего типа (чаще о росте человека).

**Юкъаметтера.** Прост. Из серединного места.

**Юкъара1ойла (-ш).** Общежитие.

Тоьара, сайн чохь, маьнги тIехь аркъал Iуьллучу суна, еххачу сеничухула тIехбуьйлучу мехкарийн когийн татанашка ладогIа, царна юкъехь Малика ю-яц къаста – иза наггахь йогIура юкъарIойле, – хила-м хуьлура, неI дIа а йиллина, хьаьжча (М.Бексултанов. Иза бегаш ма бацара). Цунах лаьцна Ахьмада тхуна, къоначу яздархошна, дийцира 1977 шарахь, университетан студенташа йинчу суьйренехь, Минуткехь йолчу юкъараIойлехь (М.Ахмадов.

Сулейманов Ахьмадан некъаш а, марзонаш а). ДІадоладелира дешаран керла шо. Иза хаалора студентийн юкъарІойлехь а (М.Ахмадов. Массо а д1атийначу хенахь). ЮкъараІойлехь иштта къийсадаларш хуьлура тхан: - Дала яздина дацахь, корехула чуиккхича а лийр вац-кха со, вуй? Муьлхха бохам хилча а, баккхий наха дІадерзадо-кх: "Делан йоза ца лелча ца долу. Делан кхел ю", - олий. ТІаккха-м зуламхочунна а билла бехк ма бац вайн. Цо мел доьхнарг дича а дІадерзийта деза-кх, Дала яздина хилла аьлла. ТаІзар хІунда до вай цунна? Бакъо юй вайн ткъа, Дала йиначу кхелан реза ца хила? - боху цхьамма (С-Хь.Кацаев. Динан философи).

**Юкъарлонча (-аш).** Разг. Презр. Посредник.

Со церан а, 1едалан юкъарлонча ву. Зеламха мичахь ву хуучу стага, шена ткъа эзар ца делча, иза волу меттиг ца юьйцу боху (А.Айдамиров. Дарц).

**Юкъарчалла (-ш).** Разг. Презр. Посредничество.

Пхи бІе туьма лур ду гІуллакх дІадерзадахь, аьлла шена юкъарчалла лело тІевеана стаг а вара цунна дагахь. Моьттура и ахча-м шена хІета а, вета а хилла даьлла (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар).

**Юкъахдита.** Прервать, не закончить.

**Юкъахдиснарг (-ш).** Незаконченное (-е).

Юхалиста хІутту и дІадаьлларг-хилларг.
ТІехдетта хІутту и ас юкъахдитнарг.
Юьхьдуьхьал даладой сох даьлла зулам,
БІаьрхьалха ухьу цо сан къинан бустам Л.Ибрагимов. Дог1а дог1уш).

**Юккъасториг.** Прост. Разводящий: четверодный.

**Юкъахдовлар (-ш).** Пауза. Впервые нами было предложено для использования в официально-функциональной сфере чеченского языка (26 авг. 1997 телепередача с ведущим С.Дакаевым, в дальнейшем - К.Ибрагимовым и Р.Кадиевым).

**Юрг1а (-наш).** Ватное одеяло, ватные одеяла для покрытия.

**Юхамачхьара (юхамаччахьара).** Разг. Косо и криво.

Амма далош долу шолг1а бахьна нийсса юхаматчахь даькккхина ду – культурашна юккъера бохучул яйначу, йоьхначу культурашна я шина…бескультурина юккъера къовсам аьлча, нийса хир дара (Л.Абдуллаев. Нохчийн мотт а, хьаьжк1ан буьртиг а, кокани а). Къуг лаамера дала гІерта, элпана тІаьхьа долчу элпаца дош нийса дІа а ца язлуш, яздинарг а дац къаьсташ, кхечу маттахь долуш санна, юхамачхьара, бІостанехьа (М.Бексултанов. Д1аваххалц, хилла а воцуш). Юха, цул тІаьхьа, Делах а, нахах а эхь хетташехь, зама дІаяьллийла хуъушехь (Тайбатан дехаршца, цуьнан доІанашца), кхин цкъа а гІоьртира гІелонна дуьхьало яккха, нехан кара ца даха, хир ву а, вац а ца хуучу доьзалхочунна (вахийтархьама, къонахийн цІераш ца хьаеш) боьхачу хІуманан цІе тиллича мукъна а вехар вацара те аьлла (мотт бетташ, нах бойуш, ша лечу сохьтехь а Далла тапча кхуьйсуш веллачу), цхьана Делан мостагІчун цІе, Къалзам аьлла, юхамаччахьара яьккхина а туьллуш (М.Бексултанов. 1аламат). Цо ахь мел дуьйцург шен дений, нанний тІедуьгура, хьо царна цхьаъ ала гІерташ ву олий, юхамаччахьара доккхура дерриг а, харцахьа йоккху бедар санна (М.Бексултанов. Терза).

**Юхахьа.** Ср. : **Юхахьара.**

**Юхненца.** До самого основания.

**Юххешха.** Прост. Мимо.

Кхетташехь сайна а атта
Цахилар и къестарш лан.
…Гуош бохуш хьийзар ду Латта,
Уьдур ю юххешха хан (1.Шайхиев. Хьажахь цкъа, – эли ахь соьга).

Вотанца юххешхьа хьийзина Зазу,
Айбикин хьомениг, цул жимха йиша,
Хьийзара таръелла т1ам боцчу аьрзух,
Бохуш: «Х1ай стигланаш, орцах йовлийша!» (И.Джабиров. Теркан къайле).

**Юьстахара.** Со стороны, извне, крайний (чужой) и т.п.

Гуттар а юьстахара стаг дика т1елоцуш хилла бу нохчий. Иштта т1елаьцна цхьана хенахь имам Махьама а… Шемал а… Узум-хьаьжи а... (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**Юьххьара.** Непослушный, своевнравный.

**Юьххьара.** Развернуться в противоположную сторону.

**Юьхьарваха (й, д, б).** Опустится ниже своего пояса.

Т1амарш яржийна аркъал а, бертал а, набарш кхетча санна, к1егар хевшина а, чевнаш хилла меженаш куьйгашца схьалецна юьхьарбахна а (А.Айдамиров. Дарц).

**Юьхьаркхета.** Упасть лицом вниз.

**Юьхьаркхосса.** Бросить лицом вниз.

**Юьхьарласто.** Швырнуть лицом вниз.

**Юьхьарлаца**. Взять направление.

Со-м хIинца гIеметта – гIушлакхе ваьлла.
Ахь юьхьарлоцуш бу дахаран некъ (1.Гакаев. К1анте).

– Доккха маьIна долу хIума я беламе доккху ахь, я тидаме а ца оьцу. Ткъа кIеззиг дерг юьхьар а лоций, и кхочушдан гIерта, айхьа бохург ца хилахь, дуьне духур долуш санна…(Э.Минкаилов. Маьлхан дог1а).

**Юьхьарта1о.** Наклонить лицом вниз.

**Юьхьартоха.** Уложить лицом вниз.

**Юьхьашха.** Льстить в лицо.

И другие глаголы современного чеченского языка.

**Юьхьдагалла.** Прост. Самолюбие.

Хиллачу восана къурд бина, ас совг1атна йитира хьуна и хьан юьхьдегалла. Шолг1ачу дийнахь балха т1ехь цхьаъ галдаьлла вас хилира хьуна. Сан сардам бахна, элира ахь. Цо а гойтура дерриг а (Тамаш. Ас хьуна сайн байташ йоьшу... ).

**Юьхьенца.** Сначала.

**Юьхьк1оме.** Делающий честь поступок, событие, чем можно гордиться.

Валар бакъ ца дира т1аккха наха, иза юха денвалар-м муххале а. Амма наха бакъдийриг бакъ а дац, харцдийриг харц а дац, х1унда аьлча, бакъдерг а, харцдерг а гуш, хезаш цхьа Дела бен вац, цу Делан кхиэле д1адерззалц и ший а адамана карош а дац. Юьхьк1оме я юьхьаза (Хь.Яхъяев. Дакъа).

**Жухарг**… ГIеллур ву, гIиллакхах вухур ву.

ЮьхькIоме сатуьйсуш, юьхьIаьржа хIуттур ву.
Цхьаъ-цхьалха висина – баттана кIирвоьлла
Барзаха угIур ву (Л.Ибрагимов. Г1аттаман либретто).

**Юьхь-марш.** Лицо, физиономия.

Бакъдац и. Поэто
Иллеш ца яздина атта:
Х1ора дош, юьхь-дуьхьал
Жоп деха кийча ду кхана.
Цо царна шалхо яхь,
Кхоамза, юхь-марш а аьтта,
Гур ду уьш, аз дайна,
Даьржина, лехкалуш пана... (С.Дакаев. Бакъдац и).

Эзарна юккъехь вевзар вара Сирачунна шен уггар луьра мостагI. Бодашкахь цунна шера ца къаьстара дархочун юьхьмарш (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

## Я

**Я** (предлог, медометия уважительного обращения). Заимст. Из арабск. языка.

Малх, буза бегийна,
рег1а лахбелча,
Суьйре а, даш санна,
сайна язъелча,
Ойлане дарц даьлла
со араваьлча,
Даймахке вуссу со,
я Залжалалла (М-С.Гадаев. Даймахке сатасар).

**Язо (-наш).** Прост. Волынка.

Ехачу хенашкахь дегнашна дезнарг –
Вовшашкахь вайшинна нислург хиллера,
Дахаран некъа тIехь яьхна ирхонаш,
Цхьаллехь вай текхийна ирча язонаш –
Яханза, текхонза юьсург хиллера (М-С.Гадаев. Безаман ницкъ).

**Якхалла.** Обезжиренние, нехватка углеводов.

Вадарх ял йолуш, Сацарх ун долуш, Яккхалла яй лелхийла цуьнан, Къоьлла пен лелхийла цуьнан (Нохчийн фольклор. Сардамаш). Сискаллий, нехчий, тоьпан патарманашший оьций, юха а лаьмнашка хьала воьдура. КIордош лаьттара кIантана цхьаналла, шело, тIуналла, якхалла. Хетара, бухабисинчу гергарчу наха а шен тIеэцар де-дийне мел дели шеллуш санна (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). Хенан йохалла тхо а цIадоьрзур ду, Дала мукъалахь, аьлла. Иштта,

и ахча дӀадалар а нисделла, хан йоккхуш дохкура-кх. Вуьшта, бежана, уьстагӀа, цхьа а жижиг даккха хӀума йо цуш, якхалла-м хӀоьттина (С-Хь.Нунуев. Йилбазан оьмар). – Хьажахьа, цара дуьйцург! Шу, аса и етт а бийна, жижиг ца даьккхинехьара, макх а делла, якхалла леш ма дохкура (1.Асталов. Дийцарш, хилларш, лелларш...).

**Якххина (еккхина д, б).** Прост. Здесь имеется в виду во весь вид .

Стиглахь малх а серлабаккхий,
Дашо з1аьнарш 1анае,
Зезагашца аре якккхий,
Нуьре эшарш екае (Ш.Макалов. Йола, б1аьсте).

**Ямбаш.** Из тюрк. яз. Хромой.

**Япп1арг1а (-наш).** Ирон. Ворчание, проявление недовольства.

- Имане веанехь а, ца веанехь а гена ваккха! Х1инца и «япп1арг1а» вара вайна оьшуш верг! (Хь.Тухашев. Гулам).

**Ясин (Йа Син, еса).**– Сура из Корана.

Иза цуьнан тӀаьххьара дешнаш, цуьнан тӀаьххьара даьлла аз хиллера. Ставрополан махкарчу больницехь цхьаьна нисбеллачу нохчаша Ясин дийшира (З.Эльдерханова. Вайн наной, йижарий... ).

Ахь сайна даьккхинчу кошанна хӀоьттина коьрте
Ас доьшу Йа Син а – хаац-кха и хьанна тӀера...
Докъе сатуьйсу и каш-лахьта паргӀата доккхуш,
Хуьлда и кхул тӀаьхьа богӀучу балийна тӀера (К.Сатуева. Къинт1ера йолу).

Доккхучо саг1а а доккху, кхайкхочо мел а кхайкхабо, до1анаш до, шайн беллачийн даь1ахкаш цигара ц1а а еана, Даймехкан лаьттах ц1ахьдолчу кешнашка уьш д1айоьхкинарш, церан баьрзнаш т1е х1уьттуш, еса доьшуш бу: Аллах1е шайн беллачийн синош халчохь делахь, аттачу дбхар, аттачохь делахь эхартан ни1матийн даржехь хьаладбхар доьхуш – Дала массеран до1анаш къобалдойла вайн. Гуш ду: шен махка дийна юхавирзинчун б1аьрг кхолош, дог делхош де ду х1ара (Д.Байсултанов. Казахстанан бераш).

**Яхьаян (яхьайо).** Молодить, морозить.

куьзганийн пардонех пенойх чекхбуьйлучу
бодано яхьайо хьох йолу ойланаш
ас хьоьга хьежарехь хенах шекквуьйлучу
йицйина валаран висаран г1овланаш
(А.Бисултанов. куьзганийн пардонех пенойх чекхбуьйлучу... ).

## Яь

**Яькххина (в, д, б).** Разг. Об изобилии чего-либо.

1алхан-Юрт дукха хенахь дуьйна шовданех яькххина яра (М.Кантаев. Хьоьгчу къине хьаьжжина).

**Яьссалла.** Пустота.

Ца дилларан бахьанаш карор ду вайна, амма, вай уьш мел дукха далорах, доцург – доцуш ду. И цахиларан яссалла юзур яц оцу бахьанаша (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

## 1

**1аддалаьтта.** Уст. Стоять на месте.

Хьо Iаддалаьтта, воха а воьхна, цунна тӀаьхьаваха эхь а хеташ (М.Бексултанов. (Масане диси).

**1ад1ам (-аш).** Уст. Угнетение.

**1адаме.** Застывшая (о ситуации).

Йо1ана карладелира шена гина г1ан. Г1алина т1ехула хьийзачу кеманаша хаддазза т1еттара бомбанаш, 1адаме дара гуонаха, х1ара хьалхара д1ауьдура яьлча а, йоьлча а ца йуьтуш хаддаза кхана т1екхуьсура 1ожаллин х1оънаш … (П.Абубакарова. Има).

**1аж-маж.** Бородатое войско, Гоги-Магоги.

Олу вайн 1аж-маж б1о. Х1ун ду иза? 1аьржа маж йолу б1о бохург ду. Мичара даьлла? Хетарехь, Шумеренний, Ассириянний т1емаш лаьттачу хенашкахь кхолладелла иза. Оцу Ассириян б1о еха 1аьржа мажош йолуш хилла. Х1етахьлерчу памятникаш т1ехь церан юьхь-сибат гуттар а ду гойтуш иштта мажош йолуш. И мажош йолу сурт школьни учебника т1ехь а ду моьттуш ву со, «Ассирийски воины» аьлла. Масала, Египтан б1о мажош йоцуш гойту массо а исторически памятник т1ехь (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна).

**1азапхо (1азапхой).** Прост. Угнетаемый, угнетённые.

Ойлано дог
Коше ийзадо,
Кхолламо а
Бетташ д1аьвшен маха,
1азапхо веш,
Б1аьрза хьийзаво (Р.Джамбулатов. 1адвелла со... ).

**1айла (-ш).** Старин. Жильё.

Этническое общество, расположено в бассейне реки Яьсси, граничит на ю. Сесана, на з. с Шоьна и Ялхой-Мохк, на в. с Билта, а на с. выходит на предгорную равнину. Іалларойцы широко расселились на плоскости. Іаллара включает в свой состав собственно Іаллара, расположенное на л. б. Яьсси в 2-х км с. от Сесана, Давлетбин отар, Вешила ирзо, Шовхал берд, СогантІи, ГІансолчу, ТІуртІин отар, Мескета. Этимология Іаллара, вероятно, от *Іайла* –зимовье (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»).

**1алг1ожа.**

**1ала.** Бессознание.

**1алабаха (й, в, д).** Приходящие в бессознание.

Нохчийн ярташкахь цхьа а больница а, амбулатори а, аптека а, цхьа а лор а, фельдшер а вацара. Цомгашчарна дарба леладора палтосучу а, Іалабоьлхучу а зударша, молланаша жайнашца а (А.Айдамиров. Дарц).

**1аламалла.** Прост. Природность, естественность.

Са мел даькккхи ийалучу цуьнан некххехь, юткъачу гІодаюкъал лахарчу дегІан, гІеххьа шорлуш, горгдаларехь, къаьсттина цуьнан цІечу алунах догучу балдашкахь хаалора цхьа къона ховхалла а, Іаламалла а (М.Ахмадов. Хьаннийн ирзошкахь).

**1алелай (!).** Возглас от удивления и изумления.

– Эцца урам-новкъахь ловзуш Іаш долчу берашна юкъаикккхи цицкана тІаьхьахьаьдда догІу хьан шичин и вон жІаьла. «Іалелай» аьлла, цхьан вон маьхьарий девлла оцу берашка (Ш.Окуев. Лай т1ехь ц1ен зезагаш).

**1амал (-аш).** Религ. Поминание Бога.

Маьхьшарехь вайн къинойн мохь
Оза болийначу дийнахь,
Цхьа кІеззиг Іамалаш эшна,
КІант дена тІе хьодур ву, ма боху
(Нохчийн фольклор. Назма «Къинойн мохь оза болийначу дийнахь»).

Дехьенна сехье а ца евзаш,
Сехьенна дехье а ца. евзаш,
1овдалчо еш йолчу 1амалах
Ларвелахь со, везан Дела (Г1.Алиев. Дехьенна сехье а ца евзаш).

Цунна тІе ламазаш дерзадеш, –
Цул деза ца гойтуш хІумма а, –
Цу Іамалх дахаран терза деш,
Дуьтур ду дуьненан суннаташ (А.Ахматукаев. Юха а денлур ву).

Хьаг1о 1амал юур ю, ц1еро дечиг санна, - аьлла Элчано (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2). Тахана хиллачу гуламехь шера гора шайн дайн оьздачу гІиллакхех нохчий бохар. Кхузахь гучуделира адамийн бартбацар, хьагІ-гамонаш, сутаралла, декъаза кураллаш, дозаллаш, вовшех цадашар, цатешам. Іелина уггар халахеттарг и нах, Далла Іамал еш белахь а, Делах цакхерар дара (А.Айдамиров. Дарц). Мах беш я зуда юьтуш теш хІоттийна шиъ стаг Далла Іамал еш, дог цІена, тешаме, хьанал хила веза/ *65 сура, 2 аят/.* Мах бале кІанта йоІах куьг тохар доьхку шариІато. Ткъа мах бале и шиъ цхьаьнаІер хьарам, зина лору, и шиъ иштта цхьаьна а Іийна кхоллавелла доьзалхо зинах кхолладелла къутІа лору (А.Айдамиров. Вайн амалш). «ХІинцца вала велла, вахка а велла дерриг а дІадер ду. Стагана ша йина Іамалш бен, карор долуш кхин хІумма дац» (С-Хь.Кацаев. Лехамаш). Дайша летинчу къиношна т1ехула бераш дакъаздовлархкхоьрий со-м, дакъазбевлла лелла шайн дай боьхуш бераша Хьуна йийр йолу 1амал, доь1анаш хьоьга ца кхачарх кхоьрий со-м, къинош летон девлла бераш, шайн дикачу дайн дахарх масал а эцна, Хьуна т1ебог1учу нийсачу новкъа довла кхиале, Хьан халачу кхиэле х1иттарх кхоьрий со-м, тхан Сийлахьа Эла. Ва Собареверг, ва Къинхетамеверг, Хьан боцу бекхам, Хьан йоцу сихалла муха хьеха оха адмана?..» (М.Завриев. Теш ма лаца).

**1амат (1аматаш).** Учебник, учебное пособие.

Ойланца луьсту ас зама,
1аматан аг1онаш санна,

Ца к1ордош, къийсамехь ваха,
Дагахь ду массо а ханна (Л.Эдильсултанов. Ойланийн некъаш).

ХIокху Iаматах доккха гIо хир ду аьлла хета тIекхуьу чкъор ийманехь, оьздангаллехь кхиорехь къахьоьгучарна а, нохчийн къоман хиндолчун бала болчу массо а стагана а (М.Ахмадов. Нохчийн г1иллакх-оьздангалла). Чарльз Дарвина 1871 шарахь язбина шен "Адаман схьадалар" цIе йолу болх. Цо чIагIдо адам маймалх схьадаьлла хилар. 1896 шарахь Фридрих Энгельса а яздина маймалх адам динарг къинхьегам бу, бохуш. ХIетахь дуьйна дешаран массо а заведенешкахь хьоьхуш дара и, тахана а Iаматаш тIера дIадаьккхина а дац (С-Хь.Кацаев. Динан философи

**1амораш.** Учения.

Т1еман дивизехь 1амораш д1ахьош, округера баьхкина лакхара хьаькамаш а болуш (М.Баснакаев. Исбаьхьа шовда-2).

**1анц1 (1анц1 дала; дан).** Разг. Звукоподражание собачьему визгу.

ЦIаьххьана цхьана эран IанцI делира некъан йисте, хьуьн чухь (Х.Эдилов. Болатан пхьагал). Ох1о-ох1ай, сан хьоме лулахо, цул т1аьхьа вайн несо вайн невцана т1е «г1алх-г1алх» еш, вукхо дуьхьал «1анц1-1анц1» деш, «г1арч1» аьлла цхьа нана-доккха дов дели церан чохь, х1ун дан воллу хьо«Ма яла хьо дакъаза, х1ах1аънехьа, х1ун до ас (В.-Хь.Амаев. Чехка деша еза дийцар).

**1апказ-х1орд (1апказ-х1ордаш).** Океан (океаны).

ворх1алг1а лаьттан бух
ша б1аьрга гина ду
элира 1аьршан бохь
ша тергалбина бу
ша б1аьрга гина ду
даь1ахкийн г1аланаш
1апказан тулг1енех
берд лоьху баланаш (А.Бисултанов. Хьайбахахь язйина байташ).

Т1аккха, лечкъий, йо1 йолура ара,
Цуьнца цхьана аьрзу долий орцах,
1апказ-х1ордан г1амарш талла ч1ара,
Акха хьаннаш талла гила-борз а... (А.Бисултанов. Нийсархошца йолчу йохьанна).

**1аткъа. Моча, урина.**

**1аьнзар (1аьнзар копек).** Деревянная копейка.

Хьан Iаьнзар копеках Шуьйта хьалавига ас хьо? Ма деза хилла-кх и хьан пхи сом (1.Газиева. Кондукторан яппарш).

**1аьнт1ехь. По зиме.**

Муьлхачу махкана
Дог реза шайн дина,
Уьш IаьнтIахь гIевттина? (М.Дикаев. Даймехкан сурт).

Кхералуш IаьнтIехь хьо мох-дорце яхарна маре,
Гуьйренца гIадожар тарлуш ахь доьIучу сих,
БIаьстенца хьан коч ю мотталуш зезагийн аре,
Аьхке тIе мел кхечи, дан лууш сайн болар сих,
Кхиэлана тIедуьллуш хьукма дар - сайна дан доггIург,
Де-буьйса дIакхуьйсуш,Iаж санна, цкъа тоьхча це,
Цхьа эзар некъ бира ас, лохуш хьуна тIе богIург,
Цхьа эзар цIе йоккхуш Iамале яккха хьан цIе...
(1.Юсупов. Безаман Iодара секх нийсса синметте кхетта).

Юьрта юххехула охьадогIуш долу буто сийна Терк, IаьнтIехь сел лечкъина шакIелхула деанехь а, хIинца-м чIогIа доккха дистина, яккхий айманаш хьийзош,бердаш чу херцадеш, ярташ тIе гIерташ, нахана зуламаш деш догIура (Ш.Айсханов. К1айн котам). - Хьажахьа, хIинццалца-м ца хуьлура хьуна вайна IаьнтIехь иштта шийла (Ш.Окуев. Лай т1ехь ц1ен зезагаш). – Х1ей, хьо воьдург, шел-м ца велла хьо? Хьо шелвеллехь, хи т1ера ша а бохабай, хина т1е кхачахь, иза довха хуьлу хьуна 1аьнт1ехь (М.-С.Исламов. Юьртан 1овдал).

**1аьткъаре. Прост. Сочный, сочные (о фруктах).**

Де дулура, буьйсанаш а, бутт соцура, латта а довра, х1аваан назбарш дара, 1аьткъаре стоьмаш а (М.Бексултанов. Хан хенаца хийцаелла хан).

**«1аьхк»-аьлла. Звукоподражание производимому выделению.**

Оцу кийрара дуьйна озийна, «Iаь-а-хк» олуш, цхьа боьха шеташ туьйхира ас цуьнан юьхьа тIе, и ший а бIаьрг къайла а боккхуш. Со-м кхин а етта гIерташ вара цунна, бераш тIе ца деттаделлехь (М.Бексултанов. Юха кхана а, селхана санна).

**1аьциг (-аш). Прост. Маленький, мизерный, ничтожный (о размерах чего-л.).**

Хьациг кхол (Хациг кхол) «Маленькая (?) долина». Урочище с маленькими делянками на юго-западе с. Брагуны, где в прошлом находились небольшие наделы. *Хъаъциг,* по утверждениям информаторов, заимств. из кабардинского. В чеченском языке бытует слово *Iаъциг* в значении «маленький, мизерный ничтожный» и т. д. (из кн. А.Сулейманова. «Топонимия Чечни»). Даш санна язъелла, лохха лаьтта тIехула кхозура мокха мархаш. Маьлхан Iаьциг а яцара гучуйолуш (Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**1еб-себ (1аьб-себ). Ни слуха, ни духа.**

Дийнаташ хьулъелла
ерриш аннашка,
Маьрк1аже лестина
1аьржа-1аннашка.
Тог1и чохь лергана
1еб-себ хазац (М-С.Гадаев. Орцара г1ов).

**1екъа (окъа, 1окъа: 1екъий). Диал. От литер. – экъа, экъанаш. Плита (плиты).**

Берд боккха хуьлу, Iокъа санна шера, хьуьнан юккъехь сецна лаьтташ, бухара дуьйна хьалавеъча бен, улло тIе а ца кхачалуш. (М.Бексултанов. Цу дийнахь, Нохчийчохь, и жима к1ант вийначу дийнахь). Цкъацкъа, бералла дагаеъча, (сайн шераш и зама а), кху чуьрчу берийнчул и хазох хета-кх суна, дуккха а болчу дагалецамашца урамехь дIаяхна йолу, лакха хьалахьаьжча сийна арц а гуш, кертан яххашца хьорса хьечаш а, тхайн паднар а, Iокъа йолу пеш а, Iокъи тIехь горга дакъошца йоттуш хилла картолаш а (М.Бексултанов. Дахаран хин генара бердаш). Стерчий а доьжна, шина салазахь упханаш дан бахана нах бара, 1екъий ян, Хьайбаха. Кху гонаха 1охкучу ярташкара стаг велча цигара йохьура уьш. ...цигахь цхьа дика 1екъий йолуш меттиг яра. Т1улган 1екъий яра уьш, и йохку не1арш санна, яккхий а йолуш, упханашна хьала а х1иттош, чурт царах а дуг1уш (Хь.Яхъяев. Дакъа).

**1елим.** Ученый-богослов. Обычно употребляется с соединением –стаг и –нах: 1елим-стаг, 1елим-нах.

**1есавала (й, д, б). Стать грешным, нарушить религиозные предписания.**

Шо гергга хан яьлла. Адамаша вицвина шайн хьалха хилла Дела. Iесабевлла. ТIаккха ша вуйла хаийта сацам бина Дала(Л.Яхъяев. Гиххойн Таймасха).

**1есалла.** Неверие.

Иштта, цхьана нехан Iесалла бахьана долуш 1944-шарахь Дала дерриге а халкъана тIе бала боссийна хилла те, олий, дагадогIу, ойла йича (А.Айдамиров. Вайн амалш). Веза хинволу Дела! Аса ца хууш хьайга доьхург сан гIийлачу байшна дала хууш верг Хьо вар-кха, тIедогIучу массо а вонах ларделахь тхо! Везан Дела! Гечделахь тхан Iесаллина (Ш.Окуев. Лай т1ехь ц1ен зезагаш).

**1еткъам (-аш).** Гнетение, досада.

Хьайн деган Iеткъамаш
нахала ца баха гIертарх,
Куьзгано санна, уьш
лаамза схьаоьхьу ахь (А.Ахматукаев. ХIинца хьо ю боху... ).

**1еткъаме.** Досадный, гнетущий.

Хала ду садетта, хьег1а сан чов,
Ницкъ боцуш кхолламца къийса.
1еткъаме ду стиглахь
седарчий довш,
Лаьтта т1ехь –
синош д1ахьийсор… (1.Саиев. Юха а седа бай стиглахь).

**1ибадат.** Арабск. АллахIан лолла дар - быть рабом Аллаха.

Iибадат – иза АллахIана дезаш а долу, Иза реза а волу массо хIума вовшах тухуш йолу цIе ю. Цунна юкъа богIу кхетамаш а, деган Iамалш а, дегIан меженийн Iамалш а, массо АллахIана герга мел вуьгуш йолу Iамалш а, вон хIума Iад дитар а.

Вайн Далла ден гIуллакх маттехьа доккхур ду,
Далла ден Iибадат ял йоцуш хир ма ду,
Ва шайхийн шайхаллаш балане хир ма ду,
Iеламнехан Iилма дуьненна хир ма ду
(Нохчийн фольклор. Назма «Дог доьлхуш болчарна).

*Зударий цхьана чохь вовшах а кхетта, зуькар деш, мовлад йоьшуш, Дела хьехорца 1ибадат дан мегар дуй?* Вайн кхетам к1езиг хиларна, уггаре хьалха со а цхьана, массо молла а, 1еламстаг а и зударий емал беш лийлира. Ойла йича, оьзда доцучу духарца базаршкахула,

концерташкахула буьйлабелла лелачул г1оли ма ду уьш цхьанхьа вовшах а кхетта, Дела хьехош хан яккхар. Бакъду, божаршна ца хезехь, аз лахдина хила деза церан назманаш, зуькарш, х1унда аьлча, Дала оцу зударшна диначу диканех дика ду церан аьзнаш хаза хилар (Хож-Ахьмад-Хьаьжин хьехамаш).Дала КъорIан чохь мосазза а аьлла, шена Iибадат делаш, вовшашна диканиг дан сихлолаш, ша тIедиллина и ши декхар кхочушдинарш нийсачу новкъахь хир бу шуна, царех ша къинхетам бийр бу шуна, церан дуьне а, эхарт а декъал хир ду шуна (А.Айдамиров. Вайн амалш).

**1ийда.** Праздник.

Тилла цIе ца карош,
доьза бовш сиэда,
ХIотта да ца ваьлла,
довр дац цхьа Iийд а (Л.Абдулаев. Историн дарсаш).

**1ийда-ламаз. Из арабск. яз. – праздничная молитва.**

«Iийд» Iаьрбийн дош ду, цхьа хIума юх-юха карладалар боху маьIна ду цу дешан бухера маьIна. Цундела, и Iийд де хIора шарахь юх-юха хуьлу дела аьлла ду иза цу дийнах. «Iийд-де» бохург – бусалба динехь ШариIато даздина дезаде ду. Ишта дезаде бусалба нехан шиъ ду: марха досту де а, гIурбанаш дойъу де а. Бусалба дино къастийна, хаьржина, билгладина дезаде и шиъ бен дац. «Iийд-ламаз» бохург – шина Iийд-дийнахь деш долу ламаз ду.

Нохчийчу боьду некъ
ларамза хиллачу 1ийданех йисина нехаш
ларамза хиллачу марзонех йисина ченаш
Делера хиллачу 1ийдане
Делера хиллачу марзоне (А.Бисултанов. Дег1аста Дег1аста).

**1ийт1 (1ийт, 1ойт). Прост. Возглас сожаления.**

IийтI, ма хаза яр-кх иза оцу дийнахь! Ма мерза дара хIетахь дуьне, ма чомехь, ма аьхна (М.Ахмадов. Денисолта).

**1овг (-аш).** Разг. Всхлипывание (-я).

Сан кийрара 1овгаш дара, «х1иъ-х1иъ» дара, хиш а доцуш (М.Бексултанов. Сан вешин т1ехьийза йо1). Кхано юха, со меттавеъча, делкъал тIаьхьа, сарахьуо, сан кийрара Iовгаш дара, дилхинчу беран кийрара санна, дегабаамбинчу беран !М.Бексултанов. Кехат). Дуккхазза а «хиъ-хиъ» дина, сих-сиха 1овгаш а даьхна, даккха-даккхий синош а диъна, меллаша туьйш, иза д1атийча: «Х1ан-х1а, – хийтира суна, – бакъдац-кх иза, х1ан-х1а, стаг балийна воьлху бохург я г1айг1анна, бала беанчу, цкъа хиллачу ирсана бен, бала т1аьхьа болчу шен ирсана, сел ирсе долчу ирсанна……» (М.Бексултанов. Цхьалха ду-кх тхо, цхьалха... ).

**1овжам (-амаш).** Глубокое сожаление, ноющая (рана), раскаяние.

Дуьне ма-дду лестор ву кхо. Жима вац со тахана. Амма, хилла жима а, тилла а лелла, хийла тахана хьайна 1овжам берг а даьлла (С.Яшуркаев. Нохчийн жайна). – Иза а, шолг1ачо дагна шийла 1овжам бахь а, сайна хаьа моьтту суна (В.-Хь.Амаев. Ца оьшу цхьаьнгге а хетта).

**1ойла (-наш).** Сиденье, место сидения.

Х1инца а дайна сан 1ойла,
Акказех белш тоьхна,
Цкъа Соьлжа йисттехь
Ахь хьенан йора те ойла? (Р.Ахмаров. Акказех белш тоьхна... ).

Хьо денна карзахе хIунда ю, тийна сан ойла,
Сан деган амалийн сирла бос хийцина ахь.
Уьдучу замано дайитехьа хьан синан Iойла,
Ма кхерста бертаза. собаре хила хьо цкъа (С.Исраилов. Хьомечу нанна).

**1оппажаш.** Прост.-диал. Ложь.

**1ужа.** Циклоп.

Цхьа б1аьрг болчу 1ужас, муьт1ахь волчо дена,
Хаьржина, кечйира уггар онда з1енаш.
Селин ома декча, наьртана т1еведда,
Д1авихккира тархах, лерина деш шеддаш (З.Сулейманова. Пхьармат).

**1уьнц1алг (-аш).** 1.Маленький стог сена, соломы, стеблей кукурузы и т.п. 2.Прыжок через голову.